Б-128

Чеченско-русский фразеологический словарь

81.24чч-3-4
Б-188

БАЙСУЛТАНОВ ДАДАШ
БАЙСУЛТАНОВ ДАУД

ЧЕЧЕНСКО-РУССКИЙ ФРАЗЕОЛОГИЧЕСКИЙ СЛОВАРЬ

7785

КНИГОХРАНЕНИЕ

ОБЯЗАТЕЛЬНЫЙ ЭКЗЕМПЛЯР

Отдел национально-краеведческой литературы

Государственное учреждение
Национальная библиотека
Чеченской Республики

На дом не выдается

Грозный
«Книга»
1992

81.24чч-3-4

ББК 92
Б 18 8

Редактор З. А. Сулейманова

Байсултанов Д., Байсултанов Д.

Б 18 Чеченско-русский фразеологический словарь.— Грозный: Книга, 1992.— 320 с.

Б $\frac{4602030000\text{-}80}{M135(03)\text{-}92}$ Без объявл.

ББК 92

5-7666-0410-6

© Байсултанов Д., 1992
Байсултанов Д.

ПРЕДИСЛОВИЕ

Настоящий словарь — первая попытка создания научно-популярного чеченского фразеологического пособия [1]. В нем приводятся фразеологизмы, используемые в устной речи, художественной, научно-популярной литературе.

Словарь содержит 2600 фразеологизмов чеченского языка. При каждом фразеологизме дается толкование (на русском языке) и иллюстративный материал (на чеченском языке). Такая структура словаря, по нашему мнению, соответствует его назначению: словарь предназначен для широких кругов читателей. На данном этапе развития вайнахского языка издание такого словаря на «чисто» чеченском языке лишило бы его этой возможности и, главное, снизило бы его познавательную ценность.

Каждый язык обладает своей, большей частью характерной лишь для него фразеологической системой. Единиц интернационального фонда — заимствований и калек — сравнительно мало. Отсюда: случаи полного (семантического, экспрессивного, стилистического) соответствия между фразеологическими единицами двух языков редки.

В этой связи нам представляется убедительным то научное мнение, которое н е п е р е в о д и м о с т ь относит к категорическим признакам фразеологизма. Утверждение некоторых ученых — сделать точный эквивалентный перевод — мы считаем узким и практически неприемлемым для подобного словаря.

В процессе работы над словарем мы учитывали опыт ученых-фразеологов других республик. Так, «Аварско-русский фразеологический словарь» создан по образцу: аварский фразеологизм + толкование на русском языке. Это лишний раз доказало нам, что точка зрения «нельзя фразеологизм одного языка толковать на другом языке» несостоятельна.

Словарь называется ф р а з е о л о г и ч е с к и м в самом широком смысле слова и имеет практическую направленность. В него включены как фразеологические сращения и единства, так и фразеологические сочетания, крылатые слова, отдельные поговорки, трудные для понимания. Кроме того, в словарь включены и грамматические фразеологизмы, т. е. составные предлоги, наречия, часто употребляемые в чеченском языке. Мы понимаем, что отнесение некоторых из этих конструкций к фразеологизмам как таковой является спорным.

---

[1] Еще в 1981 году Байсултанов Дадаш сдал в Чечено-Ингушское книжное издательство Чеченский фразеологический словарь, содержащий 1600 фразеологизмов. Тогда по непонятным причинам он не был издан.

В этом плане особую категорию представляют собой сложные слова. В структурном отношении чеченские сложные слова с трудом отграничиваются от словосочетаний. Внешним признаком сложных слов является их слитное или полуслитное (через дефис) написание в отличие от раздельного написания словосочетаний. Как исключение мы даем в словаре составные образования с учетом колебаний в их орфографии. Так, наряду с полуслитным написанием т1ур-нене существует и раздельное т1уран нене.

Спорным является вопрос о месте в словаре сочетаний типа мекха баккха, которые возникли в результате переосмысления существующих в языке конкретных сочетаний слов. Ср.: мекха баккха. «Взборонить» (словосочетание) и мекха баккха «Сгладить, сгушевать что-л. грубо совершенное, грубо сказанное» (фразеологизм). Ср.: русск. словосочетание сжечь корабли (неприятеля) и фразеологизм сжечь корабли («Решительно порвать с прошлым»).

По отношению к таким фразеологизированным сочетаниям вполне, на наш взгляд, оправдан термин «фразеологический фонд языка». Исключение их из словаря было бы неоправданным. Нельзя ограничить объект исследования единицами «стопроцентной» фразеологии. Тем более, если учесть что фразеология наряду с фразеологизмами изучает еще и все виды устойчивых словесных комплексов языка.

Иллюстрированный материал словаря имеет целью: во-первых, документировать данный фразеологизм, во-вторых, показать его употребление в речи, в-третьих, уточнить его содержание и т. д. Хотя картотека примеров, выписанных из сотен художественных, публицистических книг, достаточно большая (около четырех тысяч единиц), но тем не менее не все толкования фразеологизмов нам удалось проверить с помощью примеров из литературы. В таких случаях, используя свое право, мы сами составили недостающие примеры.

Авторы глубоко благодарны профессору К. З. Чокаеву за ту большую помощь, которую он оказал им как ответственный редактор и опытный лексикограф в их работе над предлагаемым пособием.

Авторы выражают также искреннюю признательность тем, кто своими предложениями и замечаниями при чтении в рукописи фразеологического словаря помог в его создании: профессорам И. Ю. Алероеву, И. А. Ширшову, народному писателю Чечено-Ингушетии А. А. Айдамирову, преподавателю Гудермесского педучилища Д. Сумбулатову.

Доброе слово хочется сказать об отце Байсултанове Матин-Бобе и матери Байсултановой Басахат, поддержавших идею создания данного словаря и помогавших в сборе полеводческого материала.

Естественно, наш словарь не свободен от недостатков. В частности, не весь запас чеченских фразеологизмов использован в словаре, не везде удалось проиллюстрировать полное значение фразеологизмов и их точное описание.

Авторы в полной мере осознают это и будут благодарны за критические замечания, советы и пожелания.

Байсултанов Дадаш,
Байсултанов Дауд.

О СЛОВАРЕ

Впервые предлагаемый вниманию читателей тип толкового словаря представляет собой попытку восполнить пробел в вайнахской лексикографии.

Разумеется, создание «Чеченско-русского фразеологического словаря» потребовало от авторов выражения своего отношения к вопросам: Что такое фразеологизм? Сколько фразеологизмов в чеченском языке? Каковы их особенности? Что известно о чеченском фразообразовании?

Кроме того, потребовалось для подкрепления значения фразеологизмов подготовить практический материал из произведений художественной литературы и периодической печати. Для этого были привлечены и широко использованы:

1) «Терминологический словарь чеченского языка» А. Г. Мациева и М. Д. Исламова (1930 г.) «Орфографический словарь» А. Г. Мациева и З. Д. Джамалханова (1962 г.), «Чеченско-русский словарь» А. Г. Мациева и А. Т. Карасаева (1978 г.).

2) Специальные выборки фразеологизмов из художественной, публицистической и фольклорной литературы.

3) Различные исследования, статьи, заметки ученых И. Ю. Алироева, Ю. Д. Дешериева, А. Т. Карасаева, К. З. Чокаева по вайнахской лексикографии.

Словарь составлен братьями Байсултановым Дадашем и Байсултановым Даудом. Работа распределялась следующим образом: перевод-толкование фразеологизмов выполнил Дадаш, отбор примеров из художественной, публицистической и фольклорной литературы, расположение фразеологических статей в словаре производил Дауд.

Определение фразеологизма

Предварительные исследования общих проблем фразеологии показали, что у языковедов нет единого мнения о том, как определить фразеологизм, другими словами, что такое фразеологизм. Одни ученые к фразеологизмам относят все устойчивые сочетания слов, в том числе пословицы, поговорки, присловья, крылатые слова, афоризмы, описательные обороты, другие — только определенную группу устойчивых словосочетаний.

Между тем, и первые, и вторые ученые в качестве критериев определения фразеологизмов берут: целостность, устойчивость значения, возможность *структурных вариантов, воспроизводимость, непереводимость на другие языки, экспрессивно-эмоциональную окраску, метафоричность*, хотя, надо отметить, что ни

один из этих названных признаков сам по себе не является определяющим, различительным, категориальным признаком фразеологизма. Это правило распространяется и на фразеологизмы чеченского языка.

Отсюда: проблема определения фразеологизма чеченского языка требует своей дальнейшей исследовательской работы.

Состав словаря

Фразеологический состав чеченского языка очень богат и разнообразен. Он, по нашим данным, насчитывает десятки тысяч фразеологизмов.

Настоящий словарь включает лишь часть всего фразеологического состава чеченского языка.

В словарь вошли:

а) фразеологизмы, бытующие в современном чеченском языке:

Кога хIотта. 1. Оправляться от болезни. 2. Делаться самостоятельным, приобретать независимое положение.

Корта бетта. Умолять, упрашивать кого-л.

МIара богIа. Расчетливо, разумно расходовать, оберегать, сохранять что-л.

Хецна ворда яддал. О внешне неприятном, некрасивом человеке.

Худар дукълур дац. Не сговоришься с кем-л., ничего не добьешься; из какого-л. задуманного дела ничего не получится.

б) фразеологизмы, находящиеся за пределами активного словоупотребления:

Пхьош хьакха. Разг. Потерпеть неудачу в чем-л.

Ражин гӀе. См.: **Селимсолтин тапча, Нукин шаптал.** Выражение иронии, насмешки (часто как протест, несогласие); иногда как возглас насмешки на угрозы.

Тудаз ян. Делать что-л. кое-как, небрежно и т. п.

Уьнан шарахь. Когда-то, давным-давно, неизвестно, когда (было).

в) фразеологизмы, заимствованные преимущественно из русского языка (их сравнительно немного);

Ший <а> куьг айба. Быть полностью за что-л.

Чекхваьлла стаг. Очень неразумный человек. Ср. русск. **Конченный человек.**

г) выражения, относящиеся к древней вайнахской мифологии.

Пхьарматан цIе. Неугасимое стремление к достижению высоких, благородных целей.

ТIур-нене. Очень высоко.

ТIур-нана, Пхьармат — название древнейших нахских божеств.

ТIур-нана — богиня Вселенной.

Пхьармат — нахский Прометей.

д) выражения, восходящие по своему происхождению к обычаям, историческим явлениям, лицам и т.д., например:

Вота тухучу тIе ваккха (й, б, д). Лишать кого-л. самого необходимого. От народного обычая, сохранившегося до XIX века. Человека, провинившегося в чем-л., водили по улицам селений с барабанным боем.

Назнай вала (й, б, д). Испытывать большое наслаждение, удовлетворение (обычно от улучшения состояния, положения и т. п.). Назнай — имя известного в прошлом барановеда, землевладельца, который имел несметные богатства.

Сапой яйта, Супай яйта. Проучить, жестоко наказать кого-л. В древнем городке Нашхе жил князь по имени Сапой (Супай). О его силе и могуществе говорит тот факт, что он имел право на первую брачную ночь в своем княжестве. Народ недолго терпел надругательства разнузданного князя и отрубил ему голову. С тех пор в народе говорят: **Сапой яйта,** т. е. отправить за Сапой (Сапоем) в могилу.

е) коранизмы типа:

Абаде кхаччалц. 1. Вечно. 2. Постоянно, в течение существования жизни на Земле.

Делан пекъар. Р а з г. Безобидный, добродушный, слабый, бессильный и т. п.

Шурин татол. О райском достатке, материально-экономической обеспеченности; о привольной жизни. Не без влияния Библии (Товрат), ср.: «Он ...даст тебе землю, где течет молоко и мед» («Исход»).

ж) междометные фразеологизмы, выражающие чувства, эмоции, различные формулы речевого этикета:

Де дика хуьлда (!). Формула приветствия при встрече днем. Ср. русск. Добрый день.

Ирс долуш хуьлда (!). Доброе пожелание тому, кто занят строительством, сооружением чего-л.

Хьан жиначаша хIун боху (?). Р а з г. Форма обращения к кому-л.: Что скажешь? О чем думаешь?

Хьо ма да адаме (!). Выражение предостережения от чего-либо: возмущения, скорби, изумления.

и) крылатые слова, связанные своим происхождением с произведениями чеченской литературы:

Абубешаран болх. О легкой работе с большим доходом (от имени персонажа комедии А. Хамидова «Абубешар»).

Мы не включили в словарь:

а) устойчивых словосочетаний терминологического характера:

Рентгеновски зIенарш (рентгеновские лучи), **айдаран хьаьрк** (восклицательный знак), **некхан ваз** (грудная клетка), **тропически аса** (тропический пояс), **баьсса кийра** (правая сторона груди — полость легких).

б) активно употребляемых словосочетаний типа:

Арз дан. 1. Жаловаться. 2. Ябедничать.

Салам Iалейкум (ф о р м у л а приветствия у мужчин).

БархIалгIа март (Восьмое марта).

Ахча даккха (зарабатывать, как правило, много и не очень тяжелой работой).

Берах хила (быть беременной).

Лазаме хаттар. Ср. русск. **больной вопрос**

Балха хIотта (поступить на работу).

в) крылатых изречений:

Массо а мехкийн пролетарийш, цхьаьнакхета! (Пролетарии всех стран, соединяйтесь!),

г) грубо-просторечных, вульгарных и жаргонных словосочетаний типа:

Моллин цIоганал цIена. И р о н. О безвинности кого-л. в чем-л.

Туьш чу хао. Груб.-прост. Поставить кого-л. на свое место.

д) устарелых фразеологизмов, выпавших из состава современного чеченского литературного языка:

Дин доцу ГIудин Дуду. Человек, отстраненный от общественной жизни.

Куьйго куьг дуьлу, цундела шиЙ а цIена лаьтта. О взаимоподдержке, взаимовыручке двух или более лиц (обычно о мошенниках).

Пайхамарийн умар. О долголетии, о долгой жизни.

ЖIара олла. Креститься (принять христианскую веру).

Замзан хи. Вода из колодца у храма Каабы в Мекке, считающаяся мусульманами священной. Перен. бальзам, лечебный напиток.

Ант даккха. Обнаружить недостаток, дефект.

Аркхо ехка. Подготовиться к женитьбе.

Асар вала. Быть, находиться в воодушевленном состоянии.

Баймакх ког, беха букъ. Шутл. О человеке большого роста.

ЦIеран серлоне ваха. Пойти в гости.

Шен IохК чу. На свое место (поставить, посадить и т. п.)

<Жайнаш> тIе хаа. Усердно заниматься чтением (мусульманских книг).

ГуьйриГ санна. О старом человеке.

ТIара дилла. Наказать кого-л. (дать пощечину).

Яйн бакъо. Право быть членом рода, общества. В старину имена членов рода записывались на котле, таким образом, доказывая одинаковое право всех членов к очагу, еде и т.д.

е) словосочетаний, первоначальные компоненты которых со временем приобрели единое значение:

ЮьхьIаьржа хIотта. Потерять престиж, опозориться.

Ср. **Юьхь Iаьржа хIотта.**

БIагIаргхьежа. Коситься, смотреть искоса.

ИракарахIитто. Вдохновлять, воодушевлять.

Ср. **Ира-кара хIитто** [1].

Известно, что большинство фразеологизмов первоначально были свободными сочетаниями, заменяемость компонентов была для них естественна. В этом плане эволюция фразеологических единиц предстает как движение от вариантного многообразия к синтаксическому и компонентному единообразию, в формальном смысле это выглядит так:

а) от словосочетания к фразеологизму:

б) в отдельных случаях — от фразеологизма к слову, например, ср. фразесхемы:

Юьхь кIайчу хIотта ———— юьхькIайчу хIотта.

Ср. словосхемы:

СтелаIад — Стелан Iад.

ДелаIад — Делан Iад.

Пхандечиг // пхондечиг (букв. дерево бога Пхьа: **Пхьон дечиг**).

---

[1] Иногда переход словосочетаний в разряд слов спорный, поэтому мы такие словосочетания включили в словарь.

Структура словарной статьи

Словарная статья строится в традиционном порядке:

а) заголовок;

б) грамматические и стилистические пометы;

в) перевод-толкование на русском языке;

г) иллюстративный материал;

д) справочная часть.

В заголовке словарной статьи фразеологизм дается в наиболее типичной форме: **ала дашна, куьйгаш тIехь лело, дош дац, кIарула Iаьржа, дерриг дуьне, ирхпурх (а), лар тIехь доцург, дош дала, бага ваха.**

В ломаных скобках приводятся факультативные компоненты фразеологизма: **Ахь боху <ца боху>.** Выражение удивления, восхищения.

Аьрру <агIор> даккха. Часть чего-л. присвоить себе.

Башха <дIо аьлла хIума> дац. Не очень-то, не особенно, посредственно.

Ала мацца <а>. Когда-нибудь в будущем, неизвестно когда.

Аланцара <дийцанцара> дац. Говорится, когда кто-л. предупреждает о чем-л.; предупреждение: так знай!

Сан ден букъ <ненан голаш а> И прочее, прочее. И р о н. О бесчисленном множестве чего-л. Выражение употребляется вместо подробного перечисления.

Амал <гIад> дайа. Беспрерывными действиями, усилиями и т. п. ставить кого-л. в затруднительное, сложное, притесненное положение.

В квадратных скобках даются лексические варианты компонентов фразеологизма:

Букъ берзо [гоха]. 1. Удрать, обратиться в бегство. 2. Отвернувшись уходить (обычно проявляя пренебрежение, возмущение). 3. Прекратить с кем-л. отношения.

Къемат де дан [хIотто]. Натворить что-л. ужасное, неприятное.

Арабаьккхина некъ [гIуллакх]. Дело, цель, направление.

Буйна вало [верзо]. Подчинить кого-л. своей власти.

В круглых скобках заключаются формальные варианты компонентов фразеологизма и грамматические роды:

Атталгlачу балха (балхана). Даже.

Бага биллича (боьллича) цIелг Iовшур боцуш.
Кто-л. кроткий, безобидный и т. п.

Къаппе-къарсе (къап-къарс) дан /эккхийта/. Р а з г. Затеять драку; беспорядок.

Лаьтта тIера дайа (вайа, йайа, байа). Сокращенно (в, й, б). Жестоко расправиться с кем-л., погубить, истребить (кого-л., что-л.)

КIур боцуш ван (й, б, д). Исчезнуть бесследно.

Разработка словарной статьи

После заголовочной единицы следуют стилистические пометы «разговорное», «просторечное» и т. д. Отсутствие какой-л. пометы означает, что фразеологизм относится к разговорному стилю. Затем следует перевод-толкование. При переводе

Туьш чу хао. Груб.-прост. Поставить кого-л. на свое место.

д) устарелых фразеологизмов, выпавших из состава современного чеченского литературного языка:

Дин доцу ГIудин Дуду. Человек, отстраненный от общественной жизни.

Куьйго куьг дуьлу, цундела ший а цIена лаьтта. О взаимоподдержке, взаимовыручке двух или более лиц (обычно о мошенниках).

Пайхамарийн умар. О долголетии, о долгой жизни.

ЖIара олла. Креститься (принять христианскую веру).

Замзан хи. Вода из колодца у храма Каабы в Мекке, считающаяся мусульманами священной. Перен. бальзам, лечебный напиток.

Ант даккха. Обнаружить недостаток, дефект.

Аркхо ехка. Подготовиться к женитьбе.

Асар вала. Быть, находиться в воодушевленном состоянии.

Баймакх кор, беха букъ. Шутл. О человеке большого роста.

ЦIеран серлоне ваха. Пойти в гости.

Шен Iохк чу. На свое место (поставить, посадить и т. п.)

<Жайнаш> тIе хаа. Усердно заниматься чтением (мусульманских книг).

Гуьйриг санна. О старом человеке.

ТIара дилла. Наказать кого-л. (дать пощечину).

Яйн бакъо. Право быть членом рода, общества. В старину имена членов рода записывались на котле, таким образом, доказывая одинаковое право всех членов к очагу, еде и т.д.

е) словосочетаний, первоначальные компоненты которых со временем приобрели единое значение:

ЮьхьIаьржа хIотта. Потерять престиж, опозориться.

Ср. **Юьхь Iаьржа хIотта.**

БIагIаргхьежа. Коситься, смотреть искоса.

Иракарахlитто. Вдохновлять, воодушевлять.

Ср. **Ира-кара хlитто** [1].

Известно, что большинство фразеологизмов первоначально были свободными сочетаниями, заменяемость компонентов была для них естественна. В этом плане эволюция фразеологических единиц предстает как движение от вариантного многообразия к синтаксическому и компонентному единообразию, в формальном смысле это выглядит так:

а) от словосочетания к фразеологизму:

б) в отдельных случаях — от фразеологизма к слову, например, ср. фразесхемы:

Юьхь кIайчу хIотта ———— юьхькIайчу хIотта.

Ср. словосхемы:

СтелаIад — Стелан Iад.

ДелаIад — Делан Iад.

Пхандечиг // пхондечиг (букв. дерево бога Пхьа: **Пхьон дечиг).**

---

[1] Иногда переход словосочетаний в разряд слов спорный, поэтому мы такие словосочетания включили в словарь.

Структура словарной статьи

Словарная статья строится в традиционном порядке:

а) заголовок;

б) грамматические и стилистические пометы;

в) перевод-толкование на русском языке;

г) иллюстративный материал;

д) справочная часть.

В заголовке словарной статьи фразеологизм дается в наиболее типичной форме: **ала дашна, куьйгаш тIехь лело, дош дац, кIарула Iаьржа, дерриг дуьне, ирхпурх (а), лар тIехь доцург, дош дала, бага ваха.**

В ломаных скобках приводятся факультативные компоненты фразеологизма: **Ахь боху <ца боху>.** Выражение удивления, восхищения.

Аьрру <агIор> даккха. Часть чего-л. присвоить себе.

Башха <дIо аьлла хIума> дац. Не очень-то, не особенно, посредственно.

Ала мацца <а>. Когда-нибудь в будущем, неизвестно когда.

Аланцара <дийцанцара> дац. Говорится, когда кто-л. предупреждает о чем-л.; предупреждение: так знай!

Сан ден букъ <ненан голаш а> И прочее, прочее. И р о н. О бесчисленном множестве чего-л. Выражение употребляется вместо подробного перечисления.

Амал <гIад> дайа. Беспрерывными действиями, усилиями и т. п. ставить кого-л. в затруднительное, сложное, притесненное положение.

В квадратных скобках даются лексические варианты компонентов фразеологизма:

Букъ берзо [гоха]. 1. Удрать, обратиться в бегство. 2. Отвернувшись уходить (обычно проявляя пренебрежение, возмущение). 3. Прекратить с кем-л. отношения.

Къемат де дан [хIотто]. Натворить что-л. ужасное, неприятное.

Арабаькхина некъ [гIуллакх]. Дело, цель, направление.

Буйна вало [верзо]. Подчинить кого-л. своей власти.

В круглых скобках заключаются формальные варианты компонентов фразеологизма и грамматические роды:

АттагIачу балха (балхана). Даже.

Бага биллича (боьллича) цIелг Iовшур боцуш.
Кто-л. кроткий, безобидный и т. п.

Къапше-къарсе (къап-къарс) дан /экхийта/. Р а з г. Затеять драку; беспорядок.

Лаьтта тIера дайа (вайа, йайа, байа). Сокращенно **(в, й, б).** Жестоко расправиться с кем-л., погубить, истребить (кого-л., что-л.)

КIур боцуш ван (й, б, д). Исчезнуть бесследно.

Разработка словарной статьи

После заголовочной единицы следуют стилистические пометы «разговорное», «просторечное» и т. д. Отсутствие какой-л. пометы означает, что фразеологизм относится к разговорному стилю. Затем следует перевод-толкование. При переводе

Ахьмада дукха къахьийгира шен кIант, институт чекхъяккхина цIа вирзича, цунах адам дан гIерташ. Цо цунна гIо дира балха хIоттош а, цIенош дугIуш а.

Адам пайхамар [дуьненчу] ваьлчхьана. Уст. С древних времен. По происхождению связано с религией.

—Адам пайхамар дуьненчу ваьлчхьана дуьйна дIа кIантана йоI езаш, йолана кIант везаш дахар ду-кх хIара,— аьлла, забар йира Iийсас шена улле яьлла йогIучу ПетIамате.

Аз долуш хила. Быть в состоянии хорошо говорить, петь и т. п.

— Ахь сийсара синкъерамехь Iаш ладуьйгIирий. Вахас дечу къамелашка? Ишта аз долуш хила веза-кх кIант! Хабар муха дора йоIе?! Цхьа а цуьнга йист хила-м ца хIуттура.

Аз хазийта. Разг. Проявить себя, показать свои возможности силы и т. п., заставить о себе говорить.

— ХIинца-м хьо воккха хилла! Аз хазийта хан ю хьуна хьан! Со хьан хенара волуш нахана юккъехь аз хозуьйтуш вара, ахь хаьттича хьуна муьлчхачо а дуьйцур ду.

Айба веза (й, д, б) ву (й, д, б). С большой неохотой принимается за какое-л. дело, ленивый, медлительный.

— Султане кхана ферме вола алахьа, Хьава! — Аса эр-м дара, делахь а, хьуна ма-хаъара айба веза ву-кх иза,— жоп делира Хьавас, ела а къежна.

Айбина лело. Кого-л. чрезмерно уважать, восхваливать, баловать, заискивать, перед кем-л., выполнять все желания, прихоти. Ср. **Куьйгаш тIехь лело.**

Цхьацца волчу белхалочунна моьтту ша шен муьлхха хьаькам а айбина лело веза ТIаккха шен пусар а, хама а хир бу.

Ала атта ду. Говорится о том, когда трудно что-л делать, чем о нем рассуждать.

— ДIавалахьа, и пайда боцурш ца дуьйцуш. Шу Iадийча муха хир дара? Нахана ала атта ду, шена саца хала ду. И. Эльсанов. ГIуллакхехь.

Ала дашна. К примеру.

— Амма мел новкъа хуьлу хьий хьуна, ахь ма-аллара, цхьа писаш коьшкала йовлар? Суна-м, ала дашна, суо церан гихь лелаш бегIийла хета. А. Айдамиров. «Еха буьйсанаш».

Ала мегаш ду. Употребляется для указания на возможность допустить что-л.

СаIид Бадуев, шеко йоцуш, ала мегар ду, нохчийн литературехь бухбиллархо ву.

Аланцара <дийцанцара> дац. Говорится, когда кто-л. предупреждает в чем-л; предупреждение: так знай.

— Аланцара дац хьуна, Майрбек, нагахь санна, ИбрахIим цIа ккхачахь, цо хьуна могуьйтур дац хьуна, хьо школе ца вахча.— Аланцара-дийцанцара дац хьуна,

тховса хьоьга собране вола аьлла хьуна. Со хьоьга и дIаьлчахьина волу хьуна.

Ала хIума дац.

1. О положительной оценке кого-л, или чего-л.

— Оцу йоьIан ханна Меднина-м ала хIума дацара цхьаннан а. Амма и да, бекселта, хало стаг ву бах-кх.

2. Иметь все достоинства (о ком-л. или о чем-л).

Ала хIума доцуш. 1. Хорошо, безукоризненно и т. п.

—Вайн группера Апти, ала хIума доцуш, дика кхеташ а, дика доьшуш а ву, амма иза цхьаъ ишта хиларх чекх ца болу вайн декхар. И ала лаьа суна,— аьлла, охьахиира Нура.

2. Положительная оценка (кого-л. или чего-л). Ср. ант.

Ала хIума долуш.

<Ала> **юьхь ца хила.** Оказаться в очень неловком положении, обычно после чего-л перед кем-л.

ТIаккха шун а, тхан а оцу СираждагIаьрга ишта ма лела ала юьхь ма ца хуьлу. А. Айдамиров. Ирхеш.

Алмазан хьагI <хьарча>. Уст. О суеверных представлениях: о неприязни, недоброжелательности.

— Довла юьртах! — «НеIарх баьхча, хьаьрча йолу Алмазан хьагI, корах ара а баьхна, IехиЙ ас... Некъ маьрша...» И. Эльсанов. Хелхаран мах.

Ал мацца <а>. Разг. Когда-нибудь.

— Ал мацца а тобийрг хир бу-кх хIара вайн юьрта богIу некъ.— Ца хаьа суна-м хьо маца кхетар ву. Цкъа ал мацца а кхетар хир ву хьо айхьа лелочу харц некъах. Амма тIаккха тIаьхьа-м хир ду. Ср.: **Цкъа <ал> мацца а.**

Амал <гIад>дайьина (дайа). Беспрерывными действиями, усилиями и т. п. ставить кого-л в затруднительное, сложное, притесненное и т. п. положение.

— Амал-гIад дайъина наха, захалонаш тIекхоьхьуш. ...— И алкашкийн хабарш а юьйцуш амал дайъина сан кху чагIалкхаша. Н. Музаев. Мур.

Амал дац. 1. Обязательно (после чего-л., в результате чего-л.).

— Аса айса тидда хIума ду хIара: вайн болх гуттара сихчу метте кхьаьчча, амал дац, хьала-охьа догIа делха дезаш ду-кх,— элира. Iусмана, шен карара херх охьа а буьллуш, тIеххохкаеллачу мархашка хьала а хьажна. 2. Невозможно.

Амал-де доьхна. 1. Разг. От нечего делать. 2. Не имея другого выхода.

Амал доцуш (доцу) <Хlума>. Что-л. очень необходимое (для кого-л, чего-л).

— Аьр вай, хьун. Йзий, цу чохь мел дерг мехкан, халкъан хьал, дозаллий дина

ца Iаш, уггар доцуш амал доичех хIуманаш лерира Мексикехь цхьана эколога дахарна. М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.

Амал ду. 1. Возможно. 2. Привычка (делать что-л).

Амалт дина <тIедилла>. Завещать; возложить на кого-л. что-л. сделать обязательно. Ср. **Важап дина <тIедилла>.**

—Цхьа бутт бу кхуьнан нана йоцу. Шо леш, амалт дина тIедиллинера цо суна, Лалока дехойх дIатохар. С. Курумова. Ца йинчу ненан хIусамехь.

Амал ян. 1. Обеспечить себя. 2. Выходить из трудного положения своими силами, средствами и т. п.

Антала вала (й. д. б). Разг. 1. Слушать с увлечением, с доверчивостью. *ГIалара цIа веанчу воккхачу вашас дуьйцучуьнга антала вахьлла ладугIуш Iара Мохьмад.* 2. Заслушавшись или под впечатлением услышанного не реагировать на что-л.— *Хьо стенна Iа корах ара хьоьжуш, ца хезна хьуна горгали бекаш! — барт туьйхира хьехархочо.— Кхин хIума а хезий цунна, антала а вахьлла. Ккуьр ву хьо арахь ловза.*

Апари дилла. Уст. Проложить дорогу; указать направление к чему-л. главному, большому.

Арабаькккхина некъ <гIуллакх>. Дело, цель, направление (обычно в значении за пределами чего-л, вне чего-л.)

— Аш хIун леладо, шу мичхьара догIуш ду, хIара цигонийн къорза говраш а йоьжна? — элира цо, тIекхоччушехь, вела а вслла. Шаьш арабаькккхинчу некъах дерг дийцира Гудас. Хь. Магомадов. Чечанан арахь.

Арахьара стаг. 1. Гость, пришелец. 2. Чужой, посторонний.

Ас ца эли <амал> даций.

Ас ма элира алалахь. Будет так, как я сказал (-ла), вот увидишь.

— Хlокху дуьнен чохь делахь, сарлс сан коьртана дарба кхиадойла аша. Ца дахьий!!! Тlаккха шайн догlмашка ладогlалаш. Аса ца эли амал даций шун!!! М. Мусаев. Цlен маьхьси. *Бабаци: Ас ма элира алалахь, ахь Зулай юха а ялийна хIума ца дахь, хьо кара чами а лаьцна, куйнин йисте Iайг а боьллина, нехан шуреш лечкъош ца лелахь.* I-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Атланца къовла. Скрепить, спаять и т. п. Что-л. надежно, качественно и т. п.

Атта ду <ала>. Возражение на предложение сделать что-л. трудное.

—Хьо ваха веза цига. Иза ишта дита мегар долу гIуллакх дац.— Атта ду ала, дера ду. Хьуна ма-гарра, со цомгуш ма ву.

Атталгlачу балха (балхана). Даже.— Кlа дер хьеха а ма де, атталгlачу балха, охана-м дина ца девлла тхо.

Атта меттиг. Разг. Где сравнительно легко, проще; полезнее и т. п.

—Деллахь, Хьамид, болх ца бина а, ваха атта меттиг. самукъадер долу агlо ца хаьа хьуна суна йийца? — Дера ца хаьа. Болх ца бича цхьанхьа а карор ма яц хьуна и ахь юьйчу ваха атта меттиг.

Атта хета. 1. Не замечать, не обращать никакого внимания на кого-л. или на что-л. Полное равнодушие, безразличие со стороны кого-л., к кому-л. или к чему-л. (обычно демонстративное безразличие). 2. Стать всеобщим посмешищем и т. п. Считать кого-л. менее достойным серьезного внимания, уважения, лишенным достоинства, чести.

2. *Тlевеънарг нахана атта стаг хетало.* 1. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь. *Цо [зудчо] шен майрачун сий дахь, бераш а тlаьхьахlуьттур ду.2. Ца до-кх,— дог залехь машар а, барт а ца хуьлу. Нахана а атта хета.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Атта хун дай (?). Выражение, означающее: Знаешь, лучше..., проще как?

Ах-улх. С большим трудом, еле-еле, кое-как и т. п.

Цул тlаьхьа дукха хан ялале Дагас шена хуучу ах-улх маттаца тоьллачу цхьана петарехь шаьшшинна цlа а лаьцна, хlара ишъ пархlатвелира. С. Бадуев. Дукханнах цхьаъ.

Ахьа бохург дацара! 1. Не то было! Выражение удивления, изумления и т. п.

— Хlун дара тахана базарахь? — Ахьа бохург дацара! Таханлерчул йоккха базар хир яцара цхьаьнне а гlалахь а! Ма дукха адам гулделлера цига!

Ахь бохург дацара. 2. Напрасно, бесполезно (о неоправдавшихся надеждах, ожиданиях и т. п.; обычно при попытке что-л. сделать).

— Іуьйранна хьалагlатта гlоьртира со. Ахь бохург дацара. Дегlо аьлларг ца дора.

Ахьа боху <ца боху>. Выражение удивления, восхищения по поводу качества, достоинства и т. п. кого-л. или чего-л.

Цхьогал: Пархlат чу а, ара а валалур волуш ю. Со хьаьжна. Ахь боху а, ца боху а цхьа мерза ю-кх котамаш. 1. Гайсултанов. Хьуьнхара цlа. Бож-Iела. *Ахь хlун дуьйцу? Ахь боху а, ца боху а хоташ бу хlета. (Кедаш дутту).* I-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Ахьа вехь <а>. Выражение невозможности понять, уяснить и т. п. что-л, поверить чему-л, выражение невозможности или нежелания сделать или выполнить что-л. Иногда: Клятвенное заверение.

Ахьа вехь а, цо ша бохург бен дийр дац. Оццул шен лаамехь кlант ву Хаважи.— Хьо сьога дуй боуьйтуш ца воллу, ахьа вехь а, суна хууш кхин хlума ма дац.

Ахьа хlун дуьйцу (?!). Выражение удивления, восторга.

Бож-Iела. Ахь хIун дуьйцу? Ахьа боху а, ца боху а хохаш бу хIета. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Ахьа сискал йиъначул <аса> туьха диъна. Кто-л больше опытен, осведомлен, чем кто-л. другой.

— Хьо хIун ала гIерта соьга? Хьо бер долуш дуьйна дIа ву со болх беш. Ахьа сискал йиъначул аса туьха диъна.

<Ахьа [цо, ас...]> бийр бу цуьнан [церан, хьан и дI. кх...] болх!

Р а з г. Выражение возмущения, негодования, угрозы.

— Цо суна боьха ьшпаш боттар хууш ма ву хьо! Ас бийр бу цуьнан болх! Ас бийр бу бекхам! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Ахьа хIун дуьйцу? Да неужели?

АхIи-аьлла <елха> (в, д, б.). Р а з г. Плакать. Ср. **АхIи-декъе яхана <елха [велха, делха, белха]>.**

Ший а куьг юьхь тIе а диллина, ша «ахIи-аьлла» йилхира иза. Ш. Окуев. Юьхь.

АхIи-декъе <яхана> (в, д, б,). Сильно рыдать, плакать. Ср. **Къила вахана <велха>.**

Ткъа сан нана, тхойша мара а къевлина, ахIи-декъе яхана, елха хиира. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.

Аь

Аьлла даьллий — чекхдаьлла! Об обязательности, умении сдержать свое слово.

— Аьлла даьллий — чекхдаьлла! Юха хIунда дуьйцу вай иза! Кхин дан а дац. Цу тIехь тIадам тоха мегар ду.

Аьлларг аьлла <а,< дийцинарг дийцина а> доцуш (дац). Непостоянный, неустойчивый, легко поддающийся какому-л. влиянию. (О ком-л.).

Цхьаъ хIинца а къона ву, дахарехь, куьйгаллин балхахь а зеделларг доцуш. ШолгIачун амал аьрха ю. КхоалгIачиг, суна хетарехь, аьлларг аьлла а, дийцинарг дийцина а доцуш, мох санна, пина стаг ву. А. Айдамиров. Ирхеш.

Аьлларг юха <эца>. Отказаться отрекаться от прежних уверений, обещаний и т. п. Отказаться от сказанного.

Ахьмад, шена пайда берболчу хIуманна тIехь, ша делла дош дохош, аьлларг юха оьцур долуш стаг вара.— Хьо соьга хIун дуьйцуш воллу? И хIун «жIаьла» ду ахь хьехорг? — Хьо стенна дарвелла? Мегар ду, хьуна оццул новкъа деана аса аьлларг юха ийца! Тоьш хьуна и!

<Аьллачу тIера> ког юхабоккхур боцуш. Оставаться верным принятому решению, сказанному; о верности кого-л. кому-л. Ср. **Ша аьллачунна тIехь <саца [ца вала (й, д, б)]>**

Янарс. Хасарций? Мегар ду. Бакъду, молла Осмас аьллачу тIера ког юхабоккхур болуш вац хьан ваша. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Аьллий — дийр ду. Об обязательности, умении держать свое слово.

— Иза соьга дукха хIунда хьехадо аша? Аьллий — дийр ду. Шу сох ца теша, аса маца дохийна сайн дош? Алал соьга! — Теша тхо хьох. Цундела боуш ду хьоьга: дита къаьркъа!

Аьрга хьач санна. Отличающ. злобно-насмешливыми чертами, язвительностью.

Жима йолуш дуьйна а, аьрга хьач санна, муьста дош оьккхуьйтура Нурседас. М. Сулаев. Товсолта ломара дIавоьду. Ср. син. **Муьста хIума.**

Аьрна [эрна] арахь. В отдаленном месте, вдали от людей

Деха орца ва доцуш, адаман лар ккхаченза йолчу, цу цхьа а дийнат доччу эрна арахь, ша висина ва леш волчу мухIажаран дог-ойла я вескетан дош дIакхачо. Вацара цхьа а ваша тIеман олхазар ва доцург. Нохчийн барта кхолларалла. МухIажаран илли.

Аьрру <агIор> даккха. Часть чего-л. присвоить себе и т. п.

— Вай хьаха ду, тховса даха а дахана. ЭлинатагIеран яй чуьра жижиг аьрру агIор доккхур! — Шена караеана хIума, и хIуъу а елахь а, «аьрру» агIор йоккхур йолуш, курхаллаш лело Iемина стаг вара Данга. TIаккха и шофераш, трактористаш а, шаьш делла ахча меттахIоттадайта, цхьана ханна «аьрру» агIор болх бан дIахьоцу. А. Айдамиров. Ирхеш.

Аьттехьа <а> дац. Отрицание существования чего-л. (какого-л. качества, чувства, свойства, а также действия, дела и т. п.). Ср. **Аьттехьа а ца вита (ца, д, й, б.).**

— И хьуна моьттург аьттехьа а дац хьуна. Хьуна-м дера моьтту со Майлаъ дага а йоьхна леш воллу. Бакъ дац иза.

Аьттехьа а ца вита (ца й, д, б.). Разг. Выражение категорического несогласия с чем-л. или решительного отрицания чего-л.

— Вай массо а кIант ваха, сан да ваха а, воуьйтур вацар-кха топ кхоссал аьттехьа-м ас хьо! ...— Ахь хIун дей? Кхин гIар схьа ма елахь. Ахь дуьйцург аьттехьа а хир дац хьуна. Ш. Окуев. Юьхь.— *Иза сан функцешна юкъадогIуш гIуллакх дац,— аьттехьа а ца дитира Курумовс.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *«Ишта лелла вер ма вац хьо»,— шега аьлча, аьттехьа а ца дуьтура цо.* Х.-А. Берсанов. Бобер. Ср.: **Аьттехьа а.** Далеко не..., совсем не...

Аьххар а. В конечном итоге, наконец. (В различных диалектах чеченского языка — **Эххар а // Аьххара а).**

Государственное учреждение
Национальная библиотека
Чеченской Республики

Цхьа-ши бутт баьлча, аьххар а девлира тхо бешана керт йина. Эххар а схьакхечира наха сатийсина районе йоьду автобус.

Аьхха (аьхна) хуьлда! Доброе пожелание во время еды: Да пойдет тебе впрок! *Кху хIусаман беркат тIера! — кад айъира Хагожа.— ...Аьхна хуьлда! — элира ЧIиркас.* Н. Музаев. Мур. *Сихха схьаэцна, лачкъош, стака дIа а мелла, пирожок а кхоллуш, аратасавелира Анзор, чуьрачара шена тIаьхьа кхоьссина: «Аьхна хуьлда, аьхна! Иштта тов кIант, етташурин хьожа йогIучул!» — хезаш. ца хезаш.* М. Музаев. Анзор.— *Шу кIенташна тIера! — хьалаайира МIаьчига кад. Кехаташ охьа а тесна, «парх-пирх-парх» аьлла, хьала а лилхина.— Аьхна хуьлда хьуна! — цхьатерра, доцца хадийра гулбеллачара.* Ш. Окуев. Юьхь.

Аьшпаш ботта. Сознательно, намеренно ввести кого-л. в заблуждение, сказать неправду, обманывать.

— *Цо суна боьха аьшпаш боттар хууш ма ву хьо! Ас бийр бу цуьнан болх!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Аьшпийн кIур. Большой врун; неисправимый лжец, обманщик.

Ср. **Пуьткйн лежиг.** *ТIаккха хьалаиккхира Сеса: Ва пуьтийн лежиг! — мохь туьйхира.— Ва аьшпийн кIур!.. — тIетуьйхира цо.* С. Курумова! Ца йинчу ненан хIусамехь.

Б

Баа дуй бу <сан |хьан...|>. Клятвенно кто-л. может подтвердить что-л. *Бож-Iела: Баа дуй бу сан, дуьненан дохнах хьо юххуш хилча, асчул сов мах а белла, хьо оьцур ма яцара.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Бабина (бабийна) виса (й, д, б,) хьо <...> <делаI>. Бага боьллича (биллича) пIелг Iовшур <боцуш>. Кто-л. кроткий, безобидный, добрый. Первоначально о строптивой лошади, которая могла укусить, когда ей в рот вкладывали удила.

Ахьмархьажа: — Супхьоналлах! Нитташ баьлла тов. Ванах, хIара хIун ду? Бага боьллича пIелг Iовшур боцуш хIара ма оччаяьлла цIеххьана! **Х. Ошаев, Ахьмархьажа.**

Бага ваха (й, д, б.). Становиться предметом разговора, обсуждения, пересудов, критики.

— *Схьа а лаьцна, ахь леваькхчиа, мел вониг а дикачех хьоьгуш, цхьа меттиг яьлча, хIуъу дан а лур долуш, амма вонна баги а, бIаьрга а ваханчу ша дарна, цуьнан хама ца хиларна а кхоьруш карадо. ... — Дага ма-деъа, дIа а даьхкина, чу охьаховша атта ду шуна: нехан бага дахале, эвла а волий, катоххий и цIенош сан цIир тIе дахийта Анзоре.* М. Мусаев. Анзор. *Ткъа цара дуьне къахьдина лелочу оьздачу, хьаналчу стагана эхь хета, оцу йоьсиршна дуьхьал къийсамехь ша санна оьздачу, хьаналчу нахе гIо деха. ТIе, и гIо шега дехча цхьацца волчунна лаа а ца лаьа, оцу боьхачу хIуманийн бага ваха.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Бага гIаттийна [гIаьттинчохь] виса (й, д, б.). Сильно увлечься, слушая кого-л, или наблюдая что-л. *Дерриг хIума дицделла, цхьаьнга хьажначохь я ладоьгIна, бага гIаттийна висира Эламирза. Наний, неннаний багош гIаьттинчохь йисинера, сакъераделла.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.

Бага деънарг ала [дийца]. Браниться, ругаться, выражаться (произносить ругательства, сопровождать свою речь ругательствами).

— Нелалт хуьлда хьуна! Уьн тIе ветта хьо! — сардамаш доьхкуш, шен бага деънарг баха йолаелира йоккха стаг.— ХIай зуда! Хьайн бага деънарг ала мега моьтту хьуна,— элира луларчу Супьяна, шена йоккха стаг лен яьлча.

Бага еко [етта, леян]. 1. Сильно ругать, бранить кого-л. 2. Излишне много говорить, говорить вздор. 3. Говорить попусту, зря.

— Хьоьга цо хIуммаъ эр дац, ткъа соьга бага лейийр ю. Ш. Окуев. Юьхь. *Тумишас сатеснера ша ишта аьлча зударша гIовгIа а яьккхина эрна баганаш а етташ хан дIаяхьаре.* Н. Музаев, БIарлагIийн тоба.— *Шен лар тIехь яцарх со кхеттийла хиъна куц дара. Кхин цхьацца бага а йиттина яхара миска.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.— *Доцца. доцца,— лохха човхийра иза Хамовс.— Кхечухьа еттар ахь и хьайн бага.* А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Бага йоккха гIатто [елла]. Разг. Стараться побольше присвоить себе (обычно незаконным образом).

— Тхан шолгIачу этажан цIийнан комендант нахана къайлах квартираш юхкуш, бага йоккха гIатто а ваьлла, хан а тоьхна, чувоьллира. Ср. **Бага йоккха гIаттае** Не надейся, не жди.

Багара даккха (й, б). 1. Перейти дорогу кому-л, взявшись за дело этого человека. 2. Урвать, похитить, выпрашивать у кого-л. что-то очень необходимое, применяя силу, лесть, обман и т. п.

— Вай, шайн ворхIе дена нелалт хуьлда, сан ворхI беран багара и етт налогашна бигина волчу пурстоьпана!

Багара охьа ца дилла [й, б, в]. Постоянно произноситься, говорить, напоминать, помнить и т. п. о ком-л., о чем-л.

— Суна-м хаац, адамо къахьоьгуш лаьттачу хIуманна сел хьарам куьг мел хила деза? — шениг багара охьа ца дуьллура Хьамзата. М. Мусаев. Дьуненан ялсамани. Ср. ант. **Багара охьадожа.**

Бага са <а> кхаьчна. С большим усердием, упорством, напряжением, прилагая все силы (делать что-л.)

— Дера са бага а кхаьчна, сайн ницкъ кхочург дан гIерташ-м лела со. I.-Хъ. Хамидов. Абубешар. *Цхьаболу заготовительш дукха сугара хуьлуш бу. Юьртаба — хамин сурсаташна, тайп-тайпанчу аьрганлина заготовка чи гIерташ, бага са а кхаьчна лела уьш.* I. Ахмадов. Пенах а, самах а. — *Цо дIабисна керстанаш юха ца гIерта, ткъа шу, бага са кхаьчна, дIагIерта!* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Багах ца даккха (й, в, б). Соблюдать что-л в тайне. Ср. **Мотт шегахь кхаба, Багахь кхаба <шен>.**

— *Кхин багах доккхур дац ас. Оцу тlехь тlадам а тохий, кхин дийца вайшинна.* І. Гайсултанов. Малика.— *Оцу нахаца хьайн хилла къамел цхьана а адаме багах ма даккха.* Н. Музаев. Мур.— *Цу къорlан тlехь баа ахь, баккхийчара аьлларг дан а, со багах ца ваккха а, цхьана а дегlе хlара ца хьахо а дуй!* М. Мусаев. Дашо маха.

Багахь дина хlоаш. Разг. То, что не соответствует реальному; выдуманное, небылица.

Бакъду, багахь дина хlоаш кхарза ца лойла хуучух тера дара. М. Мусаев. Анзор.

Багахь кхаба <шен>. Что-л. строго соблюдать в тайне ото всех.

— *Мичара кхин и тайпа хабарш юьйцур яра ас? Сту ю со! И гlуллакх багахь шен кхаба корта безаш ду!* Н. Музаев. Мур.

Багахь мотт <болуш>. Об ораторе, грамотном, образованном

— *Хатта дезар-кха ахьа а, хlун ду ахь тхоьгара доьхург а, лоьхург а, хьуна оьшург а? Хьо а ма ю багахь мотт болуш.* Ш. Окуев. Юьхь.

Бага <шегахь> [хьайгахь и. дl. кх.] кхаба [сацо]. Молчать, умение сдерживаться в разговоре.

— *Дlавала. И мегар дац. Оцу миногехь-м хуур ду цунна,— цецваьлла Шида.— Хуур дац, хьо хьайн бага хьайгахь а кхобуш, со санна, Iадда Iахь-м,— чlагlдина ша бохучух тешаш волчу Маьхьтас.* І. Ахмадов. Шо даьлча.— *Лаац царна шаьш гlарадаха... Кхетий хьо? Хьаькамашна безац баганаш шайгахь кхаба ца хуурш!* .. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Ахьа юкъадалийнарг гуттар инзаре хlума хета сунa...Хьо воццчо и аьлча оха тергал а дийр доцуш. Амма хьайн бага хьайгахь сацаяй... Хlун дало хьажа. Ткъа тхоьгара оьшу гlо...и дийцl ца оьшу.* М. Исаева. Ирсан орам.

Бага шера <ю>. Кто-л. способен много говорить; умно, красиво говорить.

— *Цуьнга хlумма олийла я яц! Ахь цхьаъ алахь, дуьхьал шиъ эр ду хьуна. Чlогlа бага шера ю.*

Бага экъан тlе яккха. Разг. Сильно увлечься, слушая кого-л. или наблюдая за кем-л., чем-л.

— *Хlан, хlинца схьакарий, – аьлла, цlехьа боьдучу новкъа дlаиккхина вокхa стаг, баганаш экъанна тlе яьллачохь ши жимха а вуьтуш.* І. Ахмадов. Уггара а сиха йина схьайолу юург.— *Ткъа, хьо ю шовзткъей берхlитталгlачу буровойх лаьцна сунa пенан газетан заметка йоьшуш. Цигахь баганаш экъан тlе а евлла лаьттина ледархой.* Н. Музаев Сатийсаман ничкъ. Ср. син. **Антал(а) вала (й, б, д).**

Бага юкъа. Заставлять молчать, не говорить о чем-л. (обычно подкупом, лестью). Ср. **Бага сацо< шегахь [хьайгахь]>**

— *Ахь нагахь санна цхьа дош хазадахь суна, ас бага юкъур ма ю хьан. Бага*

юкъа дезаш гIуллакх ду хIара.— Сан бага дIа юкъа ма гIерта! — аьлла, куьг тоьхначу Василийс, стола тIера варени чохь йолцу хедор Егоркин юьхь тIе туьйхир. Ш. Окуев. Юьхь.

Бага яста. Заставить кого-л заговорить, запеть и т. п. Начать говорить, болтать и т. п.

— Цхьа кIез-мезиг хIума сельсоветан председательна бага Iотта еза, тIаккха

Бага Iотта [таса]. Разг. 1. Присваивать что-л. себе. 2. Непосредственно кому-л., обычно в качестве взятки; давать, совать и т. п. что-л. 3. Есть, а также давать есть кому-л.

— Цхьа кIез-мезиг хIума сельсоветан председательна бага Iотта еза, тIаккха и бен цо суна оьшу справка лур яц. ...Цул совнахи кхунах самукъа долуш леллачу керташкарчу бераша а, наггахь хIара хьастар бен, кхин башха кхунна бага хIуманаш Iуьттуш а ца гора. Хь. Магомадов. Таллархо муха кхетийра. *I. Царна ло сан къелла... Амма хIораммо а сискал шен бага Iутту...* Н. Музаев. Мур.

Багийна сийдоцуш (сийдоцу). Злой на язык **Багийца тола.** Добиваться чего-л. криком, руганью.

Бада байта. Ср.: палс айбийта. Пон. Принудить удрать, отступить и т. п. (кого-л).

Бад ян. Разг. (Легко) справиться с кем-л. или чем-л.

Бож-Iела. Ахь стенна сагатдо, Сугарби? Кху хьуна гучу деглах бад ялур йолуш ву-кх со. I.— Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Наха хьоькхуш маьхьарий а долуш, йоккха гIовгIа экхийтира цигахь. Кестта «бугIано» и стаг охьатуьйхира, гулбеллачара чIогIа маьхьарий а детташ. Охьатуьйхира аьлча а, ша бад йира-кх цу мисканах.* I. Ахмадов. Ярмаркехь хилларг.— *И шà сийна бад-м йийра ю, сайца ловза хиинчунах-м!* С. Цугаев. ТIаккхахула а вола хьо.

Базар (-ш) лело. 1. Заниматься куплей-продажей (обычно в целях наживы). 2. Заниматься чем-л. мелким, недостойным.

1. *Базар лелийний, нахана хаьлхара ваьцний гулдеш долу ахча суна ца доьгIна,— чIагIдира Туртекхас.* Н. Музаев. Мур.— 2. *Марем, суна кIордийна хIара базар лело. Со ахь Iехо бер а дац.* З. Яндарбиев. Буьйса. 4. *Зулай. И базар кхин лелор яц ша, аьлла, суна дош деллера хьуна Маймас. Со цIа кхачахь, ас бийр бу хьуна цуьнан болх-м.*I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела...

Байкхал [баккхал] вийла. Разг. Вести себя вызывающе, возбужденно. Ср. син. **Шахь вийла.**

Байттамал яI (!). Выражение раскаивания, сожаления, негодования, досады.

— Байттамал, яI-кх! Цхьа хIума оьшура хьуна хIинца,—элира цо. [Нецас].— Тур! тур! бахий ас-м. С. Курумова. Дохк. *Байттамал яI, ас Iалелай дешнехь ахь эрнс яхийтира хан.* М. Мусаев. Анзор.

— Байттамал яI! — куьг тесира Сарапа.— Ша ерриге а гIайгIа-бала изза ю-кха! Н. Музаев. Мур.

Баккха бехк <боцуш>. Очень хорошо, безупречно (о ком-л. или о чем-л.)

Бакъахьара куьг. 1. Первый помощник. 2. У с т. Карающая сторона.
Хьасан управленехь волчу начальникан бакъахьара куьг дара. Цуьнгахула лора цо шен директиваш а, хаамаш а.

Бакъдерг аьлча [дийцича]. Говоря откровенно, искренне признаюсь. Употребляется при подчеркивании правильности сказанного, утверждаемого.
— Бакъдерг алча, дика кхеташ ву хьуна хьо. М. Ахмадов. Поэзехь хьалхара, а, тIаьххьара а гIулчаш.— *Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна? Амма бакъдерг дийцича, хIара саглат сахьт тIаьхьало йолуш хIума-м ю, оззу мах белла изца мегар йолуш. Нийса бохий ас?* Ш. Окуев. Юьхь.

Бакъдолчунна <тIедогIуш> аьлча. См. **Бакъдерг аьлча [дийцича].**

Бакъ дуьне (дуьнена) ваха (й, д, б) Р а з г. Умирать.
Цкъа а харцдерг дуьйцуш вацара ГIайтарби. Ша бакъ дуьнена вахана ву-кх иза. И валлалц вай массо вехийла.

Бакъ хилла гIан. У с т. Кто-л., завладевший богатством, властью на короткое время.

Бакъ хир дац иза (!). Восклицание, выражающее недоверие к чему-л., что кажется невероятным, неправдоподобным.
— Нана, вайн бешахь хьозано бен а ма бина! — чуиккхира кIант— Бакъ хир дац иза! Вай, нанина виса хьо! Баккъалла бохий ахьа?

Бала балхо. Рассказать кому-л. о своем горе, бедствии.
Геневич: Нах реза цахилар-м вайга лалур дара. Везин. И нах резабарна тIера! (Кад ойу, массара молу) ХIара, Таьштамар Эльдарханов ву, ма бохура, Паччахьан Думехь мискачу нехан лаьттан бала балхош? Геневич: Иза-м дика юьхьIаьржа дера хIоттийнера. С. Бадуев. ЦIен гIап.— *Кийрара бала балхийча йолу-кхин яц,— елакъежира Соби.* С. Курумова. Сан гIалат.

Бала кхача. 1. Заботиться о ком-л. или чем-л.
— Ас хIун эр ду. Касса-м ас кега а яле эшна хила тарло. Хаьа, куьг боьханиг вон юьхькIам бу. Логгец догIу эхь... амма хала-м дац, хIоккхул дог лаца, бала кхача шу долуш дерг... М. Мусаев. Анзор. **Бала кхача.** 2. Интересоваться кем-л. или чем-л. *Iусман институтехь доьшуш ву. Цуьнан массо а хIуманан бала кхочу.*
Бала кхача. 3. Касаться кого-л. *Вайн бала кхача оьшуш хIума дац хIара.*
Ср. Бала ца кхочуш хIума дац (!).

Бала ца кхочуш хIума дац (!). Кого-л интересует, касается все без исключения.
— Вай, дела ве хIара седа дуьхьал! ХIокхуьнан бала ца кхочуш хIума дац-кх хIокху доккхачу маьлхан дуьненахь!

Бал баккха. Р а з г. Танцевать.

Ниса (кегийчу нахана юккъехь Іеччохь, жимма хьала а айалуш, вистхуьлу). Хьаша!.. Сакъералой хьан? Хьаша: Баркалла, дика воллу со-м. Ниса: Бал баьккхича хІун дара-теша вай? Хьаша: Баьккхича бакъхьа хир ду... С. Бадуев. Дайн Іодал *Гудри: ХІета вай цхьаьна цІа гІур ду. Дера гІур дац цхьа бал а ца боккхуш-м. Тоха тІараш! ХІорс!* І. Гайсултанов. Хьуьнхара цІа. *Баккхийнаш юьстаха Іара, жимхаш хьалха а хьийзаш, хелхаран бал боккхуш, ловзар а гІиттош.* И. Эльсанов. Хелхаран мах.

Балди тІе дума хьекха (мн.ч.). Р а з г. Обманывать кого-л в чем-л. кормить обещаниями, разговорами и т.п.

— Нийсса кхо шо ма дели ахь суна балди тІе дума хьоькхуш, дерриг кхочуш хир ду бохуш! Ткъа кху сводкаш тІе хьаьжча а хуур ду, шун фермийн а, кхинйолчу дохнан гІишлойн а хьал!

Бале вала (й, д, б.). Очень мешать, сильно досаждать кому-л., делаться невыносимым. Ср. **Бала бан.**

— Кхин ахь хьахадойла-кх соьга и! ХІинца хьо вара суна бале вала висинарг. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Ца хаьара... БецІана и оьрсийн зуда тІаьхьа шена бале ер юй, цо лацийтина ша Іедалан буйна вохуьйтур ву а.* Ш. Окуев. Юьхь.

Бал тайна [табелла]. Ком-л. в чем-л. везет. В счастливый, удачный момент (день, час и т. п.)

—Дика бал тайначу дийнахь цхьана олхазаро шел уьттазза сов дойу и кхераме нІаьний. М. Мусаев Дуьненан ялсамане. *Шемилан гІуллакхан бал табелла зама хилла и гІала юьллуш. Х. Ошаев. Алун шераш.*

Бамба санна. О чем-л. легко поддающемся давлению, малоупругом, эластичном, пушистом, мягком и т. п.

Бамба санна, кІеда ло ду, Вожарх дегІ цо лазош дац. Беснийн бесаш Іежех догу. Я куьйгаш а шеллуш дац. Х. Эдилов. Ло догІуш. *Дегі айббина, нийса ког боккхуш вогІура иза, шекарх тера кІайн лепан ло, даша ца доладеллехь а, калошна кІелахь, бамба санна кІеда хаалора, шен Іай хуьлуш долу тата а доцуш.* М. Сулаев. ДоттагІий юха вовшахкхета.

Барам <а> бустам [чот]<а< (боцуш, йоцуш).

1. Множество, бесчисленное количество кого-л. или чего-л., такое, что невозможно сосчитать, определить.

Бож-Іела: ...Барам-бустам боцуш хала стаг ву-кхи иза. І.-Хь. Хамидов. Бож-Іела. Барам а, я бустам а бацара къонахчун инзарваларан. М. Мусаев. МаргІале хатта. — *ХІун лозу хьан? — Коган кІажа лозу, барам а, чот а йоцуш.* Х.-А. Берсанов. Болатчу динан бере. 2. Выражение изумления, удивления (по поводу чего-л). — *Іалелай — валелай! Ма барим а чот яц кху жІаьлен кхетаман! — Аьхкенан денош, барам а, чот а йоцуш довха деанера, бохуш, цІахь Іойла-м хир шуна, кІентий, вайн!*

Барамал тIех хила. Больше, чем надо, необходимо.

Хьесапатан йоIарий эхь-иман доцуш кхиънера, ткъа, Хьоза-м царна юккъехь а барамал тIех хила тарлора.

Барам боцуш. Барам <а <бустам> а> боцуш. 1. В большом количестве. 2. Очень сильно, безгранично.

Барам боцуш. [бац]. Вволю, вдоволь; в изобилии, без каких-л. ограничений; сильно...

Осма: Бакъ дуй хьовх? Муьлш бу и зуламан дай? Янарс: Дугаевгlар: Бексолтий, Товсолтий.

Осма: Хьай, сий доцу нажжаза ш! Хьанна гина хIорш? Барам боцуш хьаьгIаш лела вайнахалахь, Янарс. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. *Самукъаделира сан, барам боцуш, боккъалла а, лаьхьанан багара со яьлча санна.* С. Курумова. Сан гIалат.— *Хьуна ма-моьтту де и дац хьуна соьгахь, чевнаш чIогIа меттахъевлла сан. Лозу барам боцуш.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Баргал тоха. Сковывать кого-л., притеснять.

Барми тIе виллийта [вилла]. Р а з г. Убить кого-л.

— *Валлахl, иза Iад ца Iахь, ас шаьлта тоьхна, барма тIе вуьллуйтур ма ву иза!*

Барт бетта. Ругаться; скандалить.

Юх-юха полковник барт бетта ваьлча Цанин Шидас жоп делира. А. Пажаев Жаlу.

Барт декъала [цхьаъ] хуьлда. Доброе пожелание (обычно молодоженам). *Бож-Iела. Барт декъала хуьлда шуьшиннан.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела — *Ассалам Iалей-кум. Iуьйре дика хуьлда шун! Барт цхьаъ болба шун! — чоьхьавелира Хамберд. Ш. Окуев. Юьхь.*

Басар дан. Р а з г. Стараться кому-л. или чему-л. придать другой вид.

Мадар йо бохучу маьIнехь, цхьа тема, цхьа басар дира Зарас чоьнаш цIанъеш.— Велакъажарца а цхьа басар до. Х. Эдилов. Дантесаш кхин тайпа бу.

Баппаш даа. // **Баппеш даа.** Р а з г. Принимать пищу, кормить кого-л.

— *ХIинца цу нахах, я гIуллакхаш ца лелалуш, кIелвис висинарг ву-кх, гIалиг чохь баппеш даа йиш а ца хилла, хьалаоьху ала эхь хеташ тIом хуьлу, бохуш, и мотт-эладита а эцна, хьалаоьхуш.* С. Бадуев. Аьшпаш. Тоьур ду ас хьуна данйна баппеш, хьуо кхобу йолчуьнга дIаяха еза. Х. Эдилов. Шиннан къайле.

Бат дуръян. Избить кого-л. сильно.

— *Вон бахийтира-кх ас иза ишта дIа! — арахьара нел ма-йоьдду-у дIайиллира ша шена догдаьттIачу Саьlида.— Хиллера бат дуръян езаш...* М. Мусаев. Дашо маха.

Бат дIачIагIа. Р а з г. Прекратить разговор.

Бат стеш диъча санна ян. Избить кого-л. сильно.

Жамалда: Зуда, и хьайн зурманан кад сацор бу ахь,— делор ю ас хьан бат, стеш диъча санна, йийр. С. Бадуев. Большевикаллица ялта дерехьа.

Батта чохь <хила шен>. Так, как должно быть (быть, находиться и т. п. О ком-л. или о чем-л.)

— Шегара совнаха хIума ца долуьйтуш оьзда, доьналла долуш, батта чохь хила веза кIант шен,— элира воккхачу стага Iийсас шен кIенташка а хьаьжна.— Ахь деш долу цIенош, хьаха, хила деза шен батта чохь: даккхий гондIа и лаппагIа наш ца еш.

Батт ер ю. См. Минга дер ду.

Бат ца Iотта [тоха]. Не коснуться, не попробовать (о пище). *ХIоъ хьалха биллича, бат ца Iоьттира говро, карахь оьхьна, реза хиллачу хурца баа йоьлча, зудчун цIоцкъамийн юьхьигаш чуэгаш, кIеда-юлаеллачу беснеш тIехь ши кIаг хIуттуш, куьйгашна гилгаш даьллехь а, еларх тераниг делира.* И. Эльсанов. Хьаша веача — цIийнанана.

Батт яла. Страдать, переживать. См. **Минга дала.**

Шолгла кIира дара Анзорна Кесира ганза. Дешилаца ийгIина араваьлчхьана, чIогIа тебий, Iаламат къайлах юкъ-кара Кесира ган эвла ца кхаьчча, бат йолура кхунна. М. Мусаев. Анзор.

Бахар боху (бохург). Сплетня, небылица.

Бахьанаш леладе аьлла. 1. Человек сам должен о себе заботиться. беспокоиться и т. п. (в противоположность тому, что за всех и за все бог решает).

— Дала ша цхьана хорша дерзийна, дика болх баре а сатуьйсу ас вай лелочух. Бахьанаш леладе, аьлла бах дала. Ш. Окуев.

Бахьанаш леладе аьлла. 2. Не все потеряно, не все предопределено, возможен выход.

Бахьанаш лело. Делать что-л. кое-как, небрежно и т. п., не с полной отдачей сил.

Дукха къа а ца хьоьгуш цхьацца бахьанаш лелош вехара Дага.

Баца юкъахь чемхалг. У с т. Ничтожно малое количество по сравнению с чем-л.

Башха <дIо даьлла> хIума дац. 1. Не очень-то, не особенно хороший, посредственный, не имеющий какого-л. качества в достойной степени.

— Хьанна хаьа иза. Башха дIо даьлла хIума-м делахь, гамаша бу. М. Мусаев.

Дашо маха. 2. Употребляется как характеристика, оценка кого-л. или чего-л.— *Наха-м хаза юьйцу и йол, схьахетарехь, башха дIо даьлла хIума-м дац иза.*

БаI вала (й, б, д.). Разг. Одеться чересчур нарядно.

БаI ваьлла (а, д, б.) В полном расцвете сил.

Баькх-баькккхина ког. Каждый поступок, действие и т. п.

— *Цул а ахь хIун дей? Агрономо баькх-баькккхина ког талла ахь.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Баьрче дIатоха. 1. У с т. Запомнить надолго, навсегда. 2. Поставить на самое видное, почетное место в комнате.

— *Аса хьан сурт баьрче дIатоьхна хьуна.*

Баьхьа санна долу. Р а з г. О руке большой формы; о сильной пощечине.

Вукхо шен аьрру пхьарс хьала а бина «бисмаллахIи рохьманиррохьим»,— олуш шен, баьхьа санна, доккхачу куьйгаца реза хилла охьатаIийна кIеда ахьар, гирданан юкъал лахдира. 1. Ахмадов. Ахьар духкуш.

Бе а [де а] барам <а> боцуш>. См. **Барам боцуш.** Ср. **Де а бахьана <доцуш>.**

Бе а, барам а боцуш дохкояьллера Кесира кхуьнца араяьлла. ХIинца кхетта йогIура цхьаммо а ша яло ваийтина воцуш, маларо дагаваькккхина, шегара Анзор лелош хила магарх. М. Мусаев. Анзор. *Де а дан хIума доцуш лелош вара Хьаммад.*

Бе-берса. Особенный; особый, необычный. Употребляется обычно при характеристике каких-л. свойств, качеств (пищи и т. п.).

Сутарби. (ца вашарца). ЧIогIа бе-берса кхача бу. 1.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Иза тешна вара тахана кхин бе-берса кхача буур болуш оцу регIаца, оцу ирзошца стаг вацарх.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *ХIара, Забу, бе-берса яцахь а хьуна хIара кучана хIума яла лаьа суна,— аьлла, шен карара кехата юккъе хьарчийна долу кIади дIакховдийра.* Хелисата. 1.-Хь. Хамидов. ДIа — коч, схьа — коч.

Беза мах бала. Многим пожертвовать; поплатиться.

Белам бан. Предать кого-л. или чего-л. общественному порицанию; выставить на посмешище.

Синкъерамехь а, ловзаргахь а лартIехь вистхила ца хууш, шен бага деа—деанарг дуьйцуш. Хасмохьмад нехан белам беш лелара.

Бели [бела] — баьццара. Очень зеленый (о ярко-зеленом цвете).

Нохчийчоьнан къилбехьа а, малхбалехьа а йолчу меттигашкахь йоккха гIортор яра адамашна дендалий, мехкан малхбузехьай, къилбаседехьай, къилбасед-малх-

балехьай шайн аренашка юхадерза кечдалий, малхбузен, малхбален, къилбан, къилбседан некъаш галморзахдуьйлуш, вовшахдетталора бела-бацца рчу куьзан аренашкахь. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Белла кад дIабуста. Р а з г. Ответить на что-л. тем же (часто как о негативном явлении).

— Вайн кIант армера цIа веача... Айзас гана коч, цуьнан кIант цIа веъча дIа яла еза, кхин а эцца. Шена белла кад дIабуста беза хIора стага.

Белшах белш тоьхна//АгIох [агIонах] агIо тоьхна. 1. В непосредственной близости, рядом, один возле другого. 2. Вместе (жить, работать, бороться и т. п.).

Белшаш [белш] сатто. Крайне удивляться, недоумевать; не знать, как поступить в затруднительных обстоятельствах.

— ХIун до вай? Доьлху вай цига я ца доьлху? — Хьасана белшаш саттийра. Маржан, белш саттийна, кхин ла ца дугIуш, дIаяхара.

Бен а дац. Безразлично, все равно.

Бен-башха доцуш хетта // Бен ца хета. Относиться безразлично, равнодушно, индифферентно, с равнодушием, с безразличием и т. п.

Белашца тулгIешха кхерста шен ши чIаба, бухк санна, бен-башха доцуш цо лецира. I. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь.

Бен-берса. Особенно; особо и т. п.

Бен боха. Потерять все приобретенное: семью, имущество.

Берам баккха. Р а з г. Рыдать, плакать.

— И бежнаш дели делара, со уьш дIалахка йоьдучул! — тийжара иза,— Iаббас волчу йигна хила там бара иза! — цIеххьана йоьлхучуьра сецира иза.— Ткъа. со къанъелла кхез берам баккха сихъелла! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Бердан йисте хьовзо. Поставить кого-л. в трудное, безвыходное положение.

— Со иза волчу а вахана, хIуъу дина, бердан йисте хьовзийна, цуьнга дуьйцуьйтур ду аса.

Бердах эккха <гIерта>. Подвергаться риску, ставить себя перед возможной неприятностью.

Рамзан. Хьо бердах эккха гIерташ, хьо ца эккхийта тхо гIерташ, схьадаьхки вай хIокху кхаа баттахь. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Бердах оьккхур ву (ю, б.) Р а з г. Кто-л. готов на все ради кого-л. или ради чего-л. *Iумарна чIогIа дукха веза Нурид. Цуьнан дуьхьа бердах оьккхур волуш ву иза.*

Береза котам. Разг. Не такой, как все. Чем-л. отличающийся от других.

— Цхьа а хIума нехачух тера дац-кх хьан. Бероза котам санна, ву-кх хьо, массарах а къаьсташ, ца вешаш.

Берзан гIулг юккъехула дала. В суеверных представлениях что-л. заставляет враждовать две стороны.

—Хlун берзан гIулг даьлла техьа тхойшинна юккъехула. Кхайкхий, хаттахьа. Х. Ошаев. Алун шераш.— *И хlун берзан гIулг ду вайшинна юккъехула даьлларг.*

Берийн хабар [ойла]. Р а з г. Наивные, убогие, поверхностные суждения, мысли и т. п.

— Дlавалахьа дlа, и берийн хабар а ца дуьйцуш. Цхьа а кор-корта болуш хlума ца дуьйцу-кх ахьа.

Берийн хан. Употребляется, когда хотят сказать: «Еще не пора ложиться спать, еще не очень поздно».

Сутарби. Хьуна хlун хета, Бож-Iела? Бож-Iела. Суна-м берийн хан хета хIара. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Беркат яI (!). Выражение восторга, радости (об урожае; о добре, о красоте и т. п.).

Схьавеана, неIарехь сецира Анзор. Беркат яI, хьо куц, кеп! М. Мусаев. Анзор.

Бертал даккха [тоха]. Приводить в состояние беспорядка, хаоса.

Самида шен зудчунна оьгIазвахана цIа чохь мел долу хlума бертал тоьхна аравелира.

Бертал-Iункар // Iункар-бертал. I. С большим трудом, напряжением (идти, карабкаясь). 2. Говорится тому, кому категорически отказываешь в чем-л., не взирая на его усилия, хлопоты, действия.

— Хьо бертал-Iункар хIоттарх, хир доцург ду хьуна ахьа дуьйцург. Кхетий хьо? из поговорки. Не обманешь, не одурачишь.

Бертиг яьстина чухьаьжча хуур ду-кх, аьлла боху мацахлерчо а. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Бер-тIорза. Р а з г. Малец, дитя.

— Хехка бен ца хаьа хьуна, цхьажимма а хьайн цомгуш наний, хIара бер-тIорзэий дага лоьцуш хьо елхьара хала а дацара. М. Исаева. Ирсан орам.

БерхIитта жил-Iалам кхоьллина дела!

Ма доккха хlума ду-кх тхан цIен тIе беана бала! Хlун гIуда дара-те тхоьх хьаьрчинарг?! По происхождению связано с религией.

Беса корта. Р а з г. Тупица, глупый человек.

ТIаккха тIекхетта зудчо цIийнден коьрта кIелхьара гIайба оэзийна схьа а боккхуш, аьлла: — Ас кан а лахьийна бина бу хIара гIайба, кхунна тIехь-м Iиллор бац ахь хьайн беса корта. I. Ахмадов. Зудчун, майрчун къовсам.

Бес-бесара. Многоцветие. (О различных цветах).

Вай цуьнан агIонаш йоьшу. Цо шена гайтина бес-бесар некъийн лар хьоьшу. С. Дакаев. *Вай дахар доладо. ТIе вежарий берриге а цхьа амал йолуш а бацара, несарийн гIиллакхаш а бес-бесара дара.* I. Ахмадов. Зудчух вала ца лиина.

Беган буьххье дан. Сильно хочется что-то сказать.

— Дика болх бина. ХIета гуттар вайгахьа ду-кх гIуллакх... — бетан буьххье деана цхьаъ-м, ладоьгIна, кхечуьнца хийцира Хизара.

М. Мусаев Анзор.

Бетта кIел. В мире Ср. **Далла кIел, Малха кIел.**

—ХIокху бетта кIел мел долу хIума церан чохь долуш ду.--оьгIазъяхана луьйш яра Хьасраъ. Ша Хьасраъ нехан хIуман тIе бIаьрг боьдуш зуда яра.

Беха мотт. Ср. **Саьрмакан мотт; ЖIаьлин мотт.** О ком-либо не в меру болтливом, не умеющем хранить тайну, не сдержанном в разговоре

Беха мотт болуш болчу цу кIоштара зударша наха тIе даькхина дийцира Салманан зудчуьнца даьлла дов.

Бехк баккха. Осуждать, выразить неодобрение, недовольство, обвинение, порицание.

Гундайс сих-сиха бехк боккхура вон лелачу кIанте. Кхайкхина валийра и Юьспан ва Тойсам, бехк баккха хIоьттир, бах, и Гуьржийн жима кIант. Нохчийн халкъан фольклор. Жерочун кIентан, Гуьржийн кIентан илли.

Бехке дац. Кто-л. может не считаться с общими правилами, нормами поведения и т. п.

Бехке стаг. Гость, а также всякий уважаемый человек.

— Хьаша дIавохуьйтийла дац вайн. ХIунда аьлча иза бехке стаг волу дела. Иза дIавахийтича, вайна тIе эхь догIу, нахана ала хIума а хуьлу.

Бехк ма билла. 1. Выражение обращения к кому-л. для вежливого предупреждения и как выражение сожаления о причиненном беспокойстве.

— Бехк ма биллалахь суна, йол, нахана юкъахь лела ца Iемина стаг массанхьа а билгал хуьлу хьуна! — аьлла, юха а шена кад а боттийтина, велавелира Элмарза. ...Делахь, Маккхал тIехьаьжча хьо тхайл дуккха а воккхаха а хета тхуна, цундела тхуна товш-м дацара гIуллакх, ма-дарра хьоьга хатта. Ахь бехк ца буьллуш, кегий бар-кха аьлла, тхуна оьгIазло а ца еш, тхайн хаттарна жоп далар луур ма-дара хьуна тхуна,— вистхилира Мажар. Ш. Окуев. Юьхь. 2. Выражение протеста, несогласия с кем-л., отказа в чем-л.— *Хьоьга маре йола, тов! ХIан-хIа, бехк ма билла, иза хила йиш яц.*

Беш-бетIар вала (й, д, б). Приходить в состояние нервного возбуждения, досады, озлобления, терять самообладание, хладнокровие.

Яхьъя, балха тIехь аьгIазвахана, беш-бетIар ваьлла чугIертара массарна а.

Бийцина (дийцина, йийцина) ца валлал (й, д, б.). Не смочь рассказать о чем-л. из-за большого количества, очень много чего-л.

Де-дийне, шо-шарг чlагlлора Советан Iедал. Бийцина ца валлал баккхий бу цо Нохч-Гlалгlайчохь баьхна толамаш, халкъан дахарехь, хlора адаман кхолламехь цо бина хийцамаш. I. Кусаев. Ленинан веселташца.

Бир-минот ялале. Р а з г. Очень быстро, не тратя времени сделать что-л.

Ахьмархьаьжа: Чоьнтиг! Хlокху сохьта аравалий, Ахтий, Мусий, Кlожуммий уьш схьабалабел... Чоьнтиг. Бир-минот ялале, уьш балош, схьавогlу со. Х. Ошаев. Ахмархьаьжа.

Биста кхаччалц [хlотталц] 1. Совершенно точно, до конца.

Хьо соьга дуй кхолош ца воллу, оцу тlаьхьарчу биста хlотталц бакъ ма ду аса хьоьга дуьйцург! 2. Все, до последнего; вплоть до: дружно все сразу (о ком-л. или о чем-л.) *Колхозе язвеллачу стеган долахь йолу хlума, цициган биста кхаччалц, юкъа-кара гlур ю боху, цундела, хlокху Iедало со витахь, суна колхоз хьашт ма яц.* Ш. Айсханов. Мало — хало. *...Туьхина биста кхаччалц шадерг дуьстина, дагардина, сехьа деара талла дахана шиъ.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамане.

Бишка оза. Р а з г. Давать пощечины (обычно детям).

— Дош-м къорlанора дацара царна оцу оханна тlехь хlоттийна де дицдеш, кхин цкъа а бишка ца оьзча. Ш. Окуев. Лай тlехь цIен зезагаш. *— Мичхьа карий хьуна хlара обарг! Жимма бишка ца уьйзи ахь кхунах? — Ша оьгlазвахаран сурт а хlоттош, вистхилира да.* Хь Саракаев. Ширачу гlопехь. *— Же, хьераваьлла стаг ву шуна,— Дагас а аьлла, тlебеттабеллачу наха, схьа и лаьцна, Сатабин куьйгаш дlадихкира, жимма бишка а узуш.* I. Ахмадов. Совдегар Iин чу кхоссар.

Биъ ког гIортийна <дуьхьалъяла> (в, д, б.)>. Р а з г. Делать что-л. с большим напряжением, с полной отдачей сил.

— Нана-м кхерийна а, човхийна а сацор яра. Кlант сацо хала хир ду суна: комсомолец ву иза. Ткъа йоl-м, дуьйцийла яц, биъ ког гlортийна дуьхьал хир ю. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Боггlу мах дlабала. Оценивать в полной мере так, как того стоит, заслуживает кто-л. или что-л. Ср. **Богlу мах дlаэций**

— Вай иза царна ишттa дита ца оьшу. Шайна боггlу мах дlабала беза шаьш динчу ямарт гlуллакхна дуьхьал.

Боккха болх бу. Выражение восхищения, удивления и т. п.

Хьумидах дlакъаьстича, реза воцуш корта хьовзийра Решеда: «Боккха болх бу, кхунах хилла воккха молла. Цхьа иттех шо хьалххалц къаьркъа муьйлуш, колхозана къолаш деш а лелла. А. Айдамиров. Ирхеш.

Бокх-боккхучу ког а боккхуш. Делать то, что делает другой, следовать по примеру кого-л. (Часто о пассивных действиях)

Сугарби: Кхоьру хьо? Ас бокх-боккхучу ког а боккхуш хьо лелахь, эла санна, Iийр ву хьо. I.—Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Болар эца [эцна]. Ускорить темп, развиваться прогрессивно (о движении, развитии).

— Вай ишттa дийшина Iийна девр дац. Болар эцийта деза вайн дахаре. Юьртан дахаро сирлачу кханене болар эцна.

Болх дIаяккха. 1. Р а з г. Прикончить кого-л. (иногда с иронией); уничтожить и т. п.

I салти: (Грачевга). ДIанккха аса ккхуьнан болх? I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI. 2. Сломать, изуродовать и т. п. кого-л.; сделать что-л. негодным; испортить. **Болх дIаяьлла.** 1. Кто-л, постарел, обессилел и т. п., что-л пришло в негодность. 2. Испортился (о ком-л. или о чем.)

Болу-боцу ницкъ<...>. 1. Всеми средствами, прилагая все усилия; с максимальной отдачей делать что-л.

Механ тIулгIенна букъ берзош, тIаккха охьатаьIий, юхайоьрзуш, охьаетталуш, вовшахъяха санна дIасаийзо тIелхигаш тIехьерчош кIел ца йиса гIерташ, болу-боцу ницкъ гулбина йоьдура иза. М. Исаева. Ирсан орам. 2. Целиком все, абсолютно все, полностью, без исключения.

Борз-газий санна. Недружно, в постоянной ссоре. Ср. русск. Как кошка с собакой.

Борз, газий санна, тхо вовшашка хьоьжура. Б. Сандов. Ши бералла. *И дов бакхкийчу наха, вийна ши стаг дуьхь-дуьхьал а лерина, дIадерзийнехь а, Ботин, Хьамин доьзалшна юккъера юкъаметтигаш берзан, газанан санна яра.* М. Ахмадов. Воккха стаг Очча.

Борз хила. Р а з г. Быть вожаком, хозяином положения (с оттенком фольклорности).

— И Сурьян массо а ханна цхьаннах леташ, вукхуьнца дов доккхуш, кхечунна коча воьдуш, цхьа борз хила хIерташ, нахана тIе, малха тIе а ваьлла-кх.*

Бос бахьа. Кому-л. стыдно, неловко.

Бос бац [баьхьна]. Бледен, расстроен (обычно от сильных потрясений, волнений; боли, испуга и т. д.) Ср. **Докъан баса вахана (й. д, б.)**

—XIей, хьо дийна юй? — юхахьаьжира МIаьчиг. Амма хебна, ша тIехь Iачу гIантах тасаелла йоI йистхуьлуш а, корта хьала ойуш а яцара. ... — Хьо дийна юй, ва йоI? — меллаша цуьнан корта хьалаайира цо. ТIехь бос боцуш, мокха яра цу хазачу коьртан юьхь. Ш. Окуев. Юьхь.

Ботт <а> <тIехь-м> вовза (й, д, б.) Прост. Целиком, полностью, со всем, что есть знать о ком-л. Ср. **Шен бухца вовза (й, д, б.).**

---

* Ср. «Наха тIе вала» диал. форма фраз. «Нэхала вала».

— Эхl, дlавала, Салауди. Дов ца до вайшиммо. Дика ца вевза хьуна Мака.— Вайн делор вевза ботт а тlехь-м,— жоп делира Салаудис. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Боху-боху. 1. Сплетня, небылица, слух.

Хьенех вара дуьйцуш. я хьенеха бохура аьлла, вийца стаг а воцуш, «боху-боху» дара даьржина юьртахь. Р. Хаджиев. Октябран малхехь. 2. Лучшие, знаменитые и т. п. (о ком-л. или о чем-л.). *Вай долчу тховса шаьш боху-боху къонахий богlур болуш бу.* **Бохь богlа.** Отбивать, топать ногами при лезгинке. **Боцуш [воцуш, йоцуш, доцуш] цатерг.** См. **Воцуш цатерг.** *Коммунизмехь къинхьегам хlоранна а боцуш цатерг хилла дlахlуттур бу»,— бохург дагадеанера цунна.* I. Гайсултанов. Малика.

Боьха дог. О ком-л, кто способен на подлость, предательство, обман.

— Аша и дуьйцуш Хьомсаркъа варий шуьца? — хаьттира Iаьндис.— Вара.— Делахь, и боьха дог цига кхаьчнехь цо цхьа ямартло ца еш хир дац. Топ туьйхира. И полковник лаьтта вожош, цуьн боьха дог, шийла дакъа цунах дира. А. Нажаев. Жаlу.

Боьха куьйгаш. Кто-л. способен на любое зло, на все плохое. Ср. **Боьха дог.**

— Хьоьга цlанлур дац, кlант, боьха куьйгаш,— элира юккъерчу вашас. М. Мусаев. Маргlале хатта.

Бу боху. Самые лучшие, сильные, храбрые. Ср. **Ю-ю боху. Ву-ву боху** <...>.

Кху керта гулбелла бу боху нах а маьl-маьlехула Бусана лаха дlасахьаьвдира, ишгтта цхьаболу баккхий зударий а хьаьвдира. С. Бадуев. Бешто. *Хlинца кху юьртара, уггар бу бохурш, ша-ша эвлачъ вац аьлча летар а болуш, кхузткъа-дезткъа шераш долуш нах бу тезета гуллурш.* А. Айдамиров. Кlант веллачу дийнахь.

Буй бан. 1. Собрать, объединить воедино, в одно целое. 2. Пожадничать, скупо беречь что-л.

1. Тlехь юкъара куьйгалла цахиларна а, зеделларг доцуш къона хиларна а пролетариат эшначу 1848—1849 шерийн европейски революцийн деятельш дуьненара пролетариш а, къаьмнийн маршонехьа боламан а ницкъаш дуьненан юкъарчу реакцина дуьхьал цхьа буй бан вовшахтухуш бара. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *2. Аьккар чlогlа къорам стаг вара. Массо шен хlуманан буй бина вара иза. Цуьнан олуш а дара: «Къамелаш юкъара хир ду вайн, хlума—веша-вешан».*

Буй бахийта. Р а з г. Присвоить; пользоваться в корыстных целях, красть (обычно государственное, общественное).

Пачхьалкхан ахчанах буй бохуьйтуш схьавогlура Илма. Нехан яра, пачхьалкхан яра ца хоьржуш, шена тlекхаьчначу хlуманна буй бохуьйтура Анас. См. **Пlелг бахийта.**

Буй буза. Р а з г. Что-л. сделать своим, своей собственностью, накопительством. *—Буй-м вуьшта а бузур бацара-кхи цара цунах. Амма церан вовшех тешам бар а ду-кх даккхийчех цхьа гIуллакх.*

...ПIелгаша суьлхьанаш дахахь а, дукха хьолехь санна, дагахь лоьхург, ойланаша луьстург-м кхин дара. ХIинца буй буза дагахь хьебара къена ши бIаьрг: «Борз, газий вовшахлета ас даьттанан гуьмалк юур. М. Мусаев. Анзор.

Буйна вало [верза, волла, вахийта] (й, д, б). Подчинить кого-л. своей воле, власти а т. п. **Ср. Шен куьйга кIел вало.**

Ца хаьара банканна тIедогIуш долу некъаш лардеш лаьттачу БецIана и оьрсийн зуда тIаьхьа шена бале ер юй а, цо лацийтина бале ер юй а, цо лацийтина ша IедалеI буйна вохуьйтур вуй а. Ш. Окуев. Юьхь. *Гендарганойн Хьотус шен буйна боьхкина, гIордалой Ойтин Чомакха човхийнера.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Цаваьлла юкъадаьккхинехь а, шичан кIант балхахь а, вехар волуш а хиларна тIаьхьа лачкъийна кхин дара Хизаран. Анзор юха а шен буйна вало, Кесирех гур беш вара иза.* М. Мусаев. Анзор.— *Ткъа Хьамид, хьуна ма-хаъара, фанатик ма ву. Мухха делахь а, иза хьайн буйна верзо аьтто а хилла хьан.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Буйнара вала (й, д, б).

1. Выйти из-под контроля. Дика хIума ду-кх со оцу бригадиран буйнара ваьлла. 2. Выйти из подчинения, приобретать независимость. *Халкъ империализман буйнара дер ду цкъа мацца а ...Деникинан эскарш дуьхьал а оьхуш, хьаьвзира «эла» Иналкъан буйнара ваьлла, Гикалон отрядана шен бIаьхошца орцаха веана волу* Ушаев Мазлак. Ш. Окуев.

Буйнахь латто. Держать кого-л. в подчинении, в зависимом положении.

— Зударша тIаьхьа хIара лаьтташ йолу Хьасипат ер ю. Божарий вай вешан буйнахь латтор бу. Ш. Окуев. Юьхь.— *Кхузахь къаьсттина буйнахь латто беза зударий.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. *Адамаш ма хуьлу баш-башха. Цхьаъ хьаста, важа човхо везаш, кхоалгIаниг, къамкъарг лаьцна, буйнахь латто везаш.* А. Айдамиров. Шемалан леламаш.

Буйна ян (д, б.). I. Отказываться в чьем-л. владении. 2. Быть пойманным кем-л.

Буй-тIара ян.

Наносить кулачные удары, побои; избивать, совершить избиение и т. п. Масала, хьо девнан стаг ву боху... Буй-тIара ца кхоош... Н. Музаев. Мур.— *Деллахь, тхьогахь герз а ма дац, IабдуллаI, амма чучча а дахна буй-тIара-м йира оха.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.— *Ткъа и шун бераш-м ца хилла цаьрца? — Хиллера, дера, уьш-м.— Зен-зулам доцуш дисиний? — Жимма буй-тIара кхетна, кхин чов яц.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Буй хьаббина [бина]. Кто-л. очень жадный, скупой, экономный.

— Ткъа, тхан складашкахь долу адамаш буй хьаббина Iаш ду, кхо догIа а тоьхна. БIаьрмециг рыцарь санна. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Букъа тIехьашхахула. С тыла; скрыто, без предупреждения.

...Уьш вайн муха бу аьлча: шайн аьтто баьллачу дийнахь вайна букъа тIехьашхахула урс тухур долуш бу. М. Мамакаев. Революцин мурд.

Букъ берзо [тоха, гайта]. 1. Удрать, обращаться в бегство. 2. Отвернувшись уходить (обычно проявляя пренебрежение, безразличие). 3. Не иметь с кем-л. никаких связей; отказаться от прежней дружбы, отношений и т. п. Ср. **Пе тоха.**

1. Мостагlчо сихо букъ берзийна. 2. Кегийчарна шаьш букъ берзийчхьана, дерриг чекхдолу моьтту. 2. Дерриг нисда а, доллучун бала кхачаза, гlайгlа хилаза ца lалучу баккхийчийн ойла кlезиг йо аш, бохуш къила оьхура Хизар. ... Ша хlуъу аларх, сел чlогlа шена букъ тоха Анзоран бакъо яц бохура цо. М. Музаев. Анзор. 2. *Шен хено хьалха хlитточу даккхийчу декхаршна букъ а ца тухуш, царех шега кхочушдалун дерг хаар-ирс ду.* Я. Хасбулатов. Нохчийн бlе мукъам *(иллеш, эшарш) — Дагахь а доцчухула чухахкалой тухий, тухий хlаллакво цара мостагl.* 1. *Амма букъ гойтур болуш-м вайн нах а бац.* 1. Гайсултанов Iаьрби. *Зайна ахь цlехьа ерзае. Букъ чехка гайта!* Х. Эдилов. Кlант сан ву.

Букъе зуз дан. Ощущать озноб от сильного страха, волнения, ужаса и т. п.

— Бакъ ма ду, кхеравелла со волччохь букъе зуз ма деара суна! И-м доккха хlума дарий!

Букъ кагго. Трудиться до изнеможения.

Букъ (баккъаш) кагго// Букъ бон. Сильно досадить, сделать неприятность и т. п. кому-л.

Нагахь санна хlара гlуллакх вайга кхочушдан делча, юьртаден букъ а каглуш. Бlагорна нускал а хуьлуш, дуьненна дийца хlума а долуш, болх хуьлура кхунах. Ш. Окуев. Юьхь.— *Шен сацам бохо ца лиш пурстоьпана, аьлла, Солтас схьадеана ахча ахь духадахьийтахь, букъ каглур бара цуьнан а, вай ца дезачийн а.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.— *Ши мекх-м вайн эвларчу Межидан зудчун Хьамаматун а ду. Уьш хиларх ца тоьу, ша иза боьрша ца хилча,— дукха пагlат жоп делла Зойбаллас, юккъешхула Саламатан букъ а кагбеш.* 1. Ахмадов. TIехтохам. *Бож-lела: Марша гlолда. Ойлае тов! Цо «досвиданис, Бож-lела», аьлла, сайн бойна букъ-м. къорlанора бицлур бацара со валлалч.* 1.-Хь. Хамидов. Бож-lела.— *Хьо аккхаваьлла моьттуш вайх кхарда мел кечбеллачийн баккъаш кагдин ахь.* М. Мусаев. Теркан тулгlенаш.

Букъа тIехьа. 1. Тайно, скрыто. 2. Под защитой, опекой.

Булкъ-аьлла. Ср. русск: Бултых!

Бун-бен ца хила. См. **ЦIа-цIе ца хила.**

— TIаккха, Мамед! — шийла а, гlийла а вистхилира Сарап.

— Хьо зевелла таллархо ву. Лагьоьззачахьана волу хьо хlинца. Бун-бен йоцу миска хьуна хьалха лаьтта-кх. Н. Музаев. Мур

Бур-бур [дина] аьлла. Ни малейшего шума, звука

— Бур-бур аьлла, сьога кхин вист ма хилалахь.— Кхин цхьана а тайпана хьехар деш бур-бур ма хазийталахь сона! — аравелира Хьумид. І. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Бурко хьада. Кто-л. приходит в сильное волнение, возбуждение.

Бурула-можа. Желтый.

Ша Іаччохь кхоссавелла Анзор бурул-мажвелира. М. Мусаев. Анзор.

Бурч йохка [хьакха, бохка]. Сделать неприятность, сильно досадить, наказать и т. п.

ХІара дІакхаьчча, цхьана кабинета чу а вигна, кхунна гонах хевшира масех инспектор. ХІоккхо еана кацеляри вовшашна юкъахь дІаса а екъна масех сохьтехь, олуш ма хиллара, бурч йохкира Хьасанна. А. Айдамиров. Ирхеш.— *Хьан алашах кхерабеллера и жандармаш а...— ГІалгІазкхий а! Ва-а ха-ха-ха! ха-ха-ха. Ма бурч йоьхкир-кх ахь царна тахана, йохка-м.* Ш. Окуев. Юьхь. — *Ши эпсар валлошехь со волчу схьавалавелахь...КІезиг бурч йохканза ер яц царна. Кхетий хьо?* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Инарла: (велакъежаш гІадвахана корта а техкош). ...ХІинца бурч хьакха еза-кх вай, Федор Иванович, фашистана! М. Мусаев. Теркан тулгІенаш.

Бус-буса. В каждую ночь.

Бус-буса вогІу кІант шен езар ган Хьамзатагіеран ураме. **Буха ваха (й, д, б).** Терпеть неудачу; погибать.

Бух <а<барч>а> бац. 1. Бесконечно долго длится что-л. 2. Очень много, в большом количестве.

Бух-барч бац. Разг. Что-л не соответствует ни к чему.

Бух-барч бац-кх оцу Узус а, Ахьмада лелочун.

Бух болу стаг. Уст. Состоятельный, имеющий свой род.

Дагіа-юьртахь бух болчу нахаца вагарвеш вара: ломахь бевзаш бара хьал долу Дагіа а, цуьнан вежарий а. Ср. ант. Бух боцу <стаг>

Бух ботта [билла]. Создавать то, что является исходным, основным для чего-л.

Нохчийн халкъан истори Іаморехьа чІогІа оьшуш дара меттан йозанан бух биллар.

Бухханца схьадаккха. <...> Окончательно уничтожить, искоренять.

Бухца [бух] ахка. 1. Выяснять, разузнавать; вести следствие.

Туьканахь хиллачу растратан зулам бухца ахка схьакхечира районам ОБХСС-н белхалой. 2. Выяснить чье-л. происхождение, его намерение. *Леча ваьлла бух ахка дагадеанера Висайтина.*

Бух боцуш. 1. Неизмеримая глубина чего-л. 2. Без основания, причины.

— Бежанаш долуш ду, цхьа мала а ца оьшу.— Хlета и хаамаш бух боцуш букх? — Бухь-бух мичхьа бу цара дуьйцучун! А. Айдамиров Ирхеш. 3. О бездомном; безродном. *И стаг бух боцуш ву.*

Буьйса дика хуьлда хьан. <...> Пожелание спокойного сна.

Хасар. Оссолом Iалайкум! Буьйса дика хилда хьан, Осма! Осма. Ва Iалайкум салам. Далла везийла хьо, Хасар. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Буьйса йилла. Согласиться на вступление в брак с кем-л., стать женой кого-л.

— Со маре яханчу буьйсанна тIера дIадоладо ас, пиалашна чу чай а доьттина, охьахиира Кемиса.— тIаьхьа-тIаьхьа, суо хьекъале мел йогIу, кIоргера ойла йо ас оцу дерригенан Султанна буьйса а йиллина тоьхначу хенахь, йиллинчу меттиге араелира со. А. Айдамиров. Ирхеш.

Буьйса йиллийта. Просить кого-л. стать женой.

Буьйсан кIел. Поздно вечером.

Буьйсанах кхо дакъа хиллачу хенахь. У с т. Очень поздно. К рассвету.

Буьйсанах кхо дакъа хиллачул тIаьхьа, Iуьйранна седарчий уьдучу заман чохь, Нур дашо можа малх кхеташ хьалха. Набарха велир, тов, цхьа таркхойн жима кIант.

Нохчийн халкъан фольклор. Таркхойн кIентан, жерочун кIентан, Жумин Акхтулин илли.

Буьйсанах ши дакъа хиллачу хенахь. У с т. В полночь.

Буьйсанах ши дакъа Хиллачу хенахь, говро со кхачийра Ванон цIа долчу. Х. Эдилов. Лаура.

Буьйсанна а дийнахь а // Буса а дийнахь а. Все время, постоянно, круглые сутки.

Буьйсанна а, дийнахь а къахьоьгура жалуша колхозан даьхний лардеш.

Ср. **Дийнахь а буса а**

Буьйсанна (буса) гIенах ма гарг. Пугающий своим безобразным, уродливым видом.

ТIе жимма маж яьлла йолу Шахьмудан горга юьхь дукха чам боцуш, ирча хетара. Буса гIенах ма гарг вара. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш (Банехь).

Буьйса юккъе яла [яьллачу хенахь]. В полночь. Ср. **Буьйсанах ши дакъа хиллачу хенахь.**

Буьйса юккъе ялале кхечира Яха ши дархо валош цIа. И. Эльсанов. Хелхаран мах.

Буьйцу (й, в, д.) ца хаззал. Выражение неподдельного удивления по поводу значительности чего-л.

— Тхо хIаллакьхилира буьйцу ца хаззал боккхачу нищкъа кIел, амма тхо гор эго, тхан коьртара куйнаш дего, тхан догIмех цхьана бекхамза шед хьакхо нищкъ а ца хилла, я хир а бац! А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Буьртиг а. /Цхьа буьртиг а. (Кто-л.). Очень некрасив, уродлив и т. п.

Бута еача санна <хьийза>. Р а з г. О крайнем возбуждении (бегать, метаться и т. п.).

Цхьа а им-вохьа доцу Iусман бута еача санна хьийзара кертахь.

Буьхьиг (бухь) баьккхина. 1. В большом количестве; в избытке и т. п. (обычно о куче) 2. Какое-л. дело завершилось.

Бэъ аьлла а. Р а з г. Совсем, абсолютно, совершенно (не знать, не понимать, не соображать, не разбираться и т. п.) — *Хьуна ккин хIун эр ду-м ца хаьа суна! Амма, бакъду, бэъ аьлла а суна хууш хIума-м дацара цунах лаьцна.*

БIаьрга бан [ган (й, в, д)] ца беза (й, в, д.). Совсем не хочется видеть кого-л, или чего-л., настолько противен, неприятен; противно, неприятно.

...БIаьрга дан ца дезачу цхьогалах хIинца шен дог Iабор ду-кх аьлла хетта борз, ког лаьттах ца кхеташ дIахьаьдира. М. Мусаев. ЦIен маьхьса. *...Цунна бIаьрга бан ца безара нохчий, ма-дарра аьлча, ур-атталла шен нана а тIехь.* Ш. Окуев. Юьхь. *Росси бIаьрга ган ца еза нохчийн, оьрсийн тIеман говзалла а. Кавказ а евза инарлий иза — кхиаме закъалт ду. ... — Ахь цIераш яьхначу къаьмнашна вовшийн бIаьрга дан ца деза.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

БIаьрга буй боьллина. Р а з г. Горько плакать. Бабаци. Я бIаьрга буй а боьллина Iнйр ю.

Бож-Iела: Яц, эла санна, Iийр ю. I.-Хь Хамидов. Бож-Iела.

БIаьрга ваха (й, д, б.). Оказаться под чьим-л. наблюдением, контролем, вниманием и т. п.

— Схьа а лаьцна, ахь леваькккхина, мел вониг а дикачех хьоьгуш, цхьа меттиг яьлча, хIуъу дан а лур долуш, амма вонна бага а, бIаьрга а ваханчу ша дарна, цуьнан хама ца хиларна а кхоьруш караво. М. Мусаев. Анзор.

БIаьрга [бIаьра] дуьхьал хIотта. Появляться перед кем-л.

Вонна бIаьрга дуьхьал хIотта веза муьлхха а стаг шен дахарехь, Веана бIаьрга дуьхьал хIоьттира суна Нурадди.

БIаьрган дуьхьал хьийза. Стремиться быть замеченным, привлекать к себе внимание.

Бlаьрган негlар а тухур дац. О человеке, не поддающемся чувству страха, умеющем преодолевать его; не боящемся опасности; неустрашимом. Ср. **Бlаьрга негlар ца тухуш.**

Шена тlе хlуъу деача а, бlаьрган негlар а тухур дацара Бай-Iелас.

Бlаьрган негlар ца тухуш. О смелом, храбром человеке, о человеке, не обращающем внимание ни на что.

— *Уьш бара хьуна, Шемала лелха аьлча, бlаьрганнегlар ца тухуш, сийначу цIерга а лелхар болуш, цунна муьтlахь.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

...Рогlехь лаьттачара маьхьарий хьоькхушехь, бlаьрган негlар ца тухуш, ондатран куй шен коьртахь нис а бина, таттавелла, лоьран кабинета чу вахара Iусман. С. Цугаев. Тlаккхахула а вола хьо. *Шен стака бага а доьттина, бlаьрган негlар ца тухуш, гарт-аьлла, цхьа къурд бина чекхъэккхийтира цо иза.* Ш. Окуев. Юьхь.

Бlаьрган негlар тухучу юккъехь (тохале) [заманна, юкъана сохьтана, минотана, секунда]. Очень быстро, скоро. Ср. **Элп алале; Суьлхьа доккхучу юкъана.**

Келимат йоьхна цкъа бlаьрган негlар тухучу заманна, юхаиккхира, тlаккха шийла мохь а аьлла, катоьхна Iусман схьаийцира нанас. С. Бадуев. Пхи туьма. *Шайх говрахь меттахъхьайра. Бlаьрган негlар тохале, говрашкара охьаиккхинчу шина мурдо, татанца четар а лоьлаш, говрара воссийра лоха стаг.* Х. Ошаев. Алун шераш. *И дерриге а хилира бlаьрган негlар тухучу сохьта.* С. Б. Арсанов. Маца девза доттагlалла. *Оцу бlаьрган негlар тухучу юкъанна Вахин юьхьа тlехула, моханаш кхоьхьуш, чекхделира кхаанна еккъал йоцург, ша динчу Рустамех, Малижех лечкъаш, шена а хьежош, хийла яаза юьжуш, дечунна ша кхоош, Забарас шайн кхабар-кхиор.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани. *Шен портфель чуьра бlаьрган негlар тохале шу кехат схьадаьккхира Руслана.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Бlаьрган хьесапца [тидамца, чоьтаца]. Примерно, приблизительно (о наглядном измерении чего-л.)

Бlаьрган хьесапца хlарацlа ялх метр деха хир ду.

Бlаьргара <хlума> дlаяьлча санна. Выражение удовлетворения по поводу чего-л. (обычно об облегчении после чего-л).

Курсани кертара араяьлча, бlаьргара хlума дlаяьлча санна хийтира Жалуна.

Бlаьрга сара кхетча санна. 1. Кто-л. испытывает чувство беспокойства, приходит в смятение. 2. Быть очень занятым, в постоянных хлопотах, заботах (иногда без видимых результатов).

Шемал бlаьрга сара кхетча санна хьийзара. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Бlаьрга сара кхетча санна, хьаьдда вогlуш я, толамах Iехавелла, сецахь со, оьгlазе я хастаме дош лере кхочу. А. Осмаев. Некъан хьехамаш.

Бlаьрга тlе бlаьрг богlий [хlоттийна]. 1. Прямо, открыто, обращаясь к кому-л.

2. Наедине, без свидетелей, без посторонних. Быть близко с кем-л., не бояться кого-л. Говорить к кому-л. без стыда, смятения и т. п.

1. *Бlаьрга тlе бlаьрг а боьгlна лаьттара ши стаг — беран бос а банза волу жимахий, гlеметта хlоьттина къонахий.* С. Курумова. Дохк. *Сутарби.* 1. *И цуьнан нана Бикату ма ю, бlаьрга тlе бlаьрг а хlоттийна, тоьшалла а дина, суьдехь со кlелвитинарг.* 1.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. 3. *Кlеда-довхачу...гlента охьахиъча, ловзаргахь гинчун цхьанна а юьхь дага ца йогlура цунна, уггар дагахь доллург — шех дика кхоьтуьйтуш, бlаьрга тlе бlаьрг боьгlна, хелха а яьлла, бад санна техкачу жерочун юьхь а.* И. Эльсанов. Шайтlанийн ловзар.

Бlаьрга ца ган. Совсем, никогда не видеть, не видать.

Бlаьргаш <а> **хьаббийна.** Р а з г. Безрассудно, не думая о последствиях (делать что-л.)

— Амма, со дlайигале хьалха регистраци ян сза вайшимма.— Бlаьргаш хьаббина а-м дера йийр ю! — Хlанхlа, бlаьргаш а хьаббийна йича цунах лечкъоргех ловзар хир ду. Тешаш а болуш ян еза. 1. Гайсултанов. Малика.

Бlаьргаш баьлла волчунна а хуур ду. 1. Очень плохо, никуда не годится. Может употребляться как выражение негодования, осуждения чьих-л. поступков, действий.

— Ой, бlаьргаш баьлла вара хьо? Ахьа лелориг вуьшта бlаьргаш баьлла волчунна а хуур ду-кх вон дуй!. Хьо муха ву?! 2. Каждый, любой может знать, делать, понять и т. п.. *Бакъду, бlаьргаш баьлла волчунна а хуур дара Шабас и Iуьйре тlекхаччалц шен хьуьнах ваха дезаран ойла йина цахилар.* Ш. Айсханов. Мао — хало.

Бlаьргаш баьлча санна. Ничуть, совершенно (не разбираться в чем-л.)

Бlаьргаш баьлча санна, ша мича гlур ву ца хууш, воьхна, ша волччехь вогlавелла лаьттара Эдалха.

Бlаьргаш довду. Кто-л. не может остановиться, сосредоточиться на чем-л. одном (от многообразия предметов, богатства впечатлений). Ср. **Бlаьрг тlехь ца соцуш.**

Бlаьргаш довдура Изаматан тукан чохь берийн ловзо хlуманашка хьоьжуш.

Бlаьргаш дуьхьал пардош тийса. Р а з г. Вводить в заблуждение, обманывать кого-л.

Иштта хабарш дуьйцуш, Бушна бlаьргаш дуьхьал пардош а туьйсуш, Дага шена къайлах молханаш леха велира. С. Бадуев. Дукханнах цхьаъ.

Бlаьргаш дlачlагlа. 1. Намеренно не замечать чего-л. важного значительного.

Шена ца оьшучунна бlаьргаш дlачlогlура Iабдуллас. 1. Скрывать от кого-л., что-л умалчивать о чем-л. 2. Умереть.

Бlаьргаш ирба [**ирбина хьажа**]. Внимательно, настойчиво, жадно смотреть на кого-л. или на что-л.

Чlогlа бlаьргаш ирбина, сутаре хьоьжура Молса хелха йолучу Хьасраэ.

Бlаьргаш къарзо [къарзийна хьажа]. Взглядом выражать чувство гнева, раздражения и т. п.

— Хьо стенна хьоьжу соьга бlаьргаш къарзийна, ас дина хlумма а дац!

Бlаьргаш лачкъо // Ши бlаьрг лачкъо. Избегать смотреть прямо в лицо кому-л., отворачиваться.

Цуьнга ца хьажа, шен бlаьргаш лачкъо гlертара Курбика.

Бlаьргаш мустбина. В слезах.

Нана елчхьана Зелина бlаьргаш мустбина лелара.

Бlаьргаш тlехь совцо//Бlаьрг тlе хlотто. Остановить свое внимание на ком-л., или на чем-л., не отрывая глаз.

И погонаш сел чlогlа лепахь а, царна тlе бlаьрг хlотто хала дара, царна юккъехь кхин къарза йиш йоцуш сел чlогlа къаьрзина Кулдевичин юьхь хиларна. С. Бадуев Цlеран арц. *Кху тlаьхьа яханчу гуьйренан сарахь тlехь бlаьрг соццуш къастош ю церан зезагийн хазалла.* З. Сусуев. Журналистан зезагаш.

Бlаьргаш хье тlе бала. Удивляться, выражать крайнее недоумение (иногда, притворное, неискреннее).

Цо иза аьлча, Руслан бlаьргаш хье тlе бевлла лийлира. Оццул ахча керак хаьчча бlаьргаш хье тlе белира Ботин. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Бlаьргашца вуста. (й, д, б). Пристально, как бы оценивая, оглядывать (кого-л., чего-л.)

Ларина бlаьргашца ша ца еша кеп хlоттийра хаза а, коча а йолчу Мадинас.

Бlаьргаш (бlаьрга) чу цlий хьаьвза [хьоду, дуссу и. дl. кх.]... — Кому-л. становится немило, противно (от кого-л. или чего-л.)

—Тахана кхийсарш йина аш вовшашна. Кхана хьан коьшкала а хиьна лелар ву иза, хьуна езаш йолу йоl а ловзош! Бlаьрга цlий доьссира Таймасханна, и дош шена хезча. Х. Ошаев, Цхьана колхозехь. *Аьрсмик. Дlаякккха иза шен бlаьргаш дуьхьалара, сан бlаьргаш чу цlий хьоду, иза лича, дlаякккха иза!* І-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий. *Хlетталц шайн шахьара бlо беъча·бlаьрга цlий хьаьвзачу мушахоша мара лелхаш тlеийцира уьш.*·А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.—*Бlаьрга цlий хьаьвза-кх, бероза нlаьнеш санна, къорза хlорш байча!* М. Мусаев. Дашо маха.

Бlаьргаш юккъера мара оьцур болуш. Разг. Кто-л. способен незаметно для кого-л., хотя и в непосредственной близости от него украсть, стащить и т. п. что-л.

— Хьуна хlун ду ца хууш, бlаьргаш юккъера мара а оьцур болуш эхь доцуш, чlогlа хlилла долуш яра Зулай.

Бlаьрга Iитта. Постоянно напоминать о чем-л.

Бlаьрга lоьттича пlелг гур боцуш. Совершенно не видно из-за темноты (о темной ночи).

Сийна тхов бина лаьттачу дитташна кlел lаьржа бода бара, бlаьрга lоьттича пlелг гур боцуш. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *lаьржачу буьйсано дlахьулбира хlорш. Ростован хlара шера аре ган а, кхуьнга дlасахьажа а таро яцара, бlаьрга lоьттича пlелг а гур боччу боданашкахь:* Я. Хасбулатов. ЦIеран некъаш.

Бlаьрг белла а. Даже на короткое время, настолько поспешно быстро и т. п.

Бlаьрг белла (дlабелла) (!). 1. Выражение, означающее: «Посмотри как следует, всмотрись!»

Лаьмнаш, бlаьрг белла, саьлхонца айалой, дуьнене хьовса. А. Арсанукаев. Заманийн аьзнаш. 2. Выводить кого-л. из заблуждения, делать что-л. понятным, ясным кому-л.

Серижа. ...Баркалла, Заза. Баркалла, дукхаяхарг. Кхетий, бlаьргаш билли ахь сан. М. Мусаев Революцин новкъа. *Хlаъ, къамел дан деза. Арслановца, важа вевза волччу кепара, дlабелла беза цуьнан ши бlаьрг.* Хь. Магомадов. Операци дlайолор ю сатосуш.

Бlаьрг белла ца вита (й, д, б). Очень быстро, поспешно заставить кого-л, делать что-л.

Цара хьовзийна, вуьшта, бlаьрг белла ца вуьтуш хелхаран гоне тесира Зеламха-Хьаьжа.

Бlаьрг белха. Плакать; кого-л. заставить плакать.

Жамалда (лаьттий). ...Ирлолахь, императоран дуьхьа хийла бlаьрг белхийна мисар-болат. М. Мусаев. Революцин новкъа.

Бlаьрг бетта [тоха]. Окидывать взором, обозревать. Направить взгляд, чтобы увидеть кого-что-л.

Кхунна (Бешар-моллина) дагаоьхура стаг велла а, цомгаш хилла а, мах бан, вола аьлла а шега кхайкха нах баьхкича, хийла ша цига а ца воьдуш, леррина Петlаматах бlаьрг бетта цlахь lер а, ишта ша цlахь а lийна, шена тlебогlу пайда эрна бар а. С. Бадуев. Петlамат. *Со дахарх заздаккха кхиъна вац, езачух бlаьрг тоьхна ваьлла вац. Ма-хетта барт аьлла, lаьбна вац, Даймехкан декхарха ваьлла вац.* М. Мамакаев. Зама. *Бlаьрг тоха беза меттигаш хьалхачул дукха яра.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Данчlас гонах бlаьрг бетта. Вац цхьа а гуш.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Ракеташ — лаьттахойн декъала верасаш — лакхенех летта, генарчу планетийн хlусамдайн дахаре бlаьрг тоха хьаьгна, уьш болчу хьошалгlа некъ юьхьарлаьцна.* I. Шайхиев. Адаман некъаш ду.

Бlаьрг богlа (боьгlна...). Пристально, внимательно, не отрываясь смотреть на кого-л. или на что-л. Зорко наблюдать, следить за кем-либо или за чем-либо.

Нехан хlуманна тlе бlаьрг цу шимма ца богlура. С. Курумова. Дохк. *Малхбузехьа гена-гена бlаьрг боьгlна наной мел lийн! Нана ю lаш, бохуш шена. Кlант кхочу, лардина сий.* А. Осмаев. Седа.

Бlаьрг боьлла. 1. Что-л. стало привычным для кого-л. 2. Заметно стало улучшаться, облегчаться и т. п.

И сурт бlаьрг боьлли ду, делахь а хlоразза цхьа ша тайпана дог доккхадеш, ойланаш гlиттайо цо. І. Гайсултанов. Хlор денна къонлуш ю Шела.

Бlаьрг буза. (Быть) кем-л. или чем-л. довольным, рад; обрадоваться. Импонировать; производить положительное впечатление на кого-л. или на что-л.

Бlаьхаллин декхар тlех дика кхочуш а дина, цlа вирзина, хlинца шайн совхозехь кхиамца къахьоьгуш ву церан ши кlант, ши комсомолец Ризванний, Русланний. Шиннах а бlаьрг буьзна куьйгалхойн. С.-А. Лорсанукаев. Салтичун маршалла. *Ломан некъахь адамах бlаьрг бузий, дог lаьржа хилча а, ларамаза lаламо цlанйинчу ойлано адаман дика а, вон а, лаамца лаам а, арадаькхина гlуллакх а лара вулий, агlора хьожуш тlех ца валало.* И. Эльсанов. Кlайн коч.

Бlаьрг бузийта <шех>. Удивить кого-л. чем-л., доставить кому-л. большое удовольствие, удовлетворение.

Чlогlа бlаьрг бузийтира Дунтlас шех цу тезетахь. І Мамакаев. Текхарг.

Бlаьрг бузий (бузе ...) Очень внимательно, пристально, стараясь ничего не пропустить, не оставить незамеченным.

Бlаьрг бузий Дакаше хьожу цlарна а цlе яхана майра lаба. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Бlаьрг бузуш. Что-л. прекрасно, качественно хорошее во всех отношениях; тем самым вызывающее удивление, восхищение, доставляющее удовольствие, удовлетворение.

— *Хlара ду хьуна гlуллакъ! Нисделла гlанташ, стоьлаш! Управляющи ишшта хила а веза. Бlаьрг бузуш-м ю кабинет,— ца соцуш лоьра еана зуда.* І. Гайсултанов. Іаьржа портфель.

Бlаьргех суйнаш тасийта. Кто-л. ощутил такую острую боль от удара по голове, что в глазах зарябило.

Бlаьргех хи сецна. Кто-л. перестал плакать.

— *Со-м хlинцца яьллий хlо тlедеанчу вонна бlаьргех хи сецна.*

Бlаьрг кхета. (Обычно случайно, неожиданно, на короткий миг) обратить на кого-л. или что-л. внимание; заметить что-л...

Дукха гена валале дехьуо бодашкахь цхьана серлонах бlаьрг кхийтира цуьнан. І. Мамакаев. Винчу юьрта. *Цlеххьашха бlаьрг кхийтира Зармин шен стуншича а, цуьнан доттагl Чlиркъа а шайн шайн кех чу воьдуш.* Н. Музаев. Мур. *Кхано цlехьана самаваьллачу цуьнан бlаьрг кхетта, нехаш юххехь йоллучу кlайчу «хьакхех».* І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Хlунда вийнахь со?»).

Вогlург, жlаьлех бlаьрг кхетта, сецира. И. Эльсанов. Ал-Ахьмад.

Бlаьрг лаца. Разг. В суеверных представлениях: повредить кому-л. дурным глазом, неодобрительным взглядом. Ср. **Бlаьрг хила.**

Бlаьрг хилар бакъ делахь, цхьа а хьо воцург, со бlаьрг лацийта йиш яц стаг гайта. Х. Эдилов. Сийлаха. —*Варийлахь, адаман бlаьрг лаца а, бахьанаш бовза а хаалахь. Хьан дех дисинчу цунах хьоьгу хьуна мама.* М. Мусаев. Дашо маха.

Бlаьрг ма-кхийтти [ма-тоьхха]. Судя по внешнему виду, судя по первому взгляду, знакомству.

Дикина, нора тlе бlаьрг ма-кхийтта, хиира, Iусман велла Iуьллийла, хlард мелламаша цунна улло вахара. С. Бадуев. Пхи туьма. *Иштта ойланаш еш Медина Iаш, чувеара Бексолта. Бlаьрг ма-тоьхханехь хиира зудчунна, цхьаьна хlуманна реза воцуш и вусавелла веанийла.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Бlаьрг ма-тоьхна. См. **Бlаьрг ма-кхийтти.**

Бlаьрг ма хила (ма хуьлда)! Выражение восторга, радости (по поводу качества чего-л). Выражение может употребляться как прекрасная оценка характеристики кого-л. или как пожелание удачи, чтобы не «сглазить».

Бикату: Бlаьрг ма хила, сан кlант, хьуна. I.-Хь. Хамидов. Тlам сийна кхокха. — *Ватта, ас лелориг. Хи а дахьаш, хlинций-хlинций со дlакхочу бохуш, Iа хир бу сан накъостий. Эхl, лен а яьлла йицъели-кх со. Хlа, со дlайоьду. Вуьшта, Маржан, сайниг каде а хьаьвзина Маликагlара байракх дlаяккхахь суна хала-м хетар дац хьуна! — элира цо, дlа а йолалуш.— Цlахь бехкаш ма дахалахь! — хьовзийра Маржана Жанати.— Бlаьрг ма хуьлда сан цунна,— елаелира Жанати.* I. Гайсултанов. Малика.

Бlаьрг мел тоьхначохь. Везде, всюду. Ср. **Ког мег баькхинчохь.**

Бlаьрг мел тоьхначохь сенъелла, зазадоккхуш йолу бlаьсте гора.

Бlаьрго лоцехь. Доступное зрению, в поле внимания, обзора.

Меллаша хьалатаьIира Анзор. Тийна дlаса хьаьжира. Яцара Эльвира бlаьрго лоцехь. М. Мусаев. Анзор.

Бlаьрго ма-лоццу (мел лоцу). В какой степени доступно зрению, как далеко можно видеть.

Амма Жунидана гонах бlаьрго схьа ма-лоццу Iуьллучу лаьтта тlе трактор ма шайн ницкъаца, Iаьржачу хьагlанна тlехь санна, шена тlехь ши бос лепаш йолу Iаьржа шаршу оьзнера. С. Бадуев. Тракторхо Жунид. *Кхузара дlахьаьжча бlаьрго мел лоцу а гуш дара нохчийн къоьжа, баш-лекхо лаьмнаш, бlаьстенан зазано кечийна церан хаза басенаш.* Ш. Окуев. Юьхь. Йоккхачу гIовгIанца цо гIатточу чено мокха дохк хIоттадо бlаьрго ма-лоццу. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Ткъа со волчохь, бlаьрго ма-лоццу шера аре ю, мел некъ барх а анаюха а ца кхочу.* I. Шайхиев. Яьссин къоналла. Бlаьрго схьа ма-лоццу геналлехь сийна, хьалха цкъа а ца гина меттигаш гора. Ш. Рашидов. Даймехкан некъашна. *Iад санна, дуьйлина хlавао мерзаш, бlаьрго ма-лоццу дlа* баьржина мохк. Хь. Сайдуллаев. Бам. *Малх,*

селхана санна, хьийкъина, цIийбелла, бIаьрго ма-лоццу шуьйрачу аренан йистах, яьссачу тийналле чу карча боллуш бу. И. Эльсанов. Малх чубузуш.

БIаьрг тоха. Посмотреть, любоваться.

Ракеташ — лаьттахойн декъала верасаш — лаккенех летта, генарчу планетийн хIусамдайн дахаре бIаьрг тоха хьаьгна, уьш болчу хьошалгIа некъ юьхьар лаьцна. I. Шайхиев. Адаман некъаш ду. Ср. **БIаьрг кхета.**

БIаьрг тохале. Очень быстро, моментально, вмиг.

— Цо и зуламе нал бIаьрг тохале шен маж хьарчийна лоцур ю!

Н. Музаев. Мур.

БIаьрг тIера баккха. Уничтожить, устранить то, что может служить уликой в чем-л.

БIаьрг тIера ца баккха [ца тило].

1. Пристально, внимательно смотреть на кого-л. или на что-л.

БIаьрг тIера ца боккхуш, хьуьйсура нах Адам хелха волуш.

2. Внимательно следить за кем-л. или чем-л. *БIаьрг тIера ца боккхуш леладора цо гIишлош йогIаран гIуллакх. Партизанех цхьаберш гIаролан гIуллакхехь бара: тIера бIаьрг ца тилош, шайна хьалхара аре ларъеш, цунна тIе ког левзинарг тоьпийн, пулеметийн цIарца цестина охьавилла кечбелла.* М. Мамакаев. Революции мурд. Ср. ант. **БIаьрг тIера баккха.**

БIаьрг тIехь соцуш // БIаьрг шена тIе озош. Вызывающий к себе интерес, заинтересовывающий какими-л. свойствами. качествами.

Къаиме йогIучу хенахь ша цул пхи шо йоккха хиллехь а, амма хIетахь маре яхана, тоьлла, гIеметта хIоьттина массеран а бIаьрг тIехь соцуш, хаза а, кулце а зуда яра Тамуса. ...Чекх сагучу, кIайчу кирхьана тIехьа, тIеюьйхина кIайн полша а, юкъах дихкина дешин варкъ даькккхина доьхка а, коьрта тиллина тикманашца кечйина кIайн шипон а, когахь туфлеш а йолуш дIахIоьттина къона нускал хаза а, адаман бIаьрг шена тIе озош а хуьлу. А. Айдамиров. Ирхеш.

БIаьрг хила. По суеверным представлениям, взгляд недоброжелательного человека, приносит несчастье, причиняет вред.

— Хеста ма е, бIаьрг хуьлуьйтур ахьа,— елакъежира Василиса. Ш. Окуев. Юьхь.

БIаьрхиш ледо [лего]. Плакать.

ХIинца-м арз дан, бIаьрхиш ледо йолалур яра хIара, бохуш, гIадваханера Лоьма, деган сонехь хьехархочуьнах ийзавалар а долуш. I. Гайсултанов. Тешаме дottагI. *Цул тIаьхьа шен бIаьргаш лаьтта охьа а хьовсийна даккхийчу тIадамашца бIаьрхиш лего йолаелира важа.* Ш. Окуев. Юьхь.

БIаьрг ца баккхало. Кто-л. Очень внимательно, пристально смотрит на кого-л. или на что-л.

Бlаьрг ца кхардо. Не стать объектом всеобщего внимания, порицания и т. п. *Буьйса юккъе ялале кхечира Яха ши дархо валош цIа. Бодаша нехан бIаьрг ца кхардабора кхарах.* И. Эльсанов. Хелхаран мах. Ср. ант. **Бlаьрг кхардо.**

Бlаьрг таlо. Сделать знак, стремясь обратить внимание и т. п.

Бlаьlашка яханчу вирал башха. Оборот из поговорки. Безразлично кому-л., никак не действует на кого-л.

— Бакъ ма ду и оцу баьlашка яханчу вирал башха кхин бен ма ца хийтира цунна ша Удди лазавар.

Бlе дуза. Р а з г. Об удаче; везении. Так, как должно быть, хорошо, благополучно (получиться и т. п.); везти.

Шабашкехь шена ма-хетта шай-кай хилла цкъа хlокху сохьтана бlе дуьзна лехара Увайс

/Бlеозза дийца. Бlозза дийца//Бlозза ала//Много раз объяснять одно и то же.

Бlе хlетта. Испытывать большую радость, наслаждение, счастье. Фразеологизм связан с понятием «сто», исстари бытующим в чеченском языке (в фольклоре) как символ полного счастья, предела желаний. Ср. **Ворхl дуза. Исс дуза. Ткъе кхоъ дуза и т. д.**

Дика шена ресторанехь са а къийрина, бlе хlоьттина цIа вогlура Ибрахlим.

Бlе шерал дахделла. Очень долго. О затянувшемся времени.

Бlе яккха. Немного выпить.

Шена гlехьчул бlе яьккхина, цо тоъал кеп йина самукъа даьлла лаьттара «Минуткехь» Чана.

Бlиллиг (биллиг) дилла. Победить в спортивном соревновании на первенство, побить рекорд.— *Хьан Бадис биллиг дуьллур ду Супьянна.* I. Гайсултанов. Малика.

Бlов баха. Обманывать, создавать ложное впечатление о себе у кого-л., представить свое положение (состояние, силу, смелость) в более выгодном свете, чем это есть на самом деле, таким образом вызывающе угрожать кому-л.

Бохамаш тIе таьlча, данне а гlора дац, хlетте а «бlов» боху ша дохк хьаьддачохь. Хь. Сатуев. БIов.

Бlокъажор боцуш (доцуш). Смело, не боясь.

Арсанов: Хьо кхералуш а, lожаллина бlокъажор боцуш ву-кх со. I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш. *Шелонах, мацаллех бlокъажор доцуш, эшийра вай lожалла халонаш отуш.* Р. Ахматова. Партала.

Ср. **Бlо ца бола (боьлла).**

Бlоржамаш санна. О больших, пышных усах.

Бlоржамаш санна, доккха цlеста ши мехк долуш нуц веано хилла стунцахошна Х. Ошаев. Стунйижарша нуц хьовзор.

Бlо ца бола (боьлла). Не осмелиться делать что-л., не решаться и т. п.

Соболевс дош дийхира. Цкъа а ишттачу меттигехь къамел дина а воцуш, хала дара цунна. Шех хlинца а бlо ца булура. I. Ахмадов. Тешнабехк. *Хlара ккхузахь вуйла хиъна веанчу цхьана доттагlчо, нуьцкъах шен хlусаме вигира иза. Гуттар чlогlа бехкаш а даьхна. Гlалахь ша а волуш, гостиницехь хlунда сецна, шех а, шен доьзалх бlо ца боьлла lийра хьо, бохуш.* А. Айдамиров. Ирхеш.

В

Ва аьлла. Сразу, немедленно (не получается, не идет и т. п. о чем-л., не соглашается о ком-л.)

Вагийча санна (й, б, д.) Очень быстро, поспешно (бегать).

Ва дадарг яl. См. **Я дадаларг яl.**

— Чlинхара бlагlар веана вайна хилдехьарошца цхьаьна. Гуьржера лачкъийна говраш а ялош. Ва дадаларг яl, ма нисбелла дин бу-кха царна юкъахь! Ш. Окуев. Юьхь.

Ва дела (дера) аьлла. Хоть как, никаким образом и т. п.

Ва-дела аьлла, со хаал хилчхьана дуьйна цхьаъ вукхунна тlе боьлхуш, баланаш бара суна тlе lенаш. А. Айдамиров. Кlант веллачу дийнахь.

Ва елла (в, д.) яла (в, д.) <со...> Выражение неодобрения, недовольства и т. п. (в адрес кого-л.)

— Ва-хьо-хьахьа! Ва елла яла со, оцу беро сьога дуьйцург! И ма къена а ву, ва нах! — мохь хазабора Хьасипата. Ш. Окуев. Юьхь.

Важап дан. Уст. Делать что-л. после смерти кого-л. общественным или ничьим (обычно о земле) достоянием.

Вай вечче ма догlийла. Выражение негодования, возмущения, отвращения.

Лайлаъ: Вай вечче ма догlийла хlара саннарг. Човка: Хlунда бах ахь? Лайлаъ: Дера бу хlара шийла кхаъ. М. Мусаев. Теркан тулгlенаш. *Вай вечче ма хlуттийла хlоьттина сурт набарх а, и-м самах дарий-ц!* С. Курумова. Ца йинчу ненан хlусамехь.

Вай дела! Восклицание удивления, боли и т. п.

Вай делча а дуьсур ду <хlара> дуьне [латта]. Разг. Выражение решимости, твердости, непоколебимости что-л. сделать.

— Вай делча а, дуьсур ду хIара дуьне, цундела ша къерахь, хаза нехан санна, сакъера деза тхьога.

Вай делча, денлур дац <...> Разг. Выражение решимости на риск.

Вай делча, денлур дац, къанделча, къонлур дац. Вай динчу наноша вай духа дийриг дац, маршонца ца биъна безам вайн мерза бац, Ша висча, лахьти чохь и биънарг стаг ма вац. Ч. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь.

Вай дуьненахь а <**стиглахь**>. // **Дуьненахь а.** Ни за что, ни при каких обстоятельствах. Выражение успешного отказа, отрицания чего-л.

— Ча яц и-и? — элира ша-шега йолаа. Юха кIегаръелира йоI. Дуьненахь а, чуян ца тигира «ча». С. Курумова. Дохк.

Вайн везачун ма хиларг [ма гариг]. Неприятный, несимпатичный; не вызывающий к себе расположения. О ком-л. или чем-л. Выражение предупреждения, предостережения от кого-л. или о нежелательности, недопустимости чего-л.

Кхунах а пайде накъост, я вайн везачунна ма гарг хила тарло. Н. Музаев. Мур.

Вайн воккха дела! Выражение, выражающее удивление, изумление, восторг; досаду; негодование.

Вайн воккха дела! Ма доккха хIума ду-кх кхузахь говраша динарг!

Вайн <**дагна**> **ма гарг.** Что-л. неприятное, ужасное, страшное. (картина, вид, обстановка и т. д.

— Вайн дагна ма гарг! Йоккха IалагIожа яькхинера бераша ловзуш цу чохь.

Вайн делор // <**Вайн**> **делан везалор** // **Вайн везалор.** Клятвенное заверение в чем-л. Верно, правда. Употребляется для выражения уверения в истинности чего-л.

Моллин-кад: ХIай-хIай. Вайн делор, суна ишта мотта а ма моьттура. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш! — *Вайн делан возалор, кхузарчу адамаша дика гIиллакх ма лелий вайца.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Вайн лаьттор // **Iаьржачу лаьттор.** Клятвенное заверение в чем-л.

— Вайн лаьттор бакъ ма ду ас хьога дуьйцург! — ша бохуччунна тIера ца йолура Тамбот.

Вайн стиглор. Клятвенное заверение в чем-л. Выражение по происхождению связано с первобытной религией.

— Вайн стиглор хьо тховса урокаш ца еш ловза гIахь мегар дац хьуна,— элира нанас кIанте.

Вала а, вола а меттиг <**йоцуш**>. Лишить кого-л. самого необходимого; поставить кого-л. в безвыходное положение.

— ДIа мукъана ялахь новкъара! — човхийра Раяс йоьхна лаьтта Васса, цуьнан когашна тIехула и девзиг тухуш.— Доккха хIума ду, вуьшта а кху готта цIа чохь вала а вола а меттиг йоцуш вай Iаш... аша динарг. М. Исаева. Ирсан орам.

Вала а вола а ца <вита (й, д, б.)>. Оказаться в безвыходном положении; лишиться самого необходимого и т. п. Постоянными нападками, неотступными преследованиями причинять кому-л. неприятности, страдания.

— *Вала а, вола а ца вуьту-кх. Массо а соьца гома бу.* В. Матиев. Мокхазан дог.

Вала а волуш (й, д, б.) Только по крайней необходимости. *Вала а волуш ца вахара Махаш больнице: лазар тlаьхь-тlаьхьа марса долура.*

Вала а (й, д, б.), вола меттиг байа. Ставить кого-л в безвыходное, затруднительное положение.

Вала-вола меттиг байина хьийзавора чуьркаша, сарахь араваьлча.

Вала гlерта. Р а з г. Делать что-л. напряженно, с большим усилием, с полной отдачей сил и т. п. Как ирония: зачем убивать себя:

Вала гlерта ма ца оьшу цlенош дуглуш, са а долуш, ара а волуш догlа деза.

Вала <ван> хьовза. Назойливыми просьбами к кому-л. вынудить кого-л. что-л. делать; просить настоятельно, горячо, страстно, чтобы склонить к чему-л.

Цlерпоштанна а тlаьхьавуьсу ша, шофер а сиха ву, аьлла, вала-ван хьаьвзира Буян. М. Мусаев. Анзор.

Вала да. Кто-л., кто может помочь в чем-л. См. ант. **Вала да вац.** *Цуьнан вала да ву, хьан вала да вац.*

Вала де ду Как так можно. Как так можно? Выражение резко осуждающего, отрицательного отношения к поступкам и действиям кого-л.

Тlаккха хелхабуьйлучарна тlе хьаьдда, дуьхьал гlаж тесна, йоl саца а йина, мохь туьйхира жухарго: — Хlокху йоьlан вала да вуй? В. Матиев. Мокхазан дог.

Вала де долуш [дагахь] вац. Р а з г. О долголетнем человеке. Хьаьмдан 96 шо кхаьчча, хlинца а вала дагахь вац.

Вала де. 1. Постыдное, унизительное положение, бесчестие, позор и т. п.

— *Ваьшшинна тlе хlоьттича и бен бохор вала де, йоккха юьхьlаьржо ю. Цундела ас доьху хьо, Анзор, ламаз-марха долор, эльхам-бисмалла даккхар... Кlантана хетарг хаза сецира Хизар, дакъаделлачу куьйгаца мело маж а шоръеш.* М. Мусаев. Анзор.

2. Очень большой порок.

Вала де дан. Р а з г. Натворить что-л, неприятное; страшное.

Меллаша Жумин лере а таьlна, гlоргlа шабарш дира цо: — Вала де дин ахьа! Сихха дlавала кхузара. Н. Музаев Бlарлагlийн тоба.

Валанза дийна ву. Есть живой свидетель.

Вала хlоьттина <къахьега>. Прилагая все усилия, с полной отдачей сил (делать что-л.).

И самукъадаккхар, Iабдул-Бакъина хетарехь, бIаьстенан юьххьехь дуьйна Iаьнан шело тIекхаччилц вала хIоьттина къа а хьоьгуш буьйсанаш текхар а дара. М. Ахмадов. Деса бIар.

Вала хIума ду. Непростительный проступок; очень большой порок.

— Вала хIума ду ахь динарг! Хьуна хIунда ца хаара пачхьалкхан хIума лачкъо мегар доцийла?

Вала юкъ йиххина. 1. Ожесточенно, беспощадно, не щадя своей жизни, сил и т. п.

Вала юкъ йиххина леташ вара тIом тIехь массо а бIаьхо.

Жестокая, до решительного исхода, борьба, сражение и т. п.; работа. Очень сильно (враждовать, ругать и т. п.).

ВаллахIа Iазим (Iазмор) // Валлахl ва биллахь // ВаллахIи — биллахIи // Валлахь делор // ВаллахIи дер. Честно, правда. Употребляется для выражения уверения в истинности чего-л.

Шега шайх Шедида и къамел дича, Дикас и пхи туьма шена ца дитина аьлла, Бахьала хIумма а шек вацара, хIара ша-шега: «ВаллахIа Iазим, хьуна нехан къайле ха-ам хаьа, хьуо шайх хиларе терра», — олуш, меллаша ара а ваьлла, лаьех охьа а воьссина, кех велира. С. Бадуев. Пхи туьма. *— Ца лаьийца шуна изца? — велавелла єоккха стаг. — ВаллахIи Iазмор тIе а детталуш оьцур ма яра аш соьгара къочалла, и асар шайн сарралц куьйгашца дан дезаш хилча...* Х. Ошаев. Къоналла юхкург. *— ВаллахIи Iазмор, Ваши, суо мосуз воьду хьо реза хирриг ван нигат ма до ас.* М. Мусаев. Анзор. *ВаллахIи, биллахIи яра ас иза, шен лаамехь хьоьга ца еача докъан полла бина ядор! Ледара къонахий дац хьуна вай-м!* 1. Гайсултанов. Iаьржа портфель. *Даьдиса хIо кIентан делаI! — тIевахана, Ахьмад маракъевлира Iелас. — ВаллахI ва биллахI ву кIант-м хIинцца пхийттара ваьлча санна каде!* А. Айдамиров. Маршонан цIарах. *Аьстамаран гIевлангахь еса доьшуш Iан къена молла: «Дала геч дойла хьуна, Аьстамар, валлахIи дер, вацара хьо дукха вон кIант-х», — аьлла, меллаша хьалагIаьттира.* С. Бадуев. Зайнап. *— ВаллахIи-биллахIи, цаца бийр ма бу ас хьох, ахь дуьхьало яхь!* 1. Гайсултанов. Малика. *— ВаллахI-биллахI карор ю-кх, сурт санна хазаниг а, диканиг а-м.* В. Матиев. Мокхазан дог.

Варе-варе. Выражение, означающее: «Смо ри! Осторожно!» и т. п.

— Iадсаламе ма аьллера ас, варе-варе кIорга ахалахь. Цо ца дина-кх иза... Х. Ошаев. Цхьана колхозехь..

1. **Васхал вала (й, д, б).** Разг. Занимать ведущее место, господствующее положение. *Балха тIехь СаьIид васхал ваьлла ву.* 2. Подвергать себя излишнему риску, опасности (при каких-либо высотах, подъемах и т. п.) *— Васхал ма вала, — дийхира Хесас, — лазор ву хьо! — тоьшалла дира цо.* С. Курумова. Дохк.

Ватталхьан (вотталхьан) олуш, шена кхоллуш. Разг. Употребляется для выражения соблюдения спокойствия, порядка, ритма и т. п. Не спеши.

— Же, диканиг, схьакхайкхал цу дуьне дааре!.. — Ватталхьан олуш, шена кхоллуш, хIокху сохьта. М. Мусаев. ЦIен маьхьси. *Чоьнтиг: ...Кхин ас къамелаш*

дан бакъахьа хеташ нах буй хьан? Дика ду. Вотталхьан олуш, шена кхоллуш! Х. Ошаев, Ахьмархьаьжа. *Даккхийша, Ваха, Фаразий, Элбердий хелха.— Ватталхьан олуш, шена кхоллуш! Хlокху сохьта, мама...* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.

Ватта хlеллига (хlеллигни)! Выражение, восклицания, удивления, изумления.

— Ватта хlеллига! Цхьа элп язда а, деша а ца хуьчу ас муха кхетор ву хlинцале а оьрсийн мотт-йозанах хlумнаш девзу хьо? Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Нана цецъяьллера.— Ватта хlеллига! Дера хир дац цу тlе ишта яздина-м. Иштаниг яздо газета тlе?* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.— *Ватта, хlеллигни! — инзаръелира нана.— Зуда ма яц хьо? — оьгlазъяхара иза.* С. Курумова. Дохк.

Ватlа воллу <верстина>. О полном человеке.

Ватlа санна. Очень громко (кричать, орать и т. п.). Ср. **Гай ятlа санна.**

Лергаш къардеш. Ша ватlа санна мохь хьоькхуш воьлхура аганара Салман.

Ваха-вола меттиг яйа (байа). Поставить кого-л. в крайне затруднительное, тяжелое, безвыходное положение.

Ваха-вола меттиг байина хьийзавора Анзор, нанас зуда ялае бохуш.

Ваха меттиг бац (яц) Негде провести время, нечем заниматься, заполнить время.

Сарахь ваха меттиг боцуш цlахь lара Хьусейн.

Вахана ваьлла (й, д, б.) 1. Кто-л. пропал во всех отношениях, стал неспособным в чем-л. 2. Наступает конец чему-л. (о жизни, карьере и т. п.)

Ма вийцахьа Хизар, зуда ялийтархьана вахана ваьлла стаг ву иза. 2. *Цуьнан метта Абузар вахийтина, ткъа важа — Ахьмад — вахана велира.*

Вахарна (й, д, б) вукъвелла (й, д, б.). Кто-л. очень богато живет.

Ткъа, ша цу мисканийн хьокъехь цlенош дира, верстира, вахарна вукъвелира, М. Мусаев. Анзор.

Ваха хаа. 1. Наладить жизнь, организовать благоприятные условия, найти место и т. п. 2. Обосноваться.

Ваха хао. Наладить чью-л. жизнь, организовать кому-л. хорошие условия в жизни и т. п.

Шина тоьпо со ваха хаор ву, къоьлла а кочара ер ю суна. Ш. Окуев. Юьхь

Ваша валарг дан. Затеять что-л. сложное, хлопотное, неприятное. Ср. **Вала де дан.**

— Машен хохку ша аьлла, эцца цхьа ваша валарг дина Вахарсолтас.

Ваша ватlа (вала хьо белхан; хьан.)! Разг. Выражение удивления, возмущения, негодования и т. п.

— Ой, ваша вала аш дуьйцучун! — елаелира Айза. Хlинца шуьшинна хелхаяла меттиг хилийта зудчух, берех вала веза-кха нехан стаг. Н. Музаев. Мур.

Борз. Хьайна луъург де! Суна пхьагалан жижиг деза! Цхьогал. (ша-шега). Ваша ватlа хьан, и ца дезаш-м со а дац. I. Гайсултанов. Харцахьарниг.— Солса,— *ахка а вистхилира Беслан, вайша охьа муха вуссур ву?*

— Суна хlун хаьа? — Ваша ватlа хьо белхан! — воьхна хьаьвзира иза,— хьо вац хlара двигатель хlокху тlе йоьллинарг! Ж. Махмаев. Со космосе муха вахара.

Ваша [йиша] ца хилар кхоам бу. Кто-л. совершенно, точь-в-точь похоже на кого-л.

— Ала хlума доцуш ваша-йиша ца хилар кхоам болуш, оццул вовшех тера ду Мадар а, Селехьат а.

Ваша ма дека [ека, вала] <**цу къамелан, гlуллакхан**>. Р а з г. Выражение удивления. Ср. **Ваша ватlа [вала <хьо белхан: хьан...>**

Моллин-Кад: «Ваша ма дека ахь суна далийна нускал», бах ас... Х. Ошаев. Некъ жlараболуш.— *Ваша ма ека хlокху гlуллакхан! Хьо вар-кх ас лоьхург. Ас «парт» аьлла са доккхур дар-кх хьан,— олуш, зудчо цlийндена хьалха топ тоьхна, когаш юххера латта хьала а кхуссуш.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Обарг валар»).

Бож-Iела: Ваша ма дека цу къамелан! Шина эмгаро оьзначу аттера даькккхина даьтта лерга доттийта мила ваьхьар ву?... Бож-Iела: Э-хlай, ваша вала цу къамелан! Алапа кlезга муха ца хуьлу, хьо итт шарна доглург хьалххе схьа а эцна, дlавахана хилча? I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. Ахьмархьаьжа: *Кхуъурниг, сан зуда Бакарбика — Зелиматаглеран комара тlера чукхийти-кх! Ца кхии со и схьалаца... Шу чохь Iелаш... (Араэккха) Кlожум: Ваша ма дека кху гlуллакхан! И хlун ду?* Х. Ошаев Махьмархьаьжа.

— Ваша ма дека цу къамелан, хlун ду, вешина тlара тоьхча хlун дийр дара ахь бохург? I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш! («Юха декхна тlара тохар».).

Вашшай-валлай (!) Р а з г. Выражение удивления, досады (о случившейся неприятности)

— Вашшай-валлай! Хlара хlун ду хlо чохь дерг? Вуьшта, хьерадаьлла жlаьла доглур дац кху чу,— лен елира нана. Ср. **Вашша-вала!** Вашша-вала ахь динчун!

Ваьлла (й, д, б) лела. Путешествовать; прогуливаться.

Шен ваьлла лелар, кхелхина лелар чекхдолуш лаьтташ санна, ...хетара цунна. С.-Б. Арсанов, Маца девза доттаглалла. Ас санна, ах-улх юьртара бархl класс чекх а яьккхина, цхьанхьа а воцуш, ваьлла лелара изи. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.

Ваьлла орам. У с т. Происхождение.

Ваьлча <а> воьлча <а> ца вита. Как бы ни старался кто-л. (уйти, убежать, увильнуть) требовать от него что-л., заставить делать что-л. и т. д. и т. п.

Тlаккха карзахвелира Хеса. Ваьлча а, воьлча а ца вуьтуш хьовзийра цо кlант. ...Ваьлча а, воьлча а ца вуьтуш шад хьаькхира цо цунна. С. Курумова. Дохк.

Ваьшта дар. 1. Прийти в порядок, в нормальное состояние. 2. Прийти в себя, поправиться от плохого состояния.

Ваьштта дан. Делать что-л. подряд, одно за другим.

Везан дела // Везин дела, воккха дела! Выражение, выражающее различные чувства (недоумение, огорчение, испуг и т. п.)

— *Везан дела, ма доккха хIума ду-кха ахьа суна тIекхачийнарг а, соьгахь латтош дерг а!* Ш. Окуев. Юьхь. *Сану: Везин дела, воккха дела! Элчий, асхьабаш, ларде тхо балех. Ва стаг, хIун ду ахь лелориг? Массо а хIаллакван воллу-кх хьо.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Векхачуьра (й, д, б.) вала (й, д, б.). Разг. Стать самостоятельным, уйти от иждивения кого-л.

— *Хьан хенарнаш тоххара шайна бевла, ткъа хьо хIинца дех-ненах векхачуьра а ца ваьлла!*

Векъ (веккъа) ваькkхина (й, д, б.), Совершенно, очень сильно (похож, схож и т. п.) О ком-л. Векъ-ваькkхина ша **ма-варра** шен да вара Къосум.

Велахь <а> вацахь <а> (й, д, б.). Как бы то ни было. Буквально означает: «было не было», «был не был».

— *Велахь а, вацахь а ша комаьрша а, дика а къонаха хиларан сурт хIиттадора Тохтаро.* Н. Музаев. Мур.

Велла а дийна а. Во что бы то ни стало, обязательно (делать что-л.)

— *Велла а, дийна а хIара ас дIадолийна гIуллакх чекхдаккха дезаш ву со хIонекъехь.*

Велла (й, д, б.) а, дийна а воцуш (й, д, б.). В полумертвом состоянии.

Буьйсанна, велла а, дийна а воцуш, изттIачу мундираца Воронцовна тIе веанчу Клюгенаус хаам бира, шен цхьа эзар ворхI бIе салтий, эпсар вийна, цаьрца байина Пассек, Викторов юккъехь; ша цкъа кхолла сухар ца еана, аьлла. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Велла (й, д, б.) ваккхарг (й, д, б.). Разг. Форма пренебрежительного обращения к кому-л.

Аса а йинера, юьрте а еш, шайн шина шинарех цхьанна контрактаци, сайн зуда Сатеха: «Ма е, хьо велла ваккхарг, и контракташ»,— бохуш, тIеетталушшехь. С. Бадуев. Контрактаци.

Велла (й, д, б) вала (й, д, б.) со [хьо, и...] <делаI>. Выражение удивления, недоумения, изумления. 2. Выражение разочарования, досады.

Бикатус хьоькху мохь а хезаш, Арсанакъа чIогIа воьхна лаьттара: — ЭхIей, велла вала со делаI-кх, велла вала со делаI-кх,— бохуш, шен хебна юьхь шуьйра а къарзийна. С. Бадуев. Iадат.— Велла вала хьо, Хеса! Долийнарг чекхдоккхуш IедаI ду-кв хьан... Схьакховдае хьайн меже! С. Курумова. Дохк. — *Веллавала со*

делаI, уггар хьалха хатта везарг вицвина Iеш ву-кх со! А. Айдамиров. Еха буьйсаниш.— *Велла вала со! Дала муха догIур дац.* I. Дадашев. Дуьххьара.

Велла а дийна а. Несмотря ни на какие трудности.

Велла а дийна а воцуш. Сильно перепуган.

Велла (й, д, б.) дIаваллалц (й, д, б.), До конца жизни, никогда больше.

Сайбат. ...Хьо велла дIаваллалц суна и тайпа кеп яло ма гIорталахь. I.-Хь. Хамидов. *Мохсолтин доьхна де. Кемсаш ца кхоллуш иза яларна кхоьрура Соип. ТIаккха, ша велла дIаваллалц дагахьбаллам хир бу цунна.* А. Айдамиров. Еха буьйсаниш.

Велла (й, д, б.) шех дакъа хиларх//Вен а вийна (й, д, б.) исс дакъа дарх, хиларх и дI. кх. Категорический отказ кого-л. в чем-л. Ни при каких условиях, ни при каких обстоятельствах.

Велла исс дакъа хиларх, хьоьга Санет йоуьйтур йолуш вац церан да.— Со вен а вийна исс дакъа дарх и ца юьгуш Iар волуш вац-кх со! ТIаккха хIун олу ахъ?

Велла (й, д, б.) ма вала (й, д, б.) хьо [иза и. дI. кх.] Разг. Форма вежливого, ласкового обращения к кому-л. Выражение может употребляться и с иронией, когда обращающийся хочет подчеркнуть слабость, трусость и т. п. кого-л.

— Велла ма вала, сан декъазчу девешин гIийла ши кIант,— элира Ольбазара бетах ши куьг а хьоькхуш. I. Мамакаев. Винчу юьрта. Бикату. ...Белла ма бала хьо *ма хаза а бу.* I.-Хь. Хамидов. ТIам сийна кхокха.

Велла (й, д, б.) Iункар хIоттарх. Разг. Ни за что, ни при каких обстоятельствах.

Хьо велла Iункар хIоттарх хьоьга и зуда къарлур яцара, валохьа, аравалийтахьа вайша кху туьканара!

Веллачунна тIера марчо доккхур долуш. Кто-л. на что угодно способен из-за жадности, скупости.

Къорам стаг ву Абкар. Веллачунна тIера марчо доккхур долуш ву.

Велча санна. О крепком сне.

Дийнахь сарралц мангал хьекхна, Дадашана ша и велча санна наб кхийтира.

Вер-ваккхар хила. Кровопролитие, убийство.

Кхин вер-ваккхар ца дан, хIорш дIабахча-м сагIа даккхал хIума ду. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза. *Маьхьарий девлира, зударий тевжира, тоьпаш а евлира, вер-ваккхар хилира, тхан жимчу юьртахь* шиъ тезет хIоьттира. Б. Саидов. Ши беролла. *Баркинхоев: ТIом бу ТIамехь вер-ваккхар нисло.* I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.

Верг-воккхаверг (й, д, б.) О хорошем, воспитанном человеке. *Воцчо велира аьндерг, верг-воккхаверг вара Зовра.* С. Курумова. Дохк.

Верг-воцург хилла. О человеке, тщетно пытающемся казаться более важным, чем он есть.

Верстина (й, д, б.) ватIа <воллуш (й, д, б.)>. О толстом, упитанном, тучном человеке.

Бож-Iела: ...Милк санна, ворта а йолуш, верстина ватIа воллуш ву хьо. I.-Хь. Хамидов Бож-Iела.

Вехаш воллурий//Вехаш-м вацара хьуна. Выражение желания наказать кого-л., чтоб ни случилось. Ср. **Дела юкъа бара-кх.**

Хьий, хIара иэккха йоккха топ хилла! Хьажахьа цу шайтIанан коге! Вехаш воллурий хIинца, да а ца хцлла, цуьнан настарш ца кагйича. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Вехккал (й, д, б.) Iовдал ву,. (й, д, б.). Р а з г. Кто-л. очень, до крайней степени глуп, бездарен и т. п.

Цо лелориг гой хьуна, вехккал Iовдал ву-кх иза.

Веччалг санна. Крайне назойливо, надоедливо (часто не отрываться, не отставать и пр.).

ДIавала сан кочара! Веччалг санна, сох тасавелла ца Iеш. Халла хаалуш, веччалг санна, говран букъах а летта, вогIура Бетарсолта. С. Курумова. Дохк. *Моллин-Кад: Деладуьхьа, къонаха, витахьа со! Веччалг санна, тIелетта-кх хьо суна.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Вижа (й, д, б.) каш дац <хьуна...> Кто-л. не заслуживает на вечные времена прощения, снисхождения.

— Вижа каш дац хьан,— бохӯш. Суна ямарт хьо хилахь, МостагI вайх летчу дийнахь, Даймохк бицбина Iиллахь. М. Дикаев. Нана, хьо тхоьга хьоьжу.

Вийнарг вийна ваьлча. После того, как уже что-л. произошло. Говорят, когда кто-л. опоздал на какое-л. событие, происшествие и т. п.

— Хьо дерриг чекхдаьлча, вийнарг вийна ваьлча ма вогIу!

Вилла (а), эца (а) ца торуш. Бережно, чутко, любезно, внимательно (относиться к кому-л.).

Анзоран шен кхарда дог доцуш, бригадо вилла а, эца а ца торуш лелавора иза. М. Мусаев. Анзор.

Виллина <дIа> вара. Кто-л. постоянно находился где-л.

Доьзалах дийна висина Аьрзуй, Iелий виллина тIамехь вара. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Вина ваькkхина <нанин ноькка ву>. Р а з г. Кто-л. очень похож на кого-л. или напоминает кого-л. точь-в-точь похож.

«Вина ваькkхина нанин ноькка ву-кх»,— бохура цо, ца вешин. І. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Вирах Іеха. Р а з г. Горько жаловаться, сетовать на что-л.

Вирах Іехахь <а> При всем (твоем) желании; ни при каких обстоятельствах.

— Хьо вирах Іехахь а, хьуна ца хиндерг ду ахьа хІинца дуьйцург.

Вире дийцинчул дац [ца хета]. Не обращать внимания, никак не реагировать на то, что говорится, на то, что сказано (иногда демонстративно не обращать внимания на сказанное, не слушать кого-л.)

Іусманна ахьа хІуъу дийцахь а, вире дийцинчул башха ца хета.

Вирчімаш биъначо дуьйцур дац<ахь дуьйцург и. дІ. кх.>. Употребляется, когда кто-л. говорит вздор, ерунду, белиберду, бессмыслицу; делает что-л. бессмысленное.

— И хІун дара, кІант, ахь лелориг? Вирчімаш биъначо дуьйцур дацаракха ахь дийцинарг. Ахь-м со тесча жІаьло а ца вуъчу ма ваькkхи. А. Айдамиров. Ирхеш. См. **Вирчімаш биьча** (-м). И р о н. Если бы (хватило сил, средств и т. п.).

Султан. ХІара хьаша вацахьара, неІ каро ца кхиош корах араоькkхуьйтур вара ас хьо. Зайндин. ХІаа! Вара, дера. Вир-чІимаш биъча. Х. Ошаев. Некъ жІараболуш.

Вистина (й, д, б) вала (й, д, б) <хьо...>. Проклятие. Выражение крайнего проклинания кого-л. по поводу чего-л.

Асет сардамаш деха елира кІантана: — Вистина вала хьо! Дала дІаэца хьо!

Вихкина кхаба [латто] 1. Не давать кому-л. свободы. 2. Иметь всегда, постоянно при себе в качестве поклонника и т. п.

Вичахьана (й, д, б.) дуьйна (дІа). С малых лет. Ср. **Аганара ваьлчахьана.**

— Со вистхила гІуллакх долуш ву. Со вичахьана дуьйна хІинца дуьххьара деш ду хІара мехаца къамел! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Виълар текхийта. Поставить кого-л. в унизительное положение.

— ДІабаккха куй, я ас шед етта хьан оцу боьхачу коьртах!

Ас сайна хьалха виълар тоькхуьйтур ву хьо! А. Айдамиров. Маршонан цІарах.

Вовшашна тІетеІо. Валить друг на друга, перелагать вину и т. п. на кого-л.

Вовшийн лерехь <хила>. (Быть, находиться) в тайном союзе, сговоре, сделке и т. п. с кем-л.

— Уьш вовшийн лерехь буйла хIунда ца хаьара хьуна? Церан хьалхе дуьйна ма бара хьо дIаваккха бина барт.

Вовшийн туйнаш даъал. 1) До той степени дружно, в полном согласии, любви. *Тхо вовшийн туйнаш даъал мерза, бертахь Iаш ду.*
2). Очень сильно (любить, уважать кого-л.) Цаьршинна вовшийн туйнаш даъал дукха деза.

Вов-шов ду. Никуда не годится, очень плохо (о чем-л. состоянии, положении и т. п.).
Къанвелча яхло буьйсанаш. ДегIе ладегIа воьлча муххале а. Амма кхин тIе а вов-шов ду оцу дерригенна а тIе хIусамнана а йоцуш висар. А. Айдамиров. Ирхеш.

Вогlу-воьдург (й, б. д.). Гость (обычно путник). Незнакомый, посторонний.
Вогlу-воьдучуьнга тIе-кере волуш меттиг а йогlура, велаваларан кеп а хIоттош. С. Курумова. Дохк. *Маликат: ...Новкъа боьлха-богlачех диканиг муьлха ву, воних муьлха ву хаа хала ду.* I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI. *Буьйса инзаре хетта, вогlу-воьдург везна, охьа а таьIна, дIасахьаьжи со: хIуй-жуй дуй.* М. Мусаев. Дашо маха.

Воккхалехьа ласта [лестина.]. Стать престарелым.
Зуда ялаяле а, даьзал болабеллачул тIаьхьа а ша мухха леллехь а, хIара Киса дуьххьарлера а, цIена а, кIорга а безам бара цуьнан, ша воккхалехьа лестича карийна. А. Айдамиров. Ирхеш.

Воккханиг воккха а вац, жиманиг жима а вац. Отсутствие нравственных, этических норм.
Хьумайдагlеран кIентийн воккханиг воккха а вац, жиманиг жима а вац—цхьатерра эхь доцуш, гIиллакхан цхьа зарт доцуш бу берриш.

Вон цIе яха. См. ЦIе яха.
Иза кхоьрура шен йоьIан вон цIе яхарна. I. Ахмадов. Тешнабехк.

Вортан тIера лаца. Р а з г. Решительно действовать в отношении кого-л.; наказать кого-л.
Оьгlазбаханчу декхархоша Хьамид вортан тIера лаьцна хьовзийра. Берриге а спекулянташ вортан тIера а лаьцна дIабигира ОБХСС-н белхалоша.

Вортан тIе хаа. I. Переходить на иждивение кого-л., обременяя этим его. 2. Использовать кого-л. в своих целях, интересах.
Шен вехначуьра васта ца лун майра кхаьа Жовжанан вортан тIе воьжнера. Селима дерриге а гIуллакхаш дора. Цуьнан вортан тIе а хиъна, хан йоккхуш вара Хаьмби.

Ворта стомма ю. Р а з г. У кого-л. хватит сил, чтобы сделать что-л. и т. п. Хьамид *лирор ву, цуьнан ворта хIинца а стомма ю.*

Ворта юткъа ю. Не хватает сил, способностей и т. п., чтобы сделать что-л. *Ахранан ворта юткъа ю. Иза ларор вац даккхий цIенош догIа.*

ВорхIа а дайшкахь дуьйна // ВорхIа а дехь дуьйна // ВорхIе дегара [дайшкара] <схьа> дуьйна. У с т. С давних традиций, обычаев, времен.

Кхунна Мухьидана шений дайна, догцIеналла цуьнца и бахьанехь хиллехь а, амма цуьнца долу гIиллакх ворхIе а дехь дуьйна схьадогIу нохчийн гIиллакх дара. С. Бадуев. *Самаяьлла ячейка. Тхо ворхIе а дехь дуьйна яа сискал а, юха коч-хеча а йолуш даьхна нах ду.* Н. Музаев. Мур. *Бож-Iелла: Вайн ворхIе а дайшкахь дуьйна схьадогIучу вайнехан Iадато елла-кх.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.— *ВорхIа а дайшкахь дуьйна вайн цIен тIе дукха листина, чоьхьахь а, Теркана дехьа а дош лелаш гар ду иза.* М. Мусаев. Анзор.

ВорхIалгIачу стиглахь санна // ВорхIалгIачу стигла ваьлча (й, д, б.) санна. Кто-л. безгранично счастлив, очень доволен, глубоко удовлетворен. От религиозного представления о том, будто бы существует семь небес, из которых седьмое выше всех.

Ша и ворхIалгIачу стигла ваьлча санна дог дуьзна, шех тоам бина, муха волалур ву ца хууш новкъахь развуьйлуш вогIура колхозан завсклад хаьржина волу Очар-хьаьжа.

ВорхI велча санна <доркъана вожа (й, д, ю.)> Р а з г. Кто-л впал в уныние после какого-л. горя, несчастья, и т. п.; кто-л, грустен, печален. Ср. **Доркъанна воьжна [вожа].**

— *Ваттай, аш хIун до ворхI велча санна, доркъана а дегна? Шуна хIун хилла?* А. Айдамиров. Ирхеш.

ВорхI догIа тоьхна. 1. Тщательно спрятан что-л. 2. Под надежной охраной.

ВорхIе а стигал <ворхIе а латта> цхьаьна кхетахь а. Р а з г. Ни при каких-л. условиях, обстоятельствах (с оттенком религиозности).

— *И ворхIе а стигал, ворхIе а латта цхьаьна кхетахь а, со хьоьца ца йогIу. Цул совга ца хьоьжуш дIагIохьа.*

ВорхIе да ваьхначу дIавахийта /вахийта/ (й, б.) 1. Убить кого-л.

— *Ахь хIун дира оцу немцочух? — хаьттира Журжанига командиро.— Шен ворхIе да ваьхначу вахийти-кх,— жоп делира бIаьхочо.* 2. Отправить кого-л. туда, откуда он пришел. *Эмин гIуллакх та а деш, уьш Iалаш а беш, кхабаран меттана, 1757-чу шарахь нохчаша а элий сов эвхьаза лелхийна дIабахийтира церан ворхIе а да ваьхначу.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

ВорхIе де тIера схьа У с т. С давних пор.

Вота пондар тоха /лакха/. Организовать развлечение с танцами и песнями.— *Ахьмад тховса Курсет йолчу валахьа. Вота-пондар тухуш хIума дийр дара вай.*

Вота тухучу <тІе> ваккха (й, д, б.). <вала> Лишать кого-л. самого необходимого.

— *Тхо цхьанне пайда ца хуьлуш, амма сой, сан Султанний вота тухучу тІе а доккхуш, дІадирзира тхан дика.* А. Айдамиров. Жерочун дийцар. От народного обычая, сохранившегося по XIX в. Человека, провинившего в чем-л., водили по селениям с барабанным боем.

Воттана дохо. Перекусить; слегка утолить голод.

— *Со Іуьйранна дуьйна хІума кхаллаза ву, цкъа жимма воттана мукъане а дохаде вай.*

Воцуш ца тору (ца терг). Тот, без которого трудно, невозможно обойтись; очень нужный. *Цу олхазаран хазачу мукъамах, иза хазачу эшарца декарна, чІогІа сакъериделла, са а ца тохаделла, цу воккхачу стага и олхазар схьа а лаьцна, цунна цхьа бен а бина, олхазар кхобуш хилла, иза шен воцуш ца тору накъост а хеташ.* С. Бадуев Олдум.— *Э-э дела лела, Висита, хьо марша, хІанехьа лела,— аьлла, тІекхетта, къевллина маравоьллира Вахитас воцуш цатору дала ма-лоьхху веана хьаша.* М. Мусаев. Харц тоьшалла.— *Хьажахь, хьажахь, Бека, хьо вац хІара! — бохуш, воцуш ца терг гича санна, кІеда-мерза лен велира иза хьесталуш.* І. Гайсултанов. Іаьрби.

Воччу (й, д, б). новкъа. Ничем не выделяющийся, не имеющий ярко выраженных свойств, особенностей, не способный обычно на активные, самостоятельные действия. Употребляется как пренебрежительное высказывание о таком человеке, как характеристика, оценка такого человека.

— *Тхан кха-м кхушара а денза дуьсуш доллу. Со йоччу новкъа ю, хІокху берийн да а, вайна ма-хаъара а хетаг... (...) Доцца аьлча, иза мел воккха турпал велахь а, къен стаг воччу новкъа ву.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Ву (й, д, б.) аьлла мел верг... Кто или что действительно пользуется уважением, почетом; кто пользуется авторитетом, признанием.

— *Цо харцметтанаш детташ, харцтоьшаллаш а деш, масех стаг хІаллакъвира. Ву аьлла мел хета къонах.* М. Ахмадов. Десачу цІа чохь буьйса.

Ву (й, д, б.) боху цІе ю. Только называется так. О несоответствии чьей-л. сущности названию, или наоборот, о несоответствии названия кого-л. или чего-л тому, что кто-л или что-л. представляет собой на самом деле; об обманчивой сущности чего-л.

Эцца, нохчашна тІе хьожуш ву боху цІе а тиллина, сагІина лун хІума санна, хене валлал. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Говр аьлча а, ю боху цІе ю-кх, яц говр-м*

Вуха ца вогІучу ваха (й, д, б.). У с т. Умереть. Происхождение связано с табу.

Арсланан доьзалх а, иза винчу юьртах а хала къаьстира Анна Герасимовна. Шайн кІант а, хьан хІусамда а вуха ца вогІучу вахана, хьайн ирс лаха маьрша ю хьо, элира цуьнга, Арсланан нанас, елха а йоьлхуш. А. Айдамиров. Ирхеш.

Вуьллу-воккху /**вац**/. Разг. Ни при чем. (о ком-л. или о чем-л.).

Амма марнанас шен амалш ца юьтура. Ткъа, марда вуьллу-воккху а вацара. Зудчо шена товчу агlор дlаса хьийзавора иза. А. Айдамиров. Ирхеш.

Г

Га доцу сара. Об одиноком человеке. Совершенно один, в полном одиночестве.

— Дакъаза ма вала, жерочун жима кlант, га доцу ва сара хадо атта ду хьуна, тlам бойна ва леча куьйрано хьийзадо, сан кlеззиг гlуллакх ду юьртарчу кlенташца, хьо юьстах валахьа, жерочун жима кlант. Нохчийн халкъан фольклор. («Жерочун кlентан, гуьржийн кlентан илли»).

Газ тlеталийна [талийна]. С большой скоростью.

Гайна там хила [бан]. Прост. Питаться, принимать пищу.

Хlинца гой шуна, оцу Селамсолтел дика стаг вац кху Нохчмаххахь. Диканехь а, вонехь а даима хьалха ву. Гайна там хуьлучохь. А. Айдамиров. Дика нах.

Гай сатталц <яан>. Разг. До пресыщения (кормить, наедаться и т. п.).

Гой сатталц хlума йиъна дlавахара, балха веана аьлла сурт хlоттийна, Гlоьлби.

Гай тlера лаьцна. (Покатываться) со смеху, громко /смеяться/.

Гай яьтlча санна. Разг. Употребляется, когда кто-л. кричит изо всех сил, с напряжением, очень громко. Ср. **Ватlа санна.**

Корта шена тlе а берзийна, тlебаьлла ирча ши бlаьрг схьа а къедош, шалгун мотт а бохуш, шега дера и схьахьоьжуш гича, дукха кхеравеллачу. Борахас, гай яьтlча санна, «Iаа...й» аьлла цlогlа тоьхна. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Шу кхералойла хьоьжура со»...).

Гал дала <хlума> дац. Кто-л. может на все решиться, пойти на любой риск, т. к. его положение настолько плохо, что не может стать хуже.

Гарам // Цхьа гарам а. Совсем ничего, нисколько. О полном отсутствии. Ср. **Гаромал-гарам.**

Гарам а эхь дан а дац Айзийна.

Гарамал-гарам. Совершенно отсутствует чего-л.: ничего, нисколько. *Гарамал-гарам дан хlума дац хьуна церан, нагахь санна ахь хlара справка дlагайтахь,— элира сельсоветан секретара.*

Гена ваха (й, д, б.) Добиться больших успехов в жизни, больших результатов в чем-л. (иногда о ком-л., не вызывающем уважения).

Ишттa болх беш дlагlахь гена ваха мега Юсуп.

Гена ваха ца оьшу. Что-л. легко можно подтвердить, доказать, привести пример.

Башха гена ваха ца оьшу цунна масал далош: эр вай институташ. Массо къоман векалш бу институташкахь доьшуш.

Гена гIур вац (й, д, б.). Многого не достигнет, не добьется.

Цо шен амалш ца йитахь гена гIур вац иза.

Гена даккха. Осложняя, растянуть что-л.

Наха юккъехь шен сийсазвар салташна хаарна кхеравелла. Хамов, гIуллакх, кхин гена ца доккхуш, лата сихвелира. А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Гена даьлла (хIума). Что-л. переступило принятые, привычные, допустимые границы, вышло за пределы обычного, привычного.

Бож-Iела. ХIан-хIа, гена даьлла хIума дац /Шен хьолах хаттар дича Бож-Iелас делла жоп.— Д. Б./ 1. Хь. Хамидов. Бож-Iелг. Ср. ант. **Гена даьлла дац.** Ср. **Гена даьлча /дала/.** *ГIуллакх гуттар а гена даьлча, Минкаил човхийра Анна Герасимовнас.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Гена /гена/ вала (й, д, б.) Переступать принятые нормы, допустимые границы чего-л.; выходить за пределы обычного, привычного.

Iалха дукха гена вала воллийла хиъначу Данчlас, хьала а гIаьттина, нуьцкъала гIанта охьахаийра иза. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Герг-герга. Поблизости, друг от друга.

Герз охьадилла. Сдаваться.

Ги боьттина. Очень много (о делах, заботах).

Со сиха ву. Сан ги боьттина гIуллакхаш ду дан дезаш.

Гина де дац. Противно, неприятно кому-л. видеть кого-л. или чего-л.

Сан гина де дац цуьнан мекара бIаьргаш.

Гира ваккха (й, д, б). Освободиться от кого-л., от чьей-л. притесненности и т. п.

— Ахьмад! Мухьид ву кетIа веана хьийзаш, иза хьаьжкIашна веани аьлла хета суна, аравалий, иза чувалавай я цунна цхьа там бай, и вайна гира ваккха хьажал! С. Бадуев. Самаяьлла ячейка.

Гира дIадала. Освободиться от попечения, опеки, иждивении и т. п. кого-л.

Далла хастам, сан гира иза дIаваьлла. Кхаба дукха хала стаг вара иза.

Гира мохь дIабаьлча (санна). Наступило облегчение, рассеялись тревоги, сомнения (обычно после избавления от трудных забот, обязанностей).

Дика хIума ду-кх вай асар дина девлла. Гира мохь дIабаьлча санна хета-кх хIинца.

Ги хаа. Р а з г. 1. Стать предметом забот, попечений, волнений, беспокойств и т. п.

— Хабар дукха шарделла хьан, Хьамид,— корта ластийра Iелас,— харцхьахула сука ги хаан гIертачух тера ву хьо тахана. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. 2. Стать на иждивении кого-л.

Гома хьежа. Недоброжелательно относиться к кому-л.

Туьрл-туьрла дуьйцура зударша. Сох хьоьгура мехкарий. Цхьаберш гома а хьуьйсура. С. Курумова Сан гIалат. *Цунна цо балхара дIаваккха шегара даьлла гIалат цо ша хьаькаме гома хьажар.* Р. Хаджиев. Гома хьажира.

Гома а чIома а. 1. Плохо, не так, как надо. 2. В различных направлениях.

Горга кепек мах бац. Кто-л. или что-л. ничего не стоит; пустяк. Ср. **Кепек а мах бац; Ши кепек а...**

Цо дуьйцург горга кепек мах болуш хIума ма дацара. Иштта бага кIадйора-кх шен.

Гор кхета (эга). 1. Относиться с глубочайшим почтением, с благоволением к кому-л. или чему-л. *Вай хилла дац цкъа а стагана хьалха гор кхеташ Iедал, и милла велахь.* 2. Подчиняться чьей-л. власти, воле. *Ахьа и церан стаг а лазийна. ХIинца вай царна хьалха гор кхета дезаш ду гIуллакх.*

Горлера (дуьне) ...яI! Восклицание, выражающее избыток каких-л. чувств: изумления, восхищения, радости, восторга и т. п.

— Iойт, горлера дуьне яI! — чIоггIа элира дог стигалан Iаьрчашка айаделлачу цо. 1. Гайсултанов. Малика. **Горлера (гора) /.../ яI...** В выражении обязательно употребляется имя, к которому обращается говорящий. Выражение восторга, восхищения (порою служит и для выражения досады, сильной тоски, печали и т. п.

— Гора, Хамсат, яI! — стол тIе буй балийтира Маккхала. Ш. Окуев. Юьхь.

Пхьидан (горан) цIогганал. Хоть малость, чуток. *Со ца кхоьру Хьамидах. Цо сука горан цIогганал дан хIума дац.*

Горула-горга. Р а з г. Очень круглый.

Горула-горга акхлов а етташ самарсекхаш отуш йоллура Самарт.

Гор хIотта (вожа). 1. Преклоняться перед кем-л. или чем-л.

Цул совнаха, ца лалуш Iаьткъинера хийла лекха чин долу эпсар шена хьалха гор хIотто йиш йолчу инарлин йоIа сел ларамца, безамца уггар а Геннадина ца безаш болу нохчийн кIентийн, церан. гIиллакхаш а хастор. Ш. Окуев. Юьхь. 2. Признать себя побежденным, покоряться, поддаваться кому-л. или чему-л.— *Хийла вонаш Iиткъаний-лайний нохчийн халкъ боккхачу балица шен бIешерийн къийсам дIахьош дара цIийн Iоврашкахь а мостагIчунна гор ца хIуттуш, хIаллакаллех кIелхьарадуьйлуш.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Цхьаъ вуьгу Iожалло шен карахь Iуьйдуш, ткъа важа гор вужу, кхидIа ницкъ боцуш.* С.Дакаев. Кхаьчначух ца Iебаш..

Гоьла тІе ког баькккхина. Кто-л., кто выражает чувства внутреннего удовлетворения; довольства и т. п. Ср. **Нанай ваьлла (й, д, б)**//*Наннай ваьлла.*

— ХІинца доьзал а кхиъна, цхьа а стаг тергал а ца веш, нахах яша а ца ешаш, гоьл тІе ког а баькккхина, аґІор а яьлла Іаш ю. Ш. Окуев Юьхь.— *Ас а дера бийр бац болх, со дика вехаш волчу кІанте маре яхача. Гоьла тІе ког а баькккхина, хазаниг юхуш, мерзаниг юуш Іийра ю-кх,— шен забар йо Санус.* І. Ахмадов. Тешнабехк. *Гоьл тІе ког баькккхина, бІаьрг боьгІна генна, хьоь хьоьжуш Іийр ву со, яхйина ворта.* А. Осмаев. Пародеш. («Некъахочуьнга»).

Гуо юкъара (юккъера) вала (й, д, б.). Выйти из чего-л. (игры, работы и т. п.).

(Исраьил:) Стенна бан воллу хьо болх? Нох, марс, мангал хьан лур бу хьуна? Хьан берашна санна, белхалойн берашна а ма еза сискал. Мецачу белхалошка болх балур ма бац, ахь шайна хІинцца, хІокху сохьта, ялта ца делча. Оцу гуо юккъера муха вер ву? Х. Ошаев. Некъ жІараболуш.

Гурахь латто. Держать в строгих правилах поведения.

Гур бан (богІа; билла). Исподтишка, с умыслом вредить, пакостить, строить каверзы.

Цаваьлла юкъадаькккхинехь а, шичан кІант балхахь а, вехар волуш а хиларна тІехьа лачкъийна кхийдара Хизаран, Анзор юха а шен буйна вало, Кесирех гур беш вара иза. М. Мусаев. Анзор.— *Билггал оцу готанахь бохкучу нахана цхьа гур богІа гІерта-кха хьо.* Ш. Окуев. Лай тІехь цІен зезагаш.— *Цунна ас гур боьгІна ала-м ца гІерта хьо?! — Цецвелира Иван.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Ас-м бегаш бора,— лохха вистхилира иза Микаиле.— Хорошие бегаш,— велавелира важа,— инарлин йоІа гур боьгІна моьтту суна вайшиннa?* Ш. Окуев. Юьхь.

Гуттар <а> ца догІу КІацІе нускал. Ср. русск. поговорку. Не всегда коту масленица.

— Схьавогіучу шина стагах цхьаъ: — ГІирмасолта! Гуттар а ца догІу КІацІе нускал, бохуш ца хезна хьуна? — аьлла, велавелира. С. Бадуев. Бешто.

Гуш лаьтташехь. Воочию, на глазах.

«ГІуллакхехь» волчу соьца хьо-со долу нах хІокху хабарех гуш лаьтташехь къехка я эвхьаза, дестош а дуьйцу, хезнарг тодеш. И. Эльсанов. ГІуллакхехь.

ГІ

ГІабакхан тІам лаца (хабаро)! Разг. Выражение удивления, разочарования.

— Э-хІай! ГІабакхан тІам лаца цу хабаро! Ас хьоьга цІахь Іаш садаІа-х ца бохурий! — аьлла, хьалагІаьттира лор. С. Цугаев. ТІаккхахула а вола хьо.

ГІад <а> <амал> а> дайа. Кто-л. доставляет кому-л. большие хлопоты и неприятности.

— Кетlа хlуьттуш, гlад-амал дайинчу цу да нелца валларо, дlаладоьгlча, гlуллакх суьде делла карий. М. Мусаев. Харц тоьшалла.— *Хlокху шина-кхаа дийнахь цу айгlаре хьийса оьхучу наха дешдерг карара даькккхина, гlад а, амал а дайина ма хьийзийна хьуна со!* Ш. Окуев. Юьхь.— *Бу-у схьава шена бохуш гlад а, амал а дайинер-кх кхуо.* Хь. Саракаев. Ширачу гlопехь См. **Амал <гlад> дайа.**

Гlал-бецал дукха дийцича а. Сколько ни говори, рассказывай.

— Гlал-бецал дукха дийцича а кхетар вац хьо сох.

Гlалди-булдий царна, кай-бож вайна. Ш у т л. Выражение, означающее: это им, это — нам (преимущественно большая доля, часть и т. п.).

— «Гlалди-булдий царна, кай-бож вайна», тхойшинна ши нускал, тхан цигахь доссийна. Цхьана деш ловзар а хир ду вайн. Хlинца, Мака, хьой, хlара Вахlид, Салаудий тхоьга дагlахьара ловзарга. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Гlамаран арен тlехь /арахь/ **гlум а лур йоцуш.** Кто-л. крайне жадный, корыстолюбивый. Ср. русск. **У него и снега не выпросишь зимой.** Ср. **Коьртаха тоха тlулг а лур боцуш.**

Кхин хила йиш йоцуш, гlамаран арахь гlум а лур йоцуш къорам са дара Белита.

Гlам-гlим дан. Р а з г. Бормотать, говорить что-л. невнятно; болтать.

Сутарби. ...Ахь гlам-гlим деччу юкъана ас дика ойла йин кху белхан. І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Ца къаьсташ цхьа гlам-гlим а деш, шайн кех чуйирзира Айзан.* І. Гайсултанов. Малика.

Гlапп-аьлла <вожа (й, д, б.)>. Внезапно, неожиданно (упасть; уложить и т. п.) /Гlап-аьлла тlекхийтира суна Замради/.

Цу дерригено а болчул а бала базбина. хlинццалц нахала ца яла гlерташ хилла йолу Мелимат гlапп-аьлла йожийнера. Ш. Окуев. Лай тlехь цIен зезагаш.

Гlап-аьлла. Выражение употребляется для характеристики работы действия и т. п.

Гlарт-аьлла. Как следует, должным образом, энергично приступить делать что-л., взяться делать что-л. и т. п.

Гlарт-аьлла тlедирзина тхо девлира и гlуллакх дина.

Гlарчl-аьлла. Р а з г. О ком-л., или чем-л. твердом, крепком, надежном, постоянном.

— Вохе ма хьовзалахь, гlарчl-аьлла хилалахь. Сан гlуллакхаш гlарчl-аьлла ду. Ура-аттала синкъерамехь, ловзаргахь хилча а, ишта и куьйгаш а дохкий, гlарчl-аьлла вогlа а велла, яьlна дlасхьа а ца саттош, курра Iаш хуьлура иза. І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Эла» Закри).

Гlенах санна. Не вполне отчетливо, ясно.

Гlетакх латто /дан/. Расчетливо, разумно расходовать, сберечь, сохранить.

Вайн ялта гlетакх деш ца латтадахь, цхьа бутт балале туькана ваха дезаш, чекхдер ду.

Гlиба ваккха (й, д, б.) // Уппада ваккха (й, д, б.). Избивать кого-л.

...Кlеззиг а шайн безам цабахинарг еттий гlиба а воккхий, тlаккха, хьой набахте чу кхуссура цара. М. Мамакаев. Революцин мурд. *Мелхо а кхуьнан лаг а лоцуш бохура цара: — Схьа ма-лецци гlибаваккха веза иза.* І. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза. *Ткъа Шукурби, дукха дарваларна, шена гонахара хlумма а ца гуш, ша охьавиллинчу кlантана тlе а хиъна и гlиба воккхуш воллура.* Хь. Саракаев. Ширачу гlопехь.

Гlизларара <еана> /сту-м/ яц. Ирон. Не очень-то хорошая, чтоб... Употребляется как характеристика (о женщинах).

— Хьо суна оццул еза е Гlизларара еана сту-м яц?!

Гlийла дуьне даа См. **Дуьне даа.**

Да кхелхира хlара пхийттара волуш. Иштта гlийла дуьне дууш къанвеллера. Бетарахьман. І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Уггаре а сиха йина схьайолу юург»).

Гlийла стаг. Уст. Бедняк.

Хонмурд (катоьхна шина а куьйга шен корта а лаьцна): — Элберт! Элберт!.. Гlийла стаг вара-кха со, алахьа кхуьнга суна хlара ницкъ ма бе... С. Бадуев. Цlеран арц.

Гlовла хила. Стать опорой для кого-л. в чем-л...

Ша къанъелча, кlелйисча цунах шена гlовла хиларе сатийсина, ша лечу хенахь оцу кlанте шен ховха куьг шен дегlах хьакхаре, ша елча цо дlайолларе, наггахь мукъане а, иза шен кошан барза тlе хlоттаре сатуьйсуш, оцу кlентан дуьхьа яьхна нана. А. Айдамиров. Ирхеш.

Гlогlаьлла /бийлабала/ — мн. ч. О неожиданно разразившемся массовом смехе, хохоте.

— Хилча хlун ду,— аьлла, шех тоам бечу майрачо.— Кхузахь и шун ю председатель, цlахь со ву цуьнан председатель. Зудчун пальто а зуда йоллучун ю. Гlогlаьлла бийлабелла сельсоветан членаш. Х. Ошаев. Амале волу майра меттавалавар.

Гlоза декъала лела /ваха/ (й, д, б./ ца вита (й, д, б.). Кто-л. или что-л. не дает покоя, независимости и т. п.

Лула кхелхина веанчу Нажас гlоза декъала ваха ца вуьту со. Хьелаш долу нах а кхо гlоза декъала баха ца буьтура. С. Бадуев. Петlамат.

Гlоза декъала /лелайойла/ лелабойла, леладойла/. Выражение доброго пожелания (по поводу новой одежды и т. п.)

Ханпаша. И сан куй а бу хьуна, Мути, мехкадаьттан хьожа а йогIуш, ахь и а лелабойла гIоза а, декъала а. I.-Хь. Хамилов. Лийрбоцурш.

ГIоза декъал ма <...> Выражение-проклинание (о ком-л. или о чем-л.).

ГIоза юур хуьлда//ГIоза йоийла. Пожелание тому, кто ест или начинает есть.

— Чу ца вогIу хьо, Салауди? ХIума кхоллур яра вайшимма.— ГIоза йоийла... Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

ГIо лаца. Помочь, оказать содействие, поддержку, ободрить.

ГIо лаца накъост оьшуш шен гIуллакх чекхдаккха йиш йоцуш висинера Зайнди.

ГIомат коча олла. 1. Излишне обременять себя чем-л., доставлять себе излишние хлопоты, неудобства и т. п.

Вай цунна хIуъа дина а зуда ялийна, гIомат коча олла хьовсур ду. 2. Заниматься утомительным трудом.— *ХIара сайн доцу гIуллакх деш, ца оьшу гIомат коча а оьллина лела-кх хIокху балха тIехь.*

ГIончакхе а ца <дита>.. Совершенно не обратить на что-л. внимание (обычно об отказе); не принять во внимание и т. п.

Анзоран дагна чIогIа ца тайра, ца дезаделира хьешана хетарг. ГIончакхе а ца дитира цо иза. М. Мусаев. Анзор.

ГIора /ницкъ/ дац (б). Не в состоянии (сделать что-л.).

ГIори-гIоддах /а/ тоха /етта/. Прилагая, напрягая все силы (делать что-л., обычно требующее разовое усилие).

Юкъабийла буьйлира берриш. ГIори-гIоддах, дIахоккуш, закъъолий сацош; тIаккха кIегар хаош, дой хьийзийра цара. С. Курумова. Дохк. *ТIаккха шегара гуьйриг гIори-гIоддах кхоьссина, цу уьшала а яхийтина, схьаедира ча.* М. Сулаев. Муьлха тоьлла. *ХIинца хIокху Нело хи чу ца ваха санна, са кхачадаллалц, гIори-гIоддаха (чуьрачарна «цинцаш» кхочур долуш) тIамарш етта мега.* И. Эльсанов. ГIуллакхехь.

ГIоьртина хIумма а дуьсур дац /сох /цунах.../. За кем-л. дело не станет.

«Цунах гIоьртина хIумма а дуьсур дац» ала Iабдулла кхиале склада тIехьахь, аьлча а Бекмурзин рагIу кIел, ткъес тоьхча санна, девнан кIур иккхира. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

ГIуьг аьлча хIотта. Стать безгранично счастливым, вполне удовлетворенным, очень довольным.

Бухахь еана марера йиша а, серлонхьлла, тайп-тайпанчу эшарех лекхалуш хIусам а карийна, гуттар гIулг аьлча хIоьттира Вахин. М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.

ГIуллакх аххка. Предварительно разузнавать о чем-л.

Гlуллакх дац. Не касается кого-л., не имеет никакого отношения к кому-л. или к чем-л.

— *Хьо хьайн цхьа аьтту лаха араваьлла стаг ву, царна юкъагlерта хьан гlуллакх дац.* Ш. Окуев. Юьхь.

Гlуллакх дерг (а), доцург (а) 1. Разг. Всякий, кто хочет. *Гlуллакх дерг а, доцург а хьийзара клубана хьалха.* 2. Всякое, что называется.

Гlуллакх догlу (догlуш). Кто-л. может устроить, создать, организовать и т. п. что-л.

Хьаькамащца гlуллакх а догlуш, тlедеанарг хlуъу листа ницкъ болуш, къонаха стаг ву Саьlад... А. Айдамиров. Маршонан цlарах.

Гlуллакх доцург. Лишний, посторонний.

Илес: ...Дукин-некъашкахь массаьргахь а ду герз. Тосу (оьгlазе). Хьайн гlуллакх доцург дитал Илес. (гlантара хьала а иэккхаш). Сан хlунда дац? Юьртахь долчу гlуллакхийн дакъа ца кхочу соьга? Х. Ошаев. Некъ жlараболуш.

Гlуллакх дуй? Допустимо ли, разве так можно, совсем не касается кого-л.

Хьан гlуллакх дуй цо бечу балхаца?

Гlуллакх дlакхехьа. Выполнять свой долг, свои обязанности, поручения и т. п.

Къона къанваллалц советски гlуллакх дlа а кхехвна, хlинца а хьайга далу гlо адамашний, пачхьалкханий кхоа а ца деш, схьавогlуш прогрессивни стаг ву... Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Гlуллакх кlур [Цинц, чан] кхетта <ду>. Чье-л. положение, состояние и т. п. неприятное, критическое, трудное и т. п.

Вайша тховса буьйса йолале дlа ца кхачахь, вайшиннан гlуллакх кlур кхетта хир ду.

Гlуллакх (цхьа гlуллакх) новкъа ца дала. У кого-л. дела идут совсем скверно, отвратительно, из рук вон плохо.

Тlелхаган меттана дегlастанхойн наиб Абкар-Дибар вахийтира имам Шемала. Амма цуьнан цхьа а гlуллакх новкъа ца долура. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. Ср. ант. **Гlуллакх новкъа дала.**

Гlуллакх тишдала. Что-л. пришло в состояние ослабления активности, действенности. О чьей-л. деятельности, состоянии и т. п.

Мекар бlаьргашца вела а велла, элира Салаудис.— Ва Бексолта, со ма кlезиг хета хьуна! Со юккъе а воцуш, гlуллакхаш дlа муха нисдийр ду районехь? Хьуна-м дера моьтту сан гlуллакх тишделла. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Гlуллакх хила. 1. Вступать с кем-л. в связи. 2. Сталкиваться с кем-л. или чем-л., обращаться с чем-л.

Гlуллакх хьеда. Осторожно намекать на что-л., выяснить, разузнавать предварительно что-л., вести следствие.

Ахьмад ша йинчу аварах кlелхьара вер ву моьттуш вара. Амма прокуратурехь цуьнан гlуллакх хьедар тlедиллина дара.

Гlурт бан. См. **Хьапар-чупар дан.**

Шен говр хьалх-хьалха дlа а хоьхкуш, хlинца-м цхьа гlурт бора хlокхара, бохуш, вуха а хьоьжуш, хуьлучун тидам бора МIаьчига. Ш. Окуев. Юьхь.— *ДIадовлийша, цул а вешан болх бе вай, гур ду шуна, вайга цхьацца хеттарш а дина, кхана газета тlехь цо цхьа гlурт беш,— шенаг дуьйцура Сасус.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Гlушлакхе малх баьлча [хан] [яьлча.]. 1. О времени дня, когда солнце поднялось над горизонтом (10—11 часов утра).

Малх гlушлакхе баьлча, тlехloьттира иза балхана.

2. У с т. К самому концу, в самом конце чего-л. (сделать что-л). От народного обычая, все работы заканчивать рано утром, до наступления жаркого обеденного времени.

Д

Дабагlа дан <тlехь>. Р а з г. Избивать кого-л.

Абубакар. Ткъа хlинца хlара дабагlа хьан дина хьуна тlехь? I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. См. Дабагlа ваккха (й, д, б.).

Даб аьлла эккхахь <а>. *Разг.* Что ни делай, как ни старайся (все равно бесполезно).

Хьо даб-аьлла эккхахь а, со вогlур вац хьоьца шабашке.

Да вала /валийла/ цуьнан. Выражение досады; исполнения желания. Ср. **Да ватlарг.**

Да ватlа цуьнан дела! Олдум... Охьахьаьдда догlучу берех шен бlаьрг кхетча, доккха са а доккхуш: — Да вала хьан, дуьне,— аьлла, серийн кертах аркъалтаьlира. С. Бадуев. Олдум.— *Эхlей, къаьхьа йиса шу дела, мичара нисъели шу а кхуза. Да вала-кх, шуна тоха шалго топ,— аьлла, вахана вуха а Шаба вордана чохь хьалаайвелира.* Ш. Айсханов. Мало-хало. *Да валийла цьанан! И дIадаьлла хlинца.* I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.— *Да вала хьан, харц дуьне! Ма гlалатваьлла хиллера со доттагlчун кlентан тешамах.* I. Ахмадов. Мехкарийн каш.

Да валла хьакхица! См **<Хьан> да нелца воллийла!**

— Ой, кхуьнан да валла хьакхийца! И хlун ду? Пхи-ялх бутт бац и вайн колхозе вашtина-х. Макин коча хlара хlунда гlерта? Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Да валлал <шорта>. Очень много, в избытке, в изобилии.

— *Кlентий, стенах ду хабар, шу муьлххачу хенахь даьхкича а шуна меттиг хир ю-кх, баа цlен чlара а.* (*«Иштанехь хир ма бац иза»,— ойла хилира Ибрахlиман*). *Бакъдерг дийцича, хlинца ши сом ах сом доккху киланах.— Кхо-диъ шо хьалха соьмех бара шен да валлал шорта.* И. Эльсанов. Хlорда уллехь. Ср. **Са а чот йоцуш.**

Да ватlа цуьнан... дела!! // **Да ватlарг.** Восклицание, выражающее разные чувства (досады, исполнения желания и т. п.).

— *Да ватlа, кху дуьненахь а дахьара цу дала кхарна цхьаъ! — элира юха а Бекисата.* С. Бадуев. Имам. *Хьасан. Ой, шен да ватlа цуьнан делаl, цхьаммо дlа а долийна вайн а хила ца мега иза.* I.—Хь. Хамидов. Ламанан йоI. *Кузьма. Цlенаш революцис Россехь динарг, массанхьа санна, кхуза Кавказе кхачале, чекхдоккхуш бу. Iела. Да ватlа-кх, цигахь хила и къовса. М. Мусаев.* Революции новкъа. *Цхьадика, охьа-м ца воьжна, амма кхин а доьхнарг хилла-кх, да ватlарг, юккъехула.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. (*«Уггаре а сиха йина схьайолу юург»*.) — *Ой, да ватlа шун, цlен бос болу, горга хохаш, чам кlон белахь а, сискал дуьмел а чlогlа йоьзуьйтур йолуш хиллера аш.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш (*«Доттагlий»*.).

Давелла. Очень много, в избытке.

Да велла йиса <хьо...> (!). Выражение проклннания.

Бож-Iела. ...Ишта а экхча боллучу кху сан коьрта тlе ца йоьжча, кхин йожа меттиг ца хилла-кх хьуна а. Хlай хьо йиса хьайн да велла! I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Да виса [вуьсийла]. Выражение исполнения желаемого; досады, недоумения и т. п.

Да виса, елар-кха ас лоьху буьйса, стигларчу седарчийн хазбеш мохь. Ш. Окуев. Езачуьнга. *Да вуьсийла цуьнан! Шедан кхожжал хlума, и бахьна а долуш, хlокху дуьнена яьллехь, ишта балехь хир яцарий нана-м.* С. Курумова. Сан гlалат. *Iела. Да виса, сурт мукъана а делира оцу Ленинан. Хьожур вара-кх цуьнга леррина.* М. Мусаев. Революции новкъа. *Да вуьсийла кху дуьненан, Ахьмад майралла а, оьзданга.лла а хьашт ма-дду ю вайнахехь. Амма кхетамна тlаьхьадисина, боданашкахь дахкарна.* А. Айдамиров. Маршонан цlарах. *Да виса, ерриге лааме ерзийна,— бехъелла, макхъелла ойланийн тlера. Цхьа меттиг ца буьтуш, экхийна, човхийна, дlалоллу сирлачу дуьненна тlера.* А. Дакаев. Да виса ерриге.

Да воцуш. Очень много, огромное количество (обычно без присмотра, контроля).

Да воцуш Iана а дахана аннаш дара цигахь.

Дага [бага] деъ-деанарг дийца [ала]. Пустословить, болтать, говорить лишнее.

Хьалхавалла вогlучу Данглин кlанта, Болата, цхьана минотана а сацам боцуш шена дага деъ-деанарг дуьйцура. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дага дагlахь. П р о с т. Мало ли что он может делать.

Даггара /коьртера/ ваккха (й, д, б.) . Забыть, перестать думать о ком-л. или о чем-л. Залуба шена тIехьийза Ризван дагара ваккха гIертара, шен цуьнца ирс цахиларх а тешара иза.

Дагара [коьртера] ца долу. Постоянно в мыслях, не забывается.
Дукха хенахь дуьйна дIа шен нана елла де дагара ца долура Басахьатана.

Дагара ваккха (й, д, б.). Заставлять себя совсем забыть кого-л. или что-л.

Дагах [даьтта] хьакха. См. **Даьтта хьакха.**
Цо дуьйцург эццахь лергах кхеттачу Анзора, вон катоьхна, дIаяйира радиоприемник. Iаламат оьгIазе, макхлуш, цо и даро дагах даьтта хьоькхучу Хизара: «Цхьаъ дийца-м гIерта радио»,— элира. М. Мусаев. Анзор.

Дагах хьарча. Принять что-л. близко к сердцу. См. **Дагах кхета.**
— Ишшта цхьа а Iалашо а йоцуш хила мегар дац, Тарамова. ХIокху заманан жима стаг а, йоI а дахарехь билгала йоллу цхьа Iалашо а йолуш, цуьнга кхачархьама юха ца долуш, къийсам латтош хила деза. Цо аьлларг — йоьIан дагах хьаьрчира. I. Ахмадов. Тешнабехк.

Дагахь валла (й, д, б.). Думать, переждать о ком-л. или чем-л.
Чов хилла дIайигна Зарет дагахь йоллуш ойланаш ян ваьллера иза. Х.-А. Берсанов. Болатчу динан бере. *Хьайн дагахь дерг дерриге а охьа дуьллур ду-кх ахь,— консультаци елира Аюба.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Дагахь дог дустуш (доттагIа). О ком-л., кот. близко понимает другого.
Сан дагах дог дустуш доттагIа вацара сан, нанас дена вина ваша волуш вацара со. Нохчийн халкъан фольклор («Жерочун кIентан, гуьржийн кIентан илли»).

Дагахь собар <хила>. (Быть) спокойным, хладнокровным.
Хьамзат дагахь доккха собар долуш, нехан диканна а, вонна а виллина дIа вара.

Дагахь хIума <дац> [доцуш]> Кто-л. чистосердечен, честен, правдив. /Дика стаг ву Сели. Дагахь хIума долуш вац/.
— ХIета, ас халахетийтина-кх хьуна, Сайдулла? — эсала вистхилира шен хьешан кхехка дог хуу Муса.— Ас дагахь хIума доцуш, аьлла дешнаш дара уьш. Геч делахь. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дага юккъера. О лучшей доле чего-л.
Цара-х дага юккъера мохк дIа а баькхина, кху дийнарг ца кхуьучу кIажа а дерзийна, вайн къам хьаллакдеш лаьтта, уьш-х вай керста дина дерзо гIерта! А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

/Дагна/ даьтта хьакха. См. Даьтта хьакха.
— ХIун боху цо? — Цо дера боху: «Хьо ишшта майра велахь, Барет ялае. Цхьа

минот цо хьоьца яккхарна ца кхоьру со»,— жоп делира Нурадина, Мохьдаран дагна кхин а даьтта хьокхуш. В. Матиев. Мокхазан лог.

Дагна тIемаш дала. 1. Стать безгранично счастливым, вполне удовлетворенным, очень довольным.

— И хьан башха къамел дагна тIемаш долуьйтуш ду! Амма цхьа кIезиг-мезиг хIума ду новкъахь. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. 2. Находиться в состоянии воодушевления.

Дагна улле (улло) эца. Воспринимать что-л. с повышенной чувствительностью, придавая большое значение чему-л., сильно переживать что-л.

Дагна хорам <бан [хила]>. Огорчаться, раздражаться, расстраиваться...

Стаммийчу пIелган хедозчу мIаращца милк санна йолу ворта кIамийра Анзора. Берахь дуьйна а, шен дагна хорам хилча и деш Iедал дара цуьнан. М. Мусаев. Анзор. *Сайн некъийн мохо а, дорцо а, хийла доттагIийн орцанах сан дог хьагийна. Хьалха а идийна доттагIийн лорах, царах суо къастаро беш дагна хорам.* З. Яндарбиев. Доттагlех дош.

Даго ма-бохху [ма-лоьхху]. Как хочется, сколько хочется душе; по душе.

— Сан даго ма-бохху йина суна костюм,— элира Адама куьзгана а хьаьжна.

Даго <тIе> ца эца. Совсем нет желания, не хочется или противно что-л. Андрейс хIумма а ца элира.

Башха даго тIе ца ийцира Аюба бохург. 1. Ахмадов Тешнабехк. *Кхуьнан кийра бага болабелира, хIара дикка холча хIоьттира.* С. Бадуев. Пхи туьма.

Даг тIе богIу некъ каро. Добиваться расположения, любви, симпатии и т. п. кого-л.

...ХIаъа! Лохур бу, карор бу Хаимана хьан даг тIе боьду некъ! Н. Музаев. Мур.

Даг тIера дIадала [дала]. Кто-л. испытывает чувство облегчения, успокоения

Дукха хан яра Хьусейна Ахьмада аьлларг даг тIера дIадаьлла.

Даг тIехь латто <...>. Кто-л. испытывает гнетущее чувство.

Даг чу дижа. Надолго запомнить что-л, быть постоянно в памяти.

ХIор дош а, тIулга тIе яздина йоза санна, даг чу дуьжура. 1. Гайсултанов. Александр Чеченский. *Цуьнан даг чу дижинера, шех адамийн тешам байна аьлла.* 1. Ахмадов. Тешнабехк. *Со тешара, со тешара хьо суо воццчун, кхечун хила йиш яцарх!*

ХIун дара и хаац, даг чу дижинера иза! Хь. Яхьяев. Белита.

Даг чу восса (й, д, б.). О сильной привязанности, любви к кому-л. или к чему-л.

Даг чу куралла йосса. Считать себя выше, лучше других и с пренебрежением относиться к другим, стать высокомерным, заносчивым. *Институт чекхъяьккхина*

юьрта балха еана йолу Мая, даг чу куралла йоьссина, дIасахьажа ца ешара. 2. Испытывать чувство удовлетворения от сознания достигнутых успехов, превосходство в чем-л., выражать это чувство...*Оцу лаха ваькkхинчу шина стагах — оьрсичух, мохчичух — цхьаъ шен юьртахо, Iела хиларо даг чу куралла йоссийра Мударан.* А. Айдамиров. Марщонан цIарах.

Даг чу чим [тIадам] божо. Возбудить, вызывать какое-л. чувство; дать основание, повод к чему-л.

Ша мел дуьйцург, олург Бож-Iелин даг чу царех ца тешаран чим божош дуьйцура Маржана.

Даймана дIа. Окончательно на все время; на все времена.

Дайнчхал башха <ца хета>. Употребляется, когда кто-л. не проявляет никакого внимания к кому-л. или чему-л., беспокойства по поводу кого-л., или чего-л.; кого-л. не волнует, не трогает что-л.

Цунна тIе ца Iотталуш хIума ца дисина. ТIаккха а иза дайнчхал башха шек ца волу.

Даккха хIума дац. Очень хорошо, качественно сделано, ни с какой стороны нельзя придираться.

Даккхийчех дац [дацара и-м]. Пустяки (о чем-л).

— Диканца вехалда хьо а! — йолчунна тIе а качъелира цхьа са болуш ерг.— ХIорш-м даккхийчех дацара. Н. Музаев. Мур.

Да кхин вон дац. 1. О большом горе, бедствии и т. п. 2. Кто-л, испытывает волнение, притеснение, неудобства от кого-л или чего-л.

ХIара книжка еша хаахь, хьоьга дан кхин вон дацара. М. Мусаев. Дуьненан ялсамане. Ср. **Да кхин вон дац [дуьсу].**

Дакъа дан. У с т. Побеждать, уничтожить. Ср. **Шийла дакъа дан**

Дакъаза ма вала (й, д, б.) <Хьо...>. У с т. Форма обращения.

Дакъаза ма вала, хIай эла ва Мусост, да эла хилла хьан, нана сту хилла хьан... Нохчийн халкъан фольклор. Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли.— *Ой, дакъаза ма вала хьо, Абу Салаевич, хьо схьа а кхачале сох шекь — вуьйлуш вац?! — карзахвелира Хаим.* Н. Музаев. Мур.— *Дакъаза ма вала хьо, сан деган доттагI, хIай юьртан тхьамда, ма къонах ца хеташ хилла хьуна со.* I Ахмадов. Мехкарийн каш.

Дакъа лийчочу хер. Клятвенное заверение в чем-л. Верно, правда. Употребляется для выражения уверения в истинности чего-л.

— Дакъа лийчочу хер, со ян кхиънехь йогIур йолуш ма яра, ца кхиира-кха,— бохуш, бехказъюьйлура Кемисат. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Дала делла // Дала <а<наха> а>делла. (Жить) в достатке, и роскоши, (быть) в достатке, в роскоши и т. д.

— Уггар пайдехьчу мехаца и хьан вешин йол маре йохуьйтуш ву-кх со! Хlинца дала а делла вехар ву хьо! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дала <а<наха> а>йнцйина [тоьхна]. Всеми забытый (о ком-л., о чем-л.), проклятый всеми.

— Массеран а нисделла цlенош, автомашинаш, башха дика стол-гlант, салпал, нисбелла гlирсаш, масане ду уьш! — дуьйцура векъанчо.— Ишта ю-кх тохара дала а, наха а йицйина лаьттина эвла! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дала аьлча санна. Чьи-л. слова, мысли без сомнения принимаются кем-л. на веру.

Цо аьлларг, ша и дала аьлча санна, деза лорура цо. Ш. Окуев. Юьхь.

Дала аьтто болда. Пожелание удачи.

— Веза хин волчу дала аьтто болда вайн паччахьан... А. Айдамиров. Маршонан кlентий.

Дала бакъ де и. Выражение, означающее: Чтоб так оно было! Выражение радости, восторга и т. п.

Жунид: Тахана вайн чохь тхо lеш, тхо кхоъ, виъ бен ван а вацара, вайн устазо элира: кхушара кlа-маьрсан хенахь коммунисташ, нахана боьлху, ца боьлху ца хууш, буьйсанна дlабахана карор бу, аьлла. Молсум. Эхlей! Дала бакъ де иза... С. Бадуев. Марха досту де.

Дала <вазвина> вайтина (й, д, б.). Ирон. О ком-л. который безосновательно считает себя основной силой, центром чего-л.

Дала вай дахлахь // Даланза вай дахлахь. Если кто-л. доживет до того...

— Хьуна ма-ларра, ма-вовзара, ахь ма-варра ву-кха, вай далаза дахлахь, хуур ду-кха со муха стаг ву! Ш. Окуев. Юьхь.

Дала гечдойла цунна. Выражение соболезнования.

Кхунна (lусамина) дуьхьал сурт хlуьттура кегий нах шена дуьхьал хlуьттуш: — Дала гечдойла цунна! ...Бикату массаьрца а ийна, сов дог цlена. стаг яра, дала гечдойла цунна, хьуна дала собар а лойла,— бохуш санна. С. Бадуев. Iадат. *Аьстаман гlевлангахь еса доьшуш lан къена молла: «Дала гечдойла хьуна, Аьстамар, валлахlи дер, вацара хьо дукха вон кlант-х»,— аьлла, меллаша хьалагlаьттира.* С. Бадуев. Зайнап. *— Ассолом lалайкум, ва кешнийн охlланаш! — хьалаайвелла мохь туьйхира Висас.— дала гечдойла шуна.* И. Элсанов. Кlайн коч.

Дала далийта. См. Дала делла.

Шаьш бинчу районе, шайн латтий тlе бухаберза лаац-кха. Мел йохье баьхча а, дала долуьйтур ду баьхча а. А. Айдамиров. Ирхеш.

Дала делла. У кого-л. все хорошо (дела, материальное благосостояние и т. п.).

Цкъа хеза, кхузахь нахана дала делла бохуш, тlаккха,— дала тоьхна олий долу. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

— Ас хlун боху? Со-м вац...Ца даькхкхинарг дан йиш яц Со хlун дала делла лела...М. Мусаев. Анзор.

Дала динчуина дан хlума дац. У с т. Формула соболезнования.

Дала дог дика ма дойла цуьнан. Выражение проклинания.

Майма. Дала дог дика ма дойла цуьнан, бахахь! I.-Хь Хамидов. Бож-Iела.

Дала деллар. У с т. То, что есть, чем (приходится угощать и т. п.); существовать.

Дала дуьнен чу кхуллур дац цул /.../. Выражение удивления, негодования.

— Дала дуьнен чу кхуллур дац цул маьттаза, цхьа къебат доцу духар!

Дала дlаоьцийла хьо. Выражение проклинания.

Бож-Iела.— Йоллу, хьо дала дlаоьцийла. Яла ара, и хьайн базар а эций. I,-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Дала къарвойла (й, д.)<хьо>...>. Выражение проклинания.—

Дала къарвойла хьо, харц луьйш волу стаг.

Далалай хир дац // Нанай хир дац. Выражение предупреждения: не так легко будет.

— Трактористаша буса шабашка а еш трактош йохош, тlаккха ас тоеш, и далалай хир дац шуна. А. Айдамиров. Ирхеш.

Дала лардойла [дала лардойла] (в, й, б.). Выражение решительного отрицания чего-л. предполагаемого, а также выражает предупреждение, предостережение о нежелательности чего-л.

Арсби. Ца воллура, къурlанор-кх...дала ларвойла... цу балех, цу жоьжахатах... С. Бадуев. Большевикаллица ялта дерехьа.— *Вай дала ларве цуьнан latlаран хьожанех! /.../ — Мамед, дала лардойла вай... ...балех! — къаьркъанан кад айъира Хаина.* Н. Музаев. Мур. Ср. **Дала ларве.**

Дала лур ду. Повезет. См. **Далла делла.**

— Цкъа-делахь, Хункарахь шайна дала лур ду моьттуш, цига садахана Iен нах, цхьана а тоьхна, Iедална дуьхьал баха хала хир ду вайна. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дала ма-лоьххy. В нужный момент (явиться, прийти и т. п.), О ком-л.

— Де-м дала ма-лоьххур схьакхаьчнера, герз-хlума яхьий, яхьа, герз-хlума? С. Бадуев. Имам.

Дала мукъалахь [ша] мукъалахь. 1. Выражение пожелания успехов в труде,

в какой-л. деятельности и т. п. 2. Выражение решительности (что-л. сделать, выполнить, добиться). В этом значении к фразеологизму часто добавляется «сайн» (противоположность тому, что за успех всякого дела бог решит).

Дикас, дагахь бисмалла а доккхуш, схьаэцна, и пхи туьма шен тишчу эттlачу мокхачу гlовталан кисана а дуьллуш: «Дала мукълахь, кхана и гlуллакх, кхочушдийр ду-кх ас»,— аьлла, шен устазан куьг а лаьцна, букъ а берзийна дlавоьдучу цунна леррина тlаьхьа хьаьжира, шен дагахь: «Дикка ирс долуш ву-кх со, хьо устаз-х вай сан»,— а олуш. С. Бадуев. Пхи туьма.

— Бици,— элира Зеламхас,— хlинца дика сьога ла а догlий, сан дехар кхочушделахь.

— Дала мукъалахь,— элира зудчо. М. Мамакаев. Зеламха.— *Хlинца кхин хlума ца хуьлуш тап-таза со цlа кхачахь, сайн дала мукъалахь, тхешан цхьаъ бен боцчу аттана тlаьхьара шозлагlа шо а долуш йолу борш а йийна, дика дешна нах а балийна, сагlа доккхур ма ду ас,— аьлла, чlогlа нигат дира Шабас.* М. Айсханов. Мало — хало.— *Шу муха Iаш ду? — Дика Iа, дала мукъалахь.* I-Хь. Хамидов. ГIирмасолтас яьккхина са. *Iаьнга. Шен болх дlаболабале хьоьца къамел дан лиъна кхунна. Хьоьгара гlо а оьшу, Осма. Бакъахьа ду, дала мукъалахь.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

— Дала мукъалахь талур ю хьо, Мархет. Хlокху ялх берийн дуьхьа а хьо ца тоелча йиш яц. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Дала ша мукъалахь, хьайна хетарг хилла, дог доккхадеш вухавогIарг ва хьо.* Ш. Окуев. Юьхь.

Дала муха лов-те (?). Как возможно, допустимо что-л. ужасное невыносимое и т. п. Выражение возмущения, негодования, гнева.

Дала седа дуьхьал войла (й, д, б.). Выражение проклинания, возмущения и т. п.

— Тахана дуьненахь, кхана эхартахь а тхан къих хьалха ма волийла хьо! Оцу дала седа дуьхьал войла хьо! А. Айдамиров. Ирхеш.

Дала собар лойла <хьуна, [шуна]...>. Употребляется по поводу смерти кого-л. на похоронах. Восходит к религиозным обрядам.

«Дала гечдойла цунна!» «Бикату массаьрца а ийна, сов дог цIена стаг яра, дала собар а лойла»,— бохуш санна. С. Бадуев. Iадат. 2. Ирон. Будь спокоен.

Дала схьаккхоьллина хIума <ца дан>. Совсем ничего (не делать).

— Вайн национальни комитет хIун деш ю? Дала схьаккхоьллина хIума деш яц. Х. Ошаев. Алун шераш.

Дала тохар // Дала <а> наха <а> тохар. Что-л. очень неприятное: бедствие, горе, катастрофа, несчастье и т. п.

— Хlара-м къаьхьа де ду, ло ма диллахьара,— элира Ибрахlима, шен дахьийна куьйгаш а хьекхош.— Тlаккха хир ду хьуна, Ахьмад, далатохар, и ду хьуна уггаре а доьхнарг. М. Мамакаев. Цхьана буса.— *Амма нускал дукха луьйш дерг нислахь?! — Иза ду хьуна дала тохар...* Н. Музаев Мур. *Хlуъа хиллехь а цхьа дала тохар-м хил-*

дера хIокху юьртахь, хIинца и Iаламат хьенан кертахь хIотта дагахь ду-техь?.. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Дала тоха /тоьхна/. Дала <а<наха>а>тоха [тоьхна].У кого-л. все плохо (о делах, состоянии и т. п.).

— ХIокху жоьжахатара хабар хазаза ду цигахь? — юкъаваьлла геланчега хьаьжира Маккхал.— Тайп-тайпанара хеза! Цкъа хеза, кхузахь нахана дала делла бохуш, тIаккха,— дала тоьхна олий долу. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Ма дика дара иза бакъ делахьара! — велакъежира Семенов.— Дийцарехь, со башха дала тоьхна воццух тера ду.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дала <а><наха <а> тоха [хьуна, [хьо балхана и. д[. кх.]! Восклицание, выражающее крайнее возмущение, проклятие по поводу кого-л. или чего-л.

Кебират: Дала тоха хьо балхана, кхунах хIун хила гIерта? (Букъах ка а етташ). Аллах! Дер хир дац ишта-м, хIинца а сайниг вуьйш! Нана яла хьан, Мохьмад, хьо ма гIелвелла, хьо воцуш а йиса йоллу-теша со? С. Бадуев. Дайн Iедал.

Дала тIе ма даийтойла (!) Прост. Выражение предупреждения, предостережения о нежелательности, недопустимости чего-л.

— Дала тIе ма даийтойла нехан стаг лазавар! Нахана несалахь хиларал доккха хIума хир дац.

Дала хьала <а><охьа>а) кхоьллина <хIума ца хилла>. Ничего страшного, опасного (не ожидается, нет).

— Дала хьала а, охьа а кхоьллина хIума ца хилла-кх оцу хьан меран дукъана. Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Дала хьала-охьа-кхоьллина. 1. Необычайный, необыкновенный. Употребляется, когда говорящий хочет подчеркнуть необычайность характера кого-л. или сущности чего-л.

Дала хьала-охьа-кхоьллина адам. Вахел тамашена хир дац. Цунна дага а ца доIуш хIума дац-кх. 2. Для кого-л. что-л безразлично, все равно; абсолютно ничего.

Дала хьеха // Дала хьеха дац (!). Пусть, пускай будет так! (когда кому-л. что-л. совершенно безразлично).

Дуьххьара суна ша вевзинчу дийнахь санна, со юстуш лаьттира иза. Когера дуьйна коьрте кхаччалц, кеп йоккхуш йина, гора цунна. Дала хьеха! ...— Ма мукъа ду-кх хIара адам, цхьа долчунна! — элира ас.— Дала хьеха! — олуш, дIасахьаьжира Леча а. С. Курумова. Сан гIалат. *Заза (неIаре а йогIий). Дада, бакъ дарий нах ма вон хьаьвсира бахара, «ма латта, нохчий, дIаэца дош, ас сайн цхьаъ бен воцу Iела ло Деникина, ахь аьлча? Герман: Дала хьеха. Шайн ворхI а ден бIаьрг гома хьежабахьара цара.* М. Мусаев. Революции новкъа. *Завжан. Дуьне доьхча а, со хьоьца Iеш яц, кхетий хьо! Ахьмархьаьжа. Ас ца йитича? Завжан. Дала хьеха дацарий.* Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.— *Ас ма элира хьоьга кураваьлла Азамат. Дала хьеха дацарий.* М. Мусаев. Дашо маха.

Дала хIума дац. С кого-л. или с чего-л. нечего взять.

Дала чIагIбойла [Барт бойла] шун барт. Доброе пожелание молодоженам.
— Дала чIагIбойла шун барт! — элира цо даггара. I. Гайсултанов. Малика.

Дала эчкан мачаш йохийна цхьатера ши стаг лоьхуш. Очень похожи. Об удачном сожительстве, встрече двух и более лиц.

Дала ша хIукма долда. Проклятие (Связано с религией).
— ХIай, дешан мостагIий яI! Дала хIукма долда царна! А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дала Iалашволда (й, д, б.) <хьо...>. Пожелание здоровья, благополучия.
— Дала Iалашволда хьо. Хьайн аьтто баьллачхула схьанехьа волуш хила, Марша гIолда шу! I. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Далла бу хастам. К счастью. Выражение радости, удовлетворения по поводу чего-л.
Хаддаза хьан халкъан цIий Iенийна, амма далла бу хастам нохчаша мосазза а йиттина гIиба ваьккхина инарла ву иза. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.
— Далла бу хастам, цIахь сингаттам бац,— хаийтира Iаббаса. Сайн доттагIчун зудчера хIара кхечи соьга! — Салмане телеграмма кховдийра цо. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Деллахьа, Анзор, хьо нехан доьнчик а волуш машина ма ялаелахь вайн гIуллакхана. Далла хастам яI, и корта бетта вайн ца дезаш.* М. Мусаев. Анзор.

Далла гергахь // Далла <а<нахана>а> гергахь. Р а з г. Перед всеми, публично. У с т. Законно, по общепринятым правилам.
Далла а, нахана а гергахь нийсо йолуш хIума дуй иза? ... — Хьажал, Марем, мелхо а и кIант бахьана долуш, далла гергахь декъала хир ю хьо. Ш. Окуев. Юьхь. *Тахана чекхдолу ловзар тховса дилла а, нахана а хьалха цуьнин зуда ю хIинца кирхьан тIехьа лаьтта. Малика.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Далла гIуллакх дан. У с т. Молиться.
Дика стаг ма ву Хьумид. Далла гIуллакх а до, устазана вирд а доккху /.../. Хьаьдазан устазан вирдехь болчара, чуьра ара а ца бовлуш, до далла гIуллакх. А. Айдамиров. Ирхеш.

Далла дезийла (й, в, б.) <шу [хьо и дI. кх.]>. Доброе пожелание. Употребляется как ответ на какой-л. добрый поступок, действие, помощь и т. п. кого-л.
— Ассалам Iалейкум! — Во-Iалайкум салам.Далла дезийла шу! — салам схьаийцира Юсупа. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Далла духахьара ма хетийла [ма хезийла...]. Выражение неприязни, досады, недовольства, неодобрения. Употребляется как выражение неприязни, неодобрения и т. п.

Далла духъьара а ма хезийла иза, ша чIагарехь волуш цуьнан ойла далла а, устазана а генахь, ткъа арахь кхехкачу яйшна тIехула хьийзара. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Сона-м иза къотIалгIа вина олу хезна, далла духахьара а ма хоьтийла и,— шабар дира гIеметта хIоьттинчо.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Далла дуьхьал хIотта [ваха)й, д, б)]. Умереть.

Далла дуьхьал хIитта а дезаш, далар тIехь а долуш адамаш ду вай. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.— *Дуьненахь ваха дукха хан ца йисина сан. Кестта далла дуьхьал хIотта веза /.../ — ВаллахI, хьол дика а хилла... кIант-м ца ваха далла дуьхьал...* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

— Вай цкъа оцу далла дуьхьал хIитта дезаш цхьа бусалба нах дай. I. Ахмадов. Тешнабехк.

Даллеш дац. Выражение предупреждения: «Будет трудно». *ЦIенош дар даллеш дац, дукха къахьега дезаш хIума ду.*

Далла хаьа. Неизвестно, никто не знает.

Да <ма> ватIарг. См. Да ватIарг.

Да ма ватIарг, ког гIортабойла йоцуш хIума ю хIорд. Жимма гIо хьаькхча, цхьаъ тIе ца кхачахь, чохь вуьсур волуш. И. Эльсанов. ХIордан уллохь.

Да ма ека <хьан [цуьнан]>. Восклицание, выражающее восхищение, удивление (по отношению к кому-л.).

Бож-Iела. Да ма ека Майма хьан! Мел кIезиг гIайгIа ю хьуна наха аьндолчун. /.../ Бож-Iела: ...Да ма ека хьо схьахецначун. Минот ца ели-кх цо со охьатоха. I. Хь. Хамидов. Бож-Iела — *Ва, Майма, и хIун дара ахь аьлларг? — Да ма ека хьо берзан, ма Iаба а ца воллу!* Ш. Окуев. Юьхь.

Даммар-дарц хнла [дан]>. Окончательно, полностью разбить, разругать и т. п.

Стол агIоръяьлча, охьайоьжна ваза, йоьхна, дамар-дарц елира. М. Мусаев. Дашо маха. *Чаьнтиг ...Уьш иштта нехьа а дуьсуш, хьо ялсаманей, тхо жоьжахатей? И ду хьуна Ражин ге! Валлах дера, асий, Чопилгий цу ялсаманин неIарех, аьтта, дамар-дарц дийр ма ду.* Х. Ошаев. Ахмархьаьжа. *Йоьхна дамар-дарц ца яла, ша лаьттачохь, хебаш, къийлалора кIентан лер, бомба санна, чохь лелха нана.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамане.

Дан амал доцуш. Оказаться в затруднительном, тяжелом, безвыходном положении, состоянии.

Шен готтачу хIусамана дан амал доцуш, гIовгIанца ха хоьрцу дерачу Органо, чхеран пенащца тулгIенаш етташ декарца латкъам бо кIоргачу Iино а. С. Курумова. Дохк. *Цу уьшалан ор чуьра хьо ваккха гIоьртар ву со, гIуллакх дан амал доцчу далале! — курра дIахьедира Харламовс.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дан хIума дац. Иного выхода нет.

Да нелца |хьаккийца| воллийла <хьан...> (!) Восклицание, выражающее возмущение, гнев, негодование по отношению к кому-л. *Бож-Iела. Да нелца воллийла сан, водахь! Хьо-м, хьо бен вацара, хьо Харачойн Зеламха хилча тIаккха а-м /.../. Бож-Iела: Да хьакхийца воллийла бегаш бечун а, бегаш бан дог догIучун а, хIун де боху ахь сона?* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Дап-лап аьлла. Очень быстро, без промедления.

— Сан да хьакхийца валлалда сан оцу варандойн юьртдена Маккхална а, цуьнан зудчунна а, сайн нускална а хIара де декханза со Iийр велахь, хьо Мохьдан теш а волуш! — дIавоьдачунна тIаьхьа а кхайкхина, коьллашна юккъе а текхна, къаьркъий, туьхий ах-ах издина, катоьхна и дIа а мелла, агIор велира Хамберд. Ш. Окуев Юьхь.

Дар-дацар хила ала... 1. Поссориться. 2. Поговорить, побеседовать.

*1. Иза-м вайна новкъа гIоьртир вацара! — жоп делира Iаббаса.— Юьртахощца дар-дацар Iоттадаларх ларлуш а, гIиллакхах ца вухуш а схьавогIу иза...*Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

I.— Цара хIокху Iумарера тапча дIа а яккхина, цу тIехула дар-дацар а хилла, тхойшиннан карах царна цхьацца гIара кхетта. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. *2. Массара а шайна хет-хеттарг аьлча, Солтамурд кхин хеттарш ца деш, нах вовшашка дар-дацара ала а битина, ойлане велира.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дарц тосуьйтур <дIа> ду (!). Выражение угрозы (по отношению к кому-л.)

Козырев: Аса цхьа кIур баькккхина и чу а тоьхна, вайшиммо и чан, дарц дIатуьйсуьйтур ду хьуна. I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI.

Даха <кхин> дог дац. Другого выхода нет, иначе нельзя поступать. Напрасно на что-л. надеяться, рассчитывать.

(—Вайн кхин даха дог дац, кхузахь летта дала дезаш ду хьал). Аларан пайда бац, сан шераш дIадахча, йоьдучу замано къоналлех ваькккхина, дог шелдеш, бIаьрг гIелбеш, къеналла тIееъча, кхин даха дог доцуш, безамо со тесча. М. Мамакаев. Безам.— *Иза дийцича, со мотт тоьхнарг хуьлу,— жоп делира Лом-Iелас,— ца дийцича машине даха дог дац!* Н. Музаев. Мур. *Уллохь, гIар-тата йовш, олла а елла Iара хIинца кхуьнан уггара безам байна Маржан. ХIара Азамата леян йолаяхь-м — Хьамзате даха дог дац.* Н. Мусаев. Дашо маха.— *Ларлуш гIолахь, Iумар,— шофере вистхилира Лоьма, юьхьах йовлакх а хьаькхна,— цхьана агIор тилахь, даха дог дац. ...— И тайпа мунепикъаш доьзалехь кхобуш долчу ден-ненан ялсамане даха дог дац.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Дахар дIадала. Пожертвовать собой ради кого-л. или чего-л.

Хийла майрачу кIанта шен дахар дIаделла. Таханлерчу машарен дахарна дуьхьал.

Дахьа а дилла <меттиг яц |йоцуш|>. Очень много, в изобилии, в большом количестве.

Дахьа-дилла меттиг йоцуш дара НуржанагIеран бешахь Iежаш.

Дашах тешна. *Разг.* Довольно ненадежно, непрочно, некрепко.— *Цуьнан дашах тешна со муха Iийр ву иза валлалц?!*

Дашах ши дош дан. Обманывать, сознательно, намеренно ввести кого-л. в заблуждение.

— *Тешна хилалахь, ас дашах шиъ цкъа а ца дина! — элира кIанта, хенал воккха хила а гIерташ.* I. Гайсултанов. Александр Чеченский.— *Дашах ши дош-м дийриг хир дац цо?* I. Гайсултанов. Малика.

Даша юккъе эккха. Прервать кого-л. во время выступления, беседы и т. п.

— *Къеда, къечу стеган кертара цхьаъ бен йоцу аьттан цIоьллиг пурстоьпа дIаюьгуш я цуьнан чуьра тиша истанг яла йоцчу йолана дIахьош ма дацара шу халкъан бала дагабогIуш, хIинца ма чIогIа орцахдевлла шу массо а,— аьлла къедин даша юккъе иккхира къона Шерипов.* М. Мамакаев. Революции мурд.

— *Тхан юкъаметтиг евзий хьуна?.. — Даша юккъе иккхира Салауди.*

— *КIорIанор хаьа суна шун юкъаметтиг хьуначул дика.* Х. Ошаев Цхьана колхозехь.— *Хьан дашна юкъа эккха ца лиъна дерриге а ала витира ас хьо, Муса,— элира цо тIаккха.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Хьан дашна юккъехула ала ас,— элира Аьлтамара.— Суна хетарехь, паччахь вохийна хилча, хIинццехь схьалаца дезара Iедал.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Дашо корта. Очень умный, ясно, логично мыслящий человек.

— *Цул хьекъал долуш кIант вац вайна юккъехь! Ша дашо корта болуш-м ву!*

Дашо куьйгаш. Мастер своего дела. Умение искусно делать, мастерить и т. п. что-л.

— *Хьо болуш кIант ву. Шен куьйгаш дашо а долуш.* Н. Музаев. БIарлагIийн тоба.— *Дашочу куьйгаша гIайракх тIехь хьаьжкIа кхиийна... (...) ХIора адаман куьйгаш а ма ду дашо!* — элира Зормас. Н. Музаев. Мур.

Дашо лаьмнаш. Сказочное богатство.

Даш санна <еза (в, д, б.)>. О ком-л. или чем-л. тяжелом по весу, тяжести.

Цо сел дог ца догIуш боккхуш болу ког а, даш санна, базлой хIуттура лаьтта охьа. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Даш тIе <ала>. Кстати (сказать). о чем-л. сказанном.

Даш тIехь <лаца>. 1. Находить противоречия в словах собеседника.

Асетан Iедал дара муьлха а стаг даш тIехь лоцуш. 2) Заставлять кого-л. сделать или обещать сделать то, о чем им было сказано.

Даш тIехь <хила>. Испытать, выполнять обещание, обещанное.

— *Хьо хьайн нох а кечдеш, говр а Iалашъеш вайгахь чохь а витна, тхо девлла Маккхалан неIарга гIур ду, хьо хьайн даш тIехь вуй, аьлла, хатта.* Ш. Окуев. Юьхь.

Даъал дукха <веза (й, д, б.)>. Кто-л очень любит кого-л. или что-л.

Даъал вовшийн дуккадезаделла, лергаш таIIийна Iачу йоьIан, кIентан хIун талхадора Хизара кегочу чу хьапар-чупара. М. Мусаев. Анзор.

ДаI тIера даккха. С кого-л., доведенного до крайней степени нужды, требовать, отобрать, забрать; выпрашивать и т. п. что-л.

Сан даI тIера даьккхина оцу ахчанах хIун до ахь?

ДаI тIе урс хьекха. Вызывать тягостное воспоминание, волновать, тревожить, беспокоить.

Кхуьнан дIадаханарг юх-юха а дуьйцуш даI тIе урс хьоькхура Руслана.

Даьдала [даьднса, даьйнса] хьан [шун]> (!). Восклицание, выражающее удивление, восторг (по отношению кого-л.). Употребляется для выражения уверения в истинности чего-л.

Яндарха, тIаьхьа-тIаьхьа улло а теIаш, цецвуьйлуш, сурташка хьоьжуш лаьттара. Кест-кеста ша-шега олура: «Хьайн даьдала хьан, делаI-кх». С. Бадуев. Некъан кехат. *Ахьмад. ...Шайна мичара кхета ца хууш, хьайн даьдала махIума а кхетар ю-кх царна.* I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI. *Баудди. ...Сийсара Маремаца къаж этира ас, хелхар деш; хьай даьдала цуьнан, мел хелха а йолу-кх иза.* С. Бадуев. Большевикаллица ялта дерехьа. *ТIерло. Даьдиса хьан! Тохара-м ма вара хьо, топ бIаьрга ма гарг еш.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.— Даьдиса хьо кIентан делаI! — тIевахана, Ахьмад маракъевлира Iелас.— ВаллахI ва биллахI ву кIант-м хIинцца пхийттара ваьлча санна каде! А. Айдамиров. Маршонан цIарах.— *Даьдиса хьан, ма йоккха топ яний ахь йинарг! И топ дика ярна, совгIатана ас дIо дечигах хьалауллуьйтур ву хьо,— аьлла, дарвеллачу имама.* Х. Ошаев. Заманан некъаш. («Шемилна ножах йина йоккха топ.) — *Даьйиса хьан! — велакъежира Сарап.— Хьо-м дера воллу со сарап санна чIагIвеш! Iаьржа сарап санна.* Н. Музаев. Мур.

Даьсса ага ца тахкийна. Кто-л. живет не напрасно; полезен.

Даьсса киса. Кто-л. очень беден, не имеет денег.

— *Дерзанчу бераща, даьссачу кисеца со мича воьду?* — А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Даьтта <а> хьоккуш <корта баккха>. 1. Коварным, обманным путем строго наказать кого-л. 2). Поставить кого-л. в неприятное положение.

— *Шен дуьхьа хьеннан а корта боккхур бу хьуна цо, даьтта а хьоькхуш.* М. Мусаев. Дашо маха.— *Э-хIай, Хьасипат, лаьтта а хьокхуш, корта баьккхи ахь сан. Йийча кIезиг ма дара хьо.*

Даьттан чу Iайг биллина. (Жить) в достатке, материально обеспеченно.

Кхин дуьненан рицкъа ца оьшуш, хьал тоделла даьттан чу Iайг биллина ехаш яра пурстоьпе мотт беттачу Жаловн зуда Арвахь,

Даьтта хьакха. 1. Добиваться чего-л. у кого-л. путем хитрости, плутовства и т. п. 2. Уговорами, обещаниями и т. п. склонять кого-л. к какому-л. поступку, действию и т. п. Ср. Хьакхар хьакха.

Де а (в сочетании с дац). Никакое. Де а дан хIума дац Лечис цигахь.

Де а <бахьана> дац [доцуш]. Без всякой причины, цели и т. п. *Цхьана дийнахь ловзаргахь сакъоьруш Iачу Айдица дов даькккхина Батас, де а бахьана а доцуш.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Хьуна кхийти иза?») — *Ва къонаха, ма тамашена стаг ву и хьан шича,— дегабаамца чоьхьа яьлла Дагин зуда.— Де а бахьана а доцуш, бага лейи-кх цо соьга.* 1. Ахмадов Забаре дийцарш шира хабарш («Божарийн гIиллакхаш»).

Дéа <хIума> дац. Р а з г. Легко, просто; ничего не стоит.— *Иштачу командирна тIаьхьа а хIоьттина тIом бар дéа хIума дац.* 1. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Делан йовхо. Надежда; тот (то), на кого (что) можно надеяться, опереться, положиться.

...Зайнас, шен цIийнда вийча шен ши кIант кхаба гIерташ шелой, тIуналлий ца лоруш бехха болх бинера, тIаккха цIехьана хоршо а лаьцна, цу тIе цхьаъ бен йоцу говр наха лачкъа а йина йисинера, нари тIехь Iер бен кхин гуьнахь а доцуш, ерриг а дегайовхо Iимранах а йолуш. С. Бадуев. Iимран. *БIаьргаш чохь доржуьйтуш Iуьйренан нур, сан деган йовхо Адамашна луург; ямартчу дегнех, и ойланаш — Iаьржабухъяхна, Билхинчу бIаьргийн хиш кхарса.* З. Яндарбиев. Дош лоьху ас ала.

Деган пха. 1. Наиболее уязвимое место, сторона кого-л. 2. Самое главное, основное в чем-л.

Дегнаш ира-кара <хIитто>. [ХIотто.]. Воодушевить, поднять дух, побуждать кого-л. к чему-л. *Салтийн дегнаш ира-кара хIиттадора, порядок ларйора.* 1. Гайсултанов. Александр Чеченский.

ДегI даккха. Расти, стать выше (часто по росту); развиваться. — *Миччахьахула хьо леллехь а, советски адамашна юккъехь даькккхина-кх ахь и дегI.* М. Мусаев. Анзор. Дуьххьара дегI доккхуш, Жиманиг тховх кхача гIерта. С. Дакаев. Дуьххьара дегI доккхуш.

ДегI доьхкина. Старательно, прилежно, рьяно делать что-л., выполнять что-л. *Ша дешна ваьлла цIа веача, фермин заведующи вахара. Цхьа а куралла йоцуш, дегI доьхкина болх бира.* А. Айдамиров. Ирхеш.

ДегI дIадала. Погибать, умирать. Жертвовать собой. *Шен даймехкан дуьхьа шен дегI дIадала кийча вара Афганистанехь интернациональни деккар кхочушдеш волу Салманов Асланбек.*

Дегlехь кеп хила. Быть, находиться в состоянии опьянение.

Дегl-куц дац // Дегl-корта <а> бац // Юхь-куц дац. // Куц-сибат дац и. дl. кх. Р а з г. О человеке неприятной внешности и т. п.

Дегl тlома даьлла (дала). См. **Тlома ваьлла (вала (й, д, б.).**

Жерочун цlе тlехь йолу ша шена тlехьийзаш хиллачу кlантстагана хьашт хиларх йоккхаеш, дегl тlома даьлла цlехьа йирзира Малика. l. Гайсултунов. Малика.

Де даьлла хан. Время дня 10-11 часов утра.

Де даьллачу хенахь, чlогlа оьгlазвахана, цергашца лахара балда а лаьцца, тlехьа ши куьг а диллина жимачу сирлачу цlа чохь, йоккхачу юьртарчу «участкан правленехь», чухула дlаса лелаш вара нохчийн участкан пурстоп, ша гlалгlазкхашха а волуш Кулдевич. С. Бадуев. Цlеран арц.

Де-дийне мел долу (дели). Постепенно, медленно, понемногу. Употребляется для обозначения непрерывности, постоянства какого-л. действия. С истечением времени.

Совдат: Ворхl шо хьалха декачу шовданан йистехь цо сан даг тlе йиллина шен цlе де-дийне мел дели чlагlлуш, дийна сан дог хилла дlахlоьттина.

l.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий. *Де-дийне мел дели — Ибрахlим хийра, сийсарачул а сов херлора тховса.* Х. Эдилов. Сийлаха.— *Амма, ахь айхьа мукlарло ма-дарра, де-дийне мел дели дуьне гатлуш ду шуна.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Де дика хуьлда <хьан [шун]>. Формула приветствия при встрече днем.

— Де дика хуьлда шун, хlай дезийра адамаш! — цкъа Мамедан, тlаккха Зармин куьг лецира Сарапа.— Шу лаа, тара дуй? Н. Музаев. Мур. *Гlиллакхехь, курра вистхилира Бади: — Де дика хуьлда хьан, Висита!* l. Гайсултанов. Малика.— Де дика хуьлда, хьо охьанехьа ваха ваьлла? — Диканца дукха вахийла, жима къонах, суна ма ца вевза хьо? И. Эльсанов. Кlайн коч.— *Де дика хуьлда хьан, воккха стаг! — Маршалла а хаьттина, говрара воьссина хьаша.* l. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Со чухьаьжна а вац».)

Де долуш. l. Быть в состоянии, силе, решимости (что-л. сделать).

— Хlинца оцу нехан лар толлуш гlатта со де долуш а, я лаам болуш а вац! Н. Музаев. Мур. 2. О большом состоянии, роскоши и т. п. кого-л.

Де дохо. Ставить кого-л. в трудное, тяжелое, безвыходное положение, в критический момент.

Къийсам, цlий ца lанош хилац, накъостий, амма цуо вай де а дохо оьшуш дац. М. Мамакаев. Революции мурд.

Де доьхна <виса>. Оказаться в крайне трудном, сложном положении; в беде. (Приходить в отчаяние).

Де доьхна, Іаьржачу халоно хьовзийнчохь, мацалла бІарздина, гІелонна кІелдуьсчохь бохамна, харцонна юьхьдуьхьал хІиттинчохь собарах, стогаллех ма довла боху цо. М. Мамакаев. Даймехкан косташ. *Везачу доттагІчун де доьхна ду аьлча, тешаме гергарчу кІентан а дог духу.* І. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь. *Сутарби. ХІара борз, кхуьнан де доьхначуьра, хьаьстина а, кхерийна а сайн гола юкъа озо еза ас.* І.-Хь Хамидов. Бож-Іела. *Де доьхча, даймехкан орца ца хезаш висарх со волу.* Хь. Сайдуллаев. Де доьхча...

Де доцуш. І. Без надежды, опоры, сил и т. п. *Юьйхира Зебират йист хила а де доцуш.* С. Курумов. Дохк. 2. Очень бедно, духовно нище.

Деза де. 1) Время больших, великих событий. См. **Доккха де.** 2) Праздник. *(Йоккха стаг). Лойша сагІина хІума таханлерчу кху дезчу дийнахь. (Хьалхарниг). (Кисана куьг Іуттий, схьадоккхий, ахча дІа а кховдош). ХІара шай-м дара хьуна, йоккха стаг, кхин хІума яц-кх соьгахь.* С. Бадуев. Марха досту де. *ТІекхочуш лаьтта дуьненан халкъаш шега сатийсина пагІатонан деза де.* Ш. Окуев. Лай тІехь цІен зезагаш. *Ловзар — деза де. Наха тоьлларг духу, дешех а, кІур биллинчу детех а кхелина шаьлтанаш, цІетуху герз а.* Э. Эльсанов. Хелхаран мах. *Ирсечу дегнашна бІаьстенан деза де тІеоьцу вай.* С. Дакаев. Хьалхара май.

Деза-дезарг. Все необходимое, все что нужно. Об изобилии чего-л.

Деза-дезарг дара стол тІехь: лимонаш, хурманаш, Іежаш, кемсин кенаш и. дІ. кх.

Деза ма детта. Выражение предупреждения, напоминания.

Мохь туьйхира Эламирзас: — Деза ма детта аш! Цхьа хан йогІур ю, шун кураллехь тхо Іебаш. Нохчийн халкъан фолъклор (Халкъан илли тІера).

Дей-бодий къаьсташ. Рано утром.

Цхьаннахьа а ца хаалора дей-бодий къаьсташ цІийелла стигал, вуьшта Малхбалехьара кІай-м деллера дуьне. С. Курумова. Сан гІалат.

Де йисте дала. Вечером. *Де йисте долуш лаьттара.* М. Мамакаев. Месийн кІайн маха.

Декъала да. 1. Самый счастливый. *ТІаккха, цу доьзалан декъала да хуьлуш, сайн дайша санна, ас Сутара къахьоьгу.* Хь. Сатуев Ахархо. 2. Уст. Феодал, богатый человек. 3. Разг. Человек, которому можно завидовать (в чем-л.).

Декъала дика сахьт хуьлда (...) (!). 1. Говорится при поздравлении родителей, жениха по поводу женитьбы их сына.

Керта оьхучу кегийчу а, баккхийчу а наха цамгар яйелла Іуьллу РакаІат йолчу а оьхуш, Бештона далийна нускал декъалдийр ду — «Дика сахьт дойла. АллахІ цІе йолчо хьан даго къобалъечу тайпана тІаьхье беркат йолда,» бохуш. С. Бадуев. Бешто. 2. Пожелание удачи, благополучия в чем-л. Употребляется к человеку, приступающему к какому-л. делу, начинающему новый этап жизни. (Часто в период бракосочетания).

Декъала хуьлда (!). Доброе пожелание. Употребляется по отношению к тем, кто работает, трудится.

Болх декъал хуьлда хьан, Зарма! — тlевеара цунна Ладаев Мухьмад. Н. Музаев. Мур.

Деккъа цхьа мархал <дисина>. Кто-л. сильно исхудал. *Больницера араваьлча Масай деккъа цхьа мархал дисина дара.*

Дела воццунна (ша воццунна) (хуур дац // Цхьа далла хаьа (хуур ду). Совершенно непонятно, необъяснимо. О чем-л.

«Хlун хир ду-м, дела ша воццунна, хаац»,— бохуш, яздинера Бицис. М. Мамакаев. Зеламха. *Ши котам кхаьбча, дела денна даа а, дохка а хlоаш хир дара.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Делан дуьхьа. Пожалуйста. Ср. русск. **Ради бога.**

Делан йоза <ду>. У с т. Стечение обстоятельств, не зависящих от воли человека, ход жизненных событий. Доля, участь.

Марха достуш lен Шедид, цхьаъ [illegible] тlаккха шена гlийла лаьтташ Дика вайча, тахана, кхехкаш лаьтта хи тlе а lаьнна, цул тlаьхьа дукха хан ялале шен веллачу кlантана Дика гlелвелла моьттуш, цо меллаша элира: «Хlумма а дац хьуна, Дика, гlел ма лохьа иза-м делан йоза дай, дала тоххара яздина хилла-кх и ишта хила». С. Бадуев. Пхи туьма,.

Дела ма вала (й, д, б.) <Хьо...> кеста. Выражение вежливого обращения к кому-л. Иногда выражение употребляется с иронией.

(Баудди:) (Хьаьлиме). Дела ма вала хьо кеста. С. Бадуев. Большевикаллица ялта дерехьа.

Дела ма ваха (й, д, б.) <хьо...> веха (й, д, б). Выражение проклинания.

/Алид:/ Зударшний дайна, дела ма ваха хьо веха! Хьо а вара кху чохь? /Ниса:/ Ой! со воцуш цхьа а синкъерам дlабала йиш йоцийла ца хаьа хьуна? С. Бадуев. Дайн Iедал.

Дела ма хаза <хьо дуьйцу> (!). Выражение удивления, восхищения.

/Бож-Iела:/ Э-эхlай, дела ма хаза хьо дуьйцу! I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Делан <а> вац (й, д, б). Употребляется, когда кто-л. не считается с обязательными правилами, нормами, интересами.

Ий йоl цаезарг делан а вац.

Делан балийца // Хала делан балийца. Кое-как, с большим трудом, напряжением, усердием; не жалея сил (делать что-л).—

Делан балийца дlайийнарг хьалакхиахьара а яра цхьа лар. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Делан барнай. Р а з г. Тихий, безобидный, не умеющий постоять за себя человек.

Цхьа делан барнай ду-кх Лечи, цкъа а цкъа цо дов даькккхина я чIогIа вистхилла хезар дац.

Делан болх <бу>. Стечение обстоятельств, не зависящих от воли человека, ход жизненных событий.

Делан болх бу, сона ца хаьа цунна хIун хилла.

Делан возаллора. Выражение заверения, подтверждения и т. п. в чем-л.

/Жунид:/ (Шек а воцуш). Дуй иштта, вайн устазо ма-баххара? /МоIсум:/ Делан воззаллора, иштта хир ма ду хьуна иза,. Хир ду, хьовха, иштта ду-кх. С. Бадуев. Марха досту де.

Делан гIуда <хьарча>. Словно нарочно, словно специально (происходит или делается что-л. плохое, неудобное, невыгодное и т. п. для кого-л...)

— *Ой! Хьажахь, хьо бухъхьабаьлла некъ, цхьа делан гIуда-м ду сох хьаьрчинарг, дера, схьадагадан, ас сел со юьхьIаьржачу хIиттавала латийна къа-м дацара.* Ш. Айсханов. Мало — хало.

Делан денна [дела денна]. Каждый день.

Схьаялае Дагас а аьлла Мурдал Сека схьаяло дехьа чу вахча, Дагас ша-шега элира: «КIордийна сона хIара зуда, делан денна схьаоьхуш»,— аьлла. С. Бадуев. Дуккханнах цхьаъ.

Делан дуьхьа. *Разг.* Пожалуйста, очень прошу. Употр. для подчеркивания просьбы, мольбы и т. п.

Ца ваьлла, юха а элира цо: — Делан дуьхьа доьху ас хьоьга. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.— *Валол, делан дуьхьа, и хьайн къена хабарш а дитий.* Ш. Окуев. Юьхь.

Делан йоза <хилар>. Дела йоза <ду>. Ср. Азаллехь иштта яздина <хилла>. То, что должно случиться, должно было случиться; судьба.

— *ХIумма дац иза а, хилларг хилла даьлла. Делан йоза хилла иштта.* Ш. Окуев. Юьхь.

Делан карахь <бу болх> [...]. 1. Употребляется, когда кто-л., рискуя, с надеждой на удачу, хочет попробовать что-л. сделать или когда кто-л. ничего не делает, не предпринимает, надеясь на благоприятное стечение событий и т. д.

Хьо-м ца яло а ма ца воллу. Ма-луъу ялае. ТIаьхьенан болх делан карахь бу вайн. Ш. Окуев. Юьхь.

Делан кхел [кхиэл]. Смерть.

Делахь а, делан кхел хилча пайда бац, кIентан хан кхаьчна хиллера. I. Мамакаев. Текхнарг.

Делан ницкъ бар-кха. Выражение пожелания исполнения чего-л осуществления чего-л. (вопреки кому-л, или чему-л).

— Шен делан ницкъ бар-кха и хьуна хетарг а, луур а ца хилийта!

Делан пекъар. Р а з г. Безобидный, добродушный; слабый, бессильный и т. п. **Ср. Делан барнай.**

Цхьа делан пекъар яра Кесират: халла а бен ара ца ялалуш, цамгарша са бIарздина.

Делан сагIа юкъадоьлла. Случайно, благодаря случаю (спастись увернуться и т. п.).

Делан сохьта. Моментально, мгновенно; сразу же, вмиг и т. д.

— Делахь, ала оцу шаме, ас боху совгIат цуо сина дахь, хIокху делан сохьта цу эпсаран аьтту куьг шаман динна хьалха охьатосур ду ас. Х. Ошаев. Заманан некъаш. («Шемалан совгIат»).

Делан ун. Что-л. ужасное, страшное; неприятное.

ХIинццалц базарахь салти гича, делан ун догIуш хета мушахой тахана бела-белла-бекхабелла дуьхьалкхетара царна. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Делан цIе яха. У с т. Просить, умолять.

Делан эхарта ваха (й, д, б.). Р а з г. Умереть.— Ткъа, ахь, Ахмедик, гIиллакх а, оьздангалла а хьехайо. *Мичхьа ю уьш? ДIадеша ахь, профессор, академик, леха ахь. Уьш ца карош делан эхарта гIур ву хьо.*

А. Айдамиров. Ирхеш.

Делан Iад (делаIад) хIотто. Создать крайне тяжелые, невыносимые условия, хаос, ужас.

Вехна, тIуртIузваьлла цIа кхаьчначу Жаддала кертахь делан Iад хIоттийра.

Дела реза хуьлда <хьуна>. Формула доброго пожелания (как благо отчет благодарности за что-л).

— Баркалла, дела реза хуьлда хьуна, Фатима,— аьлла, цуьнан Iодика а йина, дIабахара уьш. Х.-А. Берсанов. Болатчу динан бере.

Дела сан <а>, со делан а вац (й, д, б.). У с т. клятвенное заверение, убеждение и т. п. в чем-л.

— Дела сан а вац, со делан а вац Хьасан, вайшиннах цхьаъ хIокху цхьана кIиранах лахьти чохь Iуьллур вацахь! — олуш, дуй биира Саьмбис, ша вардана вилличa. Х. Ошаев. Алун шераш.

Делаха волийла (й, д, б.) (со). Клятвенное заверение, убеждение и т. д. в чем-л.

— *Амма, со делаха йолийла, Миша, ас цуьнан ахчанах куьг тоьхнехь! — Микаилан бlаьра хьаьжира Хьасипат.* Ш. Окуев. Юьхь.

Делах кхера (кхерахьа). *Разг.* 1. Опомнись, одумайся. Выражение в целях образумить кого-л. 2. Постыдись, имей совесть.

— *Айхьа хlун дуьйцу хаьий хьуна! Ма хьийзае со, цхьа а бехк а, гуьнахь а доцуш. Делах кхерахьа!*

Делах шайтlа санна <вала (й, д, б.)> Навсегда, насовсем расстаться с чем-л. *Юьртан къеда: ...Ахчанах-м ирх-охьа а воьллера иза /Гелага/, делах шайтlа санна.* С. Бадуев. Гуттар ца хуьлу моллина мовлад.

Делахь <а> дацахь <а> (й, д, б.) Хоть откуда.

<Дела> юкъабойлахь сан. А вот так (сделаю)

Деле собар деха <хьайна>. Р а з г. Успокойся, угомонись.—

Ма чуьраваьлла хьийза хьо! Охьахаахь, цхьа кlеззиг деле собар деха хьайна. И-м доккха хlума а ду!

Делла жlаьла /цициг, цхьогал/ тешнйла. Кому-л. нельзя, не следует верить, доверить и т. п.

Делла жlаьла тешийла хьох! Хьо мекара цхьогал ца девзаш мила ву?!

Деллахьа ала (!). *Разг.* Выражение удивления, недоумения по поводу чего-л.— *Деллахьа ала! Ма доккха lаламат хилла куц ду цигахь! Хьажахь! Боккха болх бу-кх.*

Деллачу жlаьлел <башха> Полное равнодушие, безразличие кого-л. к кому-л или чему-л.

Сутарби ...Хьуна-м со, деллачу жlаьлел башха, дагавогlу а хир вацара. 1.-Хь. Хамидов. Бож-lела. *Йиттина, ведйина, деллачу жlаьлел башха кхин тергал ца еш, йитира Васса гестаповцаша. Волгоградан арахь.* М. Исаева. Ирсан орам. *Сатаби волчу а вахана, деллачу жlаьлел башха, цо тергал а ца вина, юхавогlуш волу тохарлера хьаша ша новкъахь лаьттачу Дагина тlенисвелла.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. «(Юха вогlуш...»).

Делха <а>, дека <а> дац. 1. Можно на все решиться, пойти на любой риск, так как никто не ждет (дома; об одиноком человеке).

— *Сан, Маккхалан цlахь делха а, дека а дац. Тхойша гlур ву цига.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. 2. *Нет никаких причин спешить, торопиться, успеется.*

Де ма доха. Не теряй надежды, уверенности; успокойся.

Ср. ант. **Де доха.**

Де ма ека хьан /шун.../ (!). Восклицание, выражающее различные чувства. (удивления, радости) восторга по отношению к кому-л.

Ср. **Даьдиса хьан (...).**

Деми дарцхила //Деман чан хила. Ср. **Дамар-дарц хила.** Р а з г. Рассыпаться на мелкие куски, разбиваться вдребезги.

Де мел дели. С каждым разом; с истечением времени. Ср. **Де дика мел дели (долу).**

Ден гIуллакхаш хазахета хьоме хеташ дагна езнарг. Дагахь латтош хьо хир ву-кх, де мел дели карлаюьйлуш. Нохчийн халкъан фольклор. (Мехкарийн йиш).

Дена ала//Нанна ала. Г р у б. Браниться, ругаться (часто в нецензурных ругательствах).

Набахтин начальник Самохваловс дена а аьлла, схьаэцна ластийна боккха тIулг кхоьссира Оля йолчу коре. М. Мамакаев. Революцин мурд.— *Бетарсолта, со дIаваха воллу. Дела хила хьан дена нелалт! — аьлла Iабаза.— Ой, Iабаз, де а бахьана а доцуш, дена хIунда эли ахь суна? — цецваьлла Бетарсолта.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Нелалт хуьлда хьан дена»...).

Дена баха.

— ... Къаьрззина Элахе хьалахьаьжира Донца.— Ой, дистанчу хил сехьа а хIоьттина, суна дена баьхнарг вац хьо?! Ву дера-кх. Дена ца аьлча хьо сехьавер волуш а ма вацара. Х.-А. Берсанов. Донца. **Дений-нанний баха.** *Ког мел баькхкхинчохь дений-нанний бохуш хеза.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Кхузахь а, дений, нанний бохуш, бетах хIуманаш етташ, уьш метта балон гIерташ, къахьега дийзира церан.* Ш. Окуев. Юьхь.

Дан вахар делла (дала) Не считаясь ни с какими усилиями, затратами, жертвами, какими угодно средствами, способами (достигать, добиваться чего-л., спасать, преображать, защищать и т. п. что-л.

— ХIун делла цо машенах, хаьий хьуна? ХIун делла-м ца хаьа, цхьа ден вахар деллий-м хаьа.

Ден вахар деха /даккха/. Потребовать очень больших затрат, продать что-л. по очень дорогой цене.

— Ахча дукха доккхур дуй-техьа, кIант, хьоьгара хьехархочо? Баттахь мел дала деза билгалдаькхина, барт хиллий шун? Цо цхьана ден вахар дIадехахь, иза дала йиш ма яц вайшиннан. Ш. Окуев. Юьхь.

Ден да /Сан ден да/ вагIахьара // Матай вагIахьара // Сапарбин Сайд-Ахьмад вагIахьара. Р а з г. Пусть никогда, ни при каких обстоятельствах (Данный фразеологизм имеет десятки разных вариантов).

— Тоьур, тоьур ду! Нах бита! Хьо-м, ишта... Сан деда вагIахьара уьш декъала хилале... М. Мусаев. Анзор.

Дено-дено. Постепенно, медленно, понемногу. С течением времени, с каждым

днем. *Адам дено-дено Iеса долуш лаьтта.* 1. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Денош дагардечу даьлла. Жить осталось недолго.

Денош /ха/ дахьа (й). Провести время.

Тхо юьртахь аьхка денош дахьош долчу хенахь чIогIа догIа туьйхира ломаца хьала-охьа.

Денош техко. Безрадостно, беспросветно, однообразно жить, существовать.

— Даккхий хилла девлла бераш цхьацца дуьненан исс маьIIе дIаса а дахани кхин хьажа стаг воцуш ша Iаш, денош токхуш яра Келимат.

Дера хьал дац. Не очень-то, не особенно хороший, посредственный; не имеющий какого-л. качества в достаточной степени (о чем-л.). Ср. **Эхl аьлла хIума дац.** Употребляется как характеристика, оценка чего-л. Среднего, заурядного.

Башха дера хьал дац Къосума далийна жIаьлин кIеза. Цунна ма моьтту «Пхьарчий» дац иза-м. Цхьа кIанцIар ю-кха.

Дерг-доцург. Р а з г. Все. О чем-л. Об исчерпывающей полноте, полном охвате чего-л. /Козырев/:

...Со тIе а ваьлла цигахь дерг-доцург хIун ду хьажа воллу, хьо кхуза хьожуш хилалахь. 1.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI.

Дерг ду <ала>. Говорить о чем-л. прямо, откровенно; ничего не скрывая, не подыскивая смягчающих слов и выражений.

— Дерг ду ала деза. Кхин хийцаделла, тоделла хьал дац цхьайолчу ламанийн ярташка боьдучу некъийн тобарх аьлча.

Дерриг дуьне. 1. Множество, огромное количество.

Сайн цIен коч юьйхина со гIалин юккъе ваьлча, дерриг дуьне дара соьга хьоьжуш. 2) Все самое дорогое, ценное.— *Селхана ас экзамен дIаелча, дерриг дуьне сайн хеташ вара со.— Дерриг дуьне хьан дукх, хьо халкъах хаьдда вацахь.*

Дерриг Iилма <хаа>. Быть очень начитанным, эрудированным.

Зулай дерриг Iилма хууш, чIогIа хьекъал долуш а, гIеххьа аьлча-м нийса а дацара, тIехь саьхьара а, мекара зуда яра.

Деса /даккхий/ хабарш. Небылицы, сплетни, пустословие, болтовня.

Церан деса-даккхийчу хабаршца гIуллакх дацара юьртахойн. С. Курумова. Сан гIалат.— *Стаг, и хьан деса хабарш кIордийна суна! — карзахъелира хIусамнана.* У. Гайсултанов. Малика.

Де тIехIотта. Настать ответственному моменту, испытанию и т. д.

Ср. **Де тIехIоьттича.** В ответственный момент.

— *Къематан шо дагlахьара хьуна со къонаха хетале! Хьо воккха хиларна, кхин хьоьга хlума ца олу ас. Цхьа де тlехlоьттича бен ца хаьа къонахчалла хьаьнгахь ду!* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Дехий /доций (доцуш) /хlунда дуьйцу (!). Заключая вышесказанное (употребляется при желании короче завершить речь, изложение).

— *Ма дийцал, Салаудди. Ахь и дуьйцуш а са ца къерало сан. Дехий, доций хlунда дуьйцу, цуьнга ца йоуьйтуш, и йоl йолуьйтур ю-кх ас.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Дехкина зуд санна <лата>. Разг. (Действовать) отчаянно, сгоряча, не считаясь ни с чем, не думая о последствиях.

— *Хьаргlа хилла-кх хьуна гинарг. И массарна а девзаш ду, шех ца кхоьручунна гlалх ала а ца даьхьаш, кхоьручунна, ша, дехкина зуд санна, леташ.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Дехьа-сехьа вала /ваха (й, д, б.)/. Прогуляться; ехать куда-л. (обычно далеко, в разные направления, может употребляться в значении «ехать куда-л. с целью людей увидеть, себя показать».

— *Ва нана! дехьа-сехьа вала а дезий сан-м.* С. Курумова. Дохк. *Самид тахана районера дехьа-сехьа вахана ву.* Н. Музаев. Мур.

Дехьара-сехьара. Из разных уголков.

Дехьа-сехьарнаш (мн.ч.). Гости (из разных мест).

— *Тахана маре яла сан йоl яц, хилча а, нехан юьрта а лур яц,— олий, берзабора дехьа-сехьарнаш.* С. Курумова. Дохк.

Де хlотта. Находиться в состоянии подъема, вдохновения. (Обычно от материального благополучия). Иметь возможность, быть в состоянии.

— *Сайн де хlоьттинчу хенахь декхаза lийр вац со.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Дец хьуна // Дуй хьуна // Дуй-деца хьуна. Выражение отношения говорящего в высказываемой мысли, часто, для связки слов.

— *Вайнехан lедалехь эхь тlедогlу хlума ду иза, дец хьуна,— шен мекхех куьг хьаькхира Муьслима.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

— *Беркате догlа тlеоьхуш ца хилча я хи дуьллуш ца хилча, дец хьуна дlа ма долу зезагийн дерг.* I. Гайсултанов. Малика.

Де эшна. (л-рг). (Кто-л.) в беде; в трудном, тяжелом положении, состоянии и т. п., в критический момент.

— *Де эшна со хьайна тlевеанчу дийнахь дерачу сан меженашна сапаргlат йийша меттиг кечбиний ахь?* Ш. Окуев. Лай тlехь цlен зезагаш. *Де эшнарг нисвелча новкъахь гlо доьхуш. Цуьнан дог ца оьцуш, тlехъяьллехь шийла,— даггара довха дош ала стаг воцуш, сан яхар хуьлийла гlийла.* Б. Гайтукаева. Латта, ахь со лара хийра.—

Ва Iалайкум салам! Де эшна веана велахь-ваша а ву, охьахаа меттиг эшахь — гIант а долуш ду! — хьала а гIаьттина гIант делира ДецIас Демчина. Ш. Окуев. Юьхь.

Де эшначу дийнахь.

Вайн мостагIийн де эшначу дийнахь ца яьлла вайн топ цхьа а яла оьшуш яц. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен *зезагаш.*

Деш-дуьтуш <а> доцуш. Ничего не делая, праздно проводить время, бездельничать.

Деш-дуьтуш а доцуш, нехан текха тIе хьийзаш ваьлла лелаш волчу Хьумидах хIу хьакхаделлера Бадина. I. Гайсултанов. Малика. *Зулай: Дера ца хета. Деш а, дуьтуш а доцуш лелачул, гIуллакх ду иза а.* I-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Деш а дац, дуьтуш дац Буса я дийнахь. ХIораммо хан луьсту. Ма луъу шена.* Х. Эдилов. Турпалхо. *Кхин деш-дуьтуш хIумма а ца хиларна, сихха Iамийна велира со элпаш.* I. Гайсултанов. Сан школа. *Ца вашарца велавелира Слава: — хьовсийша цуьнга, деш-дуьтуш доцуш йолчу кхунна и цхьа пайда боцу гIуллакх дан а ца лаьийца!* М. Исаева. Ирсан орам. **Деш-дуьтуш дац.**— *Шовданан йистехь — вехаш ву ши ваша: Ахьад, ВахIид. Деш-дуьтуш дац церан, синкъерамашкахула лелар доцург. Колхозехьа вай и шиъ.* Х. Ошаев. Заманан некъаш. («Сийна-бIаьрса безам боцурш багарбар»).

Де шелах. Время раннего летнего утра 5—7 часов.

— Къинхьегамхоша, хьацар кIур боьлла колхозан болх бечу хенахь, де шелах мангал хьоькхуш, де дохделча охьабуьйшуш Iийна уьш. А. Айдамиров. Ирхеш.

Деши лур ду аьлча а. Ни при каких условиях, ни при каких обстоятельствах.

— Ахь деши лур ду аьлча а, сан цига гIойла дац-кха, витахьа со, ас хьоьга доьхуш хIума а дацара.

Деши меха. 1. Очень дорого. 2 Значимый, ценный.

Деши санна <цIена> 1. Очень чисто (часто о каком-л. помещении). *Вагонаш чохь массо а хIума а деши санна къегина дара: мотт-гIайба ло санна кIайн-цIена яра, лоьраш а, царна гIо деш берш а, кIайн халаташ юьйхина, катоьхна болх беш бара.* М. Мамакаев. Месийн кIайн моха. 2. *О порядочном человеке (иногда о верной женщине).*

Дешнаш дайа. Р а з г. Говорить необдуманно, не подтверждая слова делом; легкомысленно обещать что-л., не выполняя обещанного. *Амма цхьана агIор дика стаг ву. Нахаца кисса дIа ву, шен дешнаш ца дойу. Матайс шен дешнаш дойур дац. Иза массарна а вевзаш ву.*

Дешнаш кегго. Выступить против кого-л., вступить с кем-л. в пререкания.

Дешнех ловза. Острить.

Днди дац (в, й, б.). Р а з г. не очень-то красивый, не очень приятный; посредственный. О ком-л. или о чем-л.

— Сан денсара ду-кх и нускал-м! — пIелг лецира Валида,— Шортта! Амма, башха диди яц... Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Ва Биркъа, и Жума ма мехала ваькхи ахьа? — цецвелира Приходченко.— Суна хазарехь-м, сел диди а вац иза.* Н. Музаев. БIарлагIийн тоба. *Диди /а/ ца хилла.— Хийла ойла хьаьвзира Юнусан. «Ахь ма вийццара диди а ца хилла, Мухтар, хьан.* 1. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

Дийна дош. 1. Устная речь в отличие от письменной. 2. Речь, содержащая новые мысли.

Дийнах вала (й, д, б). Выходить из нормального состояния, образа жизни, привлекательности.

Къаьркъа мелла шен дийнах ваьллера Шамсудди. Ченашлахь левзина бераш шен дийнах девллера.

Дийнахь (а) буса (а). Все время, постоянно, непрерывно.

Цига вахийта стаг лоьхуш, ойланаш еш хуьлу Зумсоев дийнахь а, буса а. А. Айдамиров. Ирхеш. *Дийнахь а, буса а чу ца воьрзуш, дукха къахьийгира Матвейс и зулам Iедало тесна хиларх нах кхетош.* Ш. Окуев. Юьхь.

Дикинна а вонна а. 1. О некудышнем человеке. 2. Всегда, в любых случаях.

Диканна дац. К беде, несчастью.

Дина /дийнан/ делккъехь. Днем, когда светло.

«Ой, дийнан делккъехь юьрта юккъехь вуьйш верг мила ву-техьа?» — аьлла, мохь хьоькхучу агIор дIахьаьдда иза. 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Со ма вейта»).

Дийно-дийно. См. **дено-дено.** Де дине мел дели.

Оцу кеппара, дийно-дийно тIеттIа IаьIаш лаьттара адамаш, тIеттIа алсамдуьйлура ирзош, лахъелла йогIура хьун. Хь. Яхъяев. Акхтаргаша гIа хецна.

Дийцина хIун до <ахь /вай, аша/>. Эмоциональное выражение согласия, подтверждения, одобрения, убежденность в чем-л.

Дийцина хIун до! Хаза ду-кх аьхка лаьмнашкахь.

Дика <а> вон <а>. Все испытание жизни; то, с чем связаны люди.

— Баркалла, хьаша,— хьалагIаьттира Дута.— Осалчу стагаца гIуллакх Iоттадаларх ларлуш а, цуьнца дика а, вон а хьашт доцуш а вара со. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дика догIийла хьоьга /шуьга/>. Доброе пожелание благополучия (обычно, когда кто-л. входит в чей-л. дом).

— Дика догIийла хьоьга, ва маршалла хиларг! — лоьман боьра дIакхечира цхьогал. М. Мусаев. ЦIен маьхьси.

Дика дуу <стаг> // Дика хьоьгу <стаг>. Человек, живущий в достатке, беззаботно, беспечно и т. п.

Кхин хIума ца оьшуш, дика дууш стаг вара ГIезамохьмад. Советан IедалтIедале.

Дика дIаэца. Быстро, легко понимать, усваивать.

Идрис дика кхеташ ву. Шега аьлларг дика дIаоьцу цо.

Дика мел дерш (!). См. Дика догIийла <хьоьга /шуьга/>. *Чувогlу; Гелага, тIаьхьа Iайшат а йолуш. Гелага: Дика мел дерш! Залуба: (тегар стоьла тIе дуьллий, дуьхьал йолалуш). Диканца дуккха вехийла хьо а, марша а вогIийла хьо.* С. Бадуев. Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад.— *Дика мел дерш! Чохь дуй шу? — олуш, чувелира Iайнди.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Диканна <а> вонна <а>. Всегда, постоянно, в любой момент, в любое время (о ком-л).

— Бахьаза! — оьгIазаллица ленъелира йоI.— Ас хIинца-м вуьту хьо! — пIелг ластийра Сашас,— кхул тIаьхьа диканна а, вонна а дуьхьала а ваьлла, дош ахь соьга алахь, мегар дац хьуна! Н. Музаев Органан тогIехь.

Диканна хуьлда (!) Пожелание удачи, благополучия в чем-л.

— Руман, хьо вац иза? Диканна хуьлда хьан вар. 1. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Диканца голда. Ответная формула прощания при расставании с выражением надежды, уверенности встретиться в скором времени в полном благополучии.

— Хьан Iодика йойла! — Марша гIолда! Диканца голда юха а!

Диканца <дуккха> вехийла (й, д.). Употребляется как ответ на приветствие: «добрый день!» доброе утро»! «добрый вечер!»

— Де дика хуьлда хьан!.. — Диканца вехалда хьо а! — йолчунна тIе а качъелира цхьа са болуш ерг. Н. Музаев. Мур.— *Де дика хуьлда, хьо охьанехьа ваха ваьлла.— Диканца дукха вехийла, жима къонах, сука ма ца вевза хьо!* И. Эльсанов. КIайн коч.

Дикачу бIаьрла /цIарла/ <гайта /хила>. Выглядеть хорошим в глазах общества (иногда употребляется с иронией).

— Пачхьалкхо бохург кхочушдеш ву Мака. Вайн юрт Iедална дикачу бIаьрла гайта а хаьа цунна. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Цундела Россера дIавала везара правительствона хьалха дикачу цIарла а хуьлуш, безчу мехах цунна шен латтий, бахам а бухкуш. (...) Ткъа шен цIоканах а, хьолах а вогу сутара кIилло ХIортIа Iедална хьалха дикачу цIарла хила гIерташ чуьраваьлла хьийзара.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Динара восса (й, б, р.). Лишать какого-л. положения в жизни.

Дог айа. Подбодрить, поднять дух кого-л.

Навруза халла боккху ког, Вася вещмешоко букара вина. Лейтенанта Мерещковс, цаьршингара мохь рогI-рогглана шега оьцуш, дог ойу дош олу, шегара хьал ца гойтуш. И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Дог айаделла <лела>. С бодрым настроением (делать что-л.).

Лоьран юхь серлаяьллера, дог айаделлера. М. Сулаев. Районан хирург.

Дог <а> пах <а> датIо // Дог датIо. Выражение досады, раздражения, неудовольствия и т. п. по поводу кого-л, или чего-л., доставляющего большие хлопоты и неприятности.

— Дог а, пах а датIийна юьйш лаьтта-кх со! Нехан нах санна, кертара а, арара а болх беш хьо велхьарий, хIара декъаза къоьлла хир яцар-кх вайгахь! Ш. Айсханов. Мало — хало. **Дог датIо.**— *Метта ца доггIург датIо дезаш дара юьртахойн дог.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза. *Зулай: Со-м ахь дог датIийна иоьлхура, стаг, хьо стенна воьлху?* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Дог <а> пах <а> дIадала. Р а з г. Все свои усилия, старания, способности направлять на что-л., целиком отдавать себя чему-л. *Дог а, пах а балха тIехь дIаделла къахьоьгура Шитlас.*

Дог <а> пах <а> сенло /сендала/. Сильно не переносить, ненавидеть и т. п. Считалось, что чувство ненависти связано у человека с работой легких и сердцем.

— Бакъ ма ду, Султан гича иза сайна ца везарна дог а, пах а сенло-кха сан.

Дог ахка. /Пытаться раскрыть чьи-л. сокровенные мысли, чувства и т. п.

Увайсан гуттара Iедал дара шеца къамел дечуьнан дог ахка гIерташ.

Дог вон хила. 1. О плохом человеке. Хьусайха дог вон хилла ца Iаш, нах бIаьрга бан ца безаш стаг вара. 2. Впасть в обморочное состояние.

Катя дог вон хилла, юьхь мажъелла охьа юьйжира.

Дог гайта. 1. Демонстрировать, делать что-л. перед кем-л. с целью показать себя (свою силу, мощь и т. п.). 2. Раскрыть свои сокровенные мысли, чувства.

Массо а ханна ша дечу хIуманна тIехь нехан бIаьргахь шен дог гайта гIертара Исмайл./Хlара со ву, къолам кера эцна, цунах куьзга дина, хьуна сайн дог гайта воллург. С. Бадуев. Тхан хьехархо Максим Горький.

Дог гIелделла. Кто-л. сильно устал (от переживаний, волнений, страданий и т. п.)

— Сан Батlална хьайн цIе а тиллина Iаш яц хьо? — шен дог гIелделла сурт хIотто юьйлира Зуга. М. Мамакаев. Дуьненан ялсамане.

Дог дагийна. Кто-л. испытывает сильное чувство; гореть желанием, находиться в сильном возбуждении.

Со безамо дог дагийна лела, Гечде, тарлахь, лечкъалац и соьга. Р. Ахматова. Дукха лерна бехк ма билла суна.

Дог даийта. Возбудить желание: вызвать настроение, подбодрить.

Хаза къамел дина, болх бан дог дауьйтур долуш вац колхозан бригадир Мисарпаша.

Дог даккха /яькkха/. 1. Разочаровать. Малар, маларо шех нехан дог даккхира Iубайда. 2. Вызвать отвращение, отбить охоту к чему-л.

— Ахь иза а аьлла, дог даькkхи ахь хIокху балхах сан!

Дог даккхийдан. Испытывать большую радость, наслаждение, счастье.

— Дала ша мукъалахь, хьайна хетарг хилла, дог доккхадеш вухавогIарг вац хьо. Ш. Окуев. Юьхь.

Дог дала (й). Разочароваться в ком-л. в чем-л. Испытывать отвращение к кому-л. или чему-л. (обычно вследствие брезгливости).

Ахьмад. Хьо ца гуш де даьлча, дуьненах дог долий, массо хIуманах а чам болий хуьлу со. I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI. *Дуьненах ас дог даьлла бахац, Хиндолчух тешам байна вагIац.* М. Сулаев. Дуьненах ас дог даьлла бахац.

Дог далхо. Выразить, высказать; излить свои чувства.

Шен дог далхо юьйлира нана шен кIанте: наггахь бIаьргех хи а хьодуш аз дегош дуьйцура цо шен гIайгIанах лаьцна.

Дог дан. Иметь настроение, охоту, желание сделать что-л.

Цхьа хIума дан дог догIуш вацара воккха малонча волу Расул.

Дог даста. Откровенно рассказывать о своих заветных мыслях, переживаниях, чувствах. (Обычно у кого-л.).

Ша са детташ, лайна халонаш йийца, дог даста лаьара Лаурина.

Дог дастадала. Успокоиться, перестать злиться, сердиться; смягчиться: отлечь от сердца.

Дарвеллачу майрчун дог дастадалийта гIертара Барет.

Дог датIа. Почувствовать досаду, раздражение, неудовлетворение (обычно вследствие неудачи, обиды).

Хьомсуркъас аьллачунна дог даьттIа ша мича оькkхур ву ца хууш, дарвелла цергашца балдаш Iуьйшуш Iара Боба.

Дог датIо. Досадить, причинить досаду, разозлить, раздразнить кого-л.

Шен ма-хуьллу хичаш еш Эдалбийн дог датIо гIертара дегIана лоха хиларна «Чхоьчча» цIе тиллина волу Iела-Хьаьжа.

Дог даха. 1. Рассчитывать на что-л., иметь надежду.

/Аса дог доху Витамби юхавогlург хиларх/. Дуьйладелча дохдаларга дог дохуш, цlа гlоьртира тхо. А. Айдамиров. Ирхеш. 2. Полагаться на кого-что-л., быть уверенным в ком-чем-л. */Висайн дош дош доцийла, цунах цхьанне хlуманна дог дохийна йоцийла суна хьалххе дуьйна хаьара/. Хьамзина а хаьара хlинцца хlокху сохьта шениг санна йолчу говрийн, Мухтар-моллас боххург бен, кхин мах боцийла а, цо лурриг луш шегара говр эца стаг шена карор вуйла а, делахь а хlара дог дохуш вара, Мухтар-моллина шегара говр эца хьашт хилча, хlинцца ши бутт хьалха ша шена гlоле а еш шегара цо говр эцаре.* С. Бадуев. Мацалла. 3) Ухаживать за кем-л. */Бож-lела:/ Цул тlаьхьа, лулахойн керта тlехула кховдийна морзин кад санна, сьога цхьа-ши дог а даьхна, суна бlостанехьа а йирзина, ахь кху чохь нахе сакъоьруш меттиг го суна, Бабаци.* I.-Хь. Хамидов. Бож-lела.

— Наггахь буьйсанна бен хир яцара и санна меттиг,— юха а дlаволавелира Аюб.— Ловзаргахь, синкъерамехь цуьнга дог даха. I. Ахмадов. Тешнабехк. *Синкъерамехь, ловзаргахь цхьаьна нисделча цуьнга дог ца дохура, тlедеана захало тlе ца дуьтура Хелисата.* Х.-А. Берсанов. Майра иччархо.

Дог дац <хьан кийрахь> (?!). Как можно, зачем? Выражение возмущения, недоумения.

Гlийлачунна гlодар хьеннан а декхар ма ду. Дог дац хьан кийрахь? I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI.

Дог делла. I. Р а з г. Быть откровенным, откровенно рассказывать о своих заветных мыслях, переживаниях, чувствах.

— Дог деллий парглат хьайн цамгаран бала бийца мегар ду хьуна лоьре. 2. Признаться в любви.— *Сайн дог делла со гlертарна, хьоме Лайлаъ, ахь суна бехк ма билла.* 3. Испытывать сильную тревогу, волнение.

Дог делхо. Откровенно делиться мыслями, переживаниями, страданиями с кем-л. чистосердечно.

Лиъча хlун ду Зайнапна Аьстамарна мара а кхетта, шен жима дог делхо? С. Бадуев, Зайнап. *Аьлбикин бlаьргаш дилхина ца lаш, дог доьлхура, халахетта.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Дог дика дан. Сделать приятное, угодить кому-л.

Больнице тlехьавеанчу Хьасана Хьавин хьаьстина, забар йина дог дика дина хиллера.

Дог дилла. Терять надежду. О ком-л. или о чем-л.

Исмаьlал, Бийбердал ханна воккхах ша велахь а, башха дика вехаш а вацара, ша лаьтта тlехь болх беш яькххина хlума шен устазан цlа а йохьуьтуш, дуьненах дог а диллина, эхарте сатуьйсуш стаг вара. С. Бадуев. Дохковалар. *Эххар дог а диллина, шайн нах бехачу юьрта, лома хьалаяхана.* I. Гайсултанов. Александр Чеченский. *Тамарин белш тlе куьг а диллина, элира Дарья Петровнас.— Иза а хир дац аьлла дац. Цкъа а дог дилла а я воха а мегар дац!* М. Исаева. Ирсан орам. *Аьхкенна практикера Крымера цlа вогlуш, массо ханна дог диллира цо ша адамашна ца девзарг гучадоккхур хиларх.* И. Эльсанов. Малх чубузуш.

Дог диллина. 1. Отчаянно, без надежды. 2. Искренне, откровенно.

Дог догах // Догах дог <тоьхна>. Дружно, с любовью; как единомышленники.
Дагах дог тоьхна, хенах ха тоьхна, тIехь, чохь а, когахь, коьртехь а нахе нисдала гIерташ хилла цхьа мар, зудий, бага са а кхаьчча дехаш. Н. Мусаев. МаргIале хатта.

Дог долуш <ву (й, д, б.>. 1. Обладающий чувством собственного достоинства, самоуважения, сознающий свой долг. 2. Считающий себя выше, лучше других и с пренебрежением относящийся к другим; высокомерный, спесивый.
Бож-Iела. Ирча велахь а, буьззина никх санна, кийра буьззина кийрахь дог долуш стаг ву со. 1. Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Дог дохдан. Побуждать кого-л. к каким-л. действиям; воодушевлять.
Цара дог дохдеш хийла лийтира мостагIех, осала вуй, кхеравеллерий боху дешнаш шех Софьин лере кхачарх ларлуш. 1. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Дог доха. Упасть духом, падать духом, расстроиться (букв, разбиться сердцем).
Везачу доттагIчун де доьхна ду аьлча, тешаме гергарчу кIентан а дог духу. 1. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь. *Сел маьттаза ваьлла иза цIа веача, ма дог духу хир ду зудчун а, берийн а.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Дог дохо. *Огорчить, расстроить, опечалить кого-л.; испортить настроение кому-л.*
Кхунна хаьара, ХIижанна, ша дIакхоьссина, маре яхча, сискал яа меттиг карор юйла а, шен дог ца дохо и IадъIеш юйла а. С. Бадуев. Мацалла. Серижа. *«Сайга оццул бакъ луьйчу кху мисканан дог дохий-кх ас хьашт доцуш.* М. Мусаев. Революцин новкъа. *Дог доьхна висира со.* 1. Гайсултанов. Жима турпалхо. *Хин йистехь суьйранна ИбрахIим вацахь, дог доьхна хуьлура Сийлаха гуттар.* Х. Эдилов. Сийлаха. *Даймохх, ахь суна ницкъ лолахь: иллешкахь йовзийта зама, хIаллакбан дог дохо бала, резаян сан хьоме нана, даймохк, ахь суна ницкъ лолахь.* Ш. Рашидов. Суна ницкъ лолахь. *Га долччохь тохалуш, гIама шах-ших деш, орцара схьахьоькху байн мох. Оцу мохо вохаво, неха санна. Безамо санна, са хьоьсту цо — дог доьхна велахь, ойла ойущ, кийрахь белахь, бала дIаоьцуш.* С. Курумова. Дохк.

Дог доьлу. Кого-л. охватывает радость, волнение по поводу чего-л.
КIант веана аьлла кхаъ кхаьчча самукъадаьлла цIа вогIучу Акраман дог доьлура.

Дог дуьзна. О ком-л. или о чем-л., доставляющем большие приятности, наслаждение и т. п.
Жимчохь дуьйна шех дог дуьзна, ша шех воккхавеш, куралла еш, сонта хьалакхиъначу, дегалчу Политаевга лалуш хIумнаш дацара уьш. Ш. Окуев. Юьхь.

Дог /са, пха/ ийза. Мучить, изнурять чем-л.

Дог дIадала. Влюбиться безмерно; признаться в своих чувствах.

Дог ирахIотта /ира карахIотто/. Побуждать, вдохновлять кого-л. к чему-л.; воодушевлять. См. **Дог-ойла ирахIотто/.**

Дог иэца. Рассеять чье-л. беспокойство, тревогу, волнение, облегчить болезненное состояние; заглушить чувство горя, тоски.

— Баркалла, накъост, Замятин! — дегийнчу озаца вистхилира Жаров.— Дог ийци ахь воккхачу стеган... Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дог иэша Приходить в состояние крайней степени волнения, тревоги, беспокойства и т. п., испытывать чувство волнения.

Цу тайппана Тlелиб, хlинца ша воьлхуш lачу кулла юххе а хоий, хlор ша цlа мосаза вогlу а воьлхура, цlахь вилхича шен зудчун дог иэшарна кхоьруш, юьртахь ша пондарца илли бохучу бахарш тоделлачу нахехь вилхича, уьш шех бийларна кхоьруш. С. Бадуев. Мацалла.

Дог иэшо. Приводить кого-л. в волнение, беспокойство; испортить настроение и т. п.

Дог-йовха (дегайовха) хила. Кто-л. испытывает чувство надежды на кого-л. или на чего-л.

Кавказан лаьмнашкахь кхоьллина са, дог-йовхо хьох хилла, парглата lа. М. Мамакаев. Хьоме Москва.

Дог карча. Стошнить.

Дукха малар тlех а даьлла, дог карча дуьйлира раз техкаш цlа воглучу Яьссамбин.

Дог кхарда. Испытывать чувство неприязни, отвращения.

Нохчашна юккъехь лела доглуш долу глиллакх, глуллакх нийса лелор ду вай, вовшех дог кхарда меттиг ца буьтуш, ца доглург со воккхаха а волуш, лела а дойтур дац шуьга. Ш Окуев. Лай тlехь цlен зезагаш.

Дог кхарда. Вызвать чувство неприязни, отвращения.

Дог кхехка (мн. ч.). Кому-л тяжело (от горя, любви, злости и т. п.).

Махьмудана дарвелла халла садетташ, дог кхехкаш лаьттара Дога.

Дог кхиа. Предчувствовать.

Къоначу зоотехникан дог кхиира ша кхайкхаран бахьанех. А. Айдамиров. Ирхеш.

Дог кховдо. Признаться кому-л. в своих чувствах (в любви, горе и т. п.)

Лейтенанта Мерецковс доьхна дог шега кховдадар хазчу йоlа забаре дерзийнера. И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Дог кхоо. Чувствовать жалость, сострадание к кому-л.—

...Асет,— дехаре дара аз,— хьур цlа йоглург хиларх тешош хила ойланаш кхаба, дог кхоош дош мукъана алахьа, дуй хьуна. I. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

Дог къевлина. Против своего желания, принудив себя (делать что-л).

Ша мел деш долу хIума дог къевлина дора шен лаамазаш маре яханчу Мадинас.

Дог къона долуш <хила>. У кого-л. еще хватает решимости, сил, смелости и т. п. что-л. делать.

Шо-шаре мел дели сан безам къанлуш бу, ойлано гIелварах, безамо лелош ву, къоьжалло къанварх, дог къона долуш ву. Безам а, къийсам а лелалур болуш ву. М. Мамакаев. Безам.

Дог кIаддала. Впасть в обморочное состояние. Испытывать чувство жалости к кому-л.

Ирча кхаъ шега кхаьчча, дог кIадделла ша йолччохь охьаюьйжира Резехьат. Дог кIаддалар хIун ду ца хууш, цхьа а къинхетамах чо стаг вара Ноьхьбиг.

Дог лаза. Беспокоиться, волноваться, переживать, сочувствовать, болеть душой за кого-л.

/Тхан классехь хIорачу комсомольцан дог лозу шена тIедиллинчу гIуллакхах/. ПетIамат. Ма дийца соьга. И бакъ доцург, теша, хьажа соьга, сох дог лозуш! С. Бадуев. ПетIамат.

Дог лазо. Оскорбить чье-л. чувства, причинить неприятность, боль.

Медсестрас йишина аьллачу дашо чIогIа дог лазийнера палатехь IуьллучуСижанан.

Дог лата. Иметь склонность, интерес, желание делать что-л.; ощущать потребность в чем-л.

Верин (даар хIоттийначу куьг а хьажадой). Сан дог лаьттачу дIахIотийна хIара-м, мацах IаьлбигХьаьжа гIаьттича, и лаца вогIуш, со жима эпсар вара, хIинца санна къена полковник воцуш. С. Бадуев. ЦIен гIап. *Нийса аьлча, дуьххьар шен бIаьрг кхетча керлачу лулахочух дог ца летира Анна Герасимовнин /.../*

Доцца аьлча, Ваьдизан берех массар а магош веккъа цхьа Хьасан ву, важа бисинарш цхьаннен а дог леташ адамаш дац-кх. А. Айдамиров. Ирхеш.

Дог лаха. Относиться доброжелательно, с сочувствием (к чьим-л. начинаниям, намерениям, мыслям).

Дог лаца. Сильно, глубоко волновать, трогать, вызывая грусть, щемящую тоску.

Мичча хенахь, хIуъа а тIедеача дог лаца дика накъост вара Айбартан кIентан кIант Магомед.

Дог ма-дду. Совершенно искренне; с полной откровенностью, непосредственностью и т. п. (выражать что-л).

Со шеко йоцуш сеп тешна волчохь хьан сий ма-дарра хьо хасторхьама. Дог ма-дду говза велар со тахна. Б. Саидов. ТкъалгIа съезд.

Дог-ойла ирахIотто /айа/. Побуждать кого-л. к чему-л. Воодушевлять.

— Бакъ лоь...бакъ лоь! Ишттa хилал хьо,— элира Мохьдара, шен ма-хуьллу Нурадилан дог-ойла ирахlотто гlерташ. В. Матиев. Мокхазан дог. *Стаг даима а хила веза воха ца вухуш, тоха са, собар долуш, дог-ойла айаделла.* С.-Б. Арсанов. Маца девза доттагlалла. *Цlерпошта чохь болх беш берш дог-ойла айаделла, балха тlехь кадолуш бара.* М. Мамакаев. Месийн кlайн моха.

Дог-ойла йохо. Причинить огорчение, привести в плохое душевное состояние; расстраивать.

Хlинцца хезначу хабаро дог-ойла йохийра Александран. 1. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Дог-ойла эца. Рассеять чье-л. беспокойство, тревогу, волнение.

Жанатин дог-ойла эца Маржана элира: — Хlинца массарна а гуш ду-кх: Бади болх дика болуш хилар. 1. Гайсултанов. Малика.

Дог <а> <пах> <а> охьадилла. Откровенно делиться мыслями, чувствами с кем-л. Ср. **Дог <а> <пах> <а> даста.**

Дог паргlатдаккха. Успокоить; внушить кому-л. спокойствие.

Халахеттачу Куржанан дог паргlатдаккха гlертара Хьоза.

Дог резадина. От души, не сомневаясь ни в чем, с полным согласием (продать, купить, обменять, дать и т. п.) Ср. **Догхьанал дина.**

Дог тедан. Успокоить.

«Хlуммаъ дац, уьш могуш-маьрша кхиъчахьана кхин ирс эшац сука-м»,— тедора цо шен дог. Хь. Магомадов. Чечанан арахь. *Гlизару мара а юллуш, цуьнан дог тедан гlоьртира Ажу.* В. Матиев. Мокхазан дог.

Дог тешо. Убедить, уверить в чем-л.

Хlуъа дина а Нажбатан дог тешо гlерташ мекара, чуччара-чучча дохуш хаза хабарш дийцира Разамбека.

Дог тlе ца дерза. Не иметь интереса, расположения к кому-л., нет склонности к чему-л., нет желания заниматься чем-л.

Мел дийцича а, мел дехарх а дог тlе ца доьрзура Пашин.

Дог хаа. Узнать, что у кого-л. на душе.

— Хьо даим дика хиллера соьца. Хьо цхьаъ бен, сан дог хуш вацара... А. Айдамиров. Ирхеш.

Дог харцахьа даккха. Очень сильно, глубоко волновать.

Чlогlа Iаткъам хилла дог харцахьа даккха санна гlиттара карзахе ойлинаш.

Дог харцахьа долу. Противно; нет сил терпеть; тошнит.

Дог хецна. С чувством, исполненным искренности, откровенности; без притворства.

Альбика дог хецна йилхира, шен берриге а бала бIаьрхишка берзош. I. Ахмадов. Тешнабехк.

Дог хьанал дина. С полным согласием, от души (дать; продать обменять и т. п. что-л.)

— *Дог хьанал дина хIара сайн Шекспиран «собрани сочиненеш»* ели-кх ас хьуна,— велакъежира Дауд.

Дог хьаста. Проявлять ласку, нежность к кому-л.

Оцу башха-исбаьхьчу мукъаман хазчу эшаршна, и мукъам цкъа лах а лой, мелламаша, дог хьаста а хьостуш, хи тIехь тулгIе санна дIабовра, тIаккха цIеххьана, оьгIазе бекаш доккха цхьа аз хуьлий лакха хьалаболура. С.-Б. Арсанов. Маца девза доттагIалла.— *Вало, нанинг и зуда леш йоллу хир ю, жимма вистхилий дог хьаста цуьнан.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезегаш. *Кху сийначу хьан тулгIеша сайн дог хьоьстуш хаало.* Р. Ахматова. Каспий хIорде. *Адмалла, адамехь адмалла. Дагo вайн ша къастайо. Тоьу и бIаьрхийн тIадамалла. БIаьрг къаго, дог хьаста а.* З. Яндарбиев. Хазалла, хьенан а хазалла. *Цхьа башха, дог хьоьстуш, IатIаран хьожа етталора гонаха.* Хь. Яхъяев. Белита. *Цхьанна а девзар дац бекхаман хIилла, цхьанна а хуур дац лору дог хьаста.* А. Бисултанов. Вай вовшех ца кхеташ яйинчу ханна.

Дог эккха /яла/. Разочароваться в ком-л. или в чем-л.

Дог этIа. Злиться, чувствовать досаду.

Умалт: Ма этIадехьа сан дог, Жабала, валохьа. I. Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

Дог этIо. Злить, бесить, досаждать кому-л.

Массо а пха а, кIозйохург а юьйлина болх барал совнаха, ишттa дог эгIош волу ша цIеххьашха лахь, шен берашна кхочу йолчу халонийн гIайгIа яра цуьнан. Н. Музаев. Мур. *Цо уьш, этIийна, дIакхуьссур яр-кха, вонна ша везавалархдог этIош.* М. Сулаев. Малх тоьлур бу.

Дог эца (иэца). Рассеять чье-л беспокойство, тревогу, волнение, облегчить болезненное состояние, заглушить чувство горя, тоски и т. п.

Массо а дашца ма-хуьллу цуьнан дог эца гIертара иза, ца ходдуьйтуш цхьанна тIаьхьа важа а латош сирникаш летайора цо. I. Мамакаев. Винчу юьрта. *Гнездиков. Церан дог иэца кест-кеста кехат дахьийта деза.* I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI. *Мехкарий гIертара цуьнан дог эца, гуо бой уьш хуьлура къамелаш деш.* Х. Эдилов. Лаура. *Массо а ненан дог эца, массаьрга ларийта латта, герзан мукъ лаьцна куьг сецо, машарца дуьненчу гIатта Ш. Рашидов. Сан ойла ю ковкъа яьлла.*

См. **Дог иэшо.**

Дог эшна <хила> Ср. Дог иэшо. Находиться в состоянии душевного упадка.

Велха бахьана делира цунна, юх-юха вогуш, зудабераш тулуш, дош эшна вара кIант. С. Курумова. Ца йинчу ненан хIусамехь. И дешнаш хезна хала хийтира Iаьрбина, *ша тахана хьалххе я селхана схьа ца кхаьчча. ХIинца иза а хир вара цаьрца цхьаьна. Ишшта дог эшна, къаьхьа ойланаш еш, дIакхечира иза девешин хIусаме.* I. Гайсултанов. Вухаверза йиш яц.

Дог Iаббалц Со всей полнотой желания. (Делать что-л.)

ХIан-хIа, кхузахь кхин Iен мегар дац, дера веза божли чу а вахна дог Iаббалц вилхина, юха аравала. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. *Сегалхьат цIе йолчу цхьана зудчуьнца шен дог Iаббалц дIа ца волуш хелхавелира воккха стаг.* В. Матиев. Мокхазан дог. **Дог Iаббош (Iабош).** *Леррина оцу бедаршкий, мачашкий хьажа а хьаьжна, шен майрачо массо а дийнахь бохург санна лелориг дага а деана, учарчу богIам тIе а тевжина шен дог Iаббош йилхира Байсари.* I.-Хь. Хамидов. Дурдий, Даргий. *Соьца болчу хьан безамо гIаттош, ас доьналла, хьуьнар гайтина, мехкан декхар, бекхамах дог Iабош, ас сайн ларца машар баржийна.* Хь. Сайдуллаев. Со цIа веъна. *Азман. Хьан аме-були-м хаац суна, Мохсолта ХIуьлкаевич, цкъа дог Iабош мийра-м беттар бу.* I.-Хь. Хамидов. Мохсолтин доьхна де.

Дог Iабо. Успокоить душу, наслаждаться.

— *Жижиг-галнаш хьайна дага ма деъа, хахкий со йолча хьала вола хьо. Хьан дог Iабо вайшиннан таро хир ю-кха хьуна!* М. Окуев. Юьхь. *Ойланаш керчара. Нагахь бакъ делахь, шен дог Iабо лоьрура цуьнах.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза. *Кхиъна вац хIинца а хьоьха дог Iабо. ХIай зама, цхьажимма лохьа хьо ях!* Ш. Рашидов. Iуьйранна.

Дог Iавжа. Испытывать волнение, тревогу и т. п.

Дог Iавжо. Очень сильно волновать, потрясать, поражать и т. п.

— *Мел лехча а, нахана ца хуьлуш болу аьтто ша тIебогIуш лаьтта хьуна! — бохура Хагожа.— Ишттаниг цкъа тIехтилийтича, велла дIаваллалц байттамала дог Iийжадо.* Н. Музаев. Мур.

Дог Iавжош (Iийжош). Очень больно, чувствительно, тяжело.

КIоргера дог Iийжош хьийзачу ойланаша байъинера цуьнан синтем. М. Мамакаев. ЦIена дог. *Дауд. Сан дегайовхо ерриге а, селханлера а, таханлера а де дара, амма и ши де а дог Iавжош чекхдели-кх.* I.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

Дог Iехадала. Потешиться. Ср. **дог Iехо.**

Муьлххачу хIуманах а, хазчу дашах а дог Iехадала а, самукъадала а кийча беран са долуш вара Шемал.

Дог Iехо. Потешить, тешить.

Шена дага деъ-деанарг дуьйцуш, Элисин дог Iехо гIертара Роза.

ДогIанах елха (в, д, б.). Сильно плакать, рыдать.

— «Вай, хьан яла хьайн нана!» — аьлла, доглanах елха йолаелира иза. Ш. Окуев Лай тIехь цIен зезагаш.

Догlа санна. Употребляется, когда кто-л. хочет подчеркнуть чей-л. сильный плач.

Лаьттачу Зазун, ша и догlа санна, бlаьргех хиш хьаьвдира. Ш. Окуев. Юьхь.

Догlа тоха. 1. Утаить что-л., спрятать что-л. так, чтоб никто его не обнаружил. *Со дог диллина стаг ву, сан нахах догlа тоьхна лачкъийна хlумма а дац.* 2. Хранить упорное молчание, ничего не говорить. *Шен багийна догlа тоха дезаш хlума ду Iела-хьаьжас лелийнарг.* 3. Под охрану, в заточение.

Догlа тоьхна. Под присмотром, охраной.

Догlа тоьхна латто /кхаба/. Не пускать в оборот, хранить дома.

Доккха де. 1. Трудное, мрачное время в жизни кого-л.

Ша дакъазваькхина и доккха де дуьхьалтуьйсура Бештона. Кхунна, цхьана агlор, шена чов хиллачул тIаьхьа елла шен нана дуьхьалтуьйсура, вукху агlор, Бусанин ер дуьхьалтуьйсура. С. Бадуев. Бешто. *Кулсум. Дуьненан бала Iийша кхоьллина хилла-кх со! Дуьненан гlайгlанна кхоьллина хилла-кх со! Ва везан дела, мел докха де ду сьога деънарг?* С. Бадуев. Дайн Iедал. 2) Время больших, великих событий. *Советски халкъана фашизмана тIехь толам баькхина и доккха де цкъа а ца дицло.* 3. *Праздник — Кху доккхачу денца Хьалхарчу Майца ас декъалво хьо!*

Доккха хlума дац. 1. Выражение утешения, одобрения при какой-л. небольшой приятности, неловкости и т.п.

—Шек дlа ма валахь, и хьуна хилла чов-м доккха хlума дац хьуна. 2. Что-л. не имеет, не обладает особыми качествами и т. п.

Доккха хlума ду. Нечто невообразимое.

Доккха хlума ду. (!). Выражение удивления, изумления в связи с необычайностью, неожиданностью чего-л.

Докъаза вайна (й, д, б.). Кто-л. совсем без следа исчез.

Цхьа шо хьалха кху юьртахь хиллачу пурстоьпо, юрт гулъеллачохь лаьтта тIехула къовсам а баьлла, ахархошна страже шодмаш еттийтинчул тIаьхьа кIира далале и пурстоп, гlала воьдуш лар а вина, Дудас докъаза вайинера... С. Бадуев. ПетIамат.

Докъанна (докъанна) тIехь яькхха [етта]. Проклятие (по поводу чего-л).— *Доккъанна тIехь етта и (трактор — Д. Б.)! Саца йина схьавогlу со, дlа ма гlолахь,— олуш, дlаикхкхира Бади.* 1. Гайсултанов. Малика.— *Эмкале гlоьрташ йоккха яра иза! — бохура Пайхас.— /.../ Совхозан хьаьжкIех ерстина хилла докъна тIехь ериг!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Докъан полла бина <ядо (в, д, б.)>. О похищении невесты (обычно насильно). Умыкание.

— Валлахlи-биллахlи, яра ас иза шен лаамехь хьоьга ца еача, докъан-полла бина ядор! 1. Гайсултанов. Iаьржа портфель. *Докъан полла бина вадийна Шахьмуд сивха каретиу а ваькххина, чехка и дlаяхийтира.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Банехь»). 2. Р а з г. Быстро увести, удалить и. п. кого-л.

Докъа тlера марчо а доккхур долуш. О жадном, ненасытном, алчном человеке

...Докъа тlера марчо а доккхур долуш хьо санна йолчу ямартчу хlуманех тешна дисича хlара дуьне, йилбазан мох санна, хьийзаш го а тесна, сабанан лоппаг санна, доьхна дlадер дара-кх... Х.-А. Берсанов. Болатчу динан бере.

Доллу /дерриге/ дуьне. Р а з г. О большом скоплении людей.

— Хьо хlун деш лаьтта? — хаьттира Хесас.— Ой! И бохург хlун ду-у? Кхинберш санна, хьоьжуш лаьтта-кх со а,— элира Зоврас. Хьоьжуш-м долла дуьне а ду, цулла а хьайга хьажийтахьа. С. Курумова. Дохк.

Долу-доцу. Все, до последнего.

— Хlахl? хlахl?! — чlогlа кхеравелла Iабдулла, шен долу-доцу стогалла вовшахтоьхна, саметтахь латто гlертара. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

<Долчун> да вац. Кто-л. охотно делится с другими своими средствами, имуществом и т. п., не жалеет тратить, расходовать.

Накъосташлахь шен долчун да вац, адамана орцахвала, цуьнан гlуллакхана ваха-ван шадолчунна кийча ву хlара /Анзор/, цунна хьалхара цlерга экххаран биста кхачалц. Н. Мусаев. Анзор.

Доркъана вожа (й, д, б.) Впасть в уныние, отчаяние.

Адамийн цlийн Iовраш иддачу тlам тlехь я машар ларбечу кхолламан балхах Хилла вац, хир а вац осалчийн даржехь, доркъана воьжна вац халонна хьалхахь. З. Муталибов. Хьоме цIе.

Доцург дан. Что-л. представить в больших размерах, чем на самом деле.

Цхьа хlумма доццу хlуманах доцург деш Iедал дара Сурхон.

Доцца аьлча. Заключая вышесказанное. Употребляется при окончании речи, изложения.

— Доцца аьлча, Саьlад юьртда, Панта-хьажа писар хlотто веза вай,— сихдира цо шен къамел. А. Айдамиров. Маршонан цIарах.— *Варе, варе, сан диканиг, хьайн нийсархошка дукха ма лелахь, цаьрца ма къийсалахь. Доцца аьлча, хьо Iовдал вуйла ма хаийталахь царна.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. «Царна шайна хиира...»

Доццу денца. Ср.: **Де доцу.** 1. Быть или находиться в нерешительном неактивном состоянии и т. п.

— *Хlокху гlелваларца, доцчу денца мича ваха гlерта хьо?* Ш. Окуев. Юьхь. 2. О бедном состоянии кого-л. Ср.: **Де дац.** /кто-л./ не в состоянии, не имеет возможности /Что-либо делать и т. п./.

Дош ала. Разговориться, выступить и т. п. Моллин кад.

Делан дуьхьа, къонаха, витахьа со! Веччалг санна, тlелетта-кх хьо суна. Дош ала витахьа. Х. Ошаев. Некъ жlараболуш. *Тийна тайга цецъяьлла, соцунгlа хилла, талламхошка дош ала йоллуш санна, дийнат тебба.* И. Эльсанов. Ал-Мохьмад. *Айтамир. Бlорзабlаьрг, дош ала хlинца, лаам хьайн нахана бийца.* Ш. Арсанукаев. Тимур.

Дош ала хаьа. Находчив в речи, остроумен.

Нахана юккъехь дош ала хуущ ву, маттана говза ву бохуш, цlе яхана стаг вара БахIовда.

Дош даккха. Получать обещание, уверение, обет в том что что-л. будет сделано.

Дош даькккхина бабера шайгара даьлларг дуьйцур ма дац цара, аьлла. Х. Ошаев. Заманан некъаш /«Зуда ялор»/. *Дош даккхаза lийр ма вац ша, аьлла, чlагlо йинера цо тахана а.* 1. Гайсултанов. Малика.

Дош дала. Разрешить выступить с речью /на собрании, заседании и т. п./.

— *Дош дала реза хилира Дашина президиуман председатель.*

2. *Дош дала.* 1. Обещать что-л. сделать. 2. У с т. обещать быть женой и т. п.

Дош даккха. Получать обещание, уверение, обет /в том, что что-л. будет сделано/.

Дош даькккхина бабера шайгар даьлларг дуьйцур ма дац ца аьлла. Х. Ошаев. Заманан некъаш («Зуда ялор»). *Дош даккхаза lийр ма вац ша, аьлла, чlагlо йинера цо тахана а.* 1. Гайсултанов. Малика.

1. **Дош дала.** Разрешить выступить с речью (на собрании, заседании и т. п.)

— *Дош дала реза хилира Дошина президиуман председатель.*

2. **Дош дала.** 1) Обещать что-л. сделать. 2). У с т. обещать быть избранной или избранником в любви (часто со стороны женщины).

Зулай: И базар кхин лелор яц ша, аьлла, суна дош деллера хьуна Маймас. 1.-Хь. Хамидов. БӀж-Iела. *Дош дала дезаш ерг со йоллушехьа сан дахарх цо деллачу дешан дуьхьа, дадин сий ца дайа яхара со.* 1. Гайсултанов. Малика.— *Тховса Шуьйтахь хуьлуш синкъерам бу. Суо цига вогlур ву, аьлла дош делла-кх ас кегийчу нахана.* Ш. Окуев. Юьхь.— *Бlаьстенна юьххьехь даьхнийлелорхой лам тlе боьлхуш хьан барта ас царна дош делира, хlоранна цхьацца тонна ялта, докъар а, цхьацца машен дечиг, я кlора лур бу аьлла. /.../ Нагахь шо чекхдалале уьш шиъ йина ялахь, керлачу шарна кхин цхьаъ яра дош деллера цунна.* А. Айдамиров. Ирхеш. *И суьйре, и баьллаш, и гlант диц ца ло Светина. Хlоккхузахь дош делира цо Хьамидана маре ян.* 1. Юсупов. Безаман хlайкал.

3. **Дош дала.** Поручиться за кого-л., чего-л, брать на себя ответственность за кого-л., чего-л.

Тахана дуьххьара хIоьттинера цунна тIе дийна халкъах дош дала дезаш хала киртиг. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дош дан. Необоснованно преувеличивать что-л., придавать чему-л. серьезное значение.

Бож-Iела: ...Цхьа дош а дина, ма дахди ахь и. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Дош дац. Это не дело. О каком-л. бесполезном деле, мероприятии, речи и т. п.

— ТIаккха, дIа а, схьа а карчош, леррана оцу виран бокъан чорхах хьаьжначу моллас, ойла йина, аьллера.— Дош дац аш дуьйцург я цхьа а бакъ а лец шух. М. Мамакаев. Революцин мурд.— *Эшша! Ма дош дацара, Салауди, ахь дувйцург. ХIокху ерриг районехь цIе яхана председатель вац вайн колхозан председатель Мака?* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Дош дацара. Выражение желания наказать кого-л., сделать совершить что-л. рискованное, опасное, чтоб ни случилось.

Туркх (нахана тIе а воьрзий). Цхьаъ-м вайн кIанта а баькххира дIа ша хи санна, и мийр долуш вара со, шен даватIарг, жимма алсам мелча, цу маларо зуда дагайоуйту ца бахахьара. Зуда ца яло-айса биъна дуй къарбарна кхоьру-кх, вуьшта дош-м дацара, берриге а зударш байа а байина и муьйлуш ца лелча. С. Бадуев. ЦIен гIап.

Дош-дашера дала. Оказаться с кем-л. после чего-л. в серьезных разногласиях.

/Бабаци:/ ...ХIара, эцца зудчуьнца дош-дашера даьлча, со мила ву-м, ас хоуьйтур ду хьуна, аьлла, араваьлла, стаг ву. I. Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Герзащца ца нисдеш, дош даше далар, машаре лоьхуш ду цо доттагIалла.* Х. Эдилов. Турпалхо. *Азаматана шера хаара, хIара къамел дукха хан йоццуш шен Овхьадаца дош-дашера далара тIера схьадогIийла.* М. Мусаев. Дашо маха.— *Нагахь царех шиннан дош дашера а даьлла, эгIам юкъа а боьлла, меттиг хилахь, берриге а дIабохуьйтур бу вай.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Зудчух вала ца лиина».)

Дош деха. 1. По собственному желанию, инициативе выступить на собрании, заседании и т. п.

Дош дийхира хецна ворда шех яддал ирчачу Биркъас. Н. Музаев. БIарлагIийн тоба. 2. Получить обещание. *Ахьмада ша гIала воьдуш дош дийхира Зине ша виц ца ван.*

Дош дохо. Не выполнить обещанное, отказаться от сказанного.

— Сан дош дохо йиш яц! Сан наха юккъехь лела деза. Сан нахе сайна тIе пIелгаш хьежадайта йиш яц! С. Бадуев. Бешто. *Я собар доьхна сан, хьо ган сихвелла? Я хьан дош доьхна-те, кхин везавелча? ПаргIате хьайн болар сихдехьа, зама, дийцахьа, сатедеш: йогIуш юй Ама?* З. Муталибов. Итт минот.— *Вахана хьо хьайн сира бIаьргаш а саттийна, царна хьалха дIахIоьттича, оцу нанас хIуъа юкъа а даькххина, Маккхал дош дохош, вохор ву.* Ш. Окуев. Юьхь.

Дош доций /ханйта/. См. Дош дац.

— Тахана кху доккхачу ловзаргахь гІалгІазкхийн эпсаршна шаьш лелориг дош доций хаийта воллу со. Ш. Окуев. Юьхь.

Дош доцург (л-рш) <дийца). Что-л. бесполезное, бессмысленное, не имеющее серьезного значения (говорить, делать и т. п.)

— Мурца-Іелас дешначу къорІанор дац уьш совгІаташ, даларш, дош доцурш ду-кх. І.-Хь. Хамидов. ДІа — коч, цхьа — коч.— *ДІавалахь, Хамберд, дош доцург а ца дуьйцуш. Сом къевсина дала кийча ду-кха шу, чІинхой.* Ш. Окуев. Юьхь.

Дош доцуш. Без видимой причины, основания (волноваться, сердиться и т. п.).

Богіурш, уьш дукха хьолахь кхуьнан шичой-маьхчой хуьлура, и цуьнга ца лалора. Схьакхаьчча, уьш гІовгІанашца маралелхаш, иза дош доцуш хьеравуйлура. И. Эльсанов. МаргІалдоьллачу гІан хьожа.

Дош дош долуш. Об умении сдержать свое слово, обещание.

— Амма хьайн цІахь, дош-дош а долуш, хьуо да вуйла хаийта деза ахь. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Дош дош хила. Об обязательности, умении держать свое слово.

Дош — дош хила деза стаг волчу стеган.

Дош дош хилийта. Конкретно, с точностью установить, определить что-либо найти решение какого-либо вопроса, дела и т. п.

Дош дош хилийта, соьца дага а волуш, ахь цхьа йист йоккхийла лаьа суна. І. Гайсултанов. Іаьржа портфель. Дош дош хилийта дезаш галморзаха даьлла гІуллакх дара правлении членашна хьалха дерг.

Дош дуьхьал дало. Вступать в пререкания с кем-либо; спорить; вступить в конфликт и т. п.

Дош кагго. Вмешавшись в разговор, в речь и т. п. остановить говорящего, а также пререкаться с кем-либо.

... Аш ца дуьтуш арадевлла ма лела тхо,— аьлла, дош кагдеш, юккъе иккхира хІинццалц вист а ца хуьлуш Іийна Хьаргіа-Хьажа. М. Мамакаев. Революции мурд. *Цуьнан ден ворхІ бер дара. Виъ кІант а, кхоъ йоІ а. Оцу ворхІамма цкъа а дош ца кагдинера шайн ден.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Дош кхайккхо. Обращаться с призывом к народу, обществу.

Революцин дош кхайккхор дара большевикийн хьалхарчу муьран декхар.

Дош кхосса. Пользуясь случаем, в подходящий момент, кстати упоминать о ком-либо или о чем-либо.

Дош кхочушдан. Исполнять, выполнять обещанное.

(Зулай). Кхана дуьйна сан хьелий лелор ду ахь. Хуур ду-кх ахь хьайн дош кхочуш муха до. І.-Хь. Хамидов. Бож-Іела.

Дош лела. См. **Дош лелаш <стаг>.**

— Цу шелигца, хьан Іумарца, вайн дош дика лелар ду моьтту суна,— велавелира Іабдулла. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дош лелаш. Кто-либо имеет связи, авторитет.

Эвлахь дош лелаш волу Чергизан Ибраьхіим Лечин дегахула маьхча вара. Х. Ошаев. Алун шераш — *Вархіа а дайшкахь дуьйна вайн цІен тІе дукха листина, чоьхьахь а, Теркаца а дош лелаш гар ду иза.* М. Мусаев. Анзор.

Дош олуш <хила>. Пренебрежительная оценка кого-либо или чего-либо.

Наха дош олуш яра и жеро. Ян ша хаза стаг а, дика зуда а яра. С. Курумова. Сан гІалат. *Къонахех дош олуш, гІиллакх ду гІоттуш. Изза до мехкарийн оьздалла хьехош.* І. Шайхиев. «Стоталлин бІаьвнаш»

Дош ца дало <дуьхьала>. Не сказать ничего, помолчать; не вступить с кем-либо в пререкания и т. п.

—«МогІарерниг Исраилов, йийцал Іамо елла урок»,— Полина Петровна куьзганашна тІехула хьаьжира Ал-Мохьмаде». Ванах, хІокхо сох могІарерниг хІунда олуте? — дуьхьала дош ца далош, урок йийца вахара Ал-Мохьмад. И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Дош ца дохо. 1. Выполнить обещание. 2. Быть послушным, смирным и т. п.

— Бераша догдика латтийча, эрча ца йолу нана. Цкъа а хала ца хетийтина, сан дош ца дохийна аш. М. Мусаев. «Дуьненан ялсамане».

Дош ца каро. Быть не в состоянии выразить свои чувства.

Чагас бохучунна дуьхьал дало дош ца карош хазахетта хьаьвзира Таибат.

Дош ца хета. 1. Что-либо безразлично кому-либо, абсолютно не интересует кого-либо. Выражение равнодушия, безразличия, иногда подчеркнутого, нарочитого. 2. Ничем внешне и внутренне не проявляет своего отношения к кому-либо или чему-либо, сохраняя спокойствие, проявляя самообладание, сдержанность,: для кого-либо все нипочем. */Майра кІант вара Мохьмад. Валар дош хеташ вацара иза/. Янарс ХІун дина аш? ГІапура. Собрани йира оха лакхарчу куьпахь. Кхаа дийнахь ялта дІадала тІелеци. Сербинов. Колхозах хІун боху? ГІапура. Дош ца хета. Чекх а ца даьлла дуьсур ду моьтту нахана иза.* Х. Ошаев. Некъ жІараболуш. *Басова шена моьттучу тІера яьлла хиларан гІайгІа еш, Іадийна лаьттара Харламов. Ша цунна дош цахетар хиира.* Н. Музаев «Сатийсаман ницкъ». *Цо аьлларг дош ца хеташ, гулбелларш берриге а бийлабелира.* І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Ярмаркехь хилларг»)

Дош ца хила. Из чего-либо ничего не получится, не выйдет и т. п.

Ткъа, юккъерачу образоване а кхевдина, цунах дош а ца хилла висинчу Іилман-

чин говзалла къегина гучуяла тамехь меттиг дохнаца хила там бара аьлла веана иза бежlушна юкъа. Н. Музаев. БГарлагIийн тоба. *Кlадвала вуьйлира иза. Дош хир до цийла хиира цунна. Тlаккха хlилла а дитина, дуьхьало йира цо.* С. Курумова «Дохк». *Цхьана къечу нехан ирча кlант хилла зуда ца йогlуш лелаш. Тlаккха цуьнан дас цхьа боккха ка а эцна, йоl еха нах бахийтина. Амма тlаккха а дош ца хилла.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Iемина ка»).

Дош юхаэца. (Дешнаш юхаэца). Отказываться от сказанного, признать ошибочными свое слово или свои слова.

— Ас сайн дош юхаоьцу! — тlетайра билгалдинцунна Гlапнар.

Доьхна даьлла <гIуллакх>. Невыносимо тяжелое положение, действие...

Балхара дIа а ваьккхина, карахь а, куьйгахь а доцуш висинчу Жебиран хьал доьхна даьлла гlуллакх дара.

Доьхна де. Тяжелый, неприятный момент, случай, обстановка и т. п. *Цlех-хала хьо белхан, Дийнан цlех-хала! Доьхначу кху денна хlун дийр ду ас?* Х. Эдилов «Сийлаха».

Кху доьхначу дийнахь Васса хlинццалц санна сапаргlате яра. М. Исаева. «Ирсан орам». *Дакъаза ма довла, хlай нохчийн кlентий, Доьхначу дийнахь шу мичахь диси техь.* Ш. Арсанукаев «Тимур».

Доьхнарг дан. Натворить что-либо неприятное, хлопотное.

«Хlетахь цlога даькккхинчу цо хlун хаьа хlинца кхин цхьа доьхнарг дой а!» — аьлла, бlаьргаш а хьаббина, ойланашка яхача, барзана буьрса мел долчу Iаламатийн бlарлагlаш хlуьттура. М. Мусаев. Цlен маьхьси.

Доьхна хьал. Тяжелое положение, обстановка, условия (о невыгодном положении, деле и т. п.).

Даа рицкъа дац. Мацалла, цамгарш. Кху доьхначу хьола тlе схьагlерташ Эрзерумера нах бу. А. Айдамиров. «Еха буьйсанаш».

Дуй баа. Поклясться.

Хьамид дуй баа реза ву.

Дуй биъна. У с т. О преданных друзьях-братьях.

Вадуд, Ахьмад цlераш йолуш, дуй биъна, ши доттагl хцлла, юккъехь керт бен йоцуш, вовшийн лулахь вехаш. Х. Ошаев. Къовсам. *Аьрзу дуй биъна ваша вара Маккхалан.* А. Айдамиров «Еха буьйсанаш»

Дуй гIуо <хьох..>! Выражения проклинания, возмущения.

— Хьай дуй гlуо хьох! Иммансиз! Дех шинара деш воллийца хьо-м. Стаг йоцу хlумl! Х. Ошаев. «Цхьана колхозехь».

Дукха ваха /вахарг/ (й, д.). Выражение ласкового обращения и благодарности.

— Тlе хlокху сохьта хьайбанийн-бежанийн болу мехаш а ца го хьуна? Хlинца кхуьнан и ахь суна белла мах хир бац...хир бац...уьш дlадаьлла, дукха вахарг, уьш дlадаьлла. С. Бадуев. Мацалла. *Нехан бешара цхьа lаж а бадийна говза, Дукха вахарг, хьо ма воккхаве?* М. Сулаев. Нехан бешара.

Дукха вехалда! (й, д, б). Доброе пожелание долгих лет жизни.

— Дукха ехалда! — жоп лора церан аьзнашна Анон нанас, уьш шега луьйш санна. Н. Музаев. Мур. *Тlевеанчу Дошас къевллина маравоьллира иза.— Баркалла хьуна, Расу, дала дукха вахавойла хьо.* А. Айдамиров. Маршонан цlарах.

/Дукха/ тlех вала. Позволять себе больше, чем следует; слишком переоценивать себя.

Дуккачу хьолехь. Почти всегда, преимущественно, обычно.

Дукхачу хьолехь ма-дарра гайтина яздархочо шен роман тlехь керла дахар.

Дуккхе дукха. Очень, в сильной степени.

Дукхе-дукха тара и чола куй а. С. Курумова. Дохк. *Лоьмин вашас а, йижарша а дукхе дукха гlиллакхехь, езаш а тlеийцира Лена.* А. Айдамиров. «Ирхеш». *Ахь деш дерг дукхе-дукха хьекъале а, гlиллакхе а къамел ду...* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Дукъ коча долла /эца/. //Дукъа кlел <ворта йолла>. Взвалить на себя какую-либо обузу, тягостную обязанность, заботу.

— Тхуна ца лаьара цхьанна а дукъ кочадолла. (....) Къизчу lазапан дукъ коча а дуллуш, чекхбели и бахбелла тlом (....). Россе вирзича юха а помещикан дукъа кlел ворта йолла ма еза. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дуткъделлачухула хедар ду. См. /Ша/ дуткъделлачухула...

Духхе (дуьххе) кхиа /гlерта/. Понять что-либо до конца; докопаться и т. п.

Мохсолта: ...Тамашина бу-кх хlара нах, шайга аьллачух тешна lад ца lаш, массо а хlуманан духхе кхиа гlерташ. I.-Хь. Хамидов. Мохсолтин доьхна де.— *Хьан хьекъалан дуьхе кхуьуш хиларан чlогlа хама беш ву со,— маслаlатан мукъамехь вистхилира Харламов.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Хlун олу кхара, ва Мlаьчиг,— дуьхе кхиа гlоьртира Маржан.* Ш. Окуев. Юьхь. *Нахалахь лелаш эладитанаш дара, Цунд бандитащца къайлах барт болуш ву бохуш. Решед ца гlиртира цуьнан дуьхе кхиа.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Ду<я> дац <къасто>. То, от чего зависит самое важное, существенное.

Дуьйцийла йоцуш. Очень, в сильной степени.

— Жамин зуда хаза ю-кха! — элира Зармас Махьмин лерехь.— Дуьйцийла йоцуш! — тlетайра Махьма. Н. Музаев. Мур.

Дуьйцу хезнй <и>! Выражение удивления, изумления по поводу сообщения какой-либо передачи, какого-либо известия, сведений и т. п. Иногда выражение употребляется как недовольство, возмущение по поводу чего-либо.

— Дуьйцу хезний и! Ма доккха хlума ду беттаса тlе стаг воьссина бохург!

Дуьне /а/ дуьзна (даьккхина, дуьззина..). Очень много, в избытке, в изобилии. Часто употребляется с целью подчеркнуть избыток чего-либо, выразить пресыщение от большого количества чего-либо, когда чего-либо так много, что больше не надо, не требуется.

И йоцург кхин йоl йоцуш висарна кхоьрура хьо? Хlара дуьне а дуьзна бац мехкарий? — бохуш, карзахъелира нана. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.— *Идей сан ма ю! — пlелг айира Iабдуллас.— Идейша дуьне дуьзна! — куьг ластийра Ахеда.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Кхуьнан маслаlатен дарбано дуьне а даьккхина, Адаман даьlахкаш лаьттах ийча а, шахтин лахьтанашкахь цкъа а цlа декна Атоман Герз — кlорга сиргlаташ, Лаьттан Iаьржа—бlаьргаш юьсур ю, гонаха радиацин ноткъа лацаелла, амма тlаккха а цунна шен дахар тоьур дац дуккхачу схьаlеттийначу ноткъех цlанделла, ца кхоьрруш лела.* И. Эльсанов. Iожалла — совгlат.

Дуьне гайта. Р а з г. Показать прелести жизни; удовлетворить чье-либо любопытство и т. п.

Султан. Сихха соьга йола хьо. Хадижа. Еъча дуьне гайта воллий хьо? Султан. Воллу. Комсомолец ву со. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Дуьне гатдан. Поставить кого-либо в притесненные условия.

Массо кулла кlелхьара, шерачу лаьттахь — бухбуьйлуш, къинхетамза етташ, дуьне-м дера гатдора. /.../ Хlордаца йолу аглo маьрша а юьтуш, вукху кхаа аглор цо тlе лаьхкинчу эскарша дуьне гатдина цигара туземцаш, хlордан кеманаш тlе а буьйлуш, Турце бевдира. А. Айдамиров Еха буьйсанаш.

Дуьне гина <борз>. Р а з г. Кто-либо многое видел и испытал в жизни, перенес много трудностей /говорится об опытном, бывалом человеке/.

Суьпачу нахах тера йоцу и дуьне гина йолу берзалой гlеххьа шайх муьста хьожа а, тоъал кlедачу томкин хьожа а етталуш яра. Н. Музаев. Мур.

Дуьне гомаш хаьхкина доьду <моттийта>. Р а з г . Поставить кого-либо в необычно сложное положение /как в знак наказания/.

— Ша майра велахь, Мария бохучу йоlанна тlехьовза-кх хьан кlант! Тlаккха-м ас хlара дуьне гомушаш хаьхкина доьду моттуьйтур хьаха дара кхунна. Ш. Окуев. Юьхь.

Дуьне даа. Наслаждаться жизнью. Жизнь, жить. Употребляется когда говорящий хочет подчеркнуть некоторые приятные, прекрасные стороны жизни.

«Хьол тlаьхьа дууш долу дуьне ца оьшу суна»,— аьлла, кlант говра тlера чукхоссавала воьлча,— «Хьуна сайх мел къахета хьажа йоллура со,- Iадlелахь»,— аьлла

цуьнга говро, адамийх йист а хилла. Нохчийн халкъан фольклор/«Мара бойна Салман. *Цунна тIехь йолу кIайдарг — таронаш йолчу нахаций, кулакащций чIогIа уьйрбезам лелор а, стагах атта тешар а, малар ша ца мелча, дуьне даар цахетар а дара.* С. Бадуев. Председатель.— *Ма йоьлхуш, гIийла дуьне даан йити ахь со.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.— *Хийла кIорни, кIеза, чайтаI кхуьу, шайн дуьне даа, къийса Iема хьуьнах.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамане.— *Кхана стерчий а эцна, лама дуьйна дIа готанахь хила деза хьуна вайшиннан. ХIинца-м хIун хала дара хIара дуьне даан а, нахе корта ца беттан а!* Ш. Окуев. Юьхь.

Дуьне девзина <стаг>. Очень опытный человек, которого трудно провести, обмануть, бывалый человек.

Дуьне а, адамаш а девзина йолчу Занета кIантехь долу хьал а хуьш дора шен къамел.. Н. Музаев. Мур.

Дуьне делла <стаг>. О счастливом, везучем, удачливом человеке.— *— Цунна хир ди хьуна, тIулгаш тIе дийча а /ялта/. Дала дуьне делла стаг ву уьш кхоъ.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дуьне дита <диса>. 1. Умирать.

ХIара дуьне дитар мел хала дуьйцу. И санна, хала ду веза кIант вита. С. Бадуев. Йитахьа со. *Ханпаша. Доллучул новкъа ду сона, вайн толам а ца гуш сайх дуьне дисар.* 1.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш. 2. Полностью отдаваться ч-л.

Дуьне дитина <...>. Полностью, целиком отдаваться чему-либо, делать что-либо, с полной отдачей сил.

Дуьне дитина чIогIа суьпа ваьлла ламаз-мархина тIевирзинера Iубайд.

Дуьне дохо. Натворить что-либо неприятное, страшное, адское, ужасное.

Дуьне доьхча <а>. Ни при каких обстоятельствах, ни при каких условиях, никогда (выражение усиленного отрицания чего-либо). *Завжан. ХIара дуьне доьхча а, со хьоьца Iеш яц. Кхетий хьо?* Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.

Дуьне дукха гина. Очень опытный человек, которого трудно провести, обмануть; бывалый человек.

ТIома кIел, ша учетчик хиларе терра, дуьне дукха гина гатанан портфель яра цуьнан. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Дуьне дууш ма ца воллура <и>. Дуьне ца дуур-кха//. Дуьне даац-кха/дацар-кха/. Выражение желания делать что-либо наперекор, назло, против, в наказание кого-либо.

— Дуьне дууш ма ца воллура шуьша гIаш дIа ца хьажийнарг! — велавелира Леча. С. Курумова. Сан гIалат.— *Вай дадаларг яI-кха, ма дош а, ма дуьне а дацар-кха цунна тIе куьг хьоькхуш, цуьнан букъа тIехь ца диънарг!* Ш. Окуев. Юьхь.

Дуьне дIаделча <а>. Ни при каких обстоятельствах, условиях, никогда. (Выражение категорического отрицания чего-либо).

— ХIара дерриг дуьне дIаделча а лур боцу айгIар суна а белла, хьайна оццул зен дIавохуьйтур вац-кха ас хьо! Ш. Окуев. Юьхь.

Дуьне йисте. Очень далеко.

Дуьне къахьда (къахьдан). Доставить кому-либо неприятность; вызвать в ком-либо отвращение к чему-либо.

Оьзда воцчу стагана эхь ца хета мел оьзда доцург дийца а, лело а, ша санна оьзда воцург шена накъосталлина кхайкха а. Ткъа цара дуьне къахьдина лелочу оьздачу, хьаналчу стагана эхь хета, оцу йовсаршна дуьхьал къийсамехь ша санна оьздачу хьаналчу нахе гIо деха. А. Айдамиров. Ирхеш.

Дуьне кIордо. Испытать чувство пессимизма, нежелания жить.

ТIаьххьарчу хенахь нана а елла, дуьне кIордийна массо а хIуманах дог а даьлла лелара Сижан.

Дуьне лаха. 1. Жить.

— Цкъа а лийр воцуш санна лаха деза дуьне,— элира цо. 2. Поддерживать свое существование чем-либо; искать материальное благополучие; искать свою судьбу. *Шен бахамах тоам ца бо Сираьждас. Дуьне лаха араваьлла стаг ву иза.*

Дуьне ловзо. Праздно проводить время, бездельничать.

...Шаьш балхахь куьг а ца тухуш, мерза дууш, хаза духуш, хIара дуьне ловзош лела. А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Дуьне ма-дду. 1. Огромный, очень большой. О чем-либо значительно превышающем обычное для данного предмета величину, объем, количество и т. п. 2. Везде, повсюду (о необъятных просторах).

1. ХIара дуьне ма-дду хьан корта хилча, цхьанхьа ца кхетча болий иза? — аьлла кIантана реза воцчу дас. Нохчийн халкъан фольклор («Цхьанхьа ца кхетча болий иза?..») 2. *Дуьне ма-дду дIа бу оьрсийн паччахьан мохк.* А. Айдамиров Еха буьйсанаш.

Дуьне мел ду. Везде, повсюду (о необъятных просторах).

— Чуваха а, ван а меттиг боцуш, эраша эккхийна пхьагал санна, паччахьо эккхийна, дуьне мел ду ведда лелачу ахь хIун гIо дийр дара суна? — Зеламхе а хьаьжна, велавелира БацIа. Ш. Окуев. Юьхь.—*Кегийраш, ма мийлийша и малар, ма лелийша балха доьлху бохуш, дуьне мел ду дуьйлалей.* А. Айдамиров. Ирхеш. *Дуьне мел ду бIаьрго лоцу шера-шуьйра аре.* С. Дакаев. БIаьстенан мукъамаш.

Дуьне муха ду <ца хаийта>. Какими-либо действиями /иногда поручениями, делами и т. п./ не дать кому-либо покоя, отдыха, нормальной жизни.

— Хьо малар муьйлуш, кху цIенна тIе ца воьрзуш лелаш, дуьне муха ду ца хаийти ахь суна.

Дуьне муха ду <ца хаьа>. О чьей-либо зависимости от кого-либо или от чего-либо. Будучи обремененным непосильной работой, службой и т. п. не знать покоя, отдыха, нормальной жизни.

— Кху бераша сагатдеш дуьне муха ду ца хаьаш ма ю со. 2. Мучительно страдать от нестерпимой боли, какой-либо болезни и т. п.

Дуьне-м ца даара. Выражение желания сделать что-либо.

Дуьненан <а> меха. Что-либо дорого стоит, очень высоко ценится.

— Деллахь, хIинццалца-м чIогIа тхоьца ларам болуш, гIиллакхе ма вара иза, дуьненан а меха дара Iабиний, Iумарний цара дина совгIаташ. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Дуьненан аьтто. Материальное благосостояние (в общем смысле).

Цхьана Iадоьллачу Iуьйранна гIуммагI эцна аравелира, шайн цIийнан байнчу дуьненан аьттоно меттахь керчош сахуьлунга ваьлла дада. М. Мусаев. МаргIале хатта.

/Дуьненан/ бала Iовша. Испытать трудности, лишения, невзгоды и т. п.

Кулсум. Дуьненан бала Iийша кхоьллина хилла-кх со! Дуьненан гIайгIанна кхоьллина хилла-кх со! Ва везан дела, мел доккха де ду соьга деънарг! С. Бадуев. Дайн Iедал.

Дуьненан болх [**гIуллакх**]. Жизненные заботы.

— Дуьненан балхах шекволучарех ву моьттуш вац со вайша. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Дуьненан даьхний. В буквальном смысле — земное богатство; большое богатство.

— Цара сайна лучу хIуманна-м дуьхьала вацара со, мама, амма вай оццул дукха ахча а, дуьненан даьхний дехча, эцалур буй-техьа и мохк оцу мисканашка? Ш. Окуев. Юьхь.

Дуьненан еа (йиъэ) маьIIе. 1. Везде и всюду; без определенной меры, границы (о просторах).

Дуьненан еа а маьIIехь цIарна а цIе яхна дика кIант вара хьо, Эвтархойн Ахьмад. Нохчийн халкъан фольклор («Эвтархойн Ахьмадан илли»).— *Вайна муха хуур ду элан вол мича агIор сакъера воьду? Дуьненан йиъэ маьIIе декъа а делла, кIелонаш ян еза вай царна?* Ш. Окуев. Юьхь.— *Хьуьнарчаш хир ду, дуьненан еа а маьIIе кхочур ду бохуш, дозаллаш деш ма дуй шу.* Ж. Махмаев. Аьхке. 2. Куда угодно, куда только захочется (идти, убираться и т. п.).

Дуьненан йисте. Куда-либо далеко, в любое место, куда угодно.

— Хаац вайн лулахошна хIун хилла-м! ЧIогIа гIоьртина бохку уьш вайх. Я

цхьана дуьненан йисте а вахана ваьхча хIун дара-те? Масане, ойланехь Турпал сайх хуьлий, дуьненан йисте со йоьдура лела. Р. Ахматова. «Эвлахь».

Дуьненан мах <бу>. Нет цены (о ком-либо или о чем-либо) более нет наслаждения, счастья и т. п. более.

— Хамберд, айхьа кху айгIарх лаьцна дина къамел дага догIий хьуна? — ДогIу. Цкъа цуьнан букъ тIе хуург дуьненан мах бу аьллера ас.

Дуьненан синкъерам. Что-либо радостное, волнующее: веселье, радость (в общем значении).

Дуьненан синкъерам. Цул тIаьхьа эшац, хIинца цкъа сатоха дезар ду ахь а. Х. Эдилов. Шиннан къайле.

Дуьненан цIога лаца /гIерташ/. Р а з г. Занимать ведущее место, господствующее положение; приобретать влияние, имущество; верховодить.

Кху дуьненан цIога лаца гIерташ хьаьддий-веддий лела массо а. А. Айдамиров. КIант веллачу дийнахь.

Дуьненан ялсамане. Необыкновенно красивое или исключительно приятное место, где всего в изобилии, где можно счастливо и безмятежно жить.

Гуттар семачу кхуьнан лерг хьосту зурманаш, шах-шихаш, хьожанаш, чемаш, хийцалун беснаш, аматаш, зевнаш вовшахъоьй, ша дуьненан ялсаманахь хета. М. Мусаев. Дуьненан ялсамани. *Дуьненан ялсамане ю-кх, оццул тоделла-кх адамийн дахар!* А. Айдамиров. КIант веллачу дийнахь.

Дуьненара дIавала (й, д, б). Умереть. См. дуьне дита.

Дуьненара дIаваллалц (й, д, б) До самой смерти, до конца жизни.

Хьоькхучу шийлачу мохехь Байкалан ша тIехула шена хьалха воьдучу протопоп Аввакуме зудчо хIара хьал мел хан яллац лан деза вайша,— аьлла хаьттича Аввакума жоп делира: — Вайша дуьненера дIадаллалц.

Дуьненара рицкъа дан. Прост. Потерять счастье; состояние и т. п.; обанкротиться.

ПетIамат: Берриге а ницкъ суна бина, дада, дуьненара сан рицкъа дайна хуьна, дада. С. Бадуев. ПетIамат.

Дуьненах <а> чам байна [дог даьлла]. Разочароваться в чем-либо, разувериться и т. п.

— Хьо дагайоьхна леш воллу-кх со. Юучух а, дерриге а дуьненах а чам байна. І. Гайсултанов. Малика. *Дагца йолчу цамгаро дуьненах догдаькхина волу ielana цкъа а тIера вацара къамелана.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дуьненах дог дилла. Перестать надеяться; испытывать чувство пессимизма, сдаваться, покориться, прекратить борьбу.

Дуьненах дог диллина вара Ризван операционни стол тІе ша охьавижош.

Дуьненах сийна цІе ялахь <а>. Обязательно, несмотря ни на что, при любых условиях, обстоятельствах.

Дуьненах сийна цІе ялахь а, цкъа ша аьллачунна тІера ца волура жимчохь дуьйна Сохур.

Дуьненах чам байа. См. **Чам байа.**

Ас а бохура кхуьнга-м тхо долчу дІайола. Еъча а, кхуо ма-боххура, дас тІаьхьа а веана, дуьненах чам а бойъуш, юха цІа ялор ю-кх хІара. Хь. Саракаев. «Меа».

Дуьнене кхайкхо. Р а з г. Обнародовать, распространять, объявлять во всеуслышание что-либо. *Къосума шега аьлларг дуьненна кхайкхош лелара Йисара.*

Дуьне нисделла [тоделла]. Кому-либо благоприятствует успех, удача, счастье. *«Массо а агІор дуьне нисделлачу стагана хІунда оьшу-техьа сан къинхьегаман стом а шена берзо гІертар?» — ойла хилира Зармин, дог ІовжошІ.* Н. Музаев. Мур.

Дуьненна <а> кхачо йийр йолуш (в, д, б) Такой, что скоро всем достанется, хватит, надоест. и т. п. О ком-либо или чем-либо.

Хабарна дуьненна а кхачо йийр йолуш, оццул маттана тІера яра Дакка.

Дуьненна <а> хаьа <го>. Все знают (о чем-либо). Ср. **Дуьненна дийца.**

— Колла а, Недар а томка схьаоьцучу пунктера дІа муха ваькхина дуьненна а хаьа. А. Айдамиров. Ирхеш. *Мацах, цхьаммо-м «туьйра» аьлларг гІан, я туьйра доцуш, кхочушхилла, дуьненна а го.* С. Дакаев. Ленинан бакъ.

Дуьненна букъ тоха. 1. Умереть. О смерти кого-либо. (В форме табу).

— Дуьненна букъ туьйхи Ахьмархьаьжас а. Дика къонах вара иза. 2. Вести одиночный образ жизни.

Дуьненна дийццал <хІума> Р а з г. Что-либо достойное всеобщего внимания, обсуждения.

— Шу массо кІант ваха, шун бІаьрга мел дайначу къорІанор, хаьара суна, оцу мечукан кІорнина тІаьхьа а хІоьттина хІара МІаьчиг дІаволаллушшехь, дуьненна дийццал хІума доцуш хІара вухавогІур воцийла! Ш. Окуев. Юьхь.

Дуьненна лалур дуй-те. <аьлла>. До такой степени ужасное, возмутительное.

Дуьненна тІаьхьа <вала (й, д, б.)>. 1. Заниматься земными делами (в прот.— загробными).

Валаран ойла ца йо ашшиммо. Дуьненна тІаьхьа а ваьлла эхарт дицдина лела. А. Айдамиров. Ирхеш.

2. Обогатиться; заниматься улучшением благосостояния и т. п.

Дуьненна тIера <дIавала (й, д, б)>. См. **Дуьне дита.** Умереть.

Дуьненна тIера /дIаваллалц (й, д, б)/ См. **Дуьненара дIаваллалц (й, д, б).**

Дуьненна тIехула дIадахьа. 1. Преувеличивать, раздувать, утрировать что-либо. 2. Обнародовать, распространять, объявлять во всеуслышание что-либо.

Дуьненна тIехула дIадахана, даьржинера «Россехь паччахь вохийна» — аьлла хабар.

Дуьненна тIехь мел дерг <ала>. 1. Грубо обругать.

Базарахь дов даьллачу шина зудчо вовшашна дуьненна тIехь мел дерг элира. 2. Очень много (наобещать; наговорить и т. п.).

Дуьнен тIе вала (й, д, б). Родиться, появиться на свет.

Дуьнен тIе ваьлла ши бутт кхаьчча, да-нана вовшех къаьстина, дестес а, девашас а кхиийнера Ал-Мохьмад. И. Эльсанов «Ал-Мохьмад».

Дуьнен чохь цIе йолу (йоккхуш). Всемирно известный.

— Говраш аьлча-м шуна цхьа бен доцу хIума хетар ду, амма кху дуьнен чохь цIе йолу говр мел генарчу а пачхьалкха тIехь иза хиларх, цига кхочий, боьхху мах лой ялайо цо. Ш. Окуев. «Юьхь». *Нохчаша дуьнен чохь а цIе йоккхуш стаг вира цунах.* А. Айдамиров Еха буьйсанаш.

Дуьнен чу вала(й, д, б) См. **Дуьнен чу вала (й, д, б).**

Дуьнен чу ваьлчахьана (й, д, б). С года рождения, с рождения.

Сацахьа жимма, хIай зама, сих ца луш хьажийтар доьху сайн некъе хIинццалц схьа бинчу... Дуьнен чу со яьлчахьана. Р. Ахматова. Сацахьа жимма, хIай зама.

Дуьнен чу волуш (й, д, б) С момента появления на свет кого-либо.

Леча дуьнен чу волуш кхелхина сан цIийнан нана. И. Эльсанов. Ши кIант ву сан.

Дуьнен чуьра кIур байа. Уничтожить, истребить кого-что-либо без следа.

—... Сайдуллица, Iелаханца Турце кхалха, я оха оцу нохчийца цхьана дуьнен чуьра кIур бойу хьан... А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Дуьне тIекхетта. Оказаться в самом тяжелом, трудном положении.

ХIинца гуттар дуьне тIекхийтира Анзорана. Цкъа долчунна Iуттуш а, юха долчунна хьостуш а, ткъа, дийцаре даьлча, хастора тIе даккха беглийла йолуш, бохь шайгахьа аьлла хийтира кхунна и дешнаш. М. Мусаев. Анзор

Дуьне харцахьа [тIекIел] даккха [тоха]. Приводить что-либо в состояние полного беспорядка, хаоса.

Спортзал чу вахана хьаьжча, моьттур дара, дуьне харцахьа даьккхина. Оццул IалагIожа яра цу чохь хIоттийна.

Дуьне ца гайта. Держать кого-либо в ограниченных условиях и т. п. взаперти.

Хадижа. Тамаша. Тхуна, зудаберашна, ког ара баккхар дихкина ду. Дуьне ца гойту. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Дуьне ца го. Об очень сильной степени какого-либо ощущения.

Дуьне <шен> долуш санна. О большой радости, удовлетворении кого-либо.

Дерриг дуьне шен долуш санна, йоккхаера Малика ша гIалахь, медицински училище экзаменаш дIаелча, конкурсах чекхбевллачарна юккъехь шен фамили гича. Д. Пашаева. Малика.

Дуьне юьхьара дерзо. (Быть или находиться) в крайне возбужденном состоянии.

ШолгIачу сарахь, цIа а деана, Анзор, Кесирий шайн квартирехь безам бууш, дуьне юьхьара дерзош дара. М. Мусаев. Анзор.

Дуьне яI(!)//Горлера дуьне яI(!)//Маржа дуьне яI(!).
Выражение негодования, недоумения и т. п.

Човка. ТIом. ТIамо латта огу. Дуьне леста. ГIайгIаной, балаюй сийсадо. Дуьне, маржа дуьне яI (йоккхачу тоьпан татанца орцанан маьхьарий довлу) М. Мусаев. Теркан тулгIенаш.

Дуьне Iункар хIоьттича <а>. Ни при каких обстоятельствах, условиях.

Даша юккъе иккхира Бексолта: — Ас цхьаъ алий хьоь, Мака. ХIара дуьне нисса IункIар хIоьттича а, и захало дийр долуш вац-кх со. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Дуьрста таса. У с т. Подчинять кого-либо своей власти.

Дуьстина дерина. Обдумав, взвесив (делать, совершить что-либо).

— Ойла а йина, дуьстина-дерина, тIелата деза вай цунна. Ш. Окуев. Юьхь.

Дуьту-дитац доцуш. Неожиданно, внезапно (о чьих-л. действиях, поступках и т. п.).

Расула ша мел лелош долу хIума, цхьаьнне шек а ца кхетуьйтуш, дуьту-дитац доцуш леладора.

Дуьххьарлерчу декъана [рогIана]. Сначала, сперва, прежде всего в первую очередь, раньше всего.

— Дуьххьарлерчу декъана вай билгалдан дезаш дерг цхьаъ ду: вешан Даймохк ларбар. Даймахкана тешаме хилар,— аьлла, къамел долийра призывникашна хьалха тIеман ветерана Масаевс.

Дуьххьал схьа [дIа]. Открыто, не скрывая ничего ни от кого-л.

Стаг ша цхьанна олучу хIуманна дуьххьал дIа хила веза. Дуьхьал схьааьлла долу хIума эхье ца лерина халкъо.

Дуьхьарлерчу хьокъехь. Сначала, раньше чего-л. другого.

ДIадаккха <а> тIетоха <а> хIума доцуш. 1. Все, все подряд.
— *Мел еза? — забаре дерзо а гIерташ хоттура Марема.— Ерриг а еза-кх. ДIадаккха а, тIетоха а хIума а доцуш.* З. Яндарбиев. Буьйса. 2. Так, как надо. *ГIала дIадаккха а, тIетоха а хIума доцуш хаза а, куьце а шахьар ю.*

ДIадаккха хIума дац. Совершенно, очень сильно (похож, похожий, схож и т. п.)
— *ХIаъа. Ву... — элира Семен Иванович, цуьнан куьг схьа а лоцуш.— ДIадаккха хIума дац.* М. Мусаев. Анзор!

ДIадаьлла гIуллакх <ду>. 1. Кто-либо скоро умрет. 2. Неизбежна неудача.

ДIаднллича санна. Находчив в разговоре, споре.
Шен меттехь ала хIума вайн дIадиллича санна карадора ШитIина.

ДIадели иза. Как заключение, вывод при подведении итога (на этом и конец).

ДIай-схьай диттина <...> Кое-как, еле-еле (делать, совершить что-либо).
Моллин-Кад, ...ТIаккха яйра цунна кхин йоI. ДIай-схьай диттина, ялийра цо иза. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

ДIа-коч схьа-коч. Р а з г. Мелкий расчет: вещь за вещь.
Пренебрежительная, презрительная оценка подарков, которые даются взаимно по правилу: ты — мне, я — тебе.
—ДIа — коч, схьа — коч бохуш, ца оьшу бала бу-кх хьуна вай ваьшна бинарг. I.-Хь. Хамидов. ДIа-коч, схьа-коч.

ДIамарданг-аьлла. Р а з г. О скоплении людей в тесном положении.
Тхан автобус дIамарданг-аьлла юьзнера.

ДIахьажа хьо (!). Р а з г. Выражение удивления, изумления в связи с необычностью, неожиданностью чего-либо, а также выражение восхищения, вызванного необычностью чего-либо.

ДIаэца хьайна (!) 1. Выражение удивления, изумления.
— *Директор чувоьллина, бах.*
— *ДIаэца хьайна! Ахь боккъалла бохий?!* 2. Выражение упрека в чем-либо.— *Сайн хьомечу, хазачу, дикачу Дуняшкина тIера молу-кха ас! — ХIинца дIаэца хьайна, Степа! — Іоттар йира Маняс.* Ш. Окуев. Юьхь.

ДIорачу малхор. Клятвенное заверение в чем-либо
Тасу. Дац тхан герз! Исраьил. ДIорачу малхор ду! Герз дерш багарбе ас хьуна? Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

ДIохь а, кхузахь а/Дехьахь — сехьахь. В разных местах, во многих местах.

Е

Е-а лар йоцуш. 1. Очень сильно, страстно, со всей полнотой чувства (тосковать, любить, хотеть и т. п.)

Де а делира, кIира а дахара, Зовр кхин гучу ца волура. Сахьаьвзира ЗабиIатан, е-а лар йоцуш. С. Курумова. Дохк. 2. Безрассудно; глупо (делать что-либо), Е-а лар йоцуш хIума дина Iелас.

Елла яла (й, б, д) со<хьо..>. Выражение досады, жалости (к кому-либо), недоумения и т. п.

— Ой, елла яла со делаI, ма йоьхь йоцуш ву хьо. С. Бадуев. Аьшпаш.

Ен бух баьжна. Р а з г. Говорится, жениху или невесте, если в день их свадьбы идет дождь.

Хьомсуркъас зуда ялийнчу дийнахь догIа доьлхуш наха забарена олуш дара: — Я Хьомсуркъас, я цуьнан нускало ен бух баьжна хилла.

Ерстина (в, д, б) ятIа (яттIа) (в, д, б) йоллуш (в, д, б). Кто-либо сильно полнел (обычно при безделье, праздном образе жизни).

— Ийза ма лохьа, Имхьаьжа! — цуьнан дашна юкъаиккхира Мирза,— хьоладайша доггах тIеоьцу боху ерстана-яттIа йоллу ши нал яхьаш веанарг! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Еха зурма. То, что не скоро может быть сделано, осуществлено, рассказано и т. п.

— И ахь хир ду бохург хьаха ду, еха зурма! — ца вашарца балдаш саттийра Ахрана.

Ж

Жашт-аьлла Р а з г. Моментально, мигом (делать что-либо, удачно, обычно сходить, съездить куда-либо).

— И лаьтташ вайн ялкха воцу ворда а ю, жашт аьлла хаьхкина, и загIа-маганеш а эцна, вайшиъ элп алале юхадогIур ду. Н. Музаев. Мур.

Же-же (!) <**ма Iе!**> Восклицание, означающее: «Давай быстрее!» *Же-же, гIовттал хьала! Iайла дац вайн садоIуьш. Довлал! Ма Iел!*

Жий бан. Р а з г. Усмирять, заставлять кого-либо покоряться; побеждать и заставлять побежденного подчиняться во всем (обычно в единоборстве).

Тасавелира лоьман ка йолу Анзор. Амма шиъ цхьаннал тола велира. Охьаетташ, етташ, хьекхош, жий бинера. М. Мусаев. Анзор.

Жил-Iалам. 1. Все существующее во вселенной, органический и неорганический мир.

Гlан гира сийсара: стигланаш этlош, жил-lалам lададеш. Делира «гов». Хь. Сайдуллаев. Чов хилла латта. *Шелоно шен мара къуьйлуш, жил-lалам гуьйренга тийжа.* С. Дакаев. Iаьнан суьйре. 2. Р а з г. Очень много, в огромном количестве. О большом скоплении людей.

Дерриге жил-lалам дара майданна тlехь селхана.

Жил-lаламат. Чудо, диво.

Туьйранахь дуьйцу жил-lаламат хlара ду-кх! — элира Хесас. С. Курумова. *Дохк. Бераша маьхьарий хьоькхуш, лулахой орцаха баьхкина жил-lаламат хlоьттира тхоьгахь.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. /«Къонаха хила гlортар»/.

Жима <а> воккха <а>. Абсолютно все, все без различия возрастов.— *Со делан вац, тхан йоккхачу Мартантlехь жима а, воккха а Мохьданан махорка юьйцуш вацахь!* Ш. Окуев. Юьхь. *Цуьнан томкане марзбеллера жима а, воккха а.* И. Эльсанов. Хелхаран мах.

Жим-жимма. Постепенно, понемногу. Ср. **Кlез-кlезиг.** *Жим-жимма дуьллуш оцу стеган сурт дуьллура цо.* Н. Музаев. Мур.

Жим-тlама (жима-тlам). 1. Немного, в небольшом количестве, чуть-чуть, малость. 2. В небольшой, незначительной степени, слегка, чуть-чуть, маленько.

Хlетте а, паспорташ яздечара гlуллакх ца до шайна жим-тlама хlума ца елча. А. Айдамиров. Ехь буьйсанаш. Кlезиг елахь а оцу вагонашна гонах оха ца бинчу кlодана язийна и наряд...хили цунах а жим-тlам тlак-мак...Н. Музаев. Мур. *Гулло вай кlеззигчу ханна, кхуьуш, я ца кхуьуш, жим-тlамма марзонаш оьцуш.* С. Дакаев. Нене.

Жинашна а хуур дац. Неизвестно, никто не знает.

— *Цара хlун взнос хьанна ло жинашна а бен хуур дац!* Н. Музаев. Мур.

Жолам яl(!). Восклицание одобрения, удовлетворения, злорадства.

— *Жолам яl! Хlинца-м керчар бац хьуна церан мотт.* 1. Гайсултанов. Малика.— *Оха классан само-къийсам кхин а чlагlйийриг хилар! Хlай, жолам яl-кх мостагl. Ша ямарт хlоьо вагаварх, иза ларвеш хьан дог кхардадеш!* С. Бадуев. Сайханов Iалауддин безамна. *Iоккуш ду йовссарийн кlезий. Жолам яl, гlоттур вац царех кхин цхьа а!* Ш. Арсанукаев. Заманийн аьзнаш.

Жlаьлех лета. Р а з г. Ругаться, бранить, кричать, орать.

Къамел дар муххале дацара собранехь деш дерг цхьа жlаьлех летар дар-кх.

Жlаьлеша яарг [мийларг] (!) Выражение возмущения, проклинания (обычно о невкусной пище).— Хlара хlун ду, айса дlамелла эр ду ас.

Йитахьа и жlаьлеша мийларг! — тlаккха жимма волавелира иза.— Цул а ас бохучуьнга ладогlахьа. Г. Гайсултанов. Малика.

Жlаьлийн даар <дан>. 1. Разбить, разгромить, уничтожить полностью. совсем окончательно.

Оьгlазваханчу Доулбис диг тоьхна, тоьхна жlаьлийн дуур дира серийх. 2. Сделать что-либо плохо, кое-как, небрежно (часто о пище). *Плов дацара столовехь кечдинарг, цхьа жlаьлийн дуур дар-кха.*

Жlаьлийн мотт. Кто-либо не в меру болтлив, не сдержан в разговоре.

Жlаьлин даьlахк санна <чlогlа>. Крепкий физически, здоровый, сильный. *Нурбика даима екъна яра, амма Тавсолтас: «Хlумма а дац, жlаьлин даьlахк санна, чlогlа ю!» — олий, дlадерзадора.* М. Сулаев Тавсолта ломара дlавоьду.

Жlов дlаяккха. Угомонить; укоротить чей-либо нрав; испортить престиж, вид и т. п.

Iабаза дlайоккхур ю цуьнан жlов, ас омра ма диннехь. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

З

Забар йоцуш. Очень сильно, основательно, всерьез.

Забар йоцуш, ма доккха хlума ду-кх нахана Даттахе Шелковскера йиллина маршрутни автобус.

Забарш ма е. Не следует забывать, с кем или с чем имеешь дело, во избежание неприятных последствий.

— Оцу стагаца забарш ма е, иза дукха яхь йолуш, оьзда стаг ву.

Забарш <ца> йойту. Кто-либо такой, что с ним не следует поступать неосторожно, неосмотрительно во избежание неприятных последствий, беды, несчастья и т. п.

И жlаьла дарцадар гlоле ю, цо забар ца йойту шеца эвхьаза ваьллачуьнга.

Забар яц (!). Р а з г. Выражение неподдельного удивления по поводу значительности чего-либо.

Ма забар яц-кх оцу говран боларан! — элира Хьаммада геннахь едда йогlучу расхачу говран боларан тидам а бина.

Заббари яла (в, д, б). Р а з г. Расфуфыриться (одеться чересчур нарядно, крикливо, вызывающе). Обычно о женщинах.

Дlо некъо голатухучухула схьататтаелира заббари яьлла йогlу Маржан. М. Мусаев. Дашо маха.

Зайл бетта. Поставить кого-либо в зависимое положение, ограничить чьи-либо действия.

Ткъа, суна бетташ и зайл белахь, тешам боцург вовзий, новкъара дlаваккхий

Iеминачунна хала дац... М. Мусаев Анзор. 2. Прозондировать почву, предварительно выяснять что-л.

Закъ-аьлла. Употребляется, когда кто-либо или что-либо перестает двигаться, прекращает что-либо делать.

Закъ-аьлла, шен дегIан хаен нисбеш, сацавелира иза. С. Курумова. Дохк. *Гуьйренан ткъевнаша гуттар а латта мустдина, текхаш, шершаш, цхьанхьа берд некъа тIе текхначохь, дикка мийраш хьекхна, ший а сема лаьттах кхетта, закъ-аьлла сецира машен.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Залал ботта. Р а з г. Сказать неправду, сознательно, намеренно ввести кого-либо в заблуждение. Ср. **ТIуьллиг ботта.** *Чапханаш йийриг а кхуьур воцуш, моллас цхьа залал а боьттина, цIанвелира-кх.* М. Мусаев Анзор.

Зарзар хилла века. Ш у т л. Красноречиво, с увлечением говорить.

Зен-бурчам боцуш. Без какого-либо вреда, неприятности и т. п.

— *Дикачара дегIана ницкъ кхуллу, керлачу клеткашна гIóр ло, вайха дIакъаьстарш зен-бурчам боцуш адамах дIайовлу.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Зил тоха [хIотто]. 1. Оставить какой-либо след в жизни.

Жималлин лар юьтуш вер ву хан-хене. Дахаран зил тухуш гIур ву даимне. 2. Устанавливать какие-л. различия между кем-л. или чем-л. Аса зил ца туху Белинскийна а, Герценна а юкъа. И шиъ, суна моттарехь, цхьана бух тIехь лаьтташ ву. 3. Сделать какую-л. отметку на чем-л. *И йийна ахь айхьа дуьххьара оцу кIентан хIусаме сатесначу дийнахь, шайн цIеначу безамна тIе зил хIоттийна.* Хь. Яхьяев. Белита. 4. Прекратить что-л., поставить точку. *Жайнебил хьуьнахула зил тухуш вахара.*

Зил тIехь.

/Шен/ зил тIехь. (Кто-л. соответствует) по своим качествам, знаниям, призванию и т. п. чему-л., которым обладает, имеет и.т. п.

Хьуо соввалла тIехваьлла, чу а ца гIерташ, хьуо вицваллал хера а ца волуш, юьстаха а ца лелаш, шен бараман зил тIехь гергарло лелор ду ахь оцу нахаца. Ш. Окуев. Юьхь.

Зовкх <дера> дара. 1. Этого еще не хватало. Выражение неодобрения. 2. Выражение желания к достижению чего-л., к обладанию чем-л. и т. п.

Зовкх дера дара хIинца вайн машин елхьара.— Ахь хIун до балхах? Хьо санна, дуй хьуна, нисъелла зуда, балха а ца йохуьйтуш цIахь кхобийла-м зовкх дера дара. I. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

Зу даг чу йиллина. Кто-л. испытывает неприязнь, антипатию, неприязненность по отношению к кому-л. (обычно скрыто, в тайне).

Куьг а ца кховдадо зу даг чу юллий. Х. Эдилов. Дантесаш кхин тайпа бу.

Зударийн юбка лаьцна <лела>. Быть в подчинении у женщины. О мужчине.

Зуд хьекха. Разг. Действуя обманным путем, прибегая к различным уловкам, ухищрениям, пытаться добиваться от кого-л. чего-л.

Хьаькамашна зуд хьоькхуш шен корта баккха Iемина вара ГIубша.

Зудчун бахтар. Разг. (Ирон). Невеста.

Сутарби. Шен нана санна, вон лаьхьа а бара. Кханнехь цхьа зудчун бахтар яло еза. 1.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Делах биъна дуй бу сан, хIокху кел чоьхьа шуьга ког ца баккхийта! Суна гуш юха дерзал, шайн зудчун бахтар а эций!* Х. Омаев. Зудчунна дарба хилар.

Зу /.../ еттарх а. Ни за что, ни при каких обстоятельствах не делать, не говорить и т. п.

Оцу Висас шена зу/.../ еттарх а, суьдехь бакъдерг дуьйцур дац моьтту-кх суна,— элира Адама.

Зурма лакха. Во всеуслышание, повсюду, всем говорить, рассказывать, болтать о чем-л

Села ... Цуьнга и ца эшаяйта гIерташ, зурма лекхна, йиш а хаьлла ю со. 1-Хь. Хамидов. Бож-Аела.

Зурманца лехча а <ца каро>. Употребляется, когда кого-л или чего-л. трудно найти, отыскать, разыскать.

Зурманца лехча а карор вац белхан хенахь колхозан председатель.

Зуьдан хабар. Прост. Сплетня, вздор, чепуха, небылица.

— ЭхIей! КIилло яI-кх, и зуьдан хабар гой хьуна цо дуьйцу? С. Бадуев. Бешто.

Зуьлкъарнайн тахьте. Уст. Очень далеко, в отдалении, глухие места (Зулькарнай — так звали народы Азии и Востока в старину, в том числе и вайнахи, Александра Македонского).

ЗIенашца текхийча <а>. Никакими средствами не заставишь, не уговоришь кого-л. прийти, зайти, перебраться и т. п. куда-л.

ЗIенашца текхийча а гIур воцуш дуьхьал ваьллера Эдалби ловзарга ца ваха.

ЗIок санна <дуьхьал верза (й, д, б)>. Очень мешать, сильно досаждать кому-л. препятствовать кому-л. в чем-л.; противодействовать.

Мел и шел воккхаха хиларх зIок санна дуьхьал воьрзуш вара жимчохь дуьйна Iамир.

ЗIок тоха. Попробовать что-л., прежде чем приступить к его осуществлению, сделать разведку.

Цкъа зIок тоха дезаш, талла дезаш дара некъаш тобаран гIуллакх.

ЗIок тоьхна <дита>. Оставить, бросить и т. п. что-л., попробовать, приступив, только начав.

Юьртан клубехь кино гайтаран гIуллакх зIок тоьхна дитира районерчу кинофикацин урхаллин белхалоша.

И

И дара <и> (!). Выражение пренебрежительного отрицания чего-л. несогласия с чем-л. или отрицательного отношения к чему-л.—....

— Цо соьга ишта хьоьга дIаала, аьлла дела бохура аса-м.— И дара и? Ма доккха хIума хилла хьуна цо дуьйцург! Со ца кхетара,— ца ешаш, елакъежира Лемехьат.

И ду <иза> (!). Разг. Выражение сильного удивления, изумления и т. п.

И ду хаза (!). Разг. Выражение недоумения, возражения.

Бож-Iела. И ду хаза. ЦIа ца веана, кхин мича гIур вара со? I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

И ду хьуна дош (!). Выражение удовлетворения, восторга, одобрения и т. п.

— Iелас зуда ялийна, боху.— И ду хьуна дош! Деллахь ма дика хIума ду-кх иза,— элира вакххийверца Ирбайхана.

— Сан десара воллу хьо тIаьхь-тIаьхьа со хьайна реза еш! — бохура йоккхачу стага.— И ду хьуна дош! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

И ду [хIара ду] хьуна дуьне (!). Выражение внутреннего удовлетворения, большого душевного удовольствия (обычно как положительная оценка чего-л.).

Цуьнан квартирашкахула дIа-схьа йолаелла Кемисата цIа еача элира:

— И ду хьуна дуьне! Мел хаза ду Акраман квартирашкахь!

Иза-важа <ала.(баха)>. (Уклоняясь от прямого ответа, выполняя просьбы, заявления, дела и т. п.), приводить разные причины, доводы, аргументы. *Из-важ аьлла карзахбовлахь, ас шаьш суьде лур дуй а хаийта цаьрга.* А. Айдамиров. Дика нах.— *Нагахь Хьумида из-важа алахь, тхо хьошалгIа догIур дуйла а хаийта.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.— *ДIахаа ду шуна, иза-важа аьлла кхин Iедалан нах сан неIар тIе богIий — хIара гIуллакх ша доладала ма-деззара дIадолалур ду шуна.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. *Из-важ шега алале дIаикххира Забилат.* С.Курумова Дохк. *Ца ваьлла дан деза гIуллакх дара дийриг. Иштачу хьоле нисвелча, дог ма ца догIийца иза-важа ала.* I. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

Иккхина велча (й, д, б) <а> !! Хьо эккхарх <а>. Разг. Ни при каких-л. обстоятельствах, условиях и т. п.

Заочно доьшучу сессешка ваха, Гуьмсе билет эца вахча, пхийтта де хьалха доллушехь, хьо иккхина велча а лур дац билеташ, тІе хІума ца елча. И. Эльсанов. ГІуллакхехь.

Иллахlи делор. Клятвенное заверение в чем-либо.

ЦІий шелдеш, вай ца ехь, Иллахlи делор, хир дац геч цу везчу делера. С. Бадуев. Дато хІайкал.— *Иллахlи, Хьенех,— олура мехкарша,— и чиркх санна, лиэпаш ю-кх хьо. С. Курумова. Дохк.*

Илахlи яраббий <дела>. Выражение удивления.

Илахlи яраббий, ма тамашийна хІума ду суна гІенах дуьхьал хІоьттинарг. Нохчийн халкъан фольклор («Таркхойн кІентан, жерочун кІентан, Жумин Акхтулин илли».

Илла <а> билла <а>. Обязательно, несмотря ни на что, ценой любых усилий, любой ценой, чего бы это ни стоило.

Масане дара уьш, и дала дакъаза баккхарг оцу кешнийн керта билла со ца вахча хиндерг! Илла а, билла а, ца вахча ца волуш вара. Хь. Саракаев. Ширачу гІопехь.

— Ахь сайна мел дукха мах лахь а вухкур вац.— Илла а, билла а вохкахьара ахь,— дехар дира Iабас. Ш. Окуев. Лай тІехь цІен зезагаш.

И мадуи. Выражение признания правильности сказанного.

Имам ваьлла <и>. Р а з г. (Шутл.) Кто-л. неожиданно занимается не тем, чем надо.— *Хьо имам ваьлла ца боху? — ХІунда боху ахь? — Хьо дешар а, зуда а, доьзал а дІакхоьссина волавелла лелаш ву боху.*

Иман-беркат хир дац. Выражение возмущения, недовольства (по отношению к кому-л.)

— Ахь боккъал боху? — коре а еана рагІу кІел дІахьаьжира Малика.— Валалай! Иман-беркат хир дац и йолчу цІен тІехь. І. Гайсултанов. Іаьржа портфель.

И-м и дара... Выражение, означающее: да, но. (Иногда употребляется как переход от одной темы разговора к другой).

— И-м и дара. Керла шо тІекхочуш доллу. Цунна хІун кечам бийр бу вай? — элира 6 «В» классан руководителло.

Инзар-акъвала (й, д,б). Очень удивляться, изумляться.

Летира уьш, летира. Царах схьагІуьттучу хьожано хІо даздира. Кела-кескаш туьйсуш, кадеттара вовшашна. Инзар-акъяьлла лаьттара Пакал. С. Курумова. Дохк.

Инна-лиллахь <хьо бокқха болх>. У с т. Выражение крайнего удивления, изумления.

— Инна-лиллахь, хьо безамехь къонаха! Мичча кхоьле хиъна а, баьрчехь а, товр ду куц. М. Мусаев. Анзор.

Ира-кара хІотто. Возбудить кого-л. к чему-л.

«Большевикийн агент Шерипов гIали чу а веана, нах ира-кара хIиттош лелла»,— бохуш, айдина дуьйцура гIалин урамашкахула. М. Мамакаев. Революцин мурд. *Белхалошна юккъехь тийна а, собарца а волчу цунах ша-шех санна дегнаш ира-кара хIиттор дуьйлира адамашна:* Н. Музаев. Мур. *Юьртара школа ца юьйцуш, цхьа мерза тохало Светин дог-ойла, ир-кара хIуьтту.* Т. Юсупов. Безаман хIайкал.

Ирахь ву (й, д, б). Кто-л. в бодрствующем состоянии, без сна.

Iуьйранна пхиъ даьлчхьана дуьйна дIа ирахь ву Эла-Хьаьжа. 2. Кто-л. чувствует себя хорошо.

Ира хIотто 1. Вылечивать, избавлять от болезни. 2. Растить, воспитывать, доводить до самостоятельности. 3. Заставлять активно действовать, принимать деятельное участие в чем-л.

Цунна-м иза дага ца дан там а бара, вежарша ира ца хIиттийнехь. А. Айдамиров. Ирхеш.

Ир-бир аьлла <вистхила(й, д, б)>. См. **бур-бур аьлла.** Р а з г.

— Амма хуур ду-кх, ас аьллачунна хьо ир-бир аьлла, дуьхьала хилахь, летта тоьллий, эшний бен къаьстар ма дац вай. Кхаж балахьара хьайн -аьлла, шеха чуьра елира Мелимат. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш

Ирс долуш хуьлда(!). Доброе пожелание тому, кто занят в строительстве, сооружении чего-л.

Ирх кхиссавала. Приходить в сильное волнение, в крайне возбужденное состояние.

Туьха тесна пхьидаш санна, Борзиган некъий мел ирх кхиссалахь а латта-м охур ду наха. Х. Ошаев. Алун шераш.

Ирх-охьа <а>. Обязательно. В любом случае, при любых условиях, обстоятельствах, (делать что-л.)

—ГIебарт!.. Валлахlи, бакъ ма ду, хIокху сохьта сайн баккхал тIера налог тоьхна со зен хилла вацахьара, ас кхунах хьуна диъ сом ирх-охьа а лург хилар. С. Бадуев. Ца дешар-бода. *Юьртан къеда. ...Делахь, хIинца, хIун дича бакъахь дара-техьа ас и цIа варе а ца хьоьжуш, чехкка сайна зуда ялийча хIун дара — теша я, и цIа варе а хьоьжуш, сайна жимма мега йолу зуда а лохуш, ладоьгIча хIун дара-теша?* (Сецца). *Ахчанах-м ирх-охьа а ваьллера иза, делах шайтIа санна.* С. Бадуев. Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад.

Ирх-пурх <а>. Так или иначе, во всяком случае; несмотря ни на что.

— Ирх-охьа хьуо схьава луш хилча, ван мегар ду! Н. Музаев Сатийсаман ницкъ. *Ирх-пурх а иза саца ойла йолуш вац.* С. Курумова. Дохк.

И сийна алу [хIотто (тасийта)]. Так, что сильнее не может быть. О внешней степени напряженности, интенсивности какого-л. действия, деятельности, труда и т. п.

И сийна алу тасийтина бохкура трактористаш колхозан аренашкахь.

И сила долу... 1. Р а з г. Очень много, великое, бесчисленное множество. Часто употребляется, когда хотят подчеркнуть множество, обилие чего-л. (спустить, проиграть, пропить, украсть, обобрать и т. п.). 2. Разг. (Кто-л. или что-л.) поразительное, удивительное, выдающееся, восхищающее своими качествами.

Вахlабан йоккха уьйтlе а, боккха урам некъ а дlалальцна бертал доьжна и сила долу халкъ дара. С. Бадуев. Бекхам. *Марш санна, севсина, ерстина кхочучу дашочу гуьйрено, и сила беркат схьаlанадой, шайолу lуьрг-бlаьрг тlанк — олий, дузий дулу.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамане.

Истангах топ ян. Р а з г. Удирать; покинуть какое-л. место, общество и т. п. поспешно уйти откуда-л.

Чоьнтиг. Ма-кхуьъу сиха, хьайн истангах топ яй, цlехьа цlингаш, байтlа мийраш бе ахь! Хьо Бакарбийкица а, Ахьмархьаьжица а lийна ер яц. Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.

Истори юкъа ваха (й, д, б). Стать памятью человечества; стать известным, сохраниться в памяти. (О прошлом, выдающихся событиях и людях).

Асланбек Шерипов халкъан турпалхойн истори юкъа вахана ву. Цуьнан оьзда, майра, хьекъале цlе цкъа а йовр яц нохчийн халкъан исторехь.

И хиндерг ду. Безусловно, конечно (о том, что будет), так и будет.

— *Ахьа мел дийцича а, диттича а хиндерг ду; хьо дуьхьал вара бохуш, наха йоцчу газана «Горгазе» аьрзнаш яздийр ду.*

Ишта <а>, вуьшта <а>. В любом случае. Обязательно, при любых условиях (делать что-л.)

Ишта а, вуьшта а, «устаза» Рашида ма-баххара, хlара тlаьхьара зама а ю, хlара дуьне доха герга а дахана. С. Бадуев. Дохковалар. *Тlерло .....Валар дац со кхоьрург... Ишта а, вуьшта а цкъа вала ма веза. Со кхоьру ишта lовдал вала.* Х. Ошаев. Некъ жlараболуш. *Хала-м дера ду винчу махках валар. Ишта а, вуьшта а цунах воккхур ма ву иза, пусар доцуш.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Шух муьлххарг виэ а, кхин вийна лурвола а тарло. Ишта а, вуьшта а башхо кlезга ю.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Схьахетарехь, ишта а, вуьшта а вайша вовшашна довза дезаш ду. Атта дац и меле гlуллакх хlинцца дича.* I. Юсупов. Безаман хlайкал.

Иштта дика ву[...] Того и заслуживает кто-л.

Ишта кхин дlа а (сокр, и.кх.дI) Употребляется в конце перечисления для указания на то, что перечисление могло быть продолжено.

Iежаш, кхораш, бlараш, кемсаш и кх. дI. стоьмийн оьланаш яра базаран могlарехь хlиттийначу стоьлаш тlехь.

Иштта-м дара иза. Все это верно, но.....

Иъ-миъ <баха>. Не решиться сказать прямо, стараясь уйти от ответственности.

— Амма кхин оцу тайпанчу заявленех ларлойла хьо. Ца ларлой — иъ-миъ боху даций хьан. М. Мусаев. Дашо маха.

Иъ-миъ доцуш. 1. Р а з г. Прямо, открыто, не прибегая к намекам. 2. Кто-л. очень исполнителен.

Иэхье къурд (ала). 1. Признать себя побежденным. 2. Уступить под влиянием кого, чего-л., идти на уступки, а также не выдержать нажима, напора, поддаваться.

Маьршачу нохчочо, къиза ницкъ тIетеIарх, иэхье къурд аьлла дац, гIорасиз ша висарх. 1. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь.

И яллалц (в, д, б) шу дехийла. Употребляется в речи, когда упоминается имя умершего (обычно давно умершего).

Ша Жома-м, и валлалц шу диканца дехийла, кхелхина, Пайза жима волуш. 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Цкъа а ца велавелла стаг»).

Й

Йилбаз (-ан) лерг къора (хилла). Совершенно не беспокоит, не тревожит кого-л., что-л. (после чего-л.).

— Йилбаз-лерг къора хилла! Цо ишта дIа-м боху соьга. Н. Музаев. Мур.

Йисина зуда. Женщина, оставшаяся без мужа или не живущая с ним.

Йист йоцуш. В неопределенном положении.

Йист яккха (хадо). Предпринимать конкретные шаги, решения по осуществлению какого-л. дела (обычно в трудных условиях, обстоятельствах).

— Тахана сан хьо йолчу вар хIокху кхаа шарахь айса хьоьга лебинчу меттан муьлххачу а цхьана агIор йист яккха дагахь ду-кх... С. Бадуев. Бешто. *«ЦIен гварди» хIунда ца йо-техьа белхалоша? — хаьттира Ахьмада.— Яц моьтту хьуна и кхузахь? — Ян-м ю и. Амма йист хадо езачу меттехь бен арайоккхур яц и оха.* Х. Ошаев. Алун шераш. *Дош дош хилийта, соьца дага а волуш, ахь цхьа йист йоккхийла лаьа* суна. 1. Гайсултанов. Iаьржа портфель.— *Делахь, тховса кху гIуллакхан йист йоккхур вай.* С. Бадуев. ПетIамат. *Тховса а веана, кIант а, нана а цхьаьна долччуьра, хIара ширделла гена далале, хIокху хиламан йист йоккхуркха ша, аьлла, стоьлана хьалхарчу гIанта тIе а хиъна, куьйгашца корта а лаьцна Iаш вара Салаудин.* Ш. Окуев. Юьхь.— *Дуьйцийла йоццуш, оха дуй хьуна, и гIуллакх тидаме а эцна, цхьа йист йоккхур ю.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Ойла а йина, хIокху цхьана кIиранах, баттахь кху гIуллакхан йист яькккича хIун дара-техьа вай?* Хь. Яхъяев. Белита.

Йист яла. Что-л. должно поддаться решению, осуществлению и т. п.

Цхьа йист яла езаш хIума ду хIара. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Ши шо ду, Залеха, со хьоьга Iоьху, цкъа мукъа гIуллакхан езий йист яла? Х. Эдилов. Шиннан къайле.

Йиша-ваша. Родня.

— *Лакхъхьа воьдура со-м, Бексолта, йиша-ваша ган. Башха гIуллакх дацара сан-м цигахь.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Дитта тIехь гулделла дог цIена хьозарчий санна, йиша-ваша гергарнаш...* С. Дакаев. Нене.

Йиш йоха (йоьхна). Оказаться в беспокойном, тревожном, трудном, безвыходном положении, состоянии.

— *ХIун де вайшимма кхарна, Мироныч? — йиш йоьхна хьаттира Липат Ивановича.*— I. Гайсултанов. Александр Чеченский. *Дуккха а шерашкахь кIез-кIезиг гулъеш, вовшахтоьхна йолу йийбар говр-ворданна тIе юттуш, и дукха хиларо, тIехIоттийначу буьно вуьшта а азйина йолчу цунна тIе бераш а ховшийна, шайшшинна хIун дийр ду ца хууш йиш йоьхна хьийзара доьзалан дай-наний.* Хь. Магомадов. Чечанан арахь. *Хьалагlаьттина волу шиъ охьа а хаийна, йиш йоьхна Iачу кегийрхошка хьаттира аса: Дика ду делахь, вайнехан маттахь газета деша хуур дарий шуна?* I.-Хь. Хамидов. Экзамен хаттар.—*Ткъа доллучунна сан йиш йохийнарг,— бохуш дуьйцура цо,— кхузара цIа ваха некъ ца хаар ду.* I. Гайсултанов. Болатгlала йожар.

Йишин кIант (бер). Р а з г. О близко уважаемом человеке.

— *Хьайна цатам ва хилча йишин бер ва хуьлий хьийза хьо, ва кийрара дог.* Нохчийн халкъан фольклор.

Йиш-маIаш (ян). Предупреждать кого-л., какими-л. сигналами, знаками.

Ша хIоьттинчохь Iадда лаьттара Зовра. Цо ца бира цхьа кечам а. Цуьнга йиш-маIаш еш луьра хьийзара Хеса. С. Курумова. Дохк.— *Валлахlи, цу дийнахь Дага гIалахь хиллехь а, цуьнан цхьа йиш-маIаш йоцуш хилла хIума-м дац шуна иза,— элира боху, кхиэл чекхъяьлча, цхьана воккхачу стага.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Юьртдай, совдегаррий»).

Йовхо ло. Воодушевляет, побуждает.

ЙогIург дIаяла (яла). 1. Расправляться с кем-л., бить, громить кого-л. 2. Сильно ругать, бранить кого-л.

Йо дела (аллахI дела) (!). Восклицание удивления, восхищения.

Дуда. Йо дела, хьо боккха болх! ПетIамат! ПетIамат! Хьан йина хьох ижо хьуьнан дерачу акхарошна? С. Бадуев. ПетIамат. *Сану. Осма, дIа ма гIуохьа. Чувола. Йо аллахI дела! ХIара хIун зама ю вайна тIехIоьттинарг. Дийнахь сарралц буьйлабелла лела хIорш, цIахь деш хIума цац.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Йоза-мотт (дешар) хуу (стаг). П р о с т. Образованный человек.

Iангин Дарта йоза-мотт хууш стаг вацара М. Мамакаев. Революции мурд.—

Суна хезна, хIара вайн хьаша йоза-дешар хууш, кхетаме стаг ву олуш. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Йозанах элп ца хаьа. П р о с т. См. **Элп ца хууш.**

Тасу. Со а ца тешара. Ма дика ду ас Янарсе хIетахь ладоьгIна! Iовдал вара со. Шинара а доьхкина, бирдан-топ ийцира. ХIинца бригадир вина сох. Хьалха и дош хезна вацара со. Амма сох хIун бригадир хир ву? Йозанах элп ца хаьа суна. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Йоккха киртиг (тIехIотта). 1. Горе, беда, чрезвычайное происшествие.

И аьлла валарца доккха садаькхира Сайдас. Йоккха киртиг яра цунна тIе хIоьттинарг. С. Курумова. Ца йинчу ненан хIусамехь. 2. Ответственный момент.

Йоккха кхалла. Как можно больше присвоить себе (обычно незаконным путем).

— Хьайн лулахочунна Исраилна хилларг ца го хьуна? Цо хала гулбина бахам, ша-ша «йоккха кхалла» гIерташ оцу шина зудчо хIаллакбина дIабаькхи. Х-А. Берсанов. Болатчу динан бере.

Йоккха топ (а). 1. Р а з г. Все, все без исключения (шутл.). 2. Что-л. вон выходящее (шутл.).

Цигахь доцуш хIума дацара-йоккха топ а,— элира базарара веанчу Кишас.

Йоккха топ хилла (иккхича а). Р а з г. Ни за что, ни при каких обстоятельствах.

— Хьо йоккха топ хилла иккхича а, хьуна тIекхетта и хьан пурстоп волу Сирмекх жима топ хилла иккхича а, шуьшинна тIе и шун саржникаш Iункар лаьттича а лаьттан цинц а хир бац шуна, стеран гола а хир яц шуна! Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Йоккха цIе (йолуш). Р а з г. Известный, популярный.

— ХIара кIант ишта дIаводахь, Терканий, Башламаний юкъа хир вац кхуьначул йоккха цIе йолуш стаг. Ш. Окуев. Юьхь.

Йоккха чалх. Что-л. сложное, перепутанное и т. п., не сразу поддающееся воображению.

— Районе ваханера хьо? ХIун дара Нажин-Юьртахь? — Ма хетталахь! Йоккха чалх яра цигахь вовшахъеттарг. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Йомала къемата де даллалц. До неопределенно отдаленного времени; по времени, которое никогда не наступит.

— Ас хьалха ма-аллара, пайда боцучу хIуманна тIехула доладелла хIума ду хIара, хIинца дуьжур а дац, йомала къемата де даллалц. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.— *«Со кхузахь ву» аьлла, лерина ша тIе ца вахча, йомала къемата де даллалц лаьмнашца лечкъана и леларх, цара схьа а лехна, тIаьхьа а бахана лоцур вацар-кха царех стагга а.* Ш. Окуев. Юьхь.

Йомеш лето (етта). 1. Наспех устранять недостатки, отчасти восполнять пробелы в чем-л.

— Йомеш леторах гIуллакх хир дац, керла школа йогIа еза,— элира райкоман хьалхарчу секретара. 2. Устранить недостатки, за которыми возникают новые.

Йорт етта. Р а з г. Бездельничать, праздно проводить время (обычно в скитаниях).

Ша етта йорт ца йитира Султана. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.

Йорт етташ (лела). Бездельничать, скитаться без цели, без дела и т. п.

Шо гергга хан ю, кIант деш хIума а доцуш, йорт етташ лела. А. Айдамиров. Ирхеш.

Йорт йиттина (борз). Р а з г. Очень опытный, много испытавший на своем веку человек, которого трудно провести. Ср. **Лела Iемина (борз).**

— Хьо, хийла йорт йиттина борз ю! — хастийра и Iабдуллас.— Хьуна хIорд гоьллец богIур бац! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Йоццу (в, д, б) новкъа. Почти нет (кто-л. или что-л. не обладает и минимумом необходимых качеств).

— ГIойсас дешнаху къорIанора, Исмаьлал, и шаьлта аьрта хIларна, йоццу новкъа хеташ ма элира хьуна ас ишта,— кIелхьара ваьлла Бораха. 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Аьрта яра шаьлта»).

ЙоIбIаьрг санна (ларъян). Очень заботливо, тщательно (беречь /как зеницу ока/ кого-л. и чего-л.).

Мотт адамийн дахаран а, юкъараллин а, ойлаяран а, кхетаман а, хьекъалан а, IилманIан а, культуран а уггаре а сийлахь-йоккха хазна ю. Цундела яздархочо шен кхолларалле хь дешан говзалла а, меттан хазна а, йоIбIаьрг санна, лерина ларъян еза. З. Джамалханов. С. Бадуевн кхолларалле хь халкъан хьекъалан исбаьхьалла.

ЙоI еха. Делать предложение кому-л., сватать.

Янарсан йоI еха кечлуш бара Висайтан вежарий.

К

Ка долийла (шун, хьан). Формула пожелания удачи в чем-л.

— Ка долийла шун, зезагаш! — мохь туьйхира Бадис забар еш. 1. Гайсултанов. Малика.

Ка долу (-ш). Кто-л. обладает ловкостью, быстротой в действиях, в работе; удачливый.

Оьпанах лардина, настарах ва тоьхна, ша вала вуьйжир-кха дог майра и Юнус.

Ломахь лоьман ва санна цIе йолу Юнус, гила берзан санна, ка долу Юнус. Б. Сулейманов. Дог майрачу Юнусан илли.

Кад тоха. Выпить. Чуволу жимма кеп хилла Чоьнтиг. Чоьнтиг.

Эйт, лай-ла-яла-лай! Ва вайна елира бос хаза ва гавур! Ахьмархьаьжа. ХIинца а веана хьо тоьхна? Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.

Ка йолуш. Опытный, со сноровкой. О ком-л. Ср. **Ка долу (-ш).**

Ка йолуш, Iемина таллархо вара иза. Х. Эдилов. Борз конторехь.

Кала-цIола. См. КIала-цIола.

— *И стаг хиллехьара юьртан да ю бохуш йолу хIара кала-цIола хьалха а хIоттийна шина тутмакхана етта буьйлалур бацара саражникаш.* Ш. Окуев. «Лай тIехь цIен зезагаш».

Ка ма-йоллу (ма-доллу). С предельной силой; очень сильно (обычно как можно быстрее) делать что-л.

Цхьа тас овкъарш юккъера дийна сискал, шен ка ма-йоллу, кхера схьаозийра цо, еттшурин бога хьалха озийра цо... Б. Сулейманов. «Дог майрачу Юнусан илли».

Кан дIатисийта (тисийта). Проучать, жестоко наказать кого-л., расправляться с кем-л.

Борз (пондарх пIелг а туьйсуш). ...Нагахь нийсса кхо де далале ахь со церан метта-мотт болчу ца кхачаяхь, ас кан дIатуьйсуйтур ду хьох! I. Гайсултанов. Харцахьарниг. *Гудри. Хьанна хаьа, цхьа нуьцкъалниг хилахь, вайх кан туьйсуьйтур ду цо.* I. Гайсултанов. Хьуьнхара цIа.

Кара дерзо (й, в, б). 1. Научиться умению, сноровке, опыту в каком-л. деле. ШитIина шен болх кара бирзина. 2. Подчинить кого-л.

Асета шен майра кара верзийна.

Карара вала (й, д, б). Выйти из чьей-л. зависимости, подчинения, власти, воли и т. п.

— *Хьо-м тховса сан ву хьуна! — пIелг ластийра Хьасипата.— Мича гIур ву хьо, сан карара ваьлла?* Ш. Окуев. Юьхь.

Карах долу (-ш). У кого-л. есть решимость, усердие, энтузиазм, воля, охота, желание и т. п. делать что-л.

ХIуьа дан карах долуш къонах вара Собур-Iела.

Карах ца долу (-ш). У кого-л. нет усердия, охоты, воли, желания, решимости и т. п. что-л. делать.

Дага хьаллий, тхьамдаллий чIогIа дезаш стаг велахь а, и ирсан шу дакъа хIинццалц схьа цуьнга ца кхаьчнера, хIара, атто а езаш, хIума дан карах а ца долуш, нехан хIумане сатуьйсуш, бIаьргаш къерзочу нахах стаг волу дела. С. Бадуев. Дукханах цхьаъ. См. антоним **Карах долу.**

Карахь-куьйгахь дац. О бедном состоянии кого-л. (обычно отправляющегося куда-л.).

Карахь-куьйгахь доцуш. Ничего не имея при себе.

Итт етт, я ялх говр карахь-куьйгахь хIума доцуш волчу МIаьчигана дакха даьхний дара. Ш. Окуев. Юьхь.

Кар-кара эца, карара кара эца. Прямо, непосредственно передавать, сообщать и т. п. кому-л. что-л.

Молла къамел дина ваьлча, хIара лаьтта баккхий нах массо а кар-кара оьцуш цхьа реза боцчу тIера, цхьацца дийца болабелира. С. Бадуев. ЦIеран арц. *Масийттанна кар-кара ийцира хаттар.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза. *Наха кар-кара оьцуш, дижа ца дуьтуш, шайгара тIе а детташ дуьйцуш долу хабарш шир а делла, дижа доьллера Грознера банк яхьарх долу гIуллакх.* Ш. Окуев. Юьхь. *— Шолгла даан дина картолагийн худар, ша дума санна ду, накъост агроном. ЦIа а вахана, тIе даьтта кхаьлличхьана, дерриге а шен меттахь а хир долуш,— кар-кара ийцира и хабар вукхара.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Ка хьоькхуш — мн. ч. (хьоккхуш — ед. ч.). Во всем угождать кому-л.

— Шуна и латта духадерзо а, шу тIе ка а хьоькхуш кхаба а ца бина паччахьо шуьца бIе эзарнаш салтий хIаллакбеш кху дезткъа шарахь и тIом. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Каш ахка. Готовить гибель.

Шайн ма-хуьллу Советан Iедална каш ахка гIиртира Чермоевгlар, амма церан ямартчу гIуллакхан аьтто ца белира.

Каьлтиг (каьлтик) тасийта. Р а з г. Жестоко расправляться с кем-л.

Кега-мерса (хIума (-наш)). Что-л. второстепенное, не особенно важное, не имеющее большого значения, мелочное, бесполезное.

Ур-атталла, цкъа хьовзо догIа а лур дацара; кега-мерса меже-м хьеха а ма е хьайна. С. Курумова. Сан гIалат. *Кухнина дуьхьал яц со! — билгалдира Селимас.— Амма деккъачу цIийнан гIуллакхийн дукъ текхош, кег-мерса балхе суо кIелйитийта ца лаьа суна!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Цо сацам бира хIинца дуьйна дIа цунна цхьацца кега-мерса балхе суо кIелйитийта ца лаьа суна!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Цо сацам бира хIинца дуьйна дIа цунна цхьацца кега-мерса гIуллакхаш тIедахка.* В. Матиев. Мокхазан дог. *Пхи шо кхаьчначу Хаиман йолана, гIутакхаш чохь кега-мерса совгIаташ а эцна хьошалгIа вагIара Сарап.* Н. Музаев. Мур.

Кела-кескаш тасийта (ян). Выражение угрозы. Разгромить, уничтожить, разбить и т. п. что-л. вдребезги, на кусочки.

Летира уьш, летира. Царах схьагIуьттучу хьожано хIо даздира. Кела-кескаш туьйсуш, кадеттара вовшашна. С. Курумова. Дохк.

Кепа тоьхча санна. Битком набитый. До основания что-л. заполнить.

Кепа тоьхча санна, адам ду хьешан цIа чохь а, сени чохь а. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Кепекан меха а (ца хета). О том, что не имеет значения для кого-л., не заслуживает внимания.

Кхунна ца хетта сий кепекан а меха, я сайниг а, я шениг а. М. Ахмадов. БIаьста хаза хуьлу-кх адам а, Iалам а.

Кепек доцуш <виса (й, д, б)>!! Iаьржа /горга/ кепек доцуш <виса (й, д, б)>. Разориться, остаться без денег; обанкротиться.

Кепек доцуш висинчу Безин гIуллакхаш захало хьехочохь дацара.

Кепек (кепекана) тIе хIотталц. Все целиком, полностью, без остатка (потратить, истратить, израсходовать, заплатить, получать и т. п.). (О деньгах).

Кепекана тIе хIотталц харжаш йира Хьаьж-Iелас цIенош дугIуш.

Кеп хIотто (яло). Создать видимость для кого-л. в чем-л.

Вогlу-воьдучуьнца тIе-кере волуш меттиг а йогlура, велаваларан кеп а хIоттош. С. Курумова. Дохк.— *ХIета, и тайпехь кеп хIинца а хIотто бохку,— хIиллане хаам бира Ахеда.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Шкафан жимаха йолчу йоlана Светланина хьалха когаш тоьхна, цхьа кеп а хIоттийна, цул тIаьхьа куьйгашна тIе ира а хIоьттина, гобаха волавелира Цесаркин Степан.* Ш. Окуев. Юьхь.— *Ас шегахьа мелхо а гIо доккхур ду ма моьттура цунна. ХIинца цо хIоттийна и кеп кхана конторехь дIахаийта еза.* В. Матиев. Мокхазан дог. *Йоl реза яра цунна шен цIе йийца. Делахь а, жимма кеп хIотто гIертара и.* З. Яндарбиев. Буьйса.

Керара ца далийта (й, б, в). Не упускать из-под своего контроля, власти, выгоды и т. п.

Керла агIо дIаелла. Делать открытие, совершить нечто выдающееся, значительное в какой-л. области, жизни, науки и т. п.

Хууш ма-хиллара, хIаваан кеманашца хIу дер кхин цхьа керла агIо дIаеллар ду Iилманехь. «Ленинан некъ», 1963, 12 май, 4 агIо.

Керла дош. Последнее достижение.

Кехат бехдан. Писать бездарно, неумно.

200 стих язйинарш бара конкурсехь дакъа лоцуш, амма царна юккъахь кIезиг бацара кехат бехдийраш а.

Кехат тIе даккха. Взять что-л. на учет, под контроль.

Шен белхан хьесапаш кехат тIе дохура Кисас.

Кехат тIехь. Только в письменном виде, но не на деле, не в действительности.

Болх бар кехат тIехь бен дацара дIа теллина хьаьжча.

Кех ваккха (й, д, б). Выгнать кого-л. из детей из дома. Историческая справка: раньше непослушных, недостойных и т. п. выгоняли из дому. К примеру, события в поэме А. С. Пушкина «Тазит», М. Ю. Лермонтова «Беглец».

Хаза, цхьана нанас вина ши ваша санна, бертахь ваха. Вовшашца ца тарвелларг кех вер ву шуьшиннах. Хьан-сан бохург ма хила. А. Айдамиров. Эмгар.

Кешнийн охIла (-наш). У с т. Умершие, мертвые.

— *Дахарехь со бахьана долуш хьайна хиллачу бохамна къинтIера валий, кху кешнийн охIулошка массо а вонна а суна гечдар дехий, хьасене дуьхьала воьллахь суна тховсалерачу буса!* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Кешша гуо <хьо болх...>. Выражение недовольства, возмущения кем-л. или чем-л. Обычно сопровождается укоризненным покачиванием головы.

Вехха лаьттина дубиэвлахо шен ирзуга хьоьжуш, мунданаш тергалъеш. ТIаккха, гIадвахана вела а велла, аьлла.— Кешши гуо хьо болх! Ойла муха ца йина ас цхьана хIуманан? Уггар Iовдал хьакха а тешар яцара, хIара ирзу-бIаьрг ларбеш хIоккхул эскар лаьтта аьлча! Х. Ошаев. Мунданаш йоьгIна дубиэвлахо.— *Кешша-гуо и мах,— корта ластийра Ахьмада.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Бож-Iела. Ой, ой, ой и ду хаза! Кешша го хьан имане яр!* I-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *«Кешша го хьо цIа вар»,— шина а куьйга корта лоцуш, охьатаьIира Анзор.* М. Мусаев. Анзор. *Собарех ца воха халла садетташ волчу Мамеда ойла йора: «Кешша голда аша суна еш йолу и агитаци!»* Н. Музаев. Мур.— *Кхахь-кхахь-кхахь! — ши куьг вовшах а тоьхна, доггаха велавелира иза.— Кешшиг гIо хьо гIуллакх!* Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Кийра баго. Приводить кого-л. в состояние волнения, тревоги, страха.

ЦIехьана, сан кийра багош, исбаьхьа Iуьйре а Iадош, лулахойн корах схьа техкаш, ма хези зударийн белхар. М. Сулаев. Эвлахь.

Кийра цIе летта (ялла). Кто-л. испытывает чувство волнения, тревоги, беспокойства, любви и т. п.

ХIара (Iимран) бай хьоькхучу мохехула кийра цIе леташ вогIура, шен кисанаш наха деллачу ахьарх а дуьзна. С. Бадуев. Iимран. *Цул тIаьхьа Бано кхераеллера, цуьнан кийра цIе леттера, Залуба хьешашца яхийтина дохко а яьлла хIара царна тIаьхьа яха дагахь, хьалаайаяла юьйлира.* С. Бадуев. ЦIеран арц.

Кинохь санна (ду). Не совсем правдоподобно, верно. О чем-л.

— *Церан латар-м вайн кинохь санна дара,— элира Сулеймана.*

Кир санна <кIайвала (й, д, б)>. Побелеть от смущения, стыда, неловкости, страха и т. п.

— *Ткъа со? — муха олу а ца хууш, кир санна кIай а велла,— элира Вадуд Вахаевича.* М. Ахмадов. Иза самавелира.

Кирхьана тIехье. Тайно, скрыто от других.

Цара къайлаха, кирхьана тIехьа лелош долу мерцхигаш лелош лело гIуллакхаш Iорадехира суьдо.

Киса дуза. 1. Дать большие взятки.

Балха тIехь нахера доккхучуьнца шен хьаькаман киса дуза Iемина вара Сардал. 2. Обогащаться, наживаться (нечестным, незаконным путем). *Шен киса дузаран бен, кхечу гIуллакхан бала бацара Тоьпсин.*

Киса мохо лоькхуш//Кисанахь мох баьлла. Остаться без денег, без средств к существованию.

Чо-ко меца а, киса мохо лоькхуш а, цIока тиша а хилча такхац и зилбукъар!.. Н. Музаев. Мур.

Кисана ваха (вола (й, д, б)). Обкрадывать кого-л., незаконно пользоваться чужим добром.

Нехан кисана дукха гIертарна дIаваькккхина туьканахь болх беш волу Хьамид.

Кисана дала. Давать, совать деньги кому-л. в качестве взятки, подарка, премии и т. д.

Кисана дилла. Присваивать, наживать. О деньгах. Р а з г. Презрительно-осуждающая характеристика человека, описывающая его самонадеянный, развязный или непочтительный вид.

Кисанахь буйнаш дан. Таить злобу против кого-л., быть готовым сделать пакость, гадость кому-л.

Тхуна кисанахь буйнаш дан ма гIерта. Тхо цIеххьана лоцур дац ахь.

Кисанахь мох бу. Р а з г. Совсем денег нет, полное безденежье.

Кисанца ца догIу. Не по средствам, слишком дорого для кого-л.

Киса ца хила. Испытывать нужду в деньгах; не иметь денег.

Киса ца хилча эцалур яц машен.

Кит санна. О толстом человеке/кит — мешок из шкуры/. Ср.: **Кит-лежиг санна.**

Кица хилла. Что-л. становится общеизвестным.

Ков лаха//Гечо лаха. Найти верный выход из положения обстоятельства.

КIелхьара вала ков дезаш хала хьал дара балхара а, партера а дIаваькккхинчу Расукъехь.

Кога буьхьар лела. Заискивать.

Кога вахаза (й, д, б). Полностью кто-л. или что-л. не сделался самостоятельным, не приобрел зависимость, достаточно не улучшил свое экономическое, материальнсе положение.

Амма завод кога яхаза а, оцу белхахошна харж ян йиш йоцуш а хиларна хьелаш хуьлу оцу декъехь. Н. Музаев. Мур.

Кога ирахlотто (хlотто)//Кога (-ш) тlе хlотто. 1. Вылечивать, избавлять от болезни.

— Хьоме сан вежарий, шу духа а кога хlуьттур ду, шу дукха а дехар ду, аш царна чlир юьтур яц, дерриге а доькхур ду,— бохура ас сайн дагахь. М. Мамакаев. Месийн кlайн моха. 2. Растить, воспитывать, доводить до самостоятельности. *— Цкъачунна дуучу ялтин а, дуьйчу хlуманан а гlайгlа ма хила боху. И дерриге а маьхза лур ду, вай кога-ира хlиттавлц гlо дийр ду ша боху.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Цо, ша бохург санна, кога-ирахlоьттина ондаваллалц кхаьбна и шиъ, шен ши бер доллушехь.* И. Эльсанов. Ши кlант ву сан. 3. Заставлять активно действовать, принимать деятельное участие в чем-либо. *...Гергарчу хенахь правительство цигахь чlоггlа когаш тlе хlотто ойла йолуш хилар...* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. Ср. **Кога ирахlотта.**

Кога ирахlоьттичахьана. С тех пор, как стал самостоятельно ходить, с малых лет.

Гlиллакх цуьнца ша кога-ирахlоьттичахьана дара, цхьа хlун ду а ца хуу чlогlа ницкъ хилла дегlах а доьлла. С. Бадуев. Самаяьлла ячейка.

Кога йоьдучу хенахь (в, б, д). В самом начале своего роста, развития, эволюции.

Вайн пачхьалкх ша кога йоьдучу хенахь Ингалсан махкара туьйранча цкъа всънера, цецваьлла, ган лиъна Ленин. М. Сулаев. Ленинний, туьйранчий.

Кога кlел /кlеллахь/!! Когаш кlел /кlеллахь.../. 1. Под властью, гнетом кого-л. *Шайна синкъерам латто ахархойн цlий муьйлуш, кога кlел бахко чеха чlогlа беш. Вай оьрсийн паччахьан кога кlел ду.* С. Курумова. Дохк.— *Цул, хьийзораш а ца еш, хlетахь зударийн цхьа а тайпа бакъонаш яцара алахьа,— кхоссар йира Заремас.— Уьш-м даим а кога кlел баллийнера аш. Кху заманахь а латтор бара, lедалах ца кхерахьара!* А. Айдамиров. Ирхеш.— *Цо белла дlабовллалц шен кога кlелхьара хьалабовлуьйтур ма бац хlорш, жlаьлеш! — ламанхошна лен елира Марьям а.* Ш. Окуев. Юьхь. *Цlарций, «дашочу вирций», оьрсийн говзачу дипломатаций кога кlел дерзийра нохчийн халкъ./.../ Цуьнан гергара нах пачхьалкхан лаккхарчу гlуллакхашкахь белахь а, нехан когаш кlел хила дийзи-кх цуьнан.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Цунах терра, вай, цу ваьшна тlедехкинчу гlуллакхийн ойла а ца еш, и гlуллакхаш хьала мел ийди, уьш вай ваьшна тlе мел уьйзу, вай цу хьехамаш бечу нехан когаш кlелла а хуьлу, вай царна кара а доьлху.* С. Бадуев. Гlурба. 2. В непосредственной близости от кого-л., рядом. *Де а, буйса а маьрша яц, гуттара а lожалла когаш кlел ю.* 1. Арсанукаев. Нохчийн поэзин мехала хазна.

Кога метта <дlахlотта>. В расцвете сил (о ком-л. или о чем-л.).

— *Тахана вайл къинхетам боцуш йолу делан Iожалла а тоьлла, делан шен кхелана вайн дан хIума а доцуш, хьо тхуна юккъера дIаваларх хьан цIе а ца йов, кхерч ца шелло, хьан кога метте дIахIоьттина лаьтташ яхь а йолуш, дог а долуш, къонахчалла а йолуш волу хьан кIант гур ву нахана.* Ш. Окуев. Юьхь.

Когаш а корта а. Иносказательно: очень маленькая часть, оставшаяся от чего-л.

Когашкара девлла (хадийна) дац(!). Выражение, означающее «Мы не хуже других!»

— *Ой, нехан когашкара девлла-м дац вай? — куьйгаш дIасатосуш волавелира Хаьш.* Н. Музаев. Мур.

Когашкара са даьлла. 1. Кто-л. впал в тяжелое состояние. 2. Кто-л. страшно испугался от кого-л. или чего-л.

— *Со-м иза гучуваьлча когашкара са даьлла йисинера, дукха кхераелла.*

Когашкара хадийна (хила). (Играть) самую ничтожную, незначительную роль в жизни, в обществе, в каком-л. деле. Быть хуже других; занимать незначительное место в обществе.

— *Вай хила ца мега хьаькамаш?! Вай хIун лоьман когашкара хедийна ду!* М. Мусаев. ЦIен маьхьси.

Когашкара хадо. Кому-л. дать незначительную, малую долю, роль; обделить.

Когашка цIе яла. Оказаться в критическом, сложном, затруднительном тяжелом (обычно после обнаружения какого-л. нарушения, преступления).

Газетан корреспондент веана аьлча, воьхна а, кхеравелла а когашка цIе яьлла хьайзара Эми. Ср. **Когашка хи кхаьчна.**

Когаш кIел хьийза. Мешать своим присутствием.

Когаш тIехь. 1. В бодрствующем состоянии, встав ото сна.

Поезд итт долуш бен йогIуш яцахь а, Руслан Iуьйранна дуьйна вара когаш тIехь. 2. В движении, в пути.

Когашкахь /когахь/ а коьртехь а. Со всех сторон, полностью, целиком (об одежде).

Дагах дог тоьхна, хенах ха тоьхна, тIехь, чохь а, когахь коьртехь а нахе нисдала гIерташ хилла цхьа мар, зудий, бага са а кхаьчча дехаш. М. Мусаев. МаргIале хатта.

Когаш хьалаоза. Выражение недовольства (по отношению к кому-л. после каких-л. неудач или перед каким-л. большим, трудным испытанием).

Когаш тIе хIотто. 1. Избавлять от болезни. 2. Воспитывать, доводить до самостоятельности.

Когаш хьалабан. Р а з г. Готовиться (что-л. сделать, испытать и т. п.) после чего-л.

Ша нахана динчу зуламах кхетта, шен когаш хьалабан вуьйлира Аксактамиров.

Ког байбелла. В радостном, приподнятом настроении (ходить, бегать) и т. п.

Темаркъа, ког байбелла, куьйгаш вовшех а хьекхош, шен цIа вахара. С. Бадуев. Председатель. *Эхl, ма ког байбелла вахара иза цIехьа, чIешалгех башха ца хетара ша яхьаш йолу целаш а.* Н. Музаев. Мур.

Ког бай <бу>. Кто-л. обладает легкой походкой, легкими движениями.

Ког байн болуш, тIахъаьлла хьуьнаре йол яра Разет.

Ког баккха. Шагать. *Волало, ког баккха, Данга!* Х. Эдилов. КIант сан ву.

Вай дахар доладо Бераллин Iуьйренан бертахь, дуьххьара, тийсалуш, ког баккха Iеминчу кертахь. С. Дакаев. Вай дахар доладо.

Ког баккха (ца ваьхьа (й, д, б)). Испытывая сильный страх перед кем-л. или чем-л., кто-л. боится что-л. делать самостоятельно, без чьего-л. разрешения.

— *Сан зуда кхоьру, ас бохучунна тIера ког дIабаккха ца яьхьа иза,— цхьана стага бохуш хезча, дубиэвлахочо аьллера.— Билггала къен стаг ву-кх и.* Нохчийн халкъан фольклор. («Билггал къен стаг ву-кх и...») — *Сан лаамца бен хьо ког баккха а ца ваьхьаш яра цхьа хан,— ойлане вистхилира Ахед.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Ког баккха меттиг яц. О большом скоплении людей, вещей и т. п.

Шелан базарахь адамийн дукхалла ког баккха меттиг яцара.

Ког баькх-баькккхинчохь. Везде, всюду.

Вайн заманахь ког баькх-баькккхинчохь ю машинаш.

Ког биллал. Очень мало (о земельном участке).

Вайна хьашт дац нехан латта. Вайниг лур дац цхьа ког биллал. А. Нажаев. Жалу. *Ког биллал латта дац ша теша йиш йолуш.* I. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь.

Ког билла меттиг яц. 1. Кругом грязно. 2. Очень много, в огромном количестве. 3. Тесно.

Ког галбала (шарша). Сделать ошибку в жизни, совершить проступок.

ТIе, хьалха яханчохь ког галбаьлла цIа еана йол цIахь йолу а иттех шо дара. А. Саракаев. Х. Расха.

Ког гоьла тIе а (баькккхина). См. Гоьла (тIе) ког баькккхина.

Когера дуьйна <коьрте валлалц (й, д, б)/, /коьрте кхаччалц/>. Целиком, полностью (об одежде).

Когера дуьйна коьрте валлалц цо, эткаш, бастонан коч-хеча, дато доьхка, чола куй оьцуш, шен тахана вухар-м юкъа а ца лоьцура Анзора. М. Мусаев. Анзор.

Ког зил тIе баьлла (Быть, находиться) в прекрасном настроении.

ГIеххьа «яхийна» волу Мовлди ког зил тIе баьлла Iара синкъерамехь.

Ког-корта боцург. Глупость, бессмыслица.

Ког коша шарша. Умирать.

— Коша шершина ког а схьабаькххина цо-м,— дегаза чIечкъира Хьумид. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Ког лаьттах ца кхеташ. В радостном, приподнятом настроении.

Дуьхьала бевллачу баккхийчара а, кегийчара а кар-кара эцна, ког лаьтта ца кхоьтуьйтуш, бовдийна чубаьхьира хьомсара хьеший. Ш. Окуев. Юьхь... *БIаьрга дан ца дезачу цхьогалах хIинца шен дог Iабор ду-кх аьлла хетта борз, ког лаьттах ца кхеташ дIахьаьдира.* М. Мусаев. ЦIен маьхьси. *Зулай... Цунах Iехалуш ког лаьттах ца кхеташ, лелаш со а ю.* I-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Ког лаьттах ца кхеташ, хьийзаш Малижа а яра.* I. Гайсултанов. Iаьржа портфель. *Мегарг ког лаьттах ца кхета, дуьненан да ша хетачу Анзоран хIинца.* М. Мусаев. Анзор.

Ког ма-боллу. Очень быстро, стремительно, стремглав (обычно о начале движения).

...Iаьрби, тохавелла, говрара охьаиккхина тIаккха ког ма-боллу дIахьаьдира иза коьллаш йолчухьа. I. Гайсултанов. Iаьрби. *Же, диканиг, маса лелалахь, мел бу хьуна, же! ХIара башха бакъахьа дерза доллу, со то а луш, уьстагIашна мимпес а йолуш! Же, дукхадахарг, хьайн ког ма-боллу гIолахь! — реза хилла, кечделлера лом.* М. Мусаев. ЦIен маьхьси.— *Ва-а-а, орца дала! Ва-а-а, орца! — аьлла, шен ког ма-боллу хин йистонца охьахьаьдира иза.* Хь. Саракаев. Меа.

Ког <мел> баькххинчохь. См. **Ког баькх-баькххинчохь.**

Ког мел баькххинчохь вайна дений-нанний бохуш хеза. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Iаьрчхен кIоргачу боьран тIулгийн бердех, дIа ког мел баькххинчохь бухдуйлуш, ша санна, шийла, сирла шовданаш ду.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Къайленаш! Ког мел баькххинчохь ястаза! ЭхI, маржа кхин дезткъа шарахь ваха йиш хилча.* М. Ахмадов. Воккха стаг Очча.

Ког меттах боккхур бац. У кого-л. хватит решительности, смелости и т. п., чтобы стоять на своем, не отступиться.

Ша цкъа аьллачунна тIера Уддис ког меттах боккхур бацара.

Ког раз баккха (билла). Совершить какое-л. действие, которое является нарушением существующего порядка, нормы.

Ког раз баккхар бахьанехь Абдурзакъ ши шо хан яькккхина веара набахтехь.

Ког таса кIел. Исподтишка, с умыслом вредить, пакостить, строить каверзы.

Ахь дохк туьйсу-кх суна дуьхьал, со кхоло гIерташ. Ахь ког туьйсу-кх суна кIел, со вожо гIерташ. С. Бадуев, Паччахьан замане. *И гIотту сацам бой. Ког таса гIотту.* Х. Эдилов. Дантесаш кхин тайпа бу.— *Суна кIел ког таса ма воьллера хьо, хьайн чекхдаьллехь. Кхечунна даькккхинчу ор чу ша вужу, Саьид.* М. Мусаев. Дашо маха.

Ког тоха /шаршо/. Р а з г. Плясать. *Хьамза. Халид!.. Къола эта вахана гIалгIа санна, багаца мозий а лоьцуш Iеш волчу Мухтаре пондар а лоькхуьйтуш, ког шаршийтича хIун дара-теша?* С. Бадуев. Дайн Iедал.— *Валалай, Света, сан дела яI! — Хьажахьа Сарапе! — Ха-ха-ха..-Хи-хи-хи! — Ой, и захало-м хилча а мегар ма дара! — Вайна ког шаршо меттиг хир ярий!* Н. Музаев. Мур.

Ког тоьхча хи /шовда/ а доккхур долуш. Способный на все. О решимости, энергичности, опытности кого-л.

— Ша боьрша верг бугIанан санна ворта а йолуш, буланан санна белш а йолуш, лаьттах ког тоьхча, мала шовда а доккхур долуш хила веза-кх! Ш. Окуев. Юьхь.— *Ког тоьхча хи а доккхур долуш къонахий хьаха ду тхо-м.* I. Гайсултанов. Малика. *ХIара гIорасиз, чолакх я Iовдал хилча а ша ма дара. Олуш ма-хиллара, ког тоьхначохь хи а оькккхуьйтур долуш, жима стаг.* А. Айдамиров. Жерочун дийцар. *Гайта дина сурт санна, цхьа дегала кIант вара тхан эвлахь. Хелха массарел хаза волура. Ког тоьхча хи даккха тамехь. БIаьргана сирла, дашна говза вара.* М. Мусаев. Дашо маха.

Ког хецца <Iа (ваха (й, д, б))>. Богато, роскошно, не стесняясь в средствах, свободно, независимо.

— Хьайна ма-луъу, ког хецна ехар ю хьо цу сан ден кертахь. С. Бадуев. Зайнди.— *Амма хIинца долчу хьолехь шу дита а ца тарло цуьнан, хIунда аьлча, шайн махкахь аш оьрсий ког хецца баха буьтур бац.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Ког хецца. ишта Iаш ю-кх со кху Iалхан-Юьртахь, Супий, Асет бохуш шолгIа дананий нисделла,— элира Оляс.* М. Мусаев. Iалхан-юьртара хьехархо.

Ког хьекхийта. Р а з г. Под воздействием решительных действий, влияний заставить кого-л. волноваться, беспокоиться и т. п.

— Ткъе пхиъ шо мукъа а со къона велхьара, «дера хаац суна-м»,— бохуш, хьалха ког хьоькхуьйтур бара царех цхьаьнга. Н. Музаев. Мур.

Ког хIотта. Быть, находиться в материально обеспеченном состоянии, положении и т. п.

— ТIаьххьара а боху ас! Ахь лелораш ца хууш дац хьуна тхо-м, тхешан ког хIоьттина оха хоуьйтур а ду хьуна доцийла. I. Гайсултанов. *Iаьрби хаза, шен*

къинхьегаман книжка кисана а юьллий, ша бина болх оцу тIе а язбойтуш, цигахь хьанал болх а бой, шен коr хIоьттича цIа воьрзу. А. Айдамиров. Ирхеш.

Кога хIотта. 1. Оправляться от болезни. 2. Приобретать независимое положение.

Ког ца баккхийта. Всячески сковывать, ограничивать, пресекать действия кого-л. *Янарс: ...Хьошалла дира аш царна Ленина даийтина ЦIен Эскар тIекхаччалц. Ког ца баккхийтира аш Деникинан эскаре лам чу.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. *Амма цигахь лаьттачу БIаьштига изи, шена улло нисвелча, кхин ког ца боккхуьйтуш сацийра.* А. Айдамиров. Моршонан цIарах.

Ког шарша. См. Ког галбала.— *Ахь суна дехар делла, кIеззиг ладогIалахь,— шен логах куьг хьаькхира Бахьазас.— Со хьуна тIехьаьжча бIаьрзе а, сингаттаме а хета хир ву, амма, сан хьал-де девзаш болчара муьлххачу инженерах къаставо, лору со! Iилма а, гIуллакх а дика хIуманаш ю, Саша! Амма, цкъа коr хIуттуш, тIаккха коr шершан хьан хазалла хIаллакъяр къа ду!* Н. Музаев. Органан тогIехь. *Коr шершича нисвала хала хуьлу. Харцахьчу новкъа кхийда Айзан шен хеннахь сацо еза, бохура цуьнан дагo.* 1. Гайсултанов. Малика. *Йол декъаза хIума ма ю. КIанта-м цкъа галваьлча, гIаддайча, шоазлагIа а, кхозлагIа а яло а мегара. Шеца йоггIург нисъяллалц. Йоьлан коr шершича хала ду.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Комбоджехь дерг <ду>. Образовано по модели: **Истамулехь дерг ду.** Р а з г. Нарушение или отсутствие порядка, хаос, кавардак.

Копека бист хIотталц. Целиком (истратить). Ср. Кепек бист хIотталц.

Конека мах ца хеташ. Цхьа копек мах ца хеташ. Очень щедро: не думая о последствиях. Ср. **Кепек мах ца хеташ.**

Корта айа. Обретать уверенность в себе, в своих силах.
ХIинцца балха а вахана корта айа гIерташ вара ДогIул.

Корта байна. 1. (Слушать) с большим вниманием, интересом; заслушаться. 2. Утратить способность соображать, действовать.
Йоьхна, ша хIун леладо ца хууш, корта байна хьийзара Шапалат.

Корта баккха. Жить, существовать, влачить существование (за счет чего-л.). *Делахь а, юкъахь йоккха башхалла яра: цхьаъ эла Политаевн кIант вара, важа цунна чухIоьттина лелаш йолу, цара лучу сискалех шен корта баккха гIерташ йолу миска гIарбаш яра.* Ш. Окуев. Юьхь.

Корта баккхийта <а>. Кто-л. с полной убежденностью ругается за что-л.

Корта бан. 1. Попав в затруднительное положение, приходить в растерянность, не зная, что делать, как поступить.

Корта байинера Ахьмадан цу зударийн белхарша. 2. Безрассудно влюбиться. *Заьлбика шена ма-гиннехь, корта байра Вуьтушан.*

Корта бахьа (схьаэца, дIабахьа, дIаэца). 1. Лишаться рассудительности, не знать от волнения, как поступить, что делать.

Мел дерг нислур ду дахарехь. Корта баьхьна хила ца веза. 2. Сильно, безрассудно влюбиться.— *Ас хIинца хIун боху хаьий хьуна? Хьан бIаьрга мел дайначу къорIанора боху, оцу мечукан кIорнийс хьан корта а дIа ма эцна, оцу мечукан корта дIабихьна, хьоьга долчул а вон хьал долуш иза а ма ю хьуна!* Ш. Окуев. Юьхь.

Корта бац. Кто-л. не сообразителен, не догадлив.

Корта бетта. Умолять, упрашивать кого-л.

— *Деллахьа, Анзор, хьо нехан доьнчик а волуш, машина ма ялаелахь вайн гIуллакхана. Далла хастам яI, и корта бетта вайн ца дезаш.* М. Мусаев. Анзор. *Республикан куьйгалхошна хьалха корта биттина, керла ян типови шиъ школа яьккхинера цо.* А. Айдамиров. Ирхеш. *Доггах къахьегарций, шаьш дечун пусар дарций билгалваьлла ший а, цундела а и шиъ бахьанехь нахана хьалхахь цIийдалий, корта беттий ца деза ден, ненан.* С-А. Лорсанукаев. Салтичун маршалла.

Корта болуш (хIума). 1. Очень что-л. умное, дельное, толковое (о чьем-л. действии, предложении и т. п.).

Дуьйцуш башха корта болуш хIума а дацара. I-Хь. Хамидов. Дурдий, Даргий. 2. Сознательно, обдуманно (делать что-л.). *Матайс мел долу хIума а, олу дош корта болуш олу, леладо.*

Корта болчунна. Сообразительному, толковому, рассудительному (что-л. следует знать, делать, говорить и т. п.).

Амма жимма а корта болчунна хаа деза адамаша цхьатерра къахьоьгуш цахилар. 1. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза... *Шен гIуллакх дан корта болчу стеган куьйгаш дай вай хестош дерш-м!* Н. Музаев. Мур.

Корта болх беш бу. Кто-л. сообразителен, догадлив, понятлив.

Корта боцуш. Глупо, неумно, бессмысленно; необдуманно.

— *Корта боцуш стаг ву хьо, Степа! ЦIа ма-даьххки, дерриге а хьан зудчуьнга дIа ца дуьйцуш, Iийр яц со.* Ш. Окуев. Юьхь.

Корта буьзна. 1. Кто-л. обременен какими-л. знаниями, сведениями и т. п. (обычно ненужными). 2. Кто-л. полон забот, дум.

Дан дезаш долчу хIуманех корта буьзна вара керла ваийтина агроном.

Корта дика боцуш//Коьрта цхьа са аьрта болуш и т. п. Кто-л. придурковат, со странностями, ненормален.

Жимчохь дуьйна корта дика боцуш вара Лайлаан жима кIант.

Корта кара билла. Рискуя, повериться, довериться кому-л.

Ямартчу Бичераховна луург большевикаша шайн кортош шен кара дахкар дара.

Корта кегбан /бохбан/. Усиленно думать, стараясь понять, решить что-нибудь трудное.

Оххlай, ма гена ду-кх вай уьш караберзо! Масех де ду оцу гIуллакха тIехь ас корта кегбо. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Корта лар тIехь <бу>. Кто-л. умен, сообразителен, толков.

— Молодец, сайниг! — резахилира Айза.— Хьан корта лар тIехь бу! Н. Музаев. Мур.

Корта лебан /эрна/. 1. Обманывать, дурачить, намеренно вводить в заблуждение кого-л. какими-л. (обычно длительными) разговорами, перепиской, действиями. 2. Приставать со всякими объяснениями, пустяками и т. п.

Со бахьана долуш и ахьа эрна лебина корта кхин лебийр бац ахьа. С. Бадуев. Зайнди.— *Шуьшиъ цхьаьнакхетаран гIайгIа хуьлу-кх суна,— элира дас, Хьумид араваьлча.— Ахь мел корта лебарх иза берте а вогIур вацара./..../ — ТIехула тIе, хьоьга хIара корта айса хIунда лебо а хаац суна,— тIаьххьара а куьг ластийра Хьасана.* С-Хь. Нунуев. Гезгамаша.

Корта локкхург хила. Разг. Терять способность ясно соображать от множества дел, забот, переживаний и т. п.

— Хьоьга ладийгIина и корта локкхург ма хилла сан! — шена Виса кIордийний хаийтира Жолалиса.

Корта метта бало. Прибегая к крайним мерам воздействия, заставлять кого-л. одуматься, изменять образ мыслей, поведения и т. п.

Корта меттахь (хила). См. **Хье меттахь (хила).**

Корта охьабахийта (олло). Приходить в сильное уныние, в отчаяние, испытывать душевное волнение.

— Касби, хьо ма дог доьхна ву? Ахьа корта хIунда оллийна?

Корта таIо (тоха). Признавать себя побежденным, покоряться, поддаваться кому-л. или чему-л. (Пхьармата ца таIийна Селина хьалха корта).

Тхо долчу веъча долу эпсаран леларрий, цо йийцарехь, цунна тIехIиттина тIеман киртигашший-м яцара фашистана корта тоха тамехь. М. Мусаев. Анзор. *— Царна хьалха корта хIунда таIош бу вай, и кепекаш бахьана долуш.* Ш. Окуев. Юьхь.

Корта тоха <ламазана...>. 1. У с т. Молиться. 2. Преклоняться перед кем-л. или чем-л.

Ткъа Хьамида ламазана корта а ца тоьхна беран хенахь дуьйна. А. Айдамиров. Ирхеш. *Нурадилов Ханпашин майраллина хьалха аса корта таIабо.*

Корта хила. Быть достаточно умным, сообразительным.

Корта хьийзо. Внушать кому-л. провести кого-л.

Корта хьовза. 1. Терять способность ясно соображать (от множества дел, забот и т. п.).

Дан дезачу гIуллакхийн дукхалла корта хьаьвзинера Рукъетан. 2. Испытать головокружение (от избытка переживаний, усталости и т. п.). *Таллархо. ХIара ерриг а хьун талларх, ца карий-кх сона сайн хьоменаш... Корта хьаьвзина-кх сан. ХIун де-те ас?* 1. Гайсултанов. Хьуьнхара цIа.

Корта хьовзо. 1. Вызывать у кого-л. чувство любви, симпатии.

Ткъаяссана шо кхаьчначу лейтенанта Маша Островецкаяс хийла къоначу эпсаран корта хьовзийнера. И. Эльсанов. Ал-Мохьмад. 2. Ставить кого-л. в затруднительное, сложное положение путем обмана, ухищрений и т. п. **(Корта тило).** *Леманийн Iаннаш чу дижинчу дахкаро санна, динан бодано бIаьргаш тIе кIай диллина, бIаьрзе бина, дахаран серлонга боьдучу новкъара галбаьхна, кортош хьовзийна бара ламанхой.* Р. Хаджиев. Октябран малхехь. *Хадижа. Бакъ дац. Цо хIумма а воиг ца до! ХIун даьлла цуьнгара? Султан. Дукин-некъийн кортош тилийна.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. 3. Лишать возможности трезво и здраво оценивать обстановку, положение и т. п.— *Ткъа хьайн дош кхочушда хьуо стаг ца хилча, пульчаш буьттуш, сан корта хIунда хьийзийра ахь?* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Юьгур ю ша, олий, седарчех ловза, тIитI ала кхиале хьовзабо корта.* А. Осмаев. Пародеш.— *Схьахетарехь, цхьаммо корта хьовзийна цуьнан. Делахь а, со хIумма а кхоьруш яц.* В. Матиев. Мокхазан дог.

Корта /ца/ хила /хиларна/. См. **Корта хила.**

— *ХIета, корта ца хиларна иккхина хилла-кх со догучу цIа чу.* С.-Хь. Нунуев. Гезгамаша.

Косказ санна. Р а з г. О высоком, рослом человеке. Косказ санна, лекха стаг вогIура ураман новкъахь.

Космосе /тIурнене/ вала (й, д, б). Образовано по модели **тIурнене вала.** Р а з г. Выражение возмущения, недовольства.

Ой, дела вала хьо космосе! Ма хьийзахьа сан когаш кIел! — аьлла, човхийра Хьасраа жима кIант.

Котамо мIараш хьекхча санна <яздан...>. Писать коряво, неразборчиво.

Яздаран. хатI — вайн котамо мIараш хьаькхча санна дара Iабдуллин.

Коча ван (й, д, б). 1. Пойти с кем-л. на острый спор, конфликт, ссору (на почве разногласий или по др. причинам) наброситься на кого-л. 2. Кто-л. вынужден отвечать, нести ответственность за кого-л. или за что-л. (делать что-л.). *Ханпаша. ...Цкъа цхьаннан, тlаккха вукхуьнан коча воьдуш, хьерадаьлла жlаьла санна лела Гитлер ца го хьуна?* I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.— *Хуущ ву со хьо нахах леташ хилар!.. Хьажал хlинца сан коча ван гlертарг.* Н. Музаев. Мур.— *Раббана делаl, хlинца хьенан коча боьлху-техь хlорш, бохуш, ас уьш тергал бен дукха хан ма яра.* Ш. Окуев. Лай тlехь цlен зезагаш. *Газа йиъначун коьртах цlе яьлла, баьхначунний дайна, Анзор дегабааме вийлар бахьанехь, шина декъе а бекъабелла, вовшийн коча баххаза бисира къевсина хlорш.* М. Мусаев. Анзор. *Хlун хоттур дара? Дагахь доцуш цlехьана коча беана мохь /.../ Миччахьа а цхьанхьа цхьаъ галдаьлча татталой хlоккуьнан коча вогlу.* А. Айдамиров. Ирхеш. *Кхузахь бехаш болчийн коча доьжна иэхь ду-кх иза /.../ — Хlинца герз лелор вожкхачу стеган коча деа.* Н. Музаев. Бlарлагlийн тоба.

Коча ван (й, д, б). Находиться на чьем-л. обеспечении, иждивении, быть обузой.

Коча вожа (й, д, б). Становиться обременительным, тягостным для кого-л.

Коча гlерта /ваха/. 1. Приставать с назойливыми разговорами, с просьбами и т. п. к кому-л. 2. Усиленно добиваться расположения, любви и т. п.

1.— Ой, кхуьнан да валла хьакхийца! И хlун ду? Пхи-ялх бутт бац и вайн колхозе вайтана-х. Макин коча хlара хlунда гlерта? Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Коча гlомат йолла. Излишне обременять себя чем-л. или укрощать кого-либо.

Тоттий тlе а богlий, сан коча гlомат а юьллий, дlабоьлху нах. Ш. Окуев. Лай тlехь цlен зезагаш.

Кочара ваккха (й, д, б). Избавиться от кого-л. или чего-л.

Ахед, Iабдуллий Харламов кочара ваккха хlилла лоьхуш волчу хенахь, шен болх дlахьош яра Жаровн бурови бригада. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Ахlа. Палхой закон, яман закон,— саца а сецна, хlуъу дина а Андрей кочара ваккха гlертара йоккха стаг.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Кочара вала (й, д, б). Перестать тяготить, обременять кого-л.

Хелисата и новкъа а яьккхина «ма дика ду-кх хьо кочара яьлла», аьлча санна, йоккха са даьккхина, ков тlе а оьзна чуяхара. I.-Хь. Хамидов. Дlа — коч, схьа — коч. *«Шина тоьпо со ваха хаор ву, къоьлла а кочара ер ю суна».* Ш. Окуев. Юьхь.

Коча таса. Обвинять невиновного в чем-л. Заставлять кого-л. (насильным путем) сделать что-л.

— Хьайн курхалш сан коча а тесна, кlелхьарвала? Диц ма делахь, хьо со

вале веана хилар! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Ши шо ду маре ахь сан коча туьйсу, цкъеллига цкъа а дац и хьука кIордош.* Х. Эдилов. Шиннан къайле.

Коча хаа. Быть на содержании, иждивении, попечении, обременяя кого-л. Ср. **Вортана тIе хаа.**

Боьршачу стагана коча хаа гIерта ца еза зуда. Бакъонаш цхьаъ ю бохуш. А. Айдаминов. Ирхеш.

Коча эккха. Пойти с кем-л. на острый спор, конфликт, ссору (на почве разногласий), наброситься на кого-л.

...Ткъа хIара-м сан коча эккха воллу... Вейша со, пурба ду-кх шуна...— Салманна тIе вирзира Анзор. М. Мусаев. Анзор.

Коча эца (иэца). Взять что-л. на себя, под свою ответственность.

— Хьажахьа! Халкъан дуьхьа оццул мохь хьайн коча иэца воллийца хьо?! — хаьттира Семеновс./.../ — Паччахь а, цуьнан гIоьнчий а котамаш яц. Цаьрца доккха мостагIалла шен коча а иэцна, аравалар кIезиг хIума дац. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Коч лур ю аьлла <дIа а вигина> хеча а яьккхина ваийтина /вита/. Кто-л. из-за своей наивности, нерасчетливости дал кому-л. себя обмануть, провести. Из комедии А.-Х. Хамидова «Бож-Али».

Абубешар. ...Сутарбис коч лур ю аьлла, дIа а вигина, хеча а яьккхина, цIа ваийти хьо? І.-Хь. Хамидов. Бож-Іела.

Коша вахийта. Доводить до смерти (какими-л. действиями, разговорами, плохим отношением, непомерной нагрузкой и т. п.).

Коша ваххалц (й, д, б). До самой смерти, до конца жизни.

Коша ваххалц къарлур вацара Ахьмад я ша аьллачунна тIера а вер вацара.

Коша вижа (й, д, б). Умереть.

— Юьхьанца со а санна, Iадийна ву хьо, Хаим,— элира ЧIимлос.— Амма вай делла а далале коша дийша стенна гIерта? Н. Музаев. Мур.— *Дика ду хIора а шен-шен коша вуьжур волуш. Дала лардойла вай, Анзор, цу ша вицвечу тобанах.* М. Мусаев. Анзор.

Коша дахьа. Умирать, не передав, не сообщив чего-л. (какого-л. секрета, тайны и т. п.).

Шеко йоццуш дуккха а хIума шеца коша даьхьна хеназа кхелхинчу нохчийн литературан бухбиллархочо Бадуев Саьлид-Селахьа.

Коша когаш охкийна. Кто-л. доживает свою жизнь, близок к смерти (обычно о тяжело больном или очень старом, дряхлом человеке).

— Къаналла коша когаш охкийна со цигашха дIа а хьажийна, цIахь саца воллу хьо? А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Кошан барз бан. У с т. Похоронить, погребать достойно.

Кошан йисттехь. В состоянии, близком к смерти (быть, находиться, чувствовать себя и т. п.).

Лоьраша то вина цIа вайтира кошан йисттехь хилла волу Бочча.

Кошара гIоттур (вогIур) вара (й, д, б). Пришел бы в ужас, в негодование (если бы узнал, увидел и т. п. что-л.). Об умершем.

— Ахьа колхозехь дина къола шена хиъча, кошара гIеттина вогIур вара Солтамурд.

Коша <сан (хьан...)> да вагIахь а//Кошара ворхIе да вагIахь а. В любом случае, при любых обстоятельствах. Категорический отказ кого-л. в чем-л.

— Хьан кошара ворхIе да вагIахь а со ловзарга ца йогIу! — оьгIазъяха дуьхьалонца жоп делира Марета.

Коша хьежа///Коша (цхьа) ког а биллина. Быть близким к смерти (обычно о тяжелом больном или очень старом человеке.

— Цара шайн къона хан дIаяьлча дитина! — мохь туьйхира цхьаммо.— Аш а дита. Коша цхьа ког а биллина Iаш ву хьо. А. Айдамиров. Ирхеш.

Кошахь санна. Р а з г. Очень темно.

Коьрта долчу (коьртачу) декъана. Преимущественно, в основном.

Коьрта долчу декъана, собранехь дийцинарг бIаьстенан хIу дерах лаьцна дара.

Коьрталли (кортали) тухучу тIедаллалц. Доводить кого-л. до крайне трудного положения (обычно вынуждая унизительно обращаться к кому-л. с просьбой о чем-л. с целью удовлетворения какой-л. нужды, желания).

Шегахула доччуха Хизара яла-ян хьийзийтира, кара кортали тухучу тIедаллалц дехаре йийлийтира Бана, Анзоре, нускал цIа даладе, бохуш. М. Мусаев. Анзор.

Коьртах бевлла (й, в, д) /дан/. Посоветовавшись, обдумав, обсудив сделать что-л. (Быть) зачинателями, инициаторами чего-л.

— Вайга и де бохуш мила ву? Юьртсоветан, колхозан куьйгалхоша, шаьш коьртах а бевлла, вай вовшахтоха ма деза. А. Айдамиров. Ирхеш.

Коьртах вала (й, д, б). 1. Попав в затруднительное положение, теряться, не знать, как поступить.

Ахьмад новкъа воккхуш тIехьа-МартантIе баьхкира йижарий Асеттий, Сабираттий. Бакъду, Хелисат ца еара, нахана шо коьртахъяларна кхоьруш. Х.-А. Берсанов. Майра иччархо. 2. Кому-л. (лично) грозит опасностью в жизни, на работе и т. п.

— ДIахайта цуьнга, нагахь санна ша бахьанехь цо кхул тIаьхьа адамана сингаттам балийтахь, иза шен коьртах вериг хилар. А. Айдамиров. Еха буьйса-

наш. 3. Надоесть кто-л. или что-л. *Ша долийнарг, юьхьаралаьцнарг тамаша бина ца валлал сихий, дикий жимачохь дуьйна Iемашший, хенахь заманахь диц ца лушший вара Анзор, мацах школехь хьехархошна коьртах а ваьлла.* М. Мусаев. Анзор. *Дечиган чурташ лечкъор коьртах делира.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Чурт лачкъийначунна хиларг»).

Коьртах куьйли (хила). Р а з г. Терять способность ясно соображать (от множества дел, забот и т. п.).

Бераша гIовгIа еш, коьртах куьйли хиллера Хьозина.

Коьртах куьг хьакха. 1. Хвалить, одобрять, потворствовать чьим-л. поступкам. — *Сога алахьа, накъост директор, хьо болх ца бечийн коьртах куьг дукха хьоькхур долуш ву?!* 2. (Только с отрицательной частицей дац). Не оставлять без наказания, привлекать к ответственности.

Коьртах тоха тIулг а лур бац (боцуш). О жадном, скупом человеке.

Нахана гIараваьллера шен писаллица бехча коьртах тоха тIулг а лур боцуш волу Ханакъи.

Коьртаца жоп дала. Брать на себя полную ответственность, быть готовым поплатиться жизнью.

— *Хууш хилахь, кху документе ахьа хьайн коьртаца жоп дала дезар дуйла.*

Коьрта чохь диса. Прочно запомнить, запечатлевать (что-л.).

Ша бераллехь комарш юуш лелла шайн цIийнан хьалхара дитташ цкъа а диц ца луш, коьрта чохь дисина цунна.

Коьрта чохь кегаш (хьардаш) хила. Р а з г. Кто-л. плохо соображает, думает и т. п.

— *Коьрта чохь кегаш ю хьан, хьен меттана? — кIоршаме тIечевхира и.* І. Дугин. ХІорд ловзабаьлла.

Коьрта чу ца хаа. Непонятно. Невозможно поверить. Может употребляться как выражение недоумения, удивления, вызванного тем, с чем нельзя согласиться, что нельзя осмыслить, принять, чему сначала нельзя даже поверить.

Ткъа хIинцца хезнарг коьрта чу ца хоьура. 1. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Коьрте гIерта (хьийза). 1. Неотрывно, настойчиво появляться, возникать в сознании. 2. Стремиться к единоначалию (делать карьеру).

Хаддаза коьрте гIертара Вахьидана ша Зим-Iеле аьлларг.

Коьрте дала. 1. Р а з г. Приходить в состояние крайнего опьянения. 2. Стать самостоятельным, независимым (о ком-л.).

Малар коьрте даьлла а, Iаббасана оьгIазвахана а волу Iумар, лар тIера ваьлла, гIиллакхах воьхна, амма даггара къамел деш вара. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Коьрте дан. Внезапно появиться, возникать. О мысли, идее.

Коьртера дIадаккха (даккха). Избавляться от чего-л. (дум, переживаний и т. п.).
Ша лелийнарг мел гIиртича коьртера дIадаккха хала дара Къосумана я даккха а ца лора.

Коьртера дIадала (дала). Совсем забыть что-л.

Коьртера когашка кхаччалц//Когашкара коьрте кхаччалц. Со всех сторон; полностью, сплошь. Во всех отношениях, во всем.
Коьртера когашка кхаччалц къонаха вара Уци.

Коьртехь кегаш ю. Кто-л. путано мыслит, у кого-л. нет ясности в понимании чего-л.

Коьртехь латто. Постоянно помнить, думать.
Башха доккха хIума дацара Къедира коьртехь латториг.

Коьрте ца доглу. 1. Не усваивается, не запоминается и т. п. 2. Кому-л. не до того, чтобы заниматься чем-л.

Коьрте эца (лаца). Перегружать, обременять себя обязательствами, заботами, думами и т. п. о ком-л. или о чем-л. Перегружать, обременять множеством сведений, знаний и т. п.
Цо коьрте ца оьцуш, ца латтош хIума ца хуьлура ша ешначу книжкана тIера.

Коьрто схьа ца лоцу. Не усваивается, не запоминается. *Мел гIертарх коьрто схьа ца оьцу. Ойланех хIоз хилла.* М. Мусаев. Анзор.— *Ахь со цецъяькхина, коьрто схьа ца лоцу ахь динарг.* Ш. Окуев. Юьхь.
Ср. антоним: **Коьрто схьалоцу.**

Коьшкала хаа (вала /й, д, б/).)1. Быть на содержании, иждивении, попечении, обременяя кого-л.
— *Жимма 1ийча хуур ду хьуна,— сацийра иза Юнуса. Дог эца гIортахь дер бу, коьшкала ховшур.* А. Айдамиров. Ирхеш. 2. Главенствовать, верховодить; занимать господствующее положение.— *Тахана кхийсарш йина аш вовшашна. Кхана хьан коьшкала а хиъна лелар ву иза, хьуна езаш йолу йоI а ловзош!* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Делахь а, оьрсийн паччахьо, дас санна, коьшкала ховшийра тохарлера элий.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Ткъа хIинца зударий хецабелла, божарийн кошкала бевлла. И дика дац»,— шен ойла йора Товсолтас.* М. Сулаев. Эскинойхь. *Хьо тап-аьлла 1ийча-м, нах коьшкала хуьйшур бу, вацахь а моттийта ма деза...* И. Эльсанов. ХIордан уллехь.

Куй баьгна. Прогорел ты. Употребляется по отношению к жениху после выхода замуж его невесты за другого.

Куй буьттучу кхача. Р а з г. Шутл. (Доходить, дойти) до крайне трудного, тяжелого положения. Бож-Iела.

Хьан гIуллакх куй буьттучу кхаьчна, кIант. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Куй тоха. 1. У с т. Легко и быстро победить; одолеть кого-л. 2. У с т. Выбрать себе невесту.

Кура дог-ойла йолуш. Высокого мнения о своих возможностях, силах и т. п. *Ша цхьа чIогIа суьпа стаг хеташ, кура дог-ойла йолуш а вана Шаба.* Ш. Айсханов. Мало — хало.

Куц ду. Стало быть; видимо, возможно.

«Маштахов Хаим марштухург хила там бара,— ойла йора Арсас.— Массарна а тIехула дехьа лаккха кхоссавала дагалаьцна хуьлу куц ду барзо!» Н. Музаев. Мур.

Куц-кеп доккхур дац <цуьнгара...>. О прекрасно сложенном человеке, о приятном телосложении. (Пасха:) ...Цуьнгара куц-кеп доккхур дацара цхьана а йоIа. I.-Хь. Хамидов. Ламанан йоI.

ДегIана хаза куц-кеп долуш, леларца тIахъаьлла, хьекъална ира, дагца цIена волу Прохор чIогIа везавелла вежарех жимах волчунна. I. Ахмадов. Мехкарийн каш.

Куц хьанал. О внешне приятном человеке...

«Жигули» сецира, тIехь малх ловзуш. Цу тIера охьаиккхинчу Вахас, тIехьара нех йиллина, машина хаийра карахь тIоьрмиг ловзу куц хьанал Зарема. М. Мусаев. Дуьненан ялсамане. Ср. ант. **Куц хьарам.**

Куц хьарам дариг. О человеке с приятным внешним видом. Часто употребляется по отношению к тем, у кого приятный внешний вид не соответствует духовному и культурному содержанию.

Куьг айба. Замахиваться на кого-л., пытаться ударить; бить кого-л. Покушаться на кого-л.

Шен денвешина куьг айбина бохуш, нахалахь шен вон цIе яьккхийтира Мурдала.

Куьг бехдан. Связываться с кем-л.; быть причастным к чему-л. низкому, недостойному.

Куьг бехке (л-ниг). Виновный в каком-л. нарушении, преступлении, драке и т. п. (иногда при похищении невесты).

...Тхо дехарг даьхкина хьоь, Iумар цIа вита, аьлла, вайн нохчийн Iедалехь куьг бехкен воцург цIа вуьтуш долу дела. С. Бадуев. Бекхам. *И бежанаш дохкарна тIехь куьг бехке верриг гучавакхар сан дехар ду.* I. Гайсултанов. Iаьржа портфель. *— Куьг бехкениг муьлха ву шух? Хьовса вай несе а, невце а...— аьлла, дIакхевдина*

чуьра лампа латийра Анзора. М. Мусаев. Анзор.— *Вайна стаг вийна куьг бехкениг вийци сольга тховса цхьамма.* І. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза. *Хьасанна хаьара и бахам Къаиман а, Тамусин а хьаналчу алапех ца хІоттийний. Къаим куьг боьха а ву олу.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Куьг дала. 1. Спасти, выручить кого-л. из затруднительного положения. *Мостагlан гонера куьг делла, кlелхьара яькхира Ипатьево шен полкаца латар дина Николаевн батальон.* 2. Поздороваться. *ХІуъа хиллехь цхьа хІума хиллера Хьамидана. Цо цхьаьннега а куьг ца ло хІинца.*

Куьг доцуш <висича>санна. Р а з г. Совсем беспомощен, ничего не в состоянии делать. *Тахана марс цІахь битина балха ваханера Хьусейн. Ша куьг доцуш висича санна хетара цунна.*

Куьг кхача (тІекхача). Добиться своими усилиями желаемое; дотронуться, достигать кого-л. или чего-л. *Дукха хан ю Мудар шен вешин чІир екха гІерта. Амма цуьнан куьг кхачац Варина тІе.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Куьг кховдо. Оказать помощь, товарищество; принять участие в ком-л. или чем-л. *Ваьшна хІуъу хьашт хилча, цуьнга куьг кховдадо вай.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Лулахой безарна, куьг кховдон ва бевлла, Кавказан кІентащца, Зовкхен уьйр ва тесна, цунах токх бевлира Вайнехан и кІентий.* Хь. Магомадов. Ломара бІаьвнаш.

Куьг ласто (ластийна) /дита, ваха/. Демонстративно проявить свое отношение к кому-л. или чему-л. *Кхин хІун дийр ду а ца хиъна, дерригенна куьг ластийна, шайна ма-хуъу шаьш ларде аьлла, Іадда битира цо нохчий.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Нохчийчохь хьажой а, имамаш а, шайхаш а дукха бара. Цундела куьг а ластийна... и гІуллакх кхин тергал а ца деш, тесна дитара Узун-Хьаьжас.* Ш. Окуев. ЦІий, латтий.

Куьг хила. 1. Иметь связи. 2. Быть опытным в чем-л.

Куьг таІо. Подписаться. Принять участие в чем-л. предосудительном. В прошедшие века неграмотные чеченцы в случае необходимости заключения письменного договора и обязательств ставили на бумаге отпечаток своего пальца (куьг таІадора — прилагали руку).

1. *(Янарс:) Ячейка дукха гІийла ю шун кхузахь. ХІоккхул йоккхачу юьртахь ялх бен вац коммунист. Царех веанна куьг таІо хаьа. Дешна нах бац.* Х. Ошаев. Некъ жІараболуш.

Куьг тоха. 1. Оскорбить женщину, изнасиловать. *ХІинцца, ши бутт хьалха Кулдевича шен гергарчу нахехула гІайгІа а бина, юьртан банк шен кара еллачул тІаьхьа, Мирзас Кулдевичца юкъахь и банк дІатохар дуьйцучу заманчохь, и банк наха къола дина яьхьи моттуьйтуш сурт хІоттор а сацийна, мала а хиъна, цхьацца къамел деш, зударий хьахабелча, дика кеп*

а хилла Кулдевича чIагIо йинера, шега муьлххачу а нохчийн зудчух куьг тохийтинчул тIаьхьий бен и банк шаьшшинна ерзош долчу гIуллакхана тIевоьрзур, товр ма вац ша, аьлла. С. Бадуев. *ЦIеран арц... Цу хьараман куьйгаца, цу боьхачу ойланца хьох кхеттарг мила ву? Харцонца веларна, къайлах хьежарца куьг тоьхнарг мила ву?* С. Бадуев. Петlамат. 2. Делать что-л., дотронуться до чего-л. с целью предпринимать что-л.

Балха тIехь куьг дика тухуш вара Якъуб.

Куьг тIедахьа. 1. Убивать кого-л. 2. Присваивать, захватывать что-л. 3. Подчинять своей власти (кого-л. или что-л.).

Паччахьа куьг тIедаьхьира оцу мехкашна.

Куьг тIе ца кхача. У кого-л. нет времени, возможностей, сил и т. п. заняться кем-л. или чем-л., сделать что-л.

Ср. **Куьг тIекхоча.**

Куьг ца тухуш. Абсолютно ничего не делая; бездействуя, ничего не предпринимая (иногда демонстративно).

...Шьаш балхах куьг а ца тухуш мерза дууш, хаза духуш, хIара дуьне ловзош лела. А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Куьг шарда. Приобретать умение, сноровку, опыт в каком-л. деле.

Ша дечу хIуман тIехь куьг шарда ца оьшуш, хьуьнаре, балхана тIера зуда яра Басахьат.

Куьг шера <ду>. Кто-л. обладает достаточным умением, сноровкой, опытом в каком-л. деле, занятии и т. п.

Массара «куьг шера ду», олуш белхало вара Исмайл.

Куьзга санна. 1. Ровное, гладкое и т. п. (о поле, дороге и т. п.).

Куьзга санна, шера некъ бу тхан юьрта чу богIуш. 2. Что-л. ослепительное, яркое.

Куьзганна чохь санна. Хорошо, ярко (показать, видеть и т. п.).

Цаьрга хьаьжча куьзганна чохь санна, шера го цунна куьйгалхочун белхан сурт. А. Айдамиров. Лаьмнашка юхаерзар.

Куьйга корта лаца. Впасть в уныние, печалиться.

Куйга корта лаьцна гIайгIане воьжна вара Ахран.

Куьйга кIел. Под властью, эгидой кого-л. (быть, находиться и т. п.).

Куьйга кIел <дерзо (й, в, б)>. Присвоить, захватывать что-л., завладевать чем-л. Подчинить целиком своему влиянию, своей власти...

ХIетахь, вуьрхIитталгIачу бIешарахь, Сийлахь-Йоккхачу Екатеринас шозлагIча

вайна лакхара совгIат дина,.. гIалгIазкхий шен локхаллин куьйга кIел а иэцна! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Куьйга кIел (озо). 1. В чьей-л. власти быть, находиться и т. п.

Бартаца барт вай бича, вай уьш куьйга кIел уьйзу. С. Бадуев. Колхоз. 2. Очень близко, рядом (иногда около себя, так, что легко можно достать). *Суна сайна оьшу-оьшу гIирс куьйган кIел бу.*

Куьйгана кIелхьара вала (й, д, б). Перестать подчиняться кому-л., слушаться кого-л.

Шен ден сте куьйга кIелхьара яьллера хIинца ПетIамат.

Куьйган буьхьиг дIа ца тоха. См. **Куьг ца тухуш.**

— Бисолте а, Арухе а аса хьох куьйган боьхьаг дIа тухуьйтур бац хьуна,— олуш, хаъал Зайндин дагана там бира Дадала. С. Бадуев. Зайнди.

Куьйган кераюкъ санна//Куьйган экъан тIехь санна. 1. Очень ясно, отчетливо (видеть, быть видимым). 2. Предельно открытый, ясный для понимания.

Куьйган кераюкъ санна, гуш дара йолехь онда ницкъ хилар. 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Охунахь»).

Куьйган экъа санна. Очень ровное, гладкое место, площадь и т. п. Ср. Куьзга санна.

Куьйган экъа санна нийса яра бераш буьрканех ловзу аре.

Куьйган эшарца. 1. С помощью осязания.

БIаьргийн нур дайнера Изарганан. Куьйган эшарца дора цо ша дийриг. 2. Без необходимой подготовки, исследования, вслепую. *Иза IилманчехкIеззиг дагаволура. Цо ша дийриг куьйган эшарца дора.*

Куьйга тIе куьг тоха. Договориться, решиться с кем-л. о чем-л.

Вайшиннан къамел къамел делахь куьйга тIе куьг тоха дезаш ду-кх хIара гIуллакх,— шен хуьлучу бартана реза а хилла гIадваханера Руслан.

Куьйгаш <а> ластийна... См. **Куьг ласто /дита.../.**

— Хьешашна гергахь а товш хир дац, куьйгаш а ластийна хьо гучаваьлча, таьлсаш схьадайтина, чу малар а, махорка а, цигаьрканаш а, чай а, шекар диллира Василийс. Ш. Окуев. Юьхь.

Куьйгаш бехдан. Связываться с кем-л., быть причастным к чему-л. низкому, недостойному.

Нехан хIума лачкъор тIехь куьйгаш бехдан Iемина вара Чана.

Куьйгаш даа /шен.../. Уст. Наказать себя.

Халид (воьхна). Сан! Сан карах!.. Сан карах вели хIара. Сан Хьамза! Ас вийн хьо, ас!.. Сан карах! Ас... ас! Хьамза, сайн куьйгаш дии ас. С. Бадуев. Дайн Iедал.

Куьйгаш ирх дахийта. Поднимай руки в знак сдачи, иначе будешь убит (Калька с русск. языка). Ранее оборот встречался в нем. языке. Хенде хох! Мотивирован жестом, который в древности выражал покорность судьбе.

/Ханпаша:/ (чуволу Нурадилов, Бульбий). Ральф вийна! Хен де хох, ненах сте ярг! (Ганса куьйгаш ирх дохуьйту). І.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.

Куьйгаш-когаш гІортийна <дуьхьал>. См. **Биъ ког гІортийна дуьхьал /вала (й, д, б)/.**

Куьйгаш-когаш дехка. Лишить кого-л. возможности свободно действовать, ставить в зависимость от определенных условий.

Советан Іедал тІедале куьйгаш-когаш дихкина латтийна Къилба-Седан Кавказера къаьмнаш.

Куьйгашна даІ даккха//Куьйгашна аххаргаш даха. Работать с полной отдачей сил.

Куьйгашна даІ даккха Іемина хьуьнаре белхало вара Амч.

Куьйгаш охьадегар дац. Ничего не случится, ничего не произойдет от того, что он сделает что-л.

Цунна жимма гІо дарх куьйгаш охьадегар дацара хьан,— бехк баькхира СаьІидбека.

//Куьйгаш тоха. См. Куьг тоха.

— ДІакхаьчча, къорІа кховдий сога, шайн зудчах куьйгаш тоьхна дац алий, дуй баа аьлла. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Сона Вассал веза, сох цо куьйгаш а тоьхна, я хІинца со йоІстаг а яц! — цкъа яхана Марьямах хьаьрчира Зазу.* Ш. Окуев. Юьхь.

Куьйгаш тІехь лело//Куьйгаш тІе /а/ йиллина /лело/. Высоко ценить, дорожить кем-л. Баловать, заискивать перед кем-л., выполнять все желания, прихоти. Ср. **Айбина лело.**

— Хьан майра-х, доккха хІума тІе ца оьцуг, хилла ваьлла молла ву. Со дІа ма-шккхи, наха куьйгаш тІехь а лелор волуш /.../ — Сона эхь хета хьо куьйгаш тІехь лелочу накъостех. М. Мусаев. Анзор.— *Ма алахьа, Асет, харцдерг. Юьрто а дуьйцуш, юькъ лерина шинара хуьлда сох, хьо соьга ягІахь аса хьо куьйгаш тІе а йиллина лелор яцахь.* І.-Хь. Хамидов. Абубешар.

Куьйгаш шегахь сацо. Не трогать кого-л.

Куьйгаш хьаладина. Усердно, старательно, энергично (делать что-л., заниматься чем-л.).

Бригадир Іумма куьйгаш хьаладина тІевирзина шен балхана.

Куьйгаш ца сацош.//Куьйгаш охьа ца доьхкуш. Усердно, старательно. *Куьйгаш охьа ца доьхкуш болх бира бераша школан бешахь.*

Куьйга эшар. Мастерство, опыт, умение что-л. делать.

Белха тIехь куьйга эшар ца хилча хала ду дечу хIуманан говзалла караерзо а, къахьега а.

Куьйге бахийта (в, д, й). 1. Урегулировать какой-л. конфликт, прекратить вражду, ссору на мирных переговорах (между представителями разных сторон). 2. Заключать с кем-л. сделку.

— *Схьавола, схьада хьайн куьг, куьйге воьду вайша.* Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Куьг куьйгах тоьхна. Ничего не делать (по работе).

Ткъа вайн шина кIанта куьг куьйгах тоьхна гIуллакх дина дац. А. Айдамиров. Ирхеш.

Куьрка дулу шайтIа. Р а з. Об очень хитром человеке.

Кх

Кхаж бала. 1. Получить право на что-л., быть обязанным по установленному порядку, обычаям и т. п. делать.— *Маьхьарий а ца хьоькхуш, кхаж таса. Кхаж совбаьлларш вайн хьаькамаш хир бу.* А. Айдамиров. Маршонан цIарах. 2. Выбрать, найти свою судьбу, участь. */Шийлачу махкахь ваха тIедоьжна сона. Ишта кхаж баьлла хилла сан/. Бакъду, дуьненчу волучу хенахь ирсе_кхаж баьллачу Мусин дахар тоделира.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Амма хуур ду-кха, ас аьллачунна хьо ир-бир аьлла дуьхьала хилахь, летта, тоьллий, эшний бен къаьстар ма дац вай. Кхаж балахьара хьан! — аьлла, шеха чуьраелира Мелимат.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Кхакха бего. Р а з г. Наказать кого-л.

— *Дитал, Петя, и эвхьазавийлар! — элира Шурас. Со а ю инженер! — Цунах шек мила ву?! — велакъежира Харламов, шен цавашар хьулда а ца гIерташ,— башха жима йол! Сан дашониг, цIахь бегор ахь сан кхакха.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Кхана кхо малх кхетар бу. Р а з г. Выражение удивления, изумления, восторга по поводу чьих-л. действий, поступков и т. п. **Ср. Кхана малх вукха агIор кхетар бу.**

— *Тахана Хьусейн балха ваьлла, кхана кхо малх кхетар бу.*

Кхана-лама. Скоро, в ближайшем будущем.

Баудди Дера бах дукха боккъал-м цо иза. Вай а дац кхана-лама колхозе язлур долуш. С. Бадуев. Большевикаллица ялта дерехьа.

Кханалера де. 1. Будущее, ближайшее будущее, то, что будет. 2. Судный день. Р е л.

— *Кханалерачу дийнахь жоп Гоцерачу Нажмуддина ша а лур ду, дала а лур ду.* Ш. Окуев. ЦIий, латтий.

Кхана Iуьйрре. Скоро, в ближайшее время.

— *Котамаша харцахьай, бакъахьай мIараш а хьоькхуш, мохо лоькхур ду кхана Iуьйрре вай делла дуьсу долу хIара пана дуьне!* Н. Музаев. Мур.— *Сох лаьцна майрра дуьйцийла ю-кх хьан. Кхана Iуьйрре колхоз керлачу председателе дIалуш гучудаьндолчу гIуллакхана ас аьшпаш буттур боцийла ца хаьа хьуна!/.../ Ткъа, марнанас ша санна хила бохуш хьийзайора. Шен йоIарий барий ткъа, несана хуъург хууш а. Кхана Iуьйрре нехан хIусаме бахча, царах хиндолчун ойла а ца йора марнанас.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Кхардам бац — хьардам бац. Выражение предостережения, предупреждения от чего-л.

Кхетамах вала (й, д, б). 1. Утрачивать способность соображать, помнить, здраво рассуждать. 2. Становиться сумасшедшим.

Кхетамах ваьллера Хьамид коьртах тIулг а кхетта.

Кхетта вала (й, д, б). Умереть неожиданно, внезапно. Хьанна хIун ду ца хууш, кхетта велира ГIайтарби.

Кхечу гон тIе даккха. Перейти к новой теме разговора.

КIезиг-мезиг вехна велахь а, Iаббас шайх шекьхилар дагадеана Ахед, хабар кхечу гон тIе даккха вуьйлира. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Кхечу дуьнена. Загробный мир (в противоположность земному миру, жизни). *Аьлта кхечу дуьнена вахана ши шо кхочу кху бIаьста.*

Кхечу дуьнена ваьлча санна. 1. Совсем по-другому чувствовать себя (обычно после перемены местонахождения)...

— *Лаа ца аьлла: сахьаьвзича, хин йисте гIуо,— цо гIайгIа дIахьо. Кхечу дуьнена ваьлча санна хета, хьуьнах кхаьчча.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамане. 2. Безгранично счастливым, глубоко удовлетворенным (быть, чувствовать).

Кхин дан а дац (!). 1. Вот и все, на этом конец; только и всего.

— *Ахьа ма-баххара, кхин дан а дац, коьчаллех дерг прорабе аьлчахьана.* 2. Больше ничего, только лишь.

Кхин дан а дац хьуна (!). Правильно! Так и надо! Выражение согласия, одобрения (иногда говорится с иронией).

— *Аса муха элира учетчике? — хаьттира Iабдул-Хьамида.— Кхин дан а дац хьуна! Нисса элира! Ловза ма бе ахь уьш! — резахилла корта лестабора Тупчас.*

Кхин дан хIума <дан>а дац. Иного выхода нет, иначе поступать нельзя, приходится примириться с чем-л.

— Кхин дан хIума дан а дац, школера берашка ца алахь. Вайн колхозан арахь бахкалучу стоьмийн кхоам бу.

Кхин дан хIума дац <доцуш>. Так хорошо, так точно, что не к чему придраться.

Кхин дан хIума доцуш дика клуб йина ламанан юьртахь.

Кхин дацахь а. 1. Не меньше чем (столько-то). 2. Хотя бы; во всяком случае.

Кхин <дика> ца хиллал. Очень хорошо, прекрасно, отлично. Употребляется для обозначения высшей степени проявления какого-л. действия, состояния.

Кхин дика ца хиллал дика ду Ребехlат а, цуьнан да Маккхал а.

Кхин дIа дан хIума дац. 1. Быть ограниченным, иметь ограниченные способности.

Кхин дIа ца ваха. Останавливаться на чем-л., ограничиваться чем-л.

Кхин корта <боцуш>. 1. О несообразительном, слабоумном человеке.

Кху масех шарахь зударшка къа хьегийти хьалха хиллачу председательша. Кхин кортош боцу уьш цига муха хIиттийнера а хаац. А. Айдамиров. Ирхеш. 2. Глупо, необдуманно и т. п.

Кхин къамел дац. Выражение категоричности какого-л. приказания, каких-л. требований, желаний и т. п.

— Кхин къамел дац оцу тIехь. Хьала-охьа вай хIара некъ тобан безар гуш ду дуьненан Iаламатана а.

Кхин тIех галдолийла яц (в, д, б). Хуже того, что есть, не может быть (о ком-л. или о чем-л.).

Кхин тIех галдолийла йоцуш, галдаьллера Халидан заочни дешар доьшуш долу гIуллакх.

Кхин хIумма а ца хилча. Самое малое, самое меньшее хотя бы.

Ва нах, и цо экхкийтинарг хIун дара: «Сарахь библиотеке», аьлла? Хьаха веза со цига ваха. Малика гар-х хир дай, кхин хIумма а ца хилча а. I. Гайсултанов. Малика.

Кхин ца хиллал. Очень хорошо, прекрасно, отлично.

Кхин шапаIат (маслаIат) дац. Нет другого способа (меры, выхода и т. п., чтобы убедить кого-л., отделываться от какого-л или чего-л. и т. п.).

Кхойкху (-чу) хеззехь <хила>. (Быть) поблизости, рядом, недалеко.

— Гена йоьдуш а ма яц со. Кхойкху хеззехь хир ю. Дийнахь кхузза йогlур ю хьо йолчу. А. Айдамиров. Ирхеш.

<**Кхоьруш**> **са дала доллуш /чохь са дац/.** Кто-л. испытывает страх, боязнь, опасается.

Хьасипат шен хазаллица, гlиллакхца, деш долчу гlуллакхца, тlера хиларца, аьхна хиларна массарна а яъал дукха а езара, делахь а, массо а цунах кхоьруш, са дала доллуш а вара. Ш. Окуев. Юьхь. *Кара кхаьчначу ахчано майраяхахь а, кхоьруш чохь са дацара.* М. Мусаев. Анзор.

Кхоьссина доьду хаьштик санна. Р а з г. Очень быстро, с большой скоростью (спешить, лететь, нестись, мчаться и т. п.).

Кхоьссина доьду хаьштик санна, сиха йоьду беречун говр, бевдда боьлхучу кlайчу гвардейцийн некъ а хадош, цlехьана айелла тlехьарчу шина кога тlе а хlоьттина, сецира. М. Мамакаев. Революцин мурд.

<**Кху**> **делан сохьта (!).** Тотчас же, сейчас же; очень быстро (делать что-л.). **Ср. (Кху) сохьта /минотехь/.**

Кху делан сохьта ахь уьш цигара дlа ца бахахь ас ирх уллуьйтур ву хьо! А. Айдамиров. Маршонан цlарах.

<**Кху**> **сохьта /минотехь/.** Очень быстро, мгновенно.

Зулай. ...Ас хьо кху сохьта вох а вийр ву, вузор а ву! I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела

Къ

Къакъаращт аьлла. Р а з г. Беспрепятственно; прямо, напролом. Выражение, сопровождающее действие или движение кого-л. или чего-л., усиливает его.

Цхьажимма а ког шершина, галваьлла къакъарашт-аьлла бухарчу дуьнена гlур вара хьо. А. Айдамиров, Еха буьйсанаш.

Къакъ-аьлла <**даа (кхалла)**>. 1. Р а з г. Сразу, залпом (есть, жить и т. п.).

Мадинас белла йоьхьан дика марш къакъ-аьлла бепигца дlабуйдира Ибрахlима. И. Эльсанов. ХIордан уллохь. *Меллаша шен стерчийн ворданахь ломан бердашца болчу готтачу новкъа схьа а оьхуш, къакъ аьлла оцу цхьана хохаца дийнна сискал дlатоьхна Къасима.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («ДоттагIий»). 2. Напролом (ворваться куда-л., упасть куда-л. и т. п.).

Къа лато. У с т. Нарушать какие-н. правила, противоречить чему-л.

Султан. Дийцал, хlета, айхьа хlунда кхайкхара. Хадижа (ойла йой). Боккъал аьлча, дийца догlуш дацара хlара хьоь. Доккха къа латадо, дайн Iадат дохадо ас. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Къамел (а) ца дойту. I. Делать что-л. удачно, успешно, мастерски.

Цунна шен болх дика хаьа. Цо цхьаьннега къамел а ца дойту. 2. О принципиальном, деловом человеке. *Салмане хIумма ала ца оьшу. Иза шен амал йолуш ву. Цо цхьаьннега шена хетачунна тIехь къамел а ца дойту.*

Къамел дацара /**дац цуьнан**/ **и-м (!).** Без всякого сомнения, безусловно. Восклицание одобрения, согласия.

— *Бакъду и! Къамел дац цуьнан! Нийса боху ахь!*

Къамкъарг лаца. Держать кого-л. в подчинении, в зависимом положении. *Адамаш ма хуьлу баш-башха. Цхьаъ хьаста, важа човхо везаш, кхоалгIаниг, къамкъарг лаьцна, буйнахь латто везаш.* А. Айдамиров. Шемалан леламаш.

Къамкъарг юкъа. Заставить молчать, не давать говорить что-л. или о чем-л. Ср. Бага юкъа.

Къаппе-къарсе (къап-къарс, къапара-къарс) <*экхийта*>. 1. Беспорядок (обычно после каких-л. драк, ссор и т. п.).

Керл-керла чуоьху, арабуьйлу нах. Бурко. Хьацар. Чан. КIур. Къап-къарс. А. Айдамиров. Жерочун дийцар. *ТIаккха оцу шина стага верзина цIена а ваьлла, юьхь тIе а, догIмашна тIе а кIормодаш а хьаькхина, чухула дIасхьа уьдуш, чIогIа маьхьарий хьоькхуш, доккха къап-къарс эккхийтина цу чохь.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Цкъа а ца велавелла стаг»). 2. О беспорядочной драке нескольких человек. Драться, биться, ссориться. /*Хьасайнан а, Махашан цIийнан наха ловзаргахь вовшех летта къап-къарсе дина селхана*/. *Царна юкъа иккхинчу ТIунтIина а хIума кхетта. Цу дийнахь сарралц зударий тийсалуш, цIийнда царна юкъакхиссалуш, къапара-къарс эккхийтина цара.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Ши зуда ялийча»).

Къаркъар еко. См. **КIар-кIар еко.**

— *Сихонца схьагулбе уьш берриге а! Амма цхьана сина хIума ца тосадолуьйтуш! Кхетий хьо?! — хаьттира Iаббаса.— ДIахаалахь, и хьайн мотт, багин къаркъар еко мегарг цахилар!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Къарула-къорза. С окраской разных цветов, разноцветный.

Къаьрзина бIаьргаш суна тIе а боьгIна, къарула-къорза лаьттира иза. С. Курумова. Дохк.

Къа ца хетарг. Выражение грубого, возмущенного обращения.

Къа ца хетарийн луур ма долда. /**Ма дала**/. Пожелание удачи.

— *«Шина сагIе хьаьдда Молнесарт хилла а, нахана гIеххьа синкъерам балар-м а, атта а лов дарий. Амма, къа ца хетарийн луур ма гIолда вайх!» — дIайолаелира йоI.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Къаьхьа де <аьлла>. Не очень-то, не особенно хороший; посредственный, не имеющий какого-л. качества в достаточной степени.

Къаьхьа де аьлла дика доьшуш вацара Замради.

Къаьхьа де дало. Поставить кого-л. в сложное, неприятное и т. п. положение.

Къаьхьа де <дан (хIотто)>. Что-л. ужасное, страшное, неприятное (сделать, натворить и т. п.). Ср. **Къемат де <хIотто>. Къаьхьа къемат де <хIотто (дан)>.**

— Дала дикка гIодина вайн-м, хIара цхьа эсала нах а нисбина... Кхечу ярташкарчу комсомолаша къаьхьа де ма хIоттийна шайн ярташкарчу кулакаш, молланаш бу бохучу нахе... С. Бадуев. Самаяьлла ячейка.— *ХIай, сийлахь, везин имам! ХIунда уллуьйту ахь со ирх? Ойла ца йо ахь оцу йоккхачу тоьпо мостагIашна динчу къаьхьачу дийнан?* Х. Ошаев. Имам Шемилна ножах йинна йоккха топ.

«ХIун дадели, хIун дин ахь тахана?» — Тахана-м къаьхьа де динчух тера ду кхуо,— элира сел веза Анзор кхин хьостийла йоцчу Кесирас, ирсе ехьа а ехьаш. М. Мусаев. Анзор.— *Лавис-м къаьхьа де хилла ма боху хьан когашна, ва Эда... Хьажийтал, хIун хилла хьан царна?* Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Къаьхьа де дац. Не очень-то, не особенно хорошо, неважно, средне. О ком-л. или о чем-л.

Къаьхьа де ду. Что-л. вон выходящее, не входящее ни в какие рамки, представления, правила и т. п.

— ХIара-м къаьхьа де ду, ло ма диллахьара,— элира Ибрахима, шен дахьийна куьйгаш а хьекхош. М. Мамакаев. Цхьана буса.

Къаьхьа къемат де <дан (хIотто)>. 1. Р а з г. Делать что-л. невероятное, значительное, нежданное.

/— Со БАМ-хь хилира дукха хан йоццуш. Къаьхьа къемат де ду цигахь кегийрхоша динарг. Лекха гIаланаш, якхий заводаш/. 2. Натворить что-л. ужасное, страшное, хлопотное, доставляющее волнение, беспокойство. *Сов дукха суна еза и жима ПетIамат, кийрара дог сан цIийза, деш къаьхьа къемат.* С. Бадуев. Дато хIайкал.— *ХIун дийр дара оха? ХIара ков-керт охкуш, цо динарг къаьхьа къемат ду.* Х. А. Берсанов. Сурок.

Къаьхьа <къемат> де ду <хуьлуш...>. 1. Р а з г. Назревают какие-л. очень сложные события; затевается сложное, удивительное дело. 2. Выражение удивления, восхищения.

Къаьхьа йиса (б, д, в) (!). Выражение возмущения, негодования.— *ЭхIей, къаьхьа йиса шу делаI, мичара нисъели шу а кхуза.* Ш. Айсханов. Мало-хало.

Къаьхьа къурд <бан>. Испытать горе, бедствие; беспокойство, душевное страдание.

Тахханалц тIом а дIабаллалц, хийламмо бо къаьхьа къурд. М. Сулаев. Воьлху

салти. *Харцоно Бакъонца даим ког туьйсу, харц тоьлча, хийламмо къаьхьа къурд бо.* Ш. Рашидов. Бакъ, харц.— *Ненан дог дохадеш, ког левзи кIанта, и ца ловш, къурд бин ас тахна.* Б. Гайтукаева. Ненан вон ма гойла.

Къаьхьа-кIарс (къурс) <дан>. См. **Къаппе-къарсе (къап-къарс, къапара-къарс) <экхкийта (хила)>.**

TIехула говраш хихкина къаьхьа къурс бинера. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза. *Хьасан, Хьуьсен, Муслиман хенара кхин цхьа ши кIант серийн кертах летий Iара денна къаьхьа-кIарс лаьттачу новкъа, кетIа хьуьйсуш.* М. Мусаев. Ленин волчу.

Къеж валлац. До старости лет.

Къелла къикъ <бохуш>! Къоьлла къикъ (мацалла цIок) бохуш. О бедном, нищем состоянии кого-л.

Исраил Къелла «къикъ» бохучу Ханпашега яха йоллу хьо? — I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.— *Дайшкахь дуьйна а къелла «къикъ» баьхначех ма ву шуьшиъ!* — *велавелира Хашм.* Н. Музаев. Мур. *TIамо чIанабаьхна, вуьшта а къелла къикъ боьллачу нохчашна хала ма дара, наьрташ санна болу, ламарой кхаба.* А. Айдамиров. Шемалан леламаш. *Бедняк, хьаха, ву тоьхча топ а ца леташ, къен стаг, вайшиъ санна, къелла кхикъ бохуш волу.* Р. Хаджиев. Октябран малхехь. *Зумсоев а вуьсур ма вац кхузахь гуттаренна а. Шен аьтту ма-баьллинехь гIала дIагIур ву. XIокхунна а ма ца оьшу хIара къелла къикъ йоьлла район.* А. Айдамиров. Ирхеш. *Тхан юьртахь боккха доьзал бара, олуш ма-хиллара, къоьлла къикъ, мацалла цIик бохуш, хала боллуш.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Беро аьлларг»).

Къематан шо дагIахьара//Ср. **Сан денда вагIахьара.** Решительно все равно, безразлично кому-л.

— *Боьрша вац хьо...*— *Къематан шо дагIахьара хьуна со къонаха хеташ!* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Къемат де <хIотто (гIатто)>. Ср. **Къаьхьа къемат де <дан (хIотто)>.**

— *Рамид Данилович! Ма сихонца валавайти ахь со хьо волчу!* — *велакъежира Харламов,*— *хIун къемат де ду, цу тIе а вайга хIинца деанарг?* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Амма буха биснарш, вовшийн батош цIийх а юьзна, хаттех буьзна вовшийн бевзар а боцуш къемата де гIаттийна леташ бохкура.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. *TIелийтира мостагIий вай ца дита даха кхин, вай ца дита маьрша Iан, хIотто махкахь шийла Iа, хIотто къиза къемат де.* С. Гацаев. Ленин.

Къен <миска> вац... Выражение возмущения, недовольства.

— *Хьо кертахь воцург къен-миска а вац! Аса-м дукха хала, лайний хьо шамшала стаг!* — *бохуш, бехкаш дохуш, шен майрачуьнга луьйш яра Байсари.*

Кхетаме эца. Понять, уяснить.

Къешаркъа ваха (й, д, б). Очень радоваться, веселиться; быть в возбужденном состоянии.

Къиган бен. Сильно засоренное, захламленное место, обычно помещение.

Выражение восходит к народной притче: ворона часто меняет свое гнездо, вместо того, чтобы его очистить.

Къиган бен бан. Сильно засорить, загрязнить место, помещение и т. д.

<Къинхетамах> чо боцуш. Безжалостный, не жалеющий никого (о жестоком, деспотичном человеке).

— Къинхетамах цхьа чо боцчу талархошна кхин ян дуьхьало яцара мискачу Кхокхин. І. Гайсултанов. Болат-гІала йожар.

Къона къанъяллалц (в, д, б). До старости лет.

— Амма къона къанъяллалц хьан бІаьра хьоьжуш, хьуна чу са а диллина, хьо кхион гІерташ леллачу суна-м жима болх бац хІара. Ш. Окуев. Юьхь. *Къона къанваллалц бер хуьлуш йоцчу зудчуьнца ваьхнера Гуда.* Хь. Магомадов. Чечанан арахь.

Къорза була <пхьид>. 1. О ком-л., кто резко выделяется среди окружающих его людей. 2. Рыжий.

Къурд ала <аьлла>. Сдаться, признать себя побежденным, отказываясь от дальнейших усилий, борьбы и т. п. (прекратить сопротивление).

Къурд ца ала гІерташ дукха дуьхьал тийсавелира Хункарпаша Билалана, амма тІаьххьара къурд ала-м дийзира.

Къурд ца бан. Совсем не пить (спиртного, хмельного и т. д.).

Къурд эр доцуш. Решительный, твердый, непоколебимый. Ср. **Къурд ала <аьлла>.**

— Хьаша-м сонта вац! — халла хезаш велавелира Дута.— Шен дала жоп доцчохь а къурд эр доцуш ву. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

КъутІа дина лачкъо. Разг. Надежно, глубоко (спрятать что-л., ото всех).

Шен кара кхаьчна ахча къутІа дина лачкъош Іедал дара Хьалиматан.

КІ

КІа диъча санна <хьийзо>. Чрезмерно беспокоить, волновать, тревожить и т. п. кого-л. в чем-л.

— ...Шен кІант марахь еана схьа а иккхина, цхьана зудчо, кІа диъча санна, хьовзийра тхо, и дІаэца, аьлла. М. Мусаев. Дуьненан ялсамане. *Шеца нах а болуш, схьаик-*

кхинчу юьртдас, ша кIа дийча санна, хьовзийна, хен саьнгара чу хIунда тесна, бохуш. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Юьртдай, совдегаррий»).

КIажбухе дала. Попадать в трудное, безвыходное положение.

КIажийн кIел. 1. В полной зависимости, беспрекословном подчинении. 2. В чьей-л. власти (быть, находиться).

Ша дуьненчохь мел яьккхина хан Денилбека даймапна дIа хьаькамашна хьалха корта телош, церан кIажийн кIел яьккхира. **Ср. Коган кIел; Куьйган кIел.**

КIажийн пха бегош. Кто-л. испытывает сильный страх.

Ткъа Шида шен хьожа ярна кхоьруш, садаIа а ца ваьхьаш, кIажин пха а бегош, маракхетта, дагахь: «Боккъалла а шайх ву, оха шиммо меллийла хиина»,— а долуш. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш (...Шо даьлча»).

КIайвала гIерта. (Пытаясь уйти от ответственности какими-л. действиями, поступками стараться представить себя, свое дело в желаемом виде (обычно в лучшем, чем есть на самом деле).

КIайн> маьлхан дуьне. См. **Маьлхан дуьне.**

Иштта цу ялтин къийдалар шена дагадеъча, ТIелибна сингаттам алсамбелира, цо меллаша ден болар дайдира, кхуо, ша воллучу охьа а хууш элира: «Дависа шу бIаьргийн! Шуна бода хилла хIоьтти-кх хIара кIайн маьлхан дуьне!» С. Бадуев. Мацалла.

КIала-кIовсарш. Предметы обихода, одежды, утварь и т. п., принадлежащие кому-л.

Хасар Хlун... Эвлахь цIе яьлла лаьтта, хIара кIалкIовсарш ловзош лела. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

КIала-цIола. Разг. Поганец.

— ДIаяла новкъара, ва кIала-цIола! Ас цхьа пхьарс а лаьцна оцу дIогарчу кхура тIе кхуссур ю хьо! Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

КIалдаш юур яц. Невозможно договориться с кем-л., сделать какое-л. дело.

Кхин вайшиннан барт ца хилахь суна-м хаац, хIун дийр ду. Хьо дукха хила таг ву хIуман тIехь. Хьоьца кIалдаш юур яц.

КIар-кIар еко. Г р у б. Заниматься пустой болтовней, пустословить.

Хьуран кIар-кIар санна каде мотт а болуш, куьг Iахар долчу нускалх лардолда вай дала! Н. Музаев. Мур.

КIарлагIа йогIа. У с т. Поставить или сооружить что-н. в знак общественного проклятия.

Кlа-маьрсан хан. Ранняя осень; время сбора урожая.

— *Кху шарахь кlа-маьрсан хенахь дlабевр бу, бохуш ма дара, ахьа а тlаьхьа?* С. Бадуев. Имам.

Кlарула-Iаьржа. Очень черный (о темном, черном цвете).

Кlарула-Iаьржа тача охьадоладелира цуьнан балдашна тlехула. Ш. Окуев. Юьхь.— *Ва зуда, оцу шурула-кlайчу демах хlара кlарула-Iаьржа бепиг дан муха хиира хьуна?* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Кlайчу демах дина Iаьржа бепиг»).

Кlацина нускал (кхин хир дац). Из посл. Не всегда бывает только удача; кончилась для кого-л. легкая жизнь.

— *И Кlацин нускал кхин хир дац кхунна.* I.-Хь. Хамидов. Абубешар.

Кlегаш тlехь санна. В крайнем волнении, неспокойно в ожидании каких-л. неприятностей.

Кlегаш тlехь санна, вулавелла Iара иза, хьацар даьллачу буйнашкахь къуьйлура цо руль. М. Бексултанов. Таксист, я чаккхе.

Кlеж туьйсу <дехар...>. О бурном развитии чего-л.

Хестор вай кlеж туьйсу дахар, дехийла адамийн ирс! Р. Ахматова. Олхазар. *Ца хьехадахь а, генарчу гражданский дахарх ойла йо массара а. И дахар, хlокху салтийн дахар бахьанехь, кlеж туьйсуш, кхехкаш ду.* И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Кlезиг сискал /худар, туьха йиъна (д)/. Разг. Недостаточно опытен, осведомлен; молод еще.

— *Ахьа дукха кlезиг сискал йиъна. Хьо дуьненчохь воцуш вара суна хlара гlуллакх девзаш.*

Кlезиг-кlезиг. Понемногу; постепенно. **Ср. Кlез-мезиг...**

Нохчийн чу кlез-мезиг урхалла хlотторца, ерриг Къилбаседа Кавказехь шен колониальни политикан керла планаш, цигарчу халкъийн долара латта дIадаккхарца, кхочушъя юьйлира. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Кlез-мезиг. До известной степени, отчасти; в небольшом количестве, дозе и т. п. Что-л. незначительное.

Хlара могIанаш лепар кlез-мезиг Н. Музаев. Вайнахах дийцар. *Кlезиг-мезиг вас шаьш вовшашна еш а ца хаалучу хьол тlе баьхнера оццул мерза хlорш цу иккхинчо.* М. Мусаев. Анзор.— *Хlорш ма башха зезагаш ду! — мехкаршна тlаьхьа куьг а тосуш, велавелира иза.— Хьан кlез-мезиг сатуьйсийла а ю дуьненан ирсе! /.../ — Хаси Тарамович, кlез-мезиг луьйш-олуш меттиг йича хlун дара техьа? — гlиллакхе хаьттира хьешо.* Н. Музаев. Мур.

КIелдIахула ахка. Осторожно выяснять, разузнавать предварительно что-л.

Кlел сиз хьакха. Подытожить, подвести итог.

Кlел ког таса. Чинить исподтишка препятствия, с умыслом делать пакости. Ср.: **Кlел ор даккха.**

— Вайша ваьшша ву кхо чохь. Хьо вон председатель ца лору хьуна ас, кlел ког туьйсуш вац хьуна со. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. Ср.: **Ког таса кlел.**

Кlел ор даккха. Готовить большую неприятность кому-л., вредить скрытым образом.

— Хlетте а, цара бохург а деш, lелагlарний, Ахьмаданий кlел ор доккхуш лела со. А. Айдамиров. Маршонан цlарах

Кlело хила//Коган кlело хила. Г р у б.— прост. Быть, находиться в полной зависимости, беспрекословном подчинении.

Цхьаннан шех догкхардошший, цуьнан коган кlело хиллий хlуманан да ца хlуттуш, дикачех тарвалий, цаьрга нисвалий гlерташ, шен садалийта кийча хир ша, бохуш, ойланаш дукха йинера кхуо лаьцна волуш а, ларамаза юкъанисвеллачу зуламечу адамийн карара ца валалуш а ша текхначу хенашкахь. М. Мусаев. Анзор.

Кlел хаа. Готовить кому-л. большую неприятность /обычно исподтишка/. Ср.: **Кlел ор даккха.**

— И къонаха хьуна кlел хуьйшуш ву. Шен балха тlехь ледарлонаш йоцуш хир вац иза. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Кlентан гола. Р а з г. Обращения к мужчинам. Употребляется, когда говорящий доволен, восхищен поступками, действиями кого-л.

Гонехь говраш хохкуш массарел а хьалха елира Бадруддин расха говр. Бадруддина тlе а веана Хьамзас элира.— Цхьа кlентан гола ю-кх хьо. Ишта хила веза кlант.

Кlентий дац вай (?!). Р а з г. Восклицание решимости, не допускающее возражений.

— Ой и бохург хlун ду? Кlентий дац вай?!

Кlожам чим бан. Уничтожить совершенно, до основания. *Полковника Пуллос кlожам чим бина йохийра Дада-Юрт.*

Кlохцалх даьлла кlохцал. Разг. Из усеченн. пословицы. Одинаковы, похожи друг на друга по своим качествам, свойствам (о ком-л.). (Обычно как отец и сын, мать и дочь).

Майма. Хьо кlохцалх даьлла кlохцал дуй-м со хууш яра-кхи. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Кlохцалш /кlегаш/ тlехь санна. В состоянии крайнего волнения, возбуждения в ожидании чего-л.

Кlошта /дуьне/ мел ю /ду/. 1. Всем, везде; открыто рассказывать о ком-л. или чем-л. 2. На всю окрестность (кричать, орать и т. п. на кого-л.).

Кlошта мел ю мохь хьоькхуш, сардамаш духкуш гlараяьлла яра Зарга.

Кlур бан. 1. Курить. 2. Ставить кого-л. в трудное, беспокойное положение: притеснять кого-л.

Асет. ...Жимма кlур бе вай кху фермин арахь. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. 3. Жестоко побить, поколотить и т. п. кого-л. 4. Умереть; исчезнуть бесследно. См.: **Кlур боцуш <ван (й, д, б)>.** Умереть, не оставив потомства; бесследно.

— «Оцу пхеа воьlан тlаьхье кхуьур ю! Iалха хьаха вовр вац, кlур боцуш!» — дог доккхадеш хьоьжура со цаьрга. А. Айдамиров. Кlант веллачу дийнахь.

Кlур боцуш цlе ца хуьлу. Посл. Не исключено, что какие-л. слухи или сплетни имеют реальный факт.

— Хаац бакъ ду дац-м, делахь суна цхьа хlума-м хаьа: кlур боцуш цlе ца хуьлу.

Л

Лаа (тара) дуй (?). Формула обращения с просьбой или требованием рассказать, по какому делу кто-л. явился, пришел, приехал и т. п.

— Де дика хуьлда шун, хlай дезира адамаш! — цкъа Мамедан, тlаккха Зармин куьг лецира Сарапа.— Шу лаа, тара дуй? Н. Музаев. Мур.

Ср. **Лаа <а> (тара) <а> ду.**

Лаг дукъа. Заставлять молчать кого-л.

Лаг дуткъа ду. У кого-л. мало сил, способностей, необходимых средств и т. п. (чтобы что-л. делать, осуществлять и т. п.). *Из народного представления о том, что у бедных, бессильных людей шеи худые.*

Лаг лаца /Iовда/. Принуждать, притеснять и т. п. кого-л. в чем-л. (взымать налоги и т. п.).

— Декхаро лаг лаьцна хиларна, дах ца деш, итт туьманах дlалур бу-кх ас иза, кlант. М. Мусаев. Дашо маха.— *Амма, вайн лаг лаца хьийзачу мостагlчунна цхьа минот а ойла ян зама ялар кхерамехь хета-кх суна.* М. Мамакаев. Революцин мурд.— *Далла бу хастам. вайшиннан лаг лаца молла-х ваций кхуlахь,— аьлла, Махьмин доттагlчо дlамелла къаьркъа.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, ширa хабарш («Кад»). *Стигланаш ахь караерзийна, Iаламан лаьцна ахь лаг...* Л. Яхьяев. Хlун лоьху ахь?

Лаг тlера пlелг ца боккхуш. Очень внимательно, пристально, бдительно.

— Цаьршинга хьожуш, лаг тlера пlелг ца боккхуш хиллахь, вайна ца моьттург дийр ду цу шимма.

Лакха кхоссавала (й, д, б). Занять высокий пост, положение в обществе (обычно за короткий срок времени).

— Наха, сольга Бусана йогlур яц, цо со лево, бохуш, иза а дуьйцу хир ду. Сох нах а буьйлу хир бу, со лакха кхоссавелла, бохуш. С. Бадуев. Бешто.

Лам-им алле. Р а з г. Очень быстро, скоро.

Лам-мим аьлла <а>... 1. Нисколько, ничуть. 2. Очень быстро, скоро.

Лам-мим аьлла, дуьхьало ца йира цо. С. Курумова. Сан гlалат. *Лам-мим алале зудчо кисанара ахча даькккхина витира Султан.*

Лам хилла хlотта. Всеми силами защищать, отстаивать кого-л. или что-л.

Лан даккха санна (хьийзо). Чрезмерно беспокоить, волновать, тревожить кого-л. в чем-л. Ср. **Кlа диъча санна (хьовзо).**

Бож-lела. ...Кхо-х веца, лан даккха санна, хьийзор. I.-Хь. Хамидов. Бож-lела. *И гlуллакх талла а, Бецlас паччахье дахьийтина кехат талла а веанчу Грозныгlаларчу инарлас, лан даккха санна хьийзош, вохо гlерташ лелаш вара гарнизонан начальник полковник Кудрявцев а, пурстоп Белый а.* Ш. Окуев. Юьхь.

Лап-аьлла <хила>. 1. Р а з г. Неожиданно, вдруг.

— Паччахьийн тlом болабаларан сахьт дац. Вайна дагахь а доццхоь лапъолий тlом эккха. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. 2. Четко, ясно, отчетливо.— *Бакъдерг лапъолий хьалха охьа а дуьллуш, нийса стаг ву иза.* М. Музаев. Сатийсаман ницкъ. 3. О чем-л. сильно блестящем, сияющем. *Лап-аьлла къегина малх бу арахь.*

Лар йохий <лела (хьийза)>. Крайне беспокойно, нервно, растерянно (вести и т. п.). Ср. **Е-а лар йохий <лела>.**

— Сел лар йохий ма хьийзахьа. Машен тойийр ю.

Лар йоцург. Бессмыслица, чепуха, абракадабра.

«Ой! Цхьа а лар йоцург ду-кх хlара. Шайтlа хьаьвзина хьан коьрте. Вайша-м ший а дуьйш ма воллу хьо. С. Курумова. Дохк.

Лар йоьхна. Кто-л. окончательно расстроился, потерял надежды на что-л. и т. п.

Мелижа лар йоьхна лелара армера кехат ца догlуш кlантера.

Лар ма гайта /ма я/ (!). Не приходи (!) Не показывайся (!) Выражение, означающее категорический запрет появляться, приходить кому-л. куда-л.

— Вайшиъ цхьаьна тхов кlел тарлур вац. Вайна сахиллачул тlаьхьа хьайн

лар ма гайталахь сан цIен тIехь,— оьгIазе аьлла чувахара Салман. I. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

ЛартIе дан (дало) (й, в, б). Возвращаться к привычному образу жизни, деятельности; возвращаться к обычному, нормальному порядку.

— Технологех кхетаран гIуллакх а лартIе догIу. Н. Музаев. Мур. *Цхьа тайна цуьнан и нана! Мел доггах хьийжира. Со лартIе яре!* Х. Эдилов. Лаура. ...— *ХIинца дерриге а шен лартIе дели.* I. Гайсултанов. Малика.— *Тхан гергарчийн лергаш — бIаьргаш лартIе дало гIертар бен кхин хIумма а деш ма бац вайн районан лоьраш!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *И лартIехь хилча-ма, Соьгара бала ца хила мегара, со валарг яI!* Эдилов. Сийлаха.

ЛартIера ваккха (й, д, б). Кого- чего-л. сбить с нормального состояния; нарушать обычный, привычный ритм жизни кого-л.

Шен куьйга лартIера ваьккхира Азамата Нурид.

ЛартIера вала (й, д, б). Приходить в состояние крайнего возбуждения, раздражения, негодования, возмущения (от чьего-л. поведения, поступка, от чьей-л. наглости и т. п.).

Цу говрашний, деманий хIун дийр ду ца хууш, Ахед, Iабдуллий вовшех дагавуьйлучу хенахь, малар коьрте даьлла а, Iаббасана оьгIазвахана а волу Iумар лартIера ваьлла, гIиллакхах, амма даггара къамел деш вара. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

ЛартIехь доцург. Что-л. неподобающее: неприличное (действие, поступок, слово и т. п.).

Дог дика а, комаьрша а волчу Маьмбас виц а лой, цкъацкъа лартIехь доццург олуш хилла. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш/«Ма хуур дара хьо хьенан ю»/.

ЛартIехь <хила>. (Быть, находиться) в привычном, нормальном состоянии (о ком-л. или чем-л.).

Тулиний, йоккхачу стаганий чIогIа лиира цу цIеххьашха гучуваьллачу гергарчу стеган тайпа-тукхам талла, амма Лидина цатам ца бан дуьхе ца гIерташ севцира. Дерриге а лартIехь долчуха хилира уьш. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Лар хир яц. Кто-л. поспешно отступит, уйдет, убежит и т. п.

Лар ца ян /ца йилла/. Не появляться, не показываться и т. п. где-л. Ср. **Ког ца баккха.**

— Ма латта!..— дийкира Анзоран аз.— ХIинца айхьа деанчуьнца кхин хьайн лар а ма я кху цIен тIе! М. Мусаев. Анзор.

Латта хьеша. Жить бесцельно, без пользы для других, не делать ничего общественно полезного. Ср. русск. **Небо коптить.**

Лахьти чу вижжалц (й, д). До самой смерти, до конца жизни.

— Кхин Iийр вац вайша, Ларка,— олуш хьала а иккхина, бурамехьа дIатасавелира Айдамар,— валолахь сиха... Хьан къина лойла со, со лахьти чу вижжалц хьо вицван велахь. I. Мамакаев. Винчу юьрта.

Лачкъаза дисина шайтIа. Разг. Груб. Выражение обращения к хитрому, ловкому и т. п. кому-л.

— Лачкъаза дисина шайтIа!.. Хьо адам делхьара, и бIаьргаш сел сийна хир бацарий хьан-м!.. М. Сулаев. Тавсолта ломара дIавоьду.

Лашк яла (в, д, б). Слишком промокнуть, замерзнуть и т. п.

Пхи зуда догIано яшийна лашка яьлла, вовшашна тIеттIа а таьIна, хебна Iара. А. Айдамиров. Ирхеш.

Лаьмнел дехьа//ворхI ломал дехьа//Идалал дехьа и дI. кх. Далеко, в других краях. (С оттенком фольклорности).

Лаьттан букъа тIехь. В мире, на земле. Из древней мифологии о сотворении мира.

— ХIумма а дац хьуна, Бусана, кху лаьттан букъа тIехь, Бешто санна, гIайгIанан хIорда юккъехь хьо йисина ца хилчахьана. С. Бадуев. Бешто.

Лаьттан буха ваха. Умереть.

Лаьттан буха вахча (й, д, б) санна. Бесследно, неожиданно исчез, пропал и т. п. как сквозь землю канул кто-л.

Лаьттан буха вахча санна тIап-аьлла, боданашкахь вайра Сираьжди.

Лаьттан буха гIойла со. Клятвенное заверение в чем-л.

— Лаьттан буха гIойла со, и бакъ дацахь! — бохуш, дуйнаш а кхуьйлуш, шениг чIагIдора Розас.

Лаьттан буха диллахь <а>. О чьей-л. большой проницательности, умении найти, искать, куда ни положи, не скрывай.

Лаьттан буха диллахь а хIуъа лачкъийна хIума дукха сиха хууш яра Белита а, Тоита а.

Лаьттан бухара ваьлча (й, д, б) санна. Неожиданно, внезапно, появляться, сваливаться, приезжать и т. п.

Лаьтта бухара ваьлча санна, цIеххьашха схьакхаьчначу Харламовс, цIархгазах ларвен спецкостюм а юхуш, Плиевга элира: — Накъост начальник! БиргIанаш, задвижкаш ас схьаеана! М. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Лаьттан бухара даккхе <а>. Хоть откуда (достать, найти и т. п.) Ср. **Стиглан ненера даккхе /а/.**

— Лаьттан бухара даккхе карадан деза бензин! Вайша сихха районе ваха везаш ву! — элира главинженеро шофере.

Лаьттан кийра <озо (верзо,— а (й, д)>. Умереть. Сан лере хезаш бу шийла кхаъ, Горький лаьтто кийра озий, бохуш. С. Бадуев. Горькийн безамна.

— Хьоьца долу доттагIалла дIа ца тосуш, оцу лаьттан кийра воьрзур ву со! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Лаьттан тIера дайа (в, й, б). 1. Жестоко расправиться с кем-л., погубить, истребить кого-л. или что-л.

1941 шо... Белорусси. Фашистийн къизалле хьаьжча советски адам лаьтта тIера дайа гIерта моьттур дара.

Лаьтта хаа. Расселиться где-л.

Шайна цIенош доьгIна керлачу лаьтта хевшинера ламанхой.

Лаьттах халла къаьста. Очень маленького роста.

Лаьттахь ву <я> стиглахь ву (й, д, б) ца хууш. Разг. Об очень сильной степени волнения, тревоги, удивления, возмущения и т. п.

Шена дас, юьхь йохуш, дов дича, лаьттахь ву я стиглахь ву ца хууш воьхна лаьттара жима кIант.

Лаьттаца дIашаръян /дIанисъян/. Полностью уничтожить; рузрушить до основания.

— Амма ас хьоьга хьалхха дIахоуьйту, нагахь суна таханчул тIаьхьа цхьанхьа хьан цIе вонна йоккхуш хазахь, ас хIара юрт лаьттаца дIашарйийриг хилар! А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Лаьтте кховдо. Погребать, хоронить.

— И, хьуна ма-хаъара, стаг лаьтте кховдо кIайдарг дIаяккха еза. Вай нохчий ду, Анзор. М. Мусаев. Анзор.

Лаьтто ма-лов. 1. Очень много (о большом количестве кого-л. или чего-л.). *Лаьтто ма лов адам хир ду 21 бIешарахь.* 2. О чем-л. колоссальном, безмерно громадном, тяжелом и т. п. *Лаьтто ма лов боккха хIорд бара хьалха гуш.*

Ср. **Лаьтто муха лов-те <аьлла>.**

Лаьтто муха лов <лов-те>. Как допустимо чье-л. существование.

Леган шад <батIо санна>. Очень громко (кричать, орать, хохотать и т. п.). *Арахь леган шад батIо санна, доьлхуш бер хезара.*

Легашка шад хIоьттина. Испытать чувство обиды, раздражения, возмущения и т. п.

— Суна-м ца оьшу хьо стаг. Хьайн Леин кора кIел гIо хьо! — Легашка шад а хIоьттина, сацаелира Забилат. С. Курумова. Дохк.

Логгера шад баста. Успокоиться, рассеяться.

Логгехь йиса. Употребляется, когда кто-л. не сумел совершить очередную кражу, воровство и т. п.

Ледара меттиг. Наиболее уязвимая сторона, какой-л. недостаток.
Вайн мостагIийн цхьа ледара меттиг ю, царна ца хаьа вай мел бертахь ду.

Лакхара стаг/тIуз/. Разг. Человек, занимающий высокое служебное или общественное положение (обычно обладающий властью, большим влиянием).
По своему содержанию выражение восходит к времени классового строя.

Лакхе (шегахь) латто. Главенствовать, верховодить.

Лакхе яккха. Занять главенствующее положение в чем-л.
Алхаз дика кIант ву. Массо хIуманан тIех лекхе яьккхина ваьлла иза.

Лекъаш дина хIоа. Разг. О самом младшем в семье.
Доьзалехь жиманиг вара иза, «лекъаш дина хIоа». И. Эльсанов. ШайтIанан ловзар.

Лелла борз. Разг. Очень опытный, бывалый, которого трудно провести, обмануть (с оттенком фольклорности).

Лен де хIотталц. 1. До самой смерти, до конца жизни.
Лен де хIотталц хьанал къахьегна вара Витарг. 2. До крайне тяжелого, невыносимого положения, состояния.

Лен де хIотто. Создать крайне тяжелые, невыносимые условия, хаос, ужас.
Американски империализмо лен де хIоттийна халкъашка.

Лер-алар доцуш. Молча, без объявления, разговоров и т. п. (делать что-л.).
Кхайкхина схьавалийра цо Мюрат. Кхин лер-алар доцуш тIекхоххавелира цунна: — Кутузов мичахь ву? I. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Лерах тоха. Передать, сообщить и т. п. кому-л. что-л.
ГIуллакх, божарийн лерах ца тухуш, шега дIадерзадаларе сатуьйсура цо. С. Курумова. Дохк.

Лерах ца хьакха. Лишать кого-л. или чего-л. всякого уважения, смысла и т. п. Приводить к потере всякого значения.
— Хаало суна, ша схьаведъчахьана гома ву соьца. Гуттар дездетта. Лерах ца хьокху со, дуьненахь воцуш санна. М. Мусаев. Дашо маха.

Лераш яйа. Уничтожить что-л. компрометирующее.
Шен растрата гучуяле бохуш, лераш яйа гIерташ вара Мохьади.

Лергана таьIна <хила>. (Быть) глуховатым, плохо слышать.
Тхан деваша Къосум лергана таьIна вара: меллаша аьлларг ца хезара цунна.

Лергана тем /там/ <хила>. Перестать волноваться, беспокоиться.
КIант цIа веана аьлча, хах-аьлла, лергана тем хилира нанна.

Лергана уллехь зурма лекха. Разг. Наушничать, сплетничать, наговаривать кому-л. о чем-л.

Лерган дуьхьиг ца охьа /ца догIа/. Упорно не слушать никого, не желать слушать никого.

— Цкъа-делахь, царна коьрте хIиттинарш, хIокху Нохчийчоьнах сийна цIе яьлчи а лерган дуьхьиг ухьур доцуш, таронаш йолуш нах бу, туркойн Iедалехьара цхьана дикане догдохуш боьлхуш. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Малхо бос беттина помидор санна цIен, горга Петька Шевчук, шена лерган дуьхьиг ца ухьучу Мартега, сержант ву-вац хьаьжна, лаьттах коr бетташ, украинцийн акцентаца лен вуьйли: — Ах ти, погани собачына...* И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Лергаш изийча <а>. Зря, бесполезно (помогать нерадивому малоспособному человеку).

Лергаш ирдан. Р а з г. Насторожиться, с напряжением слушать.

Лергаш сема латто. Быть осмотрительным, осторожным.
Вайн доза лардийраш лергаш сема латтош хила безаш бу дашманна дIа.

Лергаш таIIийна <Iан>. Кто-л. ведет себя так, как будто он ничего не слышит, как будто его ничего не касается.
Алхаз лергаш таIIийна хиъна Iара клубехь, шена цхьа а хIума бен-бешха доцуш санна.— Къен стаг даима ву цIоганехь. Хьуна иза хIинцца хиъна? Хьо цигахь вуйла а хууш, лергаш таIадай IадIе. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Берраш бохург санна, мелла а боьхна, шайн-шайна цхьацца меттигаш хоьржуш, гIаланашкий, ярташний цIерш етташ бара. Ткъа ас, лергаш таIIийна, хуьлучуьнга хьажа сацийнера.* М. Мусаев. Iалхан-Юьртара хьехархо.

Лерг диллина <ладогIа>. 1. Кто-л. очень осторожен, внимателен.
Цундела, уьш лерг диллина ладоьгIуш Iара арахьарчу мехкашца Россин тIом болабале. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. 2. Слушать очень внимательно. *Делахь, гондахьарчу нохчийн ярташкара орца ца кхочу-техьа шайна бохуш, лаьмнашкахьа лерг диллина ладегIа буьйлабелира Гикало а, цуьнан командираш а.* Ш. Окуев. ЦIий, латтий.

Лергел тIех тилийта. Не обращать внимания, никак не реагировать на то, что говорится, что сказано.
И дерриге а тидамза шен лергел тIех а тилийтина, Замятин, хьала а гIаьттина, стоьла тIе вахара. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Лергех мехий даха. Уговорами, просьбами и т. п. пытаться склонить, побудить кого-л. к чему-л.
И дагадеъча, айса сайна ечу оьгIазаллех дог дузу. Масане волура сан лергех мехий дохуш, ца лозу корта боьхкург. Хь. Яхъяев. Белита.

Лерехь зурма лекха. Болтать; вести пустые разговоры; пускаться в отвлекающие от чего-л. существенного разговоры.
— Цкъа, ахь айхьа ма элира соьга, стаг цхьана баьпгах вехаш вац аьлла. Ишколаш, Культуран цIенош, медпункташ, берийн яслеш, ательеш, некъаш, тукъанаш а, кхин а, кхин а еза бохуш, сан лерехь зурма лоьккхуш. А. Айдамиров. Ирхеш.

Ле сахьт. 1. Смерть, кончина. 2. Время перед смертью.

Лечкъардигех ловза. Заниматься пустяками.

Леш воллу (й, д, б). Р а з г. Выражение обозначает высшую степень качества кого-л.
Нуржан хазалла леш йоллу.

Либирзад /Нукурсет/ яла (д, в). Разг. Ирон. Одеваться празднично, нарядно, вызывающе.

Абубешара, салам схьа а эцна, элира:— Деллахьа, Мохьмад, стенга даха даьлла шуьшиъ, сел чIогIа либирзад даьлла и бедарш а юьйхина? И.-Хь. Хамидов. Абубешар.

Лилбизан лерг къора хуьлда. Пожелание благополучия, благодарение, что так хорошо, лучше и т. п.

— Дера, Хазаниг! — олуш, там хилла елакъежира Малика.— Лилбизан лерг къора хуьлда. Цхьана зудчунна лело алсамо ма ю вайгахь и хъекъал боху хIонс. А. Н. Музаев. Мур.

Лилула-сийна. «Очень» синий.

Дуьххьара яьлла йолу лилула-сийна буц, бIаьрса Iабош яра. М. Сулаев. Районан хирург.— *А-а, хьо ву и, МIаьчик? Марша вогIийла! Вало чу! — астагIа хиларна генна охьа а теIаш, реза ца хиларна шен бехачу мера кIелхула кетаран боьха пхьош а хьоькхуш, шен и лилула-сийна ши бIаьрг къерзош, тIекIал а бохуш, хьалха а ваьлла, чувахара къуйн кхерчан да Лакха Варандарчу Iобин АслагIин воI Темаркъа.* Ш. Окуев. Юьхь.

Литтина деши. Разг. Шутл. Выражение употребляется как высокая оценка, хар-ки кого-л.

Бож-Iела. Литтина деши хилла хилера Зулай. И.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Лов аьлла. Кого-л. охватывает волнение, тревога, страх.

Л-лов аьлла зуз деара Вассин дегIе. М. Исаева. Ирсан орам. *Лов аьлла йовха алу кхерстира сан дегIах. ДIаелира ерриге а майралла, хиира айса бинарг гIурт хилар.* И. Ахмадов. Забарийн дийцарш, шира хабарш («Охунахь»).

Логах тоххал (хьаккхал). Для кого-л. очень мало.

Мовлад доьшуш юккъе диллинчу бепигах даькккхина шена делла цастар-м дитинера цо царна. Амма иза кхуьнан цIахь уьш ялх ду... А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Хьалхарчу деа шарахь туркойн Iедало дама а, цкъацкъа дуга а лора тхуна, амма иза тхуна логах тоххал ца хуьлура.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Логгехь диса (дисина). 1. У кого что-л. осталось невысказанным, недоговоренным. 2. У кого-л. не прошло что-л. (о незаконченных действиях).

Логе шад хIоьттина. Кто-л. сильно огорчен, обижен чем-л.

— Ма хIиттаве со наха юккъехь юьхьIаьржа. Ма кхачаде сан собар! — логе шад хIоьттина хьалахьаьжира Ловда. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Лозу меттиг. 1. То, что более всего волнует, беспокоит и т. п., то, что является причиной страданий, волнений. 2. Наиболее уязвимая сторона кого-л. (Не смешивать с фразеологическим оборотом **слабое место**).

Лол бетта (тоха, таса). Делать что-л. кое-как, иногда без стараний, небрежно, ненадежно, некачественно.

— Делахь, хIинца вайшимма хIун лол тоха беза цу кердигашна? — хьаттира Приходченкос.— Вайша лол беттарх васталур волуш вац оьгIазвахана, Ката! — хаийтира Iисас. Н. Музаев. Органан тогIехь.

— Вуьшта а дера йоллу со-м цхьацца лол бетташ. И. Гайсултанов. Iаьржа портфель. *Цхьацца лол бетташ, нахера юхалург ялта доккхуш, хала Iаьнера долура и шиъ.* Ш. Окуев. Юьхь. *Вайн цIарах зихIарт цIиндайта дагахь лол бара бетташ... аьллар хилахь, маьждиге а бара безам...* М. Мусаев. Анзор.— *Хьуна хьайна а ма*

хаьа, и тайпа авари хиллачул тIаьхьа, коллектив чIагIъеш лол тохаза бер бацар... Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Лол таса.
Шаьшшиъ висинчу Хизаран, Анзоран къамел а, лол тосуш, йисте долуш дара М. Мусаев. Анзор.

Лорах ваха. Следовать за кем-л. в чем-то, беря с него пример.

Лоьман лан доккхург <ван>. Употребляется как хар-ка, оценка смелых, безрассудно отчаянных людей...
— Молодец ву-кх хьо. Дика кIант,— лоьман лан доккхург веш, хастийра Хьамзата шена Iийриг. М. Мусаев. Дашо маха.

Лур даккха. Стать посмешищем, обратить на что-л неприятное всеобщее внимание.
— Хьайн десар, со лолда хьан, ма хIоттае со юьхьIаьржа, ма даккхахьара ахьа сох цу мекарчун луур,— яла-ян хьаьвзира, ша долийнчунна дохкояьлла борз. М. Мусаев. ЦIен маьхьси.

Луур дала. Привлекать на кого-л. или что-л. плохое, недостойное, враждебное всеобщее внимание; стать посмешищем.
Мел ца езачун а луур делира Забанех оцу сарахь. С. Курумова. Сан гIалат. *Ша лелош дерг хIун ду а ца хууш стаг лела воьлча нахала волу, ца безарийн луур долу.* Ш. Окуев. *Лайн тIехь цIен зезагаш. /Жамалда/ (лергаш тIе куьйгаш дохкий). Сацийта! Кхин ма далахь и сан лере... И луур сох дер дац нехан!* М. Мусаев. Революцин новкъахь.

Луьйш-олуш. Беседуя, болтая и т. п., провести время.
Луьйш-олуш бай баьллачу берда йисте кхечира ши йол. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.— *Хаси Тарамович, кIез-мезиг луьйш-олуш меттиг йича хIун дара-техьа? — гIиллакхе хаьттира хьешо.* Н. Музаев. Мур.— *Хьо Iийча луьйш-олуш хаза буьйса йоккхур яра вайша, Iехьа?* I.-Хь. Хамидов. ДIа — коч, схьа — коч. *— Схьа чу хаа! — дехьара нел йиллира ас.— Со-м накъост воцуш сагатделла вогIура. Луьйш-олуш дIагIур ду-кх вай.* А. Айдамиров. Жерочун дийцар. *Лаха чу воьссира ши кIант цхьаьна. Луьйш-олуш вовшийн а вевзира.* I. Гайсултанов. Пионерски лагерехь.

М

Ма ала! /алах·а/! Выражение удивления, недоумения по поводу чего-л.

Ма-аьлла. Сразу, моментально.
— Шуна ма-хаъара, и шиъ вовшашца тарлуш а вац, я вай тIедехьна гIуллакх, вовшашна тIе а тийжаш, ма-аьлла кхочушдеш а вац. I. Шайхиев. Яьссин къоналла.

Ма-варра (й, д, б) <гучувала (й, д, б)>. Как следует, как есть на самом деле.
— Хьо царна ма-варра ца вевзина,— собарца жоп делира Абус.— ШолгIа делахь, со хьуна а, нахана а чухехкалуш вац. Н. Музаев. Мур. *А! Хьо ву и, Дуда? ХIинца-м ма-варра гучувелира хьо.— Ван ву! Хир а ву! Сих а лур вац! Виц а лур вац!* С. Бадуев. ПетIамат. *ТIаьххьара а ша дерриг деш ву, дерриг дика хир ду бохуш, масех шаре волу. Эххар а, ма-варра гуча а волий, балхара дIавоккху.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Ма дийцахь (дийцахьа). И так все ясно.

Ма доккха хIума ду и! Выражение удивления, изумления, восхищения.
— *ХIа-хIа, Жоьра-Бабин Жонсаркъа,— хаьттина эла Тепсаркъас, дIо вайна тIаьхьа богIу Iаьржа бода хIун бода бу-те? Ма доккха хIума ду иза!* Нохчийн халкъан фольклор. («Эла Тепсаркъий, Жоьра-Бабин Жонсаркъий»).

Ма дош дацар-кх (дацара). Будь, что было. Выражение исполнения желания, что бы ни случилось, рискнуть делать, чтоб так было.
— *ЭхIе-хIе, ма дош дацар-кх, шорта чу туьха а доьххина йоккха топ ца кхоьссича...* I. Гайсултанов. Малика. *Бож-Iела. Деллахьа ма дош дацара, хила а хилла, хьуна уьш ца елча.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Мазал <а> мерза. О чем-л. очень вкусном.
Мазал а мерза хиш чууьду лаьмнех, шекаран гIайраккех бердаш а леша. Хь. Сатуев. Тхан Шема.

Майра хила. Жениться на ком-л. У с т. завладеть кем-л.

Маккарчу сирачу кхело вина-м вац?! Кто-л. ничем не выдающийся, средних способностей; не очень умен. Выражение употребляется как вопрос «Особый что ли?»
Бож-Iела. Ой, ас и ца ала, хьо Маккарчу сирачу кхело вина-м вац? I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Маккахь-Меданахь мел дешначу къорIанор. У с т. Клятвенное заверение.
...Я цуьнан день рожденин а, я хьан мовладан а бала болуш а вац.— Вацахь, Маккахь-Меданахь мел дешначу къорIанора хьо тIаьхьа дохковер ма ву. А. Айдамиров. Ирхеш.

Ма кхиа <хьо> <яра> маьлхан дуьне даа(!). Выражение возмущения, недовольства.
— *Вай дела дала хьайн са! Яраббий цхьа дела, ма кхиа хьо яра маьлхан дуьне даа!* С. Бадуев. Зайнди.

Малха <маьлхан> кIел. В мире. Ср. **Батта кIел.**

Малх вукха агIор кхетахь (а). Никогда; ни при каких обстоятельствах! Выражение отказа, усиленного отрицания чего-л.
Малх вукха агIор кхетахь а цкъа ша аьллачунна тIера вер вацара Жоба.

Малх гIушлакхе баьлла. Б у к в. Солнце поднялось над горизонтом (время дня 10—11 часов утра).

Малхе ваккха (й, д, б). 1. Представить кого-л. в приятном свете.
— *Карцовс дийцарехь, кхузахь хилла кхиамаш берриг Евдокимов бахьанехь бу-кх,— ца вешаш муцIар чIачкъийра Лорис-Меликовс. Шен ма-хуьллу граф малхе ваккха, ткъа со IиндагIе татта гIерта.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. 2. Разоблачать, уличать кого-л. (раскрывать дела, обычно темные, неблаговидные).— *И ахча эцар боху хIума малхе даккха дезаш дара,— элира цо массарна а хозуьйтуш.— Со хIинццалц лесташ вара... Хьо, лерг лаьцна малхе а ваькххина, дIагайта эхь хетара!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Малх санна <хаза>. Сказочно красивый. (О ком-л. или о чем-л.).
— *Борз санна, майра ю хIара гIалин ГIизларха, ча санна, дера ю хIара гIалин ГIизларха, Малх санна, хаза ю хIара гIалин ГIизларха.* Нохчийн халкъан

фольклор. («Эвтархойн Ахьмадан илли»). *Малх санна хаза а йолуш, цхьа йол хилла цу гIали чохь ехаш.* Нохчийн халкъан фольклор. («Мара бойна Салман»). *Куц долу исбаьхьа йол, малх санна, шега хьоьжуш хетаелла, велакъежира Iаббас.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Малх хьаьжначу /кхеттачу/ агIор. Такой, который меняет свои убеждения, взгляды, приспосабливаясь к обстоятельствам из корыстных побуждений.

Шена хуьлчу аьттоне хьаьжна малх хьаьжначу агIор вара Хьусайн Тагиевич.

Мара ирах тоха. Зазнаться, важничать, чваниться.

Машен эцча, мара ирах тоьхна, башха нахе дIа а ца хьожура Бухари дукха кураллех вуьзна.

Марах даккха. Сделать ком-л. плохо часто за какие-л. конкретные действия, поступки, заставляя того раскаиваться в содеянном.

— Ватталхьан! — бохура барзо дагахь ша-шега.— Даламукъалахь, аса хIинца марах доккхур цхьогало сайна мацах динарг! М. Мусаев. ЦIен маьхьси.

Марах дала. Испытать чувство огорчения, раскаяния в чем-л., сожалеть о чем-л. (упрекая себя).

— Нахана хаьа и ахча хьуна мичара долу. Цкъа марах дер ду хьуна иза. А. Айдамиров. Ирхеш.— *Амма и хьекъал-хIилла марх дер ду вайна.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Маре яха /дан/. Становиться чьей-л. женой.

(Зулай:) *...Надя, цхьаболчу зударшна санна, цIера ялар а ца деш, хьуна маре дан лаьа-кх.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Маржа яI(!) <**дуьне**>. Выражение недоумения, досады, волнения и т. п.

Човка. ТIом. ТIамо латта огу. Дуьне леста. ГIайгIаной, баланой сийсадо. Дуьне, маржа дуьне яI... М. Мусаев. Теркан тулгIенаш. *Маржа яI! Тховса, хьан дагара хиъна, ЦIа верза йиш елар-кха сан!* М. Дикаев. Хьан дагара хиъна...

Мархашка вала (й, д, б) (!). Выражение негодования, возмущения. Употребляется, когда кто-л. не согласен в чем-л. или отказывается в чем-л. Ср. **Стигал нене вала; тIема вала, Сийначу мархашка вала.**

— Ахьа еана коч, нана, суна ца еза.— Ца езахь, мархашка вала. Сан дан хIума дац хьуна. Аса сайна карийнарг эцна хьуна.

Мархашка валахь <**а**> **(й, д, б).** Ср. **Стигал нене валахь** <**а**>**; Сийначу мархашка валахь** <**а**>**; Малх вукху агIор кхетахь** <**а**>**; ТIема валахь** <**а**>**; Дабаьлла иккхича** <**а**> **и дI. кх.** При любых условиях. Выражение категорического отказа (делать что-л.); усиленного отрицания чего-л. (чаще всего желания сделать что-л).

Мархаш кIел хьийза. Пребывать в мечтаниях, предаваясь бесплодным фантазиям.

Марчо дан /эца/ ваханарг <санна>. Кто-л. долго не возвращается (обычно с задания, поручения).

— Iилман тукана вахийтина хан суна дага а ца йогIу. Марчо эца ваханарг санна, ма виси иза-м цигахь.

Марша вогIалда (й, д). Приветствие входящему (обычно гостю); приглашение прийти, приехать, зайти и т. д.

— Марша вогIалда хьо, Iаббас! — вистхилира Салман, даима хIайтъаьлла, догдика, лекха, товш дуьйхина, ала хIума доцуш цIена а, безамехь а воккха стаг гIайгIанехь гаро вохийна. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *ХIа! Марша йогIалда хьо, Ахьо! — велавелира Арса Дудаевич.* Н. Музаев. Мур.— *Шу марша догIийла, хIай юьртан тхьамданаш! Шу лаа леларий, шу тара леларий?* Нохчийн халкъан фольклор. (...Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли»).— *Марша вогIалда, Шама! — куьг а лаьцна, мара кхийтира цунна Султан.* I. Дадашев. Лаьмнашка некъ.

Марша голда (!). Формула прощания при расставании с выражением надежды, уверенности встретиться в скором времени в полном благополучии. **Ср.: Марша Iойла.**

— Марша голда! — Арсига куьг кховдийра Зармас.— Диканца голда! Н. Музаев. Мур.

Марша гIолда (!). Доброе напутствие уходящему в путь, пожелания удачи в пути.

— Дала Iалашволда хьо. Хьайн аьтто баьллачхула схьанехьа волуш хила. Марша гIолда шу! I. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Маршалла — доьналла хатта. Обращаться к кому-л. при встрече со словами, выражающими дружелюбие, доброжелательство, внимание. Ср.: **Хьал-де хатта.**

— Къонахой, аш бехк ма билла,— вистхилира ИбраьхIим.— Тхаьш даккхий делахь а, хьаша генара а хиларна, хийра а хиларна, цуьнга маршалла-доьналла хаттар, тхешан декхар лерина, даьхкина тхо кху чу. I. Юсупов. Хьеший.

Марша Iойла. Всего наилучшего! Доброе пожелание уходящего или уезжающего тем (тому), кто остается. Фразеологизм употреблен и как ответ на пожелание.

— Iодика йолда шун, ва марша Iолда! — аьлла, тобанна хьалха велира, тов, и гIалгIазкхи. Нохчийн халкъан фольклор. («Таркхойн кIентан, жерочун кIентан, Жумин Акхтулин илли»).

Масал гайта. 1. Являться образцом для других. 2. Определенным образом начиная оказывать влияние на ход чего-л.

Масал эца. Делать так, как это делает другой или другие, подражать кому-л.

— Тхан балха тIехь дика болх барца шех кегийрхошна масал эца хьакъ вина къахьоьгуш ву фрезеровщик Каимов Удди. Ср. Масал дала.

Мас-малик хилла <хьовза>. Р а з г. Кто-л. ведет себя безропотно, послушно, покорно.

Мас-малик хилла хьаьвзира Мухтар: — Ма ала, Асет, ма ала. ТIаьхь-тIаьхьа, дуй хьуна, чIогIа хаало суна, хьо йоцуш мегаш вац со. I. Гайсултанов. Iаьржа

портфель. *...Мас-малик хилла хьийзачу барзе а хьоьжуш: «И хьаха ду хьуна ца хуьлу, дала лардойла, вуьшта а цатарлун хьо паччахь хиларх»,— ша-шега дагахь бохуш Iечу цхьогало элира: Маццах дахделла и цIога ма дукха дуьйцу-кх ахь.* М. Мусаев. ЦIен маьхьси. *Дага, меллаша адамийн тобанна юккъе а вахана, мас-малик хилла дIахIоьттина.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Мегара ву, дера, мегар ву»).

Массо а дожарехь легаван. Сильно разносить кого-л.

Массо <а> маьIIера. Отовсюду.
Массо а маьIIера дийла дуьйлира герзаш: гиххойн ирзешкахь болабелла тIом Лермонтовн нуьрен дешнийн могIаршкахь адамашка машаре кхойкхуш бирзира.

Массо <а> цхьаъ санна. Дружно, единодушно.
Советски халкъаш массо а цхьаъ санна, майра дуьхьалдевлира фашистийн гIерашна.

Маттана ира (шера) ву (й, б). Остроумен, язвителен.
Хьамид маттана дукха ира вара: шега хьан хIуъу аларх дашна аьлларг дIа ца дерзош кIел ца вуьсура иза.

Маттана ледара. 1. О ком-л., который не может говорить хорошо, ясно, понятно и т. п. 2. О ком-л., который крайне болтлив, невоздержанный на язык.

Матта тIехь <хила>. Постоянно, все время говорить, рассказывать и т. п. о ком-л. или о чем-л.
Тховсалерчу сарахь Мазин хIусамехь массеран а матта тIехь яра къоначу Шероповн цIе. М. Мамакаев. Революцин мурд.

Маха байча санна <хьийза>. Искать что-л. с большим вниманием, усердием, старанием.
Маха байча санна, и марс лоьхуш, урд мел ду уьдуш, цхьана сохьтехь гергга лийлира Шаба. Ш. Айсханов. Мало — хало.

Мах бала. Многим пожертвовать, поплатиться (за что-л.).

Мах бац. 1. Что-л. очень дорого стоит; что-л. бесценно.
Хьаммадан цIенош гира суна. Церан, боккъала а аьлча, мах бан а бац. Дика тоьхна куьг ду и. 2. Кто-л. очень ценен и уважаем по своим качествам, достоинствам. О высшей степени качества, таланта.
Асланбек Шерипов санна болчу халкъийн кIентийн мах бац.

Маха бац. То, что не может оставаться незамеченным.

Мах боцу. Что-л. бесценное, самое дорогое. О чем-л.
Къамелан говзалла — Мах боцу совгIат, кхиъначу къонахчун хьекъалан серло! Р. Ахматова. Лерехь.

Мах хаа. Правильно, по достоинству оценивать кого-л. или что-л.

Мах хадо. 1. По достоинству характеризовать кого-л. или что-л. 2. Правильно оценить возможности, силы, средства и т. п. кого-л., хорошо разбираться в ком-л. или чем-л.
Зармас «Маьлхан-Аьзни» лерахь а, наха шайн дагахь Селин хазаллин хадийна

мах «юкъанаккъара» аьлла бу. Н. Музаев. Мур.— *Суна хаац, малхбузехьарчу паччахьащца ахь тIом муха бо. Цундела хала ду хьан эскарийн мах хадо.* А. Айдамиров. Шемалан леламаш. *Европа яьхьий-те тхан баьрзнаш цIиндан? Шен ирсан мах хадош юй-те тхан цIийца?!* Хь. Сатуев. Эгначу бIаьхойн кхайкхам. *И хир дац болх ца беш волчун, хуур дац дикачун, вочун мах хадо. Дикане кхача ца хууш, йохор ю, йохор ю мачаш.* Ю. Яралиев. Къинхьегамах ойла. *Маржа-яI хьо! Беркат доккха, хьан мах муха хадор бу!* С. Дакаев. Ялтийн арахь.

Ма-хуьллу. Служит для усиления степени качества. Ср. **Шен ма-хуьллу.**
— *ХIара болх ма-хуьллу дика бан хьовсур ду вай.*

Мацах-мацах//Мацах цкъа. Р а з г. Когда-то, давным-давно.
Шуна дика дийцарг, диканца дукха шу дахарг, мацах-мацах эла Тепсаркъий, Жоьра-Бабин Жонсаркъий боху ши жима стаг хилла цхьана йолана тIехьийзаш. Нохчийн халкъан фольклор («Эла Тепсаркъий, Жоьра-Бабин Жонсаркъий»). *Моцах-моцах хьенеха динарг а дара ишта хIума, цхьамма бохура, минеха кхин а ирчаниг динера, кхечо бохура.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.*Мацах цкъа ворхI класс яккхар бен, кхин цул тIаьхьа дешарца шен хаарш тIедузуш башха къахьегна иза йоцийла хууш волчу цхьаммо хаьттира: «И хIун ю ахь йоьшург, иза мичара Iемина хьуна? — аьлла.— «Мамакаев Iаьрбис язйина ма ю и, цуьнан стихотворенеш-м хьанна а евза»,— элира зудчо.* I. Арсанукаев. Нохчийн поэзин механа хазна. *Мацах цкъа аьхкенан тхи тесна еанчу Iуьйренна маьхьарца кхайкхира ас кхачар суо хIусаме.* Ш. Арсанукаев. Мацах цкъа.

Маша боза. Исподтишка, с умыслом вредить; готовить большую неприятность.
— *Схьахетарехь, хьо царех цхьа лекъ карагамо маша бузуш лелачух тера хета.* Н. Музаев. Мур.

Маш-я-аллахI (!). Восклицание радости, удовлетворения.
— *Мащ-я-аллахI, хьо кхача! ОхI, маш-я-аллахI, хьо рицкъа! — куьйгаш вовшах а хьакхийна, реза хилла кхехкийначу уьстагIан жижига тIера Iа хIуьтту хедар шена тIе хилийра Ибраьхлима.*

Мʼаlарш хьекха. Прилагать все усилия, чтобы сделать, осуществить что-л., добиться чего-л., усиленно применяя свои последние способности, возможности и т. п.
— *Алапа мел ду шуна? — хаьттира Iумара.— Итт-шийтта туьма, ткъа цунах валла хала ма дай, массо ма вай шена-шена маIарш хьоькхуш,— пIелгаш буйне къевлира гIоьнчас.* И. Эльсанов. ХIорда уллохь.

МаIаш кегъян. Укротить, усмирить, заставить покориться.
— *ХIара диканца дIадерзахь дика дара вайна а, царна а, ца дерзахь вовшийн маIаш кегъян дезар ду моьтту суна.* Ш. Окуев. ЛайтIехь цIен зезагаш.

МаIаш тIера лаца. Р а з г. Начинать действовать энергично, решительно и сразу с самого главного.

МаIа ян. Р а з г. Жестоко наказать кого-л., добиваться покорности кого-л., полного подчинения кого-л.

— Ой, оцу Салманах кхоьруш бан беза вай хIара болх? — цецвелира Недар.— Хьамид-м, хьакхар хьаькхча санна ма вара вайца? — ХIара а хир ву. Шелахочо ши кIира аьлла. Керла томка тIедале малa йийр яра вай цунах-м. А. Айдамиров. Ирхеш. Ср. **Малаш кагго (кегъян).**

Малех шура йоккхур йолуш. Р а з г. О жадном, скупом человеке.

Шедид «малех шура йоккхур йолуш стаг ву» олучех вара: цкъа а цкъа дуьстиний, оьзний бек хIума ца лора цо оьшучунна я ехначунна.

Маьждиг тIе ваьлла <кхайкха>. Р а з г. Во всеуслышание, повсюду, всем говорить, рассказывать, болтать и т. п. о чем-л. (часто о вздорном, сплетнях, слухах и т. п.).

Маьлха-Аьзни. Сказочная красавица.

Ца хиира Маьлха-Аьзни карахь сацо.—...Маржа яI. І. Гайсултанов. Малика. Из языческой веры. Маьлх-Аьзни — дочь Селы — бога всех богов.

Маьлха кIел. Маьлхан дуьне. В мире. Ср. **Батта кIел, Стигал кIел.**

Ву со цунна декхарехь сайн дахарехь, леларехь, сайца волла яцарна нийса некъ ас лацарна хIоккул хазчу маьлха кIел ваьхна хиларх, вахарх мел сайн аз пархIат ловзарна... С. Гацаев. Росси.

Маьлхан <кIайн> дуьне. Окружающая нас действительность — земля, мир, вселенная.

— Кхин сона дан гIо доцуш, сох бан къинхетам боцуш, хIара мерза, маьлхан кIайн дуьне сел хала доуьйтуш ишта со хьийзо воллий-те хьо? Ш. Окуев. Юьхь. *Хьо дакъаза ма волийла, гIийла лелла, хьоме дада, Сибирь-махкахь гIоьмаш кочахь хьох дисира маьлха дуьне.* Б. Саидов. Йиша-тIемало. *Аьрзуно, хIаваэ юьйлуш, толлу шек маьлхан дуьне.* С. Дакаев. Аьрзу.

Маьлхан /хIокху/ дуьнен чохь. В мире: в жизни.

— Маьлхан дуьнен чохь ша яьккхина хан Iаламат сов кIезиг хеташ велира тхан денда, бIе шо кхаьчна воккха стаг.

Мекха баккха. Сгладить, стушевать что-л. грубо сказанное, грубо совершенное.

— ХIинца ша хьалха вайга вон дийцинчунна тIе мекха баккха гIерташ ву Шахьболат.

Мел боккху кор. Каждое движение, поступок, действие.

Ахьмадна дагахь а дацара и юьрта ваха кечлуш, цо мел боккху кор а ларбеш Сирсакбе вижаза хилар. М. Мамакаев. ЦIена дог.

Мел дерг//Дуьнен чохь /тIехь/ мел дерг. 1. Употребляется в конце перечисления для указания на то, что перечисление могло бы быть продолжено. 2. Без исключения, решительно все. Об исчерпывающей полноте, полном охвате кого-л. или чего-л. 3. Грубо обругать кого-л. Суна хIокху дуьнен тIехь мел дерг бехи Iубдос.

Мел дукха. Не больше, чем (столько-то).
Гlалахь вай мел дукха lахь а, шина сахьтехь бен lийр дац.

Мел кlелхьара <а>. Не меньше, чем, самое меньшее, хотя бы.
Хьехархо хила дагахь волчунна хаа деза мел кlелхьара и шена бераш дезаш ша хила везийла.

Мел <хlуъа> дийцича /баьхча/ а. Несмотря ни на что, вопреки всему.

Мелчу ладарха <велха (й)>. Сильно рыдать.
Амма мелчу ладарха воьлхуш лаьттинчу шега садолучу сарахь нанас кхийлинарг даг тlера дlадаьлла, кхуо и дицдина миноташ кlезиг яьккина. М. Мусаев. Анзор.

Мера кlел. 1. В непосредственной близости от кого-л.
Хlорш пхи-ялх километр дlабахча, шен рогlехь машинан хьалха воьду Лоьма, дуьхьал хьалагlертачу кхаа стагана тlе lоттавелира. Мера кlел ца вахча хуур а дацара уьш адамаш ду, хlун ю а. А. Айдамиров. Ирхеш. 2. Скоро, в ближайшее время наступит, произойдет и т. п./*Керла шо мера кlел ду, ткъа вай бина кечам бац цхьана а тайпана. Соловьев. ...Немцой ма бу мера кlел.* I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.— *Ширачу заманашкара дуьйна схьа хууш ду муьлххачу а доккхачу гlуллакхехь гlалат, галморзахалла иэккха тарлуш хилар.— долийра Харламовс.— ткъа, нефть лохуш дlахьочу разведкашкахь гlалатдалар мера кlел ду.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Мера кlел ваха. Подойти ближе, вплотную к кому-л.
Хасмохьмада хабар дуьйцуш стагана мера кlел воьдий дуьйцуш lедал дара.

Мера кlел лен. Очень тихо, невнятно (говорить, бурчать и т. п.).

Мера кlелхула. От кого-л. из вида, непосредственной близости.
И Бексолтин йоl Русланан мера кlелхула а яькккхина хьоьга яийта ницкъ кхочур бу сан. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Мера кlелхьара. С близкого расстояния (что-л. делать).
— *Сан мера кlелхьара бохург санна, дlатакхийра цо иза!* Н. Мусаев. Сатийсаман ницкъ.

Мера тlе мара гlортийна. Непосредственно вплотную (встречаться, столкнуться и т. п. с кем-л.).
Мера тlе мара гlортийна сакъийрина вогlура Тlахlир синкъерамехь жерочуьнца.

Мерах даккха (й). См. **Марах даккха.**
— *Нана, сацийтал, хала логах чоьхьа яьлла гала хьо вайшинна мерах яккха гlерташ яцахь,— шен юург а йитина, нанна дуьхьала вирзира Мlаьчиг.* Ш. Окуев. Юьхь.

Мерах даьлла. Кому-л. плохо стало (за свои действия, поступки и т. п.). *Малар муьйлуш ша талхийначу могашаллина дохковаьллера Чана, хIинца-м мерах даьллера цунна и малар.*

Мерах хьаккхал. Р а з г. Очень мало (обычно о пище).
— *Хьуна иза оцу бепигах вузур ву моьтта? Цунна иза мерах хьаккхал дац!*

Мерах хьакха (!). Выражение возражения, несогласия, отказа и т. п.
Бож-Iела. ЧIогIа дара, хьо а велла, и ахча сайна дисча. Сутарби. Мерах хьокхур ахь. I.-Хь. Хамицов. Бож-Iела.

Мерза са <дIадала>. Погибнуть.
— *ДегIаха мерза са цара хьайга ва дехахь, Ахь даккхий дIалолахь дегIара мерза са.* Нохчийн халкъан фольклор./«Теркаца охьа-хьала вехаш хиллачу Эла Мусостан, Адин Сурхон илли»/.

Мерз багийча <санна>. Р а з г. Кто-л. является, приходит и т. п. как раз в тот момент, когда очень нужен./С оттенком фольклорности/.
Вай мерз багийча санна веана схьаккхечира Шида собране.

Мерш тIе тоха. Открыто, в присутствии кого-л. или прямо обращаясь к кому-л., говорить о нем что-л., смеяться над ним и т. п.
— *Ша лелийна хьарам гIуллаккхаш хьулделла моьттуш вара хьалхалера председатель. И бакъ ца хилира, наха собранехь юьхьан мерш тIе туьйхира цунна уьш.*

Метта вало (й, д, б). 1. Выводить из обморока и т. п. 2. Заставить успокаиваться.
Иза чIогIа чуьра ваьлла хьийзаш вара, оха халла меттавалийра иза.

Меттан боьххье дан. Непроизвольно от воли говорящего, захотеть сказать, произносить что-л.

Меттан боьххьехь диса /хила/. 1. Очень хотеть спросить, сказать о чем-то важном, волнующем.
Меттан боьххьехь дисира сан цуьнга хатта, муха чекхделир-те церан дов. 2. Никак не вспомнить (о тщетном усилии вспомнить что-л. хорошо известное, знакомое, но забытое в данный момент).

Метта тIехь ду. Никак не вспоминается.

Меттах ваккха (й, д, б). 1. Нарушать чей-л. привычный образ жизни, выводить кого-л. из обычного состояния. 2. Заставлять кого-л. отступиться от чего-л.
— *Дуьлол, кIентий, Вахлид волчу гIо вай. Цхьажимма меттах ваккха вай иза.*

Меттах вала (й, д, б). 1. Нарушать привычный образ жизни, выходить из обычного состояния.

— Массо болх беш ву. Меттах ца валахь гIуллакх хир дац»,— сацам бира Байсолтас. 2. Заставить кого-л. отступиться от чего-л. *Мостагlий цу буьйсанна меттах бехира вайн эскарша.*

Меттах вер вац. У кого-л. хватит решительности, смелости и т. п., чтобы стоять на своем, не отступиться. Ср. **Ког меттах** боккхур бац.

Мостагlчунна дуьхьал кхин меттах бевр боцуш тlом бора цlенэскархоша.

Меттиг бац. 1. Нечего сказать, все хорошо. 2. Хватает, имеется в достаточном количестве.

Меттиг хила /нисъяла/. Быть, происходить, совершиться.

Дуккха а цатемаш болуш меттигаш хилла юьртахь.

Меттиг ца карош. /Кто-л./ в состоянии крайнего беспокойства, волнения, тревоги.

Шен киснара ахча дайча саца меттиг ца карош лелара Оьлбаздукъа.

Мизар беача санна. Р а з г. В исступлении, бесмысленно (бегать, метаться и т. п.). О крайнем возбуждении.

Мизар беача санна, вала-вола меттиг яйна хьийзара, собар кхачийна Хьамзат.

Мизар /мизан/ терза дан. Р а з г. Ироническ. Совершенно точно, ровно столько, сколько надо (взвесить, давать, продать и т. п.). Часто о весьма незначительном, ничтожном количестве, доле и т. д.

Бож-Iела. Ма чIогIа мизан терза дин ахь цунах, валахьа доттий. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Мийраш хьекха. 1. Буксовать.

Гуьйренан ткъевнаша гуттар а латта мустдина, текхаш, шершаш, цхьанхьа берд некъа тIе текхначохь, дикка мийраш хьекхна, ший а сема лаьттах кхетта, закъ-аьлла сецира машен. А. Айдамиров. Ирхеш. 2. Заниматься чем-н. усердно, не прерываясь, но бесполезно.

Мила Iовдал хета (!). Не обманешь, не проведешь, не так глуп, как думаешь. Выражение отказа, несогласия что-л. делать.

Милла а галволу. Формула извинения, оправдания кого-л. за какую-либо ошибку и т. п.

Мил-милла а. Не всякий, не любой.

— Хьаьнга-хьаьнга а... мил-мила а хиларе воьрзуш ца хуьлу конторан начальник? Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Мимпес яла. Разг. Получать свободу действий: начинать действовать в полной мере, в полную силу своих способностей.

— *Хlара башха бакъахьа дерзадоллу, со то а луш, уьстагlашна мимпес а йолуш!* М. Мусаев. Цlен маьхьси.

Мимша дан. Разг. Добиваться покорности, полного подчинения.

Завжан. Цуьнан кхимар меттах ца хьойту молха карийна суна. Ша ма-дарра мимша дина ас цунах. Х. Ошаев. Ахьмархьажа.

Мина йилла <**буха**>. Исподтишка устраивать кому-л. большую неприятность. Ср. **Дlовш таса.**

/**Минга дала.** Загореть желанием что-л делать, сказать, совершить и т. п.

//**Минга дер ду.** О том, что обязательно следует делать, сказать, совершить и т. п., иначе нельзя.

Бож-Iела. И ца аьлча, минга дер дара суна. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

//**Минга долу.** Кто-л. иначе не может (делать что-л., сказать что-л. и т. д.).

Минот ялале. Очень скоро, быстро, за очень короткое время.

Минот ялале дlакхечира со а, Сулейман а гlала.

Мисархойн таlзар. Уст. Беда, бедствие.

Мискъалан зарратал. Нисколько, ничуть, ни на самую малость.

Со хьох, Жаьмби, мискъалан зарратал ца кхоьру. Ср.: **Цхьа грамм /а/.**— *И гlуллакх мискъалан зарратал сов я оьшуш хилахь, йоьlан хазаллин мах цхьа балл лахбо Зармас.* Н. Музаев. Мур.— *Гlиллакхаш, тlекареш хазий, мерзий адамаш хиллера нохчий. Хlара бархl-исс шо ас кхузахь доккхуш, хабарехь а, кхечу тlехь а мискъалан зарратал сан дагна вас еш хlума ца даьлла. Боху Ольга Алексеевнас.* М. Мусаев. Iалхан-Юьртара хьехархо.

Мичара вели (й, д, б) хьо/.../? Каким образом очутился здесь? Восклицание при неожиданной встрече.

Мичара вели (й, д, б) ца хууш. Внезапно, неожиданно (когда нет никаких признаков, указывающих на возможность появления, совершения чего-л.)

Мичара ели а ца хууш мархашкара, лаккхара, цхьа йоккха аьрзу еана. Нохчийн халкъан фольклор./«Муьлха хилла йоккха?»/

Мичхьа <**а**> **гайта** <**а**>. Положительный по своим качествам, вполне удовлетворительный, такой, какой следует. О ком-л. или о чем-л.

Цунна мичхьа а гайта хелхар хаьа. Тевбин костюм хаза, мичхьа а гайта мегар йолуш ю.

Могуш-пагlат <**хатта**>. См. **Хьал-де** <**хатта**>.

Гlиллакхе могуш-пагlат а хаьттина, ша деана гlуллакх хьахийна ваьлча, кхин хьем боцуш дlавахара и хаза кечвелла а, кхетаме а волу жимаха. Н. Музаев. Мур.

Могlаршка /могlаре/ хlотта. Становиться действующим.

Можа бlагор <бан>. Кто-л. испытывает головокружение.

Бекистан карара гам буьйжира, «харт» иккхира цуьнан некхехь, дог тохалуш. Можа бlагор беъна, юьйжира Бекисат. Х.-А. Берсанов. Буобер.

Моза тlе ца хоуьйтуш. Разг. Внимательно, бережно (ухаживать за кем-л., беречь кого-л. и т. п.).

Моз дац. 1. Нелегко, трудно. 2. Мало приятного, радостного.

Моз доккху моза бац. Разг. От кого-л. нет никакого толка, никакой пользы, никакого проку и т. п.

— Цхьа а болх-некъ боцуш лела Хlарон. Муьлххачу балха тlехь пайденна вац. Доцца аьлча, моз доккху моза бац.

Моз ца даа <а>. О сильном желании, потребности кого-л. сделать что-л. назло другому, сказать, говорить кому-л. неприятное.

Моз ца даа а нехан эладитанаш лехьор долуш стаг вара Мирзакхай.

Моллех /делах/ шайтlа санна. Кто-л. испытывает сильный страх перед кем-л., боится.

И гlовгlа хеззашехь дlаедира хьакха, **(авт.)** *моллех шайтlанал а сиха. Коьллаша къарш-къирш дар бен лар йоцуш!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Моллин кхэл. Разг. Несправедливое решение какого-л. дела, случая и т. п.

Молха декъа латто. Быть в боевой готовности.

Мотт арабаькккхина. Поспешно, очень быстро (бегать, убегать и т. п.) в хлопотах делать что-л. Вероятно, возникло в результате наблюдения за животными, которые при длительном беге высовывают язык.

Iела мотт арабаькккхина ведде-ведде ву массанхьа.

Мотт багахь кхаба. Не говорить ничего лишнего, молчать, когда нужно.

Товсолта. Вайл тlех цхьана дегlана ца хаьа. Осма. Цlахь? Бексолта. Цхьана а сина... Осма. Дика ду. Мотт багахь кхаба беза. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Мотт бан /тоха, бахьа, бахийта/. Донести на кого-л.

Нохчий ца безаш а, хьагI чIогIа йолуш а волчу Геннадис шена уллохь долчу зудаберашкахула мотт бан тарлора Василисин дега а, нене а. Ш. Окуев. Юьхь. *Оцу шерашкахь дукха хала дацара стаг бехке ван. Нагахь жимма а бахьана*

делахь, цхьаммо къайлах мотт бичхьана, лоций дIавуьгура. А. Айдамиров. Ирхеш.— *Дера ца хаьа суна-м, йол. ЧIогIа оьгIазвахана-кх хьуна хьан да. Цхьаммо мотт бина, хьо дукха хан йоцуш сарахь свеклаш йолчохь оцу вайн агрономаца лаьтташ яра аьлла,— Аьлбикина тIеяхара Буша.* І. Ахмадов. Тешнабехк.

Мотт бастийта. У с т. Побуждать, заставить кого-л. разговориться.

Ганс. Хорма-м хIилланна хийца а тарлора. И шиъ вайна дуьхьал лаьттачу дивизера велахь, царшиммо мотт баьстича, вай ян кечъечу атакина доккха гIо хир дара. І.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.

Мотт бетта. Делать доносы на кого-л.

Пурстоьпаца къамел хиллачул тIаьхьа дикка хийцавелла Бекмарза. Иза цкъа юьхьанца нахаца хераваьлла. ТIаккха царна мотт бетта волавелла, ша иза тоьхчи, юьртда вахийтаре сатуьйсуш. І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. /«Хуург дIадуьйцу»/. *ГIарин кIанта Хьусайна даима мотт бетта.*

Мотт бехка. Молчать, не говорить лишнего; быть осторожным в высказываниях.

Витарга цхьаьннега а хIумма дуьйцур дац. Цунна хаьа шен мотт бехка.

Мотт ира. Находчив в речи, остроумен.

Султан. Делахь, Заза, ГIапурин, хьеран тIулгаш санна, коьрта чохь тIамарш елахь, хьан мотт-ам бу, цхьогалниг санна, ира. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Мотт каро. Добиваться, достигать полного взаимопонимания.

— Вайна вовшашца бийца мотт карийча бакъахьа хета суна-м,— элира шен заме председателo. Чов яйян хьекъале мотт карабо, ший агIо яхийта бертахь! І. Шайхиев. Стогаллин бIаьвнаш.

Мотт керча. У кого-л. хватает решимости, наглости и т. п. сказать, спросить, донести, докладывать и т. п.

Совдат. Умалт, айхьа динчу гIуллакхал тIаьхьа, соьга хьайн хилар доьхуш, хьан мотт муха керча со хууш яц. І. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

Мотт кхаба. Молчать, не говорить лишнего, быть осторожным в высказываниях. Ср. **Мотт бехка.**

— ХIинцалца схьа-м, дуй хьуна, мотт кхаба хууш схьавеана хьо. Цундела хьоьх болу тешам а чIагIбелла сан. І. Гайсултанов. Іаьржа портфель.— *Маржа йол! ДоьгIна-кха хьуна мотт кхабар, йиш лакхар АллахIа дихкина ду...* Р. Ахматова. Йиш лоькху поп.— *Ца дийцича машине даха дог дац!* Н. Музаев. Мур.— *Шайна мотт ахь тоьхна хеташ бу уьш,— охьа а таьIна, дуьйцура Лечас.* М. Мусаев. Анзор. *ТIевеанчо хоьттург нахана къоланаш а деш, мотт а тухуш волу цхьа сийдоцу стаг, Межед хилла.* І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш./«Толкха шиъ вовшахкхетча»/.

Мотт тIеда бу. О болтливом человеке. Ср. **Мотт шера бу.**

Мотт хаьа. Кто-л. находчив в речи, остроумен.
Нахана юкъахь гlаравааьллера Къаим мотт хаьа бохуш.

Мотт хьакха /**хьекха**/. Угодничать, унижаться, пресмыкаться перед кем-л.
Бехк бац инарлас Сегlирайн дола дича а. Цо санна, эпсаршна мотт хьекхахьара, милла хир вара цуьнан декъехь.

Мотт ца карча. У кого-л. не хватает решимости, смелости и т. п. сказать, спросить, доказывать, донести и т. п.
Цунна дуьхьал ала хlума ца карош, мотт ца керчаш бlарзвелла лаьттара Шемал.

Мотт шарбелла. О болтливом человеке. **Мотт шегахь кхаба.** См. **Мотт кхаба.**
— Стаг, ахь ишта бахахь а, шен мотт шегахь кхаба хаар хьекъале-м ду,— аьлла марнанас юха а. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. /«Гомаша араяькхича, хlун дара техьа?»/

Мотт-эладита <**лело**>//...>!! **Мотт лело.** Заниматься доносами на кого-л.
— Мади, и хьайн зуда сацаехьа, вайн юккъерчу нахана гlараяьлла иза, мотт-эладита леладо, бохуш,— аьлла лулахочуьнга щи зуда йолчу Сайдуллас. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш /«Вон зуда»/.

Мотт lовша. 1. Замолчать, прекратить говорить что-л. на полуслове. 2. Воздержаться от высказывания. О молчании человека в различных ситуациях, где от него можно было ожидать выражения своего мнения, определенной точки зрения.

Мох баьллачу агlор//Малх хьаьжна — хьаьжначу агlор. Такой, который меняет свои убеждения, взгляды, применяясь к обстоятельствам из корыстных побуждений.
Хьусайн цхьаьнне а хlуманна тlехь тешаме воцуш, мох баьллачу агlор стаг вара.

Мохе цlога тоха. Р а з г. Неодобр. Беспринципно меняя свои убеждения, приноравливаться, подлаживаться к кому-л., чему-л.

Мох санна. Стремительный, быстрый в движении, беге, полете, течении. О ком-л. или чем-л.
Цхьаъ хlинца а къона ву, дахарехь, куьйгаллин балхахь а зеделларг доцуш. Шолгlачун амал аьрхо ю. Кхоалгlаниг, суна хетарехь, аьлларг аьлла а, дийцинарг дийцина а доцуш, мох санна, пана стаг ву. А. Айдамиров. Ирхеш. *Кхарех бlаьрг кхетта Папаш, мох санна, схьалаллавелира.* I. Гайсултанов. Малика. *Борза бlаьрг — мох санна, и хехкало, тlемалойн дегнаш а гlиттош.* Ш. Арсанукаев. Тимур.

Мохо ваьхьча (й, д, б) санна <**ванн (й, д, б)**>//**Тlепаза ван (й, д, б)//Лар йоцуш ван (й, д, б).** Кто-л. или что-л. молниеносно исчез.

Мохо лоькхуш <**яьсса**>. О пустом доме (обычно заброшенном), в котором никто не проживает.

Ахта. Да хьакхийца воллийла сан, цу тIехула вайнехан дехьа бийла дезахь,— и ялсаманан чоьнаш мохо лоькхуш-м лаьттар яцахь! Х. Ошаев, Ахьмархьаьжа.

— Котамаша харцахьай, бакъахьай, мIараш а хьоькхуш, махо лоькхур ду кхана Iуьйрре вай делла дуьсу долу хIара пана дуьне! Н. Музаев. Мур.

Мох хьоькхучу агIор. Такой, который может менять свои убеждения, взгляды, применяясь к обстоятельствам.

Мохь-орца ала. Обратить общее внимание на грозящую опасность, стремясь предупредить ее.

Мостагlий богlуш мохь-орца ала аравелира Таймасха.

Мукъаме ерзо (й, д). Писать музыку на стихи, на слова песни и т. п.

Муха эр ду <хьуна...> аьлчахьа. Употребляется для уточнения сказанного.

Ас муха эр ду хьуна аьлчахь, ас дуьйцург цхьана хIуманна тIе дало гIерташ лела со.

Мух-мухха <а>. 1. Каждый, всякий, первый попавший (о ком-л. или о чем-л.). 2. Ничего особенного собой не представляющий, заурядный, не имеющий ярко выраженных свойств, особенностей, не способный на активные, самостоятельные действия. 3. Нечто среднее, посредственное, невыразительное.

Мух-мухха стаг ца вуьгу тешаме гIуллакхе.— Мух-мухха а стаг вац иза. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Мухха делахь <а>. 1. Все-таки.

Цунах ийзалора. Мухха делахь, иза боксер вара. 2. Хоть как-то. *Сан мухха делахь а дола дора цо.*

Муххале а. Употребляется для того, чтобы подчеркнуть что-л. очень важное: тем более.

Болх бан заводехь хала ду, керлачунна муххале а.

Мухха <хIуъу> мах белла. Ни считаясь ни с какими усилиями, затратами, любыми средствами, способами.

МуцIар (бат) сетто. 1. Разг. Относиться с презрением, пренебрежением, высокомерием и т. п. к кому-л. или к чему-л. (обычно демонстративно).

— Ахьа суна муцIар сетто ца оьшу. Хьо паччахь мекх хадийнарг вац... И хьайн куралла хьайгахь йита. 2. С пренебрежением отказываться в чем-л. (Демонстративно).

Аса шега туьма кховдийча, ца ешаш муцIар саттийна яьлла дIаяхара Роза.

Муьлха кор хьалха баккха ца хууш. Кто-л. не знает как себя вести (часто от высокомерия).

Муьлххачу агlор даьккхича а//Мича агlор даьккхича а. В любом случае, при любом допущении и т. п.

Мlара богlа //Гlетакх дан. Расчетливо, разумно расходовать, оберегать, сохранять. Часто употребляется по отношению к жадным, скупым людям.

Хlинца-м шен метта буьйгlира ша мlара аьлла, дагна токхо хилла, сецира Муса-Хьажи. 1. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Мlараш юккъехь. В чьей-л. зависимости, во власти.

Мlараш юкъа лаца. Завладеть кем-л. или чем-л., подчинить кого-л. к своей власти.

Умалт. ...Ткъа Совдат апаре хи санна, маша бобзна сайн мlараш юкъа лаца еза. I.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

Н

Набаран (набарх) суй банза. Совсем не засыпать, даже на самое короткое время.

— Ураман некъ а битий, чехкка хlокху сан кlажига хьажахьа. Хlара кхозлагlа буьйса ю аса набарх суй банза. Лозуш сатухийла яйна. Х.-А. Берсанов. Болатчу динан бере. *Кхин набаран суй ас ца беш, ялх дей-буьйсий дlаделира.* I. Ахмадов, Забаре дийцарш, шира хабарш («Къонаха хила гlортар»).

Набаран тар (таса). О неглубоком сне...

Юха а набар тар тесначу Банона коган тата ца хозуьйтуш, шайн тоьпаш, кетарш схьа а эцна, меллаша аравелира Кулдевич. С. Бадуев. Цlеран арц. *Набаран тар тесна, гlан-набаршца дехкий ловзош гlаддахана дара и циций.* С. Курумова. Ца йинчу ненан хlусамехь. *Нel дlа а йиллина, шаьш охьадиссош дуй а ца хаьара Шахьболатана: набаран тар теснера.* Я. Хасбулатов. Цlеран некъаш... *Ойланаша гlелвина, набаран тар тесна хьо коридора чохь евллачу гlовгlанаша дог lаьвдина самавоккху.* И. Эльсанов. Москвехь сахьийза хьан.

Набарах вала (й, д, б). Выйти из состояния застоя, подавленности; оживиться.

Назнай (нанай) вала (й, д, б), незнай вала. Испытывать большое наслаждение, удовлетворение и т. п. (обычно после улучшения обстановки, условий).

Назнай ваьлла вехаш вара Хьомсуркъа, оьшуш хlумма а доцуш. Назнай или Незнай — имя известного в прошлом барановеда, замлевладельца, который имел несметное богатство.

Налха хьакха. Лестью, хитростью и т. п. добиваться расположения, доверия со стороны кого-л.

— Ойн, ткъа стенах гlоьртина ду, тlаккха гlуллакх? Хьо санна волчу стаге-м

Наха бохург. 1. Общественное мнение. 2. Предмет чьих-л. насмешек, язвительной критики.

Наха дийриг дан. Разг. Действовать согласно господствующим традициям, мнениям и т. п.

Ша ваха дезаш велахь наха дийриг дан деза дахаран новкъахь.

Нахала ваккха (й, д, б)//Наха тIе ваккха (й, д, б)//Наха тIе <а> малха тIе <а> ваккха (й, д, б). 1. Разглагольствовать, донести до кого-л.

— Сона шу нах ду моьттура. ХIинца со а нахала ваккха дохку! Н. Музаев. Мур. 2. Разоблачать кого-л. (о темных делах, махинациях или лицах, причастных к ним), подвергая резкой публичной критике, обличению. 3. Помочь кому-л. добиваться хорошего положения в жизни, в обществе. *Данга. (Чухьодий тIара а тухуш). Йоллу хир яра хьо нахала ваккха.*

Нахала вала (й, д, б)//Нахала <а> малхала <а> вала (й, д, б). См. **Нахала ваккха (й, д, б).** Стать всеобщим посмешищем; стать предметом всеобщего внимания, презрения.

Ша лелош дерг хIун ду а ца хууш стаг лела ваьлча нахала волу, цабезарийн луург долу. Г. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.— *Амма йоккхачу къайлехь диса дезаш ду шуна хIара. Цо иштта аларх, хиндерг хаац. Нахала даьлла дисахь эхь ду вайна.* А. Айдамиров. Ирхеш.— *Тхойша эвхьаза валахь, ший а нахала волу. <...> — Балхара бевлча кхин дан хIума доцуш, цу балхе марз а белла, нахала а, малхала а бевлла лела уьш.* Ш. Окуев. Юьхь.

Нахана гергахь. В общественном мнении, по мнению большинства, многих. *Нахана гергахь вай лелориг нийса хир дац. Нахе ладогIа деза.*

Нахана гуча вала (й, д, б). 1. Являться где-л., приходить куда-л. 2. Показываться, становиться видимым. 3. Занять свое место в жизни, в обществе.

— ХIинца хьайн хенахь нахана гуча вала везаш хан ю хьан я дикачу, я вочу агIор.

Нахана юкъахь <лела>. Разг. [Жить] в обществе.— *Бехк ма биллалахь суна, йоI, нахана юкъахь лела ца Iемина стаг массанхьа а билгал хуьлу.* Ш. Окуев. Юьхь.

Нахана юккъехь дош лелаш. Кто-л. авторитетен; пользуется влиянием, признанием.

Бусанин да Хизара, наха къонаха ву а олуш, нахана юккъехь дош а лелаш, къаьсттина чIогIа уьйр совдегаршца а йолуш, шен а дика таро а йолуш, къена стаг вара, ханна 60 шо хир долуш. С. Бадуев. Бешто.

Нахана юккъехь лела.

Сан дош дохо йиш яц! Сан наха юккъехь лела деза. Сан нахе сайна тIе пIелгаш хьежадайта йиш яц! С. Бадуев. Бешто.

Наха санна <ваха (й, д, б)> <хила...>. Жить или действовать так, как это соответствует общепринятым нормам, традициям, взглядам и т. п.

Бекисат. Цул а нах санна, ваха гIорта! С. Бадуев. Большевикаллица ялта дерехьа.— *Сука а лаьа нах санна хила!* Н. Музаев. Мур. *Наха санна, томка кхиор ду шаьш боху.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Нахах тесна <вита (й, д, б)>. (Оставить) кого-л. или что-л. без внимания.

Осма вайн задани, и нийса ца тоьхнехь а, ас кхана дIалур ю. Со наха тесна вуьтур вац. ПIераскан дийнахь хьехам бийр бу-кх вай маьждигехь. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Нахах воха /вала/ (й, д, б). Быть отвергнутым, посторонним и т. п., лишиться всяких связей с людьми.

Нахах тера лела. Действовать, поступать и т. п. как все, как многие (по господствующим традициям).

ГIиллакхехь, оьздангаллехь, собар хиларца нахах тера хила веза, нахах къаста ца гIерташ.

Наха хIума ца лучу <ваккха (й, д, б)>. Сильно оскорбить, унизить, опозорить кого-л. публично; подвергнуть резкой публичной критике, обличению.

Къола дина стаг наха хIума ца лучу воккху.

Наха ца дийриг дан. Разг. 1. Действовать наперекор господствующим традициям, мнениям и т. п. 2. Делать что-л. лучше, больше других и т. п.

Наха ца дийриг дан Iемина вара аьрха хиларца гIараваьлла волу ГIеламби.

Нахаца лела. Прост. Кто-л. ведет развратную, распутную, блудливую жизнь (обычно о женщинах).

Нах бовза. Хорошо разбираться в ком-л.

Нахе айбийта. Заслужить авторитет, хорошее мнение, популярность.

Нахе нисдала. Кто-л. или что-л. соответствует общественным нормам, установлениям, интересам и т. п.

Дагах дог тоьхна, хенах ха тоьхна, тIехь, чохь а, когахь, коьртахь а нахах нисдала гIерташ хилла цхьа мар, зудий, бага са а кхаьчча дехаш. М. Мусаев. МаргIале хатта.

Нахехь туьха дукха диъна <...>. Разг. Очень опытный, бывалый человек, которого трудно обмануть, провести.

Авалу. Бож-Iела санна, синкъераман гIуллакх дика девзаш вацахь а, тхешан

цIахь сискалал, нахехь туьха дукха диъна стаг ву со а. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Некъан накъост. Спутник, спутница.

Некъан хьовзам. Задержка в движении, каком-л. процессе, в ходе развитии и т. д. *ХIара (Дика — авт.), наггахь устазан цIе а йоккхуш, зикар а бохуш, вогIура, шен дагахь, устазан, шайхан Шедидан гIуллакхана ша араваьлла хилча, шена цхьа некъан хьовзам хир бац а, хила ца богIу а моьттуш.* С. Бадуев. Пхи туьма.

Некъаш дIасабекъабала. Прекращается связь, общение между кем-л. из-за несходства взглядов, интересов, образа жизни и т. п.

Некъаш хедо. Намеренно мешать, препятствовать кому-л. (обычно в достижении какой-л. цели). Пример см. **Некъ хадо.//Некъ бехка.//Некъ бицбайта и дI. кх.**

Некъ баккха. Добиваться положения, успеха в жизни, на каком-л. поприще. *— Хьан сий ду. Хьуна а, хиъна хьайна некъ баккха. Ахь Россехь дешна* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Некъ бан. Двигаться, перемещаться (действие совершается в одном направлении).

Вайн оьзда безам бу гIо деш ирсе некъ бан, гIо деш хIонс дебаян вайн мехкан хьолан. Н. Музаев. «Грознех илли». *Некъ бо цо, дIавоьду, кIад ца луш вайн мехкан хъолан* Н. Музаев. «Грознех илли». *Некъ бо цо, дIавоьду, кIад ца луш цкъа а.* С. Дакаев. Кхаьчначух ца Iебаш.

Некъ баста. Предоставлять полную свободу, доступ.

ХIаваъ ду эшарца декош, зезаг ду дуткъа гIад дегош. Кхечи схьа исбаьхьа бIаьсте, зIаьнаро некъ хишна баьсти. Хь. Саракаев. ХьалагIовтта.

Некъ бехка. 1. Намеренно мешать, препятствовать кому-л.

— ...Вайн бертаза цига боьлхучарна хIун де вай? — Кху юьрта богIу некъ бехка-кх! А. Айдамиров. Маршонан цIарах. 2. Делать недоступным что-л., закрывать доступ куда-л.

Некъ бита. Предоставить кому-л. возможность продвинуться в чем-л., продвигаться, развернуться и т. п.

Зама, ма сихло, сан зама, цхьажимма некъ бита суна. Со дахарх Iаьбна вац хьуна, сан дисна дезарш ду хьуна... М. Мамакаев. Зама.

Некъ бухъхьа /юххьара/ бала. Прерваться в ходе, течение; не осуществиться в результате помех.

— Анзор, хьо ма... некъ бухъхьа-м ца бели шун? — нуьцкъаш хаьттира Хизара эххар а... М. Мусаев. Анзор. Ср.: **Некъан хьовзам.**

Некъ гайта. Дать возможность увидеть кого-л., что-л., убедить в чем-л., научить чему-л. обратить чье-л. внимание на что-л.

Нохчийн йоI кхиаран доккхачу доьналлин некъ гойту Ахматова Раисас. Я. Хасбулатов. Нохчийн бIе мукъам (иллеш, эшарш).

Некъ дика хуьлда (!). 1. Пусть уходит, убирается.

КIант дIавоьдуш ву? Шен некъ дика хуьлда цуьнан. 2. Доброе пожелание уходящему, уезжающему, собирающемуся идти, ехать и т. п.— *ГIо хьайна, некъ дика хуьлда! ЦIа марша вогIийла! — кIанте а хьажна, шен тишачу кортален тIемаш бIаьргех хьаькхира Маржана.* Ш. Окуев. Юьхь.— *Некъ дика хуьлда! — цунна тIаьхьа бистхилира белхалойх цхьаберш.* Н. Музаев. Мур.

Некъ дIакъовла. Делать недоступным что-л., закрывать доступ к чему-л. Ср.: **Некъ бехка.**

Йохкарна тIехь са яккха Iеминчарна некъ дIакъовла безаш болу-м дукха хан яра. Цуьнан каш тIе гергарнаш кIезиг богIу. Ша дуьненахь волуш бихкира цо царна шена тIе богIу некъ. I. Ахмадов. Тешнабехк.

Некъ лаца. 1. Принять одно решение, выбор пути, решения и т. п. 2. Преграждать кому-л. дорогу. От обычаев чеченцев во время свадебного шествия преграждать дорогу невесте.

— Нагахь цхьа делан кхиэл а хилла, и вон дуьнене даIахь, вайнаха хIун некъ лаца там хета шуна? Н. Музаев. «Сатийсаман ницкъ».

Некъ маьрша бу(!)/ Боьдуш некъ бу <хьуна>(!). Разг. Иди, куда угодно; убирайся вон. Ср. русск. **Скатертью дорога.**

Некъ нисбала. Везти. Об удаче в каких-л. делах.

ХIинцца Салмана деллачулла доьазза ахча доккхуш, тахана некъ нисбелла Анзор гуттар качвелла, мадвелла техкара машинахь. М. Мусаев. Анзор.

Некъ хадо. 1. Опережать кого-л. в чем-л., захватывать, перехватывать то, на что рассчитывал другой. 2. Намеренно мешать, препятствовать кому-л. в чем-л.

И долийна пайден гIулликх некъ хадо оьшуш дац. Ца къарлург дIаIерта, мох-дарц ца лоруш. Некъ хадо хIиттийна гечош а доруш. С. Дакаев. Кхаьчначух ца Iебаш.

Некъ юьхьаралаца. Ехать, идти и т. п. куда-л. с какой-л. целью.

— Хьалхе ду хьо сох ца вешаш вела! Хуъушехь делахь а, хьекъал ца кхуьуш делахь а кхераме некъ бу ахь юьхьаралацнарг! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Хьацарца хьалахIоттийна цIа а, кхерч а дIа а тесна хIара ирча некъ юьхьаралаццал хIун ду тхьа тхоьгара даьллар?* Хь. Магомадов. Чечанан арахь.

Ненах сте йойла. Прост. Выражение, означающее крайнее негодование, возмущение кого-л.

Зайнди. Ой! Хlун юьйцу цуо? Хьо мила ву? Султан. Со милла велахь а, хьо кху чохь-м lийр вац. Гlатта!.. Зайндин. Хьайн ненах сте йойла ахь, со кху чуьра аравакkхаза lен велахь! Х. Ошаев. Некъ жlараболуш.

Несалара ца вала (й, д, б). См.:/**Нехан несалахь хила.**

— Нагахь карара даьллехь, ас лур дара хьуна церан бехкалара вала и пхи туьма. Амма и эрна хир ду-кх. Тlаккха цкъа а церан несаларий, бехкаларий вер вац хьо. М. Мусаев. Анзор.

Нетl ваьлла (й, д, б). Богато, роскошно, с размахом.

Нехан алар /луур/ дала /хила/. Становиться предметом чьих-л. насмешек, язвительной критики.

— Дола де хьайн йижарийн, царна нехан алар далахь, эхь уггар хьалха хьуна кхочу хьуна! М. Сулаев. Эскинойхь.

Нехан белам (билам). 1. Вызывающий смех, своей нелепостью, несуразностью, заслуживающий общественного порицания и т. п. 2. Растяпа, бесстыдник и т. п.

Ша лелош долчу хlуман тlехь ойла а ец, сий хуьлу агlо цхьа а ца лелайора Ахьмада. Цуьнан хlума дерриг «нехан белам» хуьлий лелара. См.: **Нехан бага ваха (й, д, б).**

<Нехан> бlаьрг хила /баха/. В суеверных представлениях: повредить кому-л. дурным глазом, недоброжелательным взглядом.

Малх-Аьзни лелийта. Маьрша дац ишттa: Бlаьрг хиларх кхоьру со юьртарчу нехан. Х. Эдилов. Сийлаха.

Нехан зурма. Сплетни, пустые разговоры, слухи.

— Иза-м бакъ дацара. Нехан зурма ю,— ца вешаш куьг ластийра Сайд-Iелин Дибас.

Нехан карахь <хила>. Р а з г. 1. На попечении, иждивении, содержании (быть, находиться) у кого-л.

Да-нана доцуш нехан карахь кхиъна ву Къахьарма. 2. Во владении, в распоряжении, в подчинении кого-л. *И якkхий аренаш Султанан карахь ю.*

Нехан карх (карах). По вине кого-л. (из посторонних).

Нехан меттанаш. Сплетни, доносы, пустые разговоры.

— Эхь-м дацара и, нехан меттанаш lадда lахьара,— кисанара цхьа кехат схьадаьkkхира Адама. I. Ахмадов. Тешнабехк.

Нехан нах. Не свои, не принадлежащие к данному обществу, семье и т. п., чужие, посторонние.

Кху суьйрене ла ма дегlа, кху lуьйрене ла ма дегlа, нехан нахе ла ма дегlа

Хир ду, Зайнап, вайша вовшийн. Нохчийн халкъан фольклор. («Зайнапана лекхна йиш»).

Нехан нахехь. В обществе других; чужих; в гостях.

/Нехан/ несалахь хила. Быть в долгу (в неловком или зависимом положении) перед кем-л.

— *Ахь «Жигули» а йохийна, вай нехан несала дахийти-кх.*

/Нехан/ неIалта кIел ваха (й, д, б). Стать предметом всеобщей критики, презрения и т. д.

ТIаьххьара а, Кисин а йо Хьамида. Партера а, балхара а вухуш, доьзалх а къаьсташ, нехан неIалта кIел а воьдуш, хIара юьгур-м яра цо. Кисех зуда хирий-те цунна? А. Айдамиров. Ирхеш.

Нехан санна. Р а з г. Как следует, так, как нужно.

— *ТIаккха вайша цу дешаре хаза нехан санна йорт а кхоьхьуьйтур ю хьуна! — аьлла, чIогIа реза хилира Iалболат.* С. Бадуев. Зайнди.

Нехаш арахьекха <цIа чуьра>. Разглашать где-л. или кому-л. ссоры, дрязги, происходящие между близкими людьми:

Нехаш тIехьекха. Осуждать, чернить, порочить кого-л.

НеIалт хуьлда хьан дена <хьуна /хьо ваьллачу денна и дI. кх./>. Выражение, проклинающее кого-л.

— *Хьий, неIалт хуьлда хьан дена! — олуш, туйнаш туьйхира цо.* I. Гайсултанов. Александр Чеченский.

НеI дIаелла. Давать свободный доступ; открыть простор и т. п.

НеIсагIан тIехьа. Очень близко, совсем рядом.

ГIиллакхах вохахь, юьхьIаьржо неIсагIан тIехьа ю.

НеIсагIан хьаша. Приходить к кому-л., появляться где-л., у кого-л.

НеIсагIе ца вита (й, д, б). Не принимать у себя, в своем доме, кабинете и т. п.

НеI тоха /етта/. 1. Обращаться к кому-л. 2. Приближаться, наступать.

Шийла Iа ду неI етташ.

Нигат дан. Принять твердое решение (делать что-л.).

Нагахь санна, цхьана хIуманна нигат деш хилча яй кхозу зIе схьа а лаьцна дан дезаш дара. I. Гайсултанов. Болат-гIала йожар.

Никказ яI (!). Выражение удивления, изумления, удовлетворения.

— *Эс, никказ яI! ЦIе хала хьо белхан! КIорIанора, наха ала-м олура хьуна и цара йихьна олий!* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Никх санна юьзна. О довольстве, богатстве, полноте чего-л.

Никх санна, юьзначу керташкахь кхуьу церан тIаьхьа, дайший, наноший зийна некъ схьа а оьцуш. Н. Музаев. Мур.

Нисса новкъа <ваха (й, д, б)>. Жить честно, действовать без уловок и обмана для достижения чего-л.

Нийсса новкъа воьдучу куьйгалхочун сий а до, тIалам а бо адамаша.

Нитташ тIе /баьIIаш тIе, кхо тIе/ вилла (й, д, б) мегар вац (й, д, б). Разг. Человек, от которого нет толка, никакой пользы, никакого проку в чем-л.

Вуьшта, нитташ тIе вилла а мегар вацара IаьрбиI: цунах тешна дитина гIуллакх цкъа а хилла я кхочушдина меттиг хир яцара.

Ни тIитI ца хаьа. Разг. Ничего не знает, не понимает в чем-л.

Ницкъ ма-кхоччу. С предельной силой, очень сильно.

ИбрахIим хьийзара шен ницкъ ма-кхоччу, сагуьйсуш безам, ирс хьовзаре чу. Х. Эдилов. Сийлаха.

Ницкъ эцна. 1. Что-л. усиливается, крепнет.

Ницкъ эцна. 2. Усиленно.

Новкъа ваккха /вилла/ (й, д, б). Воздействуя каким-л. образом, побуждать изменить поведение, интересы и т. п. в хорошую сторону или воздействуя каким-л. образом изменить что-л. в хорошую сторону.

IалмаIе къаьркъа дитийта гIерташ, и новкъа ваккха гIерташ дукха къа хьийзира цуьнан дас.

Новкъа гIерта. Создавать препятствие в чем-л., служить помехой.

Динца а иза молланашца нийсса чIогIа ву, тIе, ша нахана новкъа ца гIерташ эсала стаг а ву. С. Бадуев. Бешто.

Новкъара вохо (й, д, б). Воздействуя каким-л. образом, побуждать изменить поведение, интересы и т. п. в плохую сторону, толкать на что-л. плохое, непринятое.

Шен дахаран новкъара вохо гIерташ IамIрна дукха когаш тийсира Бакара.

Новкъара дIаваккха (й, д, б). 1. Убрать, устранить кого-л. (обычно соперника в чем-л.). 2. О чем-л. Сделать что-л., чтоб дальше иметь возможность сделать что-л. другое. 3. Воздействуя каким-л. образом, побудить изменить поведение, интересы и т. п. в плохую сторону. 4. Прекратить действие каких-л., обычно нежелательных, явлений, положить конец чему-л.

Новкъахь Iуьллуш дац /.../. Не достигается даром.
Iилма Iамийча бен ца хаьа, новкъахь Iуьллуш дац цхьа а хIума.

Новкъа ца дала. У кого-л. не продвигается дело, не получается.
Цхьа а гIуллакх новкъа ца долуш, таро йоьхна хьийзара Эламирза.

Нохчийн маттахь ала [...]. Говорить очень просто, понятно. Общаясь с кем-л. и сталкиваясь с непониманием, говорящий подчеркивает, что он говорит по-чеченски и тем самым его слова должны быть понятны.
— *Ас хьоьга нохчийн маттахь элира-кха, хьо собране ван веза хьуна, аьлла.*

Нуй хьаьккхина... До последнего, всех подряд, дочиста.
— *И нах чистко нуй хьаьккхина гIуллакхашкара дIабехира.* С. Бадуев. Аьшпаш.

Нукурсак яла (й, д, б)//Заббари яла (й, д, б) и дI. кх. Р а з г. Шутл. Нарядно, празднично, вызывающе одеваться.
Бож-Iела. И мегар яц. Буьмаьштика чохь конфеташ юу зударий безаш вац со. Цу тIе, дукха нукурсак яьлла лела луш а ю и. І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Нун доллуш. Что-л., которое можно подразумевать, предполагать в чем-л.
— *Хьан, Макцн сан шичан кIант Таймасха вуьйцуш хиллачу къамелех а хаьа суна, шу шинна юккъехь, цхьа къайлах «нун» доллуш меттиг юйла.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Нуьйр тилла. Р а з г. Покорить кого-л. под свою власть, иго и т. п., сильно воздействуя на чьи-л. мысли, чувства, материальное положение, иногда применяя и физическую силу и т. п.
Байсари. ...Хьайн нене хатта, цунна хаьа хьуна, тхо кху юьртана тIе нуьйр а тиллина Iийна нах дуйла. І.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш. *Ткъа нана-Москвас ло техника шорта, цунна тIе нуьйр тилла говзалла Iамош.* Х. Эдилов. Турпалхо. *Вонна нуьйр тиллина, дуьнен чохь, и хоьхкуш, хьийза.* М. Сулаев. Малх тоьлур бу.— *Шен Iалашоне кхача гIерташ вара иза, сох цхьа Iовдал таръелла. Царах тешначарна хIун хуьлу хуш ма ду: нуьйр туьллу сиха.* Ш. Окуев. Юьхь.— *ТIом бахбелира, Шемал тхуна нуьйр тилла вуьйлира.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

О

Оь детта (-аш). О пульсирующей боли (о сильной степени боли).
Бож-Iела. Хlокху сан лергана мукъна а хIумма а ца до ахь? Ов детташ. сагухайла яйъина сан кхо. І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Тахана тIелата даханчу эскарца дакъалоцуш ца хиллера иза. Лерг лозуш, ов детташ хиларна гIопехь витинера.* І. Гайсултанов. Малика. *Мотт ца керча... коьрта чохь ов детташ, чIогIа ца лело со... схьахилал юххе. уллО охьахаал суна, аса цхьа хьехар дийр ду хьуна...* М. Мусаев. ЦIен маьхьси.

Ойла айаелла. 1. Кто-л. теряет способность ясно соображать (от переживаний, волнений и т. п.).

Чуьраваьлла, ойла айаелла цхьаъ-м дуьйцуш вара Бено... С.-Б. Арсанов. Маца девза доттагIалла. 2. О воодушевленном состоянии.

Ойла екъаелла//Ойла шина декъе екъаелла. Испытывать неуверенность, сомнение и т. п. Ср. **Ойла яьржина.**

Янарс. TIерло! Ма гIерта со Iехо! Цо хIун доIанаш до хаьа суна. Шуьга ялта дIа ма ло бах, ткъа ша юьстах а ваьлла Iан воллу TIерло, суна-м кхин цхьаъ хаьий. Хьо, ойла екъа а елла, дагахь хьайца къуьйсуш ву. Iедална дуьхьал вала ца лаьа хьуна, вашас бохучунна тIера вала а ца хIутту. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Ойла карча. Испытывать неуверенность относительно кого-, чего-л.

КIеззиг ойла керчаш а лаьттина, жоп делира Iелас: — Ца вогIу со. I. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

Ойла меттахъяккха. (Под воздействием чего-л.) начинать осознавать смысл, сущность и т. п. чего-л.

Пхьоьханехь хиллачу къамелаша цуьнан ойла а меттахъяьккхинера. I. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

Ойла сацо. Сосредоточивать внимание на ком-л. или на чем-л. Ср. **Ойла тIеяхийта.**

Ша дан дезаш долчу хIуманна тIехь ойла сацо гIертара Эми.

Олу дош. Слухи, разговоры о ком-л., чем-л., основанные чаще на неверных сведениях, домыслах и т. п., осуждение (чаще недоброжелательное).

Лекхачу попанна хьоькху мох ца оьшу. Дикачу кIенташна олу дош ца оьшу. Лекхачу попанна хьоькху мох ца оьшу. Ваша воцчу йишина олу дош ца оьшу. Нохчийн халкъан фольклор. (**«Ваша воцчу йишин йиш»**) — *Лекхачу попана хьокхуш болу мох эшац! — Курра жоп делира Биркъас.— Тоьллачу хьекъалан дена олу дош эшац...* Н. Музаев. БIарлагIийн тоба.

Онда куьг. Влиятельный покровитель.

Цуьнан хьаькамашна юкъахь онда куьг ду. Цхьаъ ву церан цигахь мохчалахь а волуш. ...Анасан тур ира ду, Анасан куьг онда ду, Анасан дош чIогIа ду. Вайн бабчча хила хьакъ ву. Ш. Арсанукаев. Тимур.

Орамаш хеца /таса/. 1. Прочно, надолго обосноваться где-л., обзаводиться хозяйством. 2. Приобретать особую силу.

О чувствах, привычках и т. п. Юьртахь орамаш хецна дика дIатарвеллера ДогIул.

Орамашца денвала (й, д, б). Сильно привязываться, привыкать к чему-л., сживаться с чем-л.

Органца е <ахьа>(!). Восклицание одобрения, восхищения и т. п. Ср.: **Хьайн буьйсанчохь е <ахь>(!).**

— Хьайн органца е ахьа? Ма кIант ву хьо! — элира Iумара шен шичин кIанта динчу гIуллакхе а хьаьжна.

Ор даккха. Из пословицы «Не рой другому яму, сам в нее попадешь».

Ор чу эккха. Заведомо рисковать жизнью.

— Ма хехка сел чехка машен! Ма гIерта ор чу эккха! — бохуш, бехкаш доху дас шен кIанте.

Оха — тхо бохуш /.../. См. **Ас — со бохуш** /.../ *Хасар. Дала гIодина девлира вай юьртаха ара. Хьай гавураш, шадалой! Дуола ма деллинехь, массо а веддийца. Хьалха хабарш дуьйцура «оха, тхо» бохуш.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Охьаккхуссучу туйнан мах бац//Ши кепек мах бац//Кепек мах бац. *Разг.* Нипочем, ничего не стоит /для кого-л./.

— Йол езачунна, иза охьакхуссучу туйнан мах бац-кх. М. Мусаев. Дашо маха.

ОхIла вац (й, д, б)//Цхьа <а> хIуманан охIла вац (й, д, б). Не имеет достаточных способностей, знаний, опыта и т. п., быть слабым в каком-л. отношении, совершить что-л. серьезное.

— Цунна цхьа и хIума ца хаьа дан. Доккха хIума ду: цхьа а хIуманан охIла вац и кIант.

Оцу дийнахь дехна хир ду /**хила мега**/. Р а з г. Кому-л. повезет, кому-л. поможет случайность, непредвиденное обстоятельство.

Очча вала (й, д, б). 1. Расстроиться, огорчиться.

Ахьмархьаьжа. Супхьоналлах! Нитташ баьлла тов. Ванах, хIара хIун ду? Бага боьллича пIелг Iовшур боцу хIара ма очча яьлла цIеххьана! Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа. 2. Удивляться.

ОшхIаду (-а) биллахI (!). У с т. Клятвенное заверение в чем-л.

— Ошшада биллахI, и никIапаш а йитина лелаш болчу кегийчу нахе яха ца яхийта,— олура Дабаза,— шен йол и Дунтлий, Бунтлий санна волчу кIанте яла яхийта ма мегар дара. I. Мамакаев. Текхарг. *Бож-Iела. «.Ошхlаду биллахI вара ас хьо, вордано пхьид санна, хьошур. Охьабилла кузI* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *— Ош-хIада билла! ХIокху кIанте хIара болар ца дитийтахь, сарле вай вовшахкхетар моьтта-кх суна!* И. Эльсанов. КIайн коч.

Оь

Оьздачу нахах ваьлла (й, б, д). У с т а р. О человеке знатного происхождения, авторитетной семьи и т. п.

Оьшуш хIума дац <цхьа делан ун доцург>. Все, без исключения.

ДIа ойла йича цунна оьшуш хIума дацара, цхьа делан ун доцург. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

П

Пайда боцу. 1. Что-л. незначительное, малое и т. п.

— *Чов йина хьуна? — хьаттира цо.— ХIара-м пайда боцу чов яра, жоп делира Чеченскийс.* І. Гайсултанов. Александр Чеченский. 2. Употребляется по отношению к человеку, недостойного серьезного внимания.

— *Иза пайда боцу стаг ву! Цуьнан маьттазчу къамеле лодьIча хуур ду и,— элира Бексолтас.*

Пайда боцчу <дала (й, в, б)>. Стать менее достойным, ценным, утратить свое достоинство, свою ценность (качество) и т. п.

— *ХIокху тIаьхьарчу хенахь дукха пайда боцчу а вьолла и Салман. ГIиллакхах «нихарат» бац цуьнан!*

Пал вовшахтоха. Разг. Попытаться что-л. сделать совершать что-л. и т. п. (обычно о чем-л. несерьезном деле, мероприятии и т. п.)

— *Амма шун гIоьнца цхьа-пал вовшахтоха хьожур ву-кха!* Н. Музаев. Мур.

Пал аьлла <чу эккха>. Разг. О легких движениях кого-л. (обычно о прыжках кого-л.).

Ахьмархьажа. Ва дукха яхарг! Ас-м вертан тIе йиллича сонна, «пал» аьлла, чуйоссор яй хьо, кертарчу нахана-а гуш. Х. Ошаев. Ахьмархьажа.

Палс бегабайта /бего/ 1. Изгнать кого-л. за что-л. 2. Прогнать, устранить кого-л. (обычно снять с работы и т. п.).

— *Дукха хан яра изи бIахара дIаваькхина, цуьнга палс бегабайта безаш.*

Пана даха (й, в, д). Под воздействием чего-л. вводить кого-л. в заблуждение, вывести кого-л. из терпения и т. п.

Дийна бисинчара шайн цIа, лаьмнашка, бирзина тIеман и эрионаш, шайна юьйцуш, оцу деспото, ямамо, нохчийн гIуллакхана хIаллакдо вай бохуш, адам пана дохура. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Пана дуьне. 1. Уст. Земная жизнь (человеческая жизнь). 2. Широкий простор земли; необитаемая земля (с оттенком фольклорности).

— *Кху къинойн пана дуьненан, бала хьоьжу пекъарийн белхан маьIна иштта дерзо сих ца ло зеделла Iилманчаш.* Н. Музаев. Сатийсамаш ницкъ.— *Котамзаша харцахьай, бакъахьай мIараш а хьоькхуш, мохо лоькхур ду кхана Iуьйрре вай делла дуьсу долу хIара пана дуьне!* Н. Музаев. Мур.

Пархlато яла. Получить свободу. Ср. Разг. **Амнести яла** (син).

Парт-аьлла <хьала эккха и дI. кх.>/ Парх-пирх аьлла <хьала эккха, лелха...>. Очень быстро, моментально, без промедления (сделать что-л.).

— Аш шимма аьлча а, Iабас и цу буу харцахьа оьккхуьйтуш тIара тоьхна, парт-аьлла тIекIел эккхийтира, цул тIаьхьа-м йоьжначохь Iуьллура борз, чуо яьтIча санна, мохь а хьоькхуш. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. *Вовшийн бIаьра а хьаьвсина, парх-пирх-аьлла, хьала лилхира къуй.* Ш. Окуев. Юьхь.

Парт аьлла са даккха /.../ Очень быстро, моментально, бесшумно убить, уничтожить кого-л. (обычно с холодным оружием). Употребляется как выражение угрозы, устрашения кого-л.

Шега Iадда Iе аьлча, Айда сецна, ткъа Бата, нахе ша сеца а войтуш, чугIерташ хилла. «Со тIекхаьчча, ас парт-аьлла и са дIадохуьйтур дар-кх хьан, Айда...» — бохуш, мохь а хьоькхуш. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, ширa хабарш./«Хьуна кхийти иза?»/

Паста яи <тедда>. Разг. На мелкие куски, части.

Пах санна. I. Что-л. очень мягкое, рыхлое, пушистое.

Пах санна, кIеда яра Iаьржачу амагарчу цуьнан цIен ши бесни. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Паччахьан маж /мекх/ хадийнарг. Разг. Шутл. В чем-л. особо отличившийся, имеющий особые заслуги в чем-л.

— Кху шинна тIехь хIокхара дош дерг-м паччахьан маж хадийначунна а дийр дац. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Паччахьан хан /зама/. Время существования эксплуататорского строя в России.

— Бакъонаш йоцуш, баланехь, боданехь бохкуш бара вайн зударий паччахьан хенахь. I. Гайсултанов. Малика.

Паччахь ван/ /Эла ван. Разг. Кого-л. чрезмерно уважать, восхвалять, баловать; заискивать перед кем-л., выполнять все желания, прихоти. Ср. **Айбина ло; Мекхаш-мирза ван.**

Паччахь санна. См. **Эла санна.**

— Паччахь санна, чIогIа ларвийр оу хьо, совдегаро санна, душ-молуш зовкх хьоьгур ду ахь. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Пе бетта /тоха/. I. Не принимать непосредственного участия в чем-л. (иногда демонстративно уклоняться от участия в чем-л.), избежать кого-л.

— Юкъараллин балхана пе беттарш олу царех! – дагадайтира Сарапа.— Атта бехаш а, бовш а берш. Н. Музаев. Мур.— *Амма и декхар тIера дIадаккха ахь дина хIума дац, мелхо а Iедилан белхалойх пе бетташ лела.* Ш. Окуев. Лай

тIехь цIен зезагаш.— *ХIинца къоначу стагана тохар-м хьехочохь а дацара, ша човхийча а чугурту. Тхо даккхийнаш иштта чу нахах уьдуш, пе бетташ лела-кх.* А. Айдамиров. Ирхеш. 2. Проявлять полное безразличие к кому-л. или чему-л.

— *Сан Iаьржа мекх макх а дели, мокха мекх кIайдалан а дуьйли. Гола малъеш, белш а яссаели. Хьуна пе тохалац-кха! Хьо дIатасалац-кха!* С. Курумова. Витахьа со.

Пене аьллачул башха. Не воздействует, не оказывает никакого влияния на кого-л. что-л.

— Шега аьлларг схьа ца оьцу Сайд-Iелас. Цуьнга аьлларг пене аьллачул башха дац.

Пен санна. Разг. 1. Говорится, когда кто-л. сильно волнуется, стыдится и т. п. 2. О чьей-л. глупости, бездарности.

Пес йохъян. Подвергнуть кого-л. наказанию, нанести поражение кому-л. /Преимущественно о физической расправе/.

Ср.: **Кхакха бохбан.**

Петербухе ваха (й, д, б). Уст. Ехать куда-л. очень далеко.

Петербухе гIахьара (!). Употребляется при высказывании пожелания куда-л. деться подальше, как бы исчезнуть совсем.

— *Цуьнца кIеззиг бала бара сан! И-м Петербухе гIахьара!*

Печат тоха. Разг. Давать кому-л. или чему-л. поверхностную, одностороннюю характеристику, формально, шаблонно оценивать, характеризовать.

— *Сьога дуьйцуш, башха дах а ма дехьа. Ас печат тоьхна лара мегар ду-кх хьуна ахь бохучуьнна!*

Печать тоха (с предлогом — **тIе**). Разг. Оказывать сильное, решающее воздействие в завершении, в полном окончании какого-л. дела.— *Вай и гIуллакх тIе печат тохий чекхдаккхий, кхин дах а ца деш,— элира пхьоГанахь Iечарах цхьамма.*

Пиллиг даьлла. 1. Что-л. стало легким по весу. 2. Кто-л. чувствует себя бодро, в настроении.

Зулай. ХIинца хьайн дегI муха хета хьуна, Села? Села. Пиллиг даьлла хета. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Пиллиг санна. Незначительный по весу, не отягощающий.

БIегIагах кечйина къорза юкъанаюьллург букъа тIе а оьзна, пиллиг санна, атта айина кIудал букъа тIе а яьккхина, бухкарца чIагI а йина, элира йоIа кIанте: — *ДIагIо, Амади.* Х. Ошаев. Алун шераш.

Пирlун лам бан. Чрезмерно преувеличивать что-л.
— Ахь-м пирlун лам ма бин цунах! Оццул доккха хlума дан а дарий иза?!

Пирlун лаьмнаш. У с т. Сказочное богатство, благополучие.
Пирlун лаьмнаш хьалха хlиттадарх хьолах lебар воцуш стаг вара Аьрси.

Пластинка хийца. Р а з г. Изменить положение, тему беседы, разговора и т. п.)
Хабар шена луъ-луучохь пластинка хуьйцуш, дуьйцура Умрайс.

Полла санна. Очень легко, в хорошем настроении (бегать, ходить и т. п.).
— Со цу чорпилахь воллу, хlинца хьуна а ма-гарра, нефтан ваннаш чохь а луьйчуш. Ткъа, хьо кхузахь, полла санна, тlемаш тlехь кхерста ваьлла! Н. Музаев. «Сатийсаман ницкъ.

Поп санна. О сильном, здоровом человеке. Ср.: **Ча санна.**
Гихчохь цхьа стаг хилла Сонта Леча цlе йолуш. Дегlана, поп санна, лекха, зоьртал хилла иза. Х. Ошаев. Заманан некъаш /«Сонта Леча»/. *Иза, поп санна, доккха, кхалха хьийкъина дегl долчуьнца веанера.* И. Эльсанов. Iожалла — совгlат.

Пуолка ваккха (й, д, б). 1. Кого-л. чрезмерно восхваливать, баловать, заискивать перед кем-л., выполнять все желания, прихоти. 2. Необоснованно преувеличивать что-л.

Пуолка ваьлла (й, д, б). 1. Кто-л. бесплодно мечтает, стал непрактичным, ушел от действительности. 2. Кто-л. сильно радуется от чего-л., стал счастливым. (Корень восходит к уст. чеченскому слову **хlуьлпуокум**).

Пушкин вогlур ву. Р а з г. Говорится, когда кто-л. должен сам справиться со своим делом, работой и т. п.
/— Хlун? Хlара болх бан Пушкин вогlур ву! Вай ваьшша дан деза вешан гlуллакх!/

Пуьтийн лежиг. Р а з г. Неисправимый лгун. Ср. **Аьшпийн кlур//Тlуьрлиган да// Iопажаш туьлург.**

Пха озийна. Кто-л. внезапно разбит параличом.

Пха санна. Напряженно, прилагая все усилия, все старания.
Бархl дегl сахилчахьана дуьйна маьркклажалц, пха санна, таса а делла доллура цlахь а, арахь а. М. Мусаев. Маргlале хатта.

Пхийттара ваьлла (й, б). В молодые годы, в пору расцвета и духовных сил.
Кемиса пхийттара яьлла, къона хаза йоl яра. Пхийттара ваьлла хьийзара ловзаргахь lабдулрешид.

Пхирт алале. Очень быстро, моментально и т. п. Ср.: **Элп алале//Бlаьрган негlар тохале//Хьамц алале и дl. кх.**

Трофимов. Делахь хlета кхуьнан болх-м аса пхирт алале дlайоккху хьуна. I-Хь. Хамидов. Ламанан йоl.

Пхи пlелг санна. (Знать) очень хорошо, основательно.

Товсари. Вай дела, хьо боккха болх! И дерриг оцу ялсаминахь хиндерг хууш веца хьо? Чоьнтиг. Пхи пlелг санна, шера и гlуллакх девзаш ву со. Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа. *Амма Кавказ а, Азиатски Турци а, кхузахь дехаш долу дерриг къаьмнаш а, гlиллакхаш а шен пхи пlелг санна дика девзу Лорис-Меликов резавацара бартан цхьана агlонна.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Пхиъ хlоьттина. Разг. Кому-л. крупно повезло. Ср. **Гlулг аьлча хlоьттина.**

Пхьакочие ваккха (й, д, б). Уст. Выставить кого-л. на общее обозрение, обсуждение.

Пхьарматан цlе. Неугасающее стремление к достижению высоких, благородных целей.

Вайн литературехь цкъан цкъа а йовр яц Даймахкехьа болчу безаман Пхьарматан цlе.

Пхьарматан цlе лато. Выражение твердой решимости быть непримиримым в отношении кого-л. или чего-л., бороться с кем-л. или чем-л. до конца.

Пхьидан цlогганал. Разг. Очень мало, меньше, чем нужно. (Обычно о сознании).

Шайн хьекъал пхьидан цlогганал бен хьекъал дац баьхна нохчийн, гlалгlайн зударий lилманийн кандидаташ хилар, стигалахула лелар кхуо ша ма дешна. М. Мусаев. Анзор. *Шайн хьекъал пхьидан цlогганал бен дац бохуш, кицанаш кхоьхьуш, бlешерашкахь баьхна вайнехан зударий халкъан бахаман урхаллехь, партийни а, советски органашкахь куьйгаллин белхаш беш болу ах бlе шо сов зама ма ю.* А. Айдамиров. Лаьмнашка юхаерзар.

Пхьид эккхале. Очень быстро, мгновенно. (О времени).

— *Пхьид эккхале чекхйолу суьйре.* Н. Музаев. Мур.

Пхьош хьакха. Разг. Потерпеть неудачу в чем-л.

Пхьош хьакха (!). Разг. Восклицание, означающее: вот тебе на (обычно после неудачи в чем-л.).

Пхьош хьакхийта. Нанести сокрушительное поражение кому-л.; вывести кого-л. из состояния боеспособности.

— Сецна бакъ ма ду хьуна, ас тIекхачахь, ас пхьош хьокхуьйтур ма ду цуьнга.

Пхьушан чохь. Разг. Скрыто, тайно от других (говорить, вести переговоры и т. п.).

— Со Iемина вац пхьуша чохь хIоаш дан, ас олуш дерг юьхьа дуьхьал дIаолу.

Пхьуйшахь охьа. 1. Проявлять по отношению к кому-л. враждебность, нетерпимость, обнаруживать готовность дать отпор кому-л. 2. Исподтишка угрожать кому-л., осуждать кого-л.

П1

П1елгаш (п1елг) хьежо. Разг. Указывать, стараясь нарочито возбудить внимание к кому-л. или чему-л.

Сан дош дохо йиш яц! Сан наха юккъехь лела деза. Сан нахе сайна тIе п1елгаш хьежадайта йиш яц! С. Бадуев. Бешто.

П1елгаш (п1елг) Iитта. Трогать кого-л., не дать покоя кому-л.

— Ойт, горлера кIентий я!! Шуна а вевза-кх Iабдулбакъин ТIунгIа! Къеда Хьалкас дешначу къорIанора, шех нахе п1елгаш Iиттийтина-м вац шуна иза? І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Цецех саина, Іуьргаш доху ду»).

П1елг бахийта (болла). Прост. 1. Одурачить, провести, оболванить кого-л. в чем-л.

— Охьахаа. БIагор. охьахаа,— велавелира Микаил — Ас цхьанне а цхьа а п1елг ца бахийтина, хьайна хьуо лево аьлла хетахь, ца левзичхьана дIа ма долу иза. Ш. Окуев. Юьхь. 2. Обворовать.

П1елг бетташ хержа. (Что-л.) очень много, в избытке, есть из чего выбирать.

— Хьайна лаахь п1елг бетташ хержа йиш ю-кх хьан кхузахь туфлеш,— элира спекулянта къайлах лере вгана.

П1елг дIа ца тоха (тоьхна). Совершенно ничего не сделать, ни малейшего усилия, чтобы осуществить что-л.; ничего не сделать, не предпринять.

— Ас дуй буу-кх хьуна, цу кIантана п1елг дIа ца тоьхна, аьлла Х.-А. Берсанов. Бобер.

П1елг таса. Разг. Играть на струнных музыкальных инструментах.

Дечиг пондар тIехь кIез-мезиг п1елг тесча хIун дара-те вай? — хаьттира Бадруддис.

Пlелг таса. Р а з г. 1. Одурачить, провести, оболванить кого-л. в чем-л. 2. Обворовать, обчистить, ограбить (часто о незаконном, преступном использовании своих прав, возможностей).

Пlелг хьакхо. Р а з г. Вступать в борьбу с кем-л., порицать кого-л.
Цунна хаьара, кху сохьта паччахьан эскарш даьхкина, цара и юрт сийначу цlарах ягийча а, кхузарчу наха шаьшшиннах пlелг хьакхор боцийла. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Пlелг ца тоха. Ничего не предпринимать, не сделать для общего дела или в помощь другому. Восходит к евангельскому тексту о фарисеях: «Сами не хотят и перстом двинуть»...

Пlелг ца хьаккхо (lотта). Не причинять никакой обиды кому-л., не бить.
— И боьха хlумий, цуьнан тайпана мел долу адаммий дерах меттахlуттур доцуш дерг хуьлу, нагахь цо цунах пlелг хьакхабалийтахь! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Кхетам кхиале Некар-Пашина цхьана кхечу кепара тосаделира шен цара пlелг а lуттур боций. церан герз деккъа духарна дуй, амма шегахь герз хилча а, и хlинца дер доций.* И. Эльсанов. Шайгlанийн ловзар.

Пlендарш дагарлур ду. Р а з г. Кто-л. сильно исхудал.
Пlендарш дагарлур долуш, сел вочуваьллера Хьамид.

Пlендаршкахула чекхдала. Сильно почувствовать что-л. (слово, ругань и т. п.). Ср.: **Пlендаршкахула чекхдериг <ала>.**

Пlендаршкахула чекхдериг /ала/. Сильная ругань, крепкое слово и т. п. Ша нахана олург пlендаршкахула чекхдериг олура Рукъета.

Пlендарш юккъе гlаж lитта. Р а з г. Ущемлять чьи-л. интересы, желания.
Авалу.— Ой, цо пlендарш юккъе lуьтту гlаж ца го хьуна? І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Р

Ражин ге. Выражение иронии, насмешки над тем, о чем говорит собеседник. Ср. **Семсолтин тапча // Селимсолтин тапча. Нукин шаптал.**
Чоьнтиг. ...Уьш иштанехьа а дуьсуш, хьо ялсаманей, тхо жоьжахатей? И ду хьуна Ражин ге! Х. Ошаев. Ахьмархьажа.— *Шу lадlийча муха хир дара? Нахана ала атта ду, шена саца хала ду.— Иза а дера ду Ражин ге!* И. Эльсанов. Гlуллакхехь.

Рахь ботта. Р а з г. Лгать, обманывать, говорить небылицы и т. п. Ср.: **Тlуьрлиг ботта.**

— Хlун дара, Мака, цо цигахь дийцинарг? — Цхьа рахь боьттира-кх, гlали чуьра баьхкинчарна хьалха вазвала. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Рицкъанш цlен тlе дерзадойла. Доброе пожелание (обычно далеко уезжающему, -емой).

— Хьан кlант армех вигина аьлла хези суна. Дала рицкъанш цlен тlе дерза дойла цуьнан!

С

Са а доьхкина. Ср. **Са а цlий а доьхкина.** Нисколько не щадя своей жизни; до крайнего изнеможения (сражаться, трудиться и т. п.).

Сайн са а доьхкина, сел хала ас даькххина сан ахча лачкъол хlун дина хилла те ас хьуна? Ш. Окуев. Юьхь.

Са арадаллал. Очень сильно (любить, хотеть и т. п.).

Шен са арадаллал дукха езара Ибрахlимана Хьесапат.

Са а /пах/ а ца кхоош. Храбро, отважно, не жалея себя (воевать, бороться и т. п.).

Райкоман векал. ...Тlеман, къинхьегаман шина фронтан турпалхой — цхьана эскаран бlаьхой бу. Цундела вай са а, пха а ца кхоош белхаш бан беза мохк мостагlчух ларбан. М. Мусаев. Теркан тулгlенаш. *Шен са а ца кхоош, советан хаза стаг Орцанна шечарна кечвелла ву!* М. Сулаев. Нохчийн кlант Волгин йистехь.

Са а, пах а кхачадой. Надоедая своими просьбами, разговорами, действиями и т. п. (добиваться чего-л.).

Ср. **Са а пах а кхачийна.**

Са а хаьдда /вела/.

Са а пах а хаьдда /вела/. Неудержимо громко смеяться, хохотать. Ср.: **Кlаж вахана (й, б).**

— Хlе-е, хьахь-хьахь, хьахь-хьа-а-а! — са а хаьдда воьлура Бекмарза.— Тlам хотта боху ахьа? Хьахь-хьахь-хьахь-хьаа-а! Х.-А. Берсанов. Майра иччархо.

Са а чот а яц. 1. Множество, бесчисленное количество кого-л. или чего-л., такое, что невозможно сосчитать. 2. Бесконечно долго длится, продолжается что-л. 3. Очень далеко простирается что-л.

Са бага кхача (кхаьчна)/. С большим усердием, упорством, напряжением, прилагая все силы (делать что-л.).

Тlаккха лазаболура Забиlатан кийра, дукъделла са бага а кхочуш. С. Курумова. Дохк.

Са-бода къаьсташ. Рано утром, на рассвете.

ТIешерша IуьйрЕ, къаьсташ лаьтта са-бода. I. Дугин. ХIорд ловзабаьлла.

Са бIарздала. Испытать чувство усталости, уныния, переживаний и т. п.

ХIетте а, са бIарзлой, цигахь а со цIеххьана сагатдан вулу. М. Сулаев. Ма кIорга ду хьан бIаьргийн Iин!

СагIа доьхуш лела. Бедствовать, испытать большую нужду, прибедняться, прося чего-л.

Коча таьлсаш а тесна, нахе сагIадоьхуш лелачу Узун-Хьаьжин бIаьхошка а хьоьжуш, боьлура сарахь арабевлла, кен хьалхарчу гIантшина тIехь Iаш болу шотойн баккхий нах. Ш. Окуев. Ций, латтий.

Са даа. Нервничать, раздражаться, огорчаться, психовать и т. п.; вызывать душевные страдания, муки и т. п. Беспокоить, тревожить, приводить в смятение (постоянными, непрерывными действиями).

КIантах хиллорг ца хаьро са доура цьнан /Аьрсамирзан (— авт.)/. А. Айдамиров. Маршонан пIаьрг. *Сан са даа къайлах тухуш дагна гIуда, лаам гIаьтти, сехьа юьтуш, ткккха дехьа.* Хь. Сатуев. Адамийн гечош. *Пайда боцчу хIумнашна тIехула вовшийн са а ца дуьш, цатемаш а ца беш, зама-хан эрна а ца йойуш, хIинца ахь а, Семенов а цхьаьнгий буровикашно гIо дийр ду хьаьгна.* Н. Музаев. Сатийсаман пицкъ.

Са дагийна. Прилагая все усилия, все старания, со всей полнотой желания (делать что-л.).

Зулай. ...Са дагийна бан безаш болх бу и. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Са дагийна. Испытывая чувство сильного страха, ужаса.

Мухха а, садарца боьлла лаьттачу боданой уьлучу барзой са дагийна Шаби чехкка шен ворда хетта а ХIоттийна, и ах ворда хиллал йолу жIолмаш тIе а кхисси на, шух тIе а ваьлла, боккхачу ноькъа хIоьттина цIехьа волавелира. Ш. Айсханов. Мало — хало.

Са дадо. Разг. Панически отступить, удирать от опасности.

— КIентий! Шуна дика хьа ламана гIаьхьа а хIоьттина кху суьйлийн лаьмнаш ка со сайн са дадийна ца веанийла. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Ойла йира Супанан: «Кхунна хьалха со къинтIера вилар хьанна хуур ду? Дийна воллушехь велла стаг бу хIара-х, шен са дадийна лелаш. I. Гайсултанов. Таьрби.

Са дала. Умереть.

Са даллал. Очень сильно, страстно, до самозабвения (любить, хотеть и т. п.).

Са даллал дукха езара цунна шен дуьххьарлера бекам бахани йолу Табарак.

Са даллалц. 1. Вплоть до гибели. 2. До самой смерти, до конца жизни.

Са дахьа. Испытать страх, замирать от страха, не иметь смелости пошевелиться.

Са даи /доцуш/. Кто-л. слишком неопытен для какого-л. дела, не сообразителен.
— *Ас Хьамзагана бехк ца буьллу, и-м са доцуш вара, ткъа хьо, дика хIуманах кхеташ ма вара. Ахь муха дийр дара иза? ЧIогIа йоьхна, кхераелла, изгош. араэккха са доцуш, бIаьргашна бIагор хьийзаш, хебаш лаьтта ХIижан мохь тоьхна йистхилира.* С. Бадуев. Мацалла.

СадаIа ца вита (й, д, б). Всячески лишая, вредя, притесняя, создавать для кого-л. невыносимые условия жизни.
Цуьа хIима юх-юха а хоьттуш садаIа ца вуьтура Iийсас.

Са-дегI /ца кхоош/. Самоотверженно, беззаветно (бороться, биться, трудиться и т. п.).
— *Айса тIехьхьара садаллалц, дуьненахь йоккхучу ханна и декхар кхочушдарна тIевирзина хир ву ... сай са-дегI ца кхоош, лакхьалкх а, халкъ а Iеха ца дойтуш!* Н. Музаев. Сатийсаман цIа.

Са дилла чу. Сделать кого-л. самым близким, любимым, необходимым и т. п. (оценивая в полной мере, отдавая ему все самое последнее). *ТIедиллинчо нисвийр ву, чу са дуьллур а ду. Сержант Исрапилов ма ву дика специалист.* И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Са дита. Умереть.
Со йилхича, сона доьлхуш, елаелча сона доьлуш, тхешан лулахь кIорни бай сан-м, са дуьтуш бен дуьтур доцуш. Б. Сулейманов. Iежан бешахь.

Са дIадала. Погибать, жертвовать собой.

Са дIаделла. Целиком, полностью отдаваться чему-л.

Сай-бодий (къастале). Рано утром, чуть с рассветом.
Бож-Iела Кхана сай-бодий къастале, со хIургон тIехь карор ву-кх хьуна. I. Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Сай, бодий къастале вахана, говрашна ти малийна, хIоъ белла, нана а гIаттийна, некъана кечам бан волавелира МIальчиг.* Ш. Окуев. Юьхь.

Сайн нана хьарам йолда суна//Сайн ненан шура хьарам йолда суна//Сайн нанас баийна кIайн кхача хьарам болда суна (и. д. кх.). Сделаю! Попытаюсь! Клятвенное заверение в решимости сделать что-л. или готовности ко всему, что бы ни случилось.
— *Сайн нанас баийна кIайн кхача хьарам болда суна, ва кIентий, со шуна дуьхьал юьхьаьржа хIуттур велахь!* Нохчийн халкъан фольклор.

Сака байта //Сука байта. Разг. Проучить, жестоко наказать кого-л.
— *Иза кхин кхуза ваглахь вай сака бойтур бу-кха цуьнга!*

Са когашка хьада. Испытывать страх.

Са кхача. Предугадать, предусмотреть, предчувствовать что-л.

Са кхачадаллалц. Доходя до крайнего состояния, терпения, до последних сил и т. п.

Хlинца хlокху нело хи чу ца ваха, са кхачадаллалц, гlори-гlоддаха (чуьрачарна «цинцаш» кхочур долуш) тlамарш етта мега. И. Эльсанов. ГIуллакхехь.

Са кхачо. Довести до крайнего состояния; надоедать постоянным присутствием, контролем и т. п.; приставать с чем-л.

— *Ма гlертахьа сан са кхачо, иза юх-юха а карла дохуш! Кхин дийца делахь, кхин дийцахьа!*

Са кхиа <тlаьхьа>. На основании чутья, интуиции предполагать, угадывать то, что случится, произойдет.

— *Хlорш тlехьийзаш хиллачу йоlан са кхиъна, эла Тепсаркъас Жоьра-Бабин Жонсаркъа вихкина цахиларх.* Нохчийн халкъан фольклор. «Эла Тепсаркъий, Жоьра-Бабин Жонсаркъий».

Са лацадала. Приходить в сильное волнение от чего-л., трудно дышать (от избытка чувств, сильных переживаний).

— *Хlахl? Ахь хlун элира? — са лацаделира Давыдовн.* I. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Са лачкъо. Удирать от опасности.

Са лачкъо геннахь сан хьулвала дийзира. I. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь.

Са лаьтта. Иметь желание что-л. сделать.

Хlара масех де дара шен воккхах волу доттагl волчу ваха цуьнан са лаьтта. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Са логе кхачо. Приводить кого-л. до крайнего состояния, изнурения, беспокойства и т. п.

Амма, оцу кирхьан тlехьа со хlоьттичахьана тlегlертачу адамаша са логе кхачийнера. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.

Са логе кхаьчна. Кто-л. встревожен, испытывает сильное беспокойство, тревогу, утомление и т. п.

— *Вуьшта а кхузахь са логе кхаьчна со хьийза, ткъа хьо хьайн «хьан оьздаллица» юкъагlерта.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Са лоцу. Трудно дышать кому-л. от избытка чувств. Ср. **Са лаца.**

Са лоцце тоха /кхета/. В сердце, в смертельное место (стрелять, ударить и т. п.).

Наиболее уязвимая сторона; то, что более всего волнует, беспокоит, то, что является причиной постоянных забот, огорчений, страданий, болей и т. п.

И йоьлхург хIусамнана яра. Зеламхас тоьхна топ тешнабехк бинчу Элмарзина са лоцце кхеттера. М. Мамакаев. Зеламха.— *ХIунда бах ахь? — хьажийна делахь а, дацахь а, са лоцце кхеттачу хаттарна хаттарца дуьхьалвелира Анзор.* М. Мусаев. Анзор.

Самалха дала. 1. Освободиться от чего-л. угнетающего, принуждающего. 2. Чувствовать себя прекрасно, свободно, независимо и т. п. (обычно после угнетающего и т. п. или после трудной жизни). Перестать волноваться, испытывать чувство облегчения.

Самалха дала ца дита (й, б, в). 1. (Кому-л.) кто-л. или что-л. не дает покоя, наслаждаться и т. п. 2. Под влиянием кого-л. или чего-л. чувствовать себя неспокойно, несвободно и т. п. *Хасар: 1. ХIай стаг, хIай! ХIунда гIерта хьо сан чу? Суна вовзац хьо. Я вовза са а гатлац. Самалха дала ца дуьту-кх аш тхо.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. 2.— *ЛIатта дIадаьккхина, лам чу дерзийна, самалха ца долуьйтуш, шайгахь IазапI латтош берш муха безар бу ламанхошна?* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. 1. *Уггар сакъералу хан йолчу оцу йоьIан а самалха дала ца дуьтура вехна лелачу дас.* I.-Хь. Хамидов. Дурдий, Даргий.

Са мере дало /озо/. Ставить кого-л. в беспокойное, тревожное, безвыходное положение, состояние.

Йочанаш йокъанца хуьйцу, цIе тесна, соьца ша даго. ГIа дожош, ареш йо куьйса, дийначийн са мере дало. Хь. Сатуев. Сан деган готтачу кхерча.

Са метта дан. 1. Выходить из обморочного состояния. 2. Не чувствовать усталости. 3. Переставать волноваться, успокаиваться.

Селехьат, сихо ел, ас хьо цецъяьккхина, са метта даладел, вуй хезехь стаг хийра? I. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашка. *Вассин са метта деара тийначу гуьйренан дийнахь.* М. Исаева. Ирсан орам.

<Сан> да ваха. Клятвенное заверение в чем-л.— *Таро ерг Массо а хIума а дийр долуш ву со, амма хIинццалц ахь де аьлла долу хIума ларIехь хилла меттиг-м бац, сан да ваха!* Ш. Окуев. Юьхь. Ср. **Со лолда хьан!**

<Сан> да вижначу кашор. Клятвенное заверение в своей правоте (увиденного, услышанного, в том, что говорится и т. п.).

— *Ас и говраш сацийра, боьрдаха йоьдучура церан йоI кIелхьара яьккхира. Валлахl, сан да вижначу кашор, бакъ ма ду иза! — шен даг тIе куьг диллира МIаьчига.* Ш. Окуев. Юьхь.

<Сан> дела <я! (!). Выражение удивления, негодования, недоумения.

Юьйхира Медина: — Вай, сан дела! Кечам бина ма яц со. Ма гIолахь, Тамара. Х. Ошаев, Цхьана колхозехь.— *Сан дела я!! — мохь туьйхира IабдуллIас.— ХIара хIун ду?!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Сан ден букъ (ненан голаш а). Ирон. И прочее, прочее. О большом количестве чего-л.

Сан ден ваша вац. Разг. У кого-л. нет близких людей, которые могли бы оказать услугу, помощь, поддержку и т. п.

Сан деда вагIахьара. Разг. 1. Выражение возмущения, негодования, гнева. — *Нах бита! Сан деда вагIахьара уьш декъала хилале.* М. Мусаев. Анзор. 2. Выражение равнодушия. *Сан деда вагIахьара, цо и гIуллакх даллалц!*

Сан десара. Клянусь в искренности, правдивости чего-л.

— *Рицкъа тIаьхьа хиларна, цкъадолчунна, Iалашо тилаелла, хIинца хIара гIогIах кхетар бахьана долуш ваьлла хьо, амма, сан ден сара, хьуна хIинца хIара болх бинчу стаго кхана кхин доьхнарг а дийр ма ду.* Ш. Окуев. Юьхь.

<Сан докъазалла>//<Сан докъазаллина> хих цIе ер яра <...>. К несчастью, все может произойти, случиться и т. п.

— *Сан докъазаллина хих цIе ер яра, Хьамид.* Х. Ошаев. Алун шераш.

Сан докъа тIехула ваьлла. Выражение протеста со стороны кого-л. против чьего-л. предполагаемого действия, поступка.

Сан дуьхьа/Суна хин долчу дуьхьа<сийна цIе ялахьара/хIо кху дуьненах...>/. Мне все равно, безразлично.

— *Сан дуьхьа ахьа хьайна луъург дан мегар ду хьуна! Суна цунах хир долуш ши кепек хIума дац!*

<Сан...> къина. Как нарочно, как назло.

<Сан...> къина воьлхур (й, д, б) ву /вара/. Кто-л. почувствовал бы жалость, сострадание к кому-л., если бы узнал (о его положении, состоянии и т. п.).

Дауд: Аса лелийнарг дийцача, сан къина воьлхур вара стаг. І.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

<Сан> хIун кошара пIаьний лехьор дара(!). Выражение, означающее: какая (мне) будет от него польза, толк!

Сапар дехка. Принять решение. (Что-л. обязательно сделать). Ср.: **Юкъ ехка.**

— *Ахь хIун дай? Хьайн сапар дехка ахьа, хьан гIуллакхаш цхьана лар тIе даха дезаш ду.*

Са /пах/ даа. Разг. Нервничать, раздражаться, огорчаться и т. п.

— *Ма хьийзаехьа со, ма даахьа сан са а, пах а!*

Сапой яйта. Проучить, жестоко наказать кого-л. Ср.: **Супа байта.** В древнем вайнахском городке Нахше жил князь по имени Сапой (Супай). За его надругательства народ отрубил ему голову.

Са санна <еза (в, д, б)>. Сильно, незабвенно любить, хотеть и т. п. (чего-л.).

Султан. Везий хьуна со, Хадижа? Хадижа. Сайн са санна. Къа латадо ас. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Саттал яа (д, б). До пресыщения наедаться.

Са тIема (тIома) дала. Быть безгранично счастливым, очень довольным.

Со а Iийна Теркан тогIехь вац а лой тулгIеш а хьоьстуш, Цу тогIен эсалчу хIонехь мархащца са тIема дуьйлуш. І. Мамакаев. Сарахь Теркан тогIехь.

Са хадо. Доводить до крайнего изнурения, состояния и т. п. Ср.: **Хир хадо.**

Хиккина са хадийнера Бочас шен алашан. Раздуьйлуш чуьуьду кема, и делан дьахни тIелоьхкуш. Са хьадда йогIуш ю рема, де эшнарш бергащца цоьстуш. Хь. Сатуев. Шийла маршо.

Са хьадда <вела (й, д, б)>. Сильно, безудержно смеяться, хохотать.

Султан, Зазий, Хадижий синош хьадда буьйлу. Х. Ошаев. Некъ жIара болуш.

Сах-пахе хила. Р а з г. Успокоиться, перестать волноваться, беспокоиться.

— Кхуьнга яхале, со а яра гIеххьа хьоьга безам болуш. Ишта хила язделла хилла-кх хIара. ХIун дийр ду, ахь бохучунна реза ю со-м...— бIаьргех даьлла хиш йовлакхца дакъа а деш сах-пахе хилира Кесира. Х. Ошаев. Заманан некъаш /«Къовсам»/.— *Ахь гIуо иларе хьоьжий-техьа? Машинаца вахана веъча, жимма сах-пахе хуьлура хIара.* М. Мусаев. Анзор.

Сахьт дац <хуьлчу хIуманан /юьхьIаьржонан и дI. кх/>. Все может случиться, нельзя полностью застраховать себя от неожиданностей в жизни.

— Хьуна ма-хаьара, валаран а сахьт дац, кхана хьоьх хIун хуьлу хуш со а вац. С. Бадуев. Бенхам. *Ахьмархьаьжа. ...Иах баьххина керта. Гергарнаш схьахьилхи а сахьт дац.* Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа. *Сахьт дац юьхьIаьржонан.* С. Курумова. Сан тIалат.— *Царна чохь патармаш ду-дац ца хаьа вайна, я уьш юьйлина ю-яц ца хаьа вайна. Тешнабехк хилла сахьат дац, тIе ма дегталол царна.* Ш. Окуев. Юьхь. *ХIорсннан а юкъах дихкина герзаш, нуьйраш техкина, кийчча лаьтта дой. Сахьт дац кхераман.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Сахьт санна. Однообразно и непрерывно, с механической точностью.

Чохь а, арахь а лергана там беш, сахьт санна, цхьабосса бекара установкийн болх. М. Мусаев. Анзор.

Са хьала-охьа (ца догIуш). Р а з г. (Находиться) в бессознании; перестать дышать (от сильных волнений, болей и т. п.).

Кхеравелла, ша хIун леладо ца хуьш са хьала-охьа ца догIуш висинера Носур.

Саца меттиг боцуш (байна). І. Не зная покоя (мучиться, томиться) (от томи-

тельной работы, обременительных забот и т. п. Ср.: **Синтем байна//Сацар-хIоттам байна.** 2. Мучительно страдать от невыносимой боли.

КIайн чопаш шена яйча, саца меттиг боцуш чIогIа хазахетта эла Тепсаркъина. Нохчийн халкъан фольклор. («Эла Тепсаркъий, Жоьра-Бабин Жонсаркъий»). *Буьйсанна наб ца кхеташ, дийнахьа саца меттиг боцуш синтем байна хьийзар ву-кх со.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Сацам-хIоттам бан. 1. Лишенный спокойствия, нормального состояния. 2. Испытывать волнение, беспокойство.

Сацам-хIоттам байна, сахьте хьоьжуш, йиллинчу меттехь собар кхачийна лелара Баудди.

Са ца тоьа//Са ца даккхало. Кому-л. тяжело, трудно дышать от избытка чувств, сильных переживаний, ощущений.

Са <чохь> мел ду. Пока жив (обычно клятвенное заверение делать что-л.).

— *Сайн са чохь мел ду Даймехкана тешаме хир ву со!* Ср. син. **Синтlилтlаг мел ю** (Р а з г.).

Са <чу> дало. 1. Спасти (кого-л.) от неминуемой гибели, болезни. 2. (Кого-л.) сделать материально обеспеченным, независимым от кого-л. или чего-л.; спасти от неминуемой разрухи, бедствия и т. п.

Са <чу> деана (дан). 1. Кто-л. стал материально обеспеченным, независимым от кого-л. или чего-л. (обычно после бедной, жалкой, несчастной и т. п. жизни). 2. (Кто-л. почувствовал (в себе) уверенность, начал активно действовать.

— *ХIара паччахьан Iедал тIехь мел ду, Iедалан балхахь и къуйн къепал мел ю са чу а деана дахар хир дац-кха хьуна вайн.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Са чу диллина. См. **Са дилла чу.** О самом близком, любимом и т. п. человеке.

Иштта чарна къеггина долу масал ду шайн дерриге а дахар берашна дIаделла болу, шайн са царна чу диллина къахьоьгуш болу хьехархой-ветеранаш. I. Кусаев. Ленинан весеташца.

Са чу долла. Оживить, возродить что-л.

Са чIогIа. О выносливом, крепком, здоровом человеке.

— *Шек а ма вала хьо, Ахьмад, са чIогIа стаг ву хьо, кестта толур ву,— олура хьажа тIеваьначу лоьро.* Х.-А. Берсанов. Майра иччархо.

Саьрмикан /лаьхьанан/ мотт. Р а з г. Кто-л. не в меру болтлив, язвителен, не умеет хранить тайну, сдерживать себя в разговоре; употребляет грубые нецензурные слова.

Седа дуьхьал <ве (й, д, б) /гIойла/>. Р а з г. Выражение проклинания (проклятия). Возникновение фразеологизма связано с языческой верой вайнахов.

Бож-Iела: Эхlей, дела бе хlорш седа дуьхьал. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *— ...Вайн бертаза цига боьлхучарна хlун де вай? — Кху юьрта богlу некъ бехка-кхl — Царна а, церан тlаьхьенна а! Юьртах баха беза доьзалш а! — Седа дуьхьал гlойла уьш!* А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Седарчий дагардайта. Р а з г. Проучить, жестóко наказать кого-л. (обычно как выражение угрозы).

— Тоьхна, тоьхна гlиба а ваькхина, седарчий дагардайта дезара цуьнга. Тlаккха хуур дара мотт ца бетта. Ср. **Нана «Пакка» ю моттийта.**

Седа санна <цIена>. О чистой, прозрачной воде.

Илес. Бакъду, со-м теша партин баккхий хьаькамаш нахана диканиг дезаш а, и диканиг уьш дан гlерташ хиларх. Ишта ду иза. Амма цхьана меттехь дух-дуьйлуш шовда а хуьлу. Цигахь, седа санна, цIено а, хьаьъна а хуьлу иза. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Седа хилла <дуьхьал ваьлла (й, д, б)>. Р а з г. Кто-л. кому-л. создает препятствие, служит препятствием, не допускает чего-л.

Хьасан седа хилла дуьхьал ваьллера Белов юьртан советан председатель харжарна.

Селамсолтин тапча <яра и-м>. Р а з г. Выражение иронии, насмешки по поводу чего-л.

Ср. **Нукин шаптал. Ражин ге.**

— Иза-м Селамсолтин тапча яра! Цхьа а бакъдоцург дош доцург. Цунах-м ца теша хала дацара!

Серий санна <догIа делха /тоха.../>. О дожде (накрапывать) мелкими каплями.

Серий санна, детта догIа а, йоккхачу тоьпан гIовгIанца угlу стигла а, говрана ворда жимма язъеш баьлла хатт а, буьна кIелахь воллушехь шен вашавар а Дикина бен а ца хетара, кхуо цуьнан башха ойла а ца йора, шен устазан гIуллакх кхочушда ша гIала а кхаьччахьана, цигара цIа а кхаьччахьана. С. Бадуев. Пхи туьма.

Сецна бакъ ду. Абсолютно верно, совершенно точно, без каких-л. искажений. Употребляется при подчеркивании правильности, истинности чего-л.

— Сецна бакъ ма ду, хlокху сохьта и хьажжкIаш чохь гали а эцна, хьо суна тlаьхьа ца хlоттахь, хlокху гlожаца аса хьан массо а пIенда багарбийриг хилар. I.-Хь. Хамидов. Абубешар. Ср. **Сецна ду.** *Теневич: Ишта ма аьллахь, гIалат хир ву хьо... (меллаша). КIира бен хан яц царна... Иза сецна ду!* С. Бадуев. ЦIен гIап.

Сецна яьлла <ойла>. Окончательное решение, выбор и т. п.

— Суна шера хууш ду, Кунта-Хьаьжин берриг мурдаш а, цхьацца карзахе адамаш а шайн доьзалшца Сибрех я Жимчу Гlебарта кхалхо Iедалан сецца яьлла ойла хилар. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Сий дохка. Становиться предметом всеобщего поругания, осуждения.

— *Шайн сий духкур доцу нах оьшу тхуна, цаьргахула нохчашца уьйр таса.* Х. Ошаев. Алун шераш.

Сийна кIур эккхийтана. Р а з г. Кто-л. энергично, с полной отдачей сил взялся за какое-л. дело.

Балха тIехь сийна кIур эккхийтина воллура Къедир, сацар-хIоттар доцуш.

Сийна цIе лато. С умыслом воспламенить что-л. (иногда и кого-л.), поджечь что-л. (или кого-л.).

— *Ошшада-биллахI, боху-кх! Цу тIе, нагахь ас зуда ялаяхь, сох а, цунах а сийна цIе латор ю ша а-м.* В. Матиев. Мокхазан дог.

Сийна цIе ялахь а. При любых обстоятельствах, условиях и т. п. Выражение решимости.

См. **Дуьненах сийна цIе яла.**

— *Тапа! Хьуна бакъдерг дезахь, цу паччахьах а сийна цIе ялар лалур долуш бу-кх вайнах! — хаийтира Имхьаьжис.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Ерриг а юрт ягарх, сийна цIе яьлла, уьш шиш а вацара бен дIа а хеташ.* Х. Эдилов. Шиннан къайле.

Сийна цIе яьлча а <лерган дуьхьиг уьхьур доцуш /бен ца хеташ.../>. Ни при каких условиях, обстоятельствах. Выражение отрицания чего-л.

— *Цкъа-делахь, царна коьрте хIиттинарш, хIокху Нохчийчоьнах сийна цIе яьлчи а лерган дуьхьиг уьхьур доцуш, таронаш йолуш нах бу, туркойн Iедалехьара цхьана дикане догдохуш боьлхуш.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Цхьана сохьтехь шен самукъадаьлчхьана, цунна бен дацара шен доьзалх а, дуьненах сийна цIе яьлча а.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Сийна цIе ялахьара (!). Выражение возмущения, досады.

Сийна цIе ялахьара кху нана дуьненах. I. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь.

Сийначу стигала ваккха (й, д, б)//Стигалан тIурнене ваккха. Непомерно расхваливать, восхвалять.

Сийсара вича санна. Р а з г. О человеке без элементарной сообразительности.

— *Хьо сийсара вича санна ма лела?! Хьо стеннах цецваьлла? Метта вола!*

Сийсара хIун йиъна а ца хаьа. Кто-л. ничего не помнит, не знает, не ведает и т. п.

— *Ва кIант, дечге оьхуш болу нах хIокху новкъа-м ма ца оьху, вайша мича дуьгу ахь? — йистхилира Маржан, тIаьхьа кхиа гIерташ, цо санна баккхий когаш а бохуш.— Нахана-м шаьш сийсара хIун йиъна а ца хаьара, яло хьо чеккха, декъа дечиг долу меттиг-м суна хаьа хьуна!* Ш. Окуев. Юьхь.

Сила (сила-а) йолу (й, в, б). 1. Такой большой, значительной по величине, размером, мощности, глубине и т. п. 2. Такой важный по значению, необходимый, очень нужный. 3. Такое великое, бесчисленное множество.

1.— Газета тІе и ваькkхина, сила-а йолчу районехь вуьйцуш верг мила вара? Бади вара! Ткъа болх муха бо цо? Дика бо. І. Гайсултанов. Малика. *Цхьаммо дийцира, Москвахь, ша ресторане вахча, цу чохь ю бохура иза, цхьана кавказхочуьнца. Сила йолу и шен еха месаш букъца охьа а хецна.* А. Айдамиров. Ирхеш 2.— *Сила-а суна оьшуш йолу книжка яйина Идриса.* 3.— *Сила-а долу и халкъ кхаба дезаш дара.*

Сил дукха еза (в, д, б). Очень любить, испытывать к кому-л. (чему-л.) сильное, глубокое чувство, привязанность и т. п.

Вехха тІе а хьийзина, шен сил а дукха еза йоІ ялийна цхьана кІанта. І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. «Тамаша а дера бац».

Синбилгало (син-мажо) къастале. Рано утном. Ср. **Синбилгало яьржаш.**

Синбилгало къастале гІоттура хьала. С. Курумова. Дохк.

Синбилгало яьржаш. Рано утром. На рассвете.

— *Ткъа хьаьжкІаш кхиоп Заид? — кхин дІа а бохура цо.— Иза а ву массара вуьйцуш. Синбилгало яьржаш арахь хуьлу боху иза.* І. Гайсултанов. Іаьржа портфель.

Син пІилдиг схьаэца. Р а з г. Сильно напугать кого-л., наказать кого-л.

— *Аса сайна тІекхачахь и цуьнан син пІилдиг схьаоьцур ю-кх хьуна.*

Синтем байна <хьийза...>. Кто-л. сильно расстроен, потерял душевное равновесие.

ДІадаханчу шеран бІаьста Терски областан эскарийн командующи а, оцу областан начальник а хІоттийна инарла-лейтенант Михаил Гариэлович Лорис Меликов, тахана синтем байна дІасахьийзара шен кабинетехь. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Ишттачу хьолехь, синтем байна, некъехьа бІаьрг бетташ Іара Арсланов.* Хь. Магомадов. Операци дІайолор ю сатоссуш.

Син тІера вала (й, д, б). Потерять сознание, упасть в обморок.

Син цІарах. На каждого, на душу.

Сискал лаха (яькkха). У с т. Добыть средство к существованию.

Амма таханлерачу дийнахь МІаьчига йинарг кхин чІагІо яра: къолаш ца дан а, харцахьара ца лелан а, хьаналчу къинхьегамца шена а, шен мискачу нанна а сискал лахан а! Ш. Окуев. Юьхь.

Сискал эрна яа. Р а з г. Жить (правильнее существовать) зря, без пользы.

Кхин деш-дуьтуш доцуш, эрна сискал яар бен кхин пайден вацара Решид.

Сискал юткъа ян. Р а з г. Употребляется в переносном значении, когда требуется уменьшение дозы нежности, ласки по отношению к детям.

Сирник таса. Р а з г. Сжечь, уничтожить что-л.

Сица даа(й). Выражение проклинания (по поводу, если кто-л. что-л. поел).

— Цхьана йоккхачу стеган ахьар хьерара цIа а деана, иза айса цуьнан чу охьа а диллина, тIаккха цуьнга «Сица даа ахь хIана» а аьлла, со а дера вогIу,— дийцира Омпакъас. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. /«Нехан безам бац-кх соьга»/.

«Со» «ас» ала (баха). О человеке, который чрезмерно хвалит себя.

Ша пхьоьханехь, я синкъерамехь, я иштгачу кхечу меттигашка нисвелча, «со», «ас», аьлла хIума а дуьйцура цо. I.-Хь. Хамидов. Абубешар.

Собар де ахь (аш) (!). Выражение угрозы.

Зулай. Собар де аш, клубехь жимма репетици-хIума а йина, оцу божаршна-м вай бIиллиг дуьллур ду шуна. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Со бен мила ву бохуш. О чрезмерно гордом, высокомерном человеке.

— Ахь дешначу къорIанор, вай массо а стаг вахалбас, со бен мила ву бохучу, мил-милха а волчу кIанта дийр долуш хIума ма дацара хьуна иза, Зеламха. Ш. Окуев. Юьхь.

<Со> да волуш (й). (Иметь) в своем распоряжении, подчинении и т. п., а также иметь своей собственностью.

И тоьла тIанк-аьлла юьзна бераш доцург кхин хIума дац да волуш. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *ВаллахIа, со да а волуш, хьуна дала хIума-м дац,— чIагIдина декхар шех доллучо.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Ши хеча хир ю...»).

Со вала /лолда/ (й, д, б) /хьан кънна.../. I. Восклицание, выражающее удивление, досаду, возмущение и т. п. Восклицание иногда сопровождается междометием «эхI» и частицей «хIанехьа».

— Хьо ма да адаме! Вай, со яла елла, ас лелориг ма къайла а гIур дара! /.../ — Меча, со лолда хьан, бакъдерг ца дуьйцу делахь, тховса оцу хьайн гIелваларца жерочуьнца буьйса яккха реза хир вара хьо, я садаIарна реза хир вара? Ш. Окуев. Юьхь.— *Со яла хьан делаI, сан жима ва Сурхо, Хьо вижий ма Iилла, сан жима ва Сурхо, Вижна Iуьллу Iуьйре яц ва хьуна геанарг.* Нохчийн халкъан фольклор. «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли». *Села (хьасталой). Со лолда хьан, Зулай, ма яккхалахь сан цIе.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.— *Со лолда хьан, зуда! Дийца со кхета а вешI — дийхира Балауддис.* Н. Музаев. Мур.— *Со лолда хьан, Мовсар, лохьа соьга,— бохуш сихдина, вукхо цуьррига хьауьйзуш йоццушехьа.* I. Гайсултанов. Малика.— *Соь хIун де бах ахь ткъа?! — гуттар чуьравелира Анзор.— Со лолда хьан, араяьн елахь...— ара ца йолуьйтуш, ГIизару Ажус сацийра.* В. Матиев. Мокхазан дог.

Со дела вац /И. д./. Выражение удивления, восторга, недоумения и т. д.

— Со дела вац, оцу тхан йоккхачу Мартантlехь жима а, воккха а Мохьмадана махорка юхкуш вацахь! Ш. Окуев. Юьхь.

Со-со вац (й, д, б) шуна (хьуна). Обязательно, непременно. Выражение заверения в чем-л.

— Со-со вац шуна, я кху станицан атаман а вац шуна, ас цу боьхачу муьжгашка шун, гlалгlазкхийн, когашна обанаш ца бахийтахь. М. Мамакаев. Революцин мурд.

— Со-со вац хьуна, хьо кхунах дохко ца валахь. Ас делан наьlалт кхайкхор ду хьан сина а, пхана а. М. Мусаев. Анзор.

Сан цунах доьхна гlуллакх дуьсур дац. Кто-л. не будет тянуть что-л.; обязательно сделает что-л.

— Иза хала дац. Вай хlинцехь чекхдоккху хьуна иза-м (гlуллакх — авт.). *Сох доьзна хlумма а дуьсур дац хьуна.* Ш. Окуев. Юьхь.

Социйла /хlуттийла/ дайна лела хьийза. Быть, находиться в постоянном движении. О постоянной занятости кого-л.

Цхьана дубизвлахочун кlант хилла, социйла дайна, харцахьара лелаш. Нохчийн халкъан фольклор («Цхьанхьа ца кхетча болий иза?..»). *Кlантана шен болх бевзаш а, безаш а хетара. Ткъа Овхьадан социйла дайинера.* М. Мусаев. Дашо маха.

Стелан хаьштиг санна. Кто-л. обладает очень хорошей физической сноровкой, искусный в движениях, изворотливый. По происхождению связано с языческой верой.

Мехкаршна-м lуьргара лаьхьа а боккхур болуш, стелан хаьштиг санна волу гlахъаьлла жима стаг везий. Хьо санна долу бежана дац царна дезарг. Х.-А. Берсанов. Болатчу динар бере.

Стелан хаьштиг схьакховдо <стаг хилча...>. Выражение означает: «Если бы (у меня) был такой человек, который мог оказать необходимую помощь, услугу; который мог выручить, спасти и т. п. в необходимый момент. В древности выражал подвиг Прометея.

Стенан меха ду (!). Выражение одобрения, признания.

Стенах тера ду (!). Выражение возмущения, чего-л. хорошим, правильным, прекрасным и т. п.

Хаз ма-делли шена луъучу хахка машина хилар стенан меха ду жимачу стагана! М. Мусаев. Анзор.

Стигла екориг. У с т. Тот, который определяет ход, течение чего-л.

Стигла кlел. 1. На свете. Ср. **Маьлха кlел//Батта кlел.** 2. Без жилья, без крова; на улице, вне помещения.

Цул сийдоцуш, аьрха къам кху стигла кlел хир дац. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Стиглanаш йоьлхур яра <латтанаш лелхар дара>. Выражение крайней степени скорби, ужаса, горя и т. п., вызываемых чем-л. Выражение взято из корана. Оно означает, что не только люди, но и небо и земля, если бы они могли плакать, понять, выразили бы чувства негодования, до такой степени ужасно, возмутительно что-л.

Стиглан нене /Iаршка/ <дахийта /вала/, (кхосса)>/. См. **ТIур-нене** <дахийта (кхосса)>. Очень высоко (бросить, подняться и т. п.).

Стиглан ненера даккхе <а>. Хоть откуда (достать, найти и т. п.). Ср. **Лаьттан бухара даккхе** <а>.

Стиглан тIур-нене//Ср. Стиглан нене. 1. Р а з г. В высь; очень высоко, в самую верхнюю точку вертикали, в апогей. У с т.

Пхьармата Стиглан нене кхоьссира хаьштиг. Оха йина гIала стиглан нене хьала яхана. 2. Высшая точка развития чего-л. *Церан дош Стиглан нене даьлла.*

Стиглара воьссича (воьжча) санна. 1. (Кто-л.) не понимает того, что очевидно, что понятно всем. 2. Неожиданно, внезапно появился.

— *ХIара бен вайна оьшуш хIума-м дацара хьуна.— ХIинцца стиглара воьссича санна, дIаса а хьажна вистхилира важа.* 3. Яндарбиев. Буьйса.

Стиглара лаьтта вожа (й, д, б). Приходить в трезвое состояние, приобрести прежнее состояние.

...Кхин мел йолу сийлахь цIераш йолу иза Павелна хьалха хьалхалерра секунд-ротмистр хилла дIахIоьттира, стиглара лаьтта вуьйжира. І. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Стиглара седа баккха. 1. Совершать что-л. выдающееся, из ряда вон выходящее. 2. Отличаться дарованием, умом.

Стиглара седа боккхур болуш. Крайне решительный, очень опытный и т. п., стремящийся добиться своего, хотя бы вопреки здравому смыслу.

Хьесталчу кIедаллица жоп делира Айжана:

— *Со хьаьким вац-кха .. Стиглара седа боккхуш а ма хуьлу...* Н. Муцаев. Мур

Стигла сийсош. У с т а р. Бесцельно, без пользы, праздно проводить время.

Стигла тIехаьрцаш елахь а (...). При любых обстоятельствах, при любых условиях (готов поесть, решимость кого-л., что-л. сделать, совершить).

— *Ша и стигла тIехаьрцаш елахь а, юха а вер воцуш, туьраний, гIоранний агIо а узур боцуш, дика кIентий бу-кха хьуна уьш, Зеламха.* Ш. Окуев. Ялхь

Стиглах корта хьекхалуш велахь а. Какой бы силой, мощью не обладал (кто-л.).

Майрачу, хьуьнаречу, нуьцкъалчу кьонахчух бIаьрг бузара нохчийн, амма стиглах корта хьекхалуш иза велахь а, шайн коьрте а воккхий, цунна муьтIахь ца совцура уьш. А. Айдамиров. Шемалай леламаш.

Стиглахь гІаланаш ян. Предаваться несбыточным мечтам, планам.

Стим санна (къаьхьа). О чем-л. горьком, кислом.
Стим санна къаьхьа дара туьканахь дисина бепиг.

Суждане ваха (эха) (й, д, б). Униженно просить о чем-л., умолять.
Хьомсара тхан наной, бІаьрхиш а Іенош, къилбехьа суждане хийла ихна. ДоІанехь пагІато, ирс, маршо йоьхуш, хийла уьш билхина, Нохч-ГІалгІайчоь. Хь. Саракаев. Нохч-ГІалгІайчоь.

Суй божо (таса). Возбудить какое-л. чувство; дать основание, повод к чему-л.

Суй санна. О способном, ловком, опытном человеке.
Суй санна, тІахъаьлла стаг вара Мирзакъай.

Сукурсет (нукурсет, заббари) яла. Разг. Расфуфыриться (т. е. одеться чересчур нарядно, крикливо, вызывающе). Обычно о женщинах.
Сукурсет яьлла, сетташ, дІасахьажа ца ешаш йогІура Нурибат.

(Суний) а, тІерачу даллий а хаьа и. Уст. Никто не знает (кроме меня). Залуба (синкъераме, ирахь лаьттачохь). *Дер тохар со жима йолуш дуьйна схьа а ахь айса аьлларг дийр ду моьттуш-м со суо а ма ю хьуна! (Юьртан къеда:) Суний, тІерачу даллий-х хаьий и!*
С. Бадуев. Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад.

Суртан тІай. Разг. Опасный мост, переход. По происхождению связано с религией. Дийцаршца кхоьллина Суртан тІай ккузахь дац, хІурлаІан бошмашкахь Мехкарий ловзуш бац... М. Мамакаев. Шайхе.

Сурт санна. О красивом человеке. Первоначально в обороте подразумевалось украшение косметическими средствами.
Дуьне тІеклел даккхадаллал нуьцкъалчу кхуо, сурт санна, хаза со, шегахь Іийча тоьаш, хи чу пІелг а ца тухуьйтуш, кхобур ю»,— соьцурл йоьІан дагахь: кхидерш дІа а туьттуш! М. Мусаев. Анзор.
— ВаллахІ-биллахІ карор ю-кх, сурт санна хазаниг а, диканиг а. В. Матиев. Мокхазан дог.

Сурт тІехь. Судя по внешнему виду.

Сурт хІотто. Создавать видимость в чем-л. Ср.: **Кеп хІотто.**
ХІинцца, ши бутт хьалха Кулдевича шен гергарчу нахехула гІайгІа а бина, юьртан банк шен кара еллачул тІаьхьа, Мирзас Кулдевичца юкъахь а банк наха къола дина ехьи моттуьйтуш сурт хІоттор а сацийна, мала а хиъна, цхьацца къамел деш, зударий хьахабелча, дика кеп а хилла Кулдевича чІагІо йинера, шега муьлхачу а нохчийн зудчух куьг тохийтинчул тІаьхьий бен, и банк шаьшшинна ерзош долчу гІуллакхана тІетовр ма вац ша, аьлла. С. Бадуев. ЦІеран арц.
— Сан БатІална хьайн цІе а тиллина Іаш яц хьо? — шен дог гІелделла сурт хІотто юьйлира Зуга. М. Мусаев. *Дуьненан ялсамани.— Схьавола, охьахаа*

юург яан, чIогIа тамехьа кхача бу тахана механизаторшна кечбина,— боккъалла а боху сурт хIоттийра Мовлдис. I. Ахмадов. Тешнабехк.

Суьйре дика хуьлда (!). Формула приветствия при встрече вечером. Приветствие может употребляться только в вечернее время.

— Суьйре дика хуьлда шун! — аьлла, шен кIудал юза йолаелира иза. Н. Музаев. Мур.

Т

Тайпа-тукхум долуш (хила). Уст. 1. Знатного происхождения, из привилегированного класса, сословия. 2. Иметь много близких и родных. Употребляется, когда говорящий хочет подчеркнуть, что у него есть люди, которые могут его поддержать, выручить и т. п.

Тай тоьхча санна (нийса). Разг. Гладкий, прямой, не имеющий возвышений, изгибов (о дороге, равнине).

...Тай тоьхча санна, нийса, тIулгийн деха урамаш долуш, чуьра хьал лардан дIахIиттийна, шайн Iаьржа баганаш гIаттийна лаьтташ яккхий тоьпаш а йолуш, кегийчу тоьпийн Iалашонаш арахьара тIедогIучу вонна тIеэрзийна лаьтташ йолуш, аьнгалийн бохь болуш, болатан бух болуш, исс эзар нел йоьллуш, исс эзар кIур болуш йоккха гIала. Ш. Окуев. Юьхь.

Такхийна тача (дан). Медлить с чем-л., умышленно затягивать какое-л. дело, работу. Ср. **Татин гота ян.**

Талу хуьлда (хуьлийла) // Лен талу хуьлда (!). Выражение возмущения, негодования, проклятия.

Чоьнтиг. Сардамаш ца дуьххуш, кхо сом схьалол ахь... Бакарбика: (ДIало ахча) Хан! Талу хуьлийла хьуна кхунах. Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.

— Вада веза кхузара,— бос о бовш ша-шега шабарш дира Iабдуллас,— талу хуьлда цунна кху хIонсах... Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Тамашийна гIуллакх (хIума) ду. Невероятно, странно.

Там боцург. Что-л. несоответствующее (чьим-л. взглядам, интересам, вкусам); что-л. неприятное, аморальное и т. п.

— Там боцург а го-кх оьздачу стагана,— тIетуьйхира ас. С. Курумова. Сан ГIалат.

Тапар-тип (!). Восклицание: тише! тихо! Чаще всего употребляется в детских играх.

Тап-аьлла (дIатен (тен, Iан и дI. кх.)). Молчать, не говорить ни слова. Вести себя тихо, смирно, без лишних нарушений.

Тап-аьлла дIатийна, хIума яа юьйлира бехкалаяхана Сеса. С. Курумова. Ца йинчу ненан хIусамехь. *Дерриге а адам тапп-аьлла дIатийра.* Ш. Окуев. Юьхь. *Тап-аьлла дIатийра цу тамашеначу къовсаме хьуьйсурш.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. Ярмаркехь хилларг. *Ловзар тап-аьлла тийра, сецира, нах тентак баьхча санна.* И. Эльсанов. Хелхаран мах.

Тап-марха ян. Разг. Создавать ложное впечатление о чем-л., представляя чего-л. лучше, чем есть на самом деле.

Шен дерг а, доцург а хьалха дуьллуш, ша цхьа къаьхьа де шун хIоттийна моттийта гIерташ тап-марха ян гIертара Марха.

Тар-дов доцуш. Разг. (Жить) мирно, без конфликтов, ссор и т. п.

Юьхьара лецира боьду некъ цIехьа, совдегарца доцуш я тар, я дов. Х. Эдилов. Сийлаха.

Таро йолу нах... Уст. Состоятельные люди, богачи.

Маьждигана хьалхарчу дехачу гIантахь могIара охьахевшинера «таро» йолу нах. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Таро йоьхна. (Быть, находиться) в крайне сложном, затруднительном положении, состоянии.

— Я уьш (хьаьжкIаш — авт.), я кха ло боху шена. Таро йоьхна ву со. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Татин гота ⟨**ян**⟩. Медлить (не торопиться; не спешить с выполнением, осуществлением чего-л.), мешкать, тянуть, канителить (оттягивать, затягивать что-л. ненужными проволочками).

Цундела Николай Федоровича Гикалос дина къамел оьрсийн маттара нохчийн матта а даькххина, нохчийн маттара суьлийн матта а даькххина, юха суьйлийн маттара Iаьрбийн матта а даькххина, дахдина, татин гота йина, дIадийцира уллорчара. Ш. Окуев. ЦIий, латтий. *Цкъа цхьамма цхьаъ дуьйцуш, вукхо кхин олуш, вежарша йоккха татин гота йина.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Тован везаш-м кхоь а вара»).

Тахана дуьненахь ⟨**а**⟩ **кхана эхартахь** ⟨**а**⟩ **/къематан дийнахь а/.** 1. Навсегда, навеки. 2. Никогда.

— Тахана дуьненахь а, кхана къематан дийнахь а хьо воцург кхин да воцуш, суо къинтIера ваьлла, долара ваьлла, хьуна бели-кха ас и айгIар! Ш. Окуев. Юьхь. *— Iаьржа талу хилла Iеттадойла ахь, айхьа тхо мисканийн диъна рицкъа! Детта цIий хилла аратийсийла ахь иза! Тахана дуьненахь а, кхана эхартахь а тхан къих хьалха ма волийла хьо!* А. Айдамиров. Ирхеш.

Тахана я кхана... Очень скоро, в ближайшее время, на днях.

— Паччахь хилла-кх, хIета, и гергарлонаш хIаллакдинарг! — элира Дутас — Хилла! Ву! — чIагIдира Ивана.— Изза, тахана я кхана оьрсийн белхалойн классо

вохо волу паччахь ву! Н. Музаев. Сатийсаман пицкъ. *Юьхьанца, тахний-кхаий бохуш, ларвора цо кIант.* С. Курумова. Дохк. *Тахана-кхана схьалур долуш ахча а, ялта а ду тхуна.* I-Хь. Хамидов. Бож-Iела. — *Кхузара со дIаваьлла боьалгIа бутт бу. Тахана-кхана сан метта стаг хIоттаво бохуш, тIехь да воцуш, лаьттина колхоз.* А. Айдамиров. Ирхеш. *Амма суна бехк ма билла хьо шен хенахь ца йовзарна вицвина, сох дог ма дилла, тIекхочур ву тахана-кхана.* Ш. Рашидов. Iаьржа бIаьргаш. *Тахана-кхана балха дIахIотта везара.* Хь. Яхъяев. Белита.

Ср. **Тахана-кхана бохуш.**

Тахана-кхана бохуш дац. Употребляется, когда что-л. нужно безотлагательно, немедленно, не отлагая на будущее время, сделать без ожидания приступить к чему-л.

Тахьтазаре яха (в, д, б) Далеко, в удаленное место (идти, ехать и т. д.) *Я аьтту, я аьрру агIор цхьа-ши гIулч юьстах ялахь, херцаш, тIекIел юьйлуш, охьа чу «тахьтазаре» гIур яра машен.* А.Айдамиров. Ирхеш.

Таьжгенаш йийца (лело). Разг. Заниматься пустой болтовней, пустословить, сочинять небылицы.

Мохсолта: Хьоьга и таьжгенаш йийца ца бохий аса-м. I-Хь. Хамидов. Мохсолтин доьхна де.

TIаьхьа вита. Опережать в достижении чего-л.

Тевна хиъна котам санна. Прост. Кто-л. ничего не делает; бездействует; бездельничать.

— *Хьан болх бан карах цадалар бахьана долуш, цхьа тевна хиъна котам санна, кху тIергIа юкъахь Iа-кх со!* Ш. Айсханов. Мало — хало.

Тема дан. Сделать, совершить что-л. неполноценно; действовать неполноценно, кое-как.

Шен муридалла охьа а тесна ваха гIерташ, цхьацца тема деш лела Дика шолгIачу шарахь, бахам жимма толуш, дикка пагIатвелира. С. Бадуев. Пхи туьма. *Наха бисмалла доьшуш, Мутас цхьа тема дина.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш! («Дуьххьара маьждиге вахача»).

Гентак ваккха (й, д, б). Разг. Лишать возможности трезво и здраво оценивать обстановку.

Цкъа дукха чIогIа коьрте деанчу халчу лазаро бIарз а вина, тентак а ваккхина хьовзийча, ша вейта я нехан стаг вен сацийна цомгушчо. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Моллин хьехамца»).

Тера-мера хIума. Что-л. посредственное; не очень выдающееся, большое, талантливое и т. п.) Что-л. обычное, традиционное и т. п. Ср. антоним: **Тера-мера хIума дац.**

Делахь а, хIара (Анзор — авт.) кенах ваьлчахьана тоуьйтуш, тер-мера хIуманаш тIехьа туьттуш схьабогIу уьш. М. Мусаев. Анзор. *Дукха мехкарий бара ломахь, Зовра гича, цIийлуш. Наггахь ерг а яцара царах, цуьнан дола ялар тер мера хIума хетар долуш.* С. Курумова. Дохк.

Тера хьаса бац. Ничего похожего, общего (обычно о внешнем сходстве).

ХIан-хIа, Хьамидах тера хьаса а бац кхуьнан, ойланаша юха а дIахьо Света. І. Юсупов. Безаман хIайкал.

Теттича ⟨а⟩ **Іоьттича** ⟨а⟩. Ни за что, ни при каких обстоятельствах, усилиях и т. п.

Оцу малончица хIун болх бийр бу? Теттича а, Іоьттича а сихлур волуш а-м дера вац. І. Гайсултанов. Малика.

Тилор-тай. Абсолютная малость. (О чем-л.)

— *Кхана суьйранна там алийта нах бахкийта, ахча хьайна луъучуьра даккха, амма цара цIе тоьхна там цхьа тилор-тай ца иэшош, кхоччуш дIабахьийта.* И. Айдамиров. Эмгар.

Тилор-тай тIе хIотталц. 1. Абсолютно все, до последней вещи (спустить, проиграть, пропить и т. п.) 2. Насквозь, совсем (промокнуть, вымокнуть).

Тиша-киша <хIума (-наш)>. Р а з г. Что-л. старое, негодное (о вещах).

Кертахь оьшу цхьацца бахаман гIирсаш кхузахь атта каро там бара-кх иьлла, гIаддайна схьанехьа ваьллера со. Кхузахь тиш-киша хIума эца дагахь. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Ткъес детта. Р а з г. Говорить гневно, раздраженно; угрожать, распекать кого-л.

Толкха ваккха (й, д, б). Воздействуя каким-л. образом, приводить кого-л. в растерянность, в заблуждение.

— *Цо эцца цхьацца-шишша олуш, Іехийна толкха ваьккхина, айса хIун леладо ца хаьара суна.*

Топ-салам-жIолам(!) Р а з г. Приветствие (шутл.).

— *Топ-салам жIолам! — элира нанас. Шуна дуьхьлара зIар хьан даьккхи.* С. Курумова. Ца йинчу ненан хIусамехь.

Топ тохахь а. Ничем не убедишь (кого-л.). Ср.: **Йоккха топ тохахь а.**

Топ тохахь а, ша аьллачунна тIера вер вацара Саьмби.

Топ-тур даьккхина. 1. Действовать сгоряча, не считаясь ни с чем, не думая о последствиях. 2. Наброситься на кого-л. с целью нанесения физических повреждений (обычно с каким-л. оружием; во всеоружии).

Топ а//турца а. Уст. (Добиваться) энергичным действием чего-л.

Топ ян. Разг. Менять местожительство, местонахождения (прихватив с собой все свои вещи).

— *Селхана Буритlара Чермоев Тапа ведда Дагестане вахар хаьий хьуна, шен истангах топ а йина?* Х. Ошаев. Алун шераш.

Тоса-вала (й, д, б). Заметить, обнаружить, увидеть.

Дауд (ла а дугlий) Цхьанна а тоса-м велла хирг хир вац со? І.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

Тоьпан хазехь <вац (й, д, б)>. Разг. (Нет) нигде поблизости (о ком-л.).

Тоьпаш тохахь а//Урс хьакхахь а, вийна дlаваккхахь а. Выражение готовности на какой-л. риск, опасный шаг и т. п.; ничем не убедишь кого-л.

Тоьпо лоцур вац (й, д, б). О быстром, стремительном движении, перемещении кого-л.

Дlа тlекхетта шен кетар кара а лаьцна, кхоьссинчу тоьпо лоцур воцуш, дукха чехка ведда къайла велира Хумпlар-Кач. Ш. Окуев. Цlий, латтий.

Тоьттуш-lуьттуш. Разг. Насильно заставить кого-л. что-л. сделать.

Тоьттуш-lуьттуш хала делан балица дас дечке хьажийра Асланбек.

<Тоьхча> лерг хадор долуш. Разг. О новых бумажных деньгах.

— *Ткъа царна чохь шай-кай хуьлура. Ткъе пхиъ соьмийн, пхеа туьманийн кехаташ. Тоьхча лерг а хадор долуш, цlена а, бен доцуш чутеlийна, овголаш хуьлий а.* А. Айдамиров. Дика нах.

Тудаз (тудуз) ян. Делать что-л. кое-как, небрежно и т. п.

Керт аьлча а, эсий чоьхьа ца далийта цхьа тудуз йира Расула а, Эдалбис а.

Туйнаш даа. С завистью смотреть на что-л. заманчивое, соблазнительное, но не доступное.

Туй тесна а бен ца хьажжал (хьажийтал). О ком-л. или чем-л. очень прекрасном, хорошем и т. п. Связано с суеверными представлениями.

Уьш кхоь вара кхеран. Туй тесий бен бlаьрга ца хьажжал, куц-кепехь. М. Мусаев. Маргlале хатта.

Тур текхаш [лелаш]. Разг. Быть главным, хозяином положения, обстановки.

Абубешар. Хlокху юьртана хууш ду, кху юьртахь тур текхаш хиллачу Закlин бlотlа со юй. І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Амма Леча юкъа вогlуш долу бенойн тайпа*

доккха тайпа дара Iакадойн эвлахь. Цундела тур лелаш лолура и юьртахь. Х. Ошаев. Алун шераш.

Туьканара ма-эццара. Совершенно новый; только что сделанный.

Туьлликийн пхьоьгIа. Р а з г. Несолидная организация, группа и т. п. В прошлом такие группы носили прогрессивный, антирелигиозный характер движения. В некоторых чертах имели сходство с анархистами.

Туьрла-туьрла дийца. Говорить красиво, пространственно, витиевато. Туьрла-туьрла дуьйцура зударша.

Сох хьоьгура мехкарий. Цхьаберш гома а хьуьйсура. С. Курумова. Сан гIалат.

Туьха <а <сискал> а> юкъахь [цхьаьна] даа. Находиться в приятельских, дружеских отношениях.

Туьха таса. Касаться того, что болезненно волнует, беспокоит, задевает кого-л.

Цуьнан кхиамащца цхьаьна алсамболу Хьамидан цуьнга болу цабезам а. Оцу тIе туьха туьйсу Хьамидана гонах хьийзачу наха. А. Айдамиров. Ирхеш. *Иштта гIайгIано лаьцна дIаоьхучу деноша Уци хенал хьалха къанвора. Цу тIе, цхьацца кара а вора кхуьнан доьхначу даг тIе туьха таса.* М. Ахмадов. Хьер-м сатесча а хьийзаш яра.

Туьха тесна пхьидаш санна. Р а з г. В крайнем волнении, неспокойно (быть, чувствовать себя).

— *Туьха тесна пхьидаш санна, Борзиган некъий мел ирх кхиссалахь а, латта-м охур ду наха.* Х. Ошаев. Алун шераш.

Тховх туйнаш детташ <Iан и дI. кх.>. Р а з г. Предаваться безделью. Калька с русского языка: **Плевать в потолок.** Объясняется обыкновением русских крестьян во время отдыха лежать на полатях или на печке и, покуривая, сплевывать с губ табачные крошки. Место для лежания на печи устраивалось под потолком, этим объясняется форма в **потолок.**

Тховх туйнаш детташ ехийла ду хьуна дуьненан ирсехь. Х. Эдилов. Сийлаха.

ТI

ТIадам тоха (хIотто). Окончательно выяснить, уточнить все подробности, не оставлять ничего недосказанным; доводить что-либо до логического конца.

ТIай тIе гIоьртина бугIа<санна>. Выражение используют для характеристики человека, поведение, поступки которого определяются упорством, иногда переходящим в упрямство.

— Дика айгlар берстана ца хуьлу,— стоммачу Нухьина Iоттар йира Аьстамара.— Тахана хьо хьелхаволуш, и хьайн гай ца лелалуш, тlай тlе гlоьртина бугlа санна, вехьаш вара хьо. А. Айдамиров. Ирхеш.

Тlай тlе хьовзо. Ставить кого-л. в затруднительное, сложное безвыходное положение.

Тlак-мака. Р а з г. Что-л. праздное; безделье; бардальеро.

— Ой, цхьа къинхьегам боцуш тlак-мак-м дера хир яц! — жоп делира Хаима /.../ — Дlакхуссур ахь хьайн коьрта чуьра и «тlак-мак» боху ойла! Н. Музаев. Мур.

Тlаккха ткъа. 1. Стоит ли сомневаться: конечно.

— Хьо воьдуш ву цига? — Тlаккха ткъа. 2. Иначе и быть не может.

Тlамарш хьохуш ⟨**дийца**⟩. Говорить красиво, пространственно, витиевато. Ср.: **Бустамаш дохуш** ⟨**дийца**⟩.

— Ас дуьхьал дlа эр ду. Со тlамарш хьохуш дийца lемина вац.

Тlам тоха. Проявлять в полной мере свои силы, способности, действовать энергично, решительно.

Тlам хьовзо. Р а з г. Танцевать (обычно о женщинах).

— Йолстаг йолуш ловзаршкахь хьаха яра со дика тlам хьовзош. Кху стаге а еана дерриге а галдели-кх,— елакъежира тхоьца цхьацца дуьйцуш лаьтта Жовхlар.

Тlанк-аьлла ⟨**юьзна...**⟩ **(д, б, в).** 1. Очень много, в большом количестве, в избытке (о ком-л. или чем-л.) 2. Очень тесно. 3. (Заполнять что-л.) полностью, до краев.

1. *Борз. Йисттехь ю, боху ахь? Цхьогал. Дера ю. Котамех тlанк-аьлла юьзна а ма ю.* I. Гайсултанов. Хьуьнхара цIа. 2. *Тумашас бертаза «Ахlи» иэккхийтира: зал юха а тlанк-аьлла юьзна яра.* Н. Музаев. БIарлагIийн тоба. — *И тоьла тlанк-аьлла юьзна бераш доцург кхин хlума дац со да волуш.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Тlап-аьлла ⟨**ян (в, д, б)**⟩. 1. Р а з г. Внезапно, неожиданно исчезнуть (о ком-л. чем-л.).

Иштта хlора кIиранах гlаш шайна дикка гена йолчу базара буьгуш, хlара лелаш, цхьана базара дийнахь Iуьиранна етт тlап-аьлла байна. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Къанбелла етт») 2. Р а з г. Без слов, улик (исчезнуть).

Тlара кара ⟨**бан**⟩. Р а з г. Оказаться в материально выгодном положении. (О ком-л. кто незаконно наживается на народном добре.)

Тlарал а гатйина. Р а з г. Ставить кого-л. в затруднительное, сложное положение.

Ахь йоккха и хIусам тIарал а гатйина, мича довла иа хууш, хьаьвзира тхо. М. Сулаев. Цхьана поэте.

ТIарий чу доттал ⟨а⟩. Очень в малом количестве; хоть немного — и того меньше.

ТIатIарий ботта. См. **Аьшпаш ботта.** Ср.: **ТIуьрлиг ботта.**

— Ма IехавайталахьIо оцу зудче. Суна хаьа хьуна цо лелориг. Хьуна цхьа хаза хабар дуьйцуш, тIатIарий а боьттина, ахча даккха йоллу хьуна иза,— аьлла Дагас. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Амина»).

ТIатIин зурманаш лекхча а. Разг. Ни при любых условиях, ни при любых обстоятельствах. Употребляется для отрицания чего-л.

— Ахь тIатIин зурманаш лекхчи а, хьуна хетарг хуьлчуьра даьлла,— хаъал бос баханера Овхьадан. М. Мусаев. Дашо маха.

ТIаьхьара сахьт ⟨**тIехIотталц**⟩. Вплоть до самой смерти, до конца жизни.

ТIаьхьара сахьт тIехIотталц партин тешаме бIаьхо хилла чекхвелира Аслан-бек. Подполковник кхийтира шена къинхетам хир цахиларх, *амма тIаьххьара сахьт тIехIотталц адамо дог ца дуьллу дахарх...* Хь. Саракаев. Веданан лаьмнашкахь.

ТIаьхьарчу когаш тIе даккха. Разг. Быть, находиться в безмерно радостном настроении.

Сутарби. ХIара дохковала-м, жимма кемсан молха а малийна, тIаьхьарчу когаш тIе даккха деза дегI. I-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

ТIаьхьарчу новкъа вала (й, д, б). Умирать.

Дукха къа ца хьоьгуш кечвина ДанчIа, цхьа сахьт хан ялале иттех стаг а, Болат а гонах, барамахь тIаьхьарчу новкъа велира. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *ТIаьххьарчу новкъа а ваьлла, хьайга ас кхо аьрша йоьхуш. Доьху ас, хилалахь латта, гIа, зезаг даржадай доьлуш.* М. Мамакаев. ТIаьххьарчу новкъа а ваьлла.

ТIаьхьарчу хьесапехь. В итоге, в результате всего.

— ТIаьхьарчу хьесапехь вай аьлча, хIара гIуллакх кхин дах а ца деш, дижийта деза.

ТIаьхьа таса. Помочь подтянуться кому-л. в чем-л.

ТIаьхьий-хьалхий. Беспорядочно, врассыпную (двигаться, идти, бежать и т. п.)

Ниха мийлина жимма бахаран кеп хилла болу кегий нах шайн шаьлтанашший, секхаIодмашший эцна тIаьхьий-хьалхий дIахьаьвдира ялташ дийначчу ара. I. Гайсултанов. Болат-гIала йожар.

ТIаьхь-тIаьхьа. Постепенно, с течением времени, мало-помалу.

Юьхьанца-м лардеш башха кIорга чу ца луттура, амма тIаьхь-тIаьхьа а и

ловзар марз а делла, шина пIелга юккъехь схьалаьцна маьIиг бен арахь ца юьтуш, къайладохура цо кехат. I. Гайсултанов. Уггар механниг.

ТIевожа (й, д, б). Становиться предметом чьих-л. забот (о ком-л.).

— *Яьлла хIунда лела хьо, мунда? Нуьцкъала ТIевоьжна-м вац хьо суна кхаба.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

ТIе дац // Кхин тIе дац. Разг. Ровно столько, сколько названо, указано, как раз так, именно так.

ТIе-каре (кера, кереш) вала (й, д, б) ⟨**ян**⟩. 1. Быть любезным, совершенно искренним, чистосердечным с кем-л. 2. Любезно обращаться с кем-л.

— *Ма воккхаве со шу гина! — даима, ша цхьа Iалашо йолуш цхьанна тIекхаьчча ма-хиллара, тIе-кера велира полковник* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Вогlувоьдучуьнца тIе-кере волуш меттиг а йогlура, велаваларан кеп а хIоттош.* С. Курумова. Дохк. *ТIе-каре еш воллучу сойга деваша цкъа шеконца хьаьжира, тIаккха дIаелира аьлла хийтира суна и шеко.* И. Эльсанов. КIайн коч. *Къаьсттина хIара зудаберашна везаран бахьана хIара нахаца тIе-кере чIогIа йолуш хилларрий, лаца йогIучохь чIогIа яхь лоцуш хилларрий дара.* С. Бадуев. Бешто.

ТIе-каре стаг. О любезном, близко знакомом, добром человеке.

Нохчашца чIогIа тIе-каре стаг вара полковник. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

ТIекIел ваьлла ⟨**Iа**⟩. Кто-л. наслаждается от изобилия чего-л.

ТIе кIел санна ⟨**шийла**⟩. Очень холодно.

ЦIа чохь, тIе кIелахь санна, шийла яра.

ТIе латташ хьакха. Уничтожить улики какого-л. преступления, поступка и т. п., чтобы не оставлять никаких следов.

— *ТIе латташ хьаькхачхьана дIа ца долу ахь хьайгара далийтина гIалат.*

ТIе ма да хьо ⟨**делаI**⟩ **(!).** Выражение возмущения, негодования.

«ТIе ма да хьо делаI! — ойла йора Марема.— ХIорш телхина-техьа?» З. Яндарбиев. Буьйса.

ТIеман аре аьхна хуьлда. Доброе пожелание воинам, отправляющим на войну (бой, фронт и т. п.).

ТIемаш дала. Окрылять, воодушевлять.

ТIемаш дац. Не иметь сил, возможностей и т. п. что-л. делать.

— *Дан дага лаьцна дуккха хIуманаш ма дара, делахь тIемаш дац-кх.*

ТIемаш довла. Загореться желанием что-л. сделать.

Тlемаш хадо. Лишать возможности проявлять себя, осуществить что-л., развернуть широко свою деятельность.

Тlепаза дан (в, й, б). Исчезнуть совсем, навсегда.

(Ср.: русск. **Как канул в воду)** Ср.: **Лар йоцуш дан (в, й, б).**

Ишта Дудас лелош долу гlуллакхаш Iедална хиънехьара, хlара тоххара лаьцна, тlепаза вайна хир вара. С. Бадуев. ПетIамат. *Кхозавелла шиш а, куьйгаш хадийча санна, хи чу а воьжна тlепаза вайра.* I. Мамакаев. Винчу юьрта. *Муса. Доккха хlума ду-кх, лорах тlаьхьа ихнашехь, цуьнан сел тlепаза вар.* I.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий. *Тоитин каракхаьчнарг гlуна чу доьжна эппаз санна тlепаза дайна дIадолура.* I. Гайсултанов. Iаьржа портфель. *Лаьар-кха, вахна, жимачо санна, уьш лехьош, цу хьуьнхахь тlепаза ван.* М. Сулаев. Хьан, цIаста санна, йогучу месашкахь.

Тlера бIаьрг ца баккхал (баккхалуш) <хаза..>. Кто-л. или что-л. очень красивый нарядный, приятный, и т. п.

—Хьажал, Миша, хьайна муха хета. Со-м тlера бIаьрг ца баккхалуш, хазалла хьоьжу кхуьнга,— хьалагIаьттира Хьасипат. Ш. Окуев. Юьхь.

Тlера бIаьрг ца боккхуш. Смотреть в упор, пристально; в одну точку.

Шега цо вальсе кхайкхаре сатуьйсуш, цунна тlера бIаьрг ца боккхуш Iаш вара важа. Ш. Окуев. Юьхь.

Тlера воцу (й, д, б) /ца хила/. Не иметь в чем-л. опыта, способностей, сноровки, мастерства и т. п.

Къамелана башха тlера воцу Селихь, Iилманча санна, башха дийцар деш вара. Н. Музаев. Органан тогIехь.

Тlера доттал а. См. **Тlара доттал.** Разг. О малом количестве чего-л. /чаще говорится о недостаточном терпении, хладнокровии кого-л./.

Собар дацара тlера доттал а. С. Курумова. Ца йинчу ненан хIусамехь.

Тlера неI даккха. Безжалостно эксплуатировать, сильно притеснять кого-л., подвергнуть тяжелому наказанию.

Бож-Iела. ...Лергина ца Iаш, тlера неI даккха ма гlертал хьо. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Тlера хила. Быть в чем-л. опытным, способным, одаренным, умелым и т. п. О сильной склонности кого-л. к чему-л.

— Воккха стаг! — чIоггIа вистхилира Халид.— Нагахь, хьо хабарна тlера велахь, иза дийца кхул аьтто болуш меттиг карор яц хьуна хIокху маьлхан дуьненахь. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Гуьйранна ирча хуьлуш яраш. Уьш бух яьхначуьра оьрнаш Элбарда дIашардинехь а, леррана болх бар гойтуш билгалдуьйлура. Дечу гlуллакхана и тlера хилар хаара.* Х. Эдилов. Кхиэл. *Аьрха хилар дика ду, кхано гlуллокхана тlера хир ма ю, даккхий хилча ша хьо велхавар тlехдетташ.* И. Эльсанов. КIайн коч.

Тlе сиз хьакха. Забыть, заставлять себя забыть кого-л. или что-л.

Тlетоха а дац <дlадаккха а дац>. Ровно столько, сколько названо, указано; как раз так, именно так. Об окончательном мнении, решении и т. п.

Тlетоха <а<тlерадаккха> а> хlума доцуш. Совершенно, очень сильно (похож, похожий, схож и т. п.).

Тlетоха а, тlера даккха а хlума ца зелучу аматашлахь и кlант нохчо хила герга хольуьйтург билгал ца даккхалора. М. Мусаев. Анзор.

Тlехвала (й, д, б). Совсем не считаться с кем-л., относиться с пренебрежением к кому-л. или чему-л. Ср.: **Тlехула хьежа.**

Чоьнтиг ...Оцу ловдалшка хlара цlенош дайтин ахь. Аса ца айанехь, жиргlан тlе хиъна моза санна, лийр вара хьо. Бакарбика. Дукха тlехваьлла хьо! Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа. *Мохсолта. Хьо жимма тlехваьлча санна хета сона, Мохьадди.* 1.-Хь. Хамидов. Мохсолтин доьхна де.

Тlех ма вала (й, д, ь). Будь осторожнее в выражениях, поступках, действиях и т. п., как предостережение, предупреждение, пожелание.

Тlехула ваьлла дlаваха (й, д, б). 1. Уйти, не замечая кого-л. или чего-л. 2. Сделать что-л. поверхностно, легко, без вдумчивого подхода. 3. Сказать что-л. невпопад, не то, что следует.

Тlехула ойла <ян>. (Сделать, обдумать что-л.) поверхностно, легко, нелогично и т. п.

—Ненан мотт ца бийцичхьана хуьлу ткъа интернационалист? Хlан-хlа, Къаим, аш цхьадолчара тlехула ойла йо цуьнан. А. Айдамиров. Ирхеш.

Тlехула тlе. Сверх того, кроме всего прочего, к тому же.— *Тlехула тlе ахь мел дуьйцург харц а ду.*

Тlехула тlехьа. Вполне, с избытком (о чем-л.)

Тlехула тlехьа тоьаш дара колхозникаша дохнна кечдина докъар-йол.

Тlехула хьежа. Совсем не считаться с кем-л., относиться с пренебрежением, высокомерием к кому-л. или чему-л.

Цхьаннак а ца вешаш, массарна а тlехула хьоьжура иза. 1. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Тlехула эккха. Р а з г. Не подумав, несерьезно, легкомысленно, без понимания дела (делать что-л.)

Тlехьара тlаьхье. Потомки.

Тlехьара тlаьхьенна дийццал доккха хlума ду Сибирехь бинчу Бамех лаьцна дийцар.

Тlаьхьа хlоьттина <лела>. Ставить свое поведение, действия в зависимость от кого-л.

Тlехьашха ле. Клеветать на кого-л., наговорить необоснованно, обвинять кого-л. в чем-л.

Джаьммирзайн даижанна дlа цхьа амал яра: тlаьхьашха луьйш, анонимкаш язъеш, кхин уьш язъян стаг ца хилча, ша-шена язйир йолуш а вара.

<Тlехь> бlаьрг сецна. Кто-л. или что-л. обращает на себя внимание.

Ткъа уьш (стихаш — авт.) шайна тlехь дешархойн бlаьрг сецна а, вайн прессо а шен хеннахь билгалъяхна а яра, шайн чулацам психологически нийса, буьйцу мотт говза а болуш, дохкучу суьртийн басарш акварельни куьцехь цlена хиларна. М. Сулаев. Винчу лаьмнийн илланча.

Тlехь да воцуш. Без отца, хозяина, кормильца и т. п.; руководителя в известном смысле.

—Кхузара со дlаваьлла боьалгlа бутт бу. Тахана-кхана сан метта стаг хlоттаво бохуш, тlехь да воцуш лаьттина колхоз. А. Айдамиров. Ирхеш.

Тlехь дац <кlел дац>. Разг. О бедности, нищете кого-л.

Турцехь бехаш дукхах болу нохчий тlехь доцуш, кlел доцуш, миска, lедало таlийна латтош нах бу.

<Тlехь> дечиг даккха. Жестоко наказать кого-л. в чем-л., притеснять кого-л.

Тlехь дечиг даккхахь а. Что бы с тобой не делали, не терзали, при любых обстоятельствах (делать что-л.)

lедал делера ду, цара хьайна тlехь дечиг даккхахь а, чlикъ ца боккхуш, церга балда а лаций, сатоха. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Варе, варе, хьайн цlийндена дуьхьал дош ма алалахь, цо хьайна тlехь дечиг даккхахь а.* І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Ирс яl»).

Тlехье-хьалхе яц <дукхалла>. 1. Разг. Множество, огромное количество. О ком-л. или чем-л., обычно следующих друг за другом цепью, один за другим.

Тlехье-хьалхе йоцуш дукха дара ломара цlа далош долчу жа. 2. О беспорядочном движении, расположении чего-л.

Тlехь йича санна. Точно по росту, по размеру (об одежде, обуви и т. п.)

Тlехь йича санна гlеххьа яра Тамерлана эцна костюм.

Тlехьош болу некъ. Подход к кому-л. по какому-л. вопросу.

Сутарби. Амма ша куро стаг ю, цундела, цунна тlехьош болу некъ говзо хила беза. І.-Хь. Хамидов. Бож-lела.

Тlе яа /кхалла/. Шутл. Под конец, в заключение.

Ас тIе кхалла цIерга хаамаш буьйцур бу хьуна.

ТIитI ала кхиале. Р а з г. Очень быстро, моментально.

Юьгур ю ша олий седарчех ловза, тIитI ала кхиале хьовзабо корта. А. Осмаев. Пародеш.

ТIитI алахь (!) // Цхьа тIитI алахь <хьо вахьахь/й, д, б/>. Р а з г. Об угрозе.

Iаббаз. ЖIаьла, жIаьла санна, дала деза! Ахь, ваший, цхьа тIитI алахь, ас хIара топ оцу бага тухур ю хьуна а. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

ТIитI дIаала ца ваьхьа (й, д, б) Р аз г. В состоянии такого страха, ужаса, когда не может произнести ни звука, немеет от страха.

— Цунах-м паччахьан хьаькамаш а ца хIуьтту тIитI дIаала, хIетте а вай цуьнан гIо а ца до. М. Мамакаев. Зеламха.

ТIитI дIа эр дац(!). Р а з г. Кто-л. не осмелиться что-л. делать, сказать и т. п.

— ТIитI дIа эр дац! — тIелецира Зармас.— Аллане а! Н. Музаев. Мур.

ТIитI ца хаьа. Р а з г. Кто-л. абсолютно ничего не знает, не понимает. Ср.: **Ши чIеш ца хаьа // Ши кепек <хIума> ца хаьа // Ни тIитI ца хаьа.**

—Оцу хандешнийн спряженех лаьцна тIитI ца хаьа-кх суна,— элира Валида, шена улло хуучу Милане.

ТIо беттахь <а>. О готовности кого-л. что-л. сделать при любой погоде.

—Со тIо беттахь а, тахана гIала вахана ван везаш ву,— элира деттачу догIане а хьаьжна Увайса.

ТIома кIел лаца. Опекать, оберегать, помогать и покровительственно относиться к кому-л. (иногда во вред человеку, который отвыкает действовать самостоятельно).

—ХIара аша тIома кIел лаьцна къу эххар шуна шайна зуламе вер ву. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

ТIома кIел <хила>. Под покровительством, защитой; под присмотром кого-л. Ср.: **Куьйга кIел.**

— Шен тIома кIел мел ду, дуьненан цхьана а паччахьера кхерам хир бац шуна боху... А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— *Цхьаннан тIома кIел волуш санна атта ма дац ахча гулдар а!* Н. Музаев. Мур.

ТIом тIамо юхатуху. Уничтожать результаты чего-л. теми же средствами.

ТIоф (чIоф) аьлла ваьлла ваха (й, д, б). Без промедления отправиться, уйти, поехать и т. п.

Когех тур кхозуш, тезакхаьллойн юьрта тIехула ши-кхо гуо а тесна, нах цецбевлачохь а буьтуш, тIоф аьлла яьлла яхана туодакх. Х. Ошаев. Туодакхан суртахь имам.

ТIоьрмиган бертиг <яста>. Р а з г. Раскошеливаться; идти на затраты. *—Жалов, хьайн тIоьрмиган бертиг ястахьа, хьо ахча мича дIахьа деза ца хууш стаг а вара.*

ТIулгаш кхийса. Осуждать, обвинить; порочить. От обычая бросать камни на место погребения человека, совершившего преступление /кIарлагIия/. См. **КIарлагIа йогIа.**

ТIулг тIулга тIехь <ца бита>. Абсолютно ничего.

ТIур-нене. Очень высоко.

ТIур-иене <вала/й, д, б/) /гIо/>. Выражение возмущения, негодования, недовольства. Фразеологизм связан с мифологией о богине неба ТIур-нана.

ТIур-нене вала, сийдоцу кIант, цига вахна а ца Iаш! — бохура нанас кIанте.

ТIур-нене <кхосса...> (Бросить) очень далеко, высоко и т. п.

ТIур-нене ирахъяхна «тоьпаш», колоннаш, теплообменникаш. М. Мусаев. Анзор.

ТIуртIуз вала <вехна>. Очень сильно опьянеть.

Иштта хир ду! — тIетайра Iаббас.— Хьеше «марша вогIалда!» ала кхиале, бехий тIуртIуз бовлу хIинцалера цхьацца кегинах... Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

ТIуртIуз ваьлла <вехна>. Р а з г. До крайней степени опьянения, до потери сознания (напиваться, быть пьяным, напоить кого-л.)

ТIехьаьжна дукха гIийла а, оза а волчу Хьаьким-Хьаьже хаьттина тIуртIаз а ваьлла вехна вогIучо.— ХIан цIе хIун ю, къонаха? I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира забарш. /«ЦIе хIун ю?»/... *Iабий, Iумарий говрашна тIехаан кечлушехь веана схьакхечира тIуртIуз ваьлла вехна вогIуш волу Сарпил.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

ТIуьрлиг ботта. Р а з г. Лгать, обманывать, говорить небылицы и т. п.

— Говр эмалк хилча, экскар ю машинна тIехула хьовха, баш ламанна тIехула а. Адамаш дийладелира. Ткъа Решид: — Ас дуьйцур ду шуна сайн шина бIаьргана гинарг-м, аьлла шен рогIера тIуьрлиг ботта волавелира. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш.(«Эмалк-говр»).— *Вайн Iедал къобалдина, тIеэцна, вайн бусулба нехан байракх хьала а тоьхна, Узун-Хьаьжин пхоьалгIачу армин эскар ду шаьш аьлла, вайна тIурла а боьттина, уьш охьахевшинехь а, шаьш ма-барра дин доцу керстанаш а, большевикаш а бу уьш!* Ш. Окуев. ЦIий, латтий.

У

Убар санна. Р а з г. Об одиноком, жалком человеке.

Майма... ХIара, Доккхадика. оцу вайша дийцинчу гIуллакха тIехь ледарло ма елахь, убар санна, оцу чохь Iен кIордийна суна. I-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Узун-Хьаьжин ахча санна. 1. Непостоянный, действующий в течение некоторого времени. 2. Что-л. фальшивое, недействительное.

Iаьнга. Иэхьан тIадам ца хета хьуна! Харц ма ду иза, Узун-Хьаьжин ахча санна! Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Уллехула (юххехула) а ца ваьлла (й, д, б). Р а з г. Говорится о человеке, на которого никто не оказал ни малейшего положительного влияния.

Да-м къонаха вара Ахьмадан, амма хIара шен дена уллехула а ца ваьллера.

Умар кхачаяллац. До самой смерти.

Уммурал яхъелла (д, в, б)//Шарал яхъелла (д, в, б). Что-л. очень долго тянется. Созвучно с цитатой из корана.— **«И дольше века длится день».**

Ун дала. Заразиться дурным примером, оказаться под отрицательным влиянием. *Рамзанан хенарнаш малар муьйлуш, цигаьрка уьйзуш лела. Со санначу къеначех а ца лачкъош. Царах ун ма далахьара цунна.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Уппада ваккха (й, д, б). Наносить удары, побои; избивать. Ср.: **ГIиба ваккха (й, д, б).** *Ахьмархьаьжа. Дас, уппада а яьккхина, юхахьажор ю-кх хьо.* Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа. *ХIинцца дIа а лаьцна етташ уппада ваккха волор ву,— дагадеара сийлахьчу шайхана.* Н. Музаев. БIарлагIийн тоба.

Ур-аттала. Даже, по крайней мере. *Ур-аттала, цкъа хьовзо догIа а лур дацара, кега-мерса меже-м, хьеха а ма е хьайна.* С. Курумова. Сан гIалат.— *Ма дийцалахь, Iайнди. Дадас ца могуьту суна. Ур-аттала заочни техникумехь чомахь деша а ца юьту со.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Цунна бIаьрга бан ца безара нохчий, ма-дарра аьлча, ур-аттала шен нана а тIехь.* Ш. Окуев. Юьхь. *Ур-аттала цкъа балха вахна а, цкъа цIентIехь гIуллакх дина а, цо дечцьн хама бина а... цуьнан дагана там ца бина ахьа.* I.-Хь. Хамидов. Абубешар. *Ур-аттала гIенах ганза уьш!* М. Сулаев. Сирла суьйре. *И дерриг а ца хиларал совнаха, ура-аттала «вайнах» аьлла йохкуш цIе а йолуш къам а хир дацара.* Б. Сандов. Замано зийна доттагIалла. *Тхан бIаьхойн атта доцчу дахарехь, дийнахь а, я ур-аттала, буса набарх а, цкъа а хьо йицъелла, хьо дагачуьра дIаяьлла сахьт, минот ецна яц сан, диканиг.* Хь. Саракаев. Меа.

Урок яла. Проучить в назидание. Ср.: русск. **Дать урок.**

Урх йиллина <тIе...> Прилагая все усилия, не переставая, усердно, упорно (делать что-л.). *ДанчIа, цхьа кад мелча, кхин ца молуш сецира, амма Iалха тIе урх йиллина мала волавелира.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Уцин Iам тIера. У с т. Из неисчерпаемого источника.— *Сан ахча Уцин Iам чуьра бухдуьйлуш ду-м ца моьтту хьуна! — тIечевхира нана йоIана.* Уци — сказочный богатырь, нарт-эрстхо.

Уь

Уьнан шарахь /—лера/. Когда-то, давным-давно, неизвестно, когда (было). Объясняется обыкновением древних вайнахов запоминать все прошлое по годам бедствий.— *Кега ма де, Бексолта, цхьана уьнан шарахь хилла гIуллакхаш.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь... *Уьнан шарахь дуьйна ша лаIийна питана Iетто йолаелира беркат доцу дорзлежиг.* М. Мусаев. ЦIен маьхьси. *Рамзан. Велахь, мацаха уьнан шарахьлера и да воккха ца вен волу гIуллакхаш дита а дитий, хьайн зудчуьнца йолу юкъаметтиг хила ма-еззара дIа а нисъяй, хьайга гIо боххучу балха гIо хьо, гIуллакх дика хир ду хьан.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела... *ХIара кехаташ а ма ду сан.— ХIорш уьнан шарахьлерниш ду,— бохура пурстоьпа ца вешаш.* I. Гайсултанов. Сан школа.

Уьнах цIена баьлла. Говорится, когда кто-л. постригся, побрился. Как доброе пожелание.

Ша Рамзанан корта баьшна ваьлча Шимас коьртах тIара а тухуш: — Уьнах цIена баьлла, элира.

Уьшала вахна (й, д, б). Кто-л. оказался в трудном, унизительном положении.

Уьшалара схьаваккха (й, д, б). Избавлять кого-л. от унизительного положения.— *— Хьо нехан декхарх уьшалара схьаваькккхича ахь аьлла баркалла хир ду-кх и!*

Уьш дIадаьлла. Р а з г. Что-л. теперь не имеет значения, веса и т. п.

— ТIе, хIокху сохьта хьайбанийн-бежнийн болу мехаш а ца го хьуна? ХIинца кхуьнан и ахь суна белла мах хир бац... хир бац.. уьш дIадаьлла, дукха вахарг, уьш дIадаьлла. С. Бадуев. Мацалла.

Уьш-м шапталш яра. Р а з г. Ироническое выражение, означающее: все это чепуха, ерунда; из этого ничего не получится.

— Хьуна моьттург хир дац цунах! Хьуна моьтту хир ду со хьох теша, уьш-м *шапталш яра!* Ср. **Нукин шапталш.**

Х

Хаал хилчахьана. О времени с детства, младенческих лет.

Вашас санна, дIадолийра охана, тидам цуьнан айса бина дела. Со хаал хилчахьана. С. Курумова. Сан гIалат. *Со хаал хилчахьана а ву со ишттачу метте сатуьйсуш!* Н. Музаев. Мур. *Ва-дела аьлла, со хаал хилчахьана дуьйна цхьаъ вукхунна тIе боьлхуш, баланаш бара суна тIе Iенаш.* А. Айдамиров. КIант веллачу дийнахь. *Со хаал хилчахьана, суна дага о догIуш, лаххара а ткъоззачул сов кхаьчна иза хIокху тхан декъа улло.* Хь. Саракаев. Меа.

Хабар даржо. Разглагольствовать, сплетничать.

— Бехк сан бу, бегашна санна, цхьа хIума дага а деана, нахана юккъе хабар даржинчу. Ш. Окуев. Юьхь.

Хабарна тIемаш дала. Что-л. известное немногим, может стать известным всем: сказанное что-л. невозможно держать долго в тайне.

Хабарна тIемаш довлу, олуш ду, ишттачунна мухкхале а. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Хаза воццу вала (й, б, д). Опускаться в нравственном, моральном и т. п. отношении.

Хаза дешнаш (хабарш). Остроумное, меткое выражение; выразительное слово.

Янарс... Кестта дика дехир ду а ца бахара вайга. Хазачу дешнашца Iеха ца дора вай. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. *И санна долу хаза хабарш дукха ма хезна суна радиохула дуьйцуш, газета тIехь а дешна.* I. Ахмадов. Тешнабехк.

Хазалла ялла йоллуш (в, д, б). О красивом человеке.

ЦIахь хазалла ялла йоллуш, эсала, оьзда зуда а, чиркхаш санна хаза кхоъ бер а долуш, кхочу зудчуьнгахьа муха волу. А. Айдамиров. Ирхеш.

Хаза нехан санна. I. Очень хороший, имеющий какое-л. качество в достаточной степени (о чем-л.) Как следует. Употребляется как положительная характеристика, оценка кого-л. или чего-л.

...БIаьрган эшарна тахана адам мел хьаьггарр ду хьан, Ваха: хаза неха санна Iойла, доккха пачхьалкхан гуллакх, йоза, дешар, хьекъал, кхетам... М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.— *ТIакха вайша цу дешаре хаза нехан санна йорт а кхоьхьуьйтур ю хьуна! — аьлла, чIогIа реза хилира Iалболат.*— С. Бадуев. Зайнди.— *Ахед хаза неха санна дуьне дууш волчу хенахь, профессор къинхьегаман бала ловш лела...* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Шозлагla, хаза неха санна, хIара сайн миска бIо кечбан а беза ас, со Iовдал хила мегар дац.* Ш. Окуев. ЦIий латтий.— *КIад а велла, садаIа кху чу со ца веанехь, и ямартло лело бохкура-кх хIорш. Таймасхинна цкъа хаза неха санна гIаж хьакха еза.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Ша реза йоцург цаьршиннах даьлча, хаза неха санна тусура цо и шиъ.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Хаз (хаза) ма-делли. Когда, как только захоти.

Хаз ма-делли шена луъучу хаххка машина хилар стенан меха ду жимачу стагана! М. Мусаев. Анзор.

Хаза хIума. I. Смешной случай. 2. Мудрое слово. 3. Анекдот.

Хайра доцуш <дан (й, б)>. Зря, без пользы (терять, пропасть и т. п. что-л.

— *Хайра доцуш дай ас Iалашдинарг,— олура шен зудчуьнга.* С. Курумова. Дохк.

Хала <а>, атта <а>. Едва (с большим трудом), еле-еле, кое-как, с грехом пополам.

Амма шайгара тоьпаш Iункарнехьа а луьйзуш, хала а, атта а ший хьалагIертара. С. Бадуев. ЦIеран арц. *ЦIехьа волавелла Шаба хала а, атта а, сахуьлу котамаш екаш, цIа кхечира.* Ш. Айсханов. Мало-хало.— *Хала а, атта а ларор,— там беш жоп делира керлачу мурдо.* Н. Музаев. БIарлагIийн тоба. *Чехкка говрана тIева-*

хара иза. Хала-атта тIе а хиина, дIахаьхкира цо говр. 1. Гайсултанов. Вухаверза йиш яц. *Оцу ега колхозо-м хала-атта а, хенан йохалла, цхьа таро йийр яра. Вукху ялхаммо хIун дан деза.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Хала дела балийца. С большим трудом, еле-еле, кое-как.

Самадевллачу чуьрчу берийн маьхьарий а, кхаьршиннан гIавгIа а хезна, схьахьаьвддачу лулахошо, хала дела балица Шаба сацийра, дов дIа а къастийна меттиг йира. Ш. Айсханов. Мало — хало. *Хала, дела балица, шурин цхьа-ши Iайг мелира.* Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Хала киртиг тIехIотта. Оказаться в трудном, тяжелом, безвыходном положении.

— Ахь ма-бохху и кхераман мур тIехIоттар ша хууш воллушехь, уггар хала киртиг хIоьттича, буровой а йитина, хIунда вихара иза? Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Шаьш хьанах схьадевла диц ма делаш, мел хала киртиг шайна тIехIоттарх.* І. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Халсту дIаелла. У с т. Убрать, ликвидировать и т. п. препятствия для движения.

Хама ца бан. /Смело, решительно/, не боясь чьих-л. возражений, действий.

Ша хама ца бой хаийта, хабарна «тIе кхалла» стоьла тIера схьаэцна Iаж охьабуьйжира, хьаькамалла дицделла, Iаж схьаэца стоьла кIел кхевдича, коьртара чоьш ирахIиттира Некар-Пашин. И. Эльсанов, ШайтIанан ловзар.

Хан йоцу (яьлла) хан. Позднее время. О ночи.

— Вижина ву иза. Хан яьллачу хенахь цIа веана. 1. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.— *Буьйса дика хуьлда хьан, хIусамнана,— маршалла хаьттира Халида.— Ма хан йоцчу хенахь меттахъяькхи оха хьо.* Айдамиров. Ирхеш. *ТIаккха, дийцал ткъа деана гIуллакх. Шуьшиъ лаа лелий хан йоцчу ханна араваьлла.* Х-А. Берсанов. Хьамзин хьеший. *Хьо буьйсанна, мел хан йоцчу хенахь а, гIуллакх дара алий вола, со ца вагIахь.— Iуьйранна бIаьрга пIелг Iуттур ахь.* И. Эльсанов. ХIордан уллохь.

Хан кхаьчна. 1. Долго не проживет из-за слабого здоровья, тяжелой болезни и т. п. 2. В возрасте, в годах (о ком-л.)

Делахь а, делан кхиэл хилча пайда бац, кIентан хан кхаьчна хиллера. 1. Мамакаев. Текхарг.

Хан тоха. Лишить свободы на определенный срок времени по решению суда.

Цхьана стагах лата а летта, хан тоьхна чувоьллинера иза. В. Матиев. Мокхазан дог.— *Ведда, къаьсттина кхераме тутмакх, рецедивист. Фамили, цIе, ден цIе... Хан тоьхна...»* И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Хан тоьхна /кхетта/. В годах, в возрасте и т. п.

Ханна делахь а, дуьне даа Iемина кIентий ду вай»,—бохучу Ахедан дешнаш дага а лоьцуш лаьллира газик Харламовс. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Делахь а, хан тоьхна йоI ю олучех яцара со арайолуш.* С. Курумова. Сан гIалат. Юкъ-юкъа

хийшина Iара шуьрий, ехий кучамаш юьйхина, безчу механ жовхIарш, цхьацца кIал-кIовсарш кочахь, пхьаьрсех, пIелгех йохку, куралла дIаса хьовса а ца беша, хан тоьхна зударий а, мехкарий а. 1. Гайсултанов. Малика. *Йохка-эцар лелош лела, лоьхуш шена са, цхьа хан тоьхна къоьжа, къена, цхьана доьзалан да.* 1. Цуцаев. Гуьйре.

Хант яц /Хант ца ян/. Не обращать никакого внимания, не реагировать на что-л.

Хан-хене <яла (мел елн)> Чем дольше; чем больше (проходит время). С возрастом, через каждый следующий этап.

И хьуна ноналла дина йолу къинхетаме оьзда стаг каро еза вайшинна. Хан-хене чларца ширдалийта йиш йоцу гергало ду ахь хьехориг. Я. Хасбулатов. ЦIеран некъаш. *Хан-хене мел ели тIех хьоме гуш ду дIо геннахь дисина и бераллин денош.* Ю. Сулейманов. ТогIехь. *Жималлин лар юьтуш, вер ву хан-хене, дахаран зил тухуш гIор ву даймне.*

Хан яйа. 1. Провести время, отвлекаясь чем скуки. 2. Потратить время зря, в безделье и т. п.

— *Бахийтича, дер, цигахь хан а яйина бухабоьрзур ма бу. ХIуммаъ а ца деш.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Хан яц. Не в соответствии с возрастом, не в состоянии из-за возраста.

Цуьнан и лело хан яц.

Харс-аьлла <хадо...> Разг. Решительно, без промедления (порезать что-л. или кого-л.)

Янарс. Тхуна цхьанна а вониг хуьлийла ца лаьа. Хьан вешина хуьлийла а ца лаьа. Амма Советан Iедална дуьхьала айаделла куьг оха харс-аьлла хададо. Х. Ошаев. Некх жIараболуш.

Хар-хир дан. Хрипеть.

БегIийла йоллучохь агIорваьллачу Сулейманна, луьйш Iаччохь наб кхийтира, и хар-хир дан вуьйлира. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Харц-бакъ//Харцахьа <а> бакъахьа <а>. Кое-как, небрежно, беспорядочно, без особых стараний обычно нечестным путем делать что-л. и т. п.

Серий вовшахдетташ, дуьхь-дуьхьал туьйсуш летара ши кIант. Юьхьанцара харц-бакъ а хуьлура церан чучча хьадар а, дуьхьало яр а. 1. Гайсултанов. БолатгIала йожар. *Котамаша харцахьай, бакъахьай мIараш а хьоькхуш, махо лоькхур ду кхана Iуйрре вай делла дуьсу долу хIара пана дуьне!* Н. Музаев. Мур.

Хар-пурх. Кое-как, небрежно, беспорядочно (делать что-л.)

Хастам хиларг. Разг. Вежливое, ласковое обращение (часто с оттенком иронии).

ХIун гIуда дар-техьа сан дегIах хьаьрчинарг? Хьуна реза ю, ва хастам хиларг. С. Бадуев. Кабиха.

Хаттар-алар доцуш... Неожиданно, внезапно, без предупреждения (делать что-л.)

Кхин Зовре хаттар-алар доцуш, пIанкIазхочунна тIетаьIира иза... С. Курумова. Дохк.

Хатт кего. Идти по грязи.

Хах-аьлла. Разг. Приятно, облегченно (обычно чувствовать себя).

— *Хьох тешна аьр ас, со гича, «хах» олий, маслаIате вогIу стаг, ша мел эргIадваьлла хиларх!* Н. Музаев. Мур.— *Малхана гIаддахана хьуна и хьайба. Хьажал! Хахаьлла догIмаш а тодина лаьтта. Хуур дара ячарш хилча.* С. Курумова. *Дохк... Ахь хIинца ши-кхо дош аьлла, даг тIера бала а, гIайгIа а дIа а дойккхина, «хах»-аьлла, сачудахана, пархIат ваьккхи.* Ш. Окуев. Юьхь.

Хаьштик санна. О способном одаренном человеке. По происхождению фразеологизм связан с мифом об огне Прометея.

Хезий хьуна. Разг. Так называет друг друга муж и жена. Восходит к временам первобытнообщинного строя, когда муж и жена не называли друг друга по именам, опасаясь, что от повторения может укоротиться их жизнь, счастье.

Бож-Iела. ХIара мукъане а стенга яхана техьа? ХIей, хезий хьуна, мичахь ю хьо? I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *ОьгIазе цIа кхаьчначу Шабас: «ХIей, хезий хьуна, дIаделла зIар!» — аьлла, чуьрчу хIусам-нене мохь туьйхира.* Ш. Айсханов. Малохало.

Хенах таса. Разг. 1. Брать кого-л. с собой куда-л. 2. Опекать, оберегать; помогать и покровительственно относиться к кому-л.

Цо шен кIентий даима оьшу-оьшург латтош хенах тисина лелабора. Х. Ошаев. Алун шераш.

Хенах тосур ву (й, б). Кто-л. имеет большое преимущество в чем-л. перед кем-л.

Хенах ха тоьхна. 1. В непосредственной близости, рядом (идти, ехать, сидеть и т. п.) 2. Как единомышленники, дружно (жить, бороться).

1. *Шовдана тIехь яра Зоврин чарх, са-м дара ЗабиIатна улло, хенах ха тоьхна доьдуш.* С. Курумова. Дохк.— 2.—*Цара накъост дIа ца тосу, некъ гатбаларх. Хенах ха а тухий дIахIуьтту.* М. Мусаев. Дашо маха.

Хене вала (й, д, б). 1. Выжить; 2. Выйти из трудного бедственного положения.

Эцца, нохчашна тIе хьожуш ву боху цIе а тиллина, сагIина лун хIума санна, хене валлал. /.../ И пекъарш-м хьол дукха гIуллакх тоделла а баций, халла хене бовла гIерташ бохку. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. 2. Становиться взрослым, мужать.

Херо йола <юкъа...>. Быть (находиться, стать и т. п.) в враждебных, конфликтных отношениях с кем-л.

— *Нагахь со лара ца велла, вайна юккъе херо йолахь, аш суна бехк ма билла, сан лаамца и хуьлуш цахиларна.* I. Юсупов. Хьеший.

Хецна ворда <шех> яддал. О внешне неприятном, некрасивом человеке.

Дош дийхира хецна ворда шех яддал ирчачу Биркъас. Н. Музаев. БIарлагIийн тоба.— *Хьо кхерор бен, кхин хIун корматалла ю цуьнан? — хьийзавора иза доттагIаша.— Тхайчел совъяьлла? Ирча-м иза, хецца ворда яддал.* А. Айдамиров. Дика нах.

Хецна вита (й, д, б). Оставить кого-л. на свободе, вне зависимости.

И ши кIант боккъал а хецна витина Хьамида. Кегий болуш, берий вилспедашна тIера волавелла, машене кхачий уьш. А. Айдамиров. Ирхеш.

Хецна хила. Быть независимым; непринужденным.—

— *Цхьаболчу хьаькамашна дезаш дац ишта хецна хилар.* I. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Хеча яккха. Груб-прост. Опозорить, обесчестить, унизить кого-л. (О мужчинах).

Наха тIехдетташ дуьйцура Салманан хеча яьккхина бохуш.

Хеча яьккхинчул <эхь хила>. Груб-прост. О крайней степени позора, бесчестия, унижения и т. п.

— *КIант, нагахь оцу йоIа хьо охьатохахь, хеча яьккхинчул а чIогIа хьайна тIе эхь догIий хаьий хьуна? — тIечевхаш, элира соьга Мовлдис, юьстах ваьккхина.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Охунахь)».

Хечех буржал хиллалц. Разг. До крайнего изнеможения, до решительного исхода (сражаться, бороться, биться, воевать и т. п.)

Хинпаша. ... Схьагарехь, кIентий, хечех буржал хиллалц тасадала дезаш ду моьтту суна гIуллакх. I-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.

Хи да бахийта. Разг. Притеснять, ставить кого-л. в затруднительное положение.

— *Вайн кIентан гIуллакхаш хи да бохучохь ду моьтту суна,— велавелира Ахъяд.*

Хила деззарг. То что надо, следует /по заслугам, поделом/.

ТIедиллинчо нисавийр ву, чу са дуьллур а ду. Сержант Исраилов ма ву дика специалист. Веддарг герз долуш ву. Цхьаъ хилахь — суна хила деззарг хир ду. И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Хилла меттиг яйа. Разг. Разгромить, уничтожить до основания.

Хилла меттиг яц. Ср.: **ТIепаза ван (й, д, б).** Совершенно бесследно исчез. О ком-л. или о чем-л.

Шекар хилла меттиг яцара туьканахь.

Хинкlаш етта. Разг. Выражать недовольство.

Хирг дан. Разг. Прилагая все свои силы, старания и т. п. пытаться что-л. делать.

Бож-Iела. Абубешар, цIа кхачале, бохуш, сайн хирг дан гIерташ-м воллу со. I-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Хирг хир <кхунах>. Что бы ни случилось, ни произошло. Амма Iаламо, вайн лааме ца хьоьжуш, шен амалш дIакхоьхьу.

Цундела, ша хирг хир аьлла, куьг а ластийна, сайн машина а хиъна, меттахвелира со. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.— *Ва-а! Дауд ваккха! Да-уд! — схьахезира маьхьарий. Дуккха а куьйгаша юхагIерта кIанстаг юкъатеттира. Цкъа ийзалуш дIасахьаьжна, тIаккха хирг хир кхунах, аьлла, хелха шершира.* И. Эльсанов. Хелхаран мах.

Хир хаддалц. До крайней усталости, до изнеможения (трудиться, кричать, бежать и т. п.). Ср.: **Са кхачадаллалц.**

Нускал схьакхаьчначул тIаьхьа а мурдаш, ДагагIеран кертахь хир хаддалц ирх а лилхина, шайн-шайн цIа бирзинера. С. Бадуев. Дукханнах цхьаъ. *Цхьа мах а хадийна дIабелла хилча, хир хаддалц бохург санна, болх байта а, вацо а бакъо ю.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Хи санна. *Разг.* Очень много, в избытке, в изобилии. О чем-л.

— *Цу метте, буткех букъ тоьхна охьахиу сан шичан кIант Таймасхий, хIара Маккий.*

— *ВаллахI бу, хи санна, аьшпаш! — Собарде, Мака. ЛадогIа ахь.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Дера, Анзор, жайна даккхийтий,-хIайкал дезашший, эрз язбайта вигий оьхучаьргара а, сахь-сагIа-закатехула а... диллина, хи санна, тIеоьхуш лаьттича Iаьлар ма ду.* М. Мусаев. Анзор. *Цхьатерра, хи санна, барт болу доьзал а кхиъна (Денош-м дIауьдура).*

<Хиххина> хир хадо. Доводить до изнеможения, усталости, обессилить и т. п.

Дийнахь а, буса а наб йоцуш доьзалш кхиийна доьзало дIа мел боккхачу когана шен даг тIе куьг дохкуш, царна хIинций-хIинций цхьаъ хуьлу бохуш, даккхийра синош дохуш, ша шен цIийзарна деле кхийдина, масийтта шарахь масийтта доьзалхо кхиийна кхачаелла йолу Кебиха, хIинца къаналла бухайисча, хиххина хир дайна ворда санна, хIара дIатеснарг мила ву-теша? С. Бадуев. Кебиха.

Хи чохь бIаьргаш биллича санна. Оказаться (внезапно, неожиданно) в неловком, неприятном положении, состоянии и т. п.

— *Лапъолий маре йоьду йоI, хьуна ца моьттучуьнга. Хи чохь, бIаьргаш биллича санна хоьтуьйту.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Жолам яI, хи чохь бIаьргаш биллича санна хьаха дуьсур дара шу-м хIинцца, бохура цо, воккхавеш дагахь.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.— *Хуур хьуна, тахана, белхаш бийраш къийбелча. ТIаккха вуьсур ву хьо, хи чохь бIаьргаш биллича санна!* А. Айдамиров. Ирхеш.— *Хаац суна, цулла а, дукха а ца луьйш, дика дIасахьажа хьо. Когаш кIелхьара и дIа а иккхина, хи чохь бIаьргаш биллича санна, вуьсур ву хьо.* Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Хи чу гIаж тоьхча <пхьидаш> санна>. Разг. Замирать, прекратить шум, крики и т. п. установить тишину (сразу, моментально, внезапно и т. п.)

Маржане делла ахча хи чу кхоьссича санна дIадолура.

Хи чу пIелг. Совершенно ничего не делать.

Хи чу пIелг ца тоха. Не сделать ни малейшего усилия, чтобы осуществить что-л., ничего не сделать, не предпринять, бездействовать (иногда демонстративно).

«Дуьне тIекIел даккхадаллал нуьцкъалчу кхуо, сурт санна, хаза со, шегахь Iийча тоьаш, хи чу пIелг а ца тухуьтйуш кхобур ю»,— соьцура йоьIан дагахь... М. Мусаев. Анзор.

Хи чу Iоьттича санна. Промокнуть, облиться и т. п.

Хи чу Iоьттича санна, догIано вашийначу Дикин хебаршка ихинчу жимчу юьхьа тIехула, лийчина ваьллачу стеган юьхьа тIехула санна, хиш Iийдалора. С. Бадуев. Пхи туьма.

Хи чуьрчу пхьидашна а <хаьа...> Р а з г. О чем-л., что все знают; осведомлены все. 2. Что-л. не представляющее трудности для понимания, усвоения и т. п.

...ГIалгIазкхий дIабохур бац я эпсаршний, элашний декънарш (латта — авт.) шуна юха а дерзор дац. Иза ма хаьа хи чуьрчу пхьидашна а. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Ховхар биьча санна. Р а з г. Крепко уснуть.

— Ховхар биьча санна, наб кхетта Iуьллучу хьуна хIун хуур ду цигахь хIун хир ду, тIехула тIе сахиллалц Iан ма веза дежурствехь.

Холам (хорам) бан. (Са дукъдан.) Раздражает, расстраивает *Арарчу машинийн гIовгIано хорам бина суна.*

Хорам хилла. Кто-л. сильно огорчен, раздражен, расстроен от кого-л. или чего-л.

Шен майрачунна халахетта, дагабаам бина, хорам хилла, юса а елла Iара Майда.

Хорша дерзо (й, в, б). Возвращаться к привычному образу жизни, деятельности, возвращаться к обычному, нормальному порядку.

Шена луучу хорша гIуллакх доьрзург цахиларх кхийтира Хьумид. І. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Хорша дилла. Найти решение, выход из создавшегося положения, ситуации, обстановки (о решении запутанных дел).

— Ас хIинца и муха лан деза! Ас хIинца хIара мича хорша диллина дерзо деза? Ш. Окуев. Юьхь.

Хоршара вала. Перестать вести привычный образ жизни.

Хоршара даккха (й, б, в). Нарушать привычный образ жизни, состояние и т. д.

Худар дан Затевать какое-л. сложное, хлопотное или неприятное дело. Ср.: **ГIурт бан.**

Балха тIехь цхьа худар динера Амча.

Худар дукълур дац. Не сговоришься с кем-л., ничего не получится.

— Ахьа дуьйцучух худар дукълур дац. Ахьа дуьйцург вайн барт хир болу къамел дац!

Худар кего. Разг. Распутывать сложное, хлопотное дело. Калька с русского языка. Из посл.-погов. выражения: Сам кашу заварил, сам ее и расхлебывай.

—Шаьш дина худар шаьш кегаде,— аьлла, юьстахвелира инженер.

Хутал хеца. Развиваться вглубь и вширь.

Вайн прозехь производственни темано хутал хецна.

Хууш ду. Разумеется, конечно.

Тхан бригадир, хууш ду, массаьрца дика ву.

Хуьлу-хуьлуш хилла хелиг. Нужно время, чтобы делать большие дела. О постепенном ходе дел, действий и т. п.

Хуьлу олий ца хуьлу. О непредвиденном стечении обстоятельств.

Хь

ХьагӀ-гамо /бода/ <кийрахь лело>. (Питать) ненависть к кому-л. (враждовать) с кем-л.

Ондда цатам, халахетар шена цхьаьнгара дожарх адамаца хьагӀ-бода кийрахь лелалуш вац Азамат. М. Мусаев. Дашо маха.— *«Черновна хьох харачойн Зеламха гарвелла хилла. Хьо цхьамма мотт а тоьхна, лацийтина. хьоьца хьагӀ-гамо йолчо».* Хь. Сарақаев. Веданан лаьмнашкахь.

Хьажал хьо (!). Выражение удивления, изумления, восхищения. Ср.: **Гой хьуна (!)**

Хьажаха деллахьа (!) Восклицание удивления, восхищения.

— Хьажахьа деллахьа! Суна хьо армера цӀа веаний ма ца хиънера!..

Хьайба санна. Разг. О глупом человеке (также о тихом человеке.)

— Хьайба санна кӀант ма вара Бадрудди, цо хьоьца хӀун къуьйсура?

Хьажа-хӀотта <ван...(й, д, б)> Поехать, идти куда-л. на временное пребывание, на определенный срок, поехать в командировку.

Арухас яздайтина, Зайндина тӀаьхьа кехат дахьийтира, шаьш и гаре сатесна ду, хьажа-хӀотта цӀа вола, аьлла. С. Бадуев. Зайнди.— *Хьажа-хӀотта цӀа а ца ваха хьо-м.* А. Айдамиров. Маршонан кӀентий.— *Иза гӀалахь вехаш вара, кест-кестта шен да волчу хьажа-хӀотта а вогӀуш.* І. Гайсултанов. Сан школа. *«КӀозарш» яцъяйтина деваша волчу хьажа-хӀотта вахара.* И. Эльсанов. КӀайн коч.

<Хьайна> богIу мах дIаэций... Без всяких лишних разговоров, возражений. Просьба, требование делать что-л. немедленно, без осуждения.

— *Хьайна богIу, мах дIаэций, валахьа сан дог этIо а ца гIерташ, дийце!*

<Хьайна...> деле собар деха (!) Р а з г. Выражение вежливой просьбы, иногда настойчивой, являющейся по существу требованием; ради бога, успокойся.

— *Хьайна деле собар дехий, со дийцина валлалц ладогIахьа.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

<Хьайн> буьйсанна чохь е <ахь> (!) Р а з г. Восклицание одобрения, восхищения и т. п.

— *Хьайн буьйсанна чохь е ахь, ма кIант кхатийна хилла-кх хьо винчу нанас!*

<Хьайн (ворхI)> дена неаIалт хуьлда (хила)... Р а з г. Выражение, проклинающее кого-л. Ср.: **<Хьайн> дена наьIалт хуьлда (хила) хьуна (!)**

— *Хьай, хьан хила хьайн ворхI дена наьIалт, ахь соьга иза ала а деза хьуна,— аьлла, вахана, шен ворда кетIахь а юьтуш, чухьаьдда Шаба, цхьа пхьарс а лаьцна хIусамнанна Бикатунна етта хIоьттира.* Ш. Айсханов. Мало-хало.

<Хьайн> ги долла (й, б) (!) Р а з г. Выражение возмущения, недовольства.— *Суна ца оьшу хьан сахьт, хьайн ги долла иза.*

<Хьайн> делан дуьхьа.

Залуба. ХIета, ишта боху-кх цо иза, собар делахь. (охьа а таьIий, ойла а йой). А! Суна хаьа цунна дан дезарг и ахча схьадолу агIо-м. Гелага. (хаза а хеташ). Хьайн делан дуьхьа, боккъал а бохий ахь? С. Бадуев. Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад.

<Хьайн> дена хила неIалт(!) Р а з г. Проклятие, выражающее крайнее негодование, возмущение, гнев.

— *Хьан дена хила неIалт! — аьлла, мохь туьйхира цо.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

<Хьайн> леринарг юха ма озалахь /.../. Р а з г. Действуй как можешь, нажимай на все /как вызов кому-л./

Совдат. Хьайн леринарг юха ма озалахь, кIиллу, хам бац хьан! I.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Даудний.— *БIовв, хама бац хьан, моха еъна Iаьржа хIорд,— дагахь къамел дора кхуо,— хьайн леринарг охьа ма диллалахь: со хьох хIумма а озалуш вац-кх хьуна.* I. Дугин. ХIорд ловзабаьлла.

<Хьайн> цIахь санна... См. ЦIахь санна.

— *Тховса вайшимма цхьаьна буьйса якккахь, дела ву-кх гуш верг, хьайн цIахь санна, парглат наб кхетийта мегар ду-кха хьуна.* Ш. Окуев. Юьхь.

Хьакхар хьакха. Действуя обманным путем, прибегая к различным уловкам, ухищрениям, добиваться от кого-л. чего-л.

Хьала <а> охьа /а/. Р а з г. В любом случае, при любых обстоятельствах.

— *Алал ахь, эхь ца хеташ. Хьала-охьа а ца олуш дIа хьо а гIур вац.* А Айдамиров. Ирхеш.

Хьалха ваккха (й, д, б). Сваливать вину, ответственность на кого-л. Выражение, возникшее от существования у древних вайнахов правила: в пути впереди должен был идти более смелый, сильный.

Хьалха вала (й, д, б) /девнах/суьдах/. Избавиться, освободиться, отделаться от чего-л.

Хьалха вала. Стать во главе...

Девешина Салахьна со ганза ши шо даьллера. ХIинца ас суо вовзийтича цуьнан девнах хьалха вер вацара. И. Эльсанов. КIайн коч.

Хьалхара лела. Быть на побегушках у кого-л., прислуживаться.

— *Тарло, ву хьо санна бригадир. Хьан гIуллакх дац цунна хьалхара лела,— шен дагахь схьаэлира ИбрахIима.*

Хьалхарчу рогIехь. Прежде всего, сначала.

Хьалхарчу могIаршкахь. Впереди всех.

Сан да Даймахкана дуьхьа шен са дIадала кийча болчийн хьалхарчу могIаршкахь лаьтташ схьавогIу.

Хьалха хьийза. Своим присутствием назойливо напоминать о себе; надоедать кому-л.

Хьалха эккха. 1. Делать что-л. преждевременно. 2. Опережать кого-л. в чем-л.

Хьалхе яккха. 1. Показывая пример в чем-л., являться образцом для других, определенным образом, начиная что-л., оказывать влияние на развитие, ход и т. п. чего-л.

— *ХIетахь-м хьо а ма вара суна уллохь. Соьгара хьалхе хIунда ца яьккхира ахь?* А. Айдамиров. Ирхеш.

2 Приобретать влияние, власть. *Оцу наха шайн юьртахь хьалхе йоккхура.*

Хьамц алале//Элп алале//БIаьрган негIар тохале и дI. кх. Очень быстро, скоро. *Ткъа Бикатус, хьамц алале, цIандора сан кисанаш.* А. Айдамиров. Дика нах.

Хьанеха-минеха аьлла дара бохуш. Р а з г. Ссылаясь и т. п. на недостоверные факты, источники; ссылаясь на пустые разговоры, сплетни.

— *Хьанеха-минеха аьлла дара бохуш,— и эладитанаш суна чу ма кхехьалахь,— элира шен зудче Везарбис.*

Хьан жинаша хIун боху (?) Р а з г. Форма обращения к кому-л. Что скажешь? О чем думаешь?

— *Ва Валид? — Валидан хьацар даьллачу белшах куьг туьйхира Сулеймана,— хьан жинаша хIун боху хIокху шелах?* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Хьанна хаьа. Выражение сомнения, неуверенности. Ненавашас шайга гІала вигнера, юьртарчу ишколехь хаарш кІезиг ло, аьлла.

Хьанна хаьа, цхьанхьа деша ваха дагадагІахь а? И. Эльсанов. КІайн коч.

Хьан-сан. 1. Иметь с кем-л. дружеские отношения, связи и т. п. 2. У каждого все свое.

1. Амма шахтераш цаьрца хьан-сан дезаш бац. Н. Музаев. БІарлагІийн тоба. *Хьамзатана хІинца ша, Овхьадана белша тІе куьг а детташ, хецца цуьнца хьан-сане вуьйлуш Іаш гора, улло а хиъна.* М. Мусаев. Дашо маха. 2. *Хаза, цхьана нанас вина ши ваша санна, бертахь ваха. Вовшашца ца тарвелларг кех вер ву шуьшиннах. Хьан-сан бохург ма хила.* А. Айдамиров. Эмгар.

Хьан /сан, вайн.../ десара. Очень прошу тебя, пожалуйста.

— *Ма гІолахь, Тамара. Хьайн десара ма гІолахь.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Жабала: Ой, ду сан десар-кх вай кху чохь хилар санна бакъ-м. І-Хь.* Хьамидов. Совдаттий, Даудний.— *Хьайн десара, Жанати, бехк ма биллалахь суна. Хьан Бадин дог кхоош ас цхьа-ши дош элира.* Г. Гайсултанов. Малика.— *Идийта, ахь, хьан-сан десара, дукха а ида ма деза хьуна церан! — бохуш а воьлура БІагор.* Ш. Окуев. Юьхь.

Хьан-хьанна <а>. В значении — не: не каждому, не всякому.

Жамалда: Ас шен корта хІокху шаьлтанца дІакхуссийла ца лаахь, Гирмане яха кечло, ала. Иштта эпсарш хьан-хьанна а кхочуш бац! М. Мусаев. Революцин новкъа.

Хьапар-чупар. Разг. Беспорядок, путаница, неразбериха.

Даъал вовшийн дукхадезаделла, лергаш таІІийна Іачу йоьІан, кІентан хІун талхадора Хизара кегочу хьапар-чупаро. М. Мусаев Анзор.

Хьатlари бан. Разг. 1. Делать что-л. кое-как (обычно о штукатурке).

Зударша хьаьхначу поппаре а хьаьжна, Келимата белш саттийра.— ХІара хьатІари а бина, гІуллакх динарг хилла дІабахана кхаьрга хьажахьа! 2. Вести развратную, распутную, блудливую жизнь.— *Зударшна, йоІаршна шарбалш еш къахьега а дезар дац. Эцца салтащца хьатІари а беш дІа лелар бу!* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хьан хьехна веана (й, д, б). Почему, в силу каких-л. обстоятельств появился где-л.

Хьацаран кІур <хилла...>.

Кто-л. очень вспотел от напряжения, натуги, усилия и т. п.

Кегийра гІулчаш йохуш, цхьана эпсарна хьалха иккхина, хьацаран кІур хилла вогІу Хортlа. А. Айдамиров. Маршонан кІентий. *Ой, иза-м цІе ма ю! Ца хуш летта техьа я шелбелла техьа накъостий? Муха шелло? Со-м хьацаран кІур ма хилла.* Ж. Махмаев. Экскурсехь.

Хьацаран хIордехь. С большим усердием, напряжением, прилагая все силы. *Хьацаран хIордехь болх беш бохкура мангалхой.*

Хьашт-дезарш. Интересы

Оццу дворянийн, оццу капиталистийн, чиновникийн тобанийн хьашт-дезарийн дуьхьа, бIаьрнегIар ца тухуш шайн халкъийн сий духкура буржуазин правительствоша. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хьашт ма-дду. Вволю, вдоволь, без каких-л. ограничений, сколько хочется.

— Да вуьсийла кху дуьненан, Ахьмад Майралла а, оьзданганла а хьашт ма-дду ю вайнехехь. Амма кхетамна тIаьхьадисина, боданашкахь дахкорна... А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Хьашт мел доцург /дан (дийца)/. Что-л. неприятное, не соответствующее общественным нормам.

— Схьахьажал цкъа,—Гришин белша тIе куьг диллира Султана.— Ма дийца хьашт доцург, цара-х хьоьга хIумма а ца боху. I.-Дадашев. Дуьххьара алапа.— *Ас алара Солтмурде: и стаг юкъе ма ийзаве, цо цхьа хьашт доцург дина гIуллакх галдоккхур ду вайн.* А. Айдамиров: Еха буьйсанаш.

Хьаьвда латто. У с т. Кормить кого-л.

Хьаьдда-ведда. (й, д, б) На бегах, в непрерывном движении (о ком-л.); быть в беспрестанных хлопотах, заботах и т. п.

— *ХIеттахь со хьаьдда-ведда лелаш, гал-гIажмех ловзуш, кIант вара.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Царна юург еш, юьхь-куьг дуьлуьйтуш, хьаьдда-дедда лелаш хилла уьш.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш /«ГIойтIа вахана Iала санна»/.

Хьаьжар-гуьжарш ян. Р а з г. Сплетничать, судачить, болтать, злословить о ком-л. или о чем-л.

— Бус-буса цхьаццанхьа тобанашка а гуллуш, аш ен хьаьжар-гужарш цуьррига товш вац со. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хьаьжин цIера-м ца веана (й, д, б) (?) Выражение означает: «Особый что ли?» В самом выражении подразумевается и ответ: не особый, как и все другие, посредственный. О ком-л. Ср.: **Паччахьан мекх хадийнарг-м вац?**

<Хьаькхначу> сизал тIех ца <вала/й, д, б/>. 1. Честно, преданно выполнять свои обязанности, поручения (при этом не вмешиваясь в чужие дела, интересы и т. п.). 2. Честно выполнить свое обещание, клятву. Делать что-л. так, как обещал и т. п.

Шаьш хIинца оьрсийн IедалнамуьтIахь хир дара, цо хьаькхначу сизал тIех а девр дацара, дIадахийтахьара бехира. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хьаьнг-хьаьнга. <а>. Не всякому, не каждому.

Хьаьнг-хьаьнга а иэцалур бац цаьргара гIирсаш. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Хье дIаэца. Обманывать, дурачить, намеренно вводить в заблуждение кого-л. какими-л. (обычно длительными) разговорами, перепиской, действиями; влюбиться.

Бож-Iела Эльхьам алале, жерочун хье дIаоьцур болуш, шера ву. I-Хь. Хьамидов. Бож-Iела.

Хье /корта/ талхо. 1. Приводить в состояние крайнего раздражения, волнения, потери способности рассуждать здраво. 2. Сильно увлекать, пленять, очаровывать.

1.— *Ахьа дог этIийна хье талхийна сан! 2. Муьлххачу а йоьIан хье талхор болуш куц долуш а, мотт шера болуш а вара Iабдул-ГIапур.*

Хье кхехкош <довха>. Очень жаркое, знойное время, когда солнце сильно печет (о погоде).

Йогlуш тIехIоьттина мангалан хан. Догуш, хье кхехкаш, довха денош хIиттира. Х. Ошаев. Малх.

Хьекхий кхийсахь а. В любую погоду, при любых условиях, обстоятельствах. О решимости кого-л. сделать что-л. во что бы то ни стало.— *Догlа-м хаац, хьекхий кхийсахь а, гIала ваха везаш ву со.*

Хьекъалан да. Р а з г. Человек, оказывающий сильное влияние на современников, выдающаяся личность.

— *Хьекъалан да яI! — чIогIа шабарш дира Ахеда, театрехь тIехьарчу могIаршкахь хозуьйтуш артисто дечу шабарех терра.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Вайн махка кхачийна цIарна а цIе яхнарг. Хьекъалан да, кхетаман корта!* С. Курумова. Дохк.

Хьекъал дала. Давая разумные советы, учить чему-л. хорошему, поучать.

Шаба, шена цхьа хIума хуучух, пхоьханашкахь молланаша мел дуьйцу харц хабарш а лехьадой, нахана «хьекъал» дала гIерташ а хуьлура. Ш. Айсханов. Мало — хало.

Хьекъалах вала. Становиться сумасшедшим.

Хьекъал дан. У с т. Придумать, найти какой-л. выход.

Хьекъале ван (й, д, б). Становиться благоразумнее, рассудительнее, образумиться.

Шен кIант, малар а-дитина, хьекъале варга сатуьйсура Сайд-Iаьлбис.

Хье меттахь <хила> Корта меттахь <хила>. Быть умным, рассудительным, сообразительным и т. п. Ванах, кхетамчохь мукъна вуй-те и стаг? — ойла йора цо.

— *Цхьажимма а хье меттахь болчо лелор доцу хIума ма ду и-м.* I. Гайсултанов. Малика.

Хьераяьлла (даьлла) хьакха (жIаьла) а йогIур (догIур) яц (дац). О грязном неубранном помещении.

Хьераяьлла хьакха а йогIур яцара хIокху агIора. И. Эльсанов. МаргIалдоьллачу гIан хьожа.

Хьере хила. Сбиваться с толку, запутываться. Ср. **Син тIера вала (й, д, б).**
— *Вуьшта а хьере хиллачу цунна и ойланаш шена уллора лелхо, гена яха лиира.* М. Мусаев. Анзор.

Хьеха /дийца/ а ма де хьайна (шайна и дI. кх.). Р а з г. Конечно, да, обязательно (выражение бесспорного утверждения).
Ур-атталла цкъа хьовзо догIа а лур дацара, кега-мерса меже-м хьеха а ма е хьайна. С. Курумова. Сан гIалат.

Хьех <мерах> чекхдала (й, в, б) <кIордийна>. Кому-л. сильно надоел кто-л. или что-л.
— *Ткъа собранешкахь цу гIуллакхана дан дезарг къастош меттиг йой аш? — Дера ца йо, хIета. Дийцина, дийцина, хьех-марах чекх а даьлла, дитина-кх.* С. Бадуев. Самаяьлла ячейка. *Зазу. Фи! Оццул ваха дагахь ву хьо? Хьо-х хIокху ткъа шарахь а кIордийна хьех чекхваьлла массарна а.* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. ... *Ерриг догойла машинна тIе а яхана вогIучу Анзорна-м луьйчо бохург къастахь а тамаша бара. Амма Хизаран хьех чекхдуьйлура радион лер.* М. Мусаев. Анзор.— *КIордийна хьех а, мерах а чекхваьлла суна хьо,— аьлла, охьа а таьIна, гIопасти кIелхьара чагIаран ши шиша схьа а эцна англин шкафа чу хIоттийра Катяс.* I.-Хь. Хамидов. Дурдий, Даргий. *КIорда а йина хьех чекхъяьлла хIара совещанеш, семинараш. Кхузахь луш пайда белхьара а дара цхьа хIума.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Хьехочохь дац (й, в, б). Не до этого.
Iазимовга колхоз дIалучу даьлча дуккха а галдевлла хIуманаш гучудевр дара Эскиевн. Ткъа, Iазимовс уьш къайладохур бохург хьехочохь а дацара А. Айдамиров. Ирхеш.

<Хьо...> вала велла (й, д, б)// Велла вала (й, д, б) <хъо...> Выражение недовольства по поводу чьих-л, несмелых, нерешительных действий, поступков и т. п.
Цаьрга хьоьжура, дийна велахьара: «Хьий, хьо вала велла. Эхь ца хета хьуна?» — Хизаре аьн долу лейтенант Ятуев Расу. М. Мусаев. Анзор.

<Хьо...> вала велла (й, д, б) кирчича а, /Iункар хIоьттича а/. Ни при каких условиях, ни при каких обстоятельствах; при всем желании (зря, напрасно).
— *Хьо велла Iуьнкар хIоьттича а, Ахьмад деша ваханзи Iийр вац.*

Хьо ваха (й)// Вай массо ваха. Р а з г Выражение заверения в чем-л. Употребляется для усиления утверждения или отрицания (призывая собеседника или собеседников в свидетели).
— *Ас яз-м, хьо ваха, дийр ду. ДIавоьл гIалатIа,— элира чагIаро кеп йинчу Данилбека, обарган белша тIе куьг а тоьхна.* М. Мамакаев, Зеламха.— *ХIуммаъ, хьо ваха, дийр дац,— элира Байсагlура.— ХIун дийр дара вай шимма?* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. *Вася Нестеров Фрунзера вара. Служба такхайора — хьо*

ваха, амма цул тIаьхьа цIеначу дагца наб а йора вай массо даха. И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

<Хьо...> вирах Iехахь а.— Выражение: ни при каких обстоятельствах.

<Хьо...> виса (й, д, б) нанина (!). Р а з г. Выражение вежливого, уменьшительно-ласкательного обращения к кому-л.

Зулай. Вай, хьо виса нанина! I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Хьо велхахь а. Выражение отчаяния, бессилия, невозможности что-л. предпринимать.

Хьавр-зIовра. Паника, неразбериха.

Цуьнца волчо, кьыйгаш дIаса а туьйсуш, бохура: — ХIара хьовр-зIовра ду кхузахь дерг. Да воцуш ду Iедал. Вай вешан Ламанан пачхьалкх йилла еза. I. Гайсултанов. Iаьрби. *Амма и хьовр-зIовр меттаххьале тIех цIена стаг волу зоотехник Матаев дIаваккха веза цигара.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Хьо гIуллакх. (!) Р а з г. Выражение удивления по поводу чего-л. неожиданного, негодования по поводу чего-л. Ср.: **Хьо болх (!)**

<Хьо...> дала дукха вахаварг (й, д, б). Выражение вежливого обращения к кому-л. (с оттенком снисходительности):

— *Къосам, хьо дала дукха вахаварг, кху хьал тIе хьо ваьккхинарш и ахь хьийзо миска туркой, эрмалой ма бац.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

<Хьо...> дика вай (й, д)// /хьо.../ хаза вай (й, д)... Р а з г. Формула обращения с просьбой или требованием сделать что-л. Пожалуйста. (Обращение чаще употр. по отношению к детям).

Бакарбика. ... Ма тохалахь, Завжан, ма тохалахь... Хьо хаза а яй, хьо дика а яй... Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.

Хьо доккха хIума (!). Выражение удивления, изумления, досады, негодования по поводу уже случившегося события, случая и т. п.

— *Остофируллах, хьо доккха хIума! — бохуш, инзарвуьйлура /Жаби.— авт./ С. Бадуев. Имам.*

Хьожа йогIу... Р а з г. Становиться в глазах кого-л. кто-л. или что-л. неприятным, непривлекательным, несимпатичным; производит плохое впечатление.

— *Полковник, ахь йийцахьа цу майоран истори. Дукха йийцина, хьожа йогIу суна-м цунах.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хьожа — модане <хила> (Быть, находиться) в родственных отношениях с кем-л. (обычно о далеких).

...Зудчун хьожа-мода кхетачех мел йолчу йолах, жерочух жоп дала карахдериг — иза вайн заманан я воккха турпал ву, я воккха Iовдал ву. Н. Музаев. Мур. *Ловзар*

чекхдаьллачу суьйранна дуьйна дIадолало марзошка «мотт бастар» майрачун хьожа-модане мел волчуьнга. А. Айдамиров. Ирхеш.

Хьожа яц. /Хьожа а яц. Нет никаких признаков появления чего-л./

Хьозанан шура а ю. Р а з г. Абсолютно все имеется (о продуктах, вещах). Ср. **Цхьа хьозунан шура (кIалд) йоцург.**

<Хьо... (иза)> хьаха ду... Это значит; это точно.

Хьо а хьаха ду хеназа зуда къанъе тайпа I.-Хь. Хьамидов. Абубешар.

<Хьо...> йиса къацахетаршна (!) Выражение возмущения, гнева.

Ханпаша. Собар! (Настарх ка а тухуш). Хьий, хьо йиса къацахетаршна! I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.

Хьокханна тIе эккха. 1. Заведомо рисковать жизнью, идти на риск.

Ма хеккахьа, Увади, ишшта сиха машен, цкъа-цкъа хьокханна тIе оьккхур ву-кх хьо. 2. *Действовать сгоряча, не думая о последствиях.*

<Хьо> ма да адаме(!). Выражение предостережения от чего-л.: возмущения, скорби, изумления по поводу чего-л.

Оцу заманчохь ПетIамат жимачу хьуьжаран сени чохь ша-шех леташ яра: — Хьо ма да адаме, суна хилларг хIун ду? Хьо ма да бусалбане. С. Бадуев ПетIамат.

<Хьо> ма даха деха (й, в, б). Выражение легкого возмущения, неудовлетворения (по отношению к кому-л.)

— Хьажахь, дан а дера ду! Вай, хьо ма даха деха! — хьала а гIаьттина,— схьалалла ас иза,— аьлла, дIайолаерлира Ану. Хь. Саракаев. Меа.

Хьо марша... Р а з г. К твоему сведению. Выражение сопровождает сообщение, известие кого-л. о том, что пропало и что не будет (часто о смерти кого-л.)

— Кхуза гена йоцуш хIоьттина тезет ду, суна вевзаш цхьа стаг кхелхина, хьо марша. Х. Ошаев. Заманан некъаш. («БIаьрмециг хIусамдай, меца хьеший»). *Сутарби: ...И шун девзаш Эламирза, цунах хIун хилира? Бож-Iела. И велла, хьо марша.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. *Дукха хан яц бIе шарал жимма тIехъэккхалц бен вахаза цхьа мартанхо кхелхина, хьо марша.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани. *— Схьаалал, хIун хилла мамина? — тIетаьIIина дийхира Альбикас.— Хьо марша, Буша дIаяьлла.— ирча кхаъ баькккхира вукхо.* I. Ахмадов. Тешнабехк. *В... вац... майра вац сан... кхелхина, хьо марша.* М. Бексултанов. Таксист я чаккхе.

<Хьо...> ма сатта хьала <охьа> (!) Выражение возмущения, негодования (по отношению к кому-л.)

Сутарби:... ХIай, хьо ма сатта хьала, дукха вист хуьлий! I.-Хь. Хьамидов. Бож-Iела.

Хьонка бан. Р а з г. Сильно колотить, избивать, дубасить кого-л.

Хаьмбийн кIенташа йиттина йиттина хьонкабира Зилен кIантах.

Хьонкан нIаьна хилахьара. Р а з г. Выражение возмущения, демонстративного

проявления равнодушия: будь с ним что угодно! (о чем-л.). *Тlерло (буьрса).. Вешех ваьлла мича гlур ву? Хьонкан нlаьна хилахьара кху дуьненах! Нанас вина ваша милицига муха лоцуьйтур?* С. Бадуев. Политотдел.

Хьонка санна <йорах>. Очень дешево.

Хьонке яхана Цеца хуьлда <сох>. Разг. С полной уверенностью, убежденностью ручаться за что-л. Выражение решительности.

Дауд. Ойн... Хьонке яхана Цеца хуьлда-кх, язлур вацахь. (Баудега) Язвел со цу списки боьххье дlа. С. Бадуев. Большевикаллица ялта дерехьа.

Хьо-со доцуш. 1. Без дружеских обещаний, связей.

Уьш деса адамаш ду, Садо, дуьне, хьал, самукъане йочург, кхечаьрца гlуллакх доцуш. Цундела уьш бита беза, цхьа а хьо-со доцуш. 1. Юсупов. Хьеший. 2. Без лишних высокомерных эмоций и т. п.

<Хьо...> эца дала дlа (!). Выражение проклинания (иногда с иронией, насмешкой).

— *Хьо эца дала дlа! Хьада, хьуьлла маьнги кlелхьарчу текха чохь сискал ю хьуна.* В. Матиев. Мокхазан дог.

<Хьох...> <ма> де дала хайра (!). Восклицание, выражающее возмущение, гнев (чаще по поводу поведения домашних животных).

Хьох де дала хайра, хlунда ца тохало хьо, вайшиннан охана юкъах дуьсуш лаьтта! С. Бадуев. Трактороь. Жунид.

<Хьох...//Цунах...> долу эхь-бехк дала лоьрийла. Употребляется, когда кто-л. хочет выразиться нецензурными словами или хочет нарушить состоявшийся этикет, норму и т. п.

Залуба: (охьа а хоий). Делахь, хьох долу эхь-бехк дала лоьрийла! Со хьоьга тlаьххьар а алаза ца яьн ерг хlинца ала ас хlета? С. Бадуев. Гуттар ца хуьлу моллина мовлад.

Хьокъийла хьан <бохург санна>. Выражение неодобрения по поводу чьих-л. действий, поступков и т. п. (употребляется как выражение ничего не обязывающего, сомнения, недоверия в чем-л. или в ком-л.).

Сутарби: Гур ду бохурга хьаха ду хьокъийла хьан бохург санна хlума. 1.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

XI

Хlайда-хl аьлла. Хlайда аьлла. Выражение употребляется для усиления и полноты действий кого-л. (Уходить, приходить, уехать, ускакать и т. п.).

— *Шуна моьтту хир ду, шайн сал-пал хьарчийна ворданаш тlе а хевшина, хlайда аьлла, шаьш дlадахчахьана чекхдолу.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хlай <кхаъ> яl (!). Восклицание восторга, одобрения.

Хlай кхаъ яl,— когаш гlамарх хьакхабелира. I. Мамакаев. Винчу юьрта.

<Хlай> кхоьаниг яl (!). Форма вежливого, ласкового обращения к кому-л. или чему-л.

— «И тодакх санна ваше хьо, Койма. Хlай кхоьаниг яl!» — аьлла, сан белшах куьг туьйхира цо. С. Курумова. Сан гlалат.

Хlай <со> валарг (й) яl (!). Выражение удивления, недоумения по поводу действий кого-л. (обычно близкого).

Муса ... Хlай со валарг яl, муха ца lотталур эццахь со цунна тlе?! I.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

Хlайт-аьлла. Выражение употребляется как оценка, характеристика кого-л. или чего-л.

Сийна аренаш а, кlайчу неларна lаьржа сир хьаькхча санна, цхьана маьllера дуьйна lаржлуш лаьттара, хайт-аьлла колхозаший, цхьалхахоший дечу бlаьстенан охунашна. Ш. Айсханов. Мало — хало.— *Ахь гучохь хlайт-аьлла болх баро lехий-начу цунна хьох хьо воцург тарвелла хир ву.* Н. Музаев. Мур. *Гонна юкъа делира йоllий, кlанттий. Дlадоладелира вайнехан хlайт-аьлла хелхар.* I. Шайхиев. Яьссин къоналла.

Хlан-аьлла. Как только, едва.

Цо бохучунна реза а хилла, хlан-аьлла хlорш цlехьа буьйлалушшехь, кхарна гlехь стигал серла а йоккхуш, ткъес туьйхира, догlа чекхдала дуьйлира. I. Чантиев. Доьналла гlуллакха тlехь гойту.

Хlан-хlа ма-аьлла (эллинехь). По сигналу, в нужный момент выражение, означающее: готовность кого-л, при первом же сигнале кого-л. выполнить что-л., приступить к чему-л.

— Хlинца дlасакъаста вайша? — Дика ду,— элира Тамарас. Дукха хан ю со араяьлла а.— Делахь, кийчча хилалаш, «хlа-хlан» аьлча араяла... Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.— *Доцца аьлча, хlан-хlан ма-эллинехь, герз керахь дойшка ховша кийчча хила деза.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хlан-хlанн. Выражение, означающее сигнал к началу действия; давай; взяли, «раз-два взяли!»

...Кхана lуьйре эр ду, хlан-хlани, нохчий, охьадиллал герз, довлал салт, дитал шайн дин. Реза воччунна сийна Сибрех ю шуна. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хlара дегl <ас> доккхуш. Р а з г. За все время, пока рос; развивался и т. п.

— Валлахl, кlант, хlара дегl доккхуш суна дуьйцу хезна хlума-м дац ахьа хlинца юкъадаьккхинарг. Ш. Окуев. Юьхь. *Эрна, эрна яхана хlара дегl даьккхина хан! — шина буйнаца корта lуйдуш, вегавора, оьгlазъоьхура Анзор.* М. Мусаев. Анзор.— *Хlара дегl доккхуш, сох а, сан кlантах а тоьхна дац куьг цхьаммо а.* В. Матиев, Мокхазан дог.— *Вуьшта, хlара дегl аса доккхуш олхазаран тlам хоттийта веъна хьо бен стаг гина вац-кх суна.* Х.-А. Берсанов. Майра иччархо.

Хlара <ду> аьлла.//**Хlара <ду> [важа ду] аьлла.** Ничего особенного, такого и т. п.

Ткъа, Сайдулла вац хьехош а. Хlара аьлла хьаькчалла дац кхуьнга луш. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— Цул тlаьхьа вайн стерчий лачкъий, цара уьш дигний хуъушехь, *хlара ду аьлла дуьхьала даккха, цаьрга дlакховдо хlума а, некъ а цахиларна lадlий тхо. /.../ — Кхин хlара ду, важа ду аьлла, шен аьрзнаш кара а лаьцна церан воккхаха. Бета айалахь, муьлхичу а некъана новкъара дlаваккха веза иза.* Ш. Окуев. Лай тlехь цlен зезагаш.

Хlара ду хьуна дош (!). Восклицание, выражающее чувство большого удовольствия, душевного удовлетворения.

— Хlара ду хьуна дош! — мара хьалауьйзира цо. — Декъаза нах бу и Орцин Тапагlар. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Хlара дуьне доккха ду. Можно хоть куда угодно, куда захочется (идти, поехать и т. п.).

.— Хlара дуьне доккха ду! Хьайна луъчу ваха йиш а, бакъо а ю хьан!

Хlара дуьне дуьзна. Много, везде и всюду, без дефицита. (чаще о чем-л.).

— Дукха бу керстанаш. Хlара дуьне дуьзна. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *..Хlара дуьне а дуьзна машинаш йоллушехьа суна шофер ваха меттиг карош яц-кх.* I.-Хь. Хамидов. Бож-lела.

Хlара дуьне мел ду. Всюду, везде, повсюду.

Хlара дуьне мел ду адам хьокхуш лела и lаьржа ун ца дулий царна-м, церан вуолла. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хlей-хlуй доцуш. Р а з г. Неожиданно, внезапно, без сообщения (грубо появляться, заходить, приходить к кому-л).

— Хьо кхин хlей-хlуй доцуш схьа чу ма гlерта! Мотт сецна-м вац хьо?

Хlета <а> ветта <а>. Во что бы то ни стало, несмотря ни на что, в любом случае, при любых условиях.

Хlета а, вета а цу баттана тlекхачаза ца lаш ву-кха хьо? — забар йира хьехархочо. Н. Музаев. Къонахийн болар. *Хlета а, вета а сан дола ер ма ю иза.* С. Курумова. Дохк. *Зулай. Хlета а, вета а со цуьнга уьш дlалур долуш яра.* I.-Хь. Хамидов. Бож-lела.— *Бетас-м шегара ледара хlума долуьйтур дацара, тезетахь-м хlета а, вета а.* Ш. Окуев. Лай тlехь цlен зезагаш.— *Хlета а, вета а со эвхьаваккхаза ца lачух гера ю хьо.* В. Матиев. Мокхазан дог. *Цунна-м хlета а, вета а котамаш кхочуш ма хиллийца.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Цкъа а ца велавелла стаг»).

Хlетик-Хlуьтик. Р а з г. О тех, кто всегда вместе, следуя друг за другом (обычно о паре) Ср: русск. **Гога-Магога.**

— Ашшимма хlун до? Хlетик-Хlуьтик санна, тlаьхьий-хьалхий даьлла лелаш? — хаьттира Дукуза шен доттагlчуьнга а, цуьнца йогlучу йоьlе а. Ср. **Хlеткий-Хlуьткий санна.**

Хlети-хlети. Конечно, да, выражение согласия с кем-л. или с чем-л.

Моллин-Кал. (Хьала а иккхина). Хlети-хlеги!.. Вайн делор, аса-м бах изза... Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Хlетталхьана-ветталхьана. Р а з г. Выражение желания, усилия выполнить что-л. (обычно о чем-л., припоминаемом с трудом).— *Хlеттaлхьана-ветталхьана, цкъа собар-делахь, суна дагадайталахь.*

Хlецlи-бицlалганех ловзуш вац (й, д, б). Серьезно, не по пустякам занимается кто-л.

Хlинце-хlинце. Скоро, сейчас, еще немножко времени и... (надеяться, ждать, думать, что произойдет, случится что-л.).

Хlинций-хlинций. Вот-вот, скоро.

Со-м хlинци-хlинци сайга Москох хьошалгlа кхойкху бохуш lа. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.— *Хlинций-хlинций хьо схьавогlу бохуш, шозза йохийна-кх ас хlара,— схьадаькхина довха жижиггий, галнашший хlоттийра Бицис майрачунна хьалха.* М. Мамакаев. Зеламха.— *Хlинций-хlинций хьо чувогlу бохуш, кхин цунах гlуллакх а ца хилла, пхьоьраза дlайижира со.* Ш. Окуев. Юьхь. *Хlара хlинци-хlинци чуккочу бохуш, собар кхачийна lеш хир ю. Ольга а.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. Ср. **Хlинцца-хlинцца.**

Хlинцца пхиттара ваьлча (й, д, б) санна. Энергично, активно, живо (делать что-л., не взирая на пожилой возраст), бодро чувствовать.

— *Де диса хьо кlентан делаl! — гlевахана,. Ахьмад маракъевлира lелас. Валлахl, ва биллахl ву кlант-м хlинцца пхиттара ваьлча санна кеде!* А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Хlицlа-пlицалгаш (бицlалгаш). Р а з г. Заниматься чем-л. несерьезным, мелочным (делом, занятием и т. п.)

— *Радиаци бохуш и хlица-пlицалгаш а юьйцуш, берийн зама эрна хlунда йойъу ахь! — шен куьг вовшашца lовдуш стоьла тlе диллира Кезилга.* Н. Музаев. Органан тогlехь.— *И хlица-бицlалгаш а дитий, схьадийцахьа. Ахь-м са логе кхачадой, аьлла ца йолуш.* А. Айдамиров. Ирхеш.— *Хьайн и хицlа-пlицалгаш и ца лелош, катоххий кегло хьо.* Хь. Саракаев. Меа. См. **Хlеци-бицlалганех ловзуш вац.**

Хlо дуьненан хlума иштта ду. Все в мире взаимосвязано, все имеет свои причины и т. п. Говорится, когда что-л. не зависит от человека.

Хlо дуьненна тlера (!). Р а з г. Ничего, абсолютно ничего.

— *Керла хlун ду? — Хlо дуьненна тlера хlумма дац.*

Хlо дуьненна тlера дайла (й, в, б). (!). Выражение-проклятие. Употребляется по поводу кого-л. или чего-л., когда кто-л. не может кого-л. или чего-л. найти.

— *Карийн хьуна догlа? — Ца карий.— Хlо дуьненна тlера дахьара иза. Дита. Ма леха.*

Хlоз бан. П р о с т. Принуждать, притеснять, подавлять, добиться покорности. *Лата юкъа велира Махьмуд. Лом-Iелас элп алале хlоз бира цунах.*

<Хlокху> делан сохьта /минота/. Немедленно, сейчас же, быстро (исполнить и т. п.)

— *Юнусан заводера къаьркъа нахе ккача ца дуьту цу шинна! Тlевалаве! Хlокху делан сохьта!* С. Бадуев.Самаяьлла ячейка.

Хlоккхул хlума <дан>. Сильно преувеличивать что-л.

Хlокху Iаьржачу латтор// Вайн лаьттор и. дI. кх. Клятвенное заверение.

— *Хlокху Iаьржачу лаьттор со бехке волуш хlума ма дац цигахь хилларг!*

Хlокху меттехь ву (й, д, б)(!). Выражение досады, раздражения, недовольствия по поводу кого-л. или чего-л, доставляющего большие хлопоты и неприятности. Обычно сопровождается жестом, при котором говорящий энергичным движением руки показывает горло.

Хlуй-жуй. Р а з г. Голоса, шум чего-л., кого-л.

Буьйса инзаре хетта, вогlу-воьдург везна, охьа а таьlна, дIахьаьжи со: Хlуй-жуй дуй! М. Мусаев. Дашо маха.

Хlуй кхайкхо. Предать анафеме.

— *Кхин аьллар тlехь хьо ца хилахь, аса хlуй кхайкхор бу хьуна. И хаалахь.*

Хlуй-пака. Р а з г. Совершенно, окончательно, полностью, совсем.

Ахьмадан къамел хlуй-пака дира белхалоша. Ср. русск. в пух и прах.

Хlума могlу (тlеiогlу) меттиг. Р а з г. Выгодная должность, доходная служба. Ср.: **Йовха меттиг.**

Хlума кхета (кхетийта). Устраивать нагоняй, показывать, распекать кого-л.

Хlумма а. Нисколько, ничто.

Хlумма а доцу хlума. 1. Не составляет большого труда что сделать.

— *Со мало еш ваш. Суна цига вахар хlумма а доцу хlумма ду.* 2. *Пустяк; мелкое, ничтожное обстоятельство. Цхьа хlумма а доцчу хlуманна тlехула лата кийча ву-кх хьо.*

<Хlумма> вогуш (й, д, б.). вац (й, д, б). Не переживает, не горюет.

Кхуо /Дикас.— авт./ къа ца хьегаре терра, тахана кхуьнан кIа а гIийла дара. И гIийла хиларх, хlара хlумма а вогуш вацара, кхунна тоам хуьлура шений, шен доьзалний ца даллал яа сискал хилчахьана. С. Бадуев. Пхи туьма.

Хlун аьлла? По какой причине?

Хlунда аьлча. Потому что, так как.

Хlун дийр ду (!) Р а з г. Выражение вынужденной уступки, примирения с какими-л. обстоятельствами или чьими-л. действиями.—

Хlун дийр ду тlаккха. Тхо къинхетам болуш ду,— элира Хамовс. А. Айдамиров. Маршонан цlарах.

Хlун дуьйцур ду (?) Вне всякого сомнения. Выражение убежденности в чем-л. 2. Бесполезно, напрасно /говорить, объяснять и т. п. кому-л. что-л./.

Хlупъаьлча бlаьрга эккха хlума доцуш. Р а з г. Ничуть, нисколько, совершенно нет; все чисто и гладко.

— Бlарьго ма-лоццу йолу и шера аренаш, юькъа хьаннаш ерриш элийн долахь яра, ткъа муьжгичун долахь хlупъаьлча бlаьрга эккха хlума дацара. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хlун доллу. Что собой представляет, какой он (о ком-л. или чем-л.).

Кхетам кхиале Некар-Пашина цхьана кхечу кепара тосаделира шех цара пlелг а lуттур боций, церан герз деккъа духарна дуй, амма шегахь герз хилча а, и хlинца доций. Ца хаьа кхарах хlун доллу... И. Эльсанов. Шайтlанан ловзар. «Жижиган, кlалдан чам-м хаьара суна, хlокху хохех хlун доллу хьажа со»,— *дага деанчу цо, галин бертиг а яьстина, цу чуьра нисбелла цlен цхьа хох схьаэцна.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. («Доттагlий»).

Хlун ду мила ду... Что к чему.— *Амма, хlун ду, мила ду хиъна а валале куьйгалхо сихвалар а ма ду кхераме...* Н. Музаев. Мур.

Хlун дуьйцур ду (!). Приходится примириться с кем-л. (эмоциональное выражение невозможности убедить кого-л.)

— Шен дега а ла ца дугlуш волчу Аслане хlун дуьцур ду аса! Сан-м дац цуьнга дийца хlума я бийца мотт а!

Хlун хаьа. Пожалуй, возможно; а если и т. п.

— Дехьавала вайша некъана! Хlун хаьа, цхьаммо машинца лазавахь а.

Хlур-пака (хlуьлпокум) <**хила**>. Р а з г. Совершенно, окончательно, полностью, совсем разбиться, разориться, растерять и т. п.

Хlокхарна дуьхьал ас ницкъ баккхахь, хlур-пака хуьлу ас даима дагахь латтийна, шен дуьхьа ас оццул хан а, ницкъ а байина сан мерза сатийсамаш. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хlур-цlур. Р а з г. Шум, гам; беспорядок, суматоха.

Хlур-цlур дан. Р а з г. Совершенно, окончательно, полностью спустить, проиграть, разбить, пропить, истратить и т. п.

Мохьадди. ... Дукха йолу шифер ахьий, ахьа хlоттийначу складчика Закриссий хlур-цlур йина дlаяьккхина бохург. 1.-Хь. Хамидов. Мохсолтин доьхна де.

Хlус баха. Р а з г. Вызывать кого-л. на ссору, драку, борьбу и т. п. Ср. **Хlуьс баха.**

Хlучlаи-чlалге (хlичlийн чlале) ваха (й, д, б). Р а з г. Очень далеко.

Бакарбика: Делахь, дера, деза ахь, хlокху тхайчо санна, Буккуза а вахана, хьаьжина гlурба дан. Чаьнтиг. Ой! Хlучlаьн-чlалге а вахана, хьаьжина хlунда до и! Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.

Хlушт хила. Из чего-л. ничего не вышло, не получилось, пропало зря (что-л оказалось неустойчивым, эфемерным).

— Мlера тlе хlума ца са?! — велавелира Ахед.— Хlушт хили? Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *— Ахьа тlе а диллина, аса арадаьккхинчух ца хуьлу гlуллакх? Сан цкъа а ца хуьлу хlушт!* М. Музаев. Цlен маьхьси. *— Ахьа дийцинчух «хlушт» хили-кх. Вон ваьккхи ахьа со сийдоцчу.* І. Дадашев. Лаьмпашка некъ. *— Бlаьстенан юьххьех мохь хьоькху, шортта ялта кхиор ду бохуш. Кхано гурахь цунах хlушт хуьлу.* І. Ахмадов. Тешнабехк.

Хlуьу аьлча (дийцича) а. Вопреки всяческим суждениям; несмотря ни на что, несмотря на то, что говорится о ком-л. или о чем-л.

Хlуьу аьлча а, дийцича а шениг бен ца дора Шамсуддес.

Хlуьу дийца. Ругаться, чертыхаться, выражаться.

— Iедалан векална хlуьу дийца деза моьтту хьуна?

Хlуьу хилахь а. Непременно, обязательно, во что бы то ни стало.

Хlуьу хилахь а хlокху шара филологически факультете экзаменаш яла хьожур ву со!

Хlуьл-покум дан. Истратить, израсходовать и т. п.

Хlуьл-покум хила. Потерять свое имущество, состояние и т. п.

Хlуьсс алахь <кийча>...> По сигналу. О решимости, готовности кого-л. нападать; начать что-л.

Эцца, оьрсийн эпсаро, цхьа сом гайтина хlуьсс алахь, чухьалха кийча дукха бу. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Хlушт-пушт аьлла. Р а з г. Кое-как, небрежно, без старания, неряшливо (делать что-л).

Тlаккха шена хиира-кх Клавдия Ивановнас шена хlоттийнарг: — Хlушт-пушт аьлла хьалха дагатесира молха яздино дlавахийта мел атта ду... эхь ца хетачунна М. Исаева. Ирсан орам.

Ц

Ца ваьллачу (й, д, б.) денца (денна). Не имея больше возможности, не имея другого выхода, по крайней необходимости (приступить к чем-л., делать что-л).

Салгий ца бевллачу денца дIасабекъабелира. М. Мусаев. Ленин волчу.— *Сан лелар-м дер ду сан бертаза. Ца ваьллачу денна.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Ца ваьллачу денца новкъа велира Нажа.* С. Курумова Дохк.

Ца догIучу дагца. Не имея никакого желания, состояния, призвания к чему-л. (делать что-л., приступить к чем-л.).

ХIара (Дика.— авт.) ца догIучу дагца говр дIа а йоьжна, цIехьа вирзира. С. Бадуев. Пхи туьма.

Ца лозу корта бехка. Фразеологизм является усеченной пословицей и имеет смысл: не вмешивайся не в свои дела.

— *Ца лозу корта бихкина ала а дац. Оцу гIулгах йоьхки ахь сан йо!'* С. Курумова. Дохк.

Ца лозу корта ма бехка. Не лезь не в свои дела.

— *ДIагIо шу. Ма дехка ца лозу кортош, ас дина зулам ду. Дита и соьгахь.* Х. Эдилов. Шиннан къайле.

Ца хуьлу ду. Все равно (из этого) ничего не выйдет, не получится.

Доггаха елаелира Жанати.— Хьуна лаарх бехк ца буьллу ас, амма ма ца хуьлу дара иза сан Бади Маликин звенохь мел ву. І. Гайсултанов. Малика.

Ца хуьлчу далахь (даьлча). В крайнем случае, в худшем случае, в случае острой необходимости.

— *Ца хуьлчу далахь, даздеш, оцу эрзо чIагIвина кIант шайн вуьйла хаийта.* М. Мусаев. Анзор. —*Амма хIинца иза дийр дац. Принципе а ваьлла. Ца хуьлчу даьлча, суна а карор бу сайгахьа гIо даккха нах!* А. Айдамиров. Ирхеш. — *ХIан-хIа, мелхо а дикка гIолехь ву со-м,— хьасене вистхилира Iаба.— Ца хуьлучу далахь, латалур ву аьлла а хета.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Цаца бан. Разг. Кому-л. не миновать наказания, расправы; несдобровать, не уцелеть кому-л.

Бексолта Маржа-яI! ДIаваха-кх и. Цаца бийр бара ас цунах. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.— *Хьий, неIалт хуьлда хьуна! Ас цаца бийр бу хьох! — олуш, чухьаьдира Решид.* І. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Цаца санна ван (й, д, б.) Разг. Проделать массу дыр.

...Обаргийн Iожалла цхьаъ ю. Цкъа пачхьан стражникашца тIаме нисвеллачохь цаца санна вина иза тоьпаш йиттина. Х. Ошаев. Заманан некъаш («Обарган забар»).

Цаций чохь хи эца. Делать что-л. напрасно, зря, бессмысленно тратить энергию, силы и т. п.

—Ахь лелориг цаций чохь хи эцар санна хIума хета суна.

Ца элира олу даций. Употребляется как выражение предупреждения, предостережения, угрозы.

Ца элира олу даций шун, нах, цкъа доьлхур цу вай кху гIуллакхах. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Церган цада. Р а з г. Беззубый.

«Ша хьалхара «баьхьа» — церг дIаяьккхина лор волчуьра араваьлча Супьян бераша хьийзавора». —«Церган цада! Церган цада!»

Цергаш кIел ца даха. Кто-л. ничего не ел.

— Селхана дуьйна цергаш кIел хIума ца дахана сан. Цхьа кIеззиг хIума ца кхаллахь.

Цергаш (церг) хьекхо. 1. Выражать сильное негодование, злобу. 2. Иметь агрессивные намерения.

Кхо сту — сира, кIайн, цIен бара ирзехь бежаш. Дан царна зулам-зе яра борз церг хьекхош. І. Гайсултанов. Кхо стуй, борззий.

Цергех хи долу. Р а з г. Страшно захотеть что-л. есть. Цхьогал. Мерза-м хуьлу уьш! КIеда, ховха...ЭхI, уьш дагаяьхкича а цергех хи долу! І. Гайсултанов. Харцахьарниг.

...ЦIен Iежаш, можа хьорматаш дагаяьхкича, хIинца а цергех хи долу цунна. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Кхуза со Iаччехь цергех хи ма дели суна, оццул цуьнга безам бахана.* Ш. Окуев. Юьхь.

Церг къежа. Улыбаться (обычно будучи довольным; удовлетворённым чем-л.)

Ца оьшу церг къежо там беш.— Безам бу дуьне а дало. ...Деза-кха кIадделла адмаш. Царна ца йовзарна кIадо. І. Шайхиев. Яьссин къоналла.

Церг тоха (таса). Прикусить и т. п. что-л.

БIорза. Бацах церг тоха ас. гIой (йистехьа йоьду). І. Гайсултанов. Хьуьнхара цIа.

Цинц кхетта гIуллакх. Р а з г. (Чье-л.) положение, состояние ненадежное, неважное). Ср. **КIур кхетта.**

— Больнице вахарий хьо? Муха ду шун девешин хьал-де? — Деллахь ца хаьа суна-м, хьоьга муха эр ду. Цинц кхетта-а гIуллакх ду моьтту-кх суна цуьнан могашалла.

Цицигех-дехкех ловза. Р а з г. Хитрить, лукавить, стараясь обмануть, провести кого-л.

— Хьо соьца барт хила лууш велахь, и хьайн цицигех-дехкех а дитий, дийца!

Цкъа иштта, тIаккха вуьшта. По-разному, на разный манер.

Цкъа кхалла // Цкъа кхаллал... хаза яц (б, д, о.). Р а з г. 1. Очень мало, почти ничего (о чем-л.). 2. О внешне некрасивом человеке.

1. Меттигерчу бахархошна уьш дlаелла бевлла цкъа кхаллал рицкъа дуьхьал лундолу шайн мискачу бахамера массо хlума. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

2.— Суна гина lелас далийна нускал. Цкъа кхаллал хаза дац.

Цкъана-цкъа, цкъаана цкъа. Никогда, ни разу.

Цкъа мацца <а> // Цкъа-цкъа. Когда-нибудь, в будущем, обязательно произойдет что-л.

Цкъа-цкъа гайта там бу вайн юьртахь кино.

Цкъа мацах // Мацца цкъа. Очень давно, неизвестно когда.

— Цкъа мацах ша суна дина гlуллакх тlехдетташ де-амал а, таро а йохийна сан Сурхос. Шераша хан хьаьшча, мацца цкъа хьо дагалальцна, хьан кlентан юьхь ягош. Тlехтохахь хьох дисна эхь,— шело ю и, валлалц. В. Дакаев. Цхьанхьара-м къайлаха.

Цкъеллига-цкъа а. Никогда, ни разу в жизни.

— Хьажал хьо, Юша!, и марха цхьанна а заманчохь а, цкъеллиг-цкъа а мискачу нахана а, къахьоьгуш бохкучу ахархошна а, я церан доьзалшна шех, зен бен, пайда баьллий хlинца а болушший хlума яц. С. Бадуев. Марха. Моллин-кад: *lаьнга! Дела дуьхьа, дийцалахь, бакъдерг... Цкъеллига-цкъа вирана тиллина цlена нуьйракож яйний хьуна?* Х. Ошаев. Некъ жlараболуш. *Дог дика а кхио зама.— Цкъеллиг-цкъа кхоа ца йо.* Х. Эдилов. Ламанан гlиллакхаш.— *Цкъеллиг-цкъа ирсан орам а, хьешан лар а ма хедийла кху чуьра!.. — Йоккха ларчий, тортан гlутаккхий диллира цо дивана тlехь lачу стуннанна улло.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.— *Хlан-хlа, цо цкъеллиг-цкъа йина яц ойла, стаг вен герз ша караоьцур ду аьлла.* Ш. Арсанукаев. Захар *Иза сихха дуьхьало ярна хьожу хьоьга, амма хьан цкъеллиг-цкъа а шеко ца кхоллаелла, шаьшшинна юкъа вас я дагахьбаллам боьр бу аьлла.* И. Эльсанов. Москвахь сахьийза хьан.

Цу беса // Цу бесса. Так, в такой мере, степени, до такой мере, степени; настолько (с оттенком вопроса).

— Витийша кlант! Аш хlун до, цу беса тlегоргделла? — оьгlазъяхана, тlечевхира зуда салташна. М. Мусаев. Ленин волчу.

Цул дала тоьхна. Употребляется для указания важности последующего сообщения или для подчеркивания более худшего положения, состояния кого-л. или чего-л., по сравнению с названным, известным. *Сулейманан боигадехь цхьа а низам дац. Цул далатоьхна хьал ду Идрисан бригадехь.*

Цунах кlалдаш хир яц. Р а з г. От какого-л. дела, сделки и т. п. сладко не станет.

— Хьуна айхьа лечкъош долчу аннех кlалдаш хир ю-м ца моьтту? Хьуна цунах кlалдаш хир яц, хьо хlинцца лоцур ву. Тlаккха хуур ду хьуна ас хlун баьхна хьоьга!

Цунах хилахьара йоккха топ (!). Разг. Выражение решимости, готовности не жалеть что-л. для чего-л, что бы из этого не вышло.

Цу сохьта. В тот момент; в то время.

Цу сохьта Увайса, кхуьнгахьа хьажош, схьакхоьссина буьрка, Селигин коьртара йовлакх а дожош, дIаяхара. М. Сулаев. Тавсолга ломара дIавоьду.

Цу тIе а. Употребляется для указания важности последующей фразы или перед заключительным и более сильным утверждением.

— Со дукха веза Нуржанна, цу тIе а сох дика кхета а кхета иза.

Цу тIе даьлча. В таком случае, при данных обстоятельствах.

—ХIа-хIа, кIентий! Сан къоналла хьан оьцу аш? Йорах юхкур ю шуна ас хIара. Цхьаберш бийлабеллера. Вуьш оьгIазбаханера. Хаьттина: — Стенна оьшу тхуна хьан къоналла а, хьо хьуо а? Цу тIе даьлча. Х. Ошаев. Заманан некъаш («Къоналла юхкург».) *— Сан БатIална хьайн цIе а тиллина Iаш яц хьо? — шен дог гIелделла сурт хIотто юьйлира Зуга.— Дера го. Я, цу тIе даьлча, ши кепек хьох эхь, къай ца хета.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани...

Цхьа агIо яккха [ян лаца...]. Занять определенную позицию, сторону (сделать что-л. предпринять что-л). 2. Делать что-л.

Ср. **Цхьа йист яккха.**

— Молчу наха юрт бехйина вайн. Царах цхьа агIо яккха еза вай тахана. А. Айдамиров. Ирхеш.

Цхьа а да. Никто.

Цхьа а да гучу ца волуш ехха хан елира новкъахь. Хасар. Цхьа дегI кху чу а ма дайта. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. Ср. **Цхьа а дегI.**

Цхьа а лар йоцург//Цхьа а доцург. Абсурд, нонсенс, бессмыслица и т. п.; что-л. никудышное.

Кхузахь хинболчу тIамах цхьа а доцург хила доллийла а хиъна, Шемалца болу кIезиг нохчий. Нохчийчу берза кечбелира. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.— Ой! *Цхьа а лар йоцург ду-кх хIара. ШайтIа хьаьвзина хьан коьрта. Вайша-м шийла дуьйш ма волу хьо.* С. Курумова. Дохк.

Цхьа а лар ца хила. Ничего существенного не получилось из чьих-л. соображений, разговоров, планов и т. п.

— ТIе хIожху кIа -маьрсан хенахь хIори дIабевр бу бохучух а со дика тешош а ма вац... ХIунда?.. ХIинццалц схьа цу дийцарийн цхьа а гар ца хилла дела. С. Бадуев. Имам.

Цхьа а рицкъа ца дитна .... Кто-л. ничего не ел, не пил.

Цхьа а тайпа хабар <дац>. 1. Никаких известий, сведений от кого-л. 2. До-

биваться без лишних слов, обсуждений полного взаимопонимания, согласия, перемирия и т. п.

Тlаккха ламанхошна хьалха хlоттийра: я, цхьа а тайпа хабар доцуш, Россина мультlахь хилий, шаьш доллучохь совца, я охьакхалха. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Цхьа бакъду. Однако, действительно, право.

Цхьа буьртиг. Р а з г. Ничуть, нисколько.
— *Цхьа буьртиг ца кхоьру со балха тlехь сайна хlума алархь.*

Цхьана далла хаьа. Неизвестно никому, никто не знает.
Цигара и цlа муха вогlур цхьана далла хаьа.

Цхьа де ца лаьтта цхьаьнгахь. Не всегда бывает только одно приятное; кончилось для кого-л. привольная, легкая жизнь (говорится тогда, когда на смену приятной, беззаботной жизни, удовольствий и т. п. приходят трудности, осложнения).
Николай .....Вай вовшашна гlо дан тlелацар ма дицделаш, цхьа де ца лаьтта, накъостий, хlун хаьа. Н. Мусаев. Теркан тулгlенаш.

Цхьа йист яккха. Делать что-л. конкретно, определенно.

Цхьа ког коша а бахана. Р а з г. Кто-л. свою жизнь доживает, находится близко к смерти (обычно о дряхлых, тяжелобольных).
Бож-Iела. ...Цхьа ког коша а бахана йолу хlара, хlинца ас дуьйцург бакъ хилча, маре яха йоллий-ца. І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела. — *Цхьа ког коша а бахна, кхана ву я лама ву ца хууш воккха стаг ву со.* Ш. Окуев. Лай тlехь цIен зезагаш.

Цхьа ког юха ца вала (й, д, б.). Не отступиться от своих убеждений, позиции, места и т. п. (о твердом, непреклонном, стойком характере).
— *Хьоьца къовсавала кийча ву со, вайн гlуллакхийн дуьхьа. Амма сайна советски институто деллачу lаманах юьртбахам лелорехь цхьа ког юха а, я аслор а вер вац со.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Цхьа лар хила /яи/... Удовлетворительно, посредственно, ни плохо, ни хорошо (обычно о состоянии дел). Употребляется как удовлетворительная оценка чего-л. (интересов, состояния дел, идей и т. п.).
— *Хьажал цуьнга! Гlенах гича а адам хьерадоккхур долуш йолчу цIен юьхьчкъоьргах цхьа лар як гlерташ теоретически бух dlахlоттош воллийца!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. — *Делан балица dlайнайнарг хьалакхиахьара а яра цхьа лар.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Ча. Схьа герга халал, ас цхьа дика хlума хьоьхур ду хьуна. (Борз герга хуьлу. Чано ластадой тlара тухий lункар-бертал dlайохуьйту борз). Аьшпийн а цхьа лар хуьлу!* І. Гайсултанов. Харцахьарниг.

Цхьа мотт. Полное взаимопонимание, полная согласованность в каких-л. действиях.

Цаьршинна лелаш дерг цхьа мотт болуш ду.

Цхьа мотт каро. Добиваться, достигать полного взаимопонимания, согласия.

Цхьана аг1ор...вукху аг1ор. Выражение, используемое при перечислении или противопоставлении двух фактов, явлений, обстоятельств.

— Деллахь ца хаьа сука-м хьоьга х1ун аьлча бакъахьа хир ду. Цхьана аг1ор бакъдерг бен олийла а яц, вукху аг1ор — хьуна хала хетийта а ца лаьа! Чот йоьхна ма ву со...

Цхьана б1аьрга. Р а з г. Одновременно, попутно с чем-л.

Айзана телефонехь къамел деш, цхьана б1аьрга 1илманан тидам бора.

Цхьана дас. Никто. Цхьана дас хьоьга х1ума эр дац.

Цхьана дег1ана // Цхьане а дег1е /дена/. Р а з г. Никому, никто (не говорить, не сообщать, не рассказывать и т. п.).

Осма. И нийса ду. Кхин хьанна хаьа х1ара, шушиъ воцчунна? Товсолта. Вайл т1ех цхьана дег1ана ца хаьа. Х. Ошаев. Некъ ж1араболуш. *Цхьане а дег1е — нене а, я йише а — багах ца даькхира цо шена цу йоь1ан гар.* М. Мусаев. Дашо маха.

Цхьана дийнахь. Однажды... — *Цкъа, цхьана дийнахь, тхо хьуьнах даханера...*

Цхьана меттехь 1ан (латта). Не двигаться вперед; не развиваться, не совершенствоваться. О ком-л. или чем-л.

—Вайн исбаьхьаллин литература цхьана меттехь ца лаьтта. Иза х1ора денна кхуьуш лаьтта.

Цхьана минотана. На короткое время.

— 1ийса! Цхьана минотана схьавалахьа, аса цхьа х1ума гайта хьуна!.

Цхьана м1аьргана. Чуть, чуть не...чуть-чуть — и (!)

Баркинхоев. Кху б1ижах даьллачу б1ижо цхьана маь1аргона воьра со. 1.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш. ...*Еллаеллачу не1аро цхьана м1аьргана чохь мел долу са д1ахьора мара коран б1аьргах летта 1ачун.* М. Мусаев. Харц тоьшалла.

Цхьана эшарехь (эшшарехь). 1. Ни плохо, ни хорошо, посредственно; без особых изменений. 2. В одном ритме, тоне и т. д.

Еххачу хенахь кхин барт ца эг1аш, дов ца долуш баьхна уьш. Амма дахар цхьана эшарехь д1адоьдуш ма дац. 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, ширa хабарш («Зудчух вала ца лина»).

Цхьанна тІе хІотталц. Все без исключения, абсолютно все. Употребляется для усиления значения исчерпывающей полноты.

Гражданский тІом болабелча юьртара нах цхьанна тІе хІотталц. Советски Іедалехьа бевзира.

Цхьанне агІорхьа а. Никоим образом, никак.

Цхьа нун догІуш. Разг. Что-л., вызывающий подозрение, сомнение.

— Дера, цхьа нун догІуш хІума-м ду хІара. Наха а ма дуьйцу и туька Халидагlара яьхьна бохуш. Ш. Окуев. Лай тІехь цІен зезагаш.

Цхьа пІелг санна. Одинокий; без ближних и родных.—

Сагатдийр дацара, нехан санна, сайн кІентий дукха белахьара. Цхьа пІелг санна, цхьалха ву, нана яларг. Ш. Окуев. Юьхь.

Цхьа са аьрта болуш. Кто-л. несведущ. неискушен в чем-л.; легкомыслен, глуп.

— И Закаева цхьа са аьрта болуш хиларна кура ю, белхалошца а, беращца а шога ю бохуш юьйцу. А. Айдамиров. Ирхеш.

<Цхьа> цІока йисна// **<Цхьа> цІока <даьІахкаш> йисина.** Крайне похудел.

<Цхьа> хьаьрк ца эшош /ца талхош.../ Дословно, совершенно, только, без каких-л. искажений (перекрывать, повторять, передавать; выполнить что-л. точно, как это нужно и т. п.).

Лейтенанта Дадаловс цхьа хьаьрк ца эшош майрра Алдаевга дІадийцира цІийнах хьовсарх хилларг а, Гарамий, Зайдатий шега дийцинарш а, Амаев Хьамзат лаца ша дина гІуллакхаш а. М. Мусаев. Дашо маха. *Цхьа хьаьрк ца талхош кхочушдора цара шайна тІе деххина декхарш.* А. Айдамиров. Шемалан леламаш.

Цхьа хІума /цхьа бакъду/ ду. 1. Однако, все же, тем не менее кстати, в частности.

— Амма цхьа бакъду хьуна, массо а чІинхочунна дакъа дан-м дезар ду хьуна хьан. Ш. Окуев. Юьхь.

Цхьа хІуьнехдина (минехдина.) Какой-то, точно не определенный (О ком-л., точно неизвестном).

...Мирза, цхьа хІуьнехдина председатель ву ша бохуш, масийтта гІуллакххо шен карахь а волуш ву... С. Бадуев. Имам.

Цхьа цуьрг а. Ничуть, нисколько.

Іаламо цхьа цуьрг къайла ца доккхуш, озабезамаш ца беш, комаьрша схьакхийдадо шен токхе рицкъа. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Цхьацца гІулч йоккхуш. Последовательно, постепенно, неуклонно. *Цхьацца*

гIулч йоккхуш Последовательно, постепенно, неуклонно. *Цхьацца гIулч йоккхуш шен болх бан хаара Селамбина.*

Цхьацций-шишший дийца [ала]. Побеседовать, поговорить о разном. Болтать о чем-л., вести пустые разговоры.

— Нах-м дера Iийр бац. Юьхьанна а, тIаьхьенна а цхьацций, шишший йийцанера! — кулг ластийра Хаима. Н. Музаев. Мур.

Цхьа цIе хила. Не соответствует своему названию, намного хуже, чем назван.

Пачхьалкхана тIехь куьйгалла дар Арсанукаевна тIе а тесна, далла ламазаш даррий, вижаррий, гIаттарий бен кхин карихь хIума доцуш, шен цхьа цIе хилар а доккха хIума хеташ Iаш вара бIей шиъ шо долуш волу эмир Узун-Хьаьжа. Ш. Окуев. ЦIий, латтий.

Цхьа цIе ю. Только называется так. Об обманчивой сущности чего-л.; о несоответствии кого-л. или чего-л. тому, что кто-л. или что-л. представляет собой на самом деле.

Ишколехь столови ю бохуш цхьа цIе ю. Амма цу чохь бовха кхача хилац наггахь бен. А. Айдамиров. Ирхеш.

Цхьа зIуза лекха. 1. Поступать одинаково. 2. Повторять одно и то же.

Цхьа чо а. Ни в малейшей степени, ничуть, нимало.

Цхьа чо а ша бохучунна тIера вер воцуш вара Идрис.

Цхьа-ши дош ала. Делать короткое сообщение, выступление, донесение и т. п.

Исраил. Ой, ма ала ишта кIоршаме. Алийта сольга цхьа-ши дош дац. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Цхьаъ долуш <доцуш> дуй-те (?) А не от того ли; а не специально ли выражение, выражающее сомнение, подозрение кого-л.)

Ва нах, ненехула цхьаъ долуш дуй те тахана Малика шеца ишта кIеда-мерза хилар, аьлла, хийтира цунна. I. Гайсултанов. Малика — *Хьуна хIун тIедиллар дина тIаккха? Цаl доцуш хьо а ма ца вахийтина цара цIа?* Ш. Окуев. Юьхь.

Цхьаъ ду. 1. Кому, для кого одинаково безразлично.

—Суна цига вахча, ца вахча — цхьаъ ду. 2. Все равно, пусть будет так. О чем-л. неотвратимом, неизбежном (часто о смерти).

См. **Цхьа тIехье [чаккхе] ю.**

Цхьаъ кхолла. Создать, организовать и т. п. что-л. неприятное для кого-л. (сплетни, разговоры; мнение и т. п.).

— Ма гIо, йиш яц хьан дIавахи. Буьйсанна юккъехь дIавахча наха цхьаъ кхуллур ду суна. И. Эльсанов. Хьаша веача — цIийнана.

Цхьаъ санна. Все сразу, дружно, единодушно.

Осма. Бlаьстенга валахьара. Дела вац бохурш шайн декъе кхочур бара Теркаца хьала-охьа вехаш мел волу гlалагlазкхий гlоттур ву. Цхьаъ санна. Х. Ошаев. Некъ жlараболуш. *Массо хlорш, цхьаъ санна, вила тарlора.* М. Сулаев. Нохчийн кlант Водгин йистехь.

Цхьаъ хила. 1. В одно и то же время, одновременно (что-л. сделать). 2. Что-то случилось, произошло (неприятное, непредвиденное и т. п.).

1. Села: Тlаккха, ас «ошхlаду» алар, цо со буьрка санна, ирах а кхоьссина, lункар хьаьвди чу тохар, цхьаъ хили. 1.-Хь. Хамидов. Бож-lела. 2. «—Цхьаъ хила-м хилла! Вуьшта, хlун хилла-те?» — дара Мlаьчиг варе сатийсинчу Василин дагахь. Ш. Окуев. Юьхь. 2. *Веддарг герз долуш ву. Цхьаъ хилахь — суна хила деззарг хир ду.* И. Эльсанов. Ал-Мохьмад.

Цхьа юьхьиг йоцуш <...>. Без причины ничего не может случиться, произойти и т. п.

Марем. Ца хезнехь хlинца хелар ду-кх. Цхьа юьхьиг йоцуш ца хуьлу цхьа хlума а. 1.-Хь. Хамидов. Ламанан йоl.

Цхьаьна кошахь тарлур вац (й, д, б.) Кто-л. в непримиримых, исключающих возможность совместной деятельности, противоречиях, разногласиях с кем-л.; находиться в антогонистических отношениях.

Цl

Цlа ван. Освобождаться от иллюзий, приходить к правильному пониманию реальной действительности.

Цlа вола (й, д, б). (!). Р а з г. Приходи в себя, проснись.

— Хьо тап-аьлла тийна lаш ма ву. Хьуна ца хеза Каспаров ма тоьлла ткъе доьалглачу ловзарехь! Хезий хьуна? Хlай, цlа вола! Каспаров чемпион ма ву!

Цlаза пlелган меха <ца хета>//Дlакхоьссинчу гуйнан меха <ца хета>// Цlаза пlелган мlаран меха <ца хета и. дl. кх.>. Не заслуживать никакого внимания; быть слишком ничтожным, незначительным в сравнении с кем-л. или с чем-л.

Цlаза пlелгал [мlарал]. Ничтожный, мизерный.

—Цlаза пlелггал хьайна хилла хlума доцуш, ахь стенна хьоькху ге яьтlча санна мохь?

Цlакел <[цlимокел] > дехьеш яхка. Р а з г. 1. Откладывать что-л. на неопределенное время. 2. Давать обещание в будущем времени (обычно в неопределенном) (делать что-л.) 1. — Цlакел, цlимокел дехьеш ца йохкуш, хlинца де вай ваьнна дан дезарг. 2. — «Кхечухьа дlанислойла хьайн ца хилахь, схьанехьа ладугlуш хила. *Ялахь, хиллийта хьовсур ду вай хьуна белхан меттиг. Цхьаъ дlа ца ваьлча... Ткъа,*

хууш ма-дарра, балхара дIавала луург кIезиг волу» — ...цIакел, цIимокел дехьеш яхка юьйлира. М. Музаев. Анзор.

ЦIа лаца. Выйти замуж.

Мацах, цхьана халачу заманахь, маре яхана зуда цигахь тар ца елла майрачун бехкенна цIа еача, кхечхьа цо цIа лаццалц, цунна хене яла аьттонна луш хилла и урдо. А. Айдамиров. Ирхеш.

ЦIарг (биллий) диллина. Р а з г. Кто-л. главенствует, верховодить; определяет ход, оказывает или имеет решающее влияние на кого-л. или на чего-л.

ЦIарла волла (й, д, б.). Выставить на всеобщее обсуждение, посмешище и т. п.

Совдат. Сан юьртахой, аша мукъана а лацийша сан гIо, ма йоллийтийша со кхуьнга боьхачу цIарла. I.-Хь. Хамидов Совдаттий, Дауддий.

ЦIарна гIаравала (й, д, б.). Стать известным, популярным.

...Вайн мохк а бу сан цIарна гIарабаьлла! — Ша олуш, стом нохчо вукхунна йира чов. М. Сулаев. Сирла суьйре.

ЦIарна цIе яхана (яхна). Очень известный, популярный (с элементом фольклорности).

Саламца тIевеъна, кIентащца дIахIоьттира цIарна цIе ва яхна и Юьспан ва Тойсам. Нохчийн халкъан фольклор. («Жерочун кIентан, Гуьржийн кIентан илли»).— *Оцу инарлаша къаставо пурстоп. Вайн махка кхачийна цIарна а цIе яхнарг. Хьекъалан да, кхетамен корта — майра кIант Бетирсолта.* С. Курумова Дохк. *Жамалда. ...Со цIарна а цIе яхана Батlалан Жамалда ву! Хезий шуна?* Н. Мусаев. Революцин новкъа. *Ткъа и цIийнаналла дан карах долуш вацара кураллий, сонталлий цIарна а цIе яхана, шозза Сибарехара цIавеана Демгин Микаил.* Ш. Окуев. Юьхь

ЦIар тIехь йоцу. О незамужней женщине.

ЦIар тIехь хила. Быть или находиться замужем, в браке в кем-л.

Роза йигина цIа еънехь а, хIинца а шен майрчун цIар тIехь ю.

ЦIар тIе яккха. Взять в жены, жениться. У с т. По религиозным обычаям узаконить бракосочетание (с женщиной).

ТIаккха сацам бира цо Хьамиде ша цIар тIе яккха ала. А. Айдамиров. Ирхеш.

ЦIарул-цIен. «Очень красный.

Шибола дара куьйгаш: Ахьмаданиг — цIарул-цIен, довха, кхуьнаниг — кIайн. I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранашбеза. *Малхехь лепа а лепаш, цIарула цIий а делла, Iуьллу цхьа бIар.* М. Ахмадов. Деса бIар.

ЦIахь санна. Свободно, без стеснения, хорошо.

Шахlид, хьан цIен тIехь, сайн цIахь санна, со lийра. I. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь. Ср. **Хьайн цIахь санна.**

Цlа-цlе <а>. Семья, свои люди; достоинство и честь.

— Цlа-цlе а, даймохк а боцуш; сагIадоьхургаш санна, оцу хийрачу махкахь нехан неIаре хIуьттуш делла дIадевр ду вай. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Цlа-цlе а хила. Иметь крышу, жилье, семью и т. п. Еще подразумевается семья, свои люди. От вайнахского цlа (дом), цlе — титул, знак уважения.

Махьмуд цlа-цlе а долуш стаг хилла хIинца.

Цlа-цlе а доцуш. Без крова, семьи.

—Сан ден цlа а духуш лаьтта. Цlа-цlе доцуш байлахь йиса йоллу хир ю вайша. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.

Цlе а яц. Кого-л. или чего-л. совсем нет (исчез или исчезло).

Расул юьртахь Iийна аьлла, цlе а яц хIинца.

Цlе бехъян. Унизить, опозорить кого-л., поставить кого-л. в постыдное унизительное положение, вызывающее презрение, бесчестие.

Сан цlе хьовха, ден цlе а бехйора. Сох Вадуд аьлла ма ца Iа, Вахаевич а тIегуху. М. Ахмадов. Иза самавелира.

Цlе деши меха. Очень ценен (о чем-л.) Вероятно, калька с франц.

Цlе дика яккхийта. Отличиться в чем-л. (чтоб потом о тебе говорили, рассказывали, помнили и т. п. хорошо).

— Мостагlчунна хьалха текхаш вехачул, тIаьхьарчу тIаьхьене а шен цlе дика яккхийтар сийлахь ду. У. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Цlе йожа. Недостойными поступками, поведением и т. п. навеять на себя; лишиться чести; поведением и т. п.

Цlе йожа. Недостойными поступками, поведением и т. п. навеять на себя; лишиться чести; уронiться в глазах общества.

Тайпанна томмагI ду кIанта юкъ ястар. Южур ю стеган цlе, атта некъ лиъча. Б. Сулейманов. Къонахех къонаха.

Цlе йожо. Обесславить, опозорить, всенародно унизить кого-л.

— Гой хьуна, зIакардаьхни кхобучу фермехь Тамарин яхана цlе! И хIинца йожо ма гIерта, дада. Х. Ошаев. Цкъана колхозехь. *Къонахчун цlе йожош, кхочур ду эхь, даймехкан орцанна хьелахь.* Ш. Арсанукаев. Захар.

Цlе йожа хIоккху белхан /кIегаш тIе.../. Восклицание негодования, досады, удивления.

— Эхl-хlай, цlе йожа хьо белхан делаl! — олуш, массарал а хьалха схьалецира иза, цунна шена хетадаларехь воккхах волчо,— схьалацалаш, кIентий, дехьара схьа топ тоьхна-кх кхунна. I. Мамакаев. Винчу юьрта. *Сутарби. Цlе йожа кIегаш тIе, тахта-махта ю, тов! Хlара чIогIа хIума хилла.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.— *Ой,*

цIе йожа кху белхан. Ану, хьо яла-м тхан йиш ма яц. 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш. /«Ма хуур дара хьо хьенан ю»/.

ЦIе йоккхуш. Всеми признанный, уважаемый.

— *Бакъ дац иза, МIаьчиг. Тхан юьртахь цIе йоккхуш хаза йол яра со.* Ш. Окуев. Юьхь. — *КIант, со велча, вайн юьртара уггаре а тоьлашха болу нах. вовшах а тохий, цаьрга дIаволлийталахь.*— Дера вуллуьйтур вара, дада, вайн юьртахь цIе йоккхуш *цхьа а стаг висинехьара-м,*— *жоп делла кIанта.* 1. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Стенга бахана уьш»).

ЦIе-кIур хьелийна. Разг. Кто-л. прогорел, разорился; остался без поддержки со стороны кого-л.

Советан Iедало цIе-кIур хьелийтира кулакашка.

ЦIе ларъян. Беречь свое общественное значение, вес, авторитет и т. п.

Къеначу шен ерриг дегайовхо, цхьаъ бен воцчу, цунах а, ша кхузткъе пхийта шарахь цхьа а хьоькх ца кхоьтуьйгуш ларбина шен дика цIе кхин дIа ларъяр цунна тIехь дуьсийла а хоуьйтуш. А. Айдамиров. Ирхеш.

ЦIе лато // Сийна цIе лато. Уничтожить, разгромить, истребить, ликвидировать кого-л. или чего-л.

Сталинградехь цIе латийра шаьш мостагIчух,— бохуш хаамаш бора .салташа. Йол маре яхча, нана мохь хьекха елира: «Сох сийна цIе латий ахь! Сох сийна цIе теси ахь!...».

ЦIена куьг тоха. Сделать что-л. умело, мастерски, прекрасно, аккуратно.

— *Деллахь ду хIара ахь дина гIулликх — цIена тоьхна куьг.*

ЦIенчу даггара (дагна). Искренне, сердечно, горячо, с полной откровенностью, из самых добрых побуждений.

...Держиус Семен Степановина а, цуьнан зудчунна Варвара Николаевнина а, йолана Василиса Семеновна а сайн цIеначу даггара, доккха баркалла ала!... Ш. Окуев. Юьхь.

ЦIена эрш ян. Разг. Делать что-л. значительное, невероятное, уму не постижимое.

Болх бина ца Iаш и цIена эрш йинера Увайса.

ЦIен деши делча а. Ни за что; никогда, ни при каких условиях.

Ткъа олан шен Хьорсанс вахийта стаг ваьнера, кхин болу оьрсий шайна цIен деший делча а, цига гIур бацара. Ш. Окуев. Юьхь.

ЦIен деши дина. Что-л. дорого стоит, очень высоко ценится (о чем л.), но дорогой цене продается.

— *Хьайн паччахьан хьал, хIара лекха лаьмнаш, цIен деши дина ахь суна ди-*

тарх. доттагI цкъа хир вац хьуна, ахь сайниг схьа валлалц. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

ЦIени е цо [ахь...]. Р а з г. Восклицание, удивление, восхищение по поводу действий, поступков и т. п. кого-л. Ср.: <**Хьайн...**> **буьйсан чохь е ахь [цо]//Шен цIени-цIеста е цо** [ахь...].

— *ХIай, дадала хьо кIентан. Ма кIант ву. Хьайн цIени е ахь! Ишта хила веза кIант!*

ЦIен-кIайн духа [...]. Р а з г. (Одеваться) нарядно, празднично.

Массо а ханна цIен-кIайн дуьйхина хир вара Руслан.

ЦIенчу некъаца (новкъа). Точно, буквально, доподлинно (часто с ума сойти.)

— *Айхьа лелориг-м ца го хьуна, Шахьмуд. ЦIенчу некъаца хьераваьлла-кх хьо,— Iоттар йина цунна оьгIазваханчу ГIайрбека.* I. Ахмадов. Забаре дийцарш пивра хабарш («Банехь».)

ЦIерга верзо. Подвергать резкой критике.

ЦIерга эккха (лелха) кийчча. О готовности кого-л. на любые самоотверженные поступки, на все, не раздумывая ради кого-л или чего-л. — *Шайн хьалкамна цатам ца хилийта цIерга лелха кийчча болчех ву со...* Н. Музаев. Мур.

ЦIерца ловза. Поступать неосторожно, не думая о последствиях.

ЦIе таса. Р а з г. Взять развод.

— *Хьан деца ЧIоллица бина мах бохош. — ЦIе таса йолийра Майрачо зудчун...* Х. Эдилов. Сийлаха. — *Лен шо тIекхаьчна вайша а дац. Хаза ду дуьне. Забират, хьайн цIе тасийта еза ахь.* С. Курумова. Дохк.

ЦIе тилла. Пустить сплетни, создать о ком-л. или о чем-л. мнение (обычно отрицательное).

— *Суна вон цIе тилла ма гIертахьа, Расул. — Суна цIе туьллуш и волийца хьо? — сингаттаме вистхилира Iабдулла,— меттиг ерстина хьан лаамна!* Н. Музаев. Сатийсаман пицкъ.

ЦIе тоха. Назвать, определить, произнести имея (название кого-л., или чего-л); определив, сказав, объявить.

Чувсанчу майрачунна денъелла дIахIоьттина гина шен зуда. Дукха чIогIа и хазахеттачу цо: «ХIун деза хьуна? Хьайна езачу хIуманна цIе тоха, хьуна дезарг хир ду хьуна»... — аьлла. Нохчийн халкъан фольклор. («Нара байна Салман»).

ЦIе тоьхна. (Заранее) кто-л. занял, отметил, определил, заказал и т. п. что-л.

— *Нохчийчохь ас цIе тоьхна цхьа дан дуьхьал ца дахьаш, едда йогIур яра соьга, ас захало дIахьахошшехь,— кхуьг тесира Бахьазас.* Н. Музаев. Органан тогIехь.

— Кхана суьйранна там алийта нах бахийта, ахча хьайна луъучуьра даккха, амма цара цIе тоьхна там, цхьа тилор-тай ца изшош, кхоччуш дIабахьийта. А. Айдамиров. Эмгар. *Дагo цIе тоьхна хьо, сан ирсан седа, ас лоьху юха а гар.* С. Дакаев. Юха а хьоьгахьа.

ЦIе тIехь йолу |цIар тIехь йолу|. 1. О неразведенной (замужней) женщине. 2. (Что-л.) заказанное, отмеченное, определенное и т. п..

И хабар-м жимма дийца а дийцина дуьсур дара. Моллин цIе тIехь йолчу сан, юьхь тIе сайчо тоьхна хатташ стенца дIабаха беза? I. Гайсултанов. Iаьржа портфель.— *ХIинца нах барам боцуш телхина вайна... И стаг ваьхьна дика нехан цIе тIехь йолу зуда йига.* М. Бексултанов. Таксист я чаккхе. *Иза кетар ма хьехае, иза хьалхе дуьйна сан цIе тIехь йолуш ю.*

ЦIе хала хьо /кху/ белхан /кIегаш тIе/ (!) Выражение негодования, досады; удивления. Ср.: **ЦIе йожа хьо /кху/ белхан /кIегаш тIе/ (!).**

— ЭхI-хIай! ЦIе хала ахь дуьйцучун! Вайшинна цхьа хаза захалонан пхьола деш воллура со, схьа а иккхина болх бийца хьо ца хIоьттинехь. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь. *Ой, цIе хала хьо белхан! — шен ойла йора кабинетехь ша висинчу Арсас.— Москвара и хьаькам вогIуш хилар сел сиха муха хиа-техьа цунна!* Н. Музаев. Мур. *ЦIех-хала хьо белхан, Дийнан цIех-хала! Доьхначу кху денна.* ХIун дийр ду ас? Х. Эдилов. Сийлаха.— *Деллахь, ма Iовдал болх бина-кха аш царна тIехь. Э-э, цIе хала хьо белхан!* Ш. Окуев. Юьхь. *Бож-Iела. ЦIе хала кIегаш тIе!* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

ЦIехьа цIингаш, байтIа мийраш (!). Р а з г. Быстро, без задержки и ожидания (уйди, уходи; часто к себе домой).

Чоьнтиг. Мы кхуьъу сиха, хьайн истангах топ яй, цIехьа цIингаш, байтIа мийраш бе ахь! Хьо Бакарбикийца а, Ахьмархьаьжица а Iийна ер яц. Х. Ошаев. Ахьмархьаьжа.

ЦIе хьелайо. Что-л. или кто-л. производит на кого-л. плохое, неприятное впечатление.

ЦIе яккха. Добиваться известности, популярности.

Иза дашна шен цIе яккхар нахалахь далар алсамдалар лууш а вара, цуьнан ойла чIогIа еш а вара. С. Бадуев. Бешто.

ЦIе яккхийта. Добиваться известности, популярности.

— ХIета, корта ца хиларна иккхина хилла-кх со догучу цIа чу? — Хаац. Хьайн хастаме цIе яккхийта иккхирий-те, олий дага а догIу суна. А. Айдамиров. Ирхеш.

ЦIе яхана (яхна, яххана). Получивший всеобщее признание, одобрение, похвалу, оценку, огласку. Ср. **ЦIарна цIе яххана // ЦIе йоккхуш и. дI. кх.**

Сашин цIе яхара берашна юккъехь а цIе яххана говза къу ву. Ш. Окуев. Юьхь.— *Делахь ас цуьнца хьуна захало дуьйцур ду. Аьлбика-м хьаха ю вайн юьртахь цIе яхана хаза а, оьзда а йоI. Аьлбика-м хьаха ю вайн юьртахь цIе яхана хаза а, оьзда*

а йол. I. Ахмадов. Тешнабехк. *Хьалха дуьйна цIе яххана болчу а, керла тIекхиинчу а поэташа язйинчу дикачу произведеница кхуьуш, алсамъяьлла нохчийн исбаьхьаллин хазна.* I. Арсанукаев. Нохчийн поэзин мехала хазна.

Цlе яьлла меттиг. Чрезвычайное происшествие; случай; происшествие особой важности.

— *Цlе яьлла меттиг а бац со чуьраваьлла хьийза,— велакъежира Бади, цавешаш.* I. Гайсултанов. Малика. *Бож-Iела. Цlе яьлла меттиг-м яц?* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Цlе яьлларг дан. Разг. Затеять что-л. сложное, хлопотное, неприятное Ср.: **Доьхнарг дан; Вош-шов дан и дI. кх.**

Цlе яьлла яц (!). Выражение утешения, одобрения. Предложение междометного характера.

— *Шек дIа ма валахьа. Цlе яьлла яц! Хьуна хилла хIумма а дац!*

Цlе яьлча санна. Поспешно, торопливо, быстро, стремглав.

Амма уьш-м (куьзганаш-авт) цо тамана доьхкина дацара, цlе яьлча санна, массо а метте хьежа беза шен ши бlаьрг ченах ларбан доьхкина дара-кх. Ш. Айсханов. Кlайн когаш. *Кхо де даьлча, оршот дийнахь Меа дIайига нах бахка безаш бара. Цlе яьлча санна, цунна кечам беш хьийзара Бикату.* Хь. Саракаев. Меа. *Цlе яьлча санна, чехка маьнги тIера охьа а иккхина, дIахьаьдира. Мухтарпаша.* В. Матиев. Мокхазан дог. *Юххе мел кхочу а марсайохуш, сигнал етташ, цlе яьлча санна йоглура иза.* I. Дадашев. Лаьмнашка некъ.

Цlий а, са а доьхкина. 1. Ценой больших усилий, сил, стараний.

Шен цlий а, са а доьхкина дина Султана шен цlенош. 2. Делать что-л. с большим напряжением, усилием; не жалея себя. *Махьмуд, цхьа а хIума гуш вац, шен цlий а, са а доьхкина балхана тIе вирзина иза.*

Цlий гlорадо пхенашкахь. Испытывать чувство ужаса, сильного страха.

Цlий дехка [лаха]. Уст. Совершить акт мести (по отношению к кому-л.)

Осма. Собар, собар. Сих ма ло, Хасар. (TIерлога). *Ткъа Хасар цхьамма вийча, я цуьнан сий дайича, цуьнан цlий лохур дарий ахь?* Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Цlийла волла. Уст. Сделать кого-л. соучастником какого-л. злодеяния, преступления, убийства, которые влекут за собой самое высшее наказание.

Цlий ловзадаьлла [доходелла]. Кто-л. ощущает в себе избыток сил, энергии.

Цlий мала. Разг. Мучать, притеснять кого-л., издеваться, глумиться над кем-л., доводить до крайней степени тяжелого положения, состояния; жестоко эксплуатировать.

Решид. ...Шу шайн ворхIа а дехь дуьйна мискачу нехан цIий муьйлуш, текхарга хилла, логах хьерчаш, схьадогIуш долу дела... С. Бадуев. ЦIен гIап. *ХIай зама, сан халкъан цIий мийлла зама!* I. Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь.

ЦIий мер долуш. Р а з г. О крайне жестоком, безжалостном человеке. *Къинхетаман чо боцуш, цIий мер долуш дера стаг вара Iабдурзакъ.*

ЦIийнан дукъ. Домашние заботы, хлопоты и т. п.

Юьртан къеда. Хьажал хьо, Бану, хьан хьайн а, вайн ловза даханчу берах санна, сан хьох а лозу дог; хIокху вайн цIийнан дукъ ахь айххьа леладарна. С. Бадуев. Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад.

ЦIийнан кIур. О потомстве, продолжателях рода, фамилии.

Цхьана минотана а ма дицде вайн ерриг дегайовхо хьайн шина кIантана тIехь хилар. И шиъ кхиа веза вайн цIийнан кIур ца байта. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

ЦIийн маьIIехь. Совсем близко, рядом. Ср.: **Мера кIел; Куьйган кIел.**

ЦIийнан нана // Кхерчан нана. Хозяйка, жена.

Элашбис Олдум шайн цIийнан дукъ схьалоцуш дIахIоттарх а, хIинцца ши шо хьалха еллачу шен зудчун меттана шайн цIийнан нана хилла дIахIоьттинчу Сепиятах а чIогIа воккхавеш дикка зама дIаехьира. С. Бадуев. Олдум. *Зуда-ламанхо хIинца цхьана «кхерчан нана» хилла ца Iа, хьалха эвлашкахь и хилла ма-хиллара.* Р. Ахматова. Курра корта а айбина. *Леча дуьненчу волуш кхелхина сан цIийнан нана.* И. Эльсанов. Ши кIант ву сан.

ЦIийнан тIаьхье. Р а з г. Потомки (рода), внуки; дети и т. п.

Чорах дийцира суна, вайшиннан доьзал кхиъча, тхан цIийнан тIаьхье йовр яц, шена и тоьа цо, бохуш. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

ЦIийнах-цIарах вала (й, д, б). Оставаться без крова, семьи, без крыши, без уюта и т. п.

ЧIирхошна гучуваьлча, нехан юьртахь доттагI волчохь, Iан а маьрша дац Аслагlина. ЦIийнах-цIарах ваьлла, бевза-безарш битина, безамах-ирсах хьадда, дыххьалдIа шен са лардеш, хьуьнхахь лечкъина Iийча а ца вуьту лурвоьлларг. I. Арсанукаев. Нохчийн поэзин мехала хазна.

ЦIийIено. 1. Погибать, защищая кого-л. или чего-л. 2. Убивать кого-л.

ЦIинга́ш бетта́ш <лела>. Р а з г. Бездельничать, провести время в безделье. Обычно о подростках.

ЦIинг бан. Р а з г. Убежать, удрать.

Мохсолта. ...ХIаллакъхилале, катоьхна цIинг бан беза кхин ара! I. Хь. Хамилов. Мохсолтин доьхна де.

Цlих (цlийх) а, тlамарх а дола. Становиться устойчивой чертой характера, привычкой, чем-то привычным, необходимым.

Воккхаве: цlийх йоьлла хьоме цlе, Къийсамехь цо хьоьху халонаш лехка, толамехь lамадо пусар дан хенан. З. Муталибов. Хьоме цlе.

Цlих (цlийх) даьлла цlий. Родной ребенок.

Цlица (цlийца) даккха. Погибать, страдать, защищая кого-л. или что-л. *Шерипов Асланбек ца вевза хьанна?! Уьш бу уьш халкъан ирс даьккхинарш цlийца!* Д. Кагерманов. Сан Кавказ.

Цlога белша тlе диллина <лела>. Разг. Бездельничать; провести время в веселье.

Дуккха а кегийраш бу юьртахь, деш а, дуьтуш а доцуш цlога белша тlе диллина лелаш. Цlога дайа. Прост. Демонстративно пренебрегать кем-л., игнорировать, презирать кого-л.

Цlога дохда. Разг. Побить, избить, отколотить кого-л. задать взбучку, дать нагоняй.

1932-ну шеран мартехь Маца-имам ваьлча, бархI шо хьалха дас пенах дlаоьллина пхоьаззи йолу топ эцна. Моцина тlаьхьа хIиттиначеран «цlога» дохда вахна алахь, цунна герзах тlеоьшур еккъа цхьа «бумба» хилла. И. Эльсанов. КIайн коч.

Цlога ирх тоха. Груб-прост. Не считаться ни с кем, ни с чем, не обращать внимания ни на что.

Цlога лаьцна <лела>. Разг. 1. Унижаться в знак раболепной покорности, подличать.

Анасна эхь ца хета колхозан куьйгалхойн цlога лаьцна лела. 2. Ходить, следовать за кем-л. неотступно. *Ханна тlаьхьара ца йолуш, цуьнан цlога лаьцна лелаш яра жима йоI.*

Цlога лесто /цlийзо/. 1. Прибегая к хитростям, уловкам, увиливать от чего-л. *— Бакъду, оцу Бетарх ца теша со. Хьалха ишта меттигаш тlеяьхкича, цlога лестош меттигаш а йина цо.* А. Айдамиров. Ирхеш.— *Вай бlаьрга мел дайначу къорlанор, оцу хаттарна жоп дала ца ваьхьаш, тховса кху чохь хийла цlога-м хьийзор ма дара шуна, шаьш lеламнах бу бохуш, вайна юккъехь лелаш болчу цхьаболчу наха.* Ш. Окуев. Юьхь. 2. Хитрить, лукавить. *Цlога ца хьийзош бакъдерг дийца соьга.*

Цlога дайа [цlога ма дайа]. (!). Прост. Выражение крайней степени презрения, неуважения к кому-л.

Сулайп-моллас шена геланна тlехь галваьлла алар хIун ду ца хууш, кхайкхина цхьа нохчо тlе а валийна, и хIун бохург ду, аьлла, хаьттира Нажмуддега. Вела а велла:

— И хьаха ду, хьоьга, хьайн цIога а ца дойуш, цIа гIо бохург! — аьлла, шен говра а хиъна, дIавахара нохчо. Ш. Окуев. ЦIий, латтий...

ЦIоганах шад бан. Заставить кого-л. быть более покладистым.

ЦIогане хи кхаьчна. Р а з г. У кого-л. создалось крайне трудное положение, которое требует принятия решительных действий.

— Вай дерриш цхьа хIума дан тохало цIогане хи кхаьчначу хенахь, хIетта. хIуманна бала а ца хуьлу.

ЦIоганехь виса (й, д, б). Р а з г. Отстать от других в чем-л. *Балха тIехь массера цIоганехь висира Масхьуд.*

ЦIогане ца хьокху. П р о с т. Что-л. безразлично кому-л., абсолютно не интересует кого-л. *Шега хьан хIуъу а аьлча а, цIогане а ца хьокхура Сайдас.*

ЦIоганна тIе охьахао (охьатало). Р а з г. Поставить кого-л. на свое место (в пренебрежительной форме); приводить кого-л. в ясность, определенность.

— Шозлагла, ахь тIехваьлла лелош долу хIума дена а, нанна а товр дац хьуна. ТIаккха цара шайн йол а меттаялор ю, хьо а хьайн цIоганна тIе охьахаор ву. Ш. Окуев. Юьхь. См. **ЦIога сетто. ЦIога лесто /хьийзо/.**

ЦIога талО. Р а з г. Испугаться. Оборот возник в результате переноса на человека поведения собаки, которая чувствует свою вину и боится наказания.

ЦIоз санна. 1. О большом количестве /кого-л./.

Янарс. Партизанаш! Шуьга бах ас. Дагадогlий шуна, итт шо хьалха, цIоз санна, деникинцаш Нохч-ГIалгIайчу баьржина? Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. 2. О людях, расположенных или движущихся вытянутой линией.

ЦIока яккха /даккха/ <дийна воллушехь>. Безжалостно эксплуатировать, сильно притеснять кого-л.; наказать кого-л., сильно ругать кого-л.

И вогlур ву хьуна хьан цIока яккха: хьо дийна цо йитахь хастам бе далла. Х. Эдилов. КIант сан ву.— *Сан да хьаккхица валлалда, вуьтур вацара цара хьо дийна воллушехь тIера цIока схьа ца йоккхуш.* Ш. Окуев. Юьхь.

ЦIом оллийна. Кто-л. пришел в уныние, отчаяние; огорчился Ср.: **ЧIом оллийна.**

— И гIовгIа сацаел, кIант! — Хьамидан мохь хезира Хьасанна, сени чу ваьлча.— Мотт сецча санна, йист ца хуьлуш цIом оллийна, хьо а стенна лела! А. Айдамиров. Ирхеш. *Ткъа нус-м цIом а оллийна, леррина ладоьгIуш лаьтташ хилла.* І. Ахмадов. Забаре дийцарш. шира хабарш. («Несо дина хьехар»).

ЦIуддар санна. Неотвязно, назойливо, надоедливо.

ЦIуза лакха. Р а з г. Бедствовать, испытывать большую нужду; прибедняться, прося чего-л. Первоначально о песнях, которые пели нищие, слепые и т. п. на база-

рах и в других людных местах, прося милостыню. 2. Обойдешься, вот тебе, как тебе и надо.

Цlузанехула санна. Очень сильным потоком струей. О проливном дожде.
Цlузанехула санна доьлхура арахь догlа.

Цlук вала (й, д.). Ср. **Сукурсет яла.** Разг. Расфуфыриться, одеться чересчур нарядно, крикливо, вызывающе.

Цlулла сара санна [дlаьвше]. Об очень вредном, опасном. О ком-л. или о чем-л.
Цlулла сара санна, дlаьвше вара Ахьъяд. Цо мел до гlуллакх нахана зене волуш бен ца дора.

Цlул-цlимока. На восьмой день вперед.

Цlум де хlотто. У с т. Создать праздничную обстановку.

Цlурко туьллучу кхаьчна. У с т. На заключительной стадии чего-л. (дела, мероприятия).

Цlуьллокум хlума. Р а з г. О слабом, хилом человеке.

Ч

Чаккхе йоцуш. Очень много, очень долго. Чаккхе йоцуш цуьнца къийсича а тоьлар вац.

Чам байа. Расстроить, опечалить кого-л., принести огорчение.
Вовшех цаlабар, вовшийн чам байар дацара иза. Н. Музаев. Анзор.

Чам байна. Кто-л. очень огорчен, обижен чем-л.

Бештос шега аьлларг ца дира, иза массо а хlуманах дог даьллий, дуьненах чам байна вара. С. Бадуев. Бешто. *Гlенах ца тешахь а, чам байначу Ал-Мохьмадана гlан тида ненан метта хилла йоккха стаг мукъна а елир-кха, аьлла хийтира.* Э. Эльсанов. Ал-Мохьмад. **Чам бан.**— *Э... Ма дарра гуш ду и-м,— йоьлуш, йистхилира Езира,— Везац цунна хьо... Ишта чам бовш хуьлу йоьlан кlантах...* Х. Ошаев. Алур шераш.

Чам баккха//Чоме хьажа. Испытывать, проверить что-л.
Хийла вонийн чам баькхина а, чам хууш а стаг.

Чам боцуш. Плохой, неважный, неприятный, мрачный и т. п. Употребляется как оценка (кого-л. или чего-л.) плохого, неприятного.
— *Хlа-хlа, вежарий. Ерриг хьаьаш моллина яхана. Дуьстина а вер вац цуьнан*

чам боцуш хилар... Х. Ошаев. Сийна бIаьрга безам боцурш багарбар. *Таханлера де чам боцуш деанера юьртана.* А. Айдамиров. Маршонан цIарах. *Ма елахь чам боцу забарш ахь цуьнца.* С. Дакаев. Ира ов детташ...

Чамхалган меха ца лара /**ца хета**/. О том, что не имеет значения для кого-л., не заслуживает внимания.

Со цIахь йолчу хенахь чамхалган меха а ца лоруш, ас юхатеттина «кIентий» бара хенахь чамхалган меха а ца лоруш, ас юхатеттина «кIентий» бара уьш. С. Курумова. Сан гIалат.

Чам хууш хила. 1. Правильно, по достоинству оценивать что-л., дорожить чем-л.

Вайн иллийн чам хуьш вара воккха илланча Сулейманов Баудди. Я. Хасбулатов. Нохчийн бIе мукъам. (Иллеш, эшарш). 2. (Начинать) ощущать удовлетворение от чего-л.

Чан кхетта//**Цинц кхетта.** Плохи, никуда не годятся. О делах, положении, состоянии и т. п.

Шеконе а, чан кхетта а долчу шен гIуллакхашна цу балхах гIо хиларе сатесна вара Ахед. Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Делахь, хIун дийр ду шуна? ГIуллакх ишта «чан кхетта» делахь, гIо ца дича дер дац шуна...* Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Чан тасийта. Разг. Расправиться с кем-л. или чем-л.

...Амма, къамело новкъарло ца йора цо жижиган бонге чан тасийтарна. Н. Музаев. БIарлагIийн тоба.

Чапханаш йийриг а кхуьур воцуш//**Чапханаш ечунна хуур доцуш (дац).** Разг. Никто (даже самый умный, сообразительный и т. п.) не разберется, не поймет, не узнает что-л. и т. п. в чем-л. Выражение удивления (по поводу какого-л. сложного, путанного дела, случая и т. п.).

— *Валлахl хуур дац цу Къурбас кху тIе яздинарг деша чапханаш ечунна а.* Х. Ошаев. Алун шераш. *«ХIара хIун ду?! — карзахвийлинера шун Агагlара молла,— чаппагlанаш ечунна а хуур дац кху тIе хьеккхарш хIун сизаш ду-м!* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ. *Чапханаш йийриг а кхуьур воцуш, моллас цхьа залал а боьттина, цIанвелира-кх.* М. Мусаев. Анзор. *Вукхо дуьхьал элира: — Ой, дIавала, чаппагlнаш ечунна а хуур дац цу хаттаршна жоп дала-м.* I.-Хь. Хамидов. Экзамен хаттар.

Ча санна. О сильном, здоровом человеке.

— *Ча санна волчу хьуна-м кхетар яц цхьа а цамгар а, сиркхо а.*

Ча тоьшийла (тешалда) щух (хьох) (!) Разг. Выражение несогласия, недоверия.

— *Э... ХIе-хIе-е...хIе-хIе...ча тоьшийла шех-м ... ча тоьшийла шех-м...*

Цуьнан ахча ца дайна, иза суна билггал хаьа. С. Бадуев. Пхи туьма.— *Хьо? Кlеда? — велавелира Iабдулла,— ча тешалда хьан кlедаллех!* Н. Музаев. Сатийсаман пицкъ.

Чекх са гайта. Уроniться в глазах кого-л., опозориться, лишиться чести, достоинства.

Иштта вовшийн лулахь болчу цIна атта ду нахана шайх чекх са ца гайта а, карасана хIонс Iора ца йолуьйтуш ларъян а. Н. Музаев. Мур.

Чекх са ган. Под воздействием кого-л. или чего-л. испытать чувство стыда, позора, унижения и т. п.

«Ванах, кхин стаг вац-техьа со?» — дуккхазза дагадогIуш, шена шех чекх са гинера Анзорна, дешнчас машина эццачул тIаьхьа дуьйна схьа. М. Мусаев. Анзор.— *Ткъа, Зезаган шен сий? Иза бех ма дина оцу суьйличо. ХIинца Зезагана шена шех чекх са го.* А. Айдамиров. Шемалан леламаш. *Шена деш долу совгIат хьешо духатохар оцу хIусамах чекх са гар ду.* I. Юсупов. Хьеший.

Чекх са гун дегI <...>. О слабом, болезненном, нездоровом человеке, отличающемся малой физической силой, мощью.

— ХIай сан жима Аьстамар! Со хьаьнца юьту ахь кху суна цхьа долчу дуьненахь? — олий, хIунда ца эккхадо-теша Зайнапа шен чекх са гу дегI Аьстамаран мара? С. Бадуев. Зайнап.

Ченал хьаккхо (хьекхо). 1. Опозорить, унизить кого-л.

Шен езар ченала хьекхайойтур йолуш вацара кIант... С. Курумова. Дохк. 2. Испортить что-л.

Чета боьхкина (боьллина) (й, д, в). Оберегая, опекая (носить кого-л., баловать кого-л.).

— Ахь чета а боьллина, хьайна лелош болу, хьайна бан кечбина тешнабехк а бу! — аьлла, куьг ластийра Иналкъо. Ш. Окуев. ЦIий, латтий.— *ХIай? Мичхьа ву хьан бIаьргаш боцу Кер-Мохкьумад? Ахь чета боьхкина лелийна наибаш Кибит-Махьма, Денал-бек, Албаз-Дибир?* А. Айдамиров. Шемалан леламаш.

Чим а бац. Р а з г. Нет абсолютно ничего.

— Чим а бац тхоьгахь ялтех,— бохура СаьIбиган кIенташа.

Чим бан. Уничтожить, сжечь дотла, подвергнуть экзекуции и т. п.

— Вайн дай, йижарий, вежарий байийтина, вайн махках чим бина, вайн яьIни тIе хевшинчу оцу делан мостагIийн ялхой хилла лела делах а, нахах а иэхь ца хета шуна? А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Чиркх (чиркхаш) санна хаза <...>. О красавице; о красивых (детях...).

...Чиркхаш санна хаза бераш... А. Айдамиров. Ирхеш.

Чо гайта. Стать до конца откровенным или понятным. Показывать кому-л. свои слабые места в характере, деле и т. д.

— *Ахьа хьайн зудчунна хьайн чо гайтина, цундела иза хьоьца эвхьаза яьлла!*

Чо лаьцна вела [кхехка... (й, д, б)]. Хохотать до изнеможения.

Чот йоцуш. 1. Разг. Не обращая ни на что внимания, равнодушно, безразлично (жить, действовать и т. п.). 2. Очень много, в большом количестве, в избытке (о ком-л. или о чем-л.).

Некъо гIелдиннашехь, ца лоьхуш кIеда мотт, вовшех хьаьрчаш, охьадийши цIенкъа, садиIаран бен йоцуш цхьа а чот. I. Шайхиев. Чайта. *Шегара чот йоцуш дукха доьхуш, шена сов кIезиг доьхуш, есачу цхьа зирх шена боцуш вара иза балхахь а, дахарехь а.* М. Мамакаев. Сийлахь яздархо — виц ца лун накъост.

Чот йоьхна//Йиш йоьхна. Кто-л. в трудном, тяжелом положении.

Ша хIун дийр ду ца хууш, хIун дина бIаьхо кIелхьара ваккхалур вара ца хууш, чIогIа воьхна, чот йоьхна хьаьвзира эла Иналкъ. Ш. Окуев. ЦIий, латтий.

Чохь воллу. Кто-л. скрытен, недоступен.

Чохь вахкавала. Гореть ненавистью, завистью и т. п.

Чохь виса (й, д, б). Быть, находиться в состоянии, близком к смерти (иногда в крайне критическом состоянии болезни).

Чохь мел долу са даккха /дIахьо/. Испугаться (от чего-л. страшного, ужасного и т. п.). О таком состоянии страха, волнения, когда не может произнести ни слова.

Оьцукаев. Собар хьашт дац, яхийта! (Ког туху)... Дебиг. Чохь мел долу са даькхи-кх сан цу хIумано. С. Бадуев. Политотдел. *...Еллаеллачу неIаро цхьана мIаьргона чохь мел долу са дIахьора мара коран бIаьргах летта Iачун.* М. Мусаев. Харц тоьшалла.

Чохь са дац. Сильно бояться кого-л. или чего-л.

— *Хьасанах кхоьруш чохь са дац Бакаран.*

Чохь са мел ду. 1. С предельной силой, с большим напряжением (делать что-л. и т. п.).

Чохь са мел ду дуьхьало йора вайн эскаро фашисташна гIала ларъеш. 2. Не жалея жизни (бороться, биться, защищаться и т. п.)

Чохь-тIехь хила. О полном материальном обеспечении.

Кхуьнан шен балхаца шовкъ хир ю, цуьнца а шен ирсан цхьа дакъа, хIаъ, цхьа дакъа карор ду кхунна. Кхачо йоллуш хир ю чохь-тIехь мел оьшург. Хь. Яхъяев. Белита.

Чоьш ирахIутту. Кого-л. охватывает ужас, удивление и т. п.

Чу-кара ваха (й, д, б.). Врукопашную (драться, биться и т. п.).

Бульба. Жимма чу-кара а дахана, буй-тIара ян меттиг яьлча, дохлур дара тхо. I.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.

Чу-каре ваха. Приходить друг к другу в гости.

Чу-каре йолуш. Быть в близких отношениях с кем-л.

— *Вайн дай, вовшашца цхьа а тайпа мостагIалла доцуш, бертахь, чу-каре, доттагIалла а, гергарлонаш а долуш баьхна.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Ца хаьа-техьа, буьйсанна мала а молий, шашлычнин йохкархошца цуьнан чу-каре йолуш хилар.* Хь. Магомадов. Операци дIайолор ю сатосуш.

Чу-каре ян. Приходить в гости; побывать в гостях.

Чуо яьтIча санна. Очень громко.

— *Ашшимма аьлча а, Iабас и цу буу харцахьа оьккхуьйтуш тIара тоьхна, парт-аьлла тIекIел эккхийтира, цул тIаьхьа-м йоьжначохь Iуьллура борз, чуо яьтIча санна, мохь хьоькхуш.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Чу са дан. 1. Стать материально обеспеченным, независимым от кого-л. или чего-л. (обычно о бедной, жалкой, несчастной и т. п. жизни).

1. *Эзар шарахь ккхузахь вахарх, чу са а доIур дац, муха доIу, дуьйш-дерзош кха а, керта доIуш хьайба а ца хилча.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Чу са диллина. Отдавая все силы, жар души, опекая, оберегая, покровительственно относиться к кому-л.

Серижа. Деллахьа, стаг, йоIах хьайна луъург де. Цуьнан да ву хьо. Кху цIенна чу са а диллина хьийза ялхо ма хьийзавелахь. М. Мусаев. Революцин новкъа. *Бикату. Суна хала дац, Куьйра, ишта хьо хьайн нанна чу садиллина а волуш.* I.-Хь. Хамидов. ТIам сийна ккохка.— *Цхьа пIелг санна волу хьуо ккхиош, хьайна чу са а диллина Iаш йолчу сох къа хIунда ца хета хьуна?* Ш. Окуев. Юьхь.

Чучча а дохуш//Чуччуьра (чучча) дуьйцуш /хьийзош/. Говорить умно, красиво.

Зулай. Цхьа чучча а дохуш, къамелаш дан со хууш а яц, Доккха дика. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Ср.: **Чуччухула дохуш.**

Чуьра вала (й, д, б). Приходить в состояние крайнего раздражения, негодования, лишиться самообладания.

— *Бакъду, хьалха санна, чуьра бевлла-м ца хьийза.* I. Гайсултанов. Лаьмнашна майранаш беза.

Чуьйраш яхкийта. У с т. Подвергнуть самому тяжелому наказанию.

Чхам (чхамм)-аьлла... Разг. О неприятном восприятии чего-л. («чхамм» — звукоподр).

Лаьттачу Кудрявцевн «чхам» аьлла, бос байра. Ш. Окуев. Юьхь. *Чуьра лампа а латийна, куьзгана тlе вирзира. Iаьржачу можан гура чуьра схьахьоьжучу шех цIеххьана бIаьрг кхетта, чхьамм-аьлла, безам байра.* М. Мусаев. Анзор.

ЧI

ЧIана ваккха (д, й, б). Разг. Разорять кого-л.

Ср. **ХIож тоха.**

— Ахь цуьнца буьйса яккхар и хьан гIуллакх ду! Ткъа ахь цуьнан кисанара ахча а лачкъийна и чIана ваккхар — сан гIуллакх...— шена тIе нана пIелг а хьажийна, тIе шед етта волавелира иза. Ш. Окуев. Юьхь.

ЧIарх-аьлла. 1. Способный активно действовать, трудиться и т. п., решительный и настойчивый в действиях. О ком-л. 2. Аккуратно, умело (делать что-л.)

ЧIарх-аьлла дIалилхинчу говраша Саьмбиниг дикка тIаьхьа йитина. І. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Говраш хохкуш».).

ЧIегIардиг санна ека (в, д, б). Кто-л. очень много говорит, болтает; пустословит.

Бакъду, де-буьйса далале, денъелла, чIегIардиг санна, екаш яра къона дархо. М. Исаева. Ирсан орам.

ЧIегIаг санна. Разг. 1. О способном, умелом, опытном и т. п., физически очень подвижном человеке. 2. О чем-л., кот. имеет хорошее качество (чаще о револьверах и машинах).

Схьаьккхина чIегIаг санна йолу тапчӀ кхоьссира майора.

ЧIикъ ала ца ваьхьа (й, д, б). Разг. Кто-л. очень боится кого-л.— *Кхин цхьаъ ду хьан нийса доцуш,— элира Ахьмада,— Ахь бах кулакаш чIикъ ала ца баьхьа.* Х. Ошаев. Алун шераш.

ЧIикь ма даккха (!). Разг. Замолчи! Перестань плакать.

ЧIикъ ца даккха (баккха). Разг. Испугавшись, замолчать, прекратить говорить что-л. 2. О молчании человека в различных ситуациях, где от него можно было ожидать выражения своего мнения, определенной точки зрения.

...Iедал делера ду, цара хьайна тIехь дечиг даккхахь а, чIикъ ца боккхуш, церга балда а лаций, сатоха. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

ЧIимаш бара уьш-м (!). Разг. Ирон. Чепуха (!). Ерунда (!). Выражение несогласия, неверия, возражения. Ср. **Шепталш яра уьш-м.**

ЧIир йита /кхаба/. 1. Быть в трауре; скорбь по умершему. 2. Снять вину за что-л., простить. У с т. Простить кровь убитого.

...Хьоме сан вежарий, шу духа а кога хIуттур ду, шу дуккха а дехар ду, аш царна чIир юьтур яц, дерриге а доькхур ду,— бохура ас сайн дагахь. М. Мамакаев. **Месийн кIайн моха.** 1. *Зовра вист хуьлуьйтуш ца соцура Забират. Веллачу ден чIир кхобуш яра иза.* С. Курумова. Докх.— *Веллачу Хьасанан чIир кхобуш ю и... Гергара ву шен бах...* Х. Ошаев. Алун шераш.

ЧIир иэца /нисъян, екха/. 1. Мстить кому-л. за обиду, оскорбление, позор и т. п. (тем же). 2. У с т. Мстить кому-л. кровью.

1. *Ша къайлехь латтош йолу чIир иэца аьтто хилча заводехь шена гуччохь волу Хаим деда волчу хьажар атто хила там бу аьлла хетара Сорапна.* Н. Музаев. Мур. 2.— *Шен туька йихьнехь Iаьлбиг-Хьаьжас яккха еза иза цаьргара схьа, шен хехо вийнехь цо чIир эца еза цуьнан.* Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш. 3. *Дукха хан ю Мудар шен вешин чIир екха гIерта. Амма цуьнан куьг кхачац Варина тIе.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

ЧIичI аьлла. Р а з г. О ком-л. или чем-л. ненадежном, непостоянном.

И нохчий дукха чIичI аьлла болу дела, суо церан белшаш тIехь а лаьтта дела, уьш сайна тIаьхьара бовларна кхоьруш, сайн Iедал царна тIехь мело латто гIертара со. А. Айдамиров. Шемалан леламаш.

ЧIом (цIом) оллийна. Кто-л. пришел в уныние, отчаяние, огорчение.

— Муса, сакъералой хьан?! Ма чIогIа гIаддайна хьан. ХIоъ кхачийна алаша санна, чIом а оллийна ма Iа хьо? — бохуш, Муса къора волуш санна, мохь беттара цо. Х.-А. Берсанов. Болатчу динан бере.

ЧIуьжалг дIакъовла (дIачIагIа). Р а з г. Просьба или требование к кому-л. замолчать, воздержаться от разговора. Выражение как предупреждение, угроза. *— Хьайн чIуьжарг дIакъовла, дукха лоь хьо!*

Ш

Ша аьллачунна... тIера ца вала (й, д, б). Оставаться верным принятому решению, сказанному; обещанию и т. п.

Ша аьллачунна тIера ца вала Iосас, тIе говр а тесна, Васална шед айира. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Ша бахьаш санна. Поспешно, торопливо; быстро, стремглав.

Байтемара ша бахьаш сецна хоккура шен машен, баккхийчу нахе: «дала Iалашвойла хьо!» — бохуьйтуш.

Ша бен хIун ду бохуш. О человеке, который считает себя лучше других.

Высокомерный вследствие высокого мнения о себе, подчеркивающий свое превосходство.

Ша бен хIун ду бохуш лелаш кура стаг вара Бастан.

Ша валлал (й, д, б) <вон дин...>. Выражение досады, неудовольствия.

Дешархо! Бауддис и гIуллакх ша валлал вон дин. С. Бадуев. Баудди.

Шад бан. Собрав все вещи, ждать отъезда. Ср. **Шад бина Iа.**

Ша дуткъделлачухула хедар ду. 1. Пусть! Выражение решимости что-л. сделать, хотя нет уверенности, надежды, гарантии о положительном его исходе.

— *Хьайна хIумма а хуьчуха Iе. Ша лар тIе вер ву. Ца валахь, ша дуткъделлачухула хедар,— элира нанас.* С. Курумова. Сан гIалат. *Декъала мел дерг яздина хилла ахь суна-м, дела КIадда а бац. Ша дуткъделлачухула хедар.* М. Мусаев. Анзор. 2. Так, как получится, как случилось.

Шайн куьйга. Сам, без чьей-л. помощи.

Дац нохчийн шайн куьйги стаг дIалуш. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Шайн цIий ду. В чем-либо проявляется чувство родства, сказывается характер.

ШайтIанан болх бу. Разг. О чем-л. непредвиденном, неожиданном. Употребляется, когда кто-л. невольно совершил какую-л. ошибку, промах и т. д.

Везан дела, хIинца ас аьлларг устазана дIа ма хаийталахь ас и алар... хьуна ма хаьий, шайтIанан болх бара ас и алар. С. Бадуев. Дохковалар.

ШайтIанан ког/!/. Разг. Выражение грубого, резкого обращения к кому-л.

— *Арра, хьо деха ма дахариг! — аьлла. Анус эса човхош хезира Табаркана.— Ой, арра, ва шайтIанан ког! Оцу хи чу эккхар ду хьо! ...* Хь. Саракаев. Меа.

ШайтIанан мох санна. Разг. Неожиданно, внезапно (случиться, произойти и т. п.).

— *Сих ма ю! Хьо-м шайтIанан мох санна, сихлой хьаьвзий.* В. Матиев. Мокхазан дог.

ШайтIа хилла («дуьхьал яла»). Разг. Кто-л. кому-л. создает препятствия, служит препятствием, не допускает чего-л., мешает осуществлению чего-л.

Амма Шемалан зуда Зейдат, ша ши йоI шен вежаршкий бен маре лур яц аьлла, шайтIа хилла, дуьхьал елира оцу захалонна. А. Айдамиров. Шемалан лехамаш.

ШайтIа хьаьвзина (коьрте). Разг. 1. Кто-л. лишился способности здраво рассуждать, лишился возможности правильно оценивать окружающую обстановку. 2. Увлекать, влюблять в себя.

Дукха балха тIехь хеставора шайтIа хьовлор ду цуьнан коьрте.— Ой! Цхьа а лар йоцург ду-кх хIара. ШайтIа хьаьвзина хьан коьрте. С. Курумова. Дохк.

Шакарца тамаша балла. Разг. Выражение удивления, изумления, восторга. Обычно употребляется с иронией.

Недалг. Остопируллах! Ша шакарца тамаша балла доккха хIума ду и. І.-Хь. Хамидов. Бож-Іела.

Ша лело безачу некъа лела. Поступать каким-л. образом, поступать правильно.

Шалха хабар. Пустословие, болтовня. (Обычно то, что расходится с делом).

— *Дера ду, Шахьби, ахь дуьйцург а шалха хабар.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Шал шера (хаа). Разг. Очень хорошо, прекрасно (знать что-л.).

— *Селхана вайн тIехьарчу бешахь цуьнца лаьтташ яйна суна Тамара. Хьуна ца хууш дара иза? Малхор хаара хьуна и шал шера!* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

— *Шал шера хаьа шайна вай дуьхьало йийр юьйла.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Шал шера хаьара Хизарна уьш оьшуш, цаьрца гIуллакх долуш адамаш Іаламат кIезиг дуйла а, маьI-маьIнехь яккхийчу собранешкахь наха уьш оьшуш меттиг яцар кхайкхадойла а.* М. Мусаев. Анзор.

Ша ма-дарра деши ду. Разг. О прекрасном, честном человеке. Ср.: **Литтина деши ду.**

— *Воккха стаг муха хета хьуна? — хаьттира майора.— Ша ма-дарра деши ду. Йилбазаллех Іоьциг шеца доцуш.* М. Мусаев. Дашо маха.

Шарал а дахделла (й, в, б). Такой, который длится в течение значительного времени.

ХIинций-хIинций оцу шиннах цхьаъ дохко а ваьлла, со гIала вахийтарна дуьхьал валарна кхоьруш, шарал а дахделлера суна церан и къамел... Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь. *Хьеше бийца мотт боцчу Айзина шарал яхьеллера майра аравоьлла и кIезиг хан.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Таллархо вогIура цуьнгахьа текхаш, миноташ шарала еллера ях.* Ш. Рашидов. Ламанан басах. По происхождению связано с религией. Ср. **БIешарал дахделла де.**

Шурула-кIайн. «Очень» белый.

Шурула кIайн юьхь-сибат, коканан санна, кIарула Іаьржа бIаьргаш, шуьйра накха, хада йоллуш гIодаюкъ. Ш. Окуев. Юьхь.

Шар-шарахь. В каждый год.

— *ХIетте а шар-шарахь, мах боцуш, пачхьалкхан чоьтах еш ремонташ а ю царах.* Н. Музаев. Мур.

ШергIолиг тIе даьлла. Уст. Что-л. находится в безнадежном положении.

Ша санна шера <хаа>. Очень хорошо (знать что-л.). Ср.: **Шал шера хаа.**

Ша стенга воьду хаьара цунна, ша санна шера. С. Курумова. Дохк.— *Ша*

санна шера хаьара цунна и шед оха шена юьтур йоций а, шена хетарг цунах хир доций а. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Ша стиглахь ю (в, д, б) лаьттахь ю (в, д, б) ца хууш |...|. О состоянии крайней степени удивления, изумления и т. п.

Эхь хетта цIийелла Зарема, ша стиглахь ю, лаьттахь ю ца хууш, лаьттан бIаьра а йогIаелла лаьттара. А. Айдамиров. Ирхеш.

Ша тIехь Iаш волу га хадо. Настолько не сообразителен, не умен, чтоб так рискнуть.

Цу тIе, большевикам Iовдалш бац шаьш тIехь Iаш болу га хадон. Х. Ошаев. Алун шераш.

Ша хирг хилахьара /хир ду-кх/. Что бы ни произошло в дальнейшем (эмоциональное выражение готовности рискнуть, что-то сделать). Ср. **Хирг хир кхунах и. д. кх.**

...Ша хирг хир аьлла, куьг а ластийна, сайн машина а хиъна, меттахвелира со. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.

Шахь вийла. Р а з г. Вести себя возбужденно, вызывающе.

— Шахь вийла а ца гIерташ, хьайн меттехь хиъна Iехьи, ма са бIарзделла хьан ловза луш!

Шахь воккхуш велахь а. При любых условиях, обстоятельствах. Категорический отказ кого-л. куда-л. идти, ехать, пойти и т. п.

— Цигахь шахь воккхуш велахь а ца йогIу со хьоьца!

Ше а куьг айба. Быть полностью за что-л. Ср. **Ший а куьг айба.**

Шека <дIа> ма шека <хьо> <шекар диъначул башха>. Р а з г. Не волнуйся, не беспокойся (все будет нормально).

— КIентий, шу ма доьхна хьийза! Каменданта сан блат хиларна вай тховссехь пергIат девр ду общежитехь, бакъдерг дийцича, шампански мала иза ца кхайкхича девр дац вай. ХIа-хIа, схьаэца вайн хIуманаш, Мадина, хьо шека а ма шека,— Iабдис куьйгаца шуьйра уьшар йира. И. Эльсанов. ХIордан уллохь.

Шела базарахь тас детта моттийта... Р а з г. Об угрозе.

Абубешар. Собарделахь, цу Авалуна ас Шела базарахь тас детта ца моттийтахь, со кIант вац хьуна... I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Шелахочо ши кIира аьлла. Р а з г. Скоро, в ближайшее время.

— Ой, оцу Салманах кхоьруш бан беза вай хIара болх? — цецвелира Недар.— Хьамид-м, хьакхар хьаькхча санна ма вара вайца? — хIара а хир ву. Шелахочо ши кIира аьлла. Керла томка тIедале маIа йийр яра вай цунах-м. А. Айдамиров. Ирхеш.

Шена тІе лаца. 1. Обязываться выполнить, осуществить. 2. Проявлять (смелость, заботу).

Шеме хила. Полностью удовлетворить свои потребности; улучшить материальное состояние; чувствовать себя материально удовлетворенным.

Цу тІе, буо кхобург а хуьлуш, нехан сахь-сагІа закат а оьшур дац, Шеме хир ю-кх, ша ма-ярра шеме. М. Мусаев. Анзор. Ср.: **Шема-БагІдади <ян>.** О стране сказочной красоты и богатства.

Шен аьлларг (аьллар) хилча. Если бы по желанию или так кто-л. хотел, желал.

Шен аьллар хилча газетехь а хуьлуьйтур вацара цо. І. Гайсултанов. Іаьржа портфель. *Шен аьлларг хилчи-м, хьеха а-м дойтур цо иза!* А. Айдамиров. Ирхеш. *Цо динчун... да хІотта йоллу Зуга, шен аьллар хилахь.* М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.

Шен бухца <вовза (й, д, б)>. Подробно, до мелочей.

— Султан ма хьехавехьа суна. Хьалха цо мичхьа болх бина, цо хІун лелийна шен бухца хаьа суна. Ср.: **Шен ворхІа деца <вевза (й, д, б)>.**

Шен ворхІа деца <вевза (й, д, б)>. Р а з г. Хорошо знать кого-л. (обычно с его прошлым).

— Нашха къонаха вац, суна шен ворхІа деца вевза иза.

Шен ворхІе дена тІаьхьа вахийта (й, д, б.). Р а з г. Убить, прикончить.

— Дуьхьало йийриг шен ворхІа а дена тІаьхьа а вохуьйтуш (летира — авт.). А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Шен голаш яа (яжа). Р а з г. Досадовать, сожалеть о непоправимом, утерянном.

Шен гонан (гонара) стаг. Свой человек. Ставленник; коллега.

Ша цІена кавказец воллушехь, ткъа и Кундухов ша санна кавказец хилла ца Іаш, шен гонан стаг воллушехь, цуьнга безам бацара графан. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Шен гур чохь. В полной сохранности, без изменения, искажения и т. п.

Шен да велла <шорта>. Очень много, огромное количество.

— Шен да велла шорта ю базарахь оьшу мачаш, ткъа туьканахь ца карайо.

Шен да ветІина хуьлда (!). Р а з г. Выражение досады, возмущения.

— Шен да ветІина хуьлда иза! — хьалаикхкхира Хамберд.— ХІара ахь хІинца дуьйцург а лартІехь делахь, лартІехь доцург муьлха ду ткъа? Ш. Окуев. Юьхь.

Шен да вуьйр ву (волуш). Кто-л. что угодно может натворить, на что угодно способен. Ср.: **Шен да а вухкур волуш.**

Шен дагахь. В тайне; подсознательно. Ср. русск. **В глубине души. Шен дегI /са/ доьххина.** С предельной силой, напряженностью, напрягая все свои усилия, сделать что-л.).

— *ТIе, и Зумсоев шен дегI доьххина къахьоьгуш ву хIара район кхио, тоян гIерташ.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Шен дехкар (мах) дIадала (дIабала). Отвечать кому-л. тем же самым, таким же отношением, поступком и т. д. 2. Отблагодарить кого-л. за что-л.

— *Сан Даша сийсара соьца има а диллина яьлла, тоьур ду. Ткъа, богIу мах а ас сийссарехь хIокхунна дIабелла!* Ш. Окуев. ЦIий, латтий.

Шен ден докъа тIера марчо духкур долуш. См. Шайн (шен) ненан марчо а <духкур долуш>.

— *Мукаев боьха хIума юйла тIехьаьжча а гуш ду. Шен ден докъа тIера марчо а духкур долуш.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Шен дола дан. Проявлять самообладание, сохранять хладнокровие.

Шен доцург лело. Кто-л. тщетно пытается делать то, что не соответствует его состоянию, положению, характеру и т. п.

— *Шен доцург лелош вара Муса.*

Шен зила (зилал) тIехь латто <...>. Держать кого-л. или что-л. в своих рамках, нормах, пределах и т. п.

— *Тхан бешах-м цIе йилли елара аша! — шийла жоп делира Зармас.— Амма кхечу къаьмний мехкаршна санна, забар ян а, шен зилал тIех ца ялийта а хууш дацара шу!* Н. Музаев. Мур.

Ср.: **Зилан тIех ца далийта (й, б, в).**

Шен зила тIе дало (в, й, б). Возвращать кого-л. или что-л. к привычному образу жизни, деятельности; возвращать к обычному, нормальному порядку.

Уьш луьйчура севцца меттиг тергал а йина, къамел шен зила тIе далош, лоьро кхин хаттар дира прокуроре. М. Сулаев. Районан хирург.

Шен зила тIехь дика ву (й, д, б). То, что представляет человек, соответствует его социальному и общественному положению.

Шениг дан. 1. Обнаружить себя в полную силу.

БIаьстено шениг до: дитташ сенло, олхазарш дека. 2. Добиваться (постоянно) цели. *Хало хиллех а, Вахас шениг дора.* 3. Одолевать, оказывать свое действие на кого-л. *Солта воккха хиллера. Замано шениг дора.*

Шений (хьуний, цунний) дайна. Как утверждает, считает (кто-л.), по мнению, убеждению и т. п. кого-л.

— *Хlара (Дика — авт.) цхьана а аглор шен бахаман сингаттам болуш вацара,*

хIара, шений дайна, къематан дийнахь шена сийлахь хеташ волчу шен устазана гергахь хила кечлуш вара. С. Бадуев. Пхи туьма.

Шен кара эца. Принимать на себя управление.

Шен когаш тIехь латта. Быть самостоятельным, не нуждаться в поддержке, помощи.

Шен корта баккха. Жить самостоятельно, независимо, без чьей-л. помощи, поддержки и т. п.

Халла шен корта боккхуш, цхьацца тема дан гIерташ лелара Темаркъа.

<Шен> кIесаркIаг гайта. 1. Отвернуться от кого-л.

Хьоло а кIесаркIаг шен гайтира схьа. Со кхиира ирс дацарх. Хьолах дуьзна. М. Сулаев. Зударшка. 2. Отступить.

Шен мах. Относительное значение; роль.

Шен мах хаа. Правильно оценивать свои возможности, силы, средства и т. п.

Шен мах хууш волу Бога сихха куравелира. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Шен ма-хуьллу. Целиком, с полнотой (делать что-л.). С предельным напряжением, активностью, с полной отдачей сил (делать что-л.).

Колхозан зоотехникца гергарло а тесна, шен ма-хуьллу книгашна тIевирзира Ахьмад. М. Мамакаев. Цlена дог. *Вукхара тIера схьа а лаьцна, шайн ма-хуьллу сиха дIаозийра.* Ш. Окуев. Цlий, латтий.

Шен меттахь доцуш. Некстати, неуместно.

Шен меттахь доцуш, шена хеттарг олура Айзас.

Шен меттахь (метта). Делать или говорить именно то, что нужно именно сейчас, в данный момент, точно угадать, что необходимо сказать, сделать именно сейчас.

Шен меттахь дош ала хьвара тхан ден дена.

Шен меттахь Iан. Соблюдать нормы, правила общественного поведения; обязанности по работе и т. п. Ср. **Шен зила тIехь Iан.**

Наха юккъехь шен меттахь Iан хаар ду стагана вуно оьшуш хIума.

Шен нана /да/ юхкур йолуш (в, б). Кто-л. на что угодно способен (сделать плохое, подлое и т. п.).

Шен нана юхкур йолуш пис стаг вара Джаьммирза.

Шен ненах сте яйта (ян). П р о с т. Выражение возмущения. Проучить, жестоко наказать кого-л.

— *Ас цхьа оцу къуна тIе кхачахь, шен ненах стеи йойтур ю хьуна цуьнга-м!*

Шен новкъа ваха (й, д, б). Действовать самостоятельно, не поддаваться чужому влиянию.

Шен са а кхеташ. Сознательно, заведомо зная, кто-л. никогда, ничего плохого, неприятного и т. п. не делал.

...Дунтlас йовлакха маьIера шед а баьстина, кхо шай дlакховдийра Бунтlега,— нехан хьакъ дезаш вац хьуна со, сайн са а кхеташ. І. Мамакаев. Текхарг. *Бераша догдика латтийча, эрча ца йолу нана. Цкъа а хала ца хетийтина, сан дош ца дохийна аш. Шен са а кхеташ, шуна вон нана а ца хилла.* М. Мамакаев. Дуьненан ялсамани.

Шен са мичахь доллу ца хууш <майра>. Об очень смелом, храбром человеке. *Баркинхоев. ...Шен са мичахь доллу а ца хууш, майра стаг хиллера иза.* І.-Хь. Хамидов. Лийрбоцурш.

Шен сил дукха еза (в, д, б). Очень сильно любит кого-л. Иштта дукха езаш хилла-те Русланна и Тамара?

— *Дера, хилла, шен сил дукха-м,— элира Iайндис.* Х. Ошаев. Цхьаьна колхозехь.

Шен сурт шена гайта. Укоряя, вызывать в ком-л. чувство стыда, раскаяния за что-л.

Шен туьша нисван /хао/. Прост. Ставить кого-л. на свое истинное место. *Ког байн хьаьвзаш баьрче ваькхира хIусамдас нах ца хьоьгучу шен туьша нисвелларг.* М. Мусаев. Харц тоьшалла.

Шен тIамаршца. Разг. До конца (знать о ком-л.). Ср. **Шен бухца вовза (й, д, б).** — *Шу-м шайн тIамаршца девзара суна! Шун хIун дара тхуна ала.*

Шен хенахь (хеннахь). Когда-то в прошлом, прежде.

Шен хенахь профтехучилищехь доьшуш хилла А. Покрышкин, Ю. Гагарин, П. Попович. 2. Своевременно, когда будет необходимо. *Шен хеннахь хир ду массо а хIума.*

Шен хеннахь серах хIоз бан. Часть пословицы. Делать что-л., пока есть возможность, благоприятные условия; пользоваться удобным случаем

Юучу сискалин ас гIайгIа йора, шен хеннахь ца бира ас серах хIоз. Х. Эдилов. Сийлаха

Шен хеначу яхана (в, д, б). Достигший совершеннолетия (об опред. возрасте). *Хьалх-хьалха зуда ялийча ловзар шен низам долуш а, оьзда а хилла. ...Шен хеначу яхана йоI бен ловзарга охьа а ца хууш.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Шен хирг дан. Разг. Делать все, что может, хочет, способен и т. п., что получится. Ср. **Хирг дан.**

— *Цхьогал а башха доггах хьаьвзинчух тера дац...— Цхьогало-м, баркалла цунна, шен хирг дин.* М. Мусаев. Цlен маьхьси.

Шен хоршара даккха (дlадаккха). Нарушать привычный образ жизни, выводить из обычного, привычного состояния.

Шен (хьайн) кlесар кlаг гуш а. Никогда, ни при каких условиях (твердое заверение кого-л. другому в чем-л.).

— *Хlинца-м хlара нана Гихчоь хьайн кlесар кlаг гуш а гур яцара хьуна!* С. Бадуев. Петlамат. *Шен кlесаран кlаг гуш а прокуроран гlуллакх кхин цигахь ца гуш долчу кепехь воьхна и прокурор ша кlелхьарваккхар а, балхахь витийтар а дагахь а долуш, кевнан нелрехь йоллучу электрогоргалин нуьйдан тlе пlелг талийра Чlимлос.* Н. Музаев. Мур.— *Хьайн кlесаран кlаг гур бу хьуна, Кесира, кхин ас ишта деана ахча ца гуш.* М. Мусаев. Анзор.

<Шен> цlена-цlеста е цо (ахь). Р а з г. Выражение восхищения.

— *Шен цlени-цlеста е-кха цу кlанта! Ма майра а, бакъахьара а кlант ву-кха и!*

Шен эшарехь. В привычной последовательности; так, как обычно.

Ши бlаьрг а биллина. Очень внимательно, зорко (смотреть).

Ша деш долу муьлхха а гlуллакх ши бlаьрг а биллина дан деза тlехьа дохко ца вала.

Ши бlаьрг а хьаббийна. Невнимательно, спустя, небрежно (делать что-л).

Рамзан. Суна-м гlалат ца хета и. Ши бlаьрг а хьаббина дан ца деза ишта гlуллакх. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.— *Ша маре йоьдуш, ша хьаьнга йоьду хаа деза йоlана а. Со сачна, ши бlаьрг хьаббина а ца йоьдуш.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Ши гlулч. Близко, совсем рядом.

Аьчган некъ генахь бац. Ши гlулч яьккхичхьана дlакхочур ву цига.

Ши дош ала//Ши — кхо дош ала. О короткой речи, объяснении и т. п.

И ши дош а аьлла, Исмаьlил дlавахара. Ш. Окуев. Цlий, латтий. Ср. **Ши дош вовшах таса <ца хаьа>.** Кто-л. плохо знает, неграмотен, несведущ в чем-л.

Ши дош хаац (ца хаьа)//Ши чlеш хаац (ца хаьа). Кто-л. не умеет что-л. излагать; не обладает в чем-л. мастерством, талантом и т. п.

Шийла а йовха а яц. Безразлично, все равно. О равнодушном отношении кого-л. к кому-л. или чему-л.

— *Суна-м ахь lамийча а, я ца lамийча а шийла а, йовхо а яц.*

Шийла болх /гlуллакх/. Оценка чего-л. О слабой, плохой работе.

Шийла дакъа дан. Р а з г. Убить кого-л. (с оттенком фольклорности).
И полковник Лаьтта вожош, шийла дакъа цунах дира. А. Нажаев. Жаlу.

Шийла а йовха а яц. Безразлично, все равно.

Шийла кхаъ. Неприятное известие, сообщение.
Лайлаъ. Вай вечче ма доглийла хlара саннарг. Човка Хlунда бах ахь? Лайлаъ. Дера бу хlара шийла кхаъ. М. Мусаев. Теркан тулгlенаш.

Ший тlам айбина (айина). Очень быстро, стремительно, с предельным напряжением (делать что-л.).
— И ирча ойланаш коьрте юьйлуш, ший тlам айина, тlамна глатта кечвелла lаш-м со суо а ма вара. Ш. Окуев. Лай тlехь цlен зезагаш.

Ши кепек. Совсем, нисколько, совершенно, ничуть. Употребляется при отрицании, придавая ему большую силу, выразительность.
— Дера ю. Я, цу тlе дагlча ши кепек хьох эхь, къай ца хета. М. Мусаев. Дуьненан ялсамане.

Ши кепеккал хlума. Совсем, нисколько, ерунда, мелочь.
Султан. ...Цаьргахь ницкъ бу моьтту цхьаболчарна. Шина кепеккал хlума дац. Х. Ошаев. Некъ жlараболуш.

Ши кепек (шина кепекан) мах бац. Нисколько, ничуть, совершенно, ерунда (о цене чего-л. или кого-л.).
Папура. ...Амма Дукин некъий lийр бац... Султан. Шина кепекан мах ца хета суна Дукаевглар. Х. Ошаев. Некъ жlараболуш.— *Хьан цlока дийна йисчхьана, хlара нах-м белча а дац хlума. Дукха хьоме ю хьан иза. Ши кепек мах цуьнан боццушехьа!* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Ши куьг ваьшта ца дуьллуш. Беспрестанно, бесперерывно (делать что-л.). О физическом труде.
Ши куьг ваьшта ца дуьллуш, дийнахь сарралц бинчу балхо кlаддинчу дегlана садаlа лаьара. А. Айдамиров. Жерочун дийцар.

Ши куьг ластийна. См.: **Куьг ластийна.** ...*— Хиънехьара со ши куьг ластийна хьуна дуьхьал вогlур вацара.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Ши куьг лехна вуьсийла хьо [...] (!). Р а з г. Выражение проклинания (обычно по отношению к тем, кто поднял руку на кого-л.).
— Ши куьг лехна вуьсийла хьуна тоьхнарг. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Шим болo. Р а з г. Создавать то, что является исходным, начальным для чего-л., готовиться, собраться что-л. сделать (о начале).
— Вайна зулам даккха шим болош вуй-те моттаделла ву-кха со и прокурор!

Шина даггахь <хила>. В сомнении, нерешимости.

СагIадоьхургаш лера воьлча эпсаршна хьалха шен сий лахдаларна а кхоьруш, ткъа куралла ларъян воьлча оцу ламанхошна вас хиларна а кхоьруш шина даггахь вогIура иза. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Шинне а агIор. Туда-обратно.

Шинне а агIор хьажа. Быть внимательным в чем-л.

Шок /цIуза/ лакха. 1. Говорится, когда кто-л. обманулся, оказался в глупом, смешном положении.

— *Iаббаза ша бинчу балхана ахча эцца. Ткъа ахь цIуза лакха.* 2. Обманываться, оказаться в глупом, смешном положении.— *Хьовсур вай, муьлха тоьлу. Сона гуш ду хин долу сурт. Ахьа цIуза локхур ду, ткъа Ахьмад оцу балхах кIелхьара вер ву.*

Шок ма-туьйххи. В любой нужный момент (по сигналу кто-л. может явиться, прийти и т. п. на зов)

Важа дошлой а, шена гIоьнна кечвелла эзар мушахо а цкъачунна шахьарехь витира цо. Оьшуш меттиг хилахь, шок ма-туьйххи тIаьхьа бахка кийчча. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Шолгlа ваьлла (й, д, б). 1. Кто-л. очень похож на кого-л.

Шолгlа ваьлла шен да вара Iумар; иштта пис а, сутара а, саьхьара а. 2 Выражение-обращение: ты очень похож на... *Шолгlа ваьлла хьайн да, волало чехка.*

Шолгlа пхиттара вала (й). Разг. О пожилом человеке, который ведет себя, как совсем молодой человек. *Шолгlа пхиттара ваьллехь а, Хьусайн, хIинцца пхиттара ваьлча санна, зударшка безам болуш вара.*

Шо-шаре мел дели. Каждый год, ежегодно. Употребляется для обозначения непрерывности, постоянства действий.

ХIор а вара корехула бIаьргтоха луш, баьццара хутт дуьйхина къегинчу шо-шаре мел долу къонлучу гIалин урамашка. I. Гайсултанов. Малика. *Шо-шаре мел дели тIекхетара чин, совгIаташ.* А. Айдамиров. Еха буьйсанаш. *Пачхьалкхо шо-шаре мел дели алсамдоккхура халкъан серлонна дIахоьцуш долу ахча.* I. Кусаев. Ленинан веседаш.— *Юрт шо-шаре мел дели хазлуш ю вайн.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Шурин татол. О райском достатке.

Шу /хьо/ ... кхоьллинчу деллаша. Разг. Пожалуйста; очень прошу. Фразеологизм имеет истоки в древней вайнахской языческой вере.

Сутарби. Шу кхоьллинчу деллаша Iе Iад. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.— *Шу кхоьллинчу деллаша шайн доцчу гIуллакхана кюкъа ма гIерта,— олура дас шен кIенташка.*

Э

Эзар балех валийла. Употребляется, когда хотят приветствовать кого-л., вернувшегося домой после долгих лет пребывания где-л. (как доброе пожелание). Бож-Iела.

ЦIа веана дики ду, эзар балех волийла. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.— *Маршалла а хуьлда, нохчаша ма-аллара, эзар балех волалда,— елаелира Зулай* I. Дадашев. Дуьххьара алапа.

Экханан бен лар йоццу. У с т. Сторона, край, где не ступала нога человека.

Эла санна//Эла Хаси /Закри/ санна. Р а з г. (Кому-л. живется) хорошо, вольготно, прекрасно.

Эла Закри санна, Iаш ву Мохьмад. Оьшуш хIумма а дац.— И ша Iуьрг даьккхинчу кепекан меха вац, хIетте а, эла-санна, кура лела! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Элп алале. Очень быстро, скоро. **Элхьам /хьамм/ алале.** Очень легко, ничего не стоит для кого-л. (сделать что-л.).

Мичара белира а хаац, элп алале кара биллира боккха пондар а. С. Курумова. Сан гIалат.— *Элп а алале ас йина карайойтур ю-кха хьуна иза!* Ш. Окуев. ЦIий, латтий. *Ахедий, Iабдуллас, Бекмурзас элп алале дерриг галеш, шаьш хьалха хиллачу, тIе-кIел дехкира.* Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.— *Хьан хаттарна жоп ас элп а алале лур ду хьуна,— снхъелира Сану.* I. Ахмадов. Тешнабехк. **Элхьам алале.** *Бож-Iаела. Элхьам алале, жерочун хье дIаоьцур болуш шера ву.* I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Элп аьлла а. Совсем, абсолютно, совершенно ничего (не знать, не понимать, не смыслить, не разбираться; не учить и т. п.).

Шаьш бичхьана элп аьлла а ца дешнарш а бу, шайхаш ду шаьш, бохуш, нах бууш лелаш. С. Бадуев. Дукханнах цхьаъ.

Эм-вохьа доцуш (дац). О ком-л. отчаянном, неуравновешенном, несообразительном, непослушном и т. п. (о характере, поведении).

Эмза веллачохь Iайгаш санна. Р а з г. Очень много. О большом количестве чего-л. **Мусин гIожмаш санна.**

Эм-эсехь хила. Р а з г. Здраво мыслить; чувствовать себя хорошо.

Эм-эсехь волчо лелор долу хIума дацара Хьасана ваха а вехна ловзаргахь лелийнарг.

Эхьан тIадам /цуьрг/ ба. Р а з г. Употребляется, когда кто-л. совсем не испытывает чувства стыда.

Шегара хIумма а ца даьлча санна, шек йоцуш, наха кхаьббачу, мац, хьаг, шел ца волуьйтуш, кхечо кхиийначу стеган нана хIотта араяьлла, охьахиинчу, мацах кIант винчу зудчун мокхачу юьхьа тIехь эхьан тIадам бацара. М. Мусаев. Дуьненан ялсамани.

Эхь-бехк дала лоьрийла. Говорится, когда кто-л. хочет освободиться от чувства стеснения.

Iусама Бикату а йолчохь шен дена цкъа а ша гайтина цахиларна, цхьа суьлхьа доккхучу юкъана ойла еш сецира, тIаккха «эхь-бехк дала лоьрийла»,— аьлла, Арсанакъагlарна, шен говр тIехаьхкича, кхунна гира — цхьана агlор лекхачу Iшнан басахь тийсалуш кхозу шен зуда Бикату, вукху агlор басахь чукхозаеллачу говрана бертал вижна Iуьллу шен да. С. Бадуев. Iадат.

Эхь-вала де. Позорно, постыдно, зазорно; постыдное, унизительное для кого-л. положение в результате позорящего события, оскорбления, недостойного, постыдного поведения и т. п.

— Хlара хьайн доттагl а ваьккхи велара ахь жимма кху тIехь йохье. Цlена эхь-вала де ду кхо лелориг... М. Мусаев. Харц тоьшалла.

Эхl-аьлла дац. Не очень-то, не особенно хороший; посредственный; не имеющий какого-л. качества в достаточной степени (о ком-л. или о чем-л.).

Iамир наха дукха вийцахь а сына эхl-аьлла стаг ца хета.

Эхl-аьлла ду (й, в, б). Очень хорошо, прекрасно. О ком-л. или о чем-л.

Эшахь бохучунна хIуманна. В предвидении необходимости чего-л.

Ю

Юкъ ехка. Собираться что-л. сделать, замышлять, готовиться (делать что-л.). Первоначально: вооружаться. Ср.: **Сапар дехка.**

Кхин хабар ца дуьйцуш, ара а ваьлла, хьайн долу герз гулдай ахь юкъ дlаехка. Х. Эдилов. Сийлаха.

Юкъ йихкина. В полной готовности, решимости (что-л. делать).

Со адамийн гlуллакхна, адамийн хьаштана юкъ йихкина ву! Н. Музаев. Сатийсаман ницкъ.

Юкъ-кара. Периодически, в промежутках, между какими-л. делами, временами. *Ша вагарна кхоьруш, дукха гlаравала а ца хIуттуш, Эльвирига безам болуш Виктор вуйла хаийтина, тIехула забар а хьерчош, Салманна юкъ-кара «Дон-Жуан» кхуссучу цуьнан хIуманаша бригадана.* М. Мусаев. Анзор.

Юкъ юьзна. Кто-л. хорошо вооружен.

Юкъ яста. Обезоружить; сложить оружие; перестать бороться во имя кого-л. или чего-л.

Къомана сийлихь ду къонаха къастар, дикчу ден дог доьлу, дика кIант кхиъча. Тайпанна томмагI ду кIанта юкъ ястар, южур ю стеган цIе, атта некъ лиъча. Б. Сулейманов. Къонахех къонаха.

Юм иэца /ян/. Разг. Набрать скорость, темп и т. п. (о движении).

ГIалех ара а шаръелла, лаьмнех хьерчаш, царна гадохуш, юм ийцира поезда. М. Мусаев. Анзор.— *Со кертахь гучаваьлча бIаьрга цIий хьаьвзара цу шинна. Кортош а охкабой чухьодура, тIаккха юм ян сан а дезара.* I. Гайсултанов. Iаьржа портфель. *БIешарел яхъелира суна оцу коша тIе воьдуш ас яькххина хан! Амма кертан сехьа-м юм йира кIанта!* Хь. Саракаев. Ширачу гIопехь.

Юм яйта. Заставлять кого-л. удирать, обратиться в бегство.

Юм ян. Убежать, удирать.

ЮргIанах топ ян. Разг. Уснуть.

Ша балхара цIа веача дика юргIанах топ йина дIавижира Супьян.

Юхахьажа кхиале. Быстро, за короткий промежуток времени.

Тешнабехк бина. ЦIен сту божийна паргIат а балале. Юхахьажа кхиале. Барзо хьарчийра. I. Гайсултанов. Кхо стуй, борззий.

Юха ца вогIучу <вахийта (й, б)>. Разг. Убить.

Юха ца хьожуш. 1. Очень быстро, забывая обо всем (делать что-л.); не рассуждая, без колебаний. 2. Неосторожно, без необходимой осмотрительности (делать что-л.).

Кхин юха ца хьожуш цIерга а оькххур волуш сиха, каде стаг вара Денилсолта.

Юь

Юьстах латта /ваьлла Iан/. Не принимать непосредственного участия в чем-л.

Янарс. ...Шуьга ялта дIа ма ло бах, ткъа ша юьстах а ваьлла Iан воллу. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.

Юьхьа дуьхьал. 1. По внешнему виду. 2. Открыто, прямо. 3. Перед кем-л. или чем-л., в присутствии кого-л.

Юьхьа дуьхьал хIотта. Очень близко, рядом, вплотную. Один против другого напротив; очная ставка.

Де доьхна, Iаьржачу халоно хьоззийнчохь, мацилла бIарздина, гIелонца кIелдуьсчохь, бохамна, харцонна юьхь дуьхьал хIиттинчохь собарах, стогаллех ма довла,

боху цо. М. Мамакаев. Даймехкан косташ. *Лууш ю ма-дарра, догlена дийца. дешархо, юьхьа дуьхьал хlоьттина хьуна.* Р. Ахматова. Дагалецамийн новкъа.

Юьхьанца а тlаьхьенца а. 1. Окончательно. 2. Всегда, в любом случае, все равно.

— *Нах-м дера lийр бац юьхьанца а, тlаьхьенца а цхьацци шишший йийцанза! — куьг ластийра Хаима.* Н. Музаев. Мур.

Юьхьара лаца. Неотступно взяться за что-л.

— *Хlан, кlентий, дала массо а хlуманна тlехь аьтту бина, гlо дина, юьхьара лаьцна болу некъ хилла, даккхийде дойла-кха вай!* Ш. Окуев. Юьхь.

Юьхьах чкъуьйриг йина. Потеряв стыд, совесть.

Кхузахь Анзорна шех хьожа йоуьйтург, машинахь ша йоккху хlума хаддаза кlезиг хеташ, хlор сар-сарахь гlам-гlим ден Хизар реза ван гlерташ, цунна а, нахана а хьалха юьхьах чкъуьйриг а йина, шен лелар дара. М. Мусаев. Анзор.

Юьхь йоцуш. Не испытывая чувства стыда, без стеснения (делать что-л.). О бессовестном, бесстыдном поведении или поступке, грубом обращении.

— *Ой, елла яла со, делаl, ма йоьхь йоцуш ву хьо.* С. Бадуев. Аьшпаш. *Ша цхьа доккхачу вонера вогlуш санна, шен сов чlогlа некъ бухахьабаьлла, валаза хала кlелхьараваьлла, ча санна, дера цlа кхаьчначу Шабас хlусамнанас Бикатус сел юьхь йоцуш алар ца лайра.* Ш. Айсханов. Мало-хало. *Сутарби Бабаци къамелина шера а, юьхь йоцуш стаге хlума эр долуш а стаг ю. Хьо муха ву къамел-хlума ян хаарца?* І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Юьхь ларъян. Щадя чье-л. самолюбие, вести очень корректно, с уважением к другому и т. п.

Авалу. Сутарби, тхо хlинццалц садетташ кху чуьрчу зударийн юьхь ларъеш lаш ду. І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Юьхь лаьцна лело. 1. Употребляется как пренебрежительная (иногда снисходительная) оценка неопытного или малоопытного в чем-л. человека, который не может действовать самостоятельно, слепо подчиняется чьей-либо воле.

— *Шуна хlун моьтту? Со lовдал-м вац, сел юьхь лаьцна лело?* М. Мусаев. Анзор. 2. Постоянно опекать, не давая свободы действия.

Юьхь тlе туйнаш тоха. Прост. Оскорблять самое дорогое, сокровенное (в ком-л.).

— *Нагахь барт хилахь, цхьа шо далалг хlокху Занеггlарел кхузза сов хьал долуш хьо ца хилахь, сан юьхь тlе туьйнаш тухур ахь!* Н. Музаев. Мур.

Юьхь ца ян. Без почитания, уважения относиться к кому-л. (не считаться с кем-л.).

Хlинца а Асста шен юьхь ца ян магарх вогура иза. І. Гайсултанов. Iаьржа портфель.

Юьхь ю. Кто-л. заслужил (перед кем-л.) право чем-л.

Юьхь яго /цIе латто/. Выбранить, пристыдить, заставить покраснеть от стыда кого-л.

Доллучул а Кемиссин юьхь ягориг кхин дара. Дуьйцуш хаза-м дер дац иза. А. Айдамиров. Ирхеш.

Юьхь яйа. Оскорбить, опозорить.

Юьхь яйна. Потеряв чувство нравственной ответственности за свое поведение перед окружающими людьми, обществом (перед кем-л.).

Амма и езарна, юьхь яйъшна дIа ца алалора безамана дог кIедачу кхуьнга шена хетарг. М. Мусаев. Анзор.

Юьхь яккха (яха). Пристыдить, выбранить кого-л.

Сан юьхь ма яхахьа тIаккха, Ваши! Муьйлу ас, дойу ас?! М. Мусаев. Анзор. — *Хьалха мукха а белхаш беш, цIоганехь лаьттинарш а меттахбевлла. Оха хIор дийнахь юьхь йохуш.* А. Айдамиров. Ирхеш.

Юьхь ян. Уважать, почитать; считаться с кем-л.

— *Молла, и-м харцахьа гIуллакх дац. Делахь а, хIинца хIара гIуллакх дохьуш сайна дуьхьал веанарг воцуш кхин хилча, ас йоIе а хаттийтина бен дийр доцуш-м дара. Хьан юьхь ца йича тхо девр дац, тхуна тIехь декхар ду хьуна хиънарг кхочушдар.* С. Бадуев. Бешто. *Умалт. ...Цу шиммо сайн ца йина юьхь дагаеача, сан бIаьргаш чу цIий хьаьвзу, дог бекхаме кхойкхуш, сан куьйгаш герзе кхийда.* І.-Хь. Хамидов. Совдаттий, Дауддий.

Юьхь ян. 2. Быть непохожим на себя, вести себя некрасиво, потерять престиж.

Юьхь яц. Кто-л. не имеет (морального, нравственного) права из-за чего-л. (делать что-л.) перед кем-л.

— *Айса ца язйинчу рефератца дуьстича, юьхь яц сан профессорна тIе ваха.*

Я

Яа сискал йолуш хила. У с т. (Быть) материально обеспеченным.

— *Кхузахь вай дийца ца оьшуш, тхо ворхIе а дехь дуьйна яа сискал а, юха коч-хеча а йолуш даьхна нах ду.* Н. Музаев. Мур.

Яа сискал йоцуш. Уст. О бедности и нищете кого-л.

Сутарби. И а хьаха ду яа сискал йоцчу стеган къамел. І.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Ягийна ву /хила/. Кто-л. в состоянии опьянения.

Ягарйина ца валлал дукха. Очень много, о большом количестве чего-л.

— Хьун, аьр вай,— иза доккха хIума шеца дозуш, дийнна дуьне ду. Иза ягарйина ца валлал дечигийн цIераш хилла ца Iа. Н. Музаев. Дуьненан ялсамани.

Я дадаларг яI (!). Восклицание удивления, восторга.

— Я дадаларг яI, ма хала а хьовзор ву-кха вайша цара. Ш. Окуев. Лай тIехь цIен зезагаш.

Я иштта дIа я иштта схьа. Одно из возможных направлений.

Яй тIе пах санна <хьийзо>. Чрезмерно беспокоить, волновать кого-л.

Яккхий зурманаш лекхча а хезар дац. Кто-л. очень плохо слышит, глуховат. неотзывчивый.

Пхьор дууш йоллушехь а наб а озайой, Iайг хIума охьа а йожош, дIатаьIара ша Iаччохь. ТIаккха-м яккхий зурманаш лекхча а хезар дацара «човкина».

Я куц, я дух дац. О некрасивом, уродливом человеке (обычно о женщинах).

Яла а, йола а <ца йита...>. См. **Вала а, вола а вита (й, д, б).**

Дукхах болчу зударша кхунна жоп делира: «Хьайн наха аьлларг ахьа ца дича, яла а, йола а меттиг хир бац хьан»,— аьлла. С. Бадуев. Бешто. *Яла а, йола а ца юьтуш, со юкъаерзийна, и карладолура суна.* С. Курумова. Сан гIалат.

Яла (в, д, б) санйзош. Кому-л. осталось жить очень недолго, кто-л. очень близок к смерти.

Уггар хьалха цо динарг, яла саийзош Iуьллуш нана а йолуш, сенате яздина цуьнан весетан кехат лахар дара. І. Гайсултанов. Александр Чеченский.

Яла-ян (в, д, б) хьовза. Быть в состоянии крайнего беспокойства, волнения, тревоги, крайне беспокоиться.

Моллин-Кад. ...Хьаша дIа а верзийна, лаьлли ас, шу марша а, суо кхайкхаза деана нускал. Десте ялаян гIерташехь. Х. Ошаев. Некъ жIараболуш. *...ХIара нус яла-ян а хьаьвзина, лакхарчу Тасугара жимма сом-ком тIейилла дезнера сан.* М. Мусаев. Харц тоьшалла.

Ялар яьттIа. Кто-л. испытывает чувство большого удовольствия, большого душевного удовлетворения. Произносится с оттенком пренебрежения.

— И боьха хIума сайн бIаьргашна хьалхара наха дIа а яькккина ялар яьттIа сан.//И боьха хIума дIаяхана, ялар етIина суна.

Ялсаманан суьртахь. Лучше, чем есть на самом деле. *Хьуна ялсаманан суьртахь го хин долу дахар.*

Я рабби (яраббана) дела (!),//яраббий цхьа дела (!). Восклицание удивления, изумления, просьбы, мольбы.

— Вай дела дала хьайн са! Яраббий цхьа дела, ма кхиа хьо яра маьлхан дуьне даа! С. Бадуев. Зайнди.— *Я раббана Дела! Новкъа яккхахьа со...* С. Курумова. Дохк.— *Я рабби дела! Сел хаза муха кхоьллина-те шу шиъ?* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.— *Ярабби дела, хIун хир ду-техьа кхунах хIинца? — кхоьруш вухахьаьжира иза.* М. Мусаев. Дашо маха.

Яттала майт (!). Искаженная форма русского фразеологизма: «иди к чертовой матушке (!).

— Деши карийн хьуна? — чукхайкхира тIерлойн Тапа.— Карай, яттала майт! Ш. Окуев. ЦIий, латтий.

ЯтIийча (в, д, б) санна. Очень громко (кричать, орать, хохотать, рыдать и т. п.).

Асет. Хьажал, ятIийча санна, цо хьоькху мохь. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Яха (в, д, б) ма кхиарг. Возмущенное обращение к кому-л. (с элементами проклинания).

— Хьаша мичахь ю, хьо яха ма кхиарг? — элира нанас. С. Курумова. Ца йинчу ненан хIусамехь.

Яха хаа. См. **Ваха (й, д, б) хаа.**

— Ма чIогIа бахам биллина яха хаа гIерташ ю хьо хIокху сан цIийнаден керта а хиъна. Ш. Окуев. Юьхь. *Ша яха хиъна яьлла моьттуш, хаза цIенош а долийра цо.*

Яхийта хьайн алаша (!). Вон отсюда! Иди отсюда!

Хасар. Хьан машар а, хьо а ца оьшу тхуна. Яхийта хьайн алаша! Х. Ошаев. Некъ жIараболуш.— *Сихха велла дIавалар гIоли ю хьуна иштанаг долуьйтучул. ХIинца яхийта хьайн алаша!* А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Яхь яха. Причинять нравственные страдания, муки.

Ибрахим, шен а ишта хила мегга, нехан ирсе ца хьежавелла, дIавелира заводера. ХIинца а яхь йохура цо йоле вист хила ца тоьъначу шен майраллен. И. Эльсанов. ХIордан уллохь.

См. **Юьхь яха <яккха>.**

Я хIара я кхиниг(?) Какой-л. из двух.

Ять

Яьлла топ санна беса (яьсса, даьсса и. дI. кх.). Ничем не заполненный внутри, незанятый кем чем-н.

СайIидагIарна биллина Iаьржа куй, яьлла топ санна, беса бу. А. Айдамиров. Маршонан цIарах.

Яьлла цIе санна сиха [...]. Кто-л. очень спешит, торопится.

Агитаци хьайира большевикаша, яьлла цIе санна чехка, шина а полкехь. Х. Ошаев. Алун шераш.— *Яьлла цIе санна ма сихвели хьо. Собаре хилахьа.* І. Гайсултанов. Малика.

Яьсса меттиг. Р а з г. Человек, от которого нет никакой пользы, никакого проку в чем-л.

Яьсса пхьегIа. Р а з г. Н е о д. Легкомысленный, несерьезный человек.

Яьсса туьта. Об умственно ограниченном, плохо соображающем человеке.

Цул сов, со цуьрриг шек вац, шена тIехь и харц эладитанаш кхоьллина шен мостагIий, хьагIа, яьсса туьтанаш хилар цо кестта бакъдийриг хиларх. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

Яьсса хIума. Кто-л. легкомыслен, несерьезен.

ЯьIни тIе хаа. См. **Вортанна тIе хаа.**

— Хьоло дузийна цхьа ткъех цIа ду кхузахь яьIни тIе а хиъна, тхо хьийзош. А. Айдамиров. Еха буьйсанаш.

І

Іаз-Іазан хи. Р а з г. Ш у т л. Водка и т. п.

— ХIара Іаз-Іазан хи долуш ду-кха! — элира Зармас. Н. Музаев. Мур.

Іалалай-вададай//Іаллий-ваддий//Іаьллай-ваьллай//Іаллей-ваддей (!). Выражение крайнего удивления, изумления.

«Іалалай-вададай, стагах боьху пхьа, жIалех муха боьхур бу?» — баьхна Межас. Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Іал-даьІахк ца йиса. Быть уничтоженным, погибнуть.

— Вайн кхузахь шийтта охьавиллинчу цо цигахь, оьрсийн эскарх Іал-даьІахк йитина хир яц хьуна! Х. Ошаев. Имам Шемилна ножах йина йоккха-топ.— *Аса ма-дарра дийцинехь-м, цо хьоь Іал-даьІахк юьтур яцара.* М. Мусаев. ЦIен маьхьси.

Іамраж дIаелла. У с т. Что-л. сделать доступным.

Іана а дахана (д, й, б). Р а з г. 1. Очень много, в изобилии, в избытке. О чем-л. 2. Быть в крайне радостном состоянии: в состоянии крайне радостного возбуждения, внимания.

«ТIаккха, хIуьрлаIанан мехкарийн биста кхаччалц, далла Іамал тайначунна шадерг Іана а дахана хиндолчу ялсаманига цуьнан даха дог дац»,— бохуш, Хизара шен лерера ца хадо хьехарш чIогIа даздина Анзора. М. Мусаев. Анзор. 2. *Гкъа*

Хелисат, и шега дог дохуш ву моьттуш, Iана а яхана, цуьнга дог дохуш ю. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Iаьржа бала. Горе, безвыходная тоска, печаль и т. п.— *Эхl-хlай, зудабераш! Iаьржа бала бу-кх сан кийрахь.* Х. Ошаев. Цхьана колхозехь.

Iаьржа де. Трудное, мрачное время в жизни кого-л.

...Зударша шайна Iаьржачу денна бохуш дIадиллина долу детин ахчанаш, ахча доцчуха котам, гIаз йоьхкина вовшах а тоьхна, ахчанаш. XIаваж-Бауддина шайна къемат дийнахь шапалат доьхуш Дагига хьахийра. С. Бадуев. Дукханнах цхьаъ.

Iаьржа дог. О чрезмерно завистливом человеке.

Цхьа Iаьржа дог долчу воккхачу стага Бетерсолтас емал беш хилла шайн юкъахь боцу нах. I. Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («НеIалт хуьлда хьан дена»).

Iаьржа <къаьхьа> диса. Выражение проклинания.

Iаьржа лахьте кечдан. Готовить для кого-л. погибель.

Цергаш хьакхае, кIора боккхург, ахьа хьайна кечдо Iаьржа лахьта. С. Бадуев. Хьанна?..

Iаьржа нах. У с т. Бедняки; люди, занимающие низкое общественное положение.

Цо и аьлча, Мухтар-моллина хийтира: «XIинца-м дала тIеIотта дера валийтира со хьуна, ишта цхьана бахьаниций бен шу Iаьржачу нахера декхар схьадала мел хала дара. С. Бадуев. Мацалла.— *Шуна тхо Iаьржа нах хета, ткъа, Iаьржа нах шу шаьш ду,— олуш дерзийтира цо.* Н. Музаев. БIарлагIийн тоба.

Iаьржанна а, кIайнна а. Ни за, ни против (нейтрально) (о позиции кого-л. в чем-л.).

Дейишас Тамара хьахийтича, Iаьржанна а, кIайнна а вист ца хуьлура Руслан. Х. Огаев. Цхьана колхозехь.

Iаьржа талу дан. Сделать (обычно из чего-л. хорошего) что-л. плохое, непригодное, вредное и т. п.

Бож-Iела. Ахь хIун дуьйцу, оцу цIечу дешех Iаьржа талу деш хилла цхьайолчу зудчо. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Iаьржа ун. 1. Война. 2. Эпидемия (или какая-л. другая страшная заразная болезнь).

1. *Европехь фашизмо Iаьржа ун хецна: Маса гIала, ярташ ю белхаршка евлла.* I. Мамакаев. Дерриге а тIамна. 2. *XIара дуьне мел ду адам хьоькхуш лела и Iаьржа ун ца дулий царна-м, церан вуолла.* А. Айдамиров. Еха буйсанаш.

Iетто дог догIу. Выражение отвращения, отрицательного отношения к кому-л. или чему-л. Бож-Iела.

...Зуда ялор хьахийча, Iетто дог догIуш ву со. I.-Хь. Хамидов. Бож-Iела.

Iовдал карийна (!). Не обманешь; не так глуп, как думаешь.

Iавдалчунна маIаш йолуш хилча. О глупом человеке.

Iодика йойла /хуьлда/ (!). Всего наилучшего! Формула прощания, доброго пожелания при расставании.

— ХIан, Iодика хуьлда! — куьг кховдийра ас.— Марша гIойла! Хь. Саракаев. Маьлхана тIаьхьа.

Iуьргара лаьхьа а боккхур болуш. Кто-л. очень опытный, хитрый, умеет находить выход в сложных жизненных ситуациях.

— Иза ю чIогIа дукха хууш, Iехийна Iуьргара лаьхьа а боккхур болуш, цхьа гIам-стаг. Ш. Окуев. Юьхь.— *Мехкаршна-м Iуьргара лаьхьа а боккхур болуш, стелан хаьштиг санна, волу тIахъаьлла жима стаг везий.* Х.-А. Берсанов. Болатчу динан бере.

Iуьргаш дукъа. На время, наспех устранять какие-л. недостатки, пробелы.

Iуьйре дика хуьлда (!). Формула приветствия при встрече утром.

— Iуьйре дика хуьлда шун! — вIакъежира хьаша, дай, йоI шена тIекхочуш. Н. Музаев. Мур.— *Дядя Саша! Iуьйре дика хуьлда хьан! — Гришин бIаьрг кхийтира жимма дехьа цхьаъ деш охьатаьIна воллучу бригадирах.* I. Дадашев. Лаьмнашка некъ. *Iуьйре дика хуьлда бохуш, хьоза дека дитта тIехь.* С. Дакаев. БIаьстенан Iуьйре.

НОХЧИЙН ИСБАЬХЬАЛЛИН ЛИТЕРАТУРЕХЬ ФРАЗЕОЛОГИЗМЕХ ПАЙДАЭЦАР

Фразеологизм — ира, шатайпа хьекъале чуланам болуш, кица санна, халкъан меттан гIирс бу. Вуьшта аьлча, иза меттан «тIум» ю. Билгалдаккха деза, яздархочо фразеологизмех пайдаэцаро цуьнан мотт кIаргбо, йозанан хатI хаздо, идейни агIо ирйо. Аьллачух ницса кхетархьама, къасто деза: фразеологизмаш шен-шен «меттехь», шайн чулацаман маьIна талха ца деш, халкъан маттахь ма-аллара ялю езаш хилар, исбаьхьаллин агIор кхуллучу вастаца, аматца уьш богIуш ялаяр. Кхузахь ала деза, исбаьхьаллин литературехь меттан «говзаллин» мах хадориг фразеологизмаш дукха я кIезиг хилар дац — дуьллучу суьртан, куьцан, «хIотточу» синIаткъаман хьашташка хьаьжжина пайдаэцар ду. Ткъа фразеологизмийн куц-кепана дуьхьа ялийначу фразеологизмаша, церан талхийначу кепаша гойту авторна дешан говзалла дика карайирзина цахилар.

Ша къаьстина билгалдаккха деза нохчийн литературехь пайдаэцначу фразеологизмийн грамматически дIахIоттамах лаьцна. Уьш шина декъе екъало: **цхьаерш** — шайн дIахIоттамца предложенница нисса ю. Дуста: Бел *къаго* памгар кхетийла хьуна, *некъ дика хуьлда хьан. Дала гечдойла* (цунна), *седа дуьхьал ве хьо, гIоза юур хуьлда (хьан), чапханаш ечунна а хуур* дац и. дI. кх.

Оцу юкъа, дукхахьолахь, фразеологически аларш а, фразеологизмаш хилла лела кицанаш а, дустарш а догIу.

Важаерш — дешнийн цхьаьнакхетарш хуьлий лела шайн морфологически башхаллашца а, дIахIоттамийн дозанашца а. Дуста: *коган кIело, корта бетта, хье тIе вали, лол бетта, дуьненан даьхни, вирал башха, са дагийна, хир хаддалц, етт бохка, карахь-кисинахь доцуш, ша тIехь шинара санна, эм-вохьа доцуш* и. дI. кх. Царех дуккаха ерш субстантивни (коьрта компонент цIердош долуш), хандешан (коьрта компонент хандош долуш) ерш ю. Масала: *дуьненан хазалла, Iаьржа ун, лен тало, Iаьржа дог, боьха дог, сийна цIе, яйна тIаьхье, дог майра, бIаьрг сирла, дог къона, куьг цIена, бос хаза* (адъект.), *де дохьна, пе тоха, неIилт кхайкхо, чан кхетта, ши дош, даг чу дижа, некъ бехка, нахала ваккха, цIе йожо, дагара хаа, кор баккха* и. дI. кх.

Лакхахь ялийначу тайпана фразеологизмаш вайна кIезиг ца карайо С. Бадуевн, А. Айдамировн, Р. Ахматован, I. Мамакаевн, М. Мамакаевн, М. Сулаевн, Ш. Арсанукаевн произведенешкахь:

Дала ма нисбойла хIорш делаI, биса бохку-техьа хIорш? Кху шарахь кIа маьрсан хенахь дIабевр бу бохуш ма дара, ахьа а тIаьхьа? С. Бадуев. «Имам».

Дага велла шо ца кхаьчнера, шайх хилар бахьана долуш, верстина хьерваьлла волу Мурда, цхийтта шо а кхачаза йолу цхьа йоI а ялийна, цуьнца цхьаьна мерза хан юуш, шен ваха йисина *хин дIатакха хиъча*. С. Бадуев. «Дукханнах цхьаъ». Айкхаша цунна тIекхачабора Iедал шек долчу наха дIа мел боккху ког. А. Айдамиров. «Еха буьйсанаш». ХIинца дуьйна — хIорш станцехь а соьцуш, делкъашна цкъацкъа юург а луш, цкъацкъа нсIарш йоьллий а юьтуш: кхузара цхьанхьа а водийла дацара, *бIаьрго ма-лоццу* генна дIа яьржинера тIе ло диллина, йист йоцу аре. М. Сулаев. «Лаьмнаша ца дицдо».

Паччахь ю со хIинца,
Шорта ду хьал а,
Дуьненан хазалла — ерриг сан ю.

Р. Ахматова. «Паччахь ю со..»

Европехь фашизмо *Iаьржа ун* хецна: маса гIала, ярташ ю белхаршка евла. I. Мамакаев. «Дерриге тIамна».

Хьох тешнарг наг-наггахь
Хьан коше вер ву.
«Iаьржа дог дацара»
Хьуна цо эр ду.

I. Мамакаев. «Даге».

Шатайпа нсбаьхьаллин жовхIарш хилла лела фразеологизмаш М. Мамакаева кхолларалле хь:

Салман ша, *чардакх санна лекха*, куц долуш, империалистически хьалхарчу тIамехь а къьсттана *ка йолуш* майра хиларна георгин кхо жIар а елла вара. «IIедакхаш».

Тоьур ду, сан мерз, хьо
Хиллачух белхар.
Ю хьуна вайн мехкан
Дог довха эшарш.

«Пондар».

ЧIerIардиг, чIerIардиг, хьо стенга доьдуш ду?
Бос хаза олхазар, хьо хьенан хьаша ду?

«ЧIerIардиг».

ЧIагIделлачу дешнийн цхьаьнакхетарша, бустамаш дохуш санна, сурт хIоттадо Х. Эдиловн а, Б. Саидовн, Ш. Арсанукаевн произведенешкахь.

Данга: (чухьодий тIара тухуш)
Поллу хир яра хьо
Нахала ваккха.

Х. Эдилов. «Маьлхан бIаьхо».

Ца хуьлу и реза,
Пе туху цо суна.
Ас шен ца хастийча дош.

Х. Эдилов. «ЦIена дог».

Цу хенахь доккхаде
Кийрара дилха дог,
Акхтарган бухь санна.
Цу малхе ма кхийда!

Б. Саидов. «Ламанан Iуьйре».

Лаьмнаш, бIаьрг белла,
Сакхонца айалой,
Дуьнене хьовса.

Ш. Арсанукаев. «Заманийн аьзнаш».

КIезиг яц цу тайпана фразеологизмаш С.-Б. Арсановн а, Х. Ошаевн а, С. Курумовн прозехь а. Масала: Буьйсанна хан яьллачу хенахь луьста, чIоггIа нех тоьхча, хIумма а цец ца велира иза, дерриге а кхеташ дара. С.-Б. Арсанов. «Маца девза дотгагIалла». *Туьха тесна пхьидаш санна,* Борзиган некъий мел ирх кхиссалахь а, латта-м охур ду наха. Х. Ошаев. «Алун шераш». Безамо санна, са хьосту цо — *дог доьхна* велахь, ойла ойуш, кийрахь белахь, бала дIаоьцуш. С. Курумова «Дохк».

Иштта фразеологизмех пайда оьцу шайн поэзехь А. Сулеймановс, С. Муталибовс, Н. Музаевс, Ш. Окуевс, I. Шайхиевс, Ш. Рашидовс, Х. Сатуевс, кхечара. Лаккахь далийначу масалша тоьшалла до фразеологизмаш экспрессивно-стилистически агIорхьа, васташ, амалш, дахаран бакъдерг гойтуш, поэзин исбаьхьаллин таронийн къасталур доцу дакъа хиларна. Поэзехь фразеологизмех пайдаэцар прозехьчул башха доза тоьхна дац. Амма барамехь лерина, нохчийн поэзехь, муьлхачу къоман поэзехь санна, адаман синхаамаш гойту фразеологизмаш дукха ю. Иза поэзин жанрийн таронашка хьаьжжина ду. Хила тарло поэ-

зехь фразеологизман компонентийн метта кхинаш ялош меттигаш. Иза, схьагучу хьолахь, поэтан хотIца а, байтийн рифмица а, ритмица а, ткъа иштта нохчийн меттан фразеологин башхаллашца а доьзна хета. Цундела иза гIалат ца лору.

КIезиг яц нохчийн маттахь цхьана йолчу фразеологизмнийн маьIница цхьаьна йогIу варианташ. Масала: *пе тоха — букъ тоха, ши кепек — ши грамм, уллехула ца ваьлла — юххехула ца ваьлла, гIурт бан — худар дан* и. кх. дI.

ЧIагIделлачу дешнийн цхьаьнакхетарийн варианташ хилар меттан лексикан бакъонашца дузу Iилманчаша. Нохчийн литературехь поэзица дуьстича, дуккха пайда эцна прозехь а, драматургехь а. Къаьсттина дукха фразеологизмаш ялийна шайн прозехь С. Бадуевс, Х. Ошаевс, Н. Музаевс, А. Айдамировс, С. Курумовас, I.-Хь. Хамидовс, кхечара. Дукхалле даькхича, алсам фразеологизмаш ялайо (шайн жанрийн таронашка хьаьжжина) оцу яздархойн хIокху произведенешкахь: «Еха буьйсанаш», «Алун шераш», «ЦIий, латтий», «Анзор», «БожIела», «Дохк», «Пхи туьма», «МаргIале хатта», «Малика», «ЦIен маьхьси», «Органан тогIехь», «Зеламха».

ЧIагIделлачу дешнийн цхьаьнакхетарийн башхаллаш талха ца еш, вуно дукха фразеологизмаш йовзуьйту дешархочунна шайн произведенешкахь Ш. Арсанукаевс, Хь. Сарказвс, I. Дадашевс, М. Сулаевс, Хь. Сатуевс, I. Ахмадовс, I. Гайсултановс, З. Муталибовс, М. Дикаевс.

Критикехь а, публицистикехь а чIагIделлачу дешнийн цхьаьнакхетарийн серлонехь къаьсташ ю Хь. Туркаевн, З. Джамалхановн, Ю. Айдаевн, М. Сулаевн статьяш а, рецензеш а. Кхузахь билгалдаккха оьшу: нохчийн литературехь ялийначу фразеологизмашна юкъахь ю цкъа-шозза бен (!) шех пайда ца эцна фразеологизмаш а. Масала: *хи чу пIелг ца тоха* (М. Мусаев «Анзор»), *хIоьр хIоь дала* (М. Мусаев. «Анзор»), *хьатIари бан* (А. Айдамиров «Еха буьйсанаш»), *лергех мехий даха* (Х. Ошаев «Алун шераш», Хь. Яхьяев «Белита»), *амалт дина тIедилла* (С. Курумова. «Дохк»).

КIеззиг ялийна нохчийн исбаьхьаллин литературехь кху тайпана фразеологизмаш: *нун догIуш, тур такхо, пхьуьйшахь дахьа* (охьа), *цIийнан маьIлехь, е тIе пах санна, сан (...) ден букъ, шен ден мершка (...), ден вахар даккха, даьтта хьакха, корта бахьабан), ца лозу корта бехка, кус-кус санна, шорто яц, къаппе-къарсе дан, цIен мах баккха, чан (цинц) кхетна, горан тIемал, биъ (иссе) бIаьрг хила, вала карчарх, етт бехкина, эм (им)-вохьа доцуш,* и. дI. кх.

Цхьа наггахь нисло фразеологизмнийн бакъенаш талхийна масалш а. Н. Музаевн «Мур» цIе йолчу романа тIехь иштта аьлла ду:

— «Оцу софистикехь, жIаьла хьовха, кIеза а кхаллаза ву со». Автора кхузахь ялийнарг оьрсийн меттан *«собаку съел»* боху фразеологизм ю. Ткъа фразеологически дозарш (иштта цхьамогIа фразеологически цхьааллаш, аларш) кхечу меттанашка ца довлу, ткъа царех цхьацца долчийн маьIна цхьаъ долу эквиваленташ нисъяла тарло дуьхь-дуьхьал. Масала «собаку съел» (оьрсийн — туьха диъна (нохчийн), куьг шарделла, «как кошка с собакой» (оьрсийн) — борззий, газий санна (нохчийн). Ала деза, и ялийна фразеологизмаш маьIница цхьаьна кепехь, «дозанашкахь» цхьатерра ца лела нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь. Цхьайолу нохчийн меттан фразеологизмаш 4-5-7 маьIна долуш лела.

Вай лаккахь ма-аллара, кIеззиг дац яздархойн произведенешкахь фразеологизмаш ялорца долу кхачамбацарш. Цхьацца болчу яздархоша цхьана тайпана фразеологизм яло езачу барамал тIех ялайо шайн произведенешкахь. Царна юкъахь ю: *бIаьрг тоха* (I. Гайсултанов «Машина»), *марша вогIалда, де дика хуьлда, марша гIолда, дош цаста.* (Н. Музаев «Мур»), *дуьненан даьхни* (А. Айдамиров. «Еха буьйсанаш»), *марша яI (!), хьайн делахьа* (Ш. Окуев «Лай тIехь цIен зезагаш»), *дог доглу* (Х. Эдилови произведенешкахь), и. дI. кх. Цхьана дешнийн хIоттамах лаьтташ йолу фразеологизмаш юх-юха ялоро произведенийн исбаьхьаллера еса а, ледара а хоьтуьйту, цара дешархочунна «новкъарло йо» йоьшуш, лахбо тидам, дохадо яздархочун йоланан хатI.

Билгалъяха еза нохчийн литературехь, къаьсттина прозехь, шуьйра пайда эцна фразеологизмаш: *бIаьрга ма-лоццу, ког баккха, хIайт аьлла, цIарул цIен, довха дог, бIаьрганегIар цатухуш, са малха (ца) дала, дог ларжа, ирс-аьтту хуьлда, Ражин ге, са ийза, дуьненан даьхни, могт тоха, кога кIел, кога ваха, буй а тIара а, корта бетта* и. дI. кх.

Яздархойн кхоллараллехь шайна тIехь бIаьрг сацош дукха ю «дог», «куьг», «ког», «бIаьрг», «дош», «корта», «дела» бохучу дешнийн компонентех лаьтта фразеологизмаш. Иза нохчийн меттан башхаллашца доьзна хила тарло. Делахь а, аьллачух пийса кхетархьама далор вай цхьа масал: Н. Музаевн «Мур» цIе йолчу роман тIехь *де дика хуьлда* 20-за, *марша вогIалда* — 23-за далийна.. 244 агIонах лаьтташ йолчу роман тIехь лаккахь ялийна фразеолгизмаш, бакъдолуш, тIех хетало.

Нохчийн литературехь шена тIе тидам бохуьйтуш ду фольклорера схьаэцна дустарш: *цIаста санна цIен, кIора санна ларжа, кIирула ларжа, ло санна кIайн, буьйра санна можа, бурула можа, малх санна бос хаза, дог майра* и. дI. кх. «Цара ялочу хIонсан доладечу говрийн гуьшца кхо цIоькъа айгIар хилла: *цIаста санна цIен, кIора санна ларжа, ло санна кIайн*» (Эла Тепсаркъий, Жоьра-Бабин Жансаркъий). Малх санна х а з а а йолуш, цхьа йоI хилла цу гIали чохь ехаш. («Мара бойна Салман»).

Бартан кхоллараллехь исбаьхьаллин агIорхьа кхин говза ца ала доза тухуш санна, ялийна карайо фразеологизмаш.

— Дакъаза ма довла, чечанхойн тхьамданаш!
Дакъаза ма довла, чечанхойн кура кIентий!..
Дуьне *сийсош* схьаваьржина яра мокха мостагIа
Вайн жима Аьлбика машарна кера йоьхуш.

(«Чечанарчу Мадин Жаьммирзин илли»).

Молла кхайкха ва йинчу момсар тIе хьалаваьлла,
Мохь-цIогIа ва тоьхна, ша чехка гулбира цо
Цу юьртахь ва кхиъна и нохчийн кура кIентий.

(«ГIебартойн Курсолтин илли»)

Iаламат яраббий, гIалмаххойн инарла,
Мел боккха болх бу яра, мел тамашийна хIума ду яра...
(«Ваша воцчу Сайлахин илли»)

Исс эзар цIе йогу и горга шахьар
Шен куьйга кIел йолуш вара бах и эла Манца.

(«Эла Манцин, Жерочун кIентан илли»).

Иштта фразеологизмаш дукха карайо фольклоран массо жанрашкахь.

Туьйранашшахь: «Дехаш-Iаш хилла цхьа зудий, майрий. Церан кхо йоI хилла». («Кхаа йишийн туьйра»).

«Нийсачу новкъа къевсичахь, ахьа-а, цхьамма а эшор вацара наьрт-эрстхо Новр». («Новр а, ГIожакх а»).

Халкъан поэзехь:

Нус декъала ян даьхкинера тхо.
Нус декъала йойла ворхI воIаца.
Элан йоI санна, декъала хуьлда хьо,
Нийсархой хьайх хьегош, ирс-аьтту хуьлда хьан,
Яй чу чоьлпа санна, чохь хьийзар хьо яцахь,
Хьо йоьлла шуьйра ков дита ду хьуна,
Чоьрпи тIе пах санна, тIехьийзар хьо яцахь,
Айхьа беана беха некъ юха бан ду хьуна.

(«Зуда ялор-йигарца йоьзна эшар»).

Мифашкахь:

«*Ша дуьнен чу* ваьлчхьана нахана юккъера диканиг, оьзданиг, хьекъаленига схьагулдеш вара Пхьармат» (Пхьармат).

«Нагахь санна дIахьош долу бер декъачу дечиг тIе хаадахь, ненан кхин доьзалхо хила йиш яц бах; нагахь санна тIедачу дечиг тIе хаадахь, кхин доьзалхо хириг хилла. Иза хьош хилла *дуьнен чу дала* цхьа-ши де дисинчу хенахь». («Акхаройн дай»).

Тийжамашкахь:

Ма гIийла дити ахь тхо,
Ма хьалхехь дIаваха хьо,
Тхо хьанах тешна дити ахь,
Ма хьалхехь *дити ахь хIара дуьне*,
Ма гIийла хьежа дити ахь тхо хIокху дуьнене!

(«ПоI дена тийжар»)

Ахьа хьанна хIун эли-те,
Адам доццу *пана махкахь?*
Ахьа хIун лелий-те?
Нанас йинарг яла хьан!

(«Пиша вешина тийжар»)

Сардамашкахь:

«Ши лулахо хилла дов даьлла йоллуш. Цхьамма аьлла: — *Бакъ яйтинера хьо, дала хIаллакьярг, марера цIа-м!* Вуккхо дуьхьал бага тоьхна: *Бакъ бохучуьнан букъ бойла, йисина даьIаххаш кийра гIойла, хьайн дена неIалт а хуьлда хьуна!*»

Аганан эшаршкахь:

I. Къовсамехь тоьлар ву хьо,
Дог майра нохчо,
Алалай, балалай,
ДIадижа, боли-лу...
2. Чен *чабал эцна,*
Берзан *йорт етташ,*
Хьан нана йогIур ю,
ДIадижа, кIорни.

Ширачу дийцаршкахь:

«Вахаран *хьал-де къен* долуш хилла и шиъ». «TIаккха хаьттина кIанта йоIе: «IIу хьан дас хьо-м *дала тоьхна* ю ма бахара: ши бIаьрг бац, ши куьг дац, бийца *мотт бац*»...

— Сан *ши куьг дац бохург, со сайн гIуллакх доцучу* ца гIерта бохург дара хьуна, — аьлла, дIадолийна йоIа къамел. — Сан ши бIаьрг бац бохург — со сайн *бала боцучу* ца хьоьжу бохург дара хьуна. *Мотт сайгахь бац* бохург — сайн гIуллакх доцург аса ца дуьйцу бохург дара хьуна». («КIант зер»).

Халкъан новеллашкахь:

«Дас ша леш весет дина хилла кIанте:

— ЛадогIалахь, кIант. *Со хьаьшна вала воллу хьуна дуьне.* («Ден весет»). *«Буьйса юккъе яххалц* дууш а, молуш а хьешашца са а къийрина, уьш новкъа а баьхна, чувеана хIусамда». («Хьекъале хIусамнана»).

Iаламат дукха ю нохчийн халкъан барта кхолларалле хь дустаран, синхаамийн, синIаткъаман фразеологизмаш, гIиллакхе аларш, дуйнаш а, сардамаш а хилла лела фразеологизмаш. Царлахь ю: *дуьгу нускал ва санна* (кечвелла), са *цIена, Идал дехьа, ирс лаха Шема* ваханарг санна, *дакъаза ма вала, дагца чIагIо йина, ненан шура санна, ва сарахь суьйренца, йоккха топ кхетийла, жIаьлен кIеза.* (TIаьххьара йолу ши фразеологизм вайна карайо 1860-чу шерашкахь нохчех лаьцна язйинчу «Кавказ» газетан статьяш тIехь).

Нохчийн халкъан фольклорехь йоккха меттиг дIалаьцна ду «борз», «лом», «сай», «леча» бохучу дешнех кхолладелла дустарш. А. С. Пушкинан «Тазит» поэми тIехь нохчочо Гасуба шен кIанте дечу къамелехь вайна карадо хIара тайпа дустарш: «циций санна», «берзан кIеза санна», «сай санна». Цо моттийту «Тазит» поэмин сюжет А. С. Пушкинна нохчочуьнгара хезна хила магар.

Дерзош ала луур ду: нохчийн фразеологизмаш, чIагIделла дустарш хIинца а кхоччуш теллина ца хиларе терра, дукха ду жоьпаш доцу хеттарш. Я литературовденехь, я языкознанехь бац яздархочуьнан кхолларалли мотт толлуш лерина язбина Iилманан цхьа а болх, наггахь муьран зорбанехь араюьйлу статьяш, я цу статьян билгалдаккхарш ца лерича.

Ткъа цо кхоччуш таро ца хуьлуьйту произведенийн идейни а, исбаьхьаллин а агIонийн мехалла юста. Мотт цхьана я масех стеган (уьш мел баккхий Iилманчаш белахь а) гIирс хилла ца Iа, иза — дола дахь, дендала, ца дахь — дала кхоьллина халкъан са ду. «Дашо тIом а бойту, дашо машар а бо. Дашо дог а хьосту. Дашо дог а дохадо», — нийса олуш ду халкъалахь.

Байсултанов Дауд

Дадаш Бобаевич Байсултанов

Дауд Бобаевич Байсултанов

ЧЕЧЕНСКО-РУССКИЙ ФРАЗЕОЛОГИЧЕСКИЙ СЛОВАРЬ

Технический редактор С. П. Липатова
Корректор А. Арсамирзоева

ИБ № 2108

Сдано в набор 15.5. 1991 г. Подписано в печать 8.7. 1992 г. Бумага офсетная № 2. Формат 60x84 1/16. Гарнитура литературная. Печать офсетная. Усл. п. л. 18,6. Усл. кр.-отт. 18,85. Уч.-изд. л. 20,95. Тираж 15 000. Заказ № 085.

Издательско-полиграфическое и книготорговое производственное объединение «Адыгея» Министерства печати и массовой информации России. 352700, г. Майкоп, ул. Пионерская, 268.

Издательско-полиграфическое объединение «Книга» Госкомиздата ЧР, 364907, Грозный, ул. Субботников, 35

В 1992 году в объединении «Книга»
вышли в свет следующие книги:

А. Дудаев «Философия чеченского суверенитета».

Ж. Махмаев «Веселый букварь».

А. Дюма «Десять лет спустя».